ﷺ

# Хирияв
# Мух1аммад аварагасул
# г1умру

ﷺ

**Сафиюр-РахІман аль-Мубаракфуриясул**
**«Жив тІаса вищарав аварагасул нуразул ах»**
**абураб т1ехьалъул таржама**

**Таржама гьабуна Сасикьа Г1абдурах1имица**

**2016 сон.**

выходные данные

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

ХIакълъунго кинабго рецц Аллагьасе буго: нилъеца Гьев Аллагьасе буго рецц гьабулеб ва Гьесдаса буго квербакъи ва мунагьал рахчи тIалаб гьабулеб. Гьединго Аллагьасда гьарулеб буго нилъерго нафсазул квешлъиялдаса ва къабихIал гIамалаздаса цIунеян абун. Аллагьас тIовитIарав чи мекъи ккезавизе лъидаго кIоларо, Гьес тIовитIичIев чи хIакъаб нухалда тIовитIулев щивго вукIунаро. Дица нугIлъи гьабулуб буго жиндие лагълъи гьабизе хIакъав цохIо Аллагь гурев гьечIо абун. Гьединго дица нугIлъи гьабулеб буго хирияв МухIаммад Аллагьасул лагъ вуго ва Гьесул расул вуго абун.

Гьелда хадуб: Гьаб тIехь буго хирияв аварагасул гIумруялъул баян (сират) хъварал тIахьазул бищунго лъикIаздаса. Гьалда цIар буго روضة الانوار فى سيرة النبى المختار

**жив тIаса вищарав аварагасул нуразул ах**

ТIехь данде гьабуна Машгьурав гIалимчи صفي الرحمن المباركفوري Сафиюр-рахIман аль-Мубаракфурияс.

Жииндир гIакълу камилав чиясе бокьула дунял-ахираталъул бахьи буголъи щвезе. Гьеб щвезе ккани нилъ цIакъ хIажатал руго хирияв аварагасул гIумру ва тIабигIат-гIамал лъазабиялда ва гьелда рекъон хьвадиялдаги. Хасго гьаб ахираб заман буго инсанасда Аллагь-авараг кIочараб, кинабго квешаб щинаб жо данделъараб. ГIемерисел бусурбабазда кIочон буго ТIадегIанав Аллагьасул рагIи:

لَّقَدْ كَانَ لَكُمْ فِي رَسُولِ ٱللَّهِ أُسْوَةٌ حَسَنَةٌ لِّمَن كَانَ يَرْجُوا۟ ٱللَّهَ وَٱلْيَوْمَ ٱلْـَٔاخِرَ وَذَكَرَ ٱللَّهَ كَثِيرًا

**Гьав Аллагьасул расуласда ﷺ буго нужее,** я гьал муъминзаби, **берцинаб нахърилълъин. Нужедаса Аллагь разилъи ва лъикIаб ахират щвезе бокьарал, Аллагь ﷻ гIемер рехсолел муъминзабазе.** Сuратул ахIзаби, 2I аят.

Нужеца гьев аварагасдаса ﷺ мисал босе гIибадат гьабиялъулъги, Аллагьасда ﷻ таваккал тIамиялъулъги, гьесул

диналъе гIоло гъазават гьабиялъулъги ва цогидал берцинал ва лъикIал тIабигIатазулъги. Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасда нахърилълъизе ккеялъе сабаб буго гьев вукIин кинабго гIамал Аллагьасул вахIюялдалъун гьабулев. Хирияв аварагасул нух ккурав чи Аллагьасул нух ккурав вукIуна.
Гьединго бусурбабазда кIочон буго ТIадегIанав Аллагьасул рагIи:

قُلْ إِن كُنتُمْ تُحِبُّونَ ٱللَّهَ فَٱتَّبِعُونِى يُحْبِبْكُمُ ٱللَّهُ وَيَغْفِرْ لَكُمْ ذُنُوبَكُمْ ۗ وَٱللَّهُ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿٣١﴾

**Дуца муъминзабазда абе МухIаммад ﷺ: «нужее Аллагь ﷻ вокьун ватани** ва нужер иманалъулъ ритIухъалги ратани, **нуж дида нахърилълъа ва дир суннат ккве, цинги нуж Аллагьасеги рокьизе руго ва гьес нужер мунагьалги чуризе руго. ХIакълъунго Аллагь ﷻ жинца мунагьал чурулев, муъминзабазда жиндир гурхIел даимав вуго»**
Сура АлгIимран, 3I аят.
Гьаб хирияб аяталъ нилъеда лъазабулеб буго: кинавго жинца иманги лъунин, жив Аллагь ﷻ вокьулевги вугин абурав чи, Аллагьасул свалат-салам лъеяв МухIаммад аварагасул нухалда гьечIони, гьев чи гьересияв вуго ва гьев чиясда тIадаб буго жиндир киналго рагIабазулъ ва пишабазулъ хирияв аварагасда нахъвилълъине.

قُلْ أَطِيعُوا۟ ٱللَّهَ وَٱلرَّسُولَ ۖ فَإِن تَوَلَّوْا۟ فَإِنَّ ٱللَّهَ لَا يُحِبُّ ٱلْكَٰفِرِينَ

**Жегиги дуца абе МухIаммад ﷺ: «нуж Аллагьасул ﷻ ва гьесул расуласул амруялда мутIигIлъе. Нагагь нуж гьеб мутIигIлъиялдаса мугъ бан руссани, - хIакълъунго Аллагь ﷻ жиндие капурзаби рокьуларев,** гьезие гIазаб гьабулев вуго» **- абун.** Сура АлгIимран, 32 аят.
Ахир къиямасеб къо ТIадегIанав Аллагьас ﷻ жиндир авараг ва гьесда иман лъун нахрилъарал, ва гьесул нух ккурал муъминзаби тIадегIан гьарулеб къо буго. ТIадегIанав Аллагьас ﷻ гьаб аяталда жаниб бицана авараг вокьичIев ва гьесул нух

кквечIев чи капурчи вукIин. Гьев хирияв авараг ﷺ вуго кинабго халкъалда жив витIарав ва гьесул заманалъ цоги кIудиял аварагзаби рукIаралани, гьелги гьесда нахърилълъине тIад гьабизе букIарав. Гьав аварагасул нух тарав чияс Аллагь ﷻ вокьулин абураб рагIи гьересияб рагIи буго.

Нилъеда гьев хирияв аварагасул тIабигIат-гIамал кквезе ва гьелда черх куцине кIоларо гьесул киналго ишазда хурхараб хьвади ва гIамал лъачIого. Гьеб гIамал лъаялъе чара гьечIеб жо буго нилъеда гьесул сират (хьвади, тарих) лъай ва гьелъие кумек гьабула кIудиял гIалимзабаз данде гьарурал тIахьал цIалиялъ. Хирияв аварагасул сират лъазабиялда жаниб бусурманчиясе чара гьечIел умурал руго. Гьездаса буго:

I) бусурманчиясул иман лъей чIоларо ва тIубаларо хирияв аварагасда иман лъун гурони. Гьеб иман лъейги букIунаро Аллагьасул свалат-салам лъеяв авараг лъан гурони: гьесул тIбигат-гIамал лъан, гьеул нух лъан ва гьесул амру-нагью лъан. Инсанасе аварагасул сифатал гIемер лъарабгIан гьесул иманги цIикIкIуна, иман цIикIкIараб мехалъ гьесда нахъвилълъинги, гьев вокьиги цIикIкIуна. ТIадегIанав Аллагьас нилъ ахIулел руго хирияв аварагасул пикру гьабиялда ва гьесда иман лъеялдаги:

﴿ قُلْ إِنَّمَآ أَعِظُكُم بِوَٰحِدَةٍ ۖ أَن تَقُومُوا۟ لِلَّهِ مَثْنَىٰ وَفُرَٰدَىٰ ثُمَّ تَتَفَكَّرُوا۟ ۚ مَا بِصَاحِبِكُم مِّن جِنَّةٍ ۚ إِنْ هُوَ إِلَّا نَذِيرٌ لَّكُم بَيْنَ يَدَىْ عَذَابٍ شَدِيدٍ ﴿٤٦﴾

**Дуца абе, МухIаммад ﷺ, дица нужеда вагIза гьабулеб буго цо жоялдалъун: нуж хIакъаб жо лъазабизе ва гьеб загьир гьабизе Аллагьасе гIоло тIаде рахъа цо-цо ругониги, кIи-кIи ругониги ва нужеца пикруги гьабе гьав МухIаммад аварагасул хIакъалъулъ. Нужеда лъазе буго гьев жундуца ккурав чи гьечIеблъи** ва гьес цIалулеб Къуръанги Аллагьасул калам букIин. **Гьев авараг ﷺ нужее хIинкъи кьолев чи вуго гучаб жужахIалъул гIазаб бачIинелде цебе,** нуж кантIеян ва гьеб гIазабалдаса цIунеян абун. Сура сабаъ, 46 аят

2) Аллагьасул свалат-салам лъеяв авараг вокьи паризаяб жо буго. Гьев вокьи цебе гьабун буго жиндир агьлу-хъизан ва цогидаб жо бокьиялдаса, хIатта жиндирго нафс бокьиялдасаги. Гьебги иманалъул цо чара гьечIеб жо буго: гьаб авараг вокьиги букIунаро гьесул тIбигат-гIамал, гьеул нух ва гьесул амру-нагью лъан гурони. Гьеб авараг вокьи тIадаб букIиналда тIоритIел гьабула ТIадегIанав Аллагьасул рагIиялъ:

قُلۡ إِن كَانَ ءَابَآؤُكُمۡ وَأَبۡنَآؤُكُمۡ وَإِخۡوَٰنُكُمۡ وَأَزۡوَٰجُكُمۡ وَعَشِيرَتُكُمۡ وَأَمۡوَٰلٌ ٱقۡتَرَفۡتُمُوهَا
وَتِجَٰرَةٞ تَخۡشَوۡنَ كَسَادَهَا وَمَسَٰكِنُ تَرۡضَوۡنَهَآ أَحَبَّ إِلَيۡكُم مِّنَ ٱللَّهِ وَرَسُولِهِۦ
وَجِهَادٖ فِي سَبِيلِهِۦ فَتَرَبَّصُواْ حَتَّىٰ يَأۡتِيَ ٱللَّهُ بِأَمۡرِهِۦۗ وَٱللَّهُ لَا يَهۡدِي ٱلۡقَوۡمَ
ٱلۡفَٰسِقِينَ ٢٤

**Дуца абе МухIамад,** купру-ширк бокьарал, гьелда тIад рекъарал гIадамазда: **нужее нужер умумул, васал, ваццал, нужер руччаби ва гIагарлъи** хирияб батани**. Гьединго нужеца данде гьабураб магIишатги, жиб дагьлъила, хайир бахиларо абун хIинкъулеб даранги, нуж жиндаса чIухIун ругел нужер рукъзалги нужее Аллагьасдаса ва гьесул расуласдасаги, Аллагьасул диналъе гIоло гъазават гьабиялдасаги хириял ратани, нуж балагьун чIаха нужедаго кинаб къодай бачIулеб абун**. Нужеда Аллагьасул гIазаб бачIина гьаб дунялалдаго яги ахираталда щвараб мехалъ. **Аллагьас хIакъаб нухалда тIоритIуларо гIасияб, пасикъаб къавм.** Сура ат-Тавбати, 24 аят.

3) тIадегIанав Аллагьас хирияв авараг гьавун вуго гIадамал жинда нахърилълъуневлъунги, гьезие мисаллъунги, гьесда нахърилълъаян амруги гьабун буго. (церехун рехсарал аятал цIале). ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

وَمَآ ءَاتَىٰكُمُ ٱلرَّسُولُ فَخُذُوهُ وَمَا نَهَىٰكُمۡ عَنۡهُ فَٱنتَهُواْۚ وَٱتَّقُواْ ٱللَّهَۖ إِنَّ ٱللَّهَ شَدِيدُ
ٱلۡعِقَابِ ٧

**Аллагьасул расулас кьураб жо** (диналъул хIукмаби) **нужеца босе, гьесул амруги тIубазе гьабе, гьес жиндаса нагью гьабураб жоги нужеца рикIкIад гьабун те. Нуж Аллагьасул гIазабалдасаги хIинкъа ва гьесул амру-нагьюги хвезе гьабуге. ХIакълъунго тIадегIанав Аллагь жиндир гIакъуба-гIазаб гучав вуго,** жинда хилиплъарал гIадамаздаса ццим босулевги вуго.

Суратул ХIашри, 7 аят.

4) Аллагьасул свалат-салам лъеяв авараг ТIадегIанав Аллагьас муъминзабазе жидерго нафсаздасаги цеве гьавун вуго. Имам Бухарияс бицараб хIадисалда буго: *цогиги муъминчи гьечIо дун гьесие дунялалдаги ахираталдаги жиндир нафсалдаса цеве вугев гурони. Нужее бокьани Аллагьасул рагIи цIале: <u>авараг муъминзабазе цевесев вуго жидерго нафсаздаса</u>* абураб. Гьедин букIиналъе гIиллаги буго хирияв аварагас кинабго гIумру кьун букIин муъминзабазе лъикIлъи тIалаб гьабун, гьезда гурхIун. Кинабго муъминчиясе щвараб лъикIлъи ва гьесдаса нахъе чIвараб квешлъиги гьев хирияв авараг сабаблъун буго: гьев вугелъул жинца хIакъаб нух бихьизабулев ва квешаб жоялдаса цIунулев.

5) ТIадегIанав Аллагьас хирияб Къуръаналда жаниб гьа гьедун абулеб буго:

نٓۚ وَٱلۡقَلَمِ وَمَا يَسۡطُرُونَ ﴿١﴾ مَآ أَنتَ بِنِعۡمَةِ رَبِّكَ بِمَجۡنُونٖ ﴿٢﴾ وَإِنَّ لَكَ لَأَجۡرًا غَيۡرَ مَمۡنُونٖ ﴿٣﴾ وَإِنَّكَ لَعَلَىٰ خُلُقٍ عَظِيمٖ ﴿٤﴾

**I. Нун. Дун гьедулев вуго къаламалдалъун ва гьеб къаламалъ хъвараб жоялдалъунги.**

**2. Аллагьас дуе кьурал нигIматаздалъун мун жундуца ккурав чи гьечIо.** Дур тущбабилъун ругел мушрикаца дуде гIунтIизе гьарулел гIайибаздаса мун вацIцIадав вуго ва мун гIакълу камилав, халкъалда дин лъазабизе кIолев Аллагьасул расул вуго.

**3. Дуе цIакъ кIудияб, жиб нахъаса къотIулареб ва тIасса унареб ажруги буго.** Аллагъасул диналда халкъ ахIулаго дуца баччараб захIмалъи къварилъиялде данде.

**4. ХIакълъунго мун цIакъ кIудиял ва берцинал тIабигIатаздаги вуго.** Суран-Нун, I-4 аят.

Гъаб цIакъ кIудияб рецц ва хиралъи буго, цоги инсанасе жиб гьечIеб. Жинда Аллагь разилъаяй ГIаишатида гьикъидал хирияв аваагасул тIабигIаталдаса, гьелъ абуна гьесул тIабигIатго Къуръан букIанин абун. Ай, гьесул кинабго гIамал Къуръаналъул малъиялда данде колеб букIана.

6) ТIадегIанав Аллагьас жиндир лагъзадерида амру гьабуна хирияв аварагасда свалат-салам битIеян жинцаги малаикзабазги битIулелъул гьесда свалат- салам:

إِنَّ ٱللَّهَ وَمَلَٰٓئِكَتَهُۥ يُصَلُّونَ عَلَى ٱلنَّبِيِّۚ يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ صَلُّواْ عَلَيۡهِ وَسَلِّمُواْ تَسۡلِيمًا ﴿٥٦﴾

**ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагьас ва гьесул малаикзабазги свалат битIула кинабго халкъалда расуллъун витIарав аварагасде ﷺ.**

Аллагьас свалат битIула абураб рагIиялъул магIна буго гьев Аллагь ﷻ жиндир расуласда гурхIула, гьесул даража-макъамги тIадегIан гьабула, гьев тущбабазул заралалдасаги цIунула, гьесие квербакъиги гьабула абураб.

Хириял малаикзабаз аварагасда свалат битIулин абураб рагIиялъул магIна буго гьез аварагасе дугIа гьабулин гьесда Аллагь гурхIгиян, гьесул даража-макъам тIадегIан гьабегиян абун.

**Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужецаги свалат битIе гьев хирияв аварагасде ﷺ ва нужеца гьев кIодо гьавун гьесие саламги гьабе.** Сура Аль-ахIзаб, 56 аят.

Нужеда тIад цIакъ кIудияб хIакъ буго гьев аварагасе тIубазе кколеб: гьев вугелъул нуж жужахIалъул гIазабалдаса хвасар гьарун нигIматазул алжаналде лъугьинариялъе сабаблъун вугев. Купру-ширкалъул бецIлъиялдаса иманалъул нуралде нуж тIоритIаравги. Гьедин бугелъул нужеца хирияв аварагасде

ﷺ свалат-салам гIемераб битIе. Гьесул цIар рехсанщинахъе: «Аллагьумма свали гIала МухIаммадин ва гIала алигьи ва ссаллим» абе.

7) хирияв аварагасул сират жиндие дунял-ахираталъул лъикIлъи бокьарав бусурманчиясул нухлъун букIуна: гьелда жалгоги куцула ва жидер агьлу-хъизанги куцула. Жидер нух аварагасул нухалда рекъеялдалъун гьезул дунял-ахираталда макъамал тIадегIанлъула, гьел аварагасул нухалдаса гьетIиялдалъун жидер лъикIлъиги дагьлъула.

Суфян бину ГIуяйнатица абулаан: «Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь вуго бищунго кIудияб цIадиро, роцен - гьесдалъун роцуна инсанасул киналго гIамалал. Жиндир гIамалал гьеб роценалда рекъарав чиясул гIамал хIакъаб, битIараб буго, гьелда рекъечIеб гIамал батIулаб буго» - абун.

Имам Ибнукъаймицаги абуна: «Аварагзаби руго ритIарал, жал бергьарал цIадираби: гьезул рагIабазда, гIамалазда ва тIабигIатаздалъун роцуна гIадамазул гIамалал, рагIаби ва тIабигIатал: гьезда нахърилълъиналдалъун батIа гьарула битIараб нухалда ругелги къосаралги гIадамал» - абун. Хирияв авараг дунял тун инчIо жинца умматалъухъе камилго дин щвезабун гурони. Гьелда тIоритIел гьабула ТIадегIанав Аллагьасул рагIияялъ:

ٱلۡيَوۡمَ أَكۡمَلۡتُ لَكُمۡ دِينَكُمۡ وَأَتۡمَمۡتُ عَلَيۡكُمۡ نِعۡمَتِي وَرَضِيتُ لَكُمُ ٱلۡإِسۡلَٰمَ دِينٗاۚ

**Жакъа дица нужее нужер дин тIубазабуна,** нужее кинабго шаригIат баян гьабуна, хIалалаб-хIарамаб жо бицана.

**Ва нужее дир нигIматги тIубазабуна:** нуж битIараб исламияб диналда тIоритIун, гьелда чIезе тавпикь гьабун, тущбаби нужедаса хьул къотIараллъун гьарун**.**

**Нужее динлъун букIине дун разиябги исламияб дин буго.** Суратул Маидат, 3 аят.

Гьаб исламияб дин гуреб цогидаб дин Аллагьас ﷻ къабул гьабуларо ва гьав МухIаммад ﷺ авараг витIун, гьасул дагIват

ракьалда тIибитIун хадуб, исламияб дин гуреб цоги дин гьабулел гIадамал жужахIалде унел гIадамал руго.

Гьаб мурад буго нилъеца машгьурав гIалимчи Сафиюр-РахIман аль-Мубаракфурияс данде гьабураб къокъабго тIехь магIарул мацIалда буссинабун бусурбабахъе кьеялдаса. ТIадегIанав Аллагьас нилъее тавфикъ гьабеги хирияв аварагасул тарих ва нух лъазабизе ва гьеб кквезе. Амин.

## Сафиюр-РахIманица абуна:

<u>بسم الله الرحمن الرحيم</u>

Кинабго рецц Аллагьасе буго: тIолго гIаламалъул бетIергьанлъун жив вугев. Жив кIодо гьавураб свалат ва салам Аллагьасул русулазул бищунго хириясда ва аварагзабазул ахирасда - МухIамадида буго: жинца бицунеб жоялъулъ жив ритIухъав, Аллагьасул вахIю гIадамазухъе щвезабизе жинда божилъи бугев. Жив багIараздаги, чIегIераздаги, киналниги гIадамазда авараглъун витIарав. Гьесул агьлуялде ва асхIабзабадеги буго свалат-салам: жидеца диналъул байрахъ баччарал. ЛъикIаб жоялдалъун гьезда нахърилълъараздеги буго свалат-салам: имамзабаде, халкъ битIараб нухалде тIоритIулезде, халкъ диналда ахIулезде, Аллагьасдаса жал хIинкъаразде ва лъикIал чагIаздеги. Гьал цере рехсаразул нухалда хьвадараздеги буго свалат-салам: ахир къиямасеб къо щвезегIан.

<u>Гьелда хадуб</u>: ХIакълъунго аварагасул сират бицунеб гIелму бищунго хириял ва тIадегIанал гIелмабаздаса буго, жидер кIвар гьабизе ва тIалаб гьабизе ккарабги буго. Бусурманчиясда гьеб сираталдалъун лъала жиндир диналъул ва аварагасул хIал: тIадегIанав Аллагьас авараг кин хира гьавун бугеб жиндир насаб-тухумалъулъ ва хадув кин гьев хира гьаврав жинда вахIю гьабиялъе ва рисалат кьеялъе тIаса вищун, цинги жинда тIад къан Аллагьасдеги гьесул диналдеги халкъ ахIи. Хадуб хирияв аварагас кин яхI бахъараб жинда тIад къараб рисалат тIубазе ва щиб захIмалъи гьес хIехьараб гьеб нухалда чIун. Хадубги Аллагьас кин гьесие квер бакъи гьабураб жиндир балъгояб квер бакъиялдалъун ва хириял малаикзабаздалъунги; гьесие сабабал рекъезарун ва баракатги рещтIинабун, мугIжизатал кьун ва цогидабги жоялдалъун.

ГIалимзабаз гьаб сират гIелмуялъул кIвар гьабуна цебе араб заманалъги гьаб заманалъги: гьеб тIехьалда хъван, мадрасазда малъун, - гьеб сират лъазаби бугелъул рекIелъ бугеб иманалдаса ва авараг вокьиялдаса чвахун бачIунеб жо. Ва

амма гІемерисел сират лъазабулел гІадамаз гьеб мухІкан гьабичІо ва гьелда жаниб жидерго нафсазе бокьараб жо лъугьизабуна. ХІата цо-цо диналъул аслуялдаго данде кколареб жоги лъугьизабуна. Ва амма гьеб сираталъул хІакъаб, битІараб аслу букІиналъ гьелъие зарал гьабичІо гьелда жаниб лъугьизабураб жоялъ.

Гьаб амру гьедин бугелъул дида диналъул вацаз гьарана цо цІияб тІехь данде гьабеян: жиндир черх гьоркьохъеб (ай, гІемер халатаб гьечІеб, гІемерго къокъабги гьечІеб), жинда жаниб гьаб сират гІелмуялъул гІалимзабазда аскІоб бугеб мухІканаб жо бакІарараб, гІелму цІализе бай бихьаразе ва киналго бусурбабазе жиб данде кколеб хІалалъ, мекъаб, гьетІараб жо гьоркьоб ккеялдасаги цІунараб.

Дица ТІадегІанав Аллагьасдаса тавфикъ ва витІун чІей тІалаб гьабун, гьеб хІалтІи гьабизе бай бихьана хирияб Къуръаналъул тафсираздаса ва аварагасул хІадисаздаса мунфагІатги босун: гьезда жаниб бугеб хІужа-далилги, цогидал нугІлъи гьабулел хІужабиги росун. Дица яхІ бахъана кинабго калам тІоцересезул (асхІабзабазул) букІине: жиб къокъ гьабун ва рекъезабун. Дир хьул буго дица гьабураб хІалтІи дир къасдалда рекъон кканин абун. Дица Жив тІадегІанав ва вацІадав Аллагьасда гьарулеб буго гьаб тІехьалдалъун бусурбабазе мунфагІат гьабеян абун ва гьеб гІицІго Аллагьасе гІоло гьабураб хІалтІилъун гьабеянги абун.

Аллагьасул свалат-салам лъеги Жиндир халкъалъул бищунго лъикІав МухІаммадида, баракат, саламатлъиги лъеги.

І993 м. І/І/І4І4 гь. صفي الرحمن المباركفوري

## محمد - ﷺ - أصله ، ونشأته ، وأحواله قبل النبوة

### Аллагьасул свалат-салам лъеяв МухIаммад: гьесул аслу-насаб, гьев кIудияв гIей ва авараглъи кьелелде цебе гьесул букIараб ахIвал-хIал

### النسب الشريف Аварагасул хирияб насаб

Аллагьасул халкъалъул бищунго хирияв, Гьесул русулазул бищунго къадру кIудияв, Гьесул аварагзабазул ахирав **МухIаммад,** ГIабдуллагьил вас, ГIабдулмутIалибил вас, Гьашимил вас, ГIабдулманафил вас, Къуссаюл вас, Калабил вас, Мурратил вас, КагIбол вас, Луаюл вас, Гъалибил вас, Фигьрил вас, Маликил вас, Ан-назарил вас, Кинанатил вас, Хузайматил вас, Мудрикатил вас, Илясил вас, Музарил вас, Низарил вас, МагIдил вас, ГIаднанил вас.

Гьав ГIаднан Ибрагьимил вас ИсмагIилил лъималаздаса букIиналда гIалимзаби рекъана, кинниги ИсмагIилида ва ГIаднанида гьоркьор ругел умумул ва гьезул цIарал мухIканго лъалел гьечIо.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв МухIаммадил эбел Калабил вас, Загьратил вас, ГIабдулманафил вас, Вагьбул яс Аминат йиго. Гьав Калабги аварагасул инсудахъан щуабилев кIудияв эмен вуго. Аварагасул эменги эбелги цо аслуялъул чагIи руго, Калабилъ жал данделдъулел. Гьесул цIар ХIаким буго, цояз ГIурват бугинги абуна. Гьев Калаб абураб цIаралдалъун машгьурлъана жинца гьабигун чан гIемер гьабулев вукIиналъ. *(калбуналъул магIна гьой буго).*

## قبيلته - ﷺ -

**Аллагьасул свалат-салам лъеяв МухIаммадил тухум**

Аллагьасул свалат-салам лъеяв МухIаммадил тухум Къурайшияб буго, жиб хирияб, жиндир даража тIадегIанаб ва киналго гIарабиязда гьоркьоб жиб бацIадаб букIиналъе гIарабияз нугIлъи гьабураб. Къурайш абураб тIокI цIар абулаан Маликил вас Фигьрида, яги Кинанатил вас ан-Назарида.

Гьаб Къурайшияб тухумалъул киналго бихьинал жидер заманалъул ханзабилъун ва хирияллъун рукIана. Гьезда гьоркьосан цо чанго жоялдалъун машгьурлъана *(тIокIлъана)* Къусаю: гьесда цIарги Зайд букIана. Гьев вуго Къурайшиязул тIоцеве КагIбаялъе кIудиявлъун *(валилъун)* гьавурав. Гьесде тIад букIана КагIба цIуни ва гьеб кIодо гьаби, гьесухъ букIана КагIбаялъул кIул, - жиндие бокьарасе жиндие бокьараб мехалъ гьеб КIагIба рагьизе. Гьев вуго Маккаялъул сверухълъиялда цогидал гIарабиязда гьоркьор журан рукIарал Къурайшиял данде гьарун гьел Маккаялъул жаниблъиялда рещтIинарурав. Гьев вуго жинца гIадамазе гьекъолеб жо ва квен кьей бай бихьарав. Гьекъолеб жо букIана чамастакалдалъун, яги цIибилалдалъун, яги гьоцIоялдалъун гьуин гьабураб лъим. Гьеб данде гьабулаан цIаказул гьабураб гъуялда жаниб, хIеж гьабулел чагIи рачIиндалго гьез гьекъезе. Квен букIана хIежалъул заманалъ гIадамазе хIадурулеб ва гьезие кваназе кьолеб.

Къусаюца КагIбаялъул квегIаб рахъалда рукъги бана «дарул надвати» - ян жиб машгьураб. Гьеб букIана Къурайшиязул шура *(совет, диван)* данделъулеб ва гьезул киналго ишал бай бихьулеб марказлъун *(центр)*. Гьез ригьинги гьабулароан, цогидаб кIвар бугеб ишги гьабулароан гьеб рокъоб гурони. Къусаюда кодоб букIана Къурайшиязул байрахъ ва цевехъанлъи: рагъул байрахъ гьесда кодоб гуро букIунароан. Гьев къавмалда жанив жив хирияв, жиндир гIакълу камилав ва рагIи билълъаравлъун вукIана.

## أسرته - ﷺ -

**Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасул хъизан-кьибил**

Аллагьасул свалат-салам лъеяв МухIаммадил хъизан-кьибил Гьашимияб абун лъалаан, гьесул кIиабилев кIудияв эмен Гьашимида гIунтIизабун. Гьав Гьашимица ирсалъе босана Къусаюл макъам: хIажизабазе гьекъел ва квен кьей. Цинги гьесул вац аль-МутIалибица босана гьеб ирсалъе, гьелдаса хадуб ислам бачIинегIан гьеб иш Гьашимил лъималазухъ букIана. Гьав Гьашимги жиндир заманалъул агьлуялъул къадру кIудияв вукIана. Гьес гьаналда цадахъ чед хъурулеб букIана ва гьеб карщгIадаб жоги гьабун, гIадамаз кваназе толаан. Гьелдалъун гьесда гьашимилан тIокIцIар лъуна (*чед билъунев, хъурулев)*. Гьесул цIар ГIамру букIана.

Гьев вуго жинца къурайшазе кIиго дармил сафар нухлъун гьабурав: хасало цо сафар Яманалде гьабулаан, риидал цо сафар Шамалдеги гьабулаан. ГIадамазда гьев лъалаан «сайидулбатIхIаъ» абураб цIаралдалъун. Гьашимил хабаралдаса буго:

Цо нухалъ Шамалде унаго гьев Мадинаялде щвана ва гьес бану Нажарил бану ГIадиязул ГIамрил яс Сальма ячана. Гьелда аскIоб заманги бан, ургьиб лъимергун гьейги тун жив Шамалде ана. Палестиналъул Гъаза абулеб бакIалда щведалго гьев хвана. Мадинаялда Сальмаца гьесие вас гьавуна ва гьесда, гьесул бетIералда хъахIаб тIанкI букIиналъе гIоло, Шайбат абун цIарги лъуна. Гьев вас жиндир эбелалъул вацазда гьоркьов кIудияв гIуна ва гьесул инсул вацазда гьев вас вукIинги лъачIо гьев анкьго-микьго соналда вахинегIан. Цинги гьесул инсул вац МутIалибие гьев вас вукIин лъана ва гьевги вачун жив Маккаялде вачIана. ГIадамазда ракIалда ккана гьев вас МутIалибил лагъ вугин абун ва гьесда цIар лъуна ГIабдулмутIалиб абун, - гьедин живги машгьурлъана.

Гьав ГIабдулмутIалиб гIадамазул бищунго берцинав вукIана, гьезул къадро кIудиявги вукIана. Гьев цIакъ хиралъана, жиндир заманалъ гьесул хиралъиялда цоги чиги вахичIо. гьев

Къурайшиязул сайид вукІана ва Маккаялъул къапилаялъул бетІергьанги вукІана. Жиндир къадру бугев, жиндие гІадамал мутІигІав, цІакъ сахаватав вукІана. Гьесда, жиндир сахавалъиялъе гІоло, фаяз абулаан *(чвахулеб, тІолеб)*. Гьесул маидаталдаса (квен тІад лъолеб стол) мискинзабазе, гІалхул хІайваназе, хІанчІазе бутІа букІунаан. Гьесда абулаан гІодоблъиялда гІадамазе тІагІам кьолев, хІайваназе ва хІанчІазе мугІрузда тІад тІагІам кьолев абун. Гьесие хиралъилъун буголъана Маккаялдаса нахъе унеб мехалъ жургьум абулеб къавмалъ жиб буччун букІараб замзамалъул ицц бухъи. Гьесда макьилъ амру гьабуна гьеб ицц бухъеян ва гьеб бугеб бакІги бицана.

Гьав ГІабдулмутІалибил заманалъ букІана пилазул хабарги: Яманалдаса Абрагьатулашрам абурав чи вачІана лъабкъоазарго чи вугеб боги бачун, цадахъ пилалги рачун КагІба биххизеян абун. Минаялдаги Муздалифаялдаги гьоркьоб бугеб ВадилмухІассар абураб бакІалде щун жив Маккаялде гьужум гьабизеян хІадурулев вугеб мехалъ, Аллагьас гьезда тІаде Ababил абулел хІанчІи риччана, жидеца гьезда жужахІалъул роркьарал ганчІал реххулел ва, боцІуца кванан, мерхьун хвезабураб хуралда релълъун гьаруна Абрагьатил боял. Гьаб ишги букІана жинда свалат-салам лъеяв МухІаммад гьавизе кІиго моцІгІадаб заман хутІараб мехалъ.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв МухІаммадил эмен ГІабдуллагь ГІабдулмутІалибил лъималазул бищунго берцинав вукІана, жинца чорокаб жоялдаса нафс цІунаравги вукІана ва ГІабдулмутІалибие бищунго вокьулевги вукІана. Гьесда аз-ЗабихІ абула (*жив хъурав)*. Гьедин абиялъе гьадинаб сабаб буго:

ГІабдулмутІалибица замзамалъул ицц бухъун гьеб загьирлъидалго, къурайшияз гьесдехун дагІба-къец гьабуна. Цинги ГІабдулмутІалибица абуна: Аллагьас дие анцІго вас кьуни ва гьел балугълъун дун къурайшияздаса цІунулел лъугьани дица назру гьабула гьезул цояв къурбаналъе хъвезе абун. Аллагьас гьесие анцІго вас кьун гьел балугълъиялда

рахидал ГIабдулмутIалибица гьезда гьоркьоб можоро рехана ва гьеб ГIабдуллагьида бачIана. Гьевги вачун КагIбаялда аскIов гьев хъвезеян индал къурайшияз, хасго гьесул вацаз ва эбелалъул вацаз гьев ГIабдуллагь хъвеялдаса нахъчIвана. Цинги нусго вараниги хъун ГIабдуллагь хвасар гьавуна. Жинда свалат-салам лъеяв набиюллагь МухIаммад кIиго жив хъурасул вас вуго: жинда свалат лъеяв ИсмагIил ва ГIабдуллагь, кIиго хвасар гьавурасул васги вуго: жинда свалат лъеяв ИсмагIил хвасар гьавуна алжаналдаса куйги кьун, ГIабдуллагь хвасар гьавуна нусго вараниги кьун.

ГIабдулмутIалибица жиндир васасе чIужулъун ячине тIаса йищана Вагьбил яс Аминат. Гьей йикIана къурайшиял ручабазул бищунго къадру ва макъам тIадегIанай. Гьелъул эмен Вагьбу Банузагьратилазул кIудияв вукIана хиралъиялъул ва насабалъул рахъалъан. ГIабдуллагьие гьей гьарава ва ячана. Маккаялда ГIабдуллагь гьейгун данделъана ва гьей Аллаагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь гьавизе къинай лъугьана.

Дагьаб заманаялдаса ГIабдулмутIалибица гьев даран гьабизе витIана ва Шамалдаса тIад вусун вачIунаго Мадинаялда хвана. Гьев «ад-Дарун-набигьат» абулеб бакIалда хобалъув лъуна. Гьаб ишги жинда свалат-салам лъеяв авараг гьавилелде цебе букIана, битIараб рагIиялда бан. *Ай гIалимзабазул хилаф буго гьаб рагIиялъулъ ва гьеб хилафалдаса битIараблъун гьаб рагIи рикIуна.*

## المولد

### Аллагьасул свалат-салам лъеяв авараг гьави

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь гьавуна Макка шагьаралда Банугьашимилазул авалалда итни къоялъ, рабигIул авал моцIалъул ичIабилеб, яги анцIила кIиабилеб къоялъул радал гIужалда, пилалги рачун Абрагьат КагIба биххизеян вачIараб соналъ. РабигIул аваллалъул ичIабилеб къоялъ гьавунаян абураб рагIи цIикIкIунго битIараб буго, анцIила кIиабилелъ гьавунаян абураб рагIи машгьураб буго. Гьеб данде

ккола миладияб тарихалъул 57I соналъул апрель моцIалъул къоло кIиабилеб къоялда.

Гъев гъавулелъул чIарахъанлъун йикIана ГIамрил яс аш-Шифаъ, жинда Аллагь разилъаяв ГIабдурахIманил вас ГIавфил эбел. Аллагьсул свалат-салам лъеяв расулуллагь эбелалъ гъавураб мехалъ гьелдаса нур загьирлъана жиндалъун Шамалъул кIалгIаби гвангъараб. Аш-Шифаица гьесул кIудияв эмен ГIабдулмутIалибихъе Аллагьасул свалат-салам лъеяв гъавунин абун роххел бицине чи витIана. Гьев цIакъго вохха-хинлъун вачIана, жинца вас кодов вачун КагIбаялда жаниве лъугьинавуна, Аллагьасе шукруги гьабуна, гьесда гьариги гьабуна. Васасда МухIаммад абун цIарги лъуна; гьев гIадамаз веццунев вукIине бокьун. *(МухIамадуналъул магIна буго жив веццарав абураб).* Гьев гьавун анкьабилеб къоялъ гьесул сунат гьабуна, гьесдаса гIакъикъаги хъуна ва гIарабиязул гIадаталда рекъон гIадамазе квенги кьуна.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасул тIалаб гьабулей чIужу йикIана Умуайман: Баракат абун цIар бугей хIабашияй, гьесул эмен ГIабдуллагьил гъарабаш. Гьей чIаго хутIана жий бусурманлъизегIан ва гьижра гьабизегIан. Жинда Аллагь разилъаяй Умуайман хвана Аллагьасул свалат-салам лъеяв авараг хун щуго, яги анлъго моцI араб мехалъ.

## الرضاع

### Аллагьсул свалат-салам лъеяв расулуллагьас керен хахи

Эбел Аминатил керен хахун хадуб аварагасул тIоцеесей рахьдал эбел Абулагьбил гъарабаш Сувайбат йикIана. Гьелъул МасрухI абурав васасул рахь букIана гьебги. Гьелъ Аллагьсул свалат-салам лъеяв расулуллагь хахизавиялда цеве ГIабдулмутIалибил вас ХIамзатги хахизавуна, аварагасда хадув Абусалмат бину ГIабдуласад Аль-махзумиги хахизавуна. Гьав лъабавго аварагасул рахьдал вацал ккола. Абулагьабица гьай гъарабаш тархъана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь гьавиялдаса воххун, амма авараг исламияб диналде халкъ

ахIизе вахъараб мехалъ гьев цIакъ квешав тушманлъун лъугьана.

## في بني سعد

### Аллагьсул свалат-салам лъеяв расулуллагь БанусагIдилазулъ

ГIарабиязул гIадат букIана жидер лъимал хахизарулел руччаби гIалахалде чIарал гIадамазда гьоркьосан ралагьулеб: росабалъ рукIунел унтабаздаса, гьезул лугби щулалъизегIан лъимал рикIад гьарун, гьезда киниялда рукIадго гIараб мацIги лъикIго лъазе гIоло.

Аллагьасул хIукму-къадаралдалъун Гьавазиназул Бакрул СагIдил лъималазул руччаби рачIана хахизе лъимал цIехон. Гьел киназдаго Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь вачеян абидалго, ятим вукIиналъ гьез авараг нахъчIвана. Гьезул цоялъе хахизабизе лъимер щвечIо: гьейги Абузувайбил яс ХIалимат йиго. Гьелъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв авараг вачана ва гьелъие цогидал руччаби жинда бахиллъараб макъамги щвана. ХIалиматил эмен Абузувайбил цIар ГIабдуллагь бину аль-ХIарис буго, гьелъул росасул цIарги аль-ХIарис бину ГіабдулгIузза буго. Гьал кIиялго Гьавазиназул Бакрул СагIдил лъималаздаса руго. Аль-ХIарис бину ГIабдулгIуззал лъимал – Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул рахьдал вац-яцал, ГIабдуллагь, Унайсат ва Жудамат руго. Гьай Жудаматги аш-Шаймаъ йиго (*ай Жудамат аш-Шаймаил тIокIцIар буго)*, жинца аварагасул тIалаб гьабулей йикIарай.

## بركات في بيت الرضاعة

### авараг хахизавураб рукъалъе щварал баракатал

Гьаб рукъалъул хъизаналда, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь гьезда гьоркьов вугеб мехалъ, гIемерал баракатал рештIана. Гьел баракатазул хIакъалъулъ бицаралдаса буго:

ХIалимат Маккаялда ячIарал къоял рукIана хурги хварал, гIалахги бакъварал къоял. Гьейгун цадахъ бугеб хIама букIана хIалакъаб, загIипаб букIиналъ къапилаялда ругел цогидаздаса бищунго тохго билълъунеб. Гьейгун цадахъ бугеб вараниги букIана цохIо къатIра рахьдал кьолареб. Гьелъул гьитIинаб лъимерги букIана жиб бакъун букIиналъ тIубараб сордоялъ гIодулеб, ахIдолеб ва кьижулареб, жиндир эбел-эменги кьижизе толареб.

ХIалимат Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьги вачун жиндир къапила чIараб бакIалде ячIиндал ва кварчIадаги лъун аварагасе керен кьезе лъугьиндал, гьелъул каранда рахь бачIана ва аварагас гIорцIинегIан гьеб рахь гьекъана. Гьевгун цадахъ гьелъул гьитIинав васасги гIорцIинегIан рахь гьекъана ва жив кьижана.

ХIалиматил рос вараниялда аскIов индал гьесда варани батана рахьдал гъвариги цIун. Гьелдаса жал гIорцIинегIан гьекъезе рахьги бечIана ва жидеца гьеб сордо бана бищунго лъикIаб хIалалда.

БанусагIдилазул бакIалда инеян жал къватIире рахъиндал ва ХIалимат Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьгун цадахъ жиндир хIамида рекIиндал, гьеб хIама цIакъ хехго ун жиб къапилаялдаса цебе кана ва гьеб къапилаялъул цониги хIайван гьелда хадубги гьечIо.

Цинги жал БанусагIдилазул бакIалда щведалго, - гьебги Аллагьасул ракьазул цIакъ бакъвараб ракь букIана, - гьезул гIиял рачIунаан харил чахьалги цIун рахьдал гъвариги цIун. Гьез жидер гIиял речIчIулаан ва гьезул рахьги гьекъолаан, цогидал гIадамазул цониги чияс рахьдал къатIра бечIчIулареб мехалъ.

Аллагьасул рахъалъан баракат ва гIемерлъи гьезие тIаса инчIо лъимер хахизабиялъул заман тIубазегIан. КIиго соналъги хахизавун ХIалиматица авараг карандаса тIезавуна, гьеб заманаялда жанив Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьги лъикIго рухIалда вачIана.

## بقاء النبى – ﷺ - فى بنى سعد بعد الرضاعة

**Керен хахи тIубан хадувги авараг БанусагIдилазулъ хутIи**

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьги вачун ХIалимат щибаб анлъго моцIалдаса дагьаб заман базе гьесул эбелалъухъе ва хъизаналъухъе ячIунаан, цинги тIад юсун БанусагIдилазул бакIалде унаан. Лъимер хахизабиялъул заман тIубадал ва гьеб карандаса тIезабун, васги вачун жий эбелалъухъе ячIиндал, ХIалиматил хьул лъуна Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь жегиги жинда аскIов хутIиналда: гьесул баракат ва лъикIлъи бихьун букIиналъ. ХIалиматица расулуллагьасул эбелалдаса тIалаб гьабуна гьев дагьавги щулалъизегIан жинда аскIов тей: гьей хIинкъун йикIана гьесда Маккаялъул вабаъ унти бахилилан.

Гьелда эбелги разилъун Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьги вачун цIакъ йохха-хинлъун ХIалиматги жиндир бакIалда тIад юсана. Гьелдаса хадув кIиго сонгIадаб заманалъ авараг гьелда аскIов хутIана. Цинги цо гIажаибаб жо ккана, ХIалиматги гьелъул росги МухIамадида цIакъ хIинкъараб ва жидеца Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь гьесул эбелалъухъе тIад вусинавураб. Гьебги аварагасул керен хъвалхьин буго, гьелъул баянги гьадин буго:

Жинда Аллагь разилъаяв Маликил вас Анасица абуна: *Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасухъе Жабраил вачIана, гьев лъималгун васандулев вугеб мехалъ. Гьес авараг* (ккуна) *восана, цинги гIодовги тIамун гьесул кереналда тIаса бакI хъвалхьана. Цинги гьесул ракI къватIибеги бахъун гьелдаса цо жо нахъе бахъана ва Жабраилас абуна: гьаб буго дулъ бугеб шайтIаналъул бутIаян абун. Цинги меседил тIарсиниб замзамалъги чурун букIараб хIалалъ дандеги бачун каранда жаниб лъуна. Гьесул* (рахьдал) *эбелалъухъе рекерун лъимал рачIана ва гьез абуна МухIаммад чIванаян абун. Жал гьесда данде индал МухIаммад жиндир кьерги тIун ватана.*

Анасица абуна: *дида Аллагьсул свалат-салам лъеяв аварагасул каранда гьеб букъараб бакIалъул асар бихьулаан* абун.

## إلى أمه الحنون

**МухIаммад жив вокьулей эбелалъхъе вуссин**

Гьаб ишалдаса хадуб Аллагьасул свалат-салам лъеяв авараг Маккаялде вачIана ва жиндир эбелалда ва хъизаналда аскIоб кIиго сон гIадаб заман бана. Цинги гьевги вачун гьесул эбел Мадинаялде сапаралъ ана: гьесул инсул хоб бугеб бакIалде ва гьесул кIудияв инсул вацал ан-Нажарил вас ГIадил васалги ругеб. Гьейгун цадахъ гьелъул тIалаб гьабулев ГIабдулмутIалибги, гьелъул хъулухъчIужу Умуайманги рукIана. Гьениб цо моцIги бан жал тIад руссана. Нухда рукIадго Аминатида унти бачIана ва гьеб цIакъго цIикIкIана. Мадинаялдаги Маккаялдаги гьоркьоб бугеб Аль-абваъ абулеб бакIалда рукIадго Аминат хвана ва гьений юкъана.

## إلى جده العطوف

**МухIаммад жинда гурхIулев кIудияв инсухъ**

Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагги вачун ГIабдулмутIалиб Маккаялде тIад вусана. Гьесда жиндир рекIелъ гъваридго лъалеб букIана тIаде бачIараб къварилъиялъул захIмалъи ва гьесул аварагасда цIакъ ракI гурхIана, цогидал лъималазул цонигиязда гурхIичIеб хIалалъ.

ГIабдулмутIалибица гьесул къадру кIодо гьабулеб букIана, цогидал васаздаса цевеги гьавулев вукIана, цIакъ хираги гьавулев вукIана. Жинца гьев жиндаго хассаб бусада гIодов чIезавулаан, гьев гурев цоги чи кидаго гIодов чIезавичIеб, гьесул мугъалда кверги бахъулаан. Жинца гьабулеб жоялдаса гьев вохунги вукIунаан. Гьесул ракI чIун букIана гьев васасул хадусеб заманалда цIакъ кIудияб шан-хIал букIиналда. Ва амма кIиго сон ун хадуб ГIабдулмутIалиб хвана, Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасул гIумру микьго сонги кIиго моцIги анцIго къоги бугеб мехалъ.

## إلى عمه الشفيق

**Аллагьсул свалат-салам лъеяв расулуллагь жиндир инсул вацасухъ**

Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасул тІалаб гьабизе гьесул инсул вац АбутІалиб лъугьана. АбутІалибица гьев хассаб рокьи ва гурхІелалдалъун тІокІ гьавуна. Жиндир боцІи-мал дагьав чи вукІана АбутІалиб. Аллагьас гьесул дагьаб боцІиялдаги баракат лъезабуна: цо чияс кваналеб квеналъ гьесул кинабго хъизан гІорцІинабулаан. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулги сабру гьабиялъе ва дагьаб жоялда гІейи гьабиялъе мисалъун вукІана: Аллагьас жиндие къадар гьабураб жоялдалъун гІей гьабулаан.

## سفره إلى الشام وبحيرا الراهب

**Аллагьсул свалат-салам лъеяв расулуллагь Шамалде ин ва БухІайр рагьибасул къиса**

АбутІалибие бокьана Къурайшиязул къапилагун цадахъ Шамалде дарамалъе вахъине. Гьеб мехалъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасул гІумру анцІила кІиго сонги кІиго моцІги анцІго къоги букІана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасе АбутІалибидаса ватІалъи цІакъго захІмалъана ва гьесда гурхІун АбутІалибица гьев живгун цадахъ вачана. Гьезул къапила Шамалда щолеб бакІалда бугеб Бусра шагьаралда аскІоб рештІидал гьезухъе насраниязул кІудияв рагьиб вачІана: гьевги БухІайра ар-Рагьиб вуго. Гьев къапилаялъул гІадамазда гьоркьов хьвадана жинда Аллагьсул свалат-салам лъеяв авараг ватизегІан, цинги гьесул кверги ккун жинца абуна: «Гьав вуго кинабго гІаламалъул сайид, гьав вуго кинабго гІаламалъул БетІергьанасул расул. Гьав вуго Аллагьас кинабго гІаламалъе рахІматлъун жив витІизесев» - абун.

ГІадамаз абуна дуда щиб сабалъун гьеб лъалебан абун. Рагьибас абуна: «Нуж гохІда нахъасан раккидал цониги гамачІ ва гъветІ хутІичІо жинца сужда гьабичІеб. Гьез сужда гьабуларо аварагасе гІоло гурони. Дида гьев авараг вукІин лъала гьесул бугьналагаялда гъокь бугеб авараглъиялъул

мугьруялдалъун: цо гIечалда релълъараб, нижеда гьеб нижер тIахьазда хъван батула» - ян абун.

Цинги рагьибас гьел лъикIаб гьоболлъи гьабун хира гьаруна ва АбутIалибида гьарана гьев васги вачун мун Шамалдехун унгеян абун: гьесие ягьудияз ва румаз зарал гьабиялда хIинкъун. АбутIалиб МухIаммадги вачун Маккаялде тIад вуссана.

حرب الفجار

**Къосарал гIадамазул рагъ**

Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасул гIумру къого сон бугеб мехалъ ГIуказалъул базар лъолеб бакIалда цо рахъалда Къурайшал ва кинанаталгун, цогидаб рахъалда Къайс ГIайланазул къокъабигун рагъ кана. Гьениб рагъул цIакъ гуч бергьана, кIиябго рахъалъан гIадамалги чIвана. Цинги гьез маслахIат гьабуна: кIиябго рахъалъан чIварал гIадамал рикIкIине, цинги цояб рахъалъул цIикIкIун чIваразул дият босизе. Цинги гьез рагъги чIезабуна, цоцаде гьоркьоб караб квешлъи-тушманлъиги жибго тана. *(тIаса лъугьун тана).*

Гьаб рагъулъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагас гIахьаллъи гьабуна: гьес жиндир инсул вацазе чIорал хIадурулел рукIана.

Гьаб рагъалда цIар лъуна *хIарбулфужари* абун (къабихIал чагIазул рагъ): гьеб рагъалдалъун гьез КагIбаялъул хIурмат хвезабиялъе гIоло ва гьеб рагъ хIарам гьабурал моцIаз букIиналъе гIологи.

Гьадинаб хIурмат хвезабигиункъго соналда жаниб ункъго нухалъ букIана: цебесеб лъабгояб дагIба-къецалдалъун тIубан букIана, гIадамал чIвайги гьаб ункъабилеб нухалъ гурони букIинчIо.

## حلف الفضول

**Къадру бугез гьа гьедун къотIи гьаби**

Гьаб рагъ лъугьун хадубго ЗулкъагIида моцIалъ Къурайш тухумалъул щуго батIнуялда *(кьибилалда)* гьоркьоб *хIилфул фузул* абураб къотIи ккана. *(ай, къадру бугезул къотIи)*. Гьеб щуго батIнуги Гьашимил лъимал, аль-МутIалибил лъимал, Асадил лъимал, Загьратил лъимал ва Тайимил лъимал руго. Гьаб къотIи гьабиялъе гьадинаб сабабги букIана:

Зубайдиязул цояв Маккаялда вачIана жиндир къайги босун гьеб бичизеян. аль-ГIас бин Ваилица гьесухъа къай бичун босана ва гьесие кколеб хIакъ кьечIо. Цинги гьес аль-ГIас бин Ваилидаса хIакъ босизе кумек гьарана бану ГIабдударазда, бану Махзумилазда, бану ЖумахIиязда, бану Сагьмилазда, бану ГIадиязда. Гьез гьесие кумек гьабичIо. Цинги гьев Абукъубайс магIарде вахана ва жиндие гьабураб жо бицун шигIру гьабун кIалъана, жиндие лъица кумек гьабилебанги гьарана.

Гьеб иш тIубазе хьвадана аз-Зубайр бину ГIабдулмутIалиб. Гьес тIадехун рехсарал гIадамал ракIарана бану Тамимилазул кIудияв ГIабдуллагь бину ЖудгIанил рокъор. Гьез цоцазе къотIи гьабуна, гьаялги гьедана: жидеда Маккаялда щив чи ватаниги, Маккаялъул агьлуялъул яги къватIисан вачIарав, жиндие зулму гьабун, гьев чигун цадахъ чIела абун гьесул хIакъ тIубазегIан.

Цинги гьел аль-ГIас бин Ваилихъе ана ва гьесухъа бахъун аз-Зубайдиясул хIакъ досухъе кьуна.

Жиндир инсул вацалгун цадахъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьги гьаб къотIи гьабулеб бакIалда гIахьаллъана. Аллагьас рисалат кьун жив хира гьавун хадуб аварагас абулаан: «*Дун гIахьаллъана ГIабдуллагь бину ЖудгIанил рокъор къотIи гьабизе данделъаразда гьоркьов. Дие гьелъул бакIалда гIемераб боцIи кьуниги дие гьеб бокьиларо. Исламалда вукIадго гьединаб къотIи гьабизе дун ахIани дица жаваб гьабила» - ян абун.*

# حياة العمل

**Аллагьсул свалат-салам лъеяв расулуллагьас хIалтIи гьаби**

Лъалеб жо буго Аллагьасул свалат-салам лъеяв хирияв авараг ятимлъун гьавураблъи *(эмен хун хадув гьавуна)*, гьев кIудияв гIуна кIудияв инсул, жадуб инсул вацасул тIалабалдалъун. Гьес инсудаса ирсалъе жиндие гIей гьабулеб щибго жоги босичIо. ГIадаталда рекъон Аллагьасул свалат-салам лъеяв авараг хIалтIи гьабизе кIолеб гIумруялда вахидал гьес рахьдал вацалгун цадахъ БанусагIдилазул гIиял хьихьана. Маккаялда тIад вуссараб мехалъги гьес Маккаялъул агьлуялъул гIиял хьихьана дагьалго къиратIазухъ. *(КъиратI буго динаралъул щуго процент яги ункъго процентaлдаса дагьаб цIикIараб жо).* Гьелъул къимат гьаб заманаялъ сагIудиязул анцIго риялгIадаб жо буго.

ГIиял хьихьи киналго аваргзабазул гIумруялъул авалалда букIараб жо буго. Аллагьас авараглъи кьун жив хира гьавун хадуб цо нухалъ аварагас абуна: «Ц*ониги авараг гьечIо жинца гIиял хьихьичIев» - абун.*

Аллагьасул свалат-салам лъеяв авараг гIолохъанлъиялда вахиндал, гьес даран гьабулеб букIараб гIадин буго: цо хабаралъулъ буго аварагас даран гьабулеб букIанин Абус-саибил вас ас-Саибгун цадахъ ва гьев гьесул лъикIав гIахьалчиги вукIанин, жинца хиянат-къварилъи ва дагIба-къец гьабуларев абун. ГIадамазда Аллагьасул свалат-салам лъеяв авараг лъалаан гьезулгун гьабулеб ишалъулъ цIакъ божилъи бугев, ритIухъав, вацIадав чилъун. Аварагасул гьаб тIабигIат букIана жиндир кинабго хIалалъулъ ва гьесда тIокIцIар лъуна аль-Амин абун: жинда б*ожилъи бугев.*

## سفره إلى الشام وتجارته في مال خديجة

**Аллагьсул свалат-салам лъеяв расулуллагь Шамалде ин ва гьес Хадижатил малалъулъ даран гьаби**

Жинда Аллагь разилъаяй Хувайлидил яс Хадижат йикIана жиндир къадруялъул ва боцIи-малалъул рахъалъан Къурайшиял ручабазул бищунго лъикIайлъун. Гьелъ жиндир къайи даранчагIазухъе кьолаан гьез даран гьабизе ва гьезие ужраги кьолаан.

Хадижатида Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасул хабар рагIидал гьелъ аварагасда жиндир къайиги босун Шамалда дармие ине бокьи загьир гьабуна ва гьесие цогидазе кьолелдаса тIокIаб ужраги кьелин абуна. Расулуллагь гьелъул гъарабаш Майсартгун цадахъ къайги босун даран гьабизе Шамалде вахъана. Гьес гьелъул къай бичана, гьелъие къваригIарабги босана ва цIакъ кIудияб хайирги щвана. Гьелъул малалъулъ цебекун кидаго букIинчIеб баракатги лъуна. Цинги авараг, жинда тIад къараб аманатги тIубан, Маккаялде тIад вусана.

## زواجه بخديجة

**Аллагьсул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Хадижат ячин**

Жинда Аллагь разилъаяй Хадижатида ракI гвангъулеб божилъиги баракатги бихьана. Майсаратицаги гьелда бицана жинда Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасул бихьараб берцинаб тIабигIаталъул ва гьуинаб гьудулъиялъул. Цо-цо карамат биcанинги абуна: бакъул бухIиялдаса гьесие кIиго малаикас рагIад гьабунин абун. Хадижатида лъана жиндир ракIалъе гьев вокьараблъи ва аварагасухъе жиндир гьалмагъ йитIана жиндие МухIаммадил чIужулъун йикIизе бокьун букIин загьир гьабизе.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв авараг гьелда разилъана ва жиндир инсул вацалазда кIалъана гьаб хабар бицун. Гьез Хадижат аварагасе гьарана гьелъул инсул вац Асадил вас ГIамрида. Гьес Хадижат аварагасе чIужулъун кьуна

Банугьашимиял ва къурайшиязул кIудиял чагIи гIахьаллъараб мажлисалда. Магьариде къого гIолохъанаб вараниги лъуна. цояз анлъго варани лъунаянги абуна.

Ригьин гьабиялъул хутIба гьабулев аварагасул инсул вац АбутIалиб вукIана. Гьес Аллагьасе рецц гьабуна, щукруги гьабуна. Цинги жидер насабалъул хиралъи бицана ва Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасул къадруги рехсана. Хадуб магьариде лъолеб жоялъул къадарги бицун ригьин гьабиялъул рагIаби абуна. Гьаб Хадижат ячин букIана жив Шамалдаса тIад вусун хадуб кIиго моцI ва дагьал къоял индал. Гьесул гIумруги къоло щуго сон букIана.

Хадижатил гIумру кIикъого сон букIана абураб рагIи буго жиб машгьураб. Гьелъул къоло микьго сон букIанаянги абуна, цоги батIиял соналги рицана. Гьей тIоцее росасе ун йикIана Махзумиязул ГIизил вас ГIатикъие. Гьев хун хадуй гьей ячана Абугьалат ат-Таймийи абулев чияс. Цо лъимерги нахъе тун гьевги хвана. Хадуб гьей ячизе къасд гьабуна къурайшиязул церехъабаз, амма гьей цонигиясе ине разилъичIо, Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасе ине хьул лъезегIан. Гьей аварагасе ана ва гьелъие жинда цересезулги хадусезулги хьул лъолеб цIакъ кIудияб бахьи буголъиги щвана.

Жинда Аллагь разилъаяй Хадижат Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасул тIоцеесей чIужу йиго. Гьей хвезегIан аварагас гьелда тIад цоги чIужуги ячинчIо. аварагасул киналго лъималги Хадижатидаса руго: цо Ибрагьим хутIинегIан. Гьев КъибтIиязул Мариятица гьавурав вуго. Хадижатица гьарурал лъимал: аль-Къасим, цинги Зайнаб, цинги Рукъият. Цинги Умукулсум, цинги ФатIимат, цинги ГIабдуллагь вуго. ГIалимзабаз цоги рагIиги бицана гьал лъималазул рикIкIеналъул ва тартибалъул хIакъалъулъ.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасул киналго васал гьитIинго рукIун хвана. Гьсул ясал абуни, гьел киналго аварaглъиялъул заманалда щвезегIан чIаго хутIана, гьез ислам босана ва гьижраги гьабуна. Цинги гьел киналго аварагасда церехун хвана, цохIо жинда Аллагь разилъаяй ФатIимат хутIинегIан. Гьелъ авараг хун хадубги анлъго моцI бана.

## بناء البيت وقصة التحكيم

**КагIба рукъ бай ва хIукму гьабизе чи виччаялъул къисса**

Хирияв аварагасул гIумру лъебералда щуго соналде бахидал, кутакаб иххги бачIун КагIбаялъул къедал рихъизаруна. Гьелдаса цебеги цIа рекIун бухIунги букIун КагIба тохаб *(къадараб)* хIалалъ букIана. Гьединлъидал, къурайшиял чара гьечIого КагIба цIидасан баялда хIажаталлъун ккана. Гьез хIукмуги гьабуна гьеб КагIба баялъе хIалалаб, бацIадаб жо гурони харж гьабичIого букIине: риба гьабун щвараб, зинаялъе магьари лъун щвараб ва цониги чиясе зулму гьабун щваралда релълъараб жо харж гьабичIого букIине.

Къурайшиял хIинкъунги рукIана жидеца КагIба бихизабуни, Аллагьас гIазаб гьабилин абун. Мугъиратил Валидица абуна: Аллагьас басралъараб жо къачIалел гIадамазе гIазаб гьабиларин абун. Цинги гьел КагIба бихизе лъугьана ва Ибрагьимил кьучIалда щвезегIан гьеб бихана. Цинги Къурайшиял КагIба рукъ цIидасан базе лъугьана, щибаб кьибилалъе хассаб бакIги бихьизабуна. Къурайшиязул къадру бугел церехъабазги жидер габуралдаги лъун гамачI баччулеб букIана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв авараг ва гьесул инсул вац ГIаббасги гамчIал раччулезда гьоркьор рукIана. Къед баялда тIад тун вукIана Бакъум абулев румазул къадахъан. Къурайшиязул напакъа гIечIо Ибрагьимил кьучIалда рекъон КагIба базе ва гьез шималияб *(север)* рахъалдаса анлъго натI гIадаб бакI къватIибго тана, гьелда тIад кьухъабго къедги бана гьеб бакI КагIбаялдаса букIин лъазе. Гьаб бакIалда хIижру абула, хIатIимги абула.

Къед бан хIажарул асвад букIараб бакIалде бахиндал, щивав къавмалъул кIудиясе бокьана гьеб гамачI жиндир бакIалда лъеялдалъун жив хиралъизе. Гьеб сабаблъун гьезда гьоркьоб дагIба-къец ккана ва ункъго яги щуго къоялъ чIун хутIана. Гьел Макка хIарамалда би гIодоб тIун цоцаде рагъиялде ккараб хIалги лъугьун букIана. Кинниги Махзумиязул Мугъиратил вас Абуумаятил гIакълуялъ гьеб иш гIодобе буссинабуна: гьев къурайшиязул бищунго сонал гIемеравги вукIана. Гьес

къурайшиязда абуна нилъеца гьаб ишалъулъ хIукму гьабизе тезе рачIаян масжидалъул рагьдухъан тIоцеве гьезда тIаде вачIарав чиян абун. Къурайшияз гьеб къабул гьабуна ва гьелда жалги рекъана.

ТIадегIанав Аллагьасул хIукму-къадаралдалъун гьеб къотIи гьабун хадуб, гьезда тIад тIоцеве лъугьарав чи вукIана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь. Гьев вихьараб мехалъ киназго ахIана: «Гьав вуго амин, ниж рази руго, гьав МухIаммад вуго» - ян абун.

Гьев аскIове щведал ва жидер ккараб къотIи гьесда бициндал, аварагас цо чухъа *(ридаъ, палащ)* босана ва гьелда жаниб хIажарул асвад лъуна. Цинги гьезда абуна щивав цояс чухъаялъул рагIал кквеян ва гьеб эхеде борхеян. Гьедин эхаеде борхун гамачI лъолеб бакIалда данде битIидал аварагас хирияб квералъ босун гамачI жиндир бакIалда лъуна. Гьаб киналго жинда рекъараб ва цIакъ гIакъилаб хIалалъ дагIба тIубай букIана.

ХIажарул асвад ракьалдаса цо метраги бащадалъги тIаде борхун буго. КагIбаялъул рагьо абуни кIиго метраялъ тIаде борхун буго: гьеб борхиялъе гIилаги буго жидее бокьарав чи гурони гьенив жанив лъугьине виччачIого букIине. Къедал абуни гьел жидеца анцIила микьго натIалъ рорхинаруна: гьелда цебе КагIбаялъул борхалъи гьелъул бащадаб букIана. *(ичIго натI букIана).* КагIбаялда жаниб кIиго мухъалда анлъго хIуби эхетана, гьезда тIад анцIила щуго натIалъул борхалъиялда тIохги лъуна. Гьелдаса цебе КагIба жиндие хIубал гьечIеб ва тIохги гьечIеб букIана.

## <u>سيرته - ﷺ - قبل البعثة</u>

### Расуллъун витIинелде цебе МухIаммадил гIумру

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь гьитIинаб къоялдасаго гIакълу сахав, къуват бугев, хIал бацIцIадав вукIана. Гьев кIудияв гIуна, гIолохъанлъана ва цIубана жал реццарал берцинал тIабигIатазда ва тIадегIанал сипатазда. Гьев

вукIана гIамал берцинав, битIараб пикруялъул ва ритIухъаб хьвадиялъул. Берцинал тIабигIатазе ва хириял пишабазе киназего тIубараб мисаллъунги вукIана. Гьев цогидаздаса тIокIлъана ритIухълъиялдалъун, аманаталдалъун ва муруаталдалъун *(гIадамазда гьоркьов къадру-къиматалда вукIине лъай)* бахIарчилъиялдалъун, гIадлу битIиналдалъун, гIакълу-хIикматалдалъун, дунялалдаса вуссиналдалъун, дагьаб жо гIолев вукIиналдалъун, гурхIел-рахIму бугев, сабру бугев вукIиналдалъун, щукру гьабулев, нич бугев, къотIи тIубалев вукIиналдалъунги, хIалимав, хIеларав *(чIухIи гьечIев),* бицараб рагIи къабул гьабулев вукIиналдалъунги.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь цIакъ тIадегIанаб макъамалда вукIана жинца лъикIлъи гьабиялъул рахъалъан. Гьесул инсул вац АбутIалибица абураб гIадин: *(шигIру буго гьаб)*

«Жив хъахIав, жиндир гьумералдалъун накIаз цIад бай тIалаб гьабулев, жинца ятимазаби роххизарулев, рос гьечIел руччабиги цIунулев» - абун.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв авараг гIагарлъиялъулгун рахIму хурхинабулев, гIадамазе бакIаб жо жинца гьездаса борхулев, магIишат гьечIого хутIарасе гьесие хIалтIи щвезегIан кумек гьабулев, жинца гьоболасе хъулухъ гьабулев вукIана.

Гьесда рихунеб букIана жиндир къавмалъулъ бугеб квешаб жо ва гьересиял, батIулал пишаби. Гьес цониги хъанчазе гьабулеб гIидалъулъ ва ширкалъул данделъабазулъ гIахьаллъи гьабичIо, хъанчазе хъураб ва Аллагь гуресул цIар бахъун хъураб жоги кванача. Хъанчазул цIар бахъун гьа гьеди рагIидал гьесда сабру гьабизе кIоларон, гьезда хъатIизе яги гьезда гIагарлъизеги кIолароан.

Гьев цIакъ рикIкIадав вукIана жинца мехтулеб жо гьекъеялдаса ва зухIматалда *(кьурда-ахIи)* гIахьаллъиялдасаги. Гьев гIададисеб хабар бицунеб мажлисалда гIахьаллъичIо, Маккаялъул гIолохъаби ва гьудулзаби данде чIвалеб ва гьез рекIел гьей гьабулеб годекIанивги гIодов чIечIо.

# النبـــوة والدعــــوة

# Авараглъи ва диналда ахIи

## مقدمات النبوة وتباشير السعادة

**Авараглъиялъул церехъаби ва бахьибуголъиялъул роххелал**

Гьаниб цебе бицараб жоялдалъун: Аллагьасул свалат-салам лъеяв авараг тIадегIанал макъамазул ва берцинал тIабигIатазул чи вукIин, гьесул къавм жагьилаб, батIулаб пикруялъул букIин, - гьесдаги къавмалдаги гьоркьоб гIелмияб ва пикрияб рахъ холеб ва батIалъулеб букIана. Гьеб къавм жиндилъ бугеб къосинги пасалъиги бихьун аварагасе гьеб цIакъ захIмалъулаан ва гьесие бокьулеб букIана гьездаса ватIалъун живго жинда вукIине. Аварагас гIемер пикруги гьабулеб букIана гьеб къосиналдаса къавм киндай хвасар гьарилел абун.

Гьаб ургъел ва живго жинда вукIине бокьин гьес сонал цIикIкIун ранагIан гучлъулеб букIана - цо ахIулев чияс жив гIадамаздаса ватIалъун халваталда чIеялда ахIулев вугев гIадин. Гьес бай бихьана ХIираъ абулеб нохъоде ун гьениб, жинда салам лъеяв Ибрагьим аварагасул нахъе хутIараб диналдалъун Аллагьасе гIибадат гьабизе. Гьедин щибаб соналъ гьенив ун гIибидат гьабулаго цо моцI балаан. Гьебги Рамазан моцI букIунаан. Нохъоде чIун моцI тIубадалго, жив радал Маккаялде вачIунаан ва КагIбаялда тIаваф гьабулаан. Цинги жиндирго рокъове вуссунаан. Гьадин аварагас гьабуна лъабго соналъ.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасул кIикъого сон тIубадал: гьеб буго инсан камиллъулеб гIуж - ва гьеб кIикъого сон тIубадал ритIана Аллагьас гIемерисел русулалги, аварагасе загьирлъизе лъугьана авараглъиялъул тIоцересел гIаламатал ва бахьи буголъиялъул роххелалги. Гьесда лъикIал макъаби рихьулаан ва гьеб макъилъ бихьараб хIалалъ ккезеги кколаан. Жиндие цо гвангъи, нурги бихьулаан гьаракьалги рагIулаан. Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагас абуна: «*Дида лъала*

*Маккаялда бугеб цо гамачI, дие авараглъи кьелелде цебего жинца дие салам кьолеб букIараб»* - абун.

## بداية النبوة ونزول الوحى

### Авараглъи байбихьи ва вахIю рещтIин

Жиндир гIумруялъул кIикъоялда цоабилеб соналъул Рамазан моцIалъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв авараг ХIираъ нохъода игIтикафалда вукIадго: жинца Аллагь рехсолев ва гьесие гIибадат гьабулев, гьесухъе Аллагьасул салам лъеяв Жабраил вачIана авараглъи ва вахIю босун. Нилъ жинда Аллагь разилъаяй ГIаишатида гIенеккила жинца баянго гьеб ишалъул къиса бицуней. Жинда Аллагь разилъаяй ГIаишатица абуна:

*«Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасе вахIюялъул бай бихьиналъул авалаб букIана гьесие лъикIал макьаби рихьи. Гьесие цониги макьу бихьулеб букIинчIо жиб рогьалил хъахIлъиялда релълъун гурони. Цинги гьесие халваталда вукIине бокьана. Гьев ХIираъ нохъоде ун гьенив халваталда чIолаан цо чанго сордоялъ, хъизаналъухъе вачIун гьенисан квен босиялда хIажалъинегIан. Цинги Хадижатихъе вачIун цогиги сардал раялъе хIажатаб квен босулаан. Гьадин букIана Аллагьасул свалат-салам лъеяв авараг ХIираъ нохъода вукIадго гьесде хIакъаб жо бачIинегIан.*

*Гьесухъе малаик вачIана ва гьес абуна цIалеян абун. Аварагас абуна дун цIализе лъалев гьечIо абун. Аварагас абуна: «Цинги гьев малаикас дун жиндихъе восана ва данде къана цIакъ дие захIмалъизегIан. Цинги нахъеги виччан гьес абуна дуца цIалеян абун. Дица абуна: дун цIализе лъалев гьечIо абун. Цинги гьев малаикас дун кIиабизеги жиндихъе восана ва данде къана цIакъ дие захIмалъизегIан. Цинги нахъеги виччан, гьес абуна дуца цIалеян абун. Цинги гьев малаикас дун лъабабизеги жиндихъе восана ва данде къана цIакъ дие захIмалъизегIан. Цинги нахъеги виччан гьес абуна:*

ٱقۡرَأۡ بِٱسۡمِ رَبِّكَ ٱلَّذِى خَلَقَ ﴿١﴾ خَلَقَ ٱلۡإِنسَٰنَ مِنۡ عَلَقٍ ﴿٢﴾ ٱقۡرَأۡ وَرَبُّكَ ٱلۡأَكۡرَمُ ﴿٣﴾ ٱلَّذِى عَلَّمَ بِٱلۡقَلَمِ ﴿٤﴾ عَلَّمَ ٱلۡإِنسَٰنَ مَا لَمۡ يَعۡلَمۡ ﴿٥﴾

**I. Дуца гьаб хирияб Къуръан цIале МухIаммад, жинца мун вижарав дур БетIергьан Аллагьасул цIаралдалъун бай бихьун** ва гьесдаса квер бакъиги тIалаб гьабун.
**2. Жинца инсан загIипаб манидул къатIраялдаса вижарав** вуго гьев Аллагь.
**3. Дуца гьаб хирияб Къурьан цIале, МухIаммад, ва дуда лъай дур БетIергьан Аллагь Жив хирияв ва къадру кIудияв вукIин.**
**4. Жинца инсанасда къаламалдалъун хъвадаризе лъазе гьабурав.**
**5. Гьев инсанасда жинда лъалареб букIараб исламияб динги лъазе гьабурав.** Цогидаб инсан жинда хIажалъулеб дунял-ахиараталъул гIелмуги лъазе гьабурав. сура аль-ГIалакъ, I-5 аятал.

*Гьал аяталги росун, хIинкъун ракIги тIеркIолаго Аллагьасул свалат-салам лъеяв авараг тIад вуссана ва Хувайлидил Хадижатихъе вачIун гьес абуна: «Дун ретIелалъулъ жеме* (лъугьинаве), *дун ретIелалъулъ жеме» - абун. Гьез авараг ретIелалъулъ жемана гьесдаса хIинкъи тIаса инегIан. Жив гIодове вуссиндал нохъода вукIадго ккараб жоги бицун гьес Хадижатида абуна дун динрго нафсалда хIинкъулев вугоян абун.* Ай щайтIаналъул заралалдаса яги унтун вукIиналда. *Гьелъ абуна: «Воре мун хIинкъуге, валлагьи Аллагьас мун кидаго гIодогIан гьавизе гьечIо. Мун вуго гIагарлъиялъулгун хурхен бугев, гIадамаздаса къварилъи борхунев, ризкъи гьечIесе хIалтIун кумек гьабулев, гьоболасе хъулухъ гьабулев ва хIакъаб жоялъе квер бакъи гьабулев» - абун.*

*Цинги гьевги вачун Хадижат къватIие яхъана ва жиндир вацгIал Навфалил вас Варакъатихъе ячIана. Гьев вукIана жагьилаб заманалъго насранияб дин босарав, жинда гIибранияб мацIалъ хъвазе ва цIализе лъалев, жинца Инжилалдаса Аллагьасе бокьараб жо хъвалев. Гьев кIодолъарав ва беццлъаравги вукIана. Хадижатица гьесда абуна: «Я дир вацгIал, мун гIенеке дур вацасул васас бицунеб жоялда» - абун. Аварагасда Варакъатица абуна: «Я дир вацасул вас, щиб жо дуда бихьунеб?» - абун. Цинги Аллагьасул*

*свалат-салам лъеяв аварагас гьесда бицана жинда бихьараб жоялъул хабар. Варакъатица гьесда абуна: «Гъав дуда рещтIарав малаик вуго Аллагьас Муса аварагасдаги рещтIарав ан-Намус. Дун вугев анищха гьеб ишалъулъ гучав* (дуе кумек гьабизе кIолев) *ва дун чIагоги вукIунев анищ мун къавмалъ Маккаялдаса къватIив вахъинавулеб гIужалъ» - абун. Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагас гьикъана: «Гьез дун къватIигийщха вахъинавулев?» - абун. Варакъатица абуна: «Гьавула. Цониги чи вачIинчIо жиндир къавмвлъухъе гьаб дуца бицунелда релълъараб жо бицун гьесдехун къавмалъ тушманлъи гьабун гурони. Дуе хIажатаб къоялъ дун чIаго вугони дица дуе цIакъ квер бакъила» - ян абун.*

*Цинги заманго инчIого Варакъат хвана, аварагасда рещтIунеб вахIюги гьоркьоб къотIана.*

## تاريخ بدء النبوة ونزول الوحي

**Авараглъи байбихьиялъул ва вахIю рещтIиналъул тарих**

Гьаб цебехун бицараб жо буго авараглъи байбихьиялъул ва Аллагьасул свалат-салам лъеяв расуласда тIоцебесеб нухалъ вахIю рештIиналъулги къиса. Гьаб иш букIана Рамазан моцIалъ, лайлатул къадриялъул сордоялъ. ТIадегIанав Аллагьас абуна: Рамазан моцI буго жиндилъ Къуръан рештIараб абун. Цоги Аллагьас абуна: Дица гьеб Къуръан лайлатул къадриялъ рещтIинабунаян абун. ГIемерал хIадисазги тIоритIел гьабуна гьеб итни сордо букIиналда, рогьел баккиналда цебе гIужалъ. Лайлатул къадриялъул сордо кколелъул Рамазан моцIалъул ахираб анцIо къялда жаниб бугеб витруяб сордоялъ *(ай 2I, 23, 25,27…).*

ГIелмияб цIех-рехалъ баян гьабуна гьеб букIин итни сордо, Рамазан моцIалъул къоло цоабилеб, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь гьавуралдаса кIикъоялда цоабилеб соналъ. Гьебги данде ккола миладияб 6I0 соналъул август моцIалъул анцIабилеб къоялда. Гьелда рекъон, гьеб мехалъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасул гIумру букIана къамарияб

соналъул хIисабалда кIикъого сонги, анлъго моцIги анцIила кIиго къоги. Гьеб бащалъула шамсияб соналъул хIисабалда лъебералда ичIго сонги, лъабго моцIги къоло кIиго къоялдаги. Гьалъул хIасилалда, МухIаммад авараглъун витIи букIана шамсияб кIикъоабилеб соналъул бетIералда (авалалда).

## فترة الوحي ثم عودته

**ВахIю гьоркьоса къотIи ва цинги тIад бусин**

ХIираалъул нохъода вукIадго тIоцебе вахIю рещтIун хадуб, гьеб вахIю рещтIин цо заманалъ гьоркьоб къотIун букIана. Гьаб ишги дагьалго къояз букIана. Гьелъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасул пашманлъи, къварилъиги цIикIкIинабун букIана. Ва амма гьаб ишалда жанибги маслахIат букIана: гьесдаса хIинкъи тIаса ана, жиндир амруялъулъ гьевги чIана *(ругьунлъана),* хадуб вахIю рещтIидал гьеб баччизеги хIадурана. Жегиги вахIю бачIиналда хьул лъун, гьелда валагьун вукIана. Кидадай вахIю бачIилаян хъаравуллъи ккунги вукIана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв авараг Навфалил Варакъатида аскIосан вачIиндал ХIираъ нохъоде ун вукIана жиндир гIадат билълъараб Рамазан моцI тIубазабизе. Рамазан моцI лъугьидал, гьев Шавал моцIалъул авалаб къоялъул рогьалил гIужалъ магIардаса гIодове рештIана, жиндир гIадаталда рекъон Маккаялде тIад вуссине. Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагас абуна:

«*Дун кIалахъ жаниве лъугьидал дида цо гьаракьалъ ахIана: дун дир кваранаб рахъалде валагьана, дида гьениб щибго жо бихьичIо, дун квегIаб рахъалде валагьана, дида гьениб щибго жо бихьичIо, дун цевехун валагьана, дида гьениб щибго жо бихьичIо, дун нахъехун валагьана, дида гьенибги щибго жо бихьичIо, дица бетIер эхеде борхидал дида цо жо бихьана. Гьев дихъе ХIираъ нохъоде вачIун вукIарав малаик вугоан зобалдаги ракьалдаги гьоркьов тахида гIодовги чIун. Дун гьесдаса хIинкъун ракьалде гIодов ккана.*

*Цинги дун Хадижатихъе вачIана ва дица абуна: «Дида тIад ретIел жеме, дида тIад ретIел жеме, дун вахче ва дида тIаде цIорораб лъим тIе» - ян абун. Гьез дун ратIилилъ вахчизавуна, дида тIад цIорораб лъимги тIуна. Цинги гьал аятал рещтIана:*

يَٰٓأَيُّهَا ٱلۡمُدَّثِّرُ ١ قُمۡ فَأَنذِرۡ ٢ وَرَبَّكَ فَكَبِّرۡ ٣ وَثِيَابَكَ فَطَهِّرۡ ٤ وَٱلرُّجۡزَ فَٱهۡجُرۡ ٥

**I. Я гьав жиндир ратIилилъ вахчун вегун вугев чи!**

**2. Мун тIаде вахъа ва дуца къавмалъе хIинкъи кье** жидеца иман лъечIони гьезие букIине бугеб гIазабалдалъун.

**3. Дуца дур БетIергьан Аллагьги кIодо гьаве.** Гьесие тасбихI гьабе ва рецц гьабе. Гьев вуго жив кIодо гьавизе хIакъав, жиндаса хIинкъизе тIадав. Мун щивго чиясдаса хIинкъуге дуда тIад къараб рисалат тIобитIун халкъ Исламияб диналде ахIулеб мехалъ. Щивго чи гьечIо Аллагьасул хIукму-къадар хисизе гьабизе кIолев.

**4. Дуца дур ретIелги бацIцIад гьабе!** Муъминзабазда рекъоларо чорокаб ретIелгун рукIине, нажасаб, жиндсаа ракIкъалеб жо жинда цадахъ букIине.

Жинда Аллагь разилъаяв ибну ГIаббасица абуна: «Дуца дур ретIел бацIцIад гьабе!» - абураб рагIиялъул магIна буго: «Дуца ракI бацIцIад гьабе куфру-ширкалдасаян абураб» - абун. Гьеб магIна ритIухъ гьабулел мисалал гIараб мацIалда жанир гIемерал руго.

**5. Хъанчалги цогидал алагьзабиги дуца реххун те, гьел рикIкIад гьаре.** Гьединго дуца рикIкIад гьабе кинабго жиндилъ мукъсанлъи бугеб тIабигIат-гIамалги ва дуца гьел мушриказул хъубал тIабигIатал дур тIабигIаталлъун ккоге! сура Мудассир, I-5 аятал.

Гьаб иш букIана как бай фарз гьабилелде цебе. Цинги вахIю гIемерлъана ва тIатIалаго рещтIана.

Гьал аятал руго Аллагьасул свалат-салам лъеяв МухIаммадил расуллъи бай бихьи. Гьал авараглъиялъул аятаздаса хадургIан руго доб вахIю чIун букIарал къоязул къадаралъ. Гьаз щвей гьабула таклифалъул *(Аллагьас инсанасда тIад къалеб жоялъул)* кIиябго тайпаялда, гьелда тIаде бачIунеб жо баян гьабигун цадахъ:

ТIоцебесеб тайпа буго ТIадегIанав Аллагьас хирияв аварагасда таклиф гьаби гьезухъе рисалат щвезабиялдалъун ва хIинкъи кьеялдалъунги. Гьебги <u>мун тIаде вахъа ва дуца хIинкъи кье</u> абураб рагIиялъулъ буго. Гьелъул магIна буго: - дуца

гIадамазе Аллагьасул гIазабалдалъун хIинкъи кье гьез жидер къосин ва Аллагь гуреб жоялъе гIибадат гьаби течIони. Аллагьасда ширк гьабиги течIони: гьесул заталъулъ, сипатазулъ, гьесул хIукъукъазулъ ва пишабазулъги.

КIиабилеб тайпа буго Аллагьас расулуллагьасда таклиф гьаби гьес ТIадегIанав Аллагьасул амруялда жиндир гIамал рекъезаби ва гьелда тIад чIей гьабиги: гьелдалъун жиндие Аллагь разилъи щвезе ва Аллагьасда иман лъурал гIадамал жинда нахърилъуневлъунги вукIине. Гьаб магIна буго хадусел аятазул. Аллагьасул рагIи дуца дур БетIергьан кIодо гьаве абураб, гьелъул магIна буго дуца гьев кIодо гьавиялда хас гьаве ва цоги щибго жо гьесулъ ширкги гьабуге абураб. *Ай, Аллагьасда релълъун цоги щибго жо кIодо гьабуге.* Аллагьасул рагIи дуца дур ретIелги бацIцIад гьабе абураб, гьелдаса мурад буго ретIелги черхги бацIцIад гьабе абураб. Жинца Аллагь кIодо гьавулев, гьесда цеве гIибадат гьабун чIолев чиясда рекъон букIунаро хъубаб, ракI къалеб хIалалъ вукIине.

Аллагьасул рагIи дуца чорокаб жо добегIан те абураб, гьелъул магIна буго Аллагьасул щцим бахъи ва гIазаб щолеб жоялдаса рикIкIалъе абураб. Гьебги Аллагьасе мутIигIлъиялдалъун ва гьесда гIассилъи теялдалъун букIуна.

Аллагьасул рагIи дур хьул лъоге гIемераб жоялда абураб, гьелъул магIна буго: дуца лъикIлъи гьабуге, дуе гьаб дунялалда гьелдаса цIикIкIараб жо щвезе бокьун абураб.

Аллагьасул рагIи дуца дур БетIергьанасул диналъе гIоло сабру гьабе абуреб, гьаб рагIиялъ баян гьабулеб буго жиндир къавмалдаса ватIалъун жинца гьел цохIо Аллагьасе гIибадат гьабиялде ахIараб мехалъ, гьесда къавмалъул зарал щвезе букIин ва гьелда сабру гьабизе тIадаб букIинги бицин.

## القيام بالدعوة

### Аллагьсул свалат-салам лъеяв расулуллагьас дагIват гьаби

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь гьал аятал рештIаралго Аллагьасул диналда гIадамал ахIиялъе вахъун

чIана. Ва амма гьесул къавм хъачIаб, жагьилаб букIиндал: жидер хъанчазе лагълъи гьаби гуреб цоги дин гьечIеб, гьеб хъанчазе лагълъи гьабиялъе жидее щибго хIужа-далилиги гьечIел, гьелда ругьунлъун рукIин гуреб, жидер лъикIал тIабигIаталги гьечIел: чIухIи, гIамал кIодолъи гурони, жидеда гьоркьоб бугеб дагIба–къец хвалченалдалъун гурони тIубаларел, - ТIадегIанав Аллагьас гьеб диналда халкъ ахIи балъго букIин тIаса бищана: гьеб дагIавалдалъун авараг лъикIав чи вукIин жинда лъалев: хIакъаб жо бокьулев, жинда божилъи бугев, жинда аскIоб ракI хIалхьолев чиясда аскIов гурони инчIого вукIине. Гьеб дагIват гьабиялъе цогидал гIадамаздаса жиндирго агьлу, кьибил-тухум ва гьудулзаби цереги гьаризе.

## الرعيل الأول

### Жидеца иман лъеялъулъ цебе ккараб къокъа

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас дагIват гьабизе байбихьарабго гьесда иман лъезе хехлъи гьабуна ТIадегIанав Аллагьас жидее лъикIлъи ва бахьи буголъи къадарлъун гьабурал гIадамаз.

Гьезул бищунго цеесей йикIана жинда Аллагь разилъаяй муъминзабазул эбел Хувайлидил Хадижат. Гьелда лъан рукIана МухIаммадие ругел рохалил гIаламатал ва караматал. Гьелда авараглъиялъул гIуж бихьана, расуллъиялъул рохелги загьирлъана. Гьей хIадурун йикIана хирияв МухIаммад гьаб умматалъул авараглъун вукIиналда. Жиндир вацгIал Варакъатица бицараб жоялдаса гьелда лъана ХIиракъ нохъода аварагасухъе вачIарав чи Жабраил вукIин ва аварагасда рещтIараб жоги илагьияб вахIю букIин.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда сурату аль-Мудасиралъул авалал аятал рещтIараб мехалъ гьесул букIараб хIалги гьелда бихьана. Гьаб киналъулго хIасилалда жинда Аллагь разилъаяй Хадижат жидеца иман лъуразул авалай йикIин тIабигIияб *(чара гьечIеб)* жо буго.

Жиндихъе рисалаталъул вахIю рещтIарабго Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас хехлъи гьабуна жиндир лъикIав гьудул Абубакр ас-сидикъихъе ине ва ТIадегIанав Аллагьас жив рисалаталдалъун ва авараглъиялдалъун хира гьавураблъи гьесда бицине, гьелда иман лъеялдаги ахIизе. Абубакрицаги щибго шаклъи гьечIого ва нахъбахъи гьабичIого иман лъуна, гьесул авараглъиялъе хIакъаб нугIлъиги гьабуна. Гьав Абубакарги жидеца иман лъурал бихьиназул авалав вукIана. Гьев аварагасдаса кIиго соналъ гьитIинав вукIана ва цевегоялдаса нахъе гьесул гьудулги вукIана: гьесул балъгояб ва загьираб жо жинда лъалев. Абубакрица иман лъейги гьев ратIухъав вукIиналъе мухIканаб нугIлъи букIана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда иман лъуразул авалаздаса вукIана жинда Аллагь разилъаяв АбутIалибил ГIалиги. Гьев расулуллагьас жиндир тIалаб гьабун гьесда аскIов чIарав вукIана: гьесие квенги, лъимги, цогидаб хIажатаб жоги аварагас чIезабулаан. Гьелъие сабаб букIана: къурайшиязда ракъи бачIун букIин ва АбутIалибги жиндир магIишат дагьав, лъимал гIемерав чи вукIана. Цинги ГIаббасица гьесул вас ЖагIфарил тIалаб гьабуна, аварагас ГIалилги тIалаб гьабуна.

ГIали аварагасул цогидал лъималго гIадин вукIана. Авараглъи бачIараб мехалъ гьев балугълъиялда гIагарлъарав чи вукIана, гьесул анцIго сон букIанаянги абула. Жинда Аллагь разилъаяв ГIали аварагас гьабулеб кинабго ишалъулъ гьевгунцадахъ вукIунаан. Хирияв аварагас исламалде ахIараб мехалъ ГIалица гьелъие жаваб гьабуна. Гьев лъималаздаса иман лъуразул тIоцевесев вукIана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда иман лъуразул авалаздаса вукIана расулуллагьасул мавла *(жив лагълъун вукIарав цинги аварагас тархъарав) аль-Х*Iарисатил Зайд. Гьев жагьилаб мехалъ асир гьавун вичизе вачIун вукIана ва Хадижатил вацасул вас ХIизамил ХIакимица вичун восана. Хадув гьес Хадижатие сайгъат гьавун къуна. Гьелъги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасе сайгъат гьавуна.

Гьев Зайд вугеб бакI лъан гьесда хадув гьесул эмен ва инсул вац рачIана ва расулуллагьасда кIалъана жидее кумек гьабеян гьев вас лагълъиялдаса хвасар гьавизе. Аварагас Зайд ахIана ва гьесие ихтияр кьуна эменгун ва гьесул вацгун цадахъ ине яги жинда аскIов чIезе. Зайдица аварагасда аскIов чIей тIаса бищана.

Цинги гьевги вачун авараг къурайшиял данделъараб бакIалде ана ва жинца абуна: «Дица нуж нугIзаллъун чIезарулел руго гьав дир вас вукIиналъе, жинца дир ирс босулев, гьесул ирс дицаги босулев» - абун. Гьаб иш букIана авараглъи кьелелде цебе. Гьесда абулаан Зайд бину МухIаммад абун. *Ай гIарабиязул гIадат букIана бокьарав чи жиндир васлъун кколеб.* Ислам бачIиндалго гьелъ васлъун кколеб гIадат хвезабуна ва гьесда абуна Зайд бину аль-ХIарисат абун.

Гьал ункъалго бусурманлъана цо къоялъ, - гьебги ТIадегIанав Аллагьас жиндир расуласда дуца къавмалъе хIинкъи кьеян амру гьабураб ва гьев диналда халкъ ахIизе вахъараб къо буго. Гьазул щивав цоясда абуна гьев вугин тIоцебе ислам босарав абун.

Цинги Аллагьасул диналде халкъ ахIизе къасд гьабуна жинда Аллагь разилъаяв Абубакрица. Гьев диналде халкъ ахIилъун бугеб кIвар бугеб ишалъулъ хирияв аварагасе квер бакъулев божарав чилъун лъугьана. Гьев вукIана чороклъабаздаса нафс цIунарав, гIадамазе жив вокьулев ва гьел жинда ругьунлъулев. Тамахаб гIамалалъул, гIадамаз жив хира ва кIодо гьавулев, сахаватав чи. ГIарабиязул тарих ва гьезул наслу-тухумалъул хабар лъалевги вукIана. Къавмалъул гIадамаз гьев тIалаб гьавулаан гьесул берцинал гIамалазе гIоло, гьесул гIелму ва хиралъиялъе гIологи, гьесул даран-базаралъе гIоло ва сахаватлъиялъе гIологи, гьес гIадамазулгун гьабулеб берцинаб гIамалалъе гIоло ва берцинаб мажлисалъеги гIоло.

Абубакрица исламалда ахIана жиндир къавмалдаса божи бугел ва лъикIлъиялдалъун жал лъалел гIадамал. Гьесие жавабги гьабуна къавмалъул къадру бугел гIадамаз:

- гьезул авалалда вукIана умавиязул ГIафанил вас ГIусман, асадиязул аль-ГIавамил вас аз-Зубайр, зугьриязул ГIавфил вас

ГІабдурахІман, зугьриязул Абувакъасил вас СагІд, таймиязул ГІубайдуллагьил вас ТІалхІат. Гьал хирияв асхІабзабазе жинда Аллагь разилъаяв Абубакрица ислам баян гьабуна, цинги гьелги рачун жив аварагасухъе вачІана ва гьел киналго бусурманлъана.

Цинги, гьазда хадуб иман лъуна гьаб уматалъул амин абун жинда абулев АбугІубайдат ГІамир бину аль-ЖарахІица ва Абусалмат бину ГІабдуласадица, гьесул чІужу Умусаламатица ва аль-Аркъам бину Абуларкъамица ва ГІусман бину МазгІуница, гьесул кІиго вац Къудамат ва ГІабдуллагьицаги, ГІубайдат бину аль-ХІарисица, СагІид ибну Зайд ибну ГІамрица ва гьесул чІужу, ГІумарил яц ХатІабил яц ФатІиматица, Хабаб бину аль-Аратица, ЖагІфар бину АбутІалибица ва гьесул чІужу ГІумайсил ясалъ, Халид бину СагІид бину аль-ГІасица, ва ХІатІиб бину ХІарисица ва гьесул чІужу ФатІимат бинту аль-Мужалалицаги, гьесул вац ХІатІаб бину ХІарисицаги ва гьесул чІужу Фукайгьат бинту АбугІавфицаги, НугІайм бину ГІабдуллагь бину Усайдицаги. Жидеда Аллагь разилъаял гьал киналго Къурайшиязул руго, гьезул батІи-батІияб тухум-кьибилалдаса.

Къурайшиял гурездаса жал иман лъезе цере ккаразул авалал руго:

-ГІабдуллагь бину МасгІуд аль-Гьузали, МасгІуд бину РабигІат аль-Къари, ГІабдуллагь бину ЖахІши ва гьесул вац АбуахІмад бину ЖахІши, Сугьайб бину Санан ар-Румий, ГІамар бину Ясир аль-ГІанси, гьесул эмен Ясир ва эбел Сумаят ва ГІамир бину Фугьайрат.

Цогиги ручабаздаса исламалда цере караздаса руго: Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул мавла ва гьесул тІалаб гьабурай ХІабашияй Умуайман Баракат, ГІаббас бину ГІабдулмутІалибил чІужу Умулфазли бинту аль-ХІарис аль-Гьилалият, Абубакр ас-сидикъасул яс Асмаъги, жидеда Аллагь разлъаял.

Гьал цере цІар рехсарал ва рехсечІелги исламалъе цере ккарал асхІабзаби лъала а*с-сабикъуна аль-аввалуна* абун. Гьел киназулго рикІкІен бахула гІага-шагарго нусиялда лъеберго

асхIабасда. Ва амма мухIканго лъаларо гьел киназго ислам боси дагIват загьирго гьабилелде цебейищ букIараб, яги цояз гьеб дагIват загьирго гьабизе бай бихьун хадубищ босараб абун.

## عبادة المؤمنين وتربيتهم

### Муъминзабаз гIибадат гьаби ва Аллагьсул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьел куцай

Сурату аль-Муддасиралъул авалал аятал рещтIун хадуб, вахIю тIатIалаго рещтIунеб букIана. Гьелдаса хадуб рещтIараб жоялъул авалаб сурату аль-ФатихIа бугоян абуна. Гьеб буго жинца Аллагьсе рецц гьабиялдаги, дугIаялдаги ва Къуръаналдаса ва исламалдаса мурадлъун ругел цогидал кIвар бугел жалаздаги щвей гьабулеб. Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасда амру гьабураб гIибадаталъул авалаб рогьалил ва бакъанил гIужалъ кIиго ракагIат как бай букIана. Гьаб амруги босун гьесда жинда Аллагьасул салам лъеяв Жабраил рещтIана ва гьесда какие чури ва как бай малъана.

Кинабго чорокаб ва ракI къалеб жоялдаса камилаб рацIцIалъи букIана муъминчиясул гIаламаталдаса, какие чуриги как бегьиялъе шартI букIана, какилъ алхIам цIалиги какил аслу букIана, хIамд ва тасбихI гьаби какил вирдаздаса букIана. Гьаб как бай букIана муъминзабазул гIибадат: жидеца гьеб кидаго балеб ва гIадамазул бераздаса рикIкIадаб бакIалда балеб. Цо-цо мехалъ как базе гIоло гьел Маккаялъул кIкIалахъе ва кьурабазде гьоркьор унаан.

Исламалъул авалалда гьезул цоги гIибадат букIинчIо, амру-нагьюги букIинчIо. Илагьияб вахIюялъ гьезие баян гьабулеб букIана Аллагь цо гьавиялъул батIи-батIиял рахъал, жидер нафс бацIад гьабиялдаги ахIулел рукIана. Гьединго, жал рецщарал, берцинал тIабигIатал кквеялда ахIулел рукIана ва алжан-жудахIалъул хабарги бицунеб букIана. Гьезул ракIазе дару гьабулеб, рухIазе квенлъунги букIунеб, магIна гъваридаб вагIзаги гьабулеб букIана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагас гьел рухIияб рахъалъан рацIцIад гьарулел рукIана, гьезда Къуръан ва

хIикматги малъулеб букIана. Гьезул ракIал ва тIабигIатал рацIцIалъулеб, чороклъиялдаса нафс цIуни ва гIадамазулгун гьабулеб иш берцинаб хIалалъ гьабиялде рачунел рукIана: - къокъго абуни жинца гьел жагьлуялъул ва куфру-ширкалъул бецIлъиялдаса иманалъул нуралде рахъунел рукIана, битIараб исламияб нухалдаги тIуритIулел рукIана, Аллагьасул дин ва гьесул рохьен кквеялда куцалелги рукIана. Аллагьасул диналда чIеялда *(захIматлъи къварилъи хIехьон)* ва гьеб диналъулъ ритIухъал рукIиналдаги ругьун гьарулел рукIана.

Гьаб хIалалда ана лъабго сон. Диналда ахIиги балъго цо-цо чиясе гьабулеб букIана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагас гIадамал данделъулел бакIазда дагIват гьабичIо. Гьедин бугониги, къурайшиязда лъана гьеб цIияб диналъул хабар. Гьез гьеб диналда инкар гьабулеб букIана, цо-цо муъминзабазе гIакъуба-къварилъиги гьабулуб букIана. Амма къурайшияз гьелъул тIубараб кIвар гьабулеб букIинчIо, расулуллагьас гьезда диналъул хабар бицун бакка-бахъи гьабулеб букIинчIелъул в дир а гьезул алагьзабазул хIакъалъ кIалъалевги вукIинчIелъул.

## الجهـر بالدعــوة
## диналде ахIи загьирго гьаби

### <u>الدعوة في الأقربين</u>

### бищунго жиндие гIагарал чагIазе дагIват гьаби

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас лъабго сон бадалго цо-цо ккун гIадамал исламияб диналда ахIулаго ва къурайшияздаса ва цогидалги гIарабияздасан гьелда гIенекулел ва гьелъие жаваб кьолел лъикIал гIадамалги ратидалго, гьеб дагIваталъе нухги къачIадал, гьеб загьирлъиялъе гъоркь бакIги хIадуридал, ТIадегIанав Аллагьас жиндир расуласда гьал аятал рещтIана:

**Дуца хIинкъи кье дур бищунго гIагарал кьолбол гIадамазе!** Гьезда лъазабе Аллагь ﷻ цо гьавун гьесие гIибадат бацIцIад гьабичIев чиясе жужахIалъул гIазаб букIине бугин абун.

**Дуда нахърилълъарал муъминзабазе гурхIел-рахIмуялъул кваркьиги тIибитIе.** Гьездехун хIалимав, хIеренав вукIа.

**Гьел гIадамал дуе мутIигIлъиялдаса рахъун, дуда гIасилъун чIани, дуца гьезда абе: «Дун вацIцIадав вуго нужеца гьабулеб гIамалалдаса» - абун.** (суратуш-ШугIараи, I4-I6 аятал)

Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагас жиндир бищунго гIагарал гIадамал данде гьаруна: гьел Гьашимил лъимал руго ва аль-МутIалибил лъималазул цо къокъаги буго, Аллагьасе рецц гьабун, Аллагь цо гьавун шагьадатги битIун хадуб аварагас абуна:

*«Цевехъанас* (лъиклъи цIехолев чияс) *жиндир агьлуялда гьереси бицунаро, Валлагьи, киналго гIадамаз гьереси бицаниги дица нужее гьереси бицине гьечIо, киналго гIадамаз гукканиги дица нуж гуккизе гьечIо. Дун жив цогояв, цоги гьединав гьечIев Аллагьасдалъун гьедулев вуго: дун Аллагьасул расул вуго нужеде витIарав ва киналго гIадамаздеги витIарав. Валлагьи, нуж хвезе руго нуж кьижунел гIадин ва нуж тIадеги рахъинаризе руго нуж макьдаса рорчIунел гIадин. Нужеца гьабураб жоялъул хIисаб-суалги гьабизе буго: гьеб лъикIаб бугони лъикIаб жазаъ букIина, гьеб квешаб бугони квешаб жазаъ букIина. Гьеб жазаъги яги абадияб алжан буго, яги абадияб жужахI буго»* - абун.

Гьесул къавмалъ тамахаб калам гьабуна, цохIо гьесул инсул вац Абулагьабица хутIинегIан. Гьес абуна: «Нужеца гьав чиясул кверал ккве гьасда сверухъ гIарабиял русиналде цебе! Нужеца гьев гIарабазухъе кьуни нуж гIодогIанлъизе руго, кьеларин чIани гIарабаз нужеда рагъ гьабизе буго» - абун. Цинги АбутIалибица абуна: «Валлагьи, нижеца гьав цIунизе вуго ниж нахъе ругебгIан мехалъ» - абун. Хадубги абуна: «Дуца дуда амру гьабураб жо гьабе, валлагьи, дун кидаго дуда сверухъ вукIина, дица мунги цIунила, кинниги дие дир нафс мутIигIлъулеб гьечIо ГIабдулмутIалибил диналдаса батIалъизе» - ян абун.

## <u>على جبل الصفا</u>

**Сафа мегIералде вахун** (дагIват гьаби)

Гьебго заманалъ рещтIана ТIадегIанав Аллагьасул рагIи:

فَٱصۡدَعۡ بِمَا تُؤۡمَرُ وَأَعۡرِضۡ عَنِ ٱلۡمُشۡرِكِينَ

**Дуца Аллагьасул ﷺ рисалат щвезабе, МухIаммад ﷺ, гьеб амру тIубаялъулъ дуца яхI бахъе ва дуда гьабураб амру тIубазе мушриказ бицунеб жоялъ мун нахъчIваге.** Ай, гьез бицунеб жоялъ мун диналде халкъ ахIиналдаса нахъчIваге.

(сурату аль-ХIижри, 94 аят)

Цинги цо къоялъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв авараг Сафа мегIералде вахана ва гьелъул бищунго борхатаб гамачIалда тIад вахъун чIун «Я сабахIагь» - абун ахIана. Къурайшиял гьедин ахIулел рукIана жидеда тушман тIад кIанцIараб мехалъ яги цIакъго кIвар бугеб иш ккараб мехалъ.

Цинги къурайшиязул щибаб тухумалъул цIаралдаги ахIана: я бану фигьри, я бану ГIадий, я бану пулан ва я бану пулан, я бану ГIабдулманаф, я бану ГIабдулмутIалиб абун. Гьаб ахIи рагIидалго гIадамаз абуна гьав ахIдолев чи щиван. Гьев МухIаммад вугоян абидалго гIадамаз гьесухъе ине хехлъи гьабуна: живго къватIив вахъине кIоларев чияс цогидав витIана гьес бицунеб жоялде гIенеккизе.

ГIадамал данделъараб мехалъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагас абуна: «*Дица нужеда абуни гьагъаб кIкIалахъе тушманасул чуял ругин* (яй, чода рекIарал боял ругин), *нужеда рагъ гьабизе гьаб магIарде рахине хIадурлъун абун, нужеца дун ритIухъ гьавизе вукIаниш?»* - абун. Гьез абуна вукIана, нижеда дудаса гьереси рагIичIо, нижеда дур ритIухълъи гурони лъалароян абун. Аварагас абуна: «*Дун вуго нужее хIинкъи кьолев чи жинца цIакъ унтизабулеб гIазаб тIаде щвелелда*

*цебе. Дирги нужерги мисал буго жинда тушман вихьарав чиясул мисал: къавмалъе гьес зарал гьабичIого букIине гIоло жив борхатаб бакIалде вахарав ва жиндаса тушман цеве ккеялде хIинкъун «Я сабахIагь» абун ахIулев» - абун.*

Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагас гьел ахIана *Лаилагьа иллаллагь, МухIаммадун расулуллагь* абун шагьадат битIиналде. Гьезие баянги гьабуна гьаб рагIи дунялалъулго ханлъи гIадин букIин ва ахираталда гIазабалдаса хвасарлъиги букIин. Цинги гьезие хIинкъи кьуна жал куфру-ширкалда чIани ва аварагас босун бачIараб жоялде иманги лъечIони гьезие Аллагьасул гIазаб букIиналдалъун. Жив Аллагьасул расул вугониги, жинда кIолареблъи гьел гIазабалдаса хвасар гьаризе ва гьезие щибго кумек гьабизе.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагас гьаб хIинкъи кьей гIамаб хIалалъ гьабуна, хадуб щивазда хасс гьабунги гьабуна. Гьес абуна:

*«Я къурайшиязул жамагIат! нужеца нужерго нафсал Аллагьасдаса ричун росе, нужеца нужер нафсал цIаялдаса хвасар гьаре! Дида кIоларо нужее я лъикIлъи яги квешлъи гьабизе. Дида кIоларо* Аллагьас нужее гIазаб гьабулеб бугони *нужее щибго кумек гьабизе.*

*Я Луаюл вас КагIбил лъимал, нужеца нужер нафсал цIаялдаса хвасар гьаре! Дида кIоларо нужее я лъикIлъи яги квешлъи гьабизе.*

*Я КагIбил вас Муратил лъимал, нужеца нужер нафсал цIаялдаса хвасар гьаре!*

*Я Къусаюл лъималазул жамагIат, нужеца нужер нафсал цIаялдаса хвасар гьаре! Дида кIоларо нужее я лъикIлъи яги квешлъи гьабизе.*

*Я ГIабдушамсил лъимал, нужеца нужер нафсал цIаялдаса хвасар гьаре!*

*Я ГIабдуманафил лъимал, нужеца нужер нафсал цIаялдаса хвасар гьаре! Дида кIоларо нужее я лъикIлъи яги квешлъи гьабизе.*

*Я Гьашимил лъимал, нужеца нужер нафсал цIаялдаса хвасар гьаре!*

*Я ГIабдулмутIалибил лъимал, нужеца нужер нафсал цIаялдаса хвасар гьаре! Дида кIоларо нужее я лъикIлъи яги квешлъи гьабизе. Дида кIоларо* Аллагьас нужее гIазаб гьабулеб бугони *нужее щибго кумек гьабизе. Нужеца дир магIишаталдаса нужеего бокьараб жо гьаре (дида кIола гьеб кьезе). Дир ихтияр гьечIо* Аллагьас нужее гIазаб гьабулеб бугони *нужее щибго кумек гьабизе.*

*Я ГIабдулмутIалибил вас аль-ГIаббас, дида кIоларо* Аллагьас дуе гIазаб гьабулеб бугони *дуе щибго кумек гьабизе.*

*Я ГIабдулмутIалибил яс Сафият, Аллагьасул расуласул эмсул яц, дида кIоларо* Аллагьас дуе гIазаб гьабулеб бугони *дуе щибго кумек гьабизе.*

*Я ФатIимат, Аллагьасул расул МухIаммадил яс, дидаса дуего бокьараб жо гьаре, дуца дурго нафс цIаялдаса хвасар гьабе! Дида кIоларо* Аллагьас дуе гIазаб гьабулеб бугони *дуе щибго кумек гьабизе. Кинниги дир нужеда гурхIел-рахIму буго, дица гьеб ахираталда* (гьелда мустахIикъал чагIазда) *щвезабила» – абун.*

Гьаб хIинкъи кьей тIубадалго гIадамал нахъе ана ва рикь-рикьана. Гьез гьесул дагIват къабул гьабуна абун яги гьелда инкар ккуна абун нилъехъе щвараб хабар гьечIо, цохIо Абулагьабил хабар гурони: гьев Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасде квешаб жоялдалъун кIалъана ва жинца абуна: «Дуе кидаго квеш букIаяв, гьаб хабар бицинейщ дуца ниж данде гьарурал?» - абун. ТIадегIанав Аллагьас гьесул хIакъалъулъ аятги рещтIана:

تَبَّتْ يَدَا أَبِي لَهَبٍ وَتَبَّ **Абулагьабил кIиябго кевер бакъвайги, гьел унгоги ракъвана, - абун.**

Цогидал къурайшиял абуни, ракIалдаго гьечIого жидее гьаб хIинкъи кьедал, гьабулеб жого лъаларого хутIана. Жидеца гьелда данде щиб жо гьабилебги тIаса бищизе кIвечIо. Кинниги гьел жидер рукъзабахъе руссиндал ва гьезул ракIалги гIодор риччадал, рихха-хочи тIаса ун жалги хIалхьедал, гьез гIамал кIодолъи гьабуна ва гьаб дагIват сан гьабичIого, гьеб махсароде гьабун хьвадана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв авараг гьезул

мажлисалда аскIосан унеб мехалъ гьев махсароде гьавун жидеца абулеб букIана: «Гьавищ вугев Аллагьас расуллъун витIарав чи, гьав Абукабшатил васасдайщ зодисан калам гьабулеб?» - абун, цогиги гьелда релълъараб жо абулаан.

Абукабшат аварагасул эбелдахъан цо кIудияв инсуде абулеб букIараб цIар буго. Гьес къурайшазул динги рехун тун насранияб дин босун букIана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасги гьезул диналда хилиплъи гьабидал жидеца гьесда Абукабшатил вас абуна, гьев гIодовегIан гьавун, гьесда гIайиб щвезе бокьун.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв авараг диналде халкъ ахIиялда тIад чIана, гьезул годекIабахъ ва цогидаб гьел данделъулеб бакIалдеги ун дагIват гьабизеги байбихьана: гьезие Аллагьасул тIехь цIалулеб букIана ва гьел цогидал аварагзабазги ахIараб жоялде ахIулел рукIана:

**«Я дир къавм, нужеца Аллагьасе гьабе гIибадат, нужее гьев гурев цоги алагь гьечIо»** - абун.

Жинца гьезие вихьунеб бакIалда чIун гIибадат гьабизе бай бихьана: къад къоялъ КагIбаялъул рагьда цевеги чIун рагIизе гьабун Къуръанги цIалун как балеб букIана ва гьеб гIадамаздаги бихьулеб букIун. Гьесул дагIваталъе дагьаб бугониги къабул гьабиги щвана. Аллагьасул диналъулъе цоясда хадув цогидав лъугьун гIадамалги лъугьана. Цинги гьал жидеца иман лъурал бусурбабаздаги гьезул иман лъечIеб цогидаб агьлуялдаги гьоркьоб щцим бахъи ва цоцадаса рикIкIалъи лъугьана.

## مشاورة قريش لكف الحجاج عن الدعوة

### исламияб дагIват рагIиналдаса хIажизаби гьукъизеян къурайшияз мушавара гьаби

Аллагьасул диналде гIадамал лъугьин бихьидал, къурайшиязе гьеб цIакъ рихана, жидеда бихьараб жо гьезда цIакъ квешги букIана. Гьеб букIана хIежIалъул заман гIагарлъараб гIуж. Гьезие ургъел ккана хIажизабазул *(гьез дин босиялъул).* Къурайшазул цо къокъа Мугъиратил вас аль-Валидил рокъор

данделъана: гьев гьезул сонал гIемерав ва къадру бугев вукIана, гьес абуна: «Я къурайшазул жамагIат, гьале хIеж гьабулеб заман тIаде щун буго, гIарабиязул хIажизабазул къокъаби рачIине руго нужехъе. Нужеда рагIанаха гьав нужер гьалмагъсул амру. Нужеца цо гIакълу чIезабе гьесул хIакъалъулъ бицунеб жоялъе ва нуж цоцаде хилиплъуге, цинги нуж цоцаз гьереси гьарула» - абун.

Гьез абуна: «Дуца абе рагIи ва дуца чIезабе гIакълу нижеца бицунеб жоялъе» - абун. Аль-Валидица абуна гуро, нужеца абе, дун нужеда гIенекилин абун. Гьез абуна нижеца абила гьев кагьин вугин, - (балъгояб жо бицунев чи вугоян) абун. Аль-Валидица абуна: «ГьечIо гьев кагьин. Нилъеда гIемерал кагьанатал рихьана ва гьез бицунеб жоги рагIана, гьев кагьанатазда релълъаравго гьечIо» - абун.

Цинги гьез абуна нижеца гьев жундуз ккурав чи вугоян абилин. Аль-Валидица абуна: «Гьев жундуца ккурав чи гьечIо, нилъеда гьел чагIи рихьана ва гьезул хIалги лъала. гьесул гIакълуги битIараб буго васвасалги гьечIо» - абун.

Цинги гьез абуна нижеца гьев шигIру гьабулев чи вугоян абилин. Аль-Валидица абуна: «Гьев шигIру гьабулев чи гьечIо: нилъеда шигIруялъул киналго къагIидаби лъала, гьес бицунеб жо шигIру гьечIо» - абун.

Цинги гьез абуна нижеца гьев сихIру гьабулев чи вугоян абилин. Аль-Валидица абуна: «Гьев сихIру гьабулев чи гьечIо: нилъеда сихIрочагIиги гьезул сихIроги бихьана. Гьас гьабулеб жо гарцIал рай яги хIухьел пуй гьечIо» - абун.

Цинги гьез абуна щиб жоха нилъеца абилебин абун. Аль-Валидица абуна: «Валлагьи, гьес бицунеб жо гьуинаб буго, гьелъул аслуги чамасдакил гьветIалде релълъун буго, гьелда сверухъ бугеб жоги пихъил ахалде релъун буго. Нужеца щиб жо биצаниги гьес бицунелде данде ккун гьеб батIулаб букIине буго. Кинниги бищунго мусахIикъаб буго гьев сихIручи вугоян аби, гьесул рагIиги сихIру бугин аби: жинца эмен-вас батIа гьарулеб, рос-лъади ратIа гьарулеб, вацасдаса вац батIа гьавулеб, жиндир гIагарлъиялдаса чи ватIа гьавулеб» - абун.

Гьаб гIакълуялдаги рекъон Къурайшиял гьеб рокъосан къватIире рахъун рахъ-рахъалде ана.

Цинги хIежалъул заман щведал, гьел хIажизаби рачIунел киналго нухазда гIодор чIолел рукIана ва щивав чиясда аварагасул хабар бицунеб букIана (*ай жидеца ургъараб хIалалъ*) ва гьесдаса цIунеян абулеб букIана. Цинги гIадамазда гьесул хабар лъалеб букIана гьев вихьилелде ва кIалъалелде цебего.

ХIежалъул заман щведалго, Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагги хIажизаби данделъулеб, гьел рещтIунеб бакIазда вахъана ва гьел Аллагьасул диналде ахIана. Жинца гьезда абулеб букIана: «Я гьал гIадамал! нужеца Лаилагьа иллаллагь абе, нуж рохизе руго» - абун. Гьесдаго хадув Абулагьабги хьвадана: жинца авараг гьереси гьавун ва гьесие зарал гьабун.

Гьеб хIежалдаса гIарабиял тIад руссана жидеда Аллагьасул свалат-салам лъеяв расуласул амруги лъан ва гьесул бицен тIобитIана киналго гIарабиязул улкабазда.

## سبل شتى لمواجهة الدعوة

### дагIваталда данде чIеялъул батIи-батIиял нухал

Гьеб соналъул хIежалъул заман лъугьидалго ва къурайшиялги жидер рукъзабахъ русун гIодоре риччан хIалхьедал, гьезда лъикI бихьана гьаб Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулас диналда халкъ ахIиялъе дару гьабизе. *ай гьеб хвезабизе.* Гьел ургъана, цоцаде мушавараги гьабуна, цинги гьез чанго батIияб нух тIаса бищана гьаб дагIваталда данде чIезе ва гьеб ракьалдасаго тIагIинабизе. Нилъеца, иншаааллагь хадуб бачIунеб жоялъулъ къокъабго хIалалъ гьел нухал рицина.

## الأول : مواصلة السخرية والاستهزاء وإلا كثار منها

**ТӀоцебесеб нух: хирияв авараг нахъасан къотӀинчӀого махсароде ва гӀодорегӀан гьави ва гьеб жеги гӀемер гьаби**

ТӀоцебесеб нух буго нахъасан къотӀичӀого гьев гӀодовегӀан ва махсароде гьави ва гьеб гӀемер гьабиги.

Гьелдаса мурадги букӀана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьги бусурбабиги кумек гьечӀого хутӀин, гьезул рухӀияб къуват дагьлъи. Къурайшияз расуласда гьересияб гӀайб гӀунтӀизабулеб букӀана гьев жиндие сихӀру гьабурав чи вугин, жундуца ккурав шагӀир вугин, жиндихъе щайтӀаби рачӀунев кагьин вугин, жинца гьереси бицунев сахӀир вугин, загӀипав харбихъан вугин абун. Ва цогиги гьезда релълъарал бугьтанал лъолел рукӀана, рогьобалги ралел рукӀана. Жидеда авараг вачӀунев, яги унев вихьараб мехалъ гьел аварагасда ццим бахъараб бералдалъун ралагьулаан, Аллагьас абулеб бугеб хӀалалъ:

**Жидеда Къуръан рагӀараб мехалъ мушрикал гӀагарлъулел руго жидер бераз мун гӀодове реххизе, ва жидецаги абулеб буго гьав чи жундуца ккурав вугоян абун.** Сурату аль–Къалами, 5 аят

Авараг вихьидал гьев берзукълъун вихьун жидеца абулаан:

«**Гьавищха вугев дов нужер алагьзаби (квешаб жоялдалъун) рехсолев чи**» - абун. ЗагӀипал асхӀабзаби рихьидал жидеца абулаан гьале нужехъе дунялалъул ханзаби рачӀунел ругоян абун. «**Гьалищха ругел нижеда гьоркьосан Аллагьас жидеда цӀоб гьабурал гӀадамал**» - абун.

ТӀадегӀанав Аллагьас гьезул бицун абулеб буго:

**Дунялалда ругеб мехалъ куфру-ширкалда ругел гӀадамал муъминзабазда тӀад релъанхъулел рукӀана.**

**Гьел муъминзаби жидеда аскӀосан унеб мехалъ берал къинкӀун цоцазде ишара гьабун, гьел махсароде гьарулелги рукӀана.**

**Жидерго агьлу-хъизаназухъе гьел къосарал гӀадамал рохун, жидее кеп щун тӀад руссунелги рукӀана.** Муъминзабазда тӀад релъанхъун, гьезие къварилъи гьабиялдаса мушриказе кӀудияб лазат-кеп щолеб букӀана, жидер рукъзабахъе щвараб мехалъги гьеб жидер къабихӀаб гӀамал жидер агьлу-хъизаналда бицун, гьелдаса кеп щун релъанхъулел рукӀана.

**Жидеда муъминзаби рихьараб мехалъ гьез абулеб букIана: «БичасхIаги гьал гIадамал руго жал къосарал гIадамал!» - абун.** сура Аль-мутIафифина, 29-32 аятал.

Мушриказ цIакъ гIемер гьабуна аварагасул ракI бакъвалеб жо: махсароде гьавиги, тIад релъанхъиги, гьелъул асар аварагасулъ загьирлъинегIан. Аллагьас абулеб буго: **Дида хIакълъунго лъала мушриказ бицунеб жоялъ дур керен къварид гьабун букIин,** - абун. Цинги Аллагьас гьесие хIалхьей гьабуна ва гьесдаса къварилъи унеб жо бицана: **Дуца Аллагьасе рецц гьабун тасбихI гьабе ва мун сужда гьабулездасаги вукIа. Дуца дур БетIергьанасе гIибадатги гьабе дуда тIаде хвел бачIинегIан,** - абун.

Гьалдаги цебе Аллагьас гьесул ракI гьезабун абун букIана: **Дица дуе гIей гьабизе буго мун махсароде гьарулел гIадамазе:** (ай, гьезие гIазаб гьабизе буго) **жидеца Аллагьгун цадахъ цоги алагь гьавулел. Гьезда нахъа лъазе буго, -** *абун.*

Аллагьас жиндир аварагасда бицана гьезул гьаб къабихIаб пиша хадуб гьезие балагьлъун сверизе букIин: **ХIакълъунго дуда цере рукIарал русулалги махсароде гьарун рукIана. Гьезул къавмалдаса аварагзаби махсароде гьаруразе, гьез гьабураб жоялъул гIазаб хIакълъана,** - абун.

## <u>الثاني : الحيلولة بين الناس وبين الاستماع إلى النبي - ﷺ</u>

**кIиабилеб нух: гIадамаздаги аварагасдаги гьоркьор чIей, гьел аварагасде гIенеккичIого рукIине** (ай, гIадамал расулуллагьасда гIенеккизе тун гутIи)

Къурайшияз хIукму гьабуна жал гIадамазда гьоркьор хьвадизе ва Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь цо гIадамал Аллагьасул диналда ахIизеян хIадурун вихьараб мехалъ гьаракь-хъуй гьабизе ва гIадамал гIенеккиялдаса нахъчIвазе. Гьесие заманго течIого букIине жинца сунде ахIулеблъи баян гьабизе. Гьедин цоцадехун васиялги гьаруна. ТIадегIанав Аллагьас абуна:

**«Капурзабаз абуна: «Нуж гьаб Къуръаналда гIенеккуге ва нужеца гьелъулъ гIададисеб жо бице** (хъуй гьабе) **цинги нуж Аврагасдаса бергьинин хьул буго»** – абун.

Гьел гьеб ишалда цIакъ къвакIун тIадги чIана: Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасе гьезул жамагIаталда рагIизабун тIоцебе цIализе кIвараб жо буго суратул-жинны, гьебги авараглъи кьун хадуб щуабилеб соналъул Рамазан моцI букIана.

Жидеда хирияв аварагас какилъ Къуръан цIалулеб рагIидал: гьебги сардилъ как балеб мехалъ букIунаан, гьез Къуръаналда рогьо балеб букIана, гьеб жинца рещтIинабурасдеги, жидехъе гьеб босун вачIарасдеги рогьо балеб букIана. Цинги ТIадегIанав Аллагьас аят рещтIана:

**Дуца какилъ Къуръан цIали цIакъго рагIинабуге, гIемерго рагIулаледухъ бальгоги цIалуге: гьеб кIиялдаго гьоркьоб бакI балагье Къуръан цIалиялъе,** абун. сура Исраъ, II0 аят.

Ан-назар бину аль-ХIарис ана ХIираталда ва Шамалда. Гьес гIадамаз рицунел гьезул къавмалъул ханзабазул ва церехъабузул къиссаби лъазаруна: Рустум ва Испиндиярил къиссабазда релълъарал. Цинги тIад вуссун вачIиндалго гьес гIадамал годекIабахъе ва цогидал бакIазда данде руссинарун гьезие гьел къиссаби рицунел рукIана ва гьелдалъун Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасде гIенеккиялдаса гIадамал руссинарулел рукIана. Цо мажлисалда авараг гIодов чIун вугин рагIарабго аль-ХIарис гьенив унаан ва авараг нахъе индал жиндир къиссаби рицунаан. хадуб гьес абулеб букIана: «Дидаса МухIаммад сундалъун лъикIав вугев хабар бицине» - ян абун.

Гьев аль-ХIарисица цоги гали цебе тIамуна: жинца цо кечI ахIулей гъарабаш йичун йосана. Цинги жинда рагIидал цо чиясе ислам босине бокьун букIин, гьевги вачун жив дой гъарабашалъухъе унаан ва гьелда абулаан: «Дуца гьав кваназаве, гьекъезеги гьаве, гьасие кечIги ахIе. Гьеб жо дуе лъикI буго МухIаммадица мун жинда ахIулеб жоялдаса» - абун. Гьелъул хIакъалъ ТIадегIанав Аллагьас аят рещтIинабуна:

**Мушриказдаса цо гIадамал руго жидеца дунялалъул махсаро-кеп бичун босулел, гьелдалъун Аллагьасул ﷺ диналдаса гIадамал къосинаризе ва жидеца гьабулеб гIамал ритIухъ гьабизе щибго хIужа-далилги гьечIел. Жидеца Къуръаналъул аяталги махсароде гьарулел,**

**гьезда тIад релъанхъулел. Гьел гIадамал руго жидее ахираталда цIакъ гIодорегIан гьарулеб гIазаб букIине бугел.**
Сурату Лукъман, 6 аят.

## الثالث : إثارة الشبهات و تكشيف الدعايات الكاذبة

### Лъабабилеб нух буго жидеца гьересиял ва гIадамал шакдаризарулел харбал тIиритIизари

Гьаб нух гьез цIакъ гIемер хIалтIизабуна ва гьелъулъ батIи-батIиял къагIидабиги гьаруна. Цин-цин жидеца Къуръаналъул хIакъалъулъ абулеб букIана гьеб Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасе сардилъ макьилъ бихьараб жо бугин, жинца гIадамазе къад цIалулеб ва бицунеб абун. Цин-цин абулаан гьеб аварагасда цо чияс малълъунеб жо бугин, Аллагьасул калам гьечIин абун. Цоги гьез абуна Къуръан аварагас ургъараб, цогидаз гьесие кумкги гьабураб гьереси бугин абун. Цоги абуна гьеб Къуръан цересел къавмазул гьересиял харбал ругин, жиб гьел къавмаздаса хъвараб ва радалги бакъанидаги аварагасе цIалулеб абун.

Цо-цо мехалъ гьез абуна: Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасе Къуръан босун рачIунел щайтIаби ругин, балъго жо бицунелин рукIунел кагьанатазухъе рачIунел гIадин абун. Гьезул рагIи нахъе чIван ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**Дица нужеда бицинищ щIайтIаби лъида рещтIунеблъи? Гьел рещтIуна жив мунагьазул цIурав гьерсихъанасухъе. Жинца къабихIаб жо бицунев, жив чороклъиялъ хъубги гьагьурав, - абун.** Нужеда лъалаха дун гьерсихъан гьечIевлъи ва дица фасикъаб жо гьабунги бихьичIо, нужеца кинха абулеб хирияб Къуръан щайтIаналъ рещтIинабулеб жо бугин абун.
Суратуш-ШугIараи, 22I-222 аятал.

Цо-цо мехалъ гьез Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасул хIакъалъулъ абуна гьесда жундузул рахъалъан зарал ккун бугин: гьесда батIи-батIияб жо ракIалде рехулеб бугин цинги жинца гьеб берцинаб, пасихIаб мацIалъ гIадамазе бицунеб бугин, щагIирзабаз гьедин гьабулеб гIадин. гьев щигIручи

вугин ва гьес цIалулеб Къуръанги щигIру бугин абун. Гьезул рагIи нахъчIван ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**ЩагIирзабада нахърилъуна къосарал** *(ахIмакъал)* **гIадамал. Нужеда бихьуларищ (***лъаларищ)* **гьез щигIру гьабулаянги абун бокьанщинаб жо бицунеблъи. Ва гьез жидецаго гьабулареб жо абулеблъиги.** Суратуш-ШугIараи, 224-226 аятал.

Гьаб лъабго сифат буго щагIирзабазулъ букIунеб, гьелъул цонигияб нужеда аварагасулъ батуларо: Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасда нахърилълъарал гIадамал Аллагьасдаса хIинкъулел, битIараб нухда ругел руго. Жидер диналъулъ, тIабигIатазулъ, гьабулеб ишалъулъ ва гIадамазулгун гьоркьоблъиялъулъ лъикIал чагIиги руго. Нужеда гьезул цониги ишалъулъ ахIмакълъиги бихьуларо. ЩагIирзабазда релълъун Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагас бокьанщинаб жоги бицунаро: гьес цо БетIергьанасде, цо диналде, цо битIараб нухалде ахIула. Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагас жинца гьабулеб жо гурони бицунаро ва жинцаго бицунеб жо гурони гьабуларо. КигIан кIудияб батIалъиха бугеб гьесдаги, гьес бицунеб жоялдаги ва щагIирзабадаги гьезул щигIруялдаги гьоркьоб?

## الرابع : النقاش والجدال

### Ункъабилеб нух буго дагIба-къец гьаби

Лъабго жоялъул хIукму букIана мушриказе цIакъ батIияб жолъун бихьараб ва бусурбабаздаги гьездаги гьоркьоб бугеб динияб дагIбаялъе аслулъунги бугеб. Гьебги Аллагь цо гьави буго, рисалатги буго, хун хадур тIаде рахъинаригиги буго. Мушрикал гьаб лъабго жоялъулъ къацандулел рукIана ва гьезда сверухъ дагIбадулелги рукIана.

Хун хадур тIаде рахъинари абураб жо мушриказ гIажаиблъи гьабулеб, гьел жинда божулареб ва гьезул гIакълуялъ рикIкIад гьабулеб жо букIана. Жидеца абулеб букIана:

**Ниж хвезеги хун турарал рукьби ва ракьлъун лъугьиндалго тIадейищ рахъинарулел. Ва нижер цересел умумулгийщ тIаде**

**рахъинарулел? - абун. Гьеб жинда божизе захIматаб тIаде рахъин буго -** янги абулаан. (сура Ас-сафати, I6-I7 аят)

Цоги гьез абулаан:

**Нижеца нуж рачинищ нуж хун, тIутIун рукIун хадурги цIидаса рижулин абун жинца абулев чиясухъе. Гьев чияс Аллагьасде гIунтIизабун гьереси бисунеб батизе ккола, яги гьев жундуца ккурав ватилин, -** абун. (сура Сабаъ, 7-8 аят)

Цо мушрикас абуна: (шигIру буго гьаб) хвелги, тIаде рахъинги, гIарасаталда ракIариги - гьаб гьересияб хабар буго я УмугIамрин абун.

Гьел мушриказе Аллагьас батIи-батIияб хIалалъ жаваб кьуна. Гьел жавабазул хIасил буго: Нужеда бихьулеб буго дунялалда вукIадго цо зулмучи холев вуго жинца гьабураб зулмуялъе жазаъ гьабичIого, жиндие зулму гьабуравги холев вуго жинца зулму гьабурасдаса жиндир хIакъ босичIого. ЛъикIав чиги холев вуго жиндир лъикIлъиялда данде ажру щвечIого, квешав чиги холев вуго жиндир квешлъиялда данде гIакъуба гьабичIого. Хун хадуб гIадамал тIаде рахъинарулеб къо букIинчIебани: жинца зулму гьабурасдаса жиндие зулму гьабурасул хIакъ босунеб, лъикIав чиясе лъикIлъиялда данде ажруги гьабулеб, квешав чиясул квешлъиялде данде гIакъубаги гьабулеб, - гьаб кIиябго къокъа цоцада бащад букIинаан ва гьезда гьоркьоб щибго батIалъиги букIинароан.

Жегиги залимав чиги квешав чиги бахьи бугевлъун вукIунев вуго жиндие зулму гьабурасдаса ва лъикIав чиясдасаги. Гьаб иш гIакълуялъго къабул гьабулеб гьечIо, гьаб битIараб гIадлуги гьечIо, ТIадегIанав Аллагьас гьаб зулмуялда ва пасалъиялда жиндир низам гIуцIилин абун ракIалдаго кколеб жо гьечIо. ТIадегIанав Аллагьас абуна:

**Дица бусурбаби гьарилищха квешал чагIазда релълъун. Нужее бугеб жого щиб ва кин нужеца хIукму гьабулеб?**

(Сура аль-Къалами, 35-36 аят).

Цоги Аллагьас абуна:

**Жидеца квешлъаби гьарулел гIадамазда ракIалдайщ кколеб дица гьел жидеца иманги лъун лъикIаб гIамал гьабуразда релълъун гьарилин абун: гьезул чIаголъиги хвелги цогояб букIилин абунги. Гьез гьабулеб хIукму цIакъ квешаб буго.** (сура Аль-жасият, 2I аят).

Мушриказул гІакълуялъ тІаде рахъинари рикІкІадаб *(жиб букІунареб)* жолъун гьабиялъе жаваб гьабун ТІадегІанав Аллагьас абуна:

**Нужищ ругел рижине захІматал яги зобалищ ругел? -** абун.

Цоги абуна:

**Жидеда бихьуларищ ва лъаларищ жинца зобалги ракьалги рижарав Аллагь, гьел рижизе жиндиеги захІмалъичІев, хварал чагІи чІаго гьаризе жиндир хІал кІолев вукІин. БитІараб буго: гьев Аллагь жиндир кинабго жоялде хІал кІолев вуго.**

(Сура Аль-ахІкъаф, 33 аят)

Цоги абуна: **нужеда лъана гурищ нуж (**щибго гьечІеб бакІалдаса) **авалалда рижараблъи: нужеца гьелъул пикру гьабулеб ани.**

Цоги абуна: **Дица тІоцере рижин байбихьараб гІадин гьеб** (рижин) **цІидасан гьабула. Дида тІад бугеб къотІи буго гьеб, Дун гьеб** (къотІи тІубазе) **гьабулевги вуго.**

Аллагьас гьезие лъалеб жоялдалъун мисал бачана: цин гьабураб жо кІиабизе гьабизе бигьаяб букІиналъул ва жинца абуна:

**ТІоцебесеб рижин гьабизе кІвечІого хутІинчІо гурищ дун. ЦІидасан рижулаян абураб жо жидеда лъаларого** (бичІчІуларого) **руго гьел.**

## وأما رسالة النبي – ﷺ

**Аварагасул рисалат абуни…**

Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасе бугеб рисалат абуни, мушриказул гьелда сверухъ гІемерал шаклъаби рукІана, гьезда лъалеб букІигун цадахъ ва гьел мукІурал рукІигун цадахъги Аллагьасул свалат-салам лъеяв авараг ритІухъав вукІин, гьев жинда божилъи бугев вукІин ва цІакъ лъикІав, Аллагьасдаса хІинкъулев вукІинги. Гьелъие гІилла буго мушриказул рекІелчІей букІин авараглъи ва рисалат тІадегІанаб макъам бугин, гьеб авараглъи ва рисалат инсанасе букІунарин ва гьеб бугев чи инсан вукІунарин абун. *ай гьев малаик вукІуна яги цоги батІияв чи вукІуна абураб магІна.*

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас жив авараг вукIин ва жиндихъ рисалат букIин загьир гьабидал ва гьелда иман лъеялдеги ахIидал мушрикал хIайранлъана ва гIажаиблъана. Гьез абуна:

**Гьав щив расул вукIунев жинца тIагIамги кваналев къватIахъеги хьвадулев, -** абун.

ТIадегIанав Аллагьас абуна: **Гьел гIажаиблъана жидедаго гьоркьосан хIинкъи кьолев чи вачIиндал ва капуразги абуна гьаб гIажаибаб жо бугоян** абун.

цоги мушриказ абуна: **Аллагьас инсанасда щибго жо рещтIинабичIоян** абун.

Аллагьас мушриказул гьаб гIакъида *(рекIелчIей)* батIулаблъун гьабуна ва гьезул рагIи хвезабун жинца абуна:

**Дуца гьезда абе МухIаммад, щив чи вугев Муса жиндалъун вачIараб тIехь рещтIинабурав: гIадамазе нурлъун ва тIоритIеллъун жиб бугеб:**

Гьезие цересел аварагзабазул ва русулазул къиссаби рицараб, гьездаги гьезул къавмалда гьоркьоб ккараб жоги бицараб. Гьезул къавамаз рисалаталда инкар ккун: «нуж нижго гIадал гIадамал гуро гьечIо» - ян абиги бицараб. Гьезие жаваб гьабун русулазги абураб: «Ниж нужго гIадал гIадамал гурони гьечIо, кинниги Аллагьас жиндир лагъзадеридаса жиндие бокьарав чиясда цIоб гьабула ва авараглъи кьола» - ян абун.

Аварагзаби ва русулал киналго гIадамал рукIана. Расуллъун малаик вукIин гьеб рисалаталъул мурад тIубаялъе маслахIатияб гьечIо: инсанасда кIоларо малаикасда нахъвилълъине ва гьабго шубгьа хутIула *(гIадамазда малаикищ витIуневан абизе рес букIуна).* ТIадегIанав Аллагьас абуна:

**Дица расуллъун малаик гьавун вукIаравани гьевги цо чилъун гьавилаан ва гьезда нужеца ретIулеб ретIелги ретIилаан** – абун.

Мушрикал мукIурал рукIиндал Аллагьасул салам лъеял Ибрагьим, ИсмагIил, Муса русулал рукIиналда ва гьел гIадамал рукIиналдаги, гьезие санагIат букIинчIо гьаб шубгьаялда тIад чIезе ва гьез цоги шубгьа ургъана ва жидеца абуна: Аллагьасе рисалат тIад къазе гьав мискинав ятим гурев ватичIищ? Аллагьасда рекъараб гьечIо къурайшазул къадру кIудиял ва

хиралъи бугелги жалго тун гьав расуллъун гьавизе абун. Гьез абуна:

**Гьаб Къуръан рещтIинабун букIарабани кIиго кIудияб росдал къадру кIудияв чиясда** абун. ай Маккаялъул ва ТIаифалъул къадру бугев чиясда. Гьезие жаваб гьабун Аллагьас абуна:

**Гьелищ ругел МухIаммад, дур БетIергьанасул рахIмат жидеца бикьулел гIадамал,** - абун.

Ай, вахIюги, Къуръанги, авараглъиги, рисалатги Аллагьасул рахIматалдаса руго, гьесда лъала кин жиндир рахIмат бикьилеблъиги, лъие гьеб кьелеб ва кибе лъелебги, щив гьеб кьечIого телевги. ТIадегIанав Аллагьас абуна;

**Аллагьасда лъала жиндир рисалат кибе гьабулеблъи,** – абун.

Гьелда хадур жал цогиги шубгьаялде ана ва гьез абуна: дунялалъул ханзабазул цоясе рисалат бугони гьесда кIола гьеб лъикI тIубазе: гьесул боцIи-мал гIемер букIуна, хъулухъчагIи ва боял рукIуна. Гьев жив цIунулел чагIигун, гьудулзабигун хиралъи кIодолъиялда хьвадула. Гьав МухIаммадие щиб бугеб жив расул вугин абизе, жиндие кваназе жо цIехон базар къотIнов хьвадулев чиясеян абун. Гьез абуна:

**Гьав расуласул хIал щиб бугеб жив базаралда хьвадулев ва гIадамалгун цадахъ тIагIам кваналевлъунги вугев** гьадинав чийищ авараг вукIунев, я малаиклъун гьечIев жиндие квен лъим хIажалъуларев, яги ханлъунги гьечIев жив рукъов гIодов чIун вукIунев ва жиндир хIажатазулъ цоги гIадамал хьвадулев. Гьаб буго мушриказ авараг махсароде гьавун бицунеб хабар. Цогиги мушриказ абулеб буго: **Аллагьас ﷺ гьев ритIухъав авараг вугин нугIлъи гьабизе ва жив гьевгун цадахъ авараглъун вукIине малаик рештIинавун вукIаравани.**

**Яги гьесие зодисан гIодобе хазина рештIинабун букIарабани, гьев базаралда ине ккечIого вукIине ва бечедавлъун вукIине. Яги гьесие бечедаб ах букIарабани жинца гьениса батIи-батIияб тIагIам ва пихъ кваналеб» - абун. Аварагасда ﷺ иман лъурал гIадамазда, купру-ширкалдалъун жидеца напсазе зулму гьабулеб къавмалъ абуна: «Нуж нахърилълъарав чи гьечIо жундуца ккурав, жиндие сихIру гьабун гIадаллъизавурав чи гурони» - абун.** сура Аль-фуркъан, 7-8 аят.

ХIакълъунго лъалеб жо буго Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь кинабго халкъалде витIарав вукIин: гьезул гьитIиназдеги кIудияздеги, загIипаздеги къуватаздеги,

церехъабаздеги гьезда хадур ругездеги, лагъзаздеги хIурияздеги. Дол мушриказ абухъе, аварагасе ханлъиги хиралъиги бечелъиги букIарабани гьесдаса мунфагIат босулароан мискинал, загIипал, гьитIинал гIадамаз. Халкъалъул гIемериселги гьел руго. Цинги расул витIиялдаса бугеб мурад ва маслахIат гIададе хвелаан ва гьелдаса жиб бицинегIадаб пайдаги букIинароан. гьедин бугелъул мушриказул тIалабалъе жаваб гьабуна гьав МухIаммад, Аллагьасул свалат-салам лъеяв, расул вуго абун. ай нужее гIезе буго гьев расул вукIин ва гьесие нужеца абулеб ханлъиги бечелъиги ва цогидабги хIажат гьечIо. Гьелъ киналго гIадамазухъе рисалат щвезабиялъе квал-квал гьабула: жидехъе рисалат щвезе мурадлъун ругелги киналго гIадамал руго.

Жидер гьаб шубгьаялъеги жаваб кьедал мушриказ дагIба-къецалъулъ цоги гали цебе тIамуна ва гьез тIалаб гьабуна мугIжизатал рихьизареян: гьебги гьесда инкар ккун ва гьев гIажизлъизе бокьун абулеб букIана. Цинги гьездаги Аллагьасул расуласдаги гьоркьоб цIидасан къацанди ва бахIс гьаби байбихьана. Иншааллагь, нилъеца гьелъул дагьабго жо бицина.

## أما قضية التوحيد فكانت رأس القضايا وأصل الخلاف

### Аллагь цо гьавиялъул хIукму

Аллагь цо гьавиялъул хIукму букIана гьезда гьоркьоб бугеб бахIсалъул бищунго кIвар бугебги ва хилапалъул аслуги. Мушрикал мукIурлъулел рукIана ТIадегIанав Аллагь цо вукIиналда жиндир заталъулъ, сипатазулъ ва пишабазулъги. Гьел мукIурал рукIана ТIадегIанав Аллагь жинца зобал-ракьалги, гьезда гьоркьоб бугеб жоги бижарав аль-Халикъ вукIиналъе. Гьев кинабго *(гьеб гуреб цогидабги)* жо жинца бижарав вукIиналъеги.

Гьев аль-Малик, хан вукIиналдаги зобал-ракьазулги, гьезда гьоркьоб бугеб жоялъулги ва цогидаб кинабго жоялъул ханлъи жинда кодоб бугев.

Гьев Аллагь ар-Разикъ, жинца ризкъи кьолев вукIиналдаги, зобал-ракьаздаги, гьезда гьоркьоб бугеб жоялъеги ва цогидаб кинабго жоялъеги жинца ризкъи кьолев.

Гьев Аллагь аь-Мудир жинца тадбир гьабулув, хьвадизабулев вукIиналдаги, Жинца зобалаздаса амру ракьалде рещтIинабулев, жинца гьитIинабги кIудиябги кинабго жоялъул, хIатта бищунго гьитIинаб зараялъул ва цIунцIраялъул амру хьвадизабулев вукIиналдаги.

Гьединго мушрикал мукIурал рукIана ТIадегIанав Аллагь зобал-ракьазулги, гьезда гьоркьоб бугеб жоялъулги, Аллагьас бижараб жоялъул бищунго кIудияб гIаршалъулги ва цогидаб кинабго жоялъулги БетIергьан вукIиналдаги: жинца бакъ-моцIги, зодир цIвабиги, мугIрул-щобалги, гъветI-херги, хIайваналги, малаикзаби, гIадамал ва жиналги квегъарав. Кинабго жо гьев Аллагьасе мутIигIаб ва хIелараб букIиналда: Аллагьас жиндие бокьарав чи бокьарав чиясул зулмуялдаса цIунула, Аллагьасдаса *(гьесул хIукмуялдаса)* лъицаго щивго цIунуларо. Жинца чIаго гьарулев ва хвезарулевги вуго, Жиндие бокьараб жо гьабулев ва Жиндие бокьухъин хIукму гьабулевги вуго: Гьесул хIукму хисизабулев чи гьечIо ва Гьесул цIоб-рахIму нахъе чIвазе кIолев чиги гьечIо.

Гьел мушрикал гьадин баянго ТIадегIанав Аллагь жиндир заталъулъ, сифатазулъ ва пишабазулъ цо вукIиналда мукIурлъун хадуб гьез абулеб букIана ТIадегIанав Аллагьас жинда гIагар гьарурал лагъзадерие: аварагзабазе, русулазе, авлияазе ва лъикIал гIадамазе ихтияр кьун бугин дунялалъул цо-цо жоялъулъ тасаруф (хис-бас) гьабизе: гьез Аллагьасул изнуялдалъун цо-цо жоялъулъ, масала: - лъимер кьей гIадаб, къварилъи борхи, мурадал тIурай, унтарал сах гьари гIадаб жоялъулъ хис-бас гьабулин. Аллагьас гьезие гьеб гьунар кьун бугин гьел Аллагьас гIагар гьарурал, гьесда аскIоб жидер къадру бугел рукIиналъе гIоло. Гьединлъидал жидеда балъгояб жо лъаялъул нухалдалъун гьез гIадамазул цо-цо хIажатал тIубалин, гьездаса цо-цо къварилъи-балагьги борхулин, гьез

жидее бокьарал Аллагьасда гIагар гьарулин ва гьезие шафагIатги гьабулин абун.

Гьаб жидер гIакъидаялда рекъон мушриказ аварагзабиги авлияалги свалихIиналги гьаруна жидедаги Аллагьасдаги гьоркьоб бугеб жоялде нухлъун *(василалъун)*, цинги гьез цо пишабиги ургъана гьездалъун жидеца дол аварагзаби, авлияал, свалихIинал рази гьарулел ва гьезда жалги гIагарлъулел. Жидеца гьеб гIамал гьабулаан цинги дозие хIелулел, зигардулел рукIана, дозда жидер хIажат тIубаян гьарулеб букIана. ЗахIмалъи ккараб мехалъ гьезда ахIи балеб букIана, хIинкъараб бакIалда ккедал гьезда жал цIуниги гьарулеб букIана.

Мушриказ жал аварагзабазда ва авлияазда гIагарлъизеян ургъарал гIамалал абуни: мушриказ гьал аварагзабазе ва авлияазе цо хассал бакIал гьаруна, гьенир рукъзалги рана гьел рукъзабахъ дозул *(цIулал, ганчIил)* рикIун гьарурал чурхдул *(статуял)* лъуна: дозда релълъарал яги жидецаго ургъарал. Цо-цо мехалъ лъикIал чагIазул хобалги ралагьун гьезда тIад рукъзал рана, гьезул рикIун  статуял гьаричIого. Цинги жал гьел статуял ругеб бакIалда ва хобалда тIад бараб рукъалде рачIунел рукIана, гьезда кверал рахъун гьездаса баракатги тIалаб гьабулеб букIана, гьезда сверухъ тIавапги гьабулеб букIана, гьел кIодо гьарун эхетунги чIолел рукIана. Гьезе назру гьабун, къурбан хъун гьезде гIагарлъи тIалаб гьабулеб букIана ва гьезул цIобалда хьул лъей гьабулеб букIана.

Аллагьас жидее кьураб ризкъи: хурисан бачIараб букIа, боцIи букIа, тIагIам ва гIарац месед букIа, - гьезие назру гьабулеб букIана. ТIагIам, гIарац-месед, цогидаб боцIи гьеб хобалъе ва статуялъе хъулухъ гьабун гьенир чIаразухъе кьолаан. ХIайванал ва гIи-боцIиян абуни: цояз гьел доб статуялъул яги хобалъул бетIергьанасул цIарги лъун гьелъул асирлъун гьабулаан: - жиндие щибго къварилъи гьабичIого толаан, жиндие бокьаралъуб ун квалеб гьекъолеб толаан. Гьелдалъун авлияазде ва свалихIиназде гIагарлъи тIалаб гьабулеб букIана ва гьезул цIобалда хьул лъейги гьабулеб букIана. Цогидаз гьеб гIи-боцIи ва хIайванал дол статуял ва хобал ругеб бакIалда

хъолеб букIана, яги цоги бокьараб бакIалда хъолаан, ТIадегIанав Аллагьасул цIар рехсейги жибго тун, гьелъул бакIалда гьезул цIарги рехсон.

Цогиги мушриказ гьабулеб гIамалалдаса букIана: жидеца лъагIалида жаниб цо яги кIиго нухалъ дол авлияазул ва свалихIиназул хобал яги статуял ругеб бакIалде ун гьениб кIудияб данделъи гьаби. Цо хассал къояз гьенир данделъун жидеца дол цере рицарал кверал рахъиги баракат тIалаб гьабиги, назру ва къурбан хъвейги, тIавап гьабиги ва цогидабги гьабулеб букIана. Гьеб хIежалъул гIамалалда релълъун букIунаан, гьенир киналго гIахьаллъулел рукIана: гьитIиналги, кIудиялги, къадру бугелги, гьечIелги, рикIкIад ругелги гIагарда ругелги. Гьезул щивав цояс жинца назру гьабураб жо гьениб бачIунаан ва щивас жиндир хьул бугеб жоги тIалаб гьабулаан.

Гьаб кинабго жо мушриказ гьабулеб букIана дол авлияазда ва свалихIиназда гIагарлъи бокьун ва гьезул разилъи тIалаб гьабун. Жидеца гьел Аллагьасдаги жидедаги гьоркьор ругел васитIалъун гьаризе ва гьелги гьоркьор ккун Аллагьасде нух бачине. Гьезул рекIел чIей букIана гьез жал Аллагьасде цIакъ гIагар гьарилин, ва жидее шапагIатги гьабилин абун. Гьелдалъун авлияазда ва свалихIиназда гIагарлъи тIалаб гьабулеб букIана ва гьезул цIобалда хьул лъейги гьабулеб букIана.

Цинги жал гьел авлияазда ва свалихIиназда ахIулел рукIана жидер хIажат тIубай гьарун ва жидедаса къварилъи борхиги тIалаб гьабун. Мушриказул рекIел чIей букIана дол авлияазе ва свалихIиназе жидер ахIи рагIулин ва доз жавабги гьабулин абун, гьез хIажатги тIубалин, къварилъиги борхилин абун: жидерго нафсаздалъун, яги Аллагьасда аскIоб шафагIат гьабун.

Гьаб кинабго жо букIана гьез Аллагьасде ширк гьаби, Аллагь гуресе гIибадат гьабиги, Аллагь гурел цоги алагьзаби гьариги, Аллагьасе гIахьалчагIи гьариги. Гьал авлиял ва свалихIинал ва гьезда релълъаралги рукIана мушриказул алагьал.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв авараг Аллагь цо гьавиялде халкъ ахIизе вахъиндал, гьес Аллагь тун нахъидаб гьез алагьзабилъун ккураб жоги реххун тедал, мушриказе гьеб цIакъ рихана, жидеца гьеб кIудияб ишлъунги рикIкIана, гьелда инкарги ккуна. Мушриказ абуна: «Гьаб жо хIилла буго, бицулеб жо гуреб цоги жо мурадлъун бугеб» - абун. Гьез абуна:

**«Гьав МухIаммадица нижер алагьзаби цохIо Аллагьлъунищ гьарулел ругел? Валлагьи, гьеб цIакъ гIажаибаб жо буго»** - абун. Дунял-ахираталъул бахьи буголъи жидее щолеб Аллагь цо гьавиялде ва гьесие гIибадат бацIцIад гьабиялде ахIараб мехалъ, хъанчазе лагълъи гьабун ругьунал, жидер ракIазда жаниб гьел рокьи лъугьарал мушриказда гьеб цIакъ гIажаибаб жолъун бихьана.

**Къурайшиязул церехъеби аварагасда аскIоса нахъе ана ва гьез цоцаздаги абулеб букIана: «Нужеца сабру гьабе нужерго алагьзабазе лагълъи гьабиялда. Нуж мутIигIлъуге гьев МухIаммадие, гьес цо Аллагьасе лагълъи гьабе абулеб рагIиялъулъ.** Гьаб иш буго МухIаммадица жиндиего кIодолъи ва ханлъи бокьун ургъараб жо. **Нижеда гьаб Аллагь ﷻ цо гьави абураб дин рагIинчIо гьаб ахираб диналда жаниб. Гьаб буго гьев МухIаммадица ﷺ ургъун бахъараб дин, - абун.** Сура Свад, 5-7 аятал.

Цинги Аллагь цо гьавиялде ахIи цебехун индал, мушриказги жидер ширк цIунун рагъ базе хIукму гьабидал, - бусурбабигун къецандун, гьезулгун дагIба ва бахIс гьабун, гьелдалъун Аллагьасул диналде ахIи нахъчIвазе ва бусурбабазе гьелъ асарги гьабичIого букIине, - гьел мушриказе чанго батIияб хIужа-далил бачана ва гьезда абуна:

= Нужеда киссан лъараб ТIадегIанав Аллагьас жинда гIагар гьарурал лагъзадерие жиндир халкъалъулъ *(жинца бижараб жоялъулъ)* хис-бас гьабизе ихтияр кьураблъи ва гьезда кIолеблъи нужер хIажатал тIуразе ва нужедаса къварилъи борхине? Нуж Аллагьасул балъголъиялдайищ раккарал, яги нужеда гьеб аварагасдаса ва гIалимзабадаса нужехъе щвараб тIехьалда хъванищ батараб, - абун.

ТIадегIанав Аллагьас абуна:

**Гьезда аскIоб балъгояб жо лъайищ бугеб, жидеца гьеб хъвалеб абун.**

Цоги Аллагьас абуна: Нуж **дихъе рачIа гьаб дица цIалулеб Къуръаналдаса цебе рещтIараб тIехь босун, яги гIалимзабазул асарниги босун, нуж ритIухъал ратании,** - абун.

Цоги Аллагьас абуна: **Дуца гьезда абе МухIаммад: нужеда аскIоб гIелмуйщ бугеб нижее жиб загьир гьабулеб.** гьечIо гьединаб гIелму. **Нуж гьечIо нужерго пикруялда нахърилълъарал ва нужеца гьереси бицунел гурони,** - абун.

ТIабигIияб жоялдаса букIана мушрикал мукIурлъи жал балъгояб жоялда раккичIин ва жидеда гьеб жо аварагзабазул тIехьалда батичIин ва гIалимзабадасаги босичIин абун. Гьединлъидал мушриказ абуна:

**Ниж нахърилълъун руго нижеда умумуз гьабулеб батараб жоялда,** - абун.

Цоги гьез абуна: **нижеда умумул гьаб диналда ратана, нижги гьезул лъакIда нахъ рилълъарал руго,** - абун.

Гьаб жавабалдаса загьирлъана гьезул гIажизлъи ва жагьиллъи. Цинги гьезда абуна: ТIадегIанав Аллагь жинда лъалев вуго, нужги щибго лъаларел руго, гьединлъидал нуж гIенекке Аллагьас нужеца гьесдехун гIахьал гьарулел *(шарикаллъун гарулел)* жалаздасан абулеб жоялда. ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**Нужеца Аллагьги тун жидеда ахIи балел жал нужедаго релълъарал лагъзал руго,** - абун. Ай, гьезул хIал кIоларо Аллагь жинда хассаб жоялда, нужерги гьелда хIал кIолареб гIадин: нужги гьелги ращад руго гIажизлъиялъулъ ва хIалкIолъи гьечIолъиялъулъ. Мушрикал гIажиз гьарун Аллагьас абуна: **Гьедин батичIон ва нуж битIараб бицулелги ратани нужеца гьезда ахIи байха ва гьез нужее жавабги гьабеян** абе, - абун.

Цоги Аллагьас абуна: **нужеца Аллагьги тун жидеда ахIи балезул щибго жо гьабизе хIал кIоларо,** - абун. Ай, гагаялда тIад букIунеб хъал гIадаб жо гьабизецин гьезул хIал кIоларо. **Нужеца гьезда ахIани гьезда нужер ахIи рагIуларо, нагагь рагIаниги гьез нужее жаваб гьабуларо. Къиямасеб къоялъ гьез инкарги гьабула нужеца гьездехун ширк гьабиялъе. Дица гIадин лъикI цогидас дуе гьаб хабарги бицунаро** (я, МухIаммад).

Сурату ФатIир, I3-I4 аят.

Цоги Аллагьас абуна: **Аллагьги тун жидеда ахIи балез щибго жо бижуларо, гьелги Аллагьас рижарал руго. Гьел чIагоял гуро, хварал руго, гьезда лъаларо жал кидал тIаде рахъинарулеблъи,** - абун.

Цоги Аллагьас абуна: Жидеца **Аллагьасдехун гIахьалищ гьарулел жидеца щибго жо бижунарел, жалгоги Аллагьас рижарал жал?**

**Жидеда гьезие** (гьездехун ахIи балезе) **щибго жо гьабизе кIоларел, жидерго нафсазецин квербакъи гьабулеллъунги гьечIел, - абун.**

Цоги Аллагьас абуна: **Мушриказ Аллагьги тун гьев гурел цоги алагьзаби ккуна: жидеца щибго жо бижуларел, жалгоги Аллагьас рижарал. Жидерго нафсазе квешлъи яги зарал гьабизе ихтияр гьечIел, жидер чIаголъиялда, яги хвелалда, яги къиямасеб къоялъ тIаде рахъинариялда ихтияр гьечIел,** - абун.

Цинги гьал алагьзаби гIажизлъиялда ва гьезул мушриказ бицунеб жо гьабизе къудрат гьечIолъиялдаги тIаде жубана гьезде ахIи бай ва хьул лъей гIададисеб, щибго жиндилъ пайда гьечIеб жо букIин, гьелъие жидеца гIей гьабулел мисалалги рачана. Гьел мисалаздасан буго:

ТIадегIанав Аллагьас абуна: **Аллагьги тун мушриказ жидеда ахIи балез гьезие щибго жаваб гьабуларо:** Гьезул мисал буго: **Цо лъиналда квералги ритIун гьеб жиндир кIалдиб бачIине хьул лъун вугев чиясул мисал, гьеб лъин гьесул кIалдиб щоларо. Капурзабазул ахIибайги къосиналъулъ бугеб жо гурони гьечIо.**

Суратур-РагIди, I4 аят.

Цинги мущрикал ахIана цодагьабниги пикру гьабиялде: гьел мукIурал рукIиндалго ТIадегIанав Аллагь жинца кинабго бижунев вукIиналъе ва гьезул алагьзабаз щибго жоги бижинчIелъул, гьезда щибго жо бижинеги кIоларелъул, - гьелги Аллагьас рижарал ругеб хIалалъ, мушриказде абуна: нужеца кин бащалъи гьабулеб жинца кинабго жо бижунев, жиндир кинабго жоялде хIалги кIолев Аллагьасдаги жидер щибго жоялъе гьунар гьечIел, жал гIажизал нужер алагьзабаздаги гьоркьоб? Нужеца кин гьел бащад гьарулел жидее гIибадат гьабиялъулъ ва жидеда ахIи баялъулъ: нужеца Аллагьасе гIибадат гьабулеб буго, гьезиеги гIибадат гьабулеб буго. Нужеца Аллагьасде ахIи балеб буго, гьездеги ахIи балеб буго.

**Жинца жо бижунев Аллагь жинца щибго жо бижунаресда релълъунищха вукIунев? Нужеца гьелъул пикру кин гьабулареб?** – абун.

Жидее гьаб суал кьедалго мушрикал хIинкъана, гьезул хIужаги тIагIана, жал пашманлъун руцIцIунги чIана. Цингиги гьез батIулаб амруялде хурхине къасд гьабуна ва жидеца абуна: Нижер умумул рукIана гIадамазул бищунго гIакълу бугел, гьедин (гIакълу бугеллъун) гIадамазда гьоркьор жал машгьуралги рукIана, гьезул гIакълу тIокIаб букIиналда гIагарда ругелги рикIад ругелги мукIуралги рукIана. Гьел киналго гьаб диналда рукIана. Кинха бегьулеб гьаб дин къосин ва батIулаб жо букIине? Гьаб диналда гурищ рукIарал Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул умумул ва цогидал исламияб дин босаразул умумулги абун.

Мушриказул гьаб рагIиялъе жаваб кьуна гьел умумул рукIанин жал цогидазда нахърилълъарал, гьезда хIакъаб нухги лъачIин, гьеб нухда жалги лъугьинчIин. Гьелъ тIад гьабула дол умумулги къосарал рукIин, жидеда щибго жо бичIчIуларел ва битIараб нухде тIоритIунги кколарел. Мушриказде гьаб жо цо-цо мехалъ баянго, загьирго абуна, цо-цо мехалъ ишара гьабунги абуна, ТIадегIанав Аллагьасул рагIиялъулъ бугелда релъун:

**Гьезда жидер умумул къосараллъун ратана, гьелги дозулго лъакIда хадур рекерулел руго, -** абураб.

Гьаб букIана цо нух: дагIба-къец гьаби ва хIужа-далил бачин. Цоги нух букIана мушрикал Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь ва бусурбаби жидер алагьзабазул заралалдалъун хIинкъанаризе лъугьин. Гьез абуна: нужеца нижер алагьзабазе адаб хвараб жо гьабуна гьезул гIажизлъиги загьир гьабун, гьезул нужеда ццим бахъине буго ва нужги гьалаг гьаризе руго яги гIадал гьаризе ругоян абун. Гьаб рагIиги буго цересел умматаз жидер русулазда абураб рагIиялда релъун:

**Нижеца абулеб буго дуда нижер алагьзабазул цояз квешлъи щвезабун буго -** ян абун.

Гьезул гьаб рагIиги нахъчIвана мушриказда ракIалда щвезабун гьезда кидаго бихьунеб жо: гьезул алагьзаби рукIин цохIо бакIалда чIарал, гьенисан рагъаризе кIоларел ва жидеда щибго жо цебе гьабизе яги нахъе бахъине кIоларел, жидерго нафсаздасацин квешлъиги нахъчIвазе кIоларел. Гьезда кинха

кIолеб бусурбабазе зарал гьабизе ва гьел гьалаг гьаризе? ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**Гьел нужер аллагьзабазул хIатIалищ ругел гьездалъугн жал хьвадулел ва гьезул квералищ ругел, гьездалъун жидеца кьабулел, гьезул бералищ ругел жидедалъун канлъи бихьунел, яги гьезул гIундулищ ругел жидедалъун жо рагIунел.** ГьечIо гьезул цониги жо гьал рехсарал жалаздаса.

**Дуца гьезда абе МухIаммад: «АхIеха нужеца ширк гьабулел алагьзаби ва дие хIилла-макру гьабе, дие цо къварилъи гьабе! Ва нужеца гьаб амру нахъбахъун тоге!** Дун нужедаса хIинкъун гьечIо, дир мугъчIвай цохIогояв Аллагьасде буго. Сура аль-АгIраф, I95 аят:

Гьезие гьаб бакIалде рекъарал баянал мисалалги рачана. Гьел мисалаздаса буго ТIадегIанав Аллагьасул рагIи:

**Я гьал гIадамал! Нужее цо кици тIамулеб буго** мушриказ Аллагьги ﷻ тун жидее лагълъи гьабулел хъанчазул хIакъалъулъ, нуж гьелда гIенекке ва гьелъул пикру гьабе! **Жиндие лагълъи гьабизе тIадав Аллагьасеги ﷻ гьабичIого нужеца гIибадат гьабулеб хъанч буго жинда цохIо тIутIцин бижине кIолареб. Гьел хъанчал ва алагьзаби цадахъ лъугьун хIалтIаниги кIоларо гьезда гьедигIанго загIипаб тIутIцин бижине.** ГIакълу бугел гIадамаз гьединаб хъанчалъе лагълъи кин гьабулеб жал рижарав, жидее ризкъи кьолев Аллагьасе ﷻ гьабичIого!

**Нагагь гьеб тIутIалъ хъанчазда тIад бахараб нах ва махI гьуинаб жо босун ани, гьелъухъа гьеб бахъизеги хIал кIоларо гьел хъанчазул. ЦIакъ загIипаб, хIакъираб жо буго инсанас жиндие лагълъи гьабулеб хъанч. Гьединавго загIипав ва хIакъирав вуго гьеб хъанчие лагълъи гьабулев инсанги.** Жиндир гIакълу гьечIев вукIун, жинца гьабулеб жо щиб бугеб лъаларев вукIун. Сура аль-ХIажи, 73 аят.

Цоги мисал буго ТIадегIанав Аллагьасул рагIи:

**Жидеца Аллагьги тун жидее гIибадат гьабизе цоги вализаби кколел гIадамазул мисал буго жинца хьухьараб кун рукълъун ккураб нусиречалъул мисал. Бищунго загIипаб ва мунпагIат гьечIеб жо буго гьеб нусиречалъ хьухьараб кун ва гьеб рукъ.** Гьадинаб загIипаб, щибго мунпагIат гьечIеб жо буго мушриказ хъанчазе ва цогидаб жоялъе гьабулеб лагълъи. **Гьаб амру гьадин букIин лъалебани гьел мушриказ жидерго квераз гьарурал хъанчазе лагълъи гьабилароан.**

Сура аль-ГIанкабути, 4I аят.

Цо бусурманчияс гьел алагьзабазул гIажизлъи ва загIиплъи баян гьабун абуна: (шигIру буго гьаб)

*Жиндир бетIералда тIад цер кIущалеб бетIергьанищха бугеб (ай хъанч, статуя).*

*Жинда тIад цер кIущараб жо цIакъ гIодобегIанлъана -* абун.

Гъадинаб цоцазде данде чIеялда иш щведалго мушрикал цIакъго гъалаглъана. *(ццим бахъун гIакълу ун лъугьана)*. Гьез бусурбабазда рогьо бана ва жидерго БетIергьан Аллагьасдаги рогьо бана. Аллагьас бусурбаби нахъчIвана мушриказда релълъун жидеца рогьо баялдаса ва гьелъ жал Аллагьасда рогьо баялда рачиналдасаги, ва гьес абуна:

**Нужеца рогьо баге Аллагь гуресе гIибадат гьабулезда, цинги доз Аллагьасда рогьо базе: жидер гIелму гьечIого ва тушманлъи загьир гьабун, - абун.**

Мушриказин абуни хIукму гьабуна дагIваталда данде рагъ базе ва Аллагьасул нухалдаса хIал-зулму гьабун, къуват хIалтIизабун гIадамал нахъчIвазе. Гьезул щибаб тухумалъул кIудияв ва раислъун вугев вахъана жиндир тухумалдаса иман лъурал гIадамазе гIазаб гьабизе. гьезул цо къокъа АбутIалибехъеги ана гьесда Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Аллагьасул диналде ахIиялдаса нахъчIваян абизе.

## تعذيب المسلمين

### Бусурбабазе гIазаб гьаби

Мушриказ бусурбабазе гьабулеб букIараб гIазаб абуни, - гьеб бицунеб мехалъ чиясул тIом букIкIуна ва гьесул ракIги бихъун ине гIагарлъула.

Жинда Аллагь разилъаяв Билал бину РабахI вукIана жумхIиязул Умаят бину Халфил лагъ. Умаятица гьев габуниб кварги бан гIисинлъималазухъе кьолаан гьез махсароде гьавизе: Билалица ахIад, ахIад абулеб букIана. *(ай Аллагь цо вуго)*. Умаят бакъ боркьараб къалъул гIужалда Билалги вачун къватIиве вахъунаан ва гьев бухIараб салул ракьалда мугъалда гIодов реххулаан, цинги кIудияб гамачI босун гьеб гьесул каранда тIад лъеян амру гьабулаан. Цинги жинца абулеб букIана: «Мун гьадин вукIине вуго мун хвезегIан, яги МухIаммадида инкарги ккун лат ва гIуза абулел хъанчазе

лагълъи гъабизегIан» - абун. Билалица гьеб мехалъги ахIад, ахIад абулеб букIана.

Цо къоялъ гьеб бакIалда аскIосан унаго жинда Аллагь разилъаяв Абубакр асхIабасе Билалие гьабулеб гIазаб бихьана ва гьес вичун восун Аллагьасе гIоло Билал тархъана.

Жинда Аллагь разилъаяв ГIамру бину Фугьайрат асхIабасе гIазаб гьабулеб букIана жив гIакълуялдаса инегIан ва жинца бицунеб жо лъаларев лъугьинегIан.

Жинда Аллагь разилъаяв Абуфукайгьат, АфлахI жиндир цIар бугев аль-Азаразул чи бану ГIабдударазул лагъ вукIана. Жидеца гьев бищунго бухIи гIемераб къалъул гIужалъ хIатIазда махги бан къватIиве вачунаан, цинги тIаса ретIелги бахъун кIала гъоркье бухIараб салиялда рехулаан, мугъалда кIудияб гамачIги лъолаан гьесда вагъаризе кIолареб хIалалъ. Гьедин толев вукIана жив гIакълуялдаса инегIан. АфлахIие гьаб гIазаб гьабулеб букIана гьев гьижра гьабун ХIабаш улкаялда унеб кIиабилеб къокъагун инегIан.

Цо-цо мехалъ жидеца гьев хIатIалги рухьун вехъерхъун бухIараб салиялда тIад рехулаан. Цо нухалъ гьев гъанкъун вукIана жидеда гьев хванин ракIалда ккезегIан. Цо къоялъ гьеб бакIалда аскIосан унаго жинда Аллагь разилъаяв Абубакр асхIабасе АфлахIие гьабулеб гIазаб бихьидалго гьес вичун восун Аллагьасе гIоло АфлахI тархъана.

Жинда Аллагь разилъаяв Хабаб бину Арат вукIана жагьилияб мехалъго асир гьарураздаса. Гьев вичун восана ХузагIиязул СибагIил яс Умуайманица. Гьев вукIана маххул къебед. Гьев бусурманлъидал Умуайманица гьесие цIаялдалъун гIазаб гьабулеб букIана. Гьей бухIараб маххги босун ячIунаан ва гьесул мугъалда гьебги лъун МухIаммадида инкар кквеян абулаан. Ва амма Хабабил гьеб ишалъ жегиги иман ва Аллагьасе мутIигIлъи цIикIинабулеб букIана.

Жинда Аллагь разилъаяв Хабабие мушриказги гIазаб гьабулаан: гьесул габур кьурулаан, рас цIацIалаан. Чанго нухалъ гьев бухIараб цIаялда тIадеги рехун, каранда кIудияб гамачIги лъун толаан, жив тIаде вахъинчIого вукIине.

Жинда Аллагь разилъаяй Зунайрат румияй гъарабаш йикIана, жинца ислам босарай. Гьелъеги гIазаб гьабуна жий беццлъинегIан. Цинги гьелда абуна дуе зарал гьабунин лат ва гIуза абулел алагьзабаз. Гьелъ абуна: «Валлагьи гьез дие зарал гьабичIо, гьаб буго Аллагьасдасан бугеб, жиндие бокьани дидаса гьаб беццлъи гьес тIаса инабила» - абун. Радал тIаде яхъинелде Аллагьас гьелъул канлъи тIад буссинабун батана. Къурайшияз абуна гьабги МухIаммадил цо сихIру бугоян абун.

Жинда Аллагь разилъаяй УмугIабис, Банузагьратилазул гъарабашги бусурманлъана. Гьелъие гIазаб гьабулеб букIана гьелъул бетIергьан аль-Асвад бину ГIабдулягъусица. Гьев вукIана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул бищунго квешав тушман ва жинца авараг гIодовегIан гьавулездасаги.

Жинда Аллагь разилъаяй ГIамру бину Муамалил гъарабашги бусурманлъана. Гьелъие гIазаб гьабулеб букIана жив мушриклъун вугев ГIумар бину ХатIабица. гьес гъарабашлда кьабулеб букIана живго сваказегIан. Цинги гьес абулаан: Валлагьи, дица дуда кьаби течIо дунго свакан гурониян абун. Гъарабашалъ абулаан: «Гьедин гьабула дуе дур БетIергьанас» - абун.

Гьединго жал бусурманлъарал ва жидее гIазаб гьабурал гъарабашазда гьоркьор рехсана ан-Нагьдият ва гьелъул яс. Гьай кIияйго БанугIабдударазул цо гIаданалъул гъарабашал рукIана.

Жинда Аллагь разилъаяв Абубакрица гьал гъарабашал ричун росана ва Аллагьсе гIоло тархъана: жинца Билал, ГIамир ва Абуфукайгьат тархъарал гIадинго. Гьесул эмен АбукъухIафатица Абубакрида гIайб чIван абуна: «Дида мун вихьулев вуго загIипал лагъзал тархъунев. Дуца къуватал бихьинал тархъунелани, гьез мун мушриказдаса цIунилаан» - абун.

ТIадегIанав Аллагьас Умаят бину Халфил ва гьесда релълъаразул хIакъалъулъ абуна:

**Дица нужее хIинкъи кьуна цIакъ боркьараб цIаялдалъун: жинца авараг гьереси гьавурав, иман лъеялдаса живги вуссарав, бахьи къосарав чиясда гурони жиб щолареб, -** абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Абубакрил хIакъалъулъ Аллагьас абуна:

**Гьеб жужахIалъул цIаялдаса ахираталда рикIкIад гьавизе вуго жив Аллагьасдаса хIинкъаравлъун вукIарав муъминчи.**

**Жинца закат-сахI бахъун жиндир боцIи харж гьабулев вукIарав, гьеб лъикIаб нухазда харж гьабун, жинца напс бахиллъиялдаса ва мунагьаздаса бацIцIад гьабулев вукIарав.**

**Гьаб боцIи-мал харж гьабулеб мехалъ жинца щивго чиясе кколеб букIараб налъи кьолевлъун яги гьесул лъикIлъиялда данде лъикIлъи гьабулевлъун жив вукIунарев. Гьес тIалаб гьабулеб жо букIуна цохIого Аллагь разилъи. Ахираталда щвараб мехалъ гьев муъминчи цIакъ разилъизе вуго, -- абун.** Аллагьас ахираталда гьев муъминчи рази гьавизе вуго: алжаналъул нигIматал кьун, гьесда Жив разилъун, Жиндир заталда валагьулевлъун гьев гьавун. Сура ал-Лайли, I4-2I аятал.

Гьав Абубакр асхIабасда, гьас тархъараздаги ва киналго асхIабзабадаги Аллагь разилъаги.

Жидеда Аллагь разилъаял ГIаммар бину Ясирие, гьесул инсуе ва гьесул эбелалъеги гIазаб гьабуна. Гьел рукIана бану махзумилазул гьудулзаби *(союзники)*. Бану махзумилаз, бетIералда Абужагьалгун, гьел бищунго бакъул бухIи бугеб гIужалъ гIалахалде рачунаан ва гьелъул багIариялдалъун гьезие гIазабги гьабулаан. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь гьеб бакIалдаса унеб мехалъ гьес абулаан: «С*абро гьабе я Ясирил хъизан, нужее къотIи гьабураб жо алжан буго. Я Аллагь, дуца Ясирил хъизаналъул мунагьал чуре» - ян* абун.

ГIаммарил эмен Ясир: гьев ГIамир бину Маликил вас вуго, гьев гIазабалда гъокь хвана. ГIамарил эбел: ХаятIил яс Сумаят, Абу хIузайфат аль-Махзумиясул гъарабаш йикIана ва гьей загIипай херай чIужу йикIана. Абужагьлица гьелъул гIавраталда махх цебе лъураб тIил *(капье)* тункана ва гьей хвана. Сумая йиго исламалда жаниб тIоцеесей шагьид.

Жинда Аллагь разилъаяв ГIаммарие цIакъ гIемер гIазаб гьабуна: мушриказ гьесда тIад роол бухIараб къоялъ маххул къолден ретIулаан, цоги мехалъ гьесул каранда кIудияб, бакIаб, бакъалъ бухIараб гамачI лъолаан; цоги мехалъ гьев лъималда жанив гъанкъизе гIагар гьавулаан ва гьезие бокьараб жо абизегIан гьенив чIезавулаан; гьесул ракIги иманалъул цIун

букIунаан. ГIаммарил ва гьесда релълъаразул хIакъалъулъ ТIадегIанав Аллагьас аят рещтIизабуна:

**Цин иман лъун букIун хадуб жинца куфруялъул рагIи абурав, гьеб куфру жиндир ракIалъеги бокьарав, гьелда жив парахалъарав чиясе Аллагьасул ццим бахъи буго ва гьесие ахираталда цIакъ гучаб гIазабги букIине буго. Жиндие зулму гьабун, жиндир хIал загIиплъун кIалалъ капурлъулеб рагIи абун, ракI иманалъулъ хIалхьон бугев чиясе гьечIо Аллагьасул ﷺ ццим бахъин ва ахираталда жужахIалъул гIазабги.** Сурату Ан-нахIли, I06 аят.

Жинда Аллагь разилъаяв МусгIаб бину ГIумайриеги гьабуна Аллагьасул диналъе гIоло гIазаб. Гьев гIадамазул бищунго рес-махIал бугездаса вукIана. МусгIаб исламалда жанив лъугьиндал эбелалъ гьев рокъоса къватIив гъуна ва гьесие кваназе жоги кьечIо: гьесул тIом букIкIун букIана борхьил тIомалда релъун.

Жинда Аллагь разилъаяв Сугьайб бину Санан ар-Румиясеги гIазаб гьабуна жив гIакълуялдаса ун жинца абулеб жо лъаларев лъугьинегIан.

Жинда Аллагь разилъаяв ГIусман бину ГIафаниеги гIазаб гьабуна: гьесул инсул вацас ГIусман чамасдакил хъалалъул гьабураб туруталда жанив жемулаан, цинги гьесда гъокь цIадул кIкIуйги биччалаан.

Жив кIиясдаго Аллагь разилъаял Абубакр ас-сидикъие ва ТIалхIат бину ГIубайдуллагьиеги зарал гьабуна мушриказ. Навфал бину Хувайлид аль-ГIадавияс: яги ТIалхIатил вац ГIусманица гьев кIиявго цо кваралъ цоцалъги рухьун тана, жал как баялдаса ва Аллагьасе гIибадат гьабиялдаса нахъчIвазе. Амма гьев кIиявго гьезие мукIурлъичIо ва гьездаса хIинкъичIо. Гьев кIиясдаго цIар лъун букIана кIирекIарал абун: жал цохIо кваралъ рухьун рукIиндал.

Абужагьлида цо къадру бугел гIадамазул чияс ислам босун бугин рагIараб мехалъ, гьес дол чагIазе хIинкъи кьолаан гьезул къадру хвезабилин ва гьезул даран-базарги хайир гьечIеб, чIобого хутIулеб гьабилин абун. Цо загIипав, мискинав чияс ислам босун бугони гьев вухун, кьабун къварид гьавулаан. Мушриказ исламалда жанив лъугьарав цониги чи толев вукIинчIо жиндие къварилъи, гIазаб гьабун гурони.

Гьаб тушманлъи ва зулму гьаби букIана киналго загIипал, къадру ва хиралъи гьечIел бусурбабазе. Амма къадру - хиралъи бугезул бусурбабазе гьез къварилъи гьабулеб букIинчIо. Гьезда рагIи абизеги кIолеб букIинчIо тухумалъул кIудиязда ва цIакъго хиралъи бугезе гурони. Кинниги гьел бусурбабаздаса хIинкъун ва цIодорго рукIулаан.

## وقف المشركين من رسول الله - ﷺ -

### Мушриказ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасдехун гьабулеб букIараб гIамал

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасе цIакъ кIудияб хиралъи ва къадру букIана, гьелдалъун Аллагьас жив цIунараб гIадамазул гIемераб тушманлъиялдаса. Гьесда сверун чIарав ва гьев цIунулев АбутIалибги вукIана.

Гьев вукIана къурайшиял жинда гIенеккулев ва гьез кIодо гьавулев сайид. Гьес цIунарав жидеца гIодовегIан гьавулароан ва гьесул цIуни хвезабулароан. Бану ГIабдулманфил тухумалъул тIадегIаназдаса вукIана АбутIалиб. Гьеб тухумалъе къурайшиязда ва киналго гIарабиязда гьоркьоб кIодо гьари ва хиралъиги гурони букIинчIо. Гьединлъидал мушрикал хIажатлъана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасдехун гьабулеб иш берцингояб нухалда гьабиялде. Гьез тIаса бищана аварагасул инсул вац АбутIалибилгун хабар бицин, амма цIакъ къвакIараб ва дагIбаяб хIалалъ.

Къурайшиязул хирияздаса цо гIадамал ана АбутIалибихъе ва жидеца гьесда абуна:

«Дур вацасул васас нилъер алагьзабазда рогьо бана, нилъер диналда гIайбги чIвана, нилъеца бицунеб жоги гIадалаблъун гьабуна, нилъер умумулги къосараллъун гьаруна. Дуца гьев гьеб иш гьабиялдаса нахъчIвазе ккела, яги гьесдаги нижедаги гьоркьоб нух рагьизе ккела. Мунги нижгогIадин гьес бицунеб жоялъул хилапалда вуго, нижеца мун гьесдаса цIунила» - абун. *ай, ниж те гьесул гIадлу гьабизеян абураб магIна буго гьаб рагIиялъул.*

АбутӀалибица гьезда цӀакъ гурхӀелаб рагӀи бицана, гьезие берцинаб жавабги кьуна. цинги къурайшиял гьесда аскӀосан нахъе ана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьги жив цеве вукӀараб хӀалалъ хьвадана: Аллагьасул дин загьир гьабун ва гьелда гӀадамал ахӀун.

## <u>إنذار قريش وتحديهم لأبي طالب</u>

**Къурайшияз АбутӀалибие хӀинкъи кьей ва гьесдехун къец гьаби**

Аллагьасул свалат-салам лъеяв авараг жиндирго гӀамал гьабулев ва Аллагьасул диналде халкъ ахӀулев вихьидал къурайшиязда халатго сабру гьабизе кӀвечӀо. Цинги къурйшиял ана АбутӀалибихъе ва жидеца гьесда абуна:

«Мун нижеда гьоркьов сонал гӀемерав вуго, дуе хиралъи бугев ва нижеца къадру-къимат гьабулевги вуго. Нижеца дудаса тӀалаб гьабун букӀана дуца дур вацасул вас жинца гьабулеб ишалдаса нахъчӀваян абун, амма дуца гьев нахъчӀвачӀо. Валлагьи, нижеца тӀокӀаб сабру гьабизе гьечӀо гьес нижер умумузда рогьо баялда, нижер алагьзабазда гӀайб чӀваялдаги, нижеца бицунеб жо гӀадалаблъун гьабиялдаги. Я дуца гьев чӀезавизе вуго, яги нижеца дудаги гьесдаги рагъ гьабизе буго нилъер цоял гьалаглъизегӀан» - абун. Цинги гьел нахъе ана.

Къурайшиязул гьаб хӀинкъи кьей ва рагъ лъазаби АбутӀалибие захӀматлъана ва гьес Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь жиндихъе ахӀун гьесда къурайшазул хабар бицана ва жинца абуна, дуца дунги мунги гьалаглъулеб жо гьабуге, дида баччизе кӀолареб жо тӀадги лъогеян абун. АбутӀалибил загӀиплъи бихьидал Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагас абуна:

«Я дир инсул вац, гьел къурайшияз дир кваранаб хъатиниб бакъ лъуниги, квегӀаб хъатиниб моцӀ лъуниги дица гьаб Аллагьасул диналда халкъ ахӀи теян абун, Аллагьас гьеб дин загьир гьабинегӀан яги дун гьалаг гьавизегӀан дица гьеб иш толаро» - абун.

Цинги АбутIалибица пикру гьабуна, гьев гIодана ва гьесда аварагасда божиги гьесда гурхIиги тIаде буссана. АбутIаллибица абуна: «Мун а, дир вацасул вас ва дуе бокьараб жоги абе. Валлагьи, дица мун кидаго щибго жоялъе кьеларо» - абун. *ай, дица мун цIунизе вуго.*

## اقتراح غريب من قريش ، ورد طريف من أبي طالب

### Къурайшиз АбутIалибида тамашаяб жо гьабеян аби ва гьезие АбутIалибил берцинаб жаваб

Къурайшиязда бихьана АбутIалибие жидеца хIинкъи кьеялъ щибго мунфагIат гьабичIеблъи: Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь жиндирго иш гьабулев вукIин ва АбутIалиб гьесие квер бакъи гьабулев вукIинги. Гьелъул магIна букIана АбутIалиб гьездаса ватIалъизе, гьезда тушманлъи гьабизе ва жиндир вацасул вас МухIаммадие квер бакъун гьездехун къецандизе хIадурун вукIин.

Гьел дагьабго мехалъ ургъулел ва цоцазде мушавара гьабулел рукIана, цинги гьезда тамашаябго жо гьабизе ракIалде ккана. Къурайшиял АбутIалибихъе рачIана жидер бищунго лебалав ва берцинав, гIолохъабазул цевехъанлъун вугев ГIаммарат бину Валидги вачун ва гьез абуна: «Я АбутIалиб, дуца гьав гIолохъанчи ваче *(восе),* дуе гьесул гIакълуги квербакъиги букIине буго. Дуца гьев дуего васлъун те, гьев дуе вуго. Дуца нижехъе дур вацасул вас кье: дурги дур умумузулги диналда хилиплъи гьабурав, дур къавмалъул жамагIатги бикьинабурав, гьез бицунеб жоги гIадалаблъун гьабурав. Нижеца гьев чIвала: гьебги цо чи цоги чиясда данде буго» - абун. *ай, нижеца дуе цо чи кьела, дуца нижееги цо чи кье.*

АбутIалибица абуна: «Валлагьи, цIакъ квешаб даран буго нужеца диргун гьабулеб: нужеца дихъе нужер васищ кьолев, дица гьев нужее хьихьизе, дица дир вас нужехъеги кьун, нужеца гьев чIвазе! Гьаб жо буго, Валлагьи, кидаго жиб букIунареб» – абун.

## <u>اعتداءات على رسول الله - ﷺ-</u>

**Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасде тушманлъи гьаби**

Къурайшиязул киналго ишал церехун инчIелъул, гьезул хьулги къотIидал, гьезда жидер хIинкъи кьеялъ, рагъ лъазабиялъ ва васал хисун даран гьабиялъ щибго мунфагIат гьабичIеблъи бихьидал, гьез байбихьана живго Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасде тушманлъи гьабизе, бусурбабазе гьабулеб гIазаб ва хIинкъи кьейги жеги цIикIкIине гьабуна.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь жив кIодо гьавурав, жинда хадур гIадамал ругев ва жиндир хIурмат гьабулев вукIиндал гьесие квешлъаби гьари къурайшиязул церехъабаз ва къадру кIудияз жидедаго тIад босана ва гьеб иш гьабизе дозда нахърилълъараз ва гIаммал чагIаз *(простой народ)* къасдго гьабичIо.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасе гьесул рокъобго зарал гьабулездаса рукIана Абулагьаб, аль-ХIакам бину АбулгIасс бину Умаят, ГIутбат бину АбумугIитI, ГIадий бину хIамраъ ас-Сакъафий ва Ибнуасдаи аль-Гъузалий. Гьал киналго аварагасул мадугьалзаби рукIана.

Гьезул цояс Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас как балеб мехалъ гьесда тIад чахъдал гIордоло *(кьегIер гьабидал чахъуялдаса батIалъулеб жо)* рехулаан. Цогидас гьес хьаг цIаялде лъедал, гьениб жаниб додинабго жо рехулаан. ГIучIалда бан гьебгун рагьдаса къватIиве вачIун гьес абулаан: «Я ГIабдуманафил лъимал, нужер гъаб кинаб мадугьаллъиго кколеб?» - абун, цинги доб жоги нухде рехулаан.

Умаят бину Халфица жинда Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь вихьидал гьесдехун бераз ишара гьабулаан *(берал къинкIун)* гьесда гIайбал чIван кIалъалаан, бугьтаналги лъолаан.

Умаятил вац Убаю бину Халфица аварагасе хIинкъаби кьолаан ва жинца абулаан: «Я МухIаммад, дида аскIоб лебалаб чу буго, дица щибаб къоялъ цо-цо гIорто цIураб пурчIина (огоб, овёс) кьун хьихьулеб, гьелда тIадеги рекIун мун чIвазе» - абун.

Цо нухалъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьесда абуна: «Дуца дун чIвазе гьечIо.Аллагьас хъван батани, дица мун чIвазе вуго» - ян абун. УхIудалда рагъ бугеб къоялъ аварагас гьев Убаю чIвана. Гьав Убаю бину Халфица цо къоялъ турараб ракьа хъурун гьеб аварагасул гьумералде пуна.

ГIукъбат бину АбумугIитI абулев мушрик аварагасда аскIов гIодов чIана ва гьес бицунеб жоги рагIана. Гьаб хабар гьесул гьудул Убаюхъе щведал гьес ГIукъбатида гIайиб чIвана ва Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул гьумералде хIацIу туй тIалаб гьабуна. Гьеб жо ГIукъбатицаги гьабуна.

Абулагьабин абуни, гьес аварагас Аллагьасул диналде халкъ ахIи бай бихьараб къоялдаса нахъе Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасде тушманлъи гьабуна ва гьесие заралги гьабуна. Абулагьабил кIиго вас ГIутбат ва ГIутайбатида аварагасул кIиго яс Рукъият ва Умукулсум рукIана. Абулагьабица васазда абуна: «Дир бетIер нуж кIиясулго бетIералъе хIарам буго нужеца МухIаммадил ясалазда цIар тIамичIони» - ян абун. Абулагьабил чIужуялъги абуна: нужеца гьезда цIар тIаме, гьей кIияйлъго нилъер дин тун буго, - ян абун. Цинги васаз гьезда цIар тIамуна.

Абулагьабил чIужу Умужамил, ХIарбил яс Арва, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасе ва гьесул дагIваталъе цIакъ квешай тушман йикIана. Гьелъ сардилъ жинда тIад заз бугеб хьоп балаан авараг хьвадулеб нухда, гьеб зазалъ аварагасул ва асхIабзабазул хIатIал унтизаризе.

Умужамилида *<u>Абулагьабил кIиябго квер бакъвайги</u>* абураб аят рещтIараблъи рагIидал, гьей хъат цIурал ганчIал росун Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь цIехон къватIие яхъана. Абубакр асхIабгун цадахъ авараг КагIбаялда аскIов гIодов чIун вукIана ва Аллагьас гьелъул берзул канлъи инабун гьелда авараг вихьичIо. Гьелда цохIо Абубакр вихьулев вукIана ва гьесда Умужамилица абуна: «Дур гьалмагъ кив вугев, дида рагIана гьес дун какулей йигин абун. Валлагьи, дида гьев ватани дица гьесул кIалдиб гьаб гамачI кьабилаан. Валлагьи, дун шигIру гьабулей йиго» - абун. Цинги гьелъ шигIру гьабуна:

**жив какарасде ниж гIассилъана,**
**нижеца гьесул амруги нахъчIвана,**
**гьесул диналде нижер ццимги бахъана** – абун.

Цинги гьей нахъе ана. Жинда Аллагь разилъаяв Абубакрица абуна: «Я расулуллагьи, гьелда мун вихьичIин кола» -ян абун. Аварагас абуна: гьелда дун вихьичIо, Аллагьас гьелъул канлъи босана, - ян абун.

Къурайшияз Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасе зарал гьабиялдаса букIана гьесда МухIаммад абичIого музаммама - ян аби. *(МухIаммад – жив гIемер веццарав, музаммама – жив гIемер какарав)*. Кинниги Аллагьас гьезул рогьо аварагасдаса буссинабуна: гьез рогьо балеб букIана музаммасде, хирияв авараг МухIаммад вукIана.

Жидеца Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасе зарал гьабулездаса вукIана аль-Ахнас бину Шурйкъи ас-Сакъафиги.

Абужагьалин абуни, гьев Аллагьасул диналдаса гIадамал нахъчIвай цохIо жинца баччарасде релълъун вукIана. *(ай, жинца цIакъ яхI бахъулуб букIана гьеб ишалъулъ)*. Гьес Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасе зарал гьабулеб букIана жиндир рагIиялдалъун, авараг как баялдасаги нахъчIвалев вукIана, цинги жинца гьабураб жоялдаса чIухIунги вукIунаан.

Абужагьлида цо къоялъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь как балев вихьидал гьесие хIинкъи кьуна ва квеш кIалъана. Цинги аварагас гьев нахъе тIамуна, жинца гьесул габурги ккун кIовокIана ва аят цIалана:

**Дуе цIакъ къварилъи бугоха, къварилъи буго. Цингиги дуе къварилъи буго ва къварилъи буго** – абун.

Ай, дуе цIакъ квешаб гIазаб букIине буго я гьав бахьи къосарав чи!

Абужагьлица абуна: «Дуца дие хIинкъийщ кьолеб, я МухIаммад! Валлагьи, дудаги дур БетIергьанасдаги щибго кIоларо. Дун гьаб Маккаялъул кIиябго мегIералда гьоркьор хьвадаразул бищунго къуват-гуч бугев вуго» - абун.

Цо къоялъ Абужагьлица жиндир гьалмагъзабазда абуна: «МухIаммадица нужеда цебе гьумералда ракь бахинабулищ?» - абун. *ай, сужда гьабулищ.* Гьез абуна гьабулаян абун. Абужагьлица абуна: «ГIуззаялдалъун ва ал-латалдалъун

гьедула дун: дида МухIаммад гьеб жо гьабулев вихьани дица гьесул габур мерхьила ва гьумер ракьул цIезабила» - абун.

Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь как балев вукIадго Абужагьал гьесул габур мерхьизеян унев вукIана. Амма гьалмагъзабазда гьев вихьана хIинкъун, квералги хьвагIулаго нахъе тIурулев. Гьесда щиб ккараб, я АбулхIакаман гьикъидал, Абужагьлица абуна: аварагасдаги дидаги гьоркьоб цIадул хандакъ *(окоп, канал)* лъугьана, хIинкъиги, гIемерал куркьбиги (крилья) лъугьана абун. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: гьев диде гIагарлъун вукIаравани, малаикзабаз щибаб лага батIа гьабун тIетIезавилаан абун.

Гьалдаго релъараб къосин ва тушманлъи загьир гьабулеб букIана ГIутбат бину АбумугIитI абулев къурайшазул цевехъанас.

Цо къоялъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь КагIба рукъалда аскIов как балев вугеб мехалъ, АбужIагьал ва гьесул гьудулзаби гIодор чIун рукIадго гьезул цояз цояздехун абуна: «Нужер щив вачIинев пуланас хъураб чахъдал бакIвали-бакьалги росун МухIаммадица сужда гьабураб мехалъ гьесул мугъалда тIад лъезе» - ян абун. Цинги къавмалъул бищунго бахьи къосарав ГIутбат бину АбумугIитI ана гьеб жо босизе. Босун гьебгун вачIун гьев валагьун чIун вукIана хирияв аварагас сужда гьабизегIан. Гьес сужда гьабурабго гьесул мугъалда тIад гьебги лъун гьенир рукIарал мушрикал кеп щун релъанхъун цоцазде тIадчIвалел рукIана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь суждаялдаса вагъаричIого чIун вукIана Жинда Аллагь разилъаяй ФатIимат ячIун гьелъ доб жо тIаса нахъе реххинегIан.

Цинги аварагас бетIер эхеде борхана ва жинца абуна: «Я дир Аллагь, дуца къурайшиязе гIей гьабе» - абун, *ай гIазаб гьабе.* Къурайшиязда квеш букIана аварагас жидее квешаб дугIа гьаби: гьезул рекIел чIей букIана Макка шагьаралда цо чияс дугIа гьабуни гьелъие жаваб гьабулин абун. Цинги аварагас гьезул щивасул цIар рехсонги абуна: «Я дир Аллагь, дуца

пуланасе ва пуланасе гIазаб гьабе» - абун. Гьел киналго (аварагас цIар рехсарал) Бадруялда рагъ бугеб къоялъ чIвана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасе махсараби гьарулел къурайшазул бищунго кIудияв щуго чи вукIана: аль-Валид бину аль-Мугьират аль-Махзумий, аль-Асвад бину ГIабдулягъус аз-Загьрий, АбузамгIат бину аль-Асвади аль-Асадий, аль-ХIарис бину Къайси аль-ХузагIий ва аль-ГIас бину аль-Ваили ас-Сагьмий. Аллагьас жиндир расуласда бицана дуе махсараби гьарулезе жинца гIазаб гьабизе бугин, ва гьезул щивасда вагIза босизе ва пикру гьабизе рекъараб къварилъи-балагь рещтIана.

Аль-Валид абуни: гьесда цебего чIор щун лъугьараб жиб сахлъараб ругъуналъул гIуж букIана. Жабраилас гьеб гIужалда ишара гьабуна ва гьеб цIидасан унтун жив хвезегIан гьесие зарал гьабулеблъун букIана.

Аль-Асвад бину ГIабдулягъус абуни: Гьесул бетIералда Жабраилас ишара гьабун рецIцI бачIунел ругънал лъугьана ва гьелдалъун живги хвана. Цоги гIалимзабаз абуна гьев загьруялъ хвезавунин, цояз чохьол унти баккун хванинги абуна.

Аль-Асвад бину ГIабдулмутIалиб абуни: ГIемерго гьес къварид гьавидал Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьесие квешаб дугIа гьабуна ва жинца абуна: «Я дир Аллагь, дуца гьесул канлъи босе, гьесул лъималги хвезаре» - абун. Жабраилас гьесул гьумералда цо заз реххун гьесул канлъи ана, гьесул вас ЗагIматги Жабраилас хвезавуна.

Аль-ХIарис бину Къайс абуни: гьесул чохьонисан бачIун тIегьилаб лъим *(ццин)* кIалдиса къватIибе бачIунеб букIана ва гьелдалъун живги хвана.

Аль-ГIас бину Ваил абуни: гьев цо гъветIалда гIодов чIедалго гьесул гъокьахIатIида заз къана ва гьелъул загьруялъ бетIералъе зарал гьабун живги хвана.

Гьал руго дагьалго биценал Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас  ва бусурбабаз Аллагьасул диналда халкъ ахIи загьир гьабидалго къурайшияз гьезие гьабулеб букIаравб къварилъиялъул. Гьаб къварилъи-заралалде данде аварагас кIиго гали тIамуна:

## دار الأرقم

## Аркъамил рукъ

ТIоцебесеб гали буго Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас аль-Аркъам бину Абуларкъам аль-Махзумиясул рукъ бусурбабаз дагIват-гIибидат гьабулеб, гьезие тарбия гьабулеб марказлъун *(центр)* гьаби. Гьеб рукъ букIана къосарал чагIазул бераздаса рикIкIад, Сафа мегIералда гъокь (гьелъул аслуялда). Хирияв авараг асхIабзабигун цадахъ балъгого гьеб рокъор данделъулел рукIана. Аварагас гьезие Къуръаналъул аятал цIалулаан, гьел куфру-ширкалдаса рацIцIад гьарулел рукIана ва гьезда Къуръанги хIикматги малъулеб букIана. Гьелдалъун асхIабзаби цIунана загьирго мушрикалгун данделъиялдалъун гьезде щвезе бегьулел гIемерал къварилъабаздаса.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас жинцаго загьирго мушриказда гьоркьоб Аллагьасе гIибадат гьабулеб букIана ва дагIватги гьабулеб букIана: гьелдаса авараг нахъчIвачIо мушриказул зулмуялъги, тушманлъиялъги ва гьезул махсараби гьариялъги. Гьебги Аллагьасул хIикматалдаса жо букIана: Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас дин гIадамазухъе щвезаби, гьезул цонигияс къиямасеб къоялъ абичIого букIине нижехъе алжаналдалъун рохел бицунев ва жужахIалъул гIазабалдалъун хIинкъи кьолев чи вачIинчIоян абун.

## الهجرة إلى الحبشة

### ХIабаш улкаялде гьижра гьаби

Расулуллагьасул кIиабилеб гали букIана: ХIабашиязул хан ан-Нажаши жинда аскIоб лъиениги зулму гьабизе толарев вукIин лъадалго, аварагас бусурбабазда ишара гьабуна гьижра гьабун гьенире ун лъикIилан.

Аввараглъи кьуралдаса щуабилеб соналъул Ражаб моцIалъ бусурбабазул цо къокъа гьижра гьабун къватIире рахъана: гьезул анцIила кIиго бихьинчиги ункъго чIужугIаданги рукIана.

Гьезул амирлъун умавиязул ГIусман бину ГIафан вукIана, жал киназдаго Аллагь разилъаял. ГIусмангун цадахъ гьесул чIужу, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул яс Рукъиятги йикIана. Аллагьасул салам лъеял Ибрагьим ва ЛутI аварагас гьижра гьабуралдаса хадуб гьеб рукъ *(ай ГIусман ва Рукъият)* Аллагьсул диналъе гIоло гьижра гьабуразул авалаб букIана.

Гьал асхIабзаби къватIире рахъана бецIаб сардилъ, Жидаялъул югалъул рахъалде бугеб Минау шугIайбат абулеб бакIалде щвезе къасд гьабун. Аллагьасул къадаралдалъун жидеда гьениб даранчагIазул кIиго гама батана ва гьезда тIадеги рекIун ХIабашиялде щвезегIан ана.

АсхIабзаби гьижра гьабун рахъараблъи лъадал Къурайшиял риха-хочана, гьезул цIакъ ццим бахъана ва жал хехго гьезда хадуре рахъана: жидеца гьел кквезе ва Маккаялда тIад руссинаризе; гьезие добго гIазаб гьабизе ва гьел Аллагьасул диналдаса нахъчIвазе. Кинниги, бусурбаби гьезухъан рорчIун рукIана ва ралъдал рагIалдеги щун жидер мурадги тIубачIого къурайшиял тIаде руссана.

## موافقة المشركين للمسلمين وسجودهم في سورة النجم

### Мушриказ бусурбабазда релълъун сужда гьаби

Добго авараглъи кьуралдаса щуабилеб соналъул Рамазан моцIалъ, хIабаш улкаялда асхIабзаби гьижра гьабун аралдаса кIиго моцIгIадаб заман индалго Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Масжидул хIарамалде ана, КагIба рукъалда сверухъ гIемерал къурайшиялги рукIана: гьезда гьоркьор къурайшииязул ханзаби ва къадру кIудиял гIадамалги рукIана. Гьеб букIана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда ван-Нажми сурат рещтIараб заман.

Авараг гьезда ракIалдаго гьечIого къурайшиязда гьоркьовги чIун сура ван-Нажми цIализе жувана. Гьеб цIакъ берцинаб калам букIана, гьезда кидаго рагIараб каламалдаса. КIурайшиял цIакъ хIинкъана гьеб каламалъул берцинлъиялдаса ва гьелда гIенеккун, хIинкъун ва сихIкъотIун хутIана. Сураталъул

ахиралда аварагас хIинкъи кьей ва къварилъи цIалидал гъезул ракIал тамахлъана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас сураталъул ахиралда н*ужеца Аллагьасе сужда гьабе ва гьесие гIибадатги гьаб*е абураб аят цIалана ва авараг суждаялда вортун ана. Цинги киналго къурайшиязги сужда гьабуна жидеца гьабулеб жого лъачIого.

Имам Бухарияс ибну МасгIудидаса бицараб хIадисалда буго: «*Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагас ван-Нажми сурат цIалана ва жинца сужда гьабуна. Гьеб къавмалъул цониги чи хутIичIо жинца сужда гьабичIев. Гьеб къавмалъул цояс ганчIазул яги ракьалъул хъат цIезабун жиндир гьумералда цебе ккуна ва жинца абуна дие гьаб гIезе бугоян, абун.* (ай сужда гьабичIо). *Дида гьев чи хадув купруялда вукIун чIван вихьана»* - абун. Гьев Умаят бину Халф вукIана ва гьев Бадруялъул къоялъ чIвана.

## عودة المهاجرين إلى مكة

### Мугьажирал Маккаялде тIад русин

Гьаб къурайщияз сужда гьабиялъул хабар ХIабаш улкаялдаги щвана, амма гьеб жиндир букIараб хIалалда бицинчIого цоги хIалалъ бицана: ХIабаш улкаялда ругезда гьеб хабар щвана къурайшияз ислам босун бугоян абун. Гьелги цIакъго рохха-хинлъун Маккаялде тIаде руссун рачIана. Маккаялде щвезе цо сагIаталъул нух хутIидалго гьезда доб амруялъул хIакъикъат лъана. Цинги гьезул цоял тIадеги руссун ХIабаш улкаялде ана, цогидал балъгого яги къурайшиязул цозул божилъиялда гъоркь Маккаялде жанир лъугьана.

## الهجرة الثانية إلى الحبشة

### ХIабаш улкаялде кIиабилеб гьижра гьаби

Бусурбабигун цадахъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Къуръан цIалараб мехалъ жидедаго лъачIого

жидеца сужда гьабидалго къурайшиязул цIакъго ццим бахъана ва бусурбабазе гьабулеб гIазабги жеги цIикIкIинабуна. Нажашияс ХIабаш улкаялда бусурбаби берцинго къабул гьариги букIана къурайшиязе рихараб жо. Гьаб хIалалда валагьидал расулуллагьас бусурбабазда ишара гьабуна гьанжIесалалъги ХIабаш улкаялде гьижра гьабун лъикIилан. Гьижра гьабуна ункъоялда кIиго яги лъабго бихьинчияс ва анцIила микьго чIужугIаданалъ. Гьаб кIиабилеб гьижра авалалдасаги захIматаб букIана: къурайшиял цIакъ бусурбабаз гьабулеб ишалда хадур ралагьун цIодорго чIун рукIиналъ. Кинниги бусурбаби гьездасаги цIодорал рукIана ва гьездаса жидер гIелму-гIакълу берцинал, гьабулеб иш мухIканалги рукIана. Гьединлъидал гьел мушрикахъан рорчIун ХIабаш улкаялде ана.

## مكيدة قريش بمهاجري الحبشة

### ХIабаш улкаялде арал мугьажиразе къурйшияз гьарурал макраби (хIилаби)

Мушриказда захIмалъана жидехъа рорчIун бусурбаби ХIабаш улкаялде ин ва гьел жидер нафсазе ва диналъе божилъи бугеб бакIалде щвей. Цинги гьез жидер сихIирал ва махшел бугездаса кIиго чи витIана бусурбаби тIаде руссинаризеян абун. Гьев кIиявгоги ГIамру бину аль-ГIас ва ГIабдуллагь бину РабигIат руго. Гьев кIиявго доб мехалъ мушрикал рукIана.

Гьев кIиявго ХIабаш улкаялда рещтIана гьабизесеб жоги ургъун, хIадурун. ТIоцебе гьез хурхен гьабуна дозул диниял церехъабазулгун. Гьезие сайгъаталги кьуна, жал щиб ишалъе рачIарабги бицана. Жидерго хIужа-далилги бицана, гьелда божун дол диниял церехъаби жидер рахъалда рукIунеб хIалалъ.

Цинги гьев кIиявго ан-Нажашихъе рачIана, гьесиеги сайгъатал кьуна, цинги жив кIиявго гьесда кIалъан гьез абуна:

«Я гьав малик! ХIакълъунго дур улкаялда жанир лъугьун руго цо гIакълу гьечIел гIолохъаби: жидеца жидерго дин тарал ва дур диналда жанирги лъугьунарел. Гьез жидецаго ургъараб дингун рачIун руго гьел, нижеда яги дуда жиб лъалареб.

Нижеца духъе гьел тIаде руссинаризеян гьелгун цадахъ ритIун рукIана гьезул къавмалъул хириял: гьезул умумул, инсул вацал ва гIагарал чагIи. Гьел жидеда лъикI лъалел руго дозул хIал ва дозда щиб гIайб чIвалеб бугебги» - абун. Цебего къотIи гьабун букIараб хIалалъ дозул диниял чагIазги гьав кIиясго бицараб жо битIараб бугин абуна.

Ва амма ан-Нажашияс гьеб ишалъулъ мухIканлъи тIалаб гьабуна ва гьесда лъикI бихьана кIиябго рахъалда гIенеккун лъикIилан жиндие битIараб жо баянлъизе. Цинги гьес бусурбаби ахIана ва гьезда гьикъана: щиб дин бугеб нуж жиб сабаблъун къавмалдаса ратIалъараб, гьелдалъун дир диналда жанирги лъугьинчIеб ва гьал диназул цоги батIияб диналдаги лъугьинчIеб – абун.

Бусурбабазул рахъалъан гьесие жаваб гьабуна жинда Аллагь разилъаяв АбутIалибил ЖагIфарица ва гьес абуна:

«Я гьав малик! Ниж рукIана жагьилаб *(дин гьечIеб)* къавмлъун. Нижеца хъанчазе лагълъи гьабулеб букIана, капурго хвараб жоги кваналеб букIана, къабихIал ишалги гьарулел рукIана. Нижеца гIагарлъи къотIизабулеб букIана, мадугьалихъги квешал рукIана, нижер гуч бугес загIипав чиги кваналев вукIана. Ниж гьеб хIалалда рукIана Аллагьас нижеда нижедаго гьоркьосан расул витIинегIан: нижеда жиндир насаб лъалев, ритIухълъиги лъалев, жиндир божилъи букIинги, нафс чорокаб жоялдаса цIунарав вукIинги лъалев.

Гьес ниж Аллагьасде ахIана: нижеца гьев цо гьавеян абун, гьесие гIибадатги гьабеян абун. Аллагьасе гьабичIого нижеца ва нижер умумуз жидее лагълъи гьабурал ганчIалги хъанчалги теян абун. Гьес нижеда амру гьабуна битIараб жо бицеян абун, аманатги тIубаян, гIагарлъиги хурхизабеян мадугьаллъиги берцинаб гьабеян абун. Би гIодоб тIейги хIарамал ишал гьариги теян абун. Гьес ниж нахъчIвана къабихIал ишал гьариялдасги, квешаб рагIи бициналдасаги, ятимазул боцIи кванаялдасаги, жал цIунарал *(рацIадал)* руччабазда рогьо баялддасаги. Гьес нижеда амру гьабуна нижеца гIибадат Аллагьасе гьабеян абун: Гьев цо гьавун ва Гьесдехун щибго жо гIахьал гьабичIого. Нижеда амру гьабуна как баялдалъун, закат бахъиналдалъунги,

кIал кквеялдалъунги» - абун. ЖагIфарица ан-Нажашиясе исламалъул цогидалги умурал *(ишал)* рикIкIана.

Хадубги ЖагIфарица абуна: «Нижеца гьев расул ритIухъ гьавуна ва гьесда иманги лъуна. Ниж гьесда нахъги рилълъана Аллагьасул диналдалъун гьев вачIараб жоялда: Нижеца гIибадат цохIа Аллагьасе гьабуна, Гьесдехун щибго жо ширк гьабичIого, Аллагьас нижее хIарам гьабураб жо нижецаги хIарам гьабуна, Аллагьас ниже хIалал гьабураб жо нижецаги хIалал гьабуна. Цинги нижер къавмалъ нижеда тушманлъи гьабуна, нижее гIазабги гьабуна, Аллагьасе дин гьабиялдаса нахъеги чIвана; Гьаб жо гьез гьабуна ниж Аллагьасе гIибадат гьабиялдаса церегогIадин хъанчие лагълъи гьабиялде руссинаризе, нижеца цереккун хIалал гьарулел рукIарал къабихIал, чорокал жалги хIалал гьаризе.

Гьез ниж къезаридал, нижеда хIал-зулму гьабидал, нижер чIаголъиги къварид гьабидал, нижедаги нижер диналдаги гьел гьоркьорги чIедал, ниж дур улкаялда гьижра гьабун рахъана. Цогидал ханзабаздаса нижеца мун тIаса вищана, дур мадугьаллъиялда *(цIуниялда)* нижер хьулги лъуна, дуда аскIоб нижее зулму гьабиларин божиги лъуна, я гьав Малик» - абун.

Ан-Нажашиясда гьаб ЖагIфарица бицараб жо рагIидал гьес тIалаб гьабуна Къуръаналдаса щиб бугониги жо цIали. ЖагIфарица гьесие цIалана сурату Маръямалъул бай бихьи. Цинги ан-Нажаши гIодана жиндир мегеж биччинегIан. Гьезул цIаларал гIадамалги гIодана жидеда кодор рукIарал тIанчал риччинегIан. Цинги ан-Нажашияс абуна: «Гьаб Къуръанги ГIиса авараг жиндалъун вачIараб жоги цохIо бакIалдаса *(гордухъан)* бачIараб жо буго» - абун.

Цинги къурайшиязул вакилаздехун ан-Нажашияс абуна: «Нуж кIиявго нахъе а. Валлагьи, дица гьал гIадамал нужехъе кьеларо» - абун. Гьев кIиявго гьенисан къватIире ана. ТIассияб къоялъги ГIамру бину аль-ГIасица цоги хIилла ургъана ва ан-Нажашиясда абуна гьел бусурбабаз ГIиса бину Маръямил хIакъалъулъ цIакъ кIудияб рагIи абулин абун. Ан-Нажашияс бусурбаби ахIана ва гьезда гьикъана щиб жо гьез ГIисал хIакъалъулъ абулебан абун. ЖагIфарица абуна: «Нижеца

гьесул хIакъалъулъ абула Аллагьасул свалат-салам лъеяв авараг жиндалъун вачIараб жо: гьев ГIиса Аллагьасул лагъ вуго, Гьесул расулги вуго, Гьесул рухIги вуго, Гьесул рагIиги вуго: Жинца жий яцIцIадай гIолилай Маръямида бицараб абун».

Цинги ан-Нажашияс ракьалдаса цо гIучI кодобе босана ва жинца абуна: Валлагьи, ГIиса бину Маръям дуца бицараб жоялдаса гьаб гIучIалъул къадаралъги тIасса лъугьичIоян абун. *ай, дуца бицараб жоги ГIиса аварагас абураб жоги цохIо жо буго.* Бусурбабаздехун ан-Нажашияс абуна: «Нуж а, нуж дир ракьалда нужее божилъи бугел руго. Нужеда рогьо бараздa рецIел буго, нужеда рогьо баразда рецIел буго, нужеда рогьо баразда рецIел буго. Дие бокьиларо дир меседил мегIер букIине дица нужер цоясе заралги гьабун» - абун. Цинги ан-Нажашияс амру гьабуна къурайшиязул вакилаз рачIарал сайгъатал гьезухъе тIад руссинареян. Гьев кIиявго къватIиве вахъана жал къабихI гьарун, бусурбабиги хутIана лъикIав мадугьаласул лъикIаб ракьалда.

## حيرة المشركين

### Мушриказул хIайранлъи

ХIабаш улкаялдаса бусурбаби тIад руссизаризе букIараб хьул тIубачIого хутIидал мушриказул цIакъго ццин бахъана, квешаб цциналъ гьел тIетIезаризе гIагарлъана ва жидеца Маккаялда хутIарал бусурбабазе зулму цIикIкIизабун рецIел босизе лъугьана. Хасго гьезда рихун букIана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас жегиги диналде халкъ ахIулеб букIин. Гьединго жидеда бихьана кигIанго хинкъи кьуниги, къвакIараб къотIи босаниги АбутIалиб аварагасе квер бакъиялъе чIун вукIин. Гьаб ишалъ мушрикал хIайран гьаруна ва гьабулеб жо лъаларого хутIана,

Цо-цо мехалъ жидерго ругьунаб ишалда руссун гьел Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасе ва гьевгун хутIарал бусурбрбазе гIазаб гьабизе ва хIинкъи кьезе журалаан. Цо-цо

мехалъ дагIба-къецалъул рагьо рагьулаан, цоги мехалъ хьул лъезабун гуккизе къасд гьабулаан, цоги мехалъ нух бакьулъ чIун къуват бихьизабизе лъугьунаан. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь чIван гьесул дагIваталъе ахир лъезеги пикру гьабулаан. Кинниги гьал ишазул цонигиялъ мушриказе хайир гьабичIо, гьел жидер мурадаздеги щвезаричIо. Гьезул яхI бахъиналъул хIасил букIунаан мушрикал хьулазда щвечIого чIорого хутIин. Нилъеца гьаниб хадуб мушриказ бусурбабазе гьабулеб букIараб къварилъиялъул дагьабго жо бицина.

## <u>التعذيب ومحاولة القتل</u>

**Бусурбабазе гIазаб гьаби ва авараг чIвазе къасд гьаби**

Жидер мурад тIубачIелъул мушрикал жидерго ругьунаб гIамалалде руссин тIабигIияб жо букIана. ХIакъикъаталдаги гьел къвакIараб кьаби щвезабизе журана Маккаялда хутIарал бусурбабазда. Жегиги гьез жидер кверал Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасе зарал гьабизеян щвакана.

Мушриказ зулму гьабиялдаса букIана:

ГIутайбат бину Абулагьаб аварагасухъе вачIана ва гьес абуна: дица инкар ккола *(дун божуларо)* ثُمَّ دَنَا فَتَدَلَّىٰ ﴿٨﴾ فَكَانَ قَابَ قَوْسَيْنِ أَوْ أَدْنَىٰ абураб Аллагьасул рагIиялда абун.

**Цинги гьев Жабраил МухIаммад аварагасде гIагарлъана ва лъикIаланго гьесда гIагарлъана. Аллагьасул салам лъеяв Жабраилги хирияв МухIаммад аварагги цоцазде гIагарде рукIана чIор бутIалъул кIиябго рагIал цоцазде гIагарде бугеб гIадин.** Гьеб чIор бутIалъул кIиябго рагIал цоцаздехун балагьун букIуна. Ва гьеб кIиябго рагIал цохIо бутIалъул букIуна. **Жегиги гIагрда вукIана гьев кIиявго**. Гьаб буго мисал бачун абулеб рагIи ва гьаб буго цIакъ гIакъилаб, магIна гъваридаб мисал. Гьев кIиявго цохIо жолъун рукIана абизе бегьулеб магIна буго гьаб. Сурату ан-Нажми, 8-9 аят.

Цинги ГIутайбат аварагасе квешлъи гьабизе жувана: жинца гьесул горде бихъизабуна, гьесул гьумералда хIацIоги туна. Амма гьесул хIацIу жиндаго тIад буссана. Аллагьасул свалат-

салам лъеяв расулуллагьас абуна: «Я дир Аллагь, дуца гьасде тIад дур гьвеяздаса цо гьвей биччай» - абун. Цинги цо къапилагун цадахъ ГIутайбат Шамалде вахъана. Нухде унаго гьел цо бакIалда рещтIиндал цо гъалбацI гьезда сверухъе сверизе лъугьана. ГIутайбатица абуна: «Валлагьи, гьаб гъалбацIалъ дун кваназе вуго, МухIаммадица дие дугIа гьабураб гIадин. Гьес дун чIвалев вуго живго Маккаялда вукIун, дунги Шамалда вукIун» – абун. Къапилаялъул гIадамал кьижизеян регидалго жидеца ГIутайбат жидедаго гьоркьоб бакIалда вегизавуна. Амма гъалбацIалъ гьев бетIерги ккун гIадамазда ва варанабазда гьоркьосанги вачун чIвана.

Мушриказ зулму гьабиялдаса букIана: ГIутбат бину АбумугIитI абулев мушрикас Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь суждаялда вугеб мехалъ гьесул габуралда тIад хIетIе лъун гьеб мерхьана аварагасул берал къватIире рачIине гIагрлъулеб хIалалъ.

Гьеб заманаялъ ккарал ишаздаса бичIчIунеб буго мушриказ дагIват нахъе чIвазеян гьарурал батIи-батIиял пишаби мурадалде щвечIелъул, гьел цIакъ яхI бахъун ургъизе лъугьана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь киндай чIвалев абун, гьелъ цоцазул би гIодоб тIеялда рачаниги. Гьелда тIоритIел гьабула цо къоялъ Абужагьлица къурайшиязде абиялъ: «Гьав МухIаммад нилъеца бицунеб жоялда гIенеккулев гьечIо, гьес нилъер диналда гIайиб чIвалеб буго, нилъер умумузда рогьоги балеб буго, нилъеца бицунеб жоги гIадалаблъун рикIкIунеб буго, нилъер алагьзабадаги рогьо балеб буго. Дица Аллагьасе къотIи гьабулеб буго дун дида баччине кIварабгIан кIудияб гамачIги босун гьесие хъаравуллъи ккун чIела: гьев какилъ суждаялда аравго дица гьесул бетIерги бихъизабила. Гьеб мехалъ нужеца дун гьезухъейищ кьелев, яги дун гьездаса нахъейищ чIвалев? Цинги ГIабдуманафил лъималаз жидеего бокьараб жо гьабеян абе!» – абун.

Къурайшияз абуна: «Валлагьи, нижеца мун абадиялъго щибго жоялъе кьеларо, мун а дуе бокьараб жо гьабизе» - абун. Рогьараб мехалъ Абужагьал жинцаго абухъин гамачIги босун

*(хIадурун чIана).* Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьги КагIбаялда аскIов вачIун как базе вахъун чIана, цогидал къурайшиялги жидерго данде руссунеб бакIазда гIодор чIун щибдай Абужагьлица гьабилеб абун ралагьун рукIана. Цинги Абужагьал аварагасда гIагарлъизегIан цеве вачIана, цинги цIакъ хIинкъун, жиндир кьерги хисун лъутун нахъ вуссана. Гьев кIичIван къулун, жиндир квералги гамачIалда рекIун вукIана, жинца гьеб кодосан гIодобе реххинегIан. Къурайшияз гьесде абуна дуе лъугьарабго щиб я АбалхIакам абун. Гьес абуна: «Дун дица нужеда сон бицараб жо гьабизеян вахъиндал дида цебе цо кутакаб варани лъугьана: дида кидаго гьелъулгIан бетIер, габур ва гажал кIудияб варани бихьичIо. Гьелъ дун кваназе къасд гьабуна» - абун.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: «Гьев Жабраил вукIана, Абужагьал дида гIагарлъаравани Жабраилас гьев ккведе вукIана» – абун.

Гьелдаса хадуб ккана гьалдасаги захIматаб иш: аль-ХIатIим абулеб бакIалда данде руссун къурайшиял аварагасул хIакъалъулъ гаргадулел рукIадго гьезда тIаде лъугьун Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь вачIана ва КагIба рукъалда тIавап гьабизе лъугьана. Авараг къурайшиязда аскIосан унеб мехалъ гьез берал къинкIун ишараби гьаруна, гьеб рихи аварагасул гьумералдаги загьирлъана. Авараг кIиабизеги къурайшиязда аскIосан унеб мехалъ гьез добго хIалалъ берал къинкIун ишараби гьаруна, гьеб рихи аварагасул гьумералдаги загьирлъана.

Авараг лъабабизеги къурайшиязда аскIосан унеб мехалъ гьез берал къинкIун ишараби гьаруна. Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь эхетун чIана ва гьес абуна: «Нужеда рагIулищ, я къурайшиязул жамагIат, дун дир нафс жинда кодоб бугесдалъун гьедулев вуго: дун нужехъе хвел босун вачIарав вуго» - абун. Гьеб рагIиялъ къурайшиял цIакъ хIинкъизаруна, гьел жидер бетIералда тIад хIинчI гIодоб чIун бугеб гIадин рагъаризе кIвечIого хутIана. Гьезул бищунго гучавги аварагасе бокьулеб жо бицун гаргадана.

ТIасияб къо бачIараб мехалъги къурайшиял аварагасул хIакъалъулъ гаргадулел рукIадго гьезда тIад Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь вачIана. Гьел киналго цадахъ цохIо чигIадан аварагасда тIад кIанцIана, гьесул чухъаялъул габурги ккун гьез абуна: «Мунищ вугев ниж нижер умумуз гьабулеб батараб диналдаса нахъчIвалев чи» - абун. Аварагас дун вугоян абидалго, гьез авараг дове-гьаниве тункун, цIа-цIан гIедегIизавуна. Цинги ГIукъбат бину АбумугIайтI абулев мушрик вачIун, гьес жиндир ретIел Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул габуралда жемана ва гьев гъанкъиялда гIагар гьавуна.

Гьеб хIалалда аварагги къурайшиялги ругеб мехалъ жинда Аллагь разилъаяв Абубакрихъе ахIи бачIана дур гьалмагъасе кумек гьабеян абун. Цинги Абубакр вачIана ва гъажазул бетIерги ккун ГIукъбат аварагасдаса нахъе тункана. Абубакрица цин цоясда кьабун цинги цогидасде рагъ гьабун абулеб букIана: «Вай нужее квеш букIаял, нужеца гIаданищ чIвалев гьес дир бетIергьан Аллагь вугоян абиялъе гIоло» - абун. Цинги мушрикал Аварагасдаса руссун Абубакрида тIаде журана: гьез гьесда кьабана жиндир гьумер - кIал лъаларев лъугьинегIан. Гьесул ботIрол рас букIана ункъго цIал гьабураб: гьеб расги квер хъварабго *(бетIералдаса батIалъун)* нахъе бачIунеб букIана.

Банутайим абулел къурайшияз Абубакр цо ретIелалда тIадеги лъун жидер рокъове восана: гьев хвеялда жидер шаклъиго букIинчIо. Жинда Аллагь разилъаяв Абубакр къоялъул ахиралда кIалъана ва жинца Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул щиб хIал бугебан гьикъана. Банутаймаз гьесда гIайиб чIвана ва рокъосан къватIире ана. Абубакрие квен ва лъим кьедалго, жинда авараг вихьинегIан гьев квен кванаялдаса ва лъим гьекъеялдаса вуссун чIана. Цинги сордо бачIиндал, гIадамалги *(къватIахъе хьвадиялдаса)* чIедалго жидеца гьев авараг вугеб бакIалде щвезавуна. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь аль-Аркъамил рокъов вукIана: гьев сах-саламат ватидалго Абубакрие квен кваназе ва лъим гьекъезе бигьалъана.

Жиндие гьабулеб къварилъи гучлъидал, чIаголъиялъул нухалги къварилъидал. жинда Аллагь разилъаяв Абубакр ХIабаш улкаялде гьижра гьабун ине къватIиве вахъана. Баркулгъамади абулеб бакIалда жив щведалго гьесда данд чIвана ХIабашиязул сайид Малик бину ад-Дагънат ва гьес Абубакрида гьикъана киве гьев вахъараван абун. Абубакрица жив щиб жоялъе вахъарав бициндалго Маликица абуна: «Дуда релълъарав чи гьижра гьабун вахъунаро, я Абубакр. Мун вуго мискинчиясе хIалтIи гьабулев, гIагарлъиги хурхинабулев, къварилъиги баччунев, гьоболасе хъулухъ гьабулев, хIакъаб жоялъе квер бакъиги гьабулев. Дун вуго мун цIунулевлъун. Мун тIад вусса ва дурго шагьаралда дур БетIергьанасе гIибадат гьабе» - абун.

Цинги Абубакр ва Малик Маккаялда тIад руссана ва Маликица къурайшиязда лъазабуна жинца Абубакрие цIуни гьабулеб букIин. Къуайшияз гьелда инкар гьабичIо, кинниги гьез абуна: «Дуца Абубакрида амру гьабе гьес жиндир бетIергьанасе гIибадат жиндирго рокъовги чIун гьабеян, гьеб къватIиб загьир гьабугеянги. Ниж хIинкъун руго гьес нижер руччаби ва лъимал, нижер лагъзалги жиндир диналдалъун питнаялъулъ ккезарилин абун».

Жинда Аллагь разилъаяв Абубакр цодагьаб мехалъ гьедин гIибадат гьабун чIана. Цинги гьес жиндирго рукъалъул кIалда масжид бана ва жиндир как бай ва Къуръан цIали загьирго гьабуна. Малик Ибнуд-дагънатица Абубакрида жинца цIуни гьабун букIин ракIалда щвезабидалго (*Абубакрица гIибадат загьирго гьабичIого букIин шартIги гьабун),* Абубакрица гьесул цIуни гьесухъе буссинабуна ва дие Аллагьасул цIуни гIелин абуна.

Жинда Аллагь разилъаяв Абубакр гIемер гIодулев чи вукIана: Къуръан цIалулеб рагIараб мехалъ жиндие магIо кквезе кIоларев. Гьесда гIажаиблъи гьабун мушриказул руччаби ва лъимал гьесда балагьун рукIунаан. Мушриказ гьеб сабаблъун Абубакрие зарал гьабулеб букIана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь ва бусурбаби гьаб захIматаб хIалалда ругеб мехалъ Къурайшиязул кIиго

бахIарчияс ислам босана ва гьезул къуватвлъул ва бахIарчилъиялъул рагIдукье ккун бусурбабазеги цодагьаб рахIат щвана. Гьел руго: ГIабдулмутIалибил ХIамзат, аварагасул инсул вац, Ва ХатIабил вас ГIумарги, жив кIиясдаго Аллагь разилъаял.

## إسلام حمزة رضى الله عنه

**жинда Аллагь разилъаяв ХIамзатица ислам боси**

Жинда Аллагь разилъаяв ХIамзатица ислам босиялъе гьадинаб сабаб ккана: Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Сафа мегIералда аскIов вукIадго, гьесда аскIосан ана Абужагьал ва жинца аварагасе зарал бугеб жо бицана. Аварагасул бетIералда гамачI кьабун би бичIизабунаянги абуна. Цинги Абужагьал КагIбаялда аскIовеги ун жиндирго гьалмагъзабазда гьоркьов гIодов чIана. ГIабдуллагь бину ЖадгIан абулев чиясул гъарабашалъе гьеб иш бихьана: гьелъул рукъ Сафа мегIералъул тIасияб рахъалда букIана. Дагьабго мехалдаса чанаве ун вукIарав ХIамзат гьеб бакIалде вачIана, гьесул чIорбутIги хIадурун букIана. Дой гIаданалъ ХIамзатида жинда бихьараб жо бицана. Цинги ХIамзат хехго Къурайшиял ругеб бакIалде ана ва Абужагьлида цеве эхетун жинца абуна: «Я роцц тIогьилав чи, дуца дир вацасул васасда рогьойищ балеб, дунги гьесул диналда вугеб хIалалъ?» - абун. Цинги гьес Абужагьлил беитIералда бутI кьабуна ва кIудияб ругъун гьабуна. Цинги Банумахзум ва Банугьашим абулеб кIиго кьибил цоцазде рагъизе гIагарлъана. Абужагьлица абуна: «Нужеца АбугIамарат живго те *(ай ХIамзат,)* дица гьесул вацасул васасда къабихIаб рогьо бан букIана» - абун.

Гьаб ХIамзатил иман лъей букIана ургъичIого, тохлъукьего ккараб жо: жиндир къасдго гьечIого абураб рагIиялда релълъун. Цинги Аллагьас гьесул керен исламалъе рагьана: гьев къурайшиязда гьоркьов къадру бугев ва къуват бугев чи вукIана, гьесда Асадуллагь абун цIарги лъуна. ай, Аллагьасул гъалбацI. Гьес ислам босана авараглъи кьуралдаса анлъабилеб соналъул зулхIижат моцIалъ.

## إسلام عمر رضى الله عنه

**Жинда Аллагь разилъаяв ГIумарица ислам боси**

Жинда Аллагь разилъаяв ХIамзатица ислам босаралдаса лъабго къо индалго ХатIабил вас ГIумарицаги ислам босана. Ислам босилелде цеве гьев цIакъ бусурбабазде ццим бугев вукIана. Цо сордоялъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас КагIбаялда аскIоб как балеб мехалъ, ГIумар балъгого гIенеккана гьес цIалулеб Къуръаналда. Гьесул рекIелъе асар лъугьана гьеб хIакъаб жо букIиналъул, кинниги ГIумар жиндирго инкаралда чIана.

Дагьабго мехалдаса жинда Аллагь разилъаяв ГIумар бахъун хвлченгун Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь чIвазеян къватIиве вахъана. Гьесда данде ккарав чияс абуна мун киве унев вугев, я ГIумар абун. Гьес абуна дие бокьун буго МухIаммад чIвазеян абун. Дов чияс абуна: Дуца МухIаммад чIвараб мехалъ мун Банугьашимиял ва Банузугьратияздаса кин цIунулев абун. ГIумарица абуна дида мунги умумузул диналдаса вуссун вугин кколаян абун. Дов чияс абуна: «Дица дуда цо гIажаибаб жо бицинищ я ГIумар, дур яцги дурцги руссун руго умумузул диналдаса» - абун.

Цинги ГIумар цIакъ ццин бахъун ана дозул рукъалда аскIов щвезегIан: гьезда аскIов жинда Аллагь разилъаяв Хабаб бину аль-Арат вукIана жинца сурату ТIагьа тIаде хъвараб кагъат цIалулев. ГIумар вачIунев вукIин лъадалго Хабаб рокъов жанивго вахчана, гьесул яцалъ Къуръан тIаде хъвараб кагъатги бахчана. ГIумарица абуна: щиб бугеб нуж диналдаса гьетIизарураб жо абун. Гьесул дурцас абуна: Я ГIумар, дур дин гурелда жаниб хIакъаб жо батаниги (*бегьиларищ ниж гьетIизе*) абун. Цинги ГIумарил цIакъго ццин бахъана: гьес кутакалда къабун дурц гIодове ккезавуна. Гьесул яцалъ ГIумар росасдаса нахъе цIана. Гьелдаги квералъ тункун ГIумарица гьумералда ругъун гьабуна. Гьелъулги ццин бахъана ва гьелъ абуна: «Я ГIумар, дур дин гуреб жоялъулъ хIакъаб жо батаниги

*(бегьиларищ гьеб босизе)* Дица нугІлъи гьабула цохІо Аллагь гурев жиндие гІибадат гьабизе тІадав цоги алагь гьечІо абун, МухІаммадги Аллагьасул расул вуго абун».

ГІумарил хьул къотІана гьел диналдаса руссинаризе кІвеялдаса, гьев жинца гьабураб ишалда пашманлъана ва нечана. Гьес абуна дихъе кье гьеб нужехъе бугеб кагъат, дица гьеб цІализеян абун. Яцалъ абуна: «Мун чорокав чи вуго, гьеб кагъаталда рацІцІадал чагІаз гурони квер хъатІуларо, мун тІаде вахъа ва черх чуре» - абун. ГІумарица тІадеги вахъун черх чурана. Цинги кодобе босун кагъат цІалана **بسم الله الرحمن الرحيم** – абун. ГІумарица абуна: «ЦІакъ рацІцІадал, лъикІал цІарал руго гьал» - абун. Хадубги ТІа - гьа цІалана ТІадегІанав Аллагьасул рагІиялда щвезегІан:

**ХІакълъунго дун Аллагь вуго, дун гурев цоги Аллагь гьечІев, нужеца дие гьабе гІибадат ва дун рехсон фаризаяб какги бай,** - абун. ГІумарица абуна: «Гьаб каламалъул берцинлъиго щиб, хиралъиги щиб? Дун ваче МухІаммад вугеб бакІалде» - ян абун.

Вахчун вукІараб бакІалдаса цеве вачІун Хабабица абуна: «Дуе рохел буго я ГІумар, дир хьул буго Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас хамис къоялъ гьабураб дугІа дуе букІиналда. Аварагас гьеб сордоялъ дугІа гьабун абун букІана: «Я дир Аллагь, дуца ислам тІадегІан гьабе кІиго чиясул дуе вокьулесдалъун: ХатІабил вас ГІумаридалъун яги Гьишамил вас Абужагьлидалъун» - абун. Цинги Хабабица ГІумарида бицана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Сафа магІарда аскІоб бугеб аль-Аркъамил рокъов вугилан.

Цинги ГІумар гьеб рукъ бугеб бакІалде ана ва нуцІаялда кІутІана. НуцІил кьватІалидаса къватІиве валагьарав чиясе бахъун хвалченгун вугев ГІумар вихьана. Гьеб хабар Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда бицана, гІадамалги данде руссун рачІана. ХІамзатица абуна: Нужее лъугьараб щибан. Гьез абуна ГІумар вачІун вугин абун. ХІамзатица абуна: «ГІумаргийщ вачІун вугев? Гьесие нуцІа рагье: гьев лъикІлъиялъе вачІун ватани нилъеца гьесиеги лъикІлъи гьабила, гьев квешлъи бокьун вачІун ватани нилъеца

гьев жиндирго хвалченалъ чIвала» - ян абун. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь гьеб гIужалъ жинда вахIю рещтIун вукIана. ВахIюялдаса вахъиндал аварагас (жиндир хIужрялъув вукIадго) ГIумарил габуралдаса хвалченалъул рохьенгун цадахъ ретIел ккуна ва къуваталда ГIумарги цIан гьес абуна: «Мун чIезе гьечIищ, я ГIумар, Аллагьас дуда аль-Валид бину аль- Мугъиратида рещтIинабураб гIадаб гIодогIанлъи ва хIинкъи рещтIинабун гурони?» – абун. Хадуб аварагас абуна: «Я дир Аллагь, гьав ГIумар бину ХатIаб вуго. Дуца ислам тIадегIан гьабе ХатIабил вас ГIумаридалъун» - абун. Цинги ГIумарица Аллагь цо гьавун шагьадат битIана, мунги Аллагьасул расул вугин абуна. Гьеб рокъор рукIараз цIакъ роххун Аллагьуакбар абуна, гьеб гьаракь Масжидул хIарамалда рукIарал гIадамаздаги рагIана.

## ردة فعل المشركين على إسلام عمر

### ГIумарица ислам босиналъе мушриказул жаваб

Жинда Аллагь разилъаяв ГIумар лебалав, нахъе къай гьечечIев, ракIалда ккараб жо гьабулев чи вукIана. Жинца ислам босидалго гьев ана бищунго аварагасул ва бусурбабазул квешав тушман Абужагьлихъе. Гьесул нуцIаялда кIутIидалго Абужагьал къватIиве ваккана ва мархIаба ГIумар, мун щиб жоялъе вачIараван абуна. ГIумарица абуна: «Дун духъе вачIана дица Аллагьасдаги гьесул расул МухIаммадидаги иман лъей бицине» - абун. Абужагьлица гьесда цебе нуцIа къана ва Аллагьас мун къабихI гьавеги, мун жиндалъун вачIараб жоги къабихI гьабегиян абуна.

Цинги ГIумар жиндир эбелалъул вац аль-ГIас бину Гьишамихъе ана, гьесдаги жинца ислам босараблъи лъазабуна. Гьевги жиндирго рокъов жанив лъугьана. Хадув ГIумар Жамил бину ГIамри аль-ЖахIмиясухъе ана: гьев вукIана къурайшазда гьоркьов хехго хабар тIобитIизабулев чи. Гьесдаги жинца ислам босараблъи бициндал Жамил цIакъ кIудияб гьаракьалдалъун ахIана Ибну ХатIаб диналдаса гьетIун вугин абун. ГIумарица абуна: дуца гьереси бицана, дица ислам босана

абун. Цинги къурайшиял ГІумарида рагъизе журана: гьел рагъулел хутІана бакъ зоб бакьулъе щвезегІан.

Жинда Аллагь разилъаяв ГІумар жиндир рокъове индал гьенирги хадур рачІун къурайшияз гьев чІвазе къасд гьабулеб букІана: гьезул гІемерлъиялъ кІкІал цІун букІана. Цинги ГІумар ас-Сагьмияв аль-ГІас бину Ваилихъе вачІана: гьев Банусагьмилазул чи вукІана, ГІумар асхІабасул къавм Бану ГІадиязулгун къотІи бугел. Гьесда тІаде ретІун хирияб хамил ретІелги букІана. аль-ГІасица абуна дуе лъугьараб щибан, - абун. ГІумарица абуна дур къавмалъ дун чІвазехъин вугин дица ислам босунан абун. Аль-ГІасица абуна гьеб жо букІине гьечІоян абун. Аль-ГІас къватІиве вахъиндал гьесда кІкІал цІун гІадамал рихьана. Нуж кире рахъаралин гьикъидал гьез абуна гьав ХатІабил вас диналдаса гьетІун вугоян абун. Аль-ГІасица абуна нужее гьесда тІаде нух гьечІоян абун. *(ай дица гьев цІунун вуго)*. Цинги гьел гІадамал нахъе ана.

## عزة الإسلام والمسلمين بإسلام عمر

### ГІумар асхІабас ислам босиналдалъун ислам ва бусурбаби тІадегІанлъи

Жинда Аллагь разилъаяв ГІумарица ислам босиналдалъун бусурбабазе кІудияб къуват ва тІадегІанлъи бачІана. Гьелдаса цебе бусурбабаз как балъго балеб букІана. ГІумарица ислам босидал гьес абуна: «Я расулаллагьи, нилъ хІакъаб жоялда гьечІищ, нилъ чІаго хутІаниги, хваниги» - абун. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас ругоян абуна. ГІумарица абуна: «Цинги щиб жоялъе гІоло нилъ рахчун ругел. Мун хІакъаб жоялдалъун витІарав Аллагьасдалъун гьедула дун: нилъ къватІире рахъизе руго» - ян абун. Цинги бусурбаби кІиго мухъ гьабун къватІире рахъана: цо мухъалда цеве ХІамзат вукІана, цогидаб мухъалда цеве ГІумар вукІана. Гьезул *(Аллагь рехсеялъул)* гьаракьги букІана ххенолеб гьобоялъул гІадаб. Гьедин жал рилълъана Масжидул хІарамалда жанир лъугьинегІан. Гьеб кІиябго мухъалда ва гьезда цере ругел

ХIамзат ва ГIумарида балагьидал къурайшияздa цIакъ кIудияб захIмалъи щвана, гьелда релълъараб жидеда щун букIинчIеб. Гьединлъидал ГIумарида цIар тана аль-Фарукъ абун. *(хIакъаб ва батIулаб жо жинца батIа гьабулев).*

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнумасгIудица абуна: «*ГIумар асхIабас ислам босаралдаса ниж кидаго тIадегIанал рукIана. Гьес ислам босинегIан нижеда КагIбаялда аскIоб как базе кIолеб букIинчIо*» - абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Сугьайбица абуна: «*ГIумарица ислам босидалго ислам загьирлъана, загьиралдаго исламалдаги ахIана, КагIбаялда сверухъ горал гьарун ниж гIодорги чIана, нижеца КагIбаялда тIавапги гьабуна, нижее къварилъи гьабурасдаса рецIелги босана, гьес гьабуралда релълъаралдалъун гьесие жавабги кьуна*» - абун.

## عرض الرغائب والمغريات

**Дунялалъул рокьулел жалаздалъун расулуллагь гуккине къасд гьаби**

Мушриказда бихьидал жидеда Аллагь разилъаял ХIамзатица ва ГIумарица ислам босун хадуб бусурбабазул къуват ва гуч цIикIкIараблъи, гьел данделъана щибдай жидеца гьабилеб Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасул ва бусурбабазул хIакъалъулъ абун.

ГIутбат бину РабигIат аль-ГIабшами абулев чияс абуна, гьев вукIана жиндир къавмалда жанив сайидлъун ва жиндир рагIи босулевлъунги: «Я къурайшиязул жамагIат! Дун инищ МухIаммадихъе, гьесда кIалъазе ва гьесие цо-цо иш баккинабун гьев разилъуладаян валагьизе. Гьес дица бицараб жо къабул гьабуни нилъеца гьесие гьеб кьела, гьевги нилъее зарал гьабиялдаса ккун чIела» - абун. Къурайшияз абуна: битIун буго, я Абулвалид, мун гьесухъе а ва гьевгун кIалъаеян абун.

Цинги ГIутбат бину РабигIат аварагасухъе ана. Гьесда Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь масжидалда жанив цохIого ватана. Гьес абуна: «Я дир вацасул вас, мун дудаги лъалеб хIалалъ нижеда гьоркьов насаб-тухумалъул рахъалъан

лъикIаздасан вуго. Мун дур къавмалъухъе вачIун вуго цIакъ кIудияб амруги босун: гьелдалъул къавмалъул цолъи бихxинабураб, гьез бицулеб жоги гIададалаблъун гьабураб, гьезул диналдаги алагьзабадаги гIайибги чIвараб, гьезул церехун арал умумуздаги инкар ккураб. Мун дида гIенекке: дица дуда цере цо ишал лъезе руго, дуца гьезул цоялниги къабул гьаризе бегьила» - абун. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна мун кIалъай, Абулвалид, дун дуда гIенеккилаян абун.

Гьес абуна: «Я дир вацасул вас, мун жиндалъун вачIараб гьаб ишалдалъун дуе боцIи бокьун батани нижеца дуе боцIи данде гьабила мун нижер бищун бечедавлъун вукIунеб хIалалъ. Дуе гьелдалъун хиралъи бокьун батани нижеца мун нижер сайидлъун гьавила, дуда дандбачIого (мунгун ургъичIого) щибго жо нижеца гьабулареб хIалалъ. Дуе гьелдалъун ханлъи бокьун батани нижеца мун нижер ханлъун гьавила. Дуе гьелдалъун гьава-нафсалъул хIажат тIубай бокьун батани дуца тIаса рищарал анцIго къурайшиязул руччабиги дуе кьела. Гьеб духъе бачIунеб жо дуда жиб нахъе чIвазе кIолареб жин батани, нижеца дуе нижер боцIи-мал кьун дару тIалаб гьабила, мун гьелдаса сах гьавизе. Цо-цо мехалъ инсанасда жин нахъ билълъуна, гьелдаса дару гьабун гьев чи сах гьавизегIан» - абун.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь абуна: «Мун рагIи бицун лъугьанищ я Абулвалид» - абун. Гьес лъугьанаян абидал, аварагас абуна: гьанже дидаги гIенеккеян абун. Абулвалидица гIенеккилин абидал, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Къуръан цIалана:

**I. ХIа, Мим.** ТIадегIанав Аллагьасда лъала жиндир мурад гьаб кIиго рагIи абиялдалъун бугеб.

**2. Гьаб хирияб Къуръан буго жив гурхIулев, жиндир гурхIел-рахIму гIемерав Аллагьас рещтIине гьабураб гьесул азалияб калам.** Гьеб Къуръан рещтIине гьабиги кIудияб рахIмат ва нигIмат буго. жиндир лагъзадерие бугеб. Жиб тIаса унареб, Къиямасеб къо щвезегIан жинца умматал хIакъаб диналде ахIулеб.

**3. Жиндир аятал баян гьаруаб,** жинда жанир дунялалъул ва диналъул маслихIат бицараб, **жиндир магIна баянаб, мацI пасихIаб, хIукмаби ва къиссаби загьираб Аллагьасул калам буго. ГIараб мацIалда жиб цIалулеб. Жидеца пикру гьабулел ва жидер гIелму-**

**гIакълу бугел гIадамазда жиндир магIна бичIчIунеб ва жиндица гьелдаса вагIза босулеб.** Жидер ракIазулъ иманалъул нур бугел гIадамазул ракIелъе жиб лъугьунеб ва гьеб иманалъул нур жиндалъун цIикIкIунеб Аллагьасул калам буго гьаб Къуръан. Жидер ракIазда тIад куфру-ширкалъул мугьру чIварал гIадамазда гьеб Къуръан бичIчIунаро ва гьезул рекIелъе гьеб лъугьунаро.

**4. Аллагьасда иман лъурал муъминзабазда алжаналъул рохел бицунеб буго. Аллагьасдаги гьесул аварагзабаздаги гIасилъарал гIадамазе жужахIалъул гIазабалдалъун жинца хIинкъи кьолебги буго.** Гьединаб баянаб калам бугониги, жидеда лъалеб жиб пасихIаб гIараб мацIалъ цIалулеб бугониги, **гIемерисел мушрикал гьеб Къуръаналдаса руссана. Гьезда гьеб рагIулебго гьечIо ва жидеца гьелъул пикру гьабулеб гьечIо.**

**5. Къуръаналда гIенеккизе чIухIун гьез абуна: «Гьеб дуца ниж жинда ахIулеб дин нижер ракIазулъе лъугьунаро, гьезда тIад бицщатаб хъал буго. Нижер гIундулги гьеб Къуръан рагIиялдаса гIинкъал руго. Дудаги нижедаги гьоркьоб пардав буго, жинца нилъ цоцада ричIчIизе толареб.** Ниж руго нижер умумузул диналда ругел гIадамал, дуца ниж ахIулел руго нижеда лъалареб цIияб диналде. **Дуца дурго гIамал гьабе:** дурго дин гьабе ва дуда гIенеккаразе гьебги бице**. Ниж нижерго дин гьабулел руго» - абун.**

Сурату фуссилат, I-5 аятал:

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас хадубги Къуръан цIалана, Абувалид гьелдаги гIенеккун мугъалда нахъе кIиябго кверги лъун, гьезда тIаде ваччун вукIана. Расулуллагь Къуръан цIалун гьаб аяталда щведалго:

**Дуца цIалараб Къуръаналдасаги дур дагIваталдасаги гьел капурзаби руссун чIани дуца гьезда абе, МухIаммад, дица нужее хIинкъи кьуна нужеда щвезе бугеб гIазабалдалъун. Нужедаса цере рукIарал ГIадилазде ва Самудиязде щвараб гIадаб гIазаб нужедаги щвезе бегьула** нужеца тавбу гьабичIони ва Аллагь цо гьавун гьесие гIибадат гьабиялде нуж руссинчIони» - абун. Абувалидица аварагасул кIалалда квер лъуна ва Алагьасдалъунги, жидеда гьоркьоб бугеб гIагарлъиялъулаб гурхIел-рахIмуялдалъунги гьарана гьеб гIазаб тIаде ккеялда хIинкъун *«Пела гьанже»* - янги абуна. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас сужда бугеб аяталда щвезегIанги сурат цIалана, цинги суждаги гьабуна. Гьес абуна дуда рагIанищ, я Абулвалид абун. Гьес рагIанаян

абидал аварагас абуна: «Гьелеха мунги дуе бугеб жавабги» - абун.

Цинги ГIутбат бину РабигIат жиндир асхIабзабахъе ана. Гьев вихьаравго гьезул цояз цогидаздехун абуна: «Валлагьи, Абувалид нужехъе вачIунев вуго нужеда аскIосан унеб мехалъ букIараб гуреб гьумералдалъун» - абун.

Гьев жидеда аскIов гIодов чIедал гьез абуна духъ бугеб хабарго щиб, я Абулвалид абун. Гьес абуна: «Дихъ бугеб хабар гьадинаб буго: Валлагьи, дида рагIана гьанжелъизегIан дида рагIичIеб калам. Валлагьи, гьеб жо шигIру гьечIо, сихIруги гьечIо, кагьанатазул хабарги гьечIо. Я къурайшиязул жамагIат! Нуж дида мутIигIлъе, гьеб мутIигIлъи дие гьабе: гьав чиги гьес гьабулеб ишги букIухъин те, нуж гьесдаса дорегIан чIа. Валлагьи, гьесдаса дида рагIараб каламалъе цIакъ кIудияб загьирлъи букIине буго. Гьев МухIаммад цогидал гIарабияз чIезавуни нуж цогидаздалъун гьесдаса гIей гIабарал рукIина. Гьев бергьун тIадегIанлъани гьебги нужее бугеб тIадегIанлъи буго, гьесие бугеб ханлъиги нужее бугеб буго, нужги гьев сабаблъун бищунго бахьи бугел гIадамал рукIине руго» – абун.

Абувалидица бицараб жоялда данде къурайшияз абуна: «Валлагьи, дуе гьес сихIру гьабун буго, я Абулвалид» - абун. Гьес абуна, гьаб бугин дир гIакълу МухIаммадил хIакъалъулъ, нужеца нужеего бокьараб жо гьабеян абун.

## مساومات وتنازلات

### диналъулъ цо-цазе ирга (очередь) гьабиялде ва диналдаса цо-цо жо хисизабиялде ахIи

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул хьул лъезабизе яги гьев гуккизеян ургъараб мушриказул хIилла бергьичIелъул, гьез пикру гьабуна диналда жаниб ирга гьабиялда авараг ахIизе. Гьез аварагасда абуна: нижеца дуда цебе лъолеб буго дуе цIакъ пайда бугеб иш абун. Аварагас абуна щибха гьеб абун. Мушриказ абуна: «Нижер алагьзабазе лагълъи гьабизе буго цо соналъ. Цинги дур Аллагьасеги лагълъи гьабизе буго цо соналъ. Нижер битIараб диналда ратани

дуеги гьелъул цо бутIа щвела, мун хIакъаб диналда ватани нижееги цо бутIа щвела» - абун. Цинги ТIадегIанав Аллагьас аль-Кафируна сурат рещтIинабуна:

**I. Дуца абе МухIаммад: Я гьал Аллагьасда инкар ккурал гIадамал!**

**2. Дица лагълъи гьабулеб гьечIо нужеца жидее лагълъи гьабулел алагьзабазе.**

**3. Нужецаги лагълъи гьабулеб гьечIо дица жиндие лагълъи гьабулев Аллагьасе.**

**4. Дица кидаго лагълъи гьабизе гьечIо нужеца жидее лагълъи гьабулел алагьзабазе.**

**5. Нужецаги лагълъи гьабизе гьечIо дица жиндие лагълъи гьабулев Аллагьасе.**

**6. Нужее буго нужер дин:** Аллагьасда ширк гьабун хъанчазе лагълъи гьаби**. Дие буго дир дин:** Аллагь цо гьавун гьесие гIибадат бацIцIад гьаби**.** Нужерги дирги дин кидаго цоцаде тушманлъи бугеб буго.

Цоги Аллагьас рещтIинабуна:

**Дуца абе МухIаммад: Нужеца дида амруйщ гьабулеб, я гьаб жагьилаб къавм, Аллагь гуресе дица гIибадат гьабеян абун.**

**Дуца абе МухIаммад***: (Аллагьас)* **дида лъазабун буго дица Аллагьасеги гьабичIого мушриказ жидее лагълъи гьабулел алагьзабазе лагълъи гьабугеян абун.**

Мушриказе бокьун букIана аварагасдаги жидедаги гьоркьоб бугеб хилаф тIагIинабизе: гьезул хьул букIана ГIутбат бину РабигIатица бицараб жо лъугьиналда: Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул дин ракьалда бергьани гьеб жидерги бергьенлъи букIине. Гьез жегиги аварагасе тIокIлъи бугеб, ва живго аварагас цебе лъураб иш къабул гьабизе пикру гьабуна, гьебгун цадахъ аварагасде вахIю гьабураб цо-цо жо хисизаби тIалаб гьабуна. Гьез абуна;

**Мун вачIа гьаб гуреб цоги Къуръан босун, яги гьелда бугеб жо хисизабе, -ян абун.**

Цинги Аллагас расулуллагьасда амру гьабун абуна:

**Дуца гьезда абе МухIаммад, дун дие бокьараб жо гьабулев чи гьечIо ва дица гьеб Къуръанги хисизабуларо. Дун нахъвилълъарав вуго Аллагьас дида вахIю гьабураб жоялда.** Дун вуго Аллагьасул амру тIубалев гьесул лагъ ва халкъалда гьесул рисалат щвезабулев расул. **Дун къиямасеб къоялъ БетIергьан Аллагьасул гIазаб щвеялда хIинкъула дица гьесул амруялда гIисилъи гьабуни.** сура Юнус, I5 аят.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь гьаб амруялда тӀад чӀей чара гьечӀеб иш букӀин баян гьабун ТӀадегӀанав Аллагьас цоги абуна:

**Гьел мушриказда кӀун букӀарабани МухӀаммад ﷺ, дица дуда рештӀинабураб амру-нагьюялъул цониги жо дуда тезабизе ва мун гьезие бокьараб жоялда вуссине гьавизе,** Дица малъулъараб жоги тун дица вахӀю гьабичӀеб амру гьабизе мун тӀамизе, **цинги гьез мун гьудуллъун кквезе вукӀана.**

**Дица мун гьезул макруялдаса цӀунун хӀакъаб жоялда чӀезавун гурони, мун гьезие бокьараб жо гьабизе гӀагарлъун вукӀана.** Гьез иман лъеялда хьул лъун ва гьел дуда нахърилъльиналда божун.

**Мун гьел мушриказ бицараб жоялда божун гьезул мурадазда хадвув унев вукӀаравани ва дуца мунагь хатӀаги гьабулеб букӀарабани, дуе дунялалдаги ахираталдаги гьабулеб гӀазаб цогидазе гьабулеб кӀигогӀан цӀикӀкӀун букӀинаан, дудасан гӀазаб нахъчӀвазе кӀолев чиги вукӀинароан.**

**Гьел мушрикал хӀадурун рукӀана ва гӀагарлъунги рукӀана жидеца мун Маккаялдаса къватӀив къотӀизе. Унгого гьез мун къватӀив къотӀун вукӀаравани гьел цӀакъ дагьаб мехалъ гурони дудаса хадур гьеб ракьалда хутӀулароан.** Аллагьас ﷻ гьел гьалаг гьаризе рукӀана цогидал умматаз жидер аварагзаби жидеда гьоркьоса къватӀире къотӀараб мехалъ гьел гьалаг гьарураб гӀадин. Аллагьас гьукъана мушрикал гьезул мурад тӀубазабизе ва жиндир цӀараб заман щвараб мехалъ Аллагьас ﷻ аварагасе ﷺ изну кьуна гьижра гьабун Мадинаялда ине.

Сура исраъ, 72-75 аят.

Гьаб къвакӀараб хӀалалъ аварағ чӀедалго мушриказда бичӀана гьев Аллагьасул диналда халкъ ахӀулев чи вукӀин ва жидергун даран-базар гьабун диналъулъ махсараби гьарулев чи гьечӀеблъиги. Гьеб жидер пикру битӀараб букӀин лъазе гӀоло мушриказ цоги иш гьабуна. Гьез ягьудиязул гӀалимазухъе аварагасул кинал гӀаламатал *(тӀабигӀатал)* рукӀунелин гьикъизе ритӀана. Ягьудияз абуна: «Нужеца гьесда лъабго жоялдаса гьикъе, гьелъие жаваб кьуни гьев Аллагьас витӀарав расул вуго, кьечӀони жинцаго ургъун жо бицунев вуго. Гьесда гьикъе цебего заманалъ рукӀарал гӀолохъабазул хабар: гьезул щиб къисса бугеб абун, хӀакълъунго гьезул гӀажаибаб къисса буго. Цоги нужеца гьикъе машрикъ-магърибалда гьоркьов жив хьвадарав чиясул хабар щиб букӀарабан абун. Цоги нужеца гьесда гьикъе рухӀ щиб жо бугеб абун».

Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда къурайшиязул къадру кIудиял гIадамаз гьел суалал гьикъана. ТIадегIанав Аллагьас сурату аль-Кагьфи рещтIинабун асхIабулкагьфи жидеда абулел дол гIолохъабазул хабар бицана, машрикъ-магърибалда гьоркьов ханлъун вукIарав Зуль-къарнайнил хабарги бицана. РухI щиб жо кколеб абураб суалалъе жаваб гьабун Аллагьас аят рещтIана:

**Дуда мушриказ гьикъулеб буго МухIаммад ﷺ, рухI щиб жо абун.** Киб гьеб бугеб? Кин гьеб букIунеб? - абун. **Дуца абе: «Гьеб рухIалъул амру ва гьелъул хIакъикъат Аллагьасда ﷻ аскIоб буго. Гьес нужее кьураб гIелмуги цIакъ дагьаб жо буго» - абун.** Жинда аскIоб тараб, нужеда лъалареб гIелму Аллагьасул цIакъго гIемераб буго. Гьеб гIелмуяда гьоркьоб буго гьаб рухIалъул хIакъикъат лъайги.

Сурату исраъ, 85 аят.

Къурайшиял жидее хIакъаб жо лъазе бокьун рукIаралани гьаб хIалбихьи гIезе букIана гьезда МухIаммад, Аллагьасул свалат-салам лъеяв, хIакъав расулуллагь вукIин лъазе. Кинниги гьел зулмучагIи куфруялда жанир жеги цIикIкIана.

Жидее авараглъиялъул хIакъал гIаламатал рихьидал гьез аварагасдехун цодагьабго хIал рекъезабиялда къасд гьабуна. Гьез абуна: ниж гIенеккила дуца бицунеб жоялда, амма ниже хассаб мажлис гьабе абун. Гьел къурайшиязул ханзаби ва Макка шагьаралъул кIудиялги рукIиндал, гьезие гIодогIанлъи букIана ислам босарал лагъзалгун ва мискинзабигун цо мажлисалда гIодор рукIин. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь гьез абураб жоялда разилъизехъин вукIана: Къурайшиязул бищунго къадру кIудияз иман лъезе бокьун. Амма ТIадегIанав Аллагьас гьев нахъчIвана гьеб ишалдаса. Аллагьас аят рещтIинабуна:

**Дуца дуда аскIосан нахъе къотIуге жидеца радалги бакъанидаги Аллагь ﷻ рехсолел, гьев разилъи тIалаб гьабун гIибадатги гьабулел муъминзаби. Дуе щибго мунагь, яги къварилъи букIине гьечIо гьел муъминзабаз квешаб гIамал гьабунин абун. Ва дуца гьабураб гIамалалъул хIисаб гьездаги букIине гьечIо. Дуца гьел загIипал муъминзаби рикIкIад гьаруни, мун Аллагьасул ﷻ амруялда хилиплъулездаса вукIина.** Сура АнгIам, 52 аят.

Гьаб рагIи Аллагьас ﷻ абулеб буго нилъеда шаргIияб хIукму лъазе. ТIадегIанав Аллагьасда лъала хирияв аварагас ﷺ гьел муъминзаби нахъе къотIулареблъи.

## الاستعجال بالعذاب :

### Къурайшияз жидеда гIазаб рещтIинабеян аби

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас мушриказе цо-цо мехалъ хIинкъи кьолеб букIана жинда хилиплъун чIани гьезие Аллагьас гIазаб гьабилин абун. Аварагас хIинкъи кьун щинахъе гIазаб бачIинчIелъул мушриказ авараг махсароде гьавун ва гьесда инкар ккун вачIаха мун дурго гIазабги бачунан абулеб букIана. Гьез бихьизабулеб букIана жидее аварагасул хIинкъи кьеялъ асар гьабичIеблъи ва жал гьесда божулареблъиги. ТIадегIанав Аллагьас мушриказ жидее гIазаб хех гьаби тIалаб гьабиялъул хIакъалъулъ аятал рещтIинаруна:

**Мушриказ дудаса тIалаб гьабулеб буго МухIаммад ﷺ, мун жидее гьабулеб гIазаб бачун хехго вачIа абун.** Дуда божичIого, мун махсароде гьавун абулеб рагIи буго гьеб. **Ва амма Аллагьасул къотIи хIакъаб буго ва гьел мушриказе Аллагьас ﷻ гIазаб гьабизе буго.** Гьеб гIазаб гьабизе цIараб заман ва къадар гьабураб гIуж букIуна БетIергьан Аллагьасул.

**ТIадегIанав Аллагьасе цохIо къогIадин дагьаб жо буго нужеца азарго сонлъун рикIкIунеб заманги.** Гьедин бугелъул Аллагь ﷻ гIедегIуларо гIазаб гьабизе. Гьесул рахIмат цIикIкIараб буго. Сабру кIудияб буго. Хасго муъминзабазе гIазаб хех гьабуларев, гьезие тавбу гьабизе заман кьолев вуго БетIергьан Аллагь ﷻ.

сурату аль-ХIаж, 47 аят.

Цоги аят буго:

**Мушриказ тIалаб гьабулеб буго МухIаммад ﷺ, мун жидее гьабулеб гIазаб бачун хехго вачIаян абун. ХIакълъунго, жагьаннама** жиндир гIазабалдалъун **капурзабазда сверун лъугьунеб буго:** гьезие Аллагьас гIазаб гьабизе букIинги щибго шаклъи гьечIеб амру буго.

сурату аль-ГIанкабути, 54 аят:

Гьединго ТIадегIанав Аллагьас сурату ан-НахIлиялда абулеб буго (45-47 аятал):

**Гьаб ракьалда тIад квешаб макру ва пасалъи гьабулел гIадамал божунищ ругел Аллагьас ﷻ гьел ракьалда кквезарун гьалаг**

**гьариларин абун, яги цоги гьезда ракIалдаго гьечIеб рахъалълъан жидеде гIазаб бачIинарин абун.**

**Яги Аллагьасул ﷺ гIазабалъ жал кколаро абун божунищ ругел жидер сапарада араб бакIалда, даран-базар гьабулеб бакIалдаги. Кир ругониги гьел Аллагьасде гIасиял, аварагасе макру гьабулел гIадамал гьесул гIазабалдаса рорчIизе гьечIо.**

**Яги гьел божунищ ругел жидеда гIазаб щвеладай абун хIинкъун, гьелда хъаравуллъи ккун жал ругеб мехалъ жидеда Аллагьасул ﷺ гIазаб щвеларо абун.** Гьаб кIиго аяталъул хIасил буго: Жидеда гIазаб-къварилъи щвеларо абун божун рукIаниги, яги гIазаб щвеладай абун хIинкъун, гьелъие хъаравуллъи ккун рукIаниги, гьезие гIазаб гьабизе Аллагьасе бокьараб мехалъ гьеб гIазаб гьезда щвезе буго абураб.

**ХIакълъунго нужер БетIергьан Аллагь ﷻ, я гьал муъминзаби, жив гурхIулев, жиндие муъминзаби рокьулев вуго.** Гьединго капурзабаздаги гурхIулев вуго Аллагь гьезие гIазаб гьабичIого, гьел нахърахъун тун, тавбу гьабилародай, иман лъелародай абун.

Цогиги мушриказ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда къецандун гьесдаса тIалаб гьабулеб жоялдаса букIана жидее мугIжизат бихьизаби ва гIадат билълъараб гуреб жо бихьизабиги. Гьебги мушриказул инкар кквей загьир гьабун ва авараг гIажиз гьави бокьун гьарулел пишаби рукIана. Гьезие жаваб гьабунги Аллагьас аятал рещтIинаруна ва жиндир нух ва гIадат кин букIунеб бицана: *ай, цо гIадамаз тIалаб гьабунин абун Аллагьас мугIжизат ва гIадат билълъараб гуреб жо бихьизабуларо.*

Гьанир рицарал мисалал руго Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда ва гьесул дагIваталда данде, гьеб дагIват ва рисалат цебе ине теларин абун мушриказ хIалтIизарурал тушманлъиялъул батIи-батIиял къагIидаби рицараб. Мушриказ жидер цо иш цебе инчIеб мехалъ цIияб дагIба цIехолаан ва цоги хIилла-макроги ургъулаан: гьез цин къвакIи бихьизабун, гьелъул жо ккечIелъул тамахлъи бихьизабун, цин къецандун, цинги ирга-очередь ургъун, цин хIинкъизавизе къасд гьабун, цинги лъикIаб бицун хьул лъезабиялде вачун, - гIемер батIиял нухал хIалтIизаруна аварагасде ва гьесул дагIваталде данде. Ахир-къадги мушриказда бичIчIана жидер иш цебе унареблъи ва ахираб нух букIана хвалченалдалъун хIукму гьаби. Гьанибги мушриказда лъалаан хвалченалдалъун жегиги рикьи ва

тушманлъи цIикIкIун гуреб цоги пайда лъугьунареблъи. Гьедин гьабизесеб жо лъачIого хIайранлъун хутIана къурайшиял.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь жидехъе чIвазе кьеян къурайшияз тIалаб гьабидал, цинги Абужагьлица, ГIутбат бину АбумугIитIица ва ГIумар бину ХатIабица аварагасде тушманлъи гьабун гьарурал ишалги рихьидал, АбутIалибица киналго Банугьашимиял ва БанумутIалабиял данде гьаруна ва гьел ахIана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь цIунизе рахъун чIеялде. Гьел киналго АбутIалибил гIакълуялда рекъана ва цохIо Абулагьаб хутIинегIан Аварагасул рахъалде чIана: ислам босарал ва ислам босичIел батIалъи гьечIого. Абулагьаб къурайшиялгун цадахъ чIана.

## <u>المقا طعة العامة وفرض الحصار</u>

**Банугьашимиял ва БанулмутIалибиял киназго реххун тей ва гьезулгун даран-базар гьукъи**

Мушриказул хIайранлъи цIакъго цIикIкIана гьезул киналго хIиллаби цере инчIелъул ва Банугьашимиял ва БанумутIалабиял авараг цIунизе рахъун чIедал. Гьел Банукинанатазул бакIалда данделъана гьаб рес къотIараб хIалалъул бахIс гьабизе ва гьелъие цо хIукмуги гьабизе. Къурайшиял гIемер ургъана, цо-цазда мушавара гьабуна, ахир-къадги гьез цо-цазе гьа бан хIукму гьабуна:

= гьез ригьин гьабичIого букIине Банугьашимиял ва БанумутIалабилазулгун.

= гьезулгун даран-базарги гьабичIого букIине.

= гьезда аскIор гIодор чIечIого рукIине, гьелгун журачIого рукIине.

= гьелгун кIалъачIого рукIине ва гьезул рукъзабахъ лъугьинчIого рукIине.

= гьезулгун кидаго маслихIат гьабичIого букIине ва гьезда кинабгIаги гурхIел гьабичIого букIине, гьез жидехъе чIвазе Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь кьезегIан.

Гьаб хIукмуялъе гьаялги гьедун, гьеб тIад хъвараб кагъатги КагIба рукъалда жаниб магIида бана. Гьеб хIукму хъварав чи

вукIана Бугъайз бину ГIамир Бину Гьашим. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас дугIа гьабун гьесул квер, яги килщал ракъванаянги абуна.

Цинги киналго Банугьашимиял ва БанумутIалабиял: бусурбаби ва капурал батIа гьечIого АбутIалибил ракьалде ана. Къурайшияз гьезда тIаде квен-тIех унел киналго нухал къана, гьезулгун даран-базарги гьукъана. Ракъи-къеч бергьун, гъутIбузул тIамах ва бакъвараб цIоко кванаялда ирга щвана, лъималазул ва руччабазул ракъун гIодулеб гьаракьги борхана. ЦIакъго балъго гьабун гурони гьезухъе квен-тIех щвезабулеб хIал букIинчIо. Жиндир инсул яц Хадижатие ХIаким бину ХIизамица бугIа щвезабулаан.

Рагъ хIарам гьабурал моцIаз гурони гьезие къватIире рахъине ихтияр букIинчIо. Гьеб мехалъ къватIисан рачIунел къапилабазухъа рес рекъараб тIагIам бичун босулаан. Маккаялъул агьлуялъ гьезие бичулеб жоялъул багьа тIаде борхизабулаан: гьезда босизего кIолареб хIалалъ.

Гьаб захIматаб хIалалъги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Аллагьасул диналде халкъ ахIи толеб букIинчIо. Хасго хIежалъул заманалъ къватIиса рачIунел гIарабиязул къапилабазде данде чIвай гьабулаан.

## <u>نقض الصحيفة وفك الحصار :</u>

**къотIи хъвараб кагъат хвезаби ва гIорхъичIвай тIасса реххи**

ТIадегIанав Аллагьас лъабго сон индалго гьаб тушманлъи ва зулму тIасса инабуна. Гьес Къурайшиязул бищунго къадру бугев щугоясул рекIелъе рехана доб кагъат хвезабиги ва гIорхъаби риччайги. Гьединго Аллагьас ракьул хIапара биччана доб къотIи хъвараб кагъат кваназе ва гьелъ кинабго жо кванана, цохIо Аллагьасул цIар хутIинегIан.

Къурайшиязул бищунго къадру бугев щугоясул цIарал:

=<u>Гьишам бину ГIамрин бину аль-ХIарис</u>, Бану гIамирилазул Луаюл вас. Гьав чи ана <u>Зугьайр бину Абуумаят аль-Махзумиясухъе</u>, гьевги Аллагьасул свалат-салам лъеяв

расулуллагьасул инсул яц ГӀатикатил вас вуго. Цинги дов Гьишам ана <u>МутӀгӀам бину ГӀадийхъе,</u> цинги <u>Абулбухтари бину Гьашимихъе</u> ана, цинги <u>ЗагӀмат бину аль-Асвадихъеги</u> ана.

Гьезул щивасда Гьашимица бицана жидеда гьоркьоб бугеб гӀагарлъи, гьезда гӀайбги чӀвана доб зулмуяб къотӀиялда гьоркьоб гӀахьаллъи гьабиялда. Жинца гьел гьесизаруна доб зулмуяб къотӀи хъвараб кагъат хвезабиялда. Цинги гьел ХатӀмул жухӀум абулеб бакӀалда аскӀор данделъана ва кин гьеб кагъат хвезабиялъул иш гьабилеб абун ургъана *(план бахъана).*

Рогьун хадуб, къурайшиязул гӀадамал КагӀбаялда сверухъ годекӀабахъе данделъидал Зугьайр бину Абуумаят вачӀана берцинаб ретӀелги ретӀун. Гьес КагӀбаялда сверухъ тӀавап гьабуна, цинги гӀадамаздеги вуссун, абуна: «Я Маккаялъул агьлу! Нилъеца тӀагӀамги кваналеб буго, ретӀелги ретӀулеб буго, амма Банугьашимиял ва БанумутӀалабиял гьалаглъулел руго: гьезулгун даран гьабулеб гьечӀо. Валлагьи, дун гӀодове чӀеларо гьеб зулмуяб хӀукму тӀад хъвараб кагъат хвезабун гурони» - абун.

Цинги Абужагьлица абуна: «Дуца гьереси бицунеб буго, Валлагьи гьеб кагъатги хвезабуларо» - абун.

Цинги ЗамгӀатица абуна: «Валлагьи, мун вуго гьереси бицунев, ниж рази рукӀинчӀо гьеб кагъат хъвазе дуца гьеб хъвалеб мехалъго» - абун.

Цинги Абулбухтарицаги абуна: «ЗагӀматица битӀараб бицунеб буго: ниж рази гьечӀо гьеб кагъаталда хъвараб жоялда ва нижеца гьеб ритӀухъ гьабуларо» - ян абун.

Цинги МутӀгӀам бину ГӀадийицаги абуна: «Гьав кӀиясго бицунеб жо битӀараб буго, цоги батӀияб жо бицаравги гьересияв вуго. Ниж Аллагьасде руссарал руго гьеб кагътида хъвараб жоялдаса» - ян абун. Гьес бицараб жо ритӀухъ гьабун Гьишам бину ГӀамриги кӀалъана.

Цинги Абужагьлица абуна: «Гьаб иш буго релъедалго ургъараб, гьаб бакӀалде гуреб *(цоги бакӀалда)* жиндилъ мушавараги гьабураб» - абун.

Масжидалъул цояб рахъалда гIодов чIун АбутIалибги вукIана: «Гьев Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас витIун вукIана къурайшиязда бицине ракьул хIапараялъ жидер кагъаталда хъвараб жо кванан бугин абун. Гьаб хабар къурайшиязда бицун хадуб АбутIалибица абуна: нагагь аварагас гьереси бицулеб батани нижеца гьев нужехъе кьела. Нагагь аварагас битIараб бицулеб батани нужеца нижедаса гьаб зулму ва гIорхъаби чIвай тIасса босизе ккела» - ян абун. Къурайшияз абуна: дуца битIараб бицунеб буго абун. *ай, гьедин гьабизе бугоян абураб магIна.*

Цинги МутIгIам бину ГIадийи Абужагьлие жаваб кьун хадув тIад вахъана доб кагъат бихъизеян абун: амма жинда гьеб хIапараялъ кванан батана, гьелда тIад Аллагьасул цIар рехсараб бакI хутIинегIан.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьеб кагъат хIапараялъ кванай бицин Аллагьасул гIаламатаздаса жо букIана, мушриказул беразда жиб бихьараб. Гьедин бугониги гьел жидерго къосиналъулъ чIана.

Банугьашимиял ва БанумутIалабиял къварид гьари ва гьезие гIорхъаби чIвай гьелдалъун тIубана ва Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь ва гьевгун цадахъ рукIарал АбутIалибил ракьалдаса къватIире рахъана.

## وفد قريش بين يدي أبى طالب :

### АбутIалибихъе къурайшиязул жамагIат бачIин

Къурайшияз лъурал гIорхъаби рахъун хадуб, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул ва гьесул гIагарлъиялъул хIал цебего букIараб гIадин лъугьана. Кинниги гIемер заманго инчIого АбутIалиб унтана: гьевункъогоялдаса тIадехун санал арав чи вукIана ва къойидаса къойиде гьесул унти цIикIкIунеб букIана. Къурайшиязда бичIана АбутIалиб гьаб унтиялдаса хадув тIаде вахъунаревлъи ва гьез мушавара гьабуна АбутIалибихъе ун лъикIилан: Гьев чIаго вукIадго гьесул вацасул васасул хIакъалъулъ гьесда лъазабизе *(гьес жалги*

*жидер алагьзабиги жалго теян абун).* АбтIалиб хун хадуб гIарабияз абичIого букIине гьев хвезегIанги чIун гьанже ругин МухIаммадие зарал гьабулел абун.

Къурайшиял АбутIалибихъе ана ва гьесдаса тIалаб гьабуна гьесги, гьесул вацасул васасги, Аллагьасул свалат-салам лъеяв, къурайшиязул динги гьезул алагьзабиги жалго тезе, жидецаги МухIаммадги гьесул Аллагьги живго тезе вугин абун. АбутIалибица МухIаммад тIаде ахIана ва гьесда бицана къурйшияз тIалаб гьабулеб жо. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: «Я дир инсул вац, дица гьел ахIулел руго цохIо калима абиялда, гьелдалъун киналго гIарабиял гьезие мукIурлъулеб ва гIажамияз гьезие жизятги кьолеб» - абун. Къурайшиял риххун хутIана, цинги гьез абуна: цохIо рагIийщ? дуе бокьани анцIгоги абила, щибха гьеб рагIи? – абун. Аварагас абуна: «Лаилагьаиллаллагь буго» - ян абун. Къурайшиял хIинкъун, кIобокIун ретIелгун тIаде рахъана ва жидецаги абуна:

**Гьав чияс нижер алагьзаби цохIо алагьлъунищ гьарулел? Гьаб жо цIакъ гIажаибаб жо буго, -я**н абун. сура Свад, 5 аят.

## عـــام الحـــزن
## пашманлъи гIемераб сон

### وفاة أبي طالب
### АбутIалиб хвей

АбутIалибил унти тIаде цIикIкIун гурони дагьлъулеб букIинчIо, ва гьесда хвел гIагарлъана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь гьесда тIаде щвана, гьесухъ Абужагьал ва ГIабдуллагь бину Абуумаят ругеб мехалъ. Аварагас абуна: «Я дир инсул вац, Лаилагьа иллаллагь абе! гьеб рагIиялдалъун дица Аллагьасда цебе дуе хIужа бачина» - абун. Дов кIиясго абуна: «Я АбутIалиб! Дуца ГIабдулмутIалибил динищ толеб бугеб?» - абун. Гьедин гаргадун гьев кIиясго АбутIалибил ахираб рагIи жив ГIабдулмутIалибил диналда вугоян абиялда бачана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагас абуна: «Дица Аллагьасда дур мунагьал чури гьарила дида гьеб гьабугеян

Аллагьас амру гьабизегӀан» - абун. Цинги тӀадегӀанав Аллагьас аят рещтӀинабуна:

**Аллагьасул расуласе ва муъминзабазе изну гьечӀо жидеца мушриказул мунагьал чури тӀалаб гьабун дугӀа гьабизе, гьел мушрикал жидее гӀагарал чагӀи ругониги, гьел жужахӀалъул агьлу букӀин баянлъун хадуб**. Гьел иман лъечӀого хун ругелъул.

Сура ат-тавбати, II3 аят.

гьединго Аллагьас аят рещтӀинабуна: **ХӀакълъунго дуда кӀоларо дуе вокьарав чи иманалда тӀовитӀизе -** ян абун.

АбутӀалиб хвана авараглъи кьуралдаса анцӀабилеб соналъ, Рамазан яги Ражаб моцӀалъ. гьебги АбутӀалибил ракьалдаса къватӀире рахъун хадуб анлъго моцӀ араб заман букӀана. АбутӀалиб аварагасе ва исламияб диналъе квербакъи ва цӀунилъун вукӀана, исламияб диналде ахӀиялде сверун бугеб сангаралда релълъунги вукӀана, жагьилал ва чӀухӀарал чагӀазул гьужумаздаса гьеб дин цӀунулев. Кинниги гьев жиндир умумузул диналда хутӀана ва тӀубараб роххалида квершел батараздаса вуголъичӀо.

Жинда Аллагь разилъаяв аль-ГӀаббасица Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда абуна: «*Дур инсул вацасе кумекго бугищ? Гьев мун цӀунулув ва дуе гӀоло ццин бахъулев вукӀана»* - *абун. Аварагас абуна: «Гьев жужахӀалъул цӀадул канлъи щолеб бакӀалда вуго. Дун вукӀинчӀевани гьев жужахӀалъул бищун гъокьияб тӀалаялда вукӀинаан»* - абун.

## <u>خديجة إلى رحمة الله</u>

### Хадижат Аллагьасул рахӀматалде ин

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул АбутӀалиб хвеялдалъун щвараб ругъунго сахлъичӀого муъминзабазул эбел Жинда Аллагь разилъаяй Хадижатги хвана. Гьебги АбутӀалиб хун хадуб лъабго къо индалго букӀана, цоги рагӀиялда рекъон кӀиго моцӀ ун хадуб букӀана: добго авараглъи кьуралдаса анцӀабилеб соналъ.

Жинда Аллагь разилъаяй Хадижат Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасе исламияб диналде ахӀиялъе ритӀухъай

вазир (кумекчIужу) йикIана: жиндирго нафсалдалъун ва боцIи-малалдалъун аварагасе кумек гьабурай, гьесулгун захIмалъи-къварилъиги бикьарай.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: «*Хадижатица дида иман лъуна цогидал гIадамаз инкар ккураб мехалъ, гIадамаз дун гьереси гьавидал гьелъ дун ритIухъги гьавуна, гIадамаз дидаса боцIи-мал хIарам гьабидал гьелъ дун жиндир малалъулъ гIахьалги гьавуна. Аллагьас дие гьелдаса лъималги кьуна, цогидал руччабаздаса кьечIеб мехалъ*» - *абун.*

Жинда Аллагь разилъаяй Хадижатил хиралъиялъулъ бачIана: «*Аллагьасул салам лъеяв Жабраил Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасухъе вачIана ва гьес абуна: Я расулуллагь! Хадижат ячIуней йиго жинда жаниб квен, лъим ва дандежо бугеб цIарагI босун. Гьей духъе ячIараб мехалъ дуца гьелде гьелъул БетIергьанасул рахъалъан салам бице, гьелде роххелги бице алжаналда жаниб гьелъие роххалил рукъ бугин, жиндилъ щибго захIмалъи-къваилъи гьечIеб*» - *абун.*

Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагас Хадижат даимго рехсолей йикIана, гьелда гурхIелги загьир гьабулеб букIана *(Аллагь гурхIагиян абун)*. Гьей ракIалде щун щинахъе гьесулъ гурхIел ва тамахлъи лъугьунеб букIана. Жинца чахъу хъураб мехалъ гьелъул гьан босун Хадижатил гьалмагъзабазе битIулаан. Жинда Аллагь разилъаяй Хадижатил цогиги гIемерал хиралъаби ва даражаби руго.

## تراكم الأحزان

### пашманлъаби тIатIалаго рачIин

Инсул вац АбутIалиб ва жинда Аллагь разилъаяй Хадижат хун хадуб жиндир къавамалдаса Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасе къварилъаби гIемерлъана. Гьел къварилъаби цере рукIаралгIан захIматал гьечIониги, аварагасе гьезул цIикIкIун асар лъугьунеб букIана. Цо нухалъ къурайшиязул ахIмакъав чияс Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул бетIералда тIаде ракь бана. ГIодулаго гьеб бетIер чурулей

жиндир ясалдехун аварагас абуна: «Мун гIодуге дир яс, Аллагьас дур эмен цIунизе вуго» - абун. Цоги аварагас абуна АбутIалиб хвезегIан дидаса къурайшиязде гьезда рихунеб щибго жо щвечIоян абун.

Жинда Аллагь разилъаяй Хадижат хун цо моцI индалго, Шаввал моцIалъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас жинда Аллагь разилъаяй ЗагIматил ас Савдат ячана. Гьей жиндир ваццгIал ас-Сакран бину ГIамрида йикIана. Гьел кIиялго тIоцебе ислам босараздаса рукIана ва ХIабаш улкаялда гьижра гьабун хадурги Маккаялде рачIараздасаги рукIана. Маккаялда рукIадго ас-Сакран хвана ва гьесдаса гIидда тIубан хадуб Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Савдат ячана. Цо чанго соналдаса жинда Аллагь разилъаяй Савдатица жиндие кколеб сордо бикьиялъул ирга жинда Аллагь разилъаяй ГIаишатие тана.

ТIассияб соналъул гьебго Шаввал моцIалъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас жинда Аллагь разилъаяй ГIаишатги ячана. Гьелда магьари лъуна Маккаялда, жиндир анлъго сон бугей яс йикIадго. Гьей рокъой ячана гьижра гьабун хадуб тIоцебесеб соналъ Мадина шагьаралда, гьелъул гIумруги ичIго сон букIана. Жинда Аллагь разилъаяй ГIаишат аварагасе бищунго йокьулей чIужу йикIана, гьей исламияб умматалъул бищунго гIелму бугей гIаданги йикIана. Гьелъул гIемерал хиралъаби ва даражабиги руго.

## الرسول - ﷺ - فى الطائف

**Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь ТIаифалде ин**

Гьадинаб захIматаб хIалалда вукIадго Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас къасд гьабуна ТIаифалде ине: гьесул хьул букIана ТIаифалъул агьлуялъ гьесул дагIваталъе жаваб гьабилин яги квер бакъиниги гьабилин абун. Гьенив ине авараг къватIиве вахъана жиндирго хIатIазда вилълъун. Гьевгун цадахъ жиндир мавла *(тархъарав лагъ)* Зайд бину ХIарисатги вукIана. ТIаифалде унаго нухда данде ккарал киназдаго гьез ислам босеян дагIват гьабулеб букIана. ТIаифалде щведалго

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь сакъифазул бутIруллъун ругел лъабго вацасда тIаде рещтIана. Аварагас гьел ахIана исламияб дин босиялде ва гьеб дин тIибитIизабиялъе жиндие квербакъи гьабиялдеги. Гьез аварагсе жаваб кьечIо, квешаб хIалалъ гьев нахъеги чIвана. Цинги гьелги тун Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь цогидазухъе ана, гьелги исламияб дин босиялде ва гьелъие квер бакъиялде ахIана. Гьедин цоязда хадув цогидазухъе ун Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас ТIаифалъул киналго церехъаби диналде ахIана, гьеб иш гьабулаго анцIго къоялъ гьезда гьоркьовги чIана. Амма гьезул цонигияс аварагасе жаваб гьабичIо, гьесда жидер шагьаралдаса къватIиве аянги лъазабуна. Цинги гьез жидер лъимал, лагъзал ва ахIмакъал гIадамал лъуна Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь унеб нухде мухъал гьарун ва гьез аварагасде рогьо балеб, къабихIаб жо бицунеб букIана, гьесда ганчIалги речIчIунел рукIана: гьедин аварагасул хьитал бидул цIуна хIатIазда ва угъбузда ганчIаз гьарурал ругъназ.

Жинда Аллагь разилъаяв Зайд бину ХIарисатица авараг жиндирго нафсалдалъун цIунулев вукIана: гьесул бетIералдаги гамачIалъ ругъун гьабуна. Гьаб ахIмакъаб хIалалъ ТIаифалъул гIадамаз авараг лъабго милалъул манзилалъ ТIаифалдаса рикIкIад гьавуна. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь РабигIатил васал ГIутбат ва Шайбатил ах бугеб бакIалде щвана ва гьенив жаниве лъугьана. ТIаифалъул чагIиги нахъе руссун ана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь къедалда мугъги чIван цIолбол хьопалъул рагIадалда гъокь гIодов чIана: гьесие цIакъ кIудияб асар гьабун букIана жинда бихьанщинаб жоялъ. Гьеб хIалалъ аварагас жиб машгьураблъун лъугьараб дугIаги гьабуна:

*Я дир Аллагь, дица Дуде бицунеб буго дир къуват загIифаб букIинги, хIилла дагьаб букIинги, гIадамазе дун гIодовегIанлъун вукIинги. Я гурхIулезул бищунго гурхIулев Аллагь, Мун вуго киналго загIифал гIадамазул БетIергьан, Мун вуго дирги БетIергьан: Дуца дун лъиде тIамун толев? Дида квеш*

*валагьулев рикIкIадав чиясдейщ, яги Дуца дир ихтияр жиндихъе кьурав тушманасдейщ? Дур дида ццин бахъун батичIони дица гьебги хIехьела (кIвар гьабичIого тела), кинниги Дур тIаса лъугьин дие лъикIаб буго. Жиндир нуралъ киналго бецIлъаби гвангъизабураб, дунял-ахираталъул амруги жиндалъун лъикIлъараб Дур гьумералъул нуралдалъун дица цIуни гьарулеб буго Дуца дида Дур ццин бахъи яги къварилъи рещтIинабиялдаса. Мун разилъи тIалаб гьабун дица Дуе рихарабщинаб жо тела. Дур гурони щибго жоялде хIал кIолъи ва къуватги гьечIо.*

РабигIатил васазда Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда бугеб хIал бихьидал, гьезул рекIелъе гурхIел рещтIана. Гьез аварагасе цIолбол хьопги босун жидер насранияв лагъ ГIадас витIана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьеб цIолбол хьоп босизе квер битIараб мехалъ бисмиллагь абуна, цинги цIибилги кванана. ГIадасица абуна: «Гьаб ракьалда ругел гIадамаз абулареб калам буго гьаб» - абун. Цинги аварагас ГIадасида абуна мун щиб ракьалдаса ва дур дин щиб абун. Гьес абуна дун насранияв вуго Нинуя абулеб ракьалдаса абун. Аварагас абуна: мун лъикIав чи Юнус бину Мутал росолъайищ абун. ГIадасица абуна дуда щиб лъалеб Юнус бину Мута щив чи кколев абун.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: «Гьев дир вац вуго, гьев авараг вукIана, дунги авараг вуго» - ян абун. Цинги аварагас ГIадасие Къуръаналда бугеб Юнусил къисса цIалана. ГIадасица исламияб дин босанаянги абуна.

Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь гьеб ахикьан къватIиве вахъун Маккаялдехун вилълъана. Гьев цIакъ пашманго, ракI бекун, ургъалилъ ккун вукIана.

Къарнулманазил абулеб бакIалде щведалго гьесда тIад накIкIалъ ргIад гьабуна: гьеб накIкIалда жанив Жабраил малаик вукIана, гьевгун цадахъ мугIрузул малаикги вукIана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас бетIер эхеде борхана ва гьесда Жабраилас ахIун абуна: «Аллагьас духъе мугIрузул малаик витIун вуго дуца гьесда дуего бокьараб амру гьабизе» - абун. Цинги мугIрузул малаикас салам кьуна ва гьес

абуна: «Я МухIаммад, гьедин буго иш: дуе щиб жо бокьилеб? Дуе бокьани дица Маккаялъул агьлуялде тIад кIиябго мегIер бегизабила» - абун. Гьеб буго Абукъубайс ва гьелда данде битIун бугеб Маккаялъул кIиго мегIер.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: «Гьабуге, дир хьул буго Аллагьас гьезул гьодаздаса къватIир рахъинарилин цохIо Аллагьасе лагълъи гьабулел, гьесдехун щибго жоги ширк гьабуларел гIадамал» - абун.

Аллагьасул гьаб квербакъи бачIиндалго Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь ургъел-къварилъиялдаса вигьана ва Маккаялдехун валагьун жеги цеве вилълъана. Нахлат абулеб бакIалде щведалго гьенив цо чанго къоялъ чIана. Авараг гьеб бакIалда жиндир асхIабзабигун цадахъ рогьалил как балев вугеб мехалъ ТIадегIанав Аллагьас аварагас цIалулеб Къуръаналда гIенеккизе женазул цо къокъа битIана. Как бан тIубадалго гьел женал жидер къавмалъухъе ана гьезие хIинкъи кьезе: гьез аварагасда иман лъун букIана. Гьаб иш Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда лъачIо ТIадегIанав Аллагьас суратул - АхIкъафалда ва суратул-Жинниялда аятал рещтIун хадуб гурони.

Дагьалго къоял Нахлат абулеб бакIалдаги ран авараг Маккаялде ине къватIив вахъана: гьесул Аллагьасда хьул букIана жиндие бигьалъи гьабилин ва къварилъиги тIаса инабилин. Кинниги гьев къурайшиязул квешлъиялдаса хIинкъун вукIана ва жиндие божилъи гьабизе къасд гьабуна. Маккаялда гIагарде щведал Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь ХIираъ нохъода чIана ва аль-Ахнас бину Шурайкъ абулев чиясухъе цояв витIана гьесда гьаризе аварагасе божилъи гьабеян абун. Аль-Ахнасица гIузру бачана жив къурайшиязулгун къотIуда вугев чи вугин ва жиндие божилъи гьабизе ихтияр букIунарин абун. Цинги аварагас Сугьайл бину ГIамрихъеги чи витIана жиндие божилъи гьабеян абун. Гьесги гIузру бачана жив БанугIамир банулуаюязул чи вугин, гьезие ихтияр гьечIин БанукагIби Бинулуаюязе заралалъе божилъи гьабизеян абун.

Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас аль-МутIгIам бину ГIадийхъе чи витIана: гьев вукIана аварагасул кIудияв инсул вац ГIабдулманафил Гьашимил вац Навфалил лъималаздаса. ГIабдулманафиялги къурайшиязда жаниб бищунго къадру бугеб тухум букIана. Аль-МутIгIамица божилъи гьабилин абуна ва живги жиндир васалги ярагъги тIаде бан хIадурун чIана, цинги аварагасухъе чиги витIана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Маккаялде вачIана, масжидул хIарамалда лъугьун КагIба рукъалда тIавафги гьабуна, кIиго ракагIат какги бана. Цинги жиндирго рокъове ана. Аль-МутIгIамги гьесул васалги ярагъги тIад бан аварагасда сверухъ чIун рукIана. Аль-МутIгIамица къурайшиязда лъазабун букIана жинца МухIаммадие божилъи гьабулеб бугин абун, гьезги гьеб божилъи къабул гьабун букIана.

## جدال المشركين وطلبهم الآيات

### Мушриказ аварагасда дагIба-къец гьаби ва жидее мугIжизат бихьизаби тIалаб гьаби

Мушриказ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасдаса тIалаб гьабулел ишаздаса букIана жидее мугIжизат ва гIадат билълъараб гуреб жо бихьизаби: гьебги авараг гIажиз гьавизе бокьун ва гьесда инкар ккун гьабулеб дагIба букIана. Гьединаб дагIба мушриказ цо чанго нухалъ гьабуна.

Цо нухалъ мушрикал Масжидул хIарамалда жанир данделъана ва аварагасде хадув чи витIана Къурайшиязул хирияй чагIи живгун кIалъазе данделъун ругин абун. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул кидаго хьул букIиндал гьел иманалда тIоритIизе; ТIадегIанав Аллагьас абураб хIалалъ:

**Дуца дурго напсалъе къварилъи гьабулеб бугоха МухIаммад ﷺ, гьеб дур къавмалъ иман лъечIин абун,** гьел дудаса ратIалъун жидерго купру-ширкалда чIанин абунги, **гьаб хирияб Къуръанги жинда иман лъечIого, гьереси гьабунин абун.** Дур ракI къварилъуге МухIаммад!

Дуца гьел иманалде ахIе, гьел иманалда тIоритIи Дир иш буго, дуда тIад гьезухъе хIакъаб Къуръан ва рисалат щвезаби буго.

Сурату Аль-кагьфи, 6 аят.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь хехго къурайшиязухъе вачIана, гьез иман лъеялда хьул лъун. Къурайшияз абуна: Дуца нижеда бицунеб буго Аллагьасул русулазе гIаламатал рукIанин: Муса аварагасе гIанса букIанин, Самудиязе варани букIанин, ГIиса аварагас хварал чагIи чIаго гьарулел рукIанин. Мунги вачIаха нижехъе цо гIаламатги бачун, цересел русулал аяталгун рачIараб хIалалъ абун. Гьезда ракIалде кколеб букIана русулазе хассаб жо бугин гьез жидеего бокьараб мехалъ гьадинал гIадат билълъинчIел жал гьари ва мугIжизат бихьизаби: цогидал гIадамазе жидерго тIабигIиял ишал гьаризе кIолеб гIадин.

Къурайшияз Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда абуна мун расулуллагь ватани дуца нижее Сафа мегIер меседилллъун гьабеян абун. Яги мугIрул щвакизарун нижер ракь гIатIид гьабеян, гьенир гIоралги чваххизареян. Яги нижер хварал умумул тIаде рахъинареян: цинги жидецаги нугIлъи гьабизе гьев расул вугоян абун. Гьезул хIакъалъулъ ТIадегIанав Аллагьас абуна:

**Гьез абуна: «нижеца дуда иман лъеларо МухIаммад ﷺ, дуца нижее ракьулъан иццал чвахизарун гурони.** Маккаялъул лъим дагьаб ракьалда, нахъаса къотIичIого чвахулеб лъим баккизабе: нижее ах-хур бижизе, пихъалги рижизе ва нижер ракь Шамалъул ракь гIадаб лъугьине абун.

**Я дуе ах бижизабе цIибилалъул, чамастакалъул ва гьел ахазда жанисаги лъимал-лъарал чвахизаре.**

**Яги дуца къотIелал лъугьун гьаб зоб нижеда тIад бортизабе, дуца нижее хIинкъи кьолеб букIараб хIалалъ.** «Аллагьас нужеда тIаде зоб бортизабила абун нужеца гIасилъи ва зулму течIони» - абун. **Яги дуца нижеда цеве, нижеда вихьулеб бакIалда Аллагь ﷻ ваче ва гьесул малаикзабиги ﷺ раче.**

**Яги дуца кIудияб хъала букIинабе,** нижер гIадаб ганчIилги ракьулги гуреб**, гIарац меседалъ жиб бараб. Яги мун нижееги вихьун зодове ваха. Гьедин зодов мун ваханиги ниж дуда божизе гьечIо ва дуда нахърилълъине гьечIо, дуца гьенисан босун тIехь бачIинегIан нижеца жиб цIалулеб ва гьеб тIехьалда тIад нугIлъиги бугеб мун нижеда витIарав расул вукIиналъе» - абун.** Сурату Исраъ, 90-93 аятал.

Жидеца тIалаб гьабураб жо расулуллагьас гьабуни жидеца ислам босине букIинги загьир гьабуна:

**Гьез цIакъ гьаялги гьедана жидехъе гIаламатал рачIани жидеца гьезда иман лъезе бугоян абун.** Сурату Аль- ангIам, I09 аят.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас къурайшияз иман лъеялда хьул лъун Аллагьасда гьарана гьез тIалаб гьабурал мугIжизатал гьареян абун. Аварагасухъе Жабраил вачIана ва гьес аварагасе ихтияр кьуна кIигоялдаса цо жо тIаса бищизе: Аллагьас гьез тIалаб гьабураб жо бихьизабуни цинги гьез инкарги ккуни Аллагьас гьезие гIазаб гьабизе букIин жегиги цониги къавмалъе гьабичIеб гIадаб. Яги гьезие рахIматалъул ва тавбуялъул рагьо рагьизе. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: дица тавбуялъул ва рахIматалъул рагьо рагьин тIаса бищулин абун. Аварагас гьаб тIаса бищидалго Аллагьас мушриказ тIалаб гьабураб жоялъе жаваб гьабун аят рещтIинабуна:

**Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: Дир Аллагь ﷻ вацIцIадав вуго ва ТIадегIанав вуго.** Нужеца гьел мугIжизатал рачун вачIаян дидаса тIалаб гьабизе ккани, **дун нужедаго релълъарав инсан ва нужеда витIарав Аллагьасул расул гурони гьечIо» - абун.**

Гьалъул магIна буго: МугIжизатал рештIинариги аварагзаби ритIиги, жинда гIасилъаразе гIазаб гьабиги ТIадегIанав Аллагьасул гIамал буго. Дун вуго нужее жужахIалъул гIазабалдалъун хIинкъи кьезе ва алжаналдалъун рохел бицине витIарав расул. Дунги нужедаго релълъарав инсан вугелъул дир гьел ишазда хIал кIоларо нужерги кIолареб гIадин. Нужедаги дидаги гьоркьоб бугеб батIалъи буго дун Аллагьасул расул вукIин дида вахIю рещтIунев: нуж русулал гьечIо ва нужеда вахIюги гьабуларо. Нужеца тIалаб гьабураб жо гьаби дир хIал кIолъиялда ва дир ихтиялда гьечIо. Гьеб Аллагьасда кодоб буго: Жиндие бокьани Аллагьас нужеца тIалаб гьабураб жо загьир гьабун дие квер бакъи гьабила, бокьани Аллагьас гьеб нахъе бахъунги тела, гьелда жаниб нужее маслахIатги батула.

Гьаб магIна хIакъ гьабун ТIадегIанав Аллагьас суратул-АнгIамалда (I09 аят) абуна:

**Гьал маккаялъул капурзаби цIакъ къвакIарал гьаял гьедун жидеца къотIи гьабулел рукIана жидехъе цо мугIжизат бачIани, яги цо жидеца тIалаб гьабураб гIадатияб гуреб жо лъугьани ﷺ жидеца гьелда иман лъезе бугин абун. Дуца гьезда абе, МухIаммад гьел мугIжизатал Аллагьасул амруялда руго ва жиндие бокьараб мехалъ**

**загьир гьарула. Гьал мушриказул хIал нужеда лъаларо, я гьал муъминзаби. Гьезухъе мугIжизатал рачIаниги гьел жидеца ритIухъ гьаруларо ва гьезде иман лъоларо.**

Цинги ТIадегIанав Аллагьас баян гьабуна мушриказ тIалаб гьабураб жо гьезда бихьизабуниги гьез иман лъолареблъи: суратул -АнгIами, III аят:

**Дица гьал МухIаммадиде ва Къуръаналде инкар кколел гIадамазде зодиса малаикзаби рещтIинарун рукIаралани ва гьезда хварал чагIи кIалъан рукIараланиги, ва дица кинабго махлукъ данде бакIарун гьезда цебе чIезабуниги жидеца иман лъолелльун гьечIо гьеб къавм, Аллагьасе бокьун гьес иманалда вачарав чи гурони. Гьеб къавмалъул гIемерисел жидеда щибго жо лъаларел ва бичIчIунарел руго.**

Гьединго Суратур-рагIдиялдаги абуна: (3I аят):

**ТIадегIав Аллагьас ﷻ зодиса рещтIинарурал тIахьазул цониги тIехь букIарабани гьеб цIалараб мехалъ жидер бакIалдаса рагъарун мугIрул цоги бакIалде унеблъун, яги ракь бихъун, хъвалхьун унеблъун, яги хварал гIадамазе цIалараб мехалъ Аллагьас ﷻ гьел чIаго гьарун жаваб кьезе риччалеблъун.** Гьаб Къуръанги букIинаан гьеб цIалараб мехалъ гьел гIаламатал лъугьунеблъун ва гьездасанги кIудиял гIаламатал лъугьунеблъун.

**Гьединал гIаламатал рихьаниги Маккаялъул мушриказ гьелдаги иман лъезе букIинчIо. ТIадегIанав Аллагь ﷻ вуго кинабго амруялъул бетIергьан.** Гьес жиндие бокьараб жо гьабула ва капурзабаца тIалаб гьабурал мугIжизатал рещтIинаруларо.

**Муъминзабазда бичIчIизе мех щун гьечIищ ва гьез хьул къотIизе гьабуларищ «киналго гIадамаз иман лъолебани абураб» рагIиялдаса? Аллагьасе ﷻ бокьарабани жинца киналго гIадамал иман лъураллъун гьарилаан.** Кинниги жиндир хIикматалда ва хIукму-къадаралда рекъон цоял иман лъурал, цогидал иман лъечIел рукIуна щибаб умматалъул гIадамал.

Гьал аятазда жаниб ва цоги гьазда релълъарал аятазда жанибги ТIадегIанав Аллагьас ишара гьабулеб буго жиндир нухалда: цо къавмалъ мугIжизат тIалаб гьабураб мехалъ, цинги гьеб мугIжизат бачIидалго гьелда иманги лъечIеб мехалъ, - гьеб къавм гьалаг гьабула ва гьелъие гIазаб гьаби нахъе бахъунги толаро. Аллагьасул нух жиндие хиси гьечIеб букIунелъул, ТIадегIанав Аллагьасда лъалеб букIана къурайшиязул гIемерисез иман лъезе букIин, гьединлъидал гьез тIалаб гьабурал мугIжизатал гьезда рихьизаричIо.

## شق القمر

**МоцI хъвалхьин**

Къурайшиязда Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас жидеца тIалаб гьарурал мугIжизатал рачинчIеблъи бихьидал, гьезда ракIалда ккана авараг гIажиз гьавизе ва гьев дагIваталдаса нахъе чIвазе, гьединго гIадамаздаги бихьизабизе гьев расул гьечIевлъи, жинцаго ургъун хабар бицунев чи вукIин, - бищунго лъикIаб нух бугин гьесдаса цогиги мугIжизатал тIалаб гьари. Гьанжесалалъ къурайшияз хIукму гьабуна Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь жиндиего бокьараб гIаламат бихьизабизе виччазе, гьединги авараг гIажиз гьавун гьесда божиялдаса гIадамал нахъчIвазе. Къурайшияз аварагасухъеги рачIун абуна: «Дур кинабгIаги гIаламат бугищ нижеда мун Аллагьасул расул вукIин лъалеб?» - абун.

Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Аллагьасда гьарана гьезда цо гIаламат бихьизабеян абун. Аллагьас гьезда моцI бихьизабуна кIиго бутIа лъугьун хъвалхьун: цо бутIа Абукъубайс абулеб мегIералда тIад букIана, цогидаб бутIа гьеб мегIералдаса добегIан букIана, гьеб кIиябго бутIаялда гьоркьоб ХIираъ мегIерги букIана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас къурайшиязда абуна, нужеца гьаб ишалъе нугIлъи гьабеян абун.

Гьаб гIаламат къурайшиязда халатаб заманалъ баянго ва загьиралда бихьана. Цинги гьел гьабизе жо хун хутIана ва хIинкъана. Гьедин бугониги гьез иман лъечIо ва гьеб жо Абукабшатил васасул *(аварагасда къурайшияз абулеб букIараб цIар)* сихIру бугин, МухIаммадица ниже сихIру гьабунаян абуна. Цо чияс абуна: нужее сихIру гьабун батаниги киналго гIадамазе сихIру гьабуларо, нилъ балагьизе руго сапаралдаса рачIарал гIадамаз щибдай бицинебан абун. Сапаралда рукIарал гIадамал рачIиндалго ва гьезда гьикъидал гьез абуна нижедаги бихьанин моцI кIиго бутIа лъугьун хъвалхьун абун. Амма къурайшиял жидерго нафсазе бокьараб жо гьабун куфруялда чIана.

Гьаб моцI хъвалхьин букIана гьелдаса хадуб букIинесеб мугIжизаталъе гъоркьбакI хIадуриялда релълъун: гьебги сардилъ мигIражалде ин буго. Жидеда моцI хъвалхьун кIиго бутIа лъугьун бихьарал гIадамазе божизе бигьаяб букIуна мигIражалъул хабаралдаги.

<u>الإسراء والمعراج</u>

**Сардилъ Маккаялдаса Байтулмакъдисалде ин цинги зобалазде вахин**

Аль-исраъ абула Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь сардилъ Макка шагьаралдаса Байтулмакъдис шагьаралде иналда. Аль-мигIраж абула Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь ТIадегIанаб гIаламалде вахиналда. гьеб мигIражги аварагасул хирияб черхалдалъун ва рухIалдалъун букIана. *(ай, макьилъ яги хиялзулъ букIинчIо).*

Аль-исраъ ТIадегIанав Аллагьас Къуръаналда жаниб рехсон буго:

**Жив ВацIцIадав ва ТIадегIанав вуго Аллагь, жиндир лагъ МухIаммад ﷺ авараг, сардил цо дагьабго заманаялда жанив Масжидул хIарам** - Маккаялда бугеб КагIба рукъалдаса Байтулмукъадасалда - **Палестиналда бугеб Масжидул акъсаялде вачарав.**

**Гьаб «масжидулакъса» буго дица жиб бугеб ракь цIакъ баракатаблъун гьабураб.** Бищунго кIудияб баракат буго гьеб ракь букIин гIемерал аваргзаби тIад хьвадараб, гьел аварагзабахъе вахIю босун малаикзабиги рештIараб. Дица МухIаммад ﷺ авараг сардилъ зобалазде вачана **гьесда рихьинаризе дир махлукъаталъул гIажаибал жал.** Зобалазул махлукъат гьесда бихьизабизе. Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасда анкьалго зобал рихьана, алжан-жужахI бихьана. Сидратул мунтагьаги бихьана. Гьеб буго Аллагьасда гIагарлъулеб макъам, гьелдаса тIадехун инсанасе Гьесде гIагарлъизе рес гьечIеб. Гьединго малаикзаби рихьана, аварагзабиги рихьана. Гьел гурелги гIажаибал жал рихьана, Аллагьасул ﷺ къудраталде жидеца тIоритIел гьабулел.

**ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь Жинда кинабго жо рагIулев ва кинабго жо бихьуневги вуго.** Сурату Аль - исраъ, I аят.

Аль-мигIраж абуни, гьеб сурату Ан-нажмиялда анкьабилеб аяталдаса анцIила микьабилеб аяталда щвезегIан рехсон бугин

абуна цо гIалимзабаз, цогидаз гьеб мигIражалъул хабар гьечIин абуна.

ГIалимзаби хилиплъана кидал букIараб аль-исраъ ва аль-мигIраж абун: цояз абуна гьеб букIанин авараглъи кьураб соналъ абун, цояз абуна гьеб букIанин авараглъи кьуралдаса щуабилеб соналъ абун, цояз абуна авараглъи кьуралдаса анцIабилеб соналъул Ражаб моцIалъул къоло анкьабилеб сордоялъ букIанин, цояз абуна авараглъи кьуралдаса анцIила кIиабилеб соналъул анцIила анкьабилеб Рамазаналъ букIанин, цояз МухIаррам моцIалъ букIанинги абуна, цояз абуна анцIила лъабабилеб соналъул анцIила анкьабилеб РабигIулавалалъ букIанин абун.

## أما تفصيل القصة فملخص الروايات الصحيحة

**Аль-исраалъул ва аль-мигIражалъул къисса абуни, гьелъул мухIканал хIадисаздаса данде босун гьабураб баян гьадинаб буго:**

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь масжидул хIарамалда вукIадго Аллагьасул салам лъеяв Жабраил Буракъги бачун вачIана: гьебги хIамаялдаса дагьаб кIудияб гIорцIеналдаги бахинчIебгIадаб хIайван буго, жинца бер балагьун щолеб манзилалда гали лъолеб. Гьеб буракъалдаги рекIун расулуллагь Байтулмакъдисалда щвезегIан вачIана, живгун цадахъ Жабраилги вукIана. Гьениб Буракъ аварагзабаз жидер рекIунеб жо бухьунеб горалда бухьана. Цинги масжидалда жанив лъугьун аварагзабазе имамлъи гьабун кIиго ракагIат как бана. Цинги Жабраил вачIана цоялда жаниб рахь ва цогидалда жаниб жа (вино) бугеб кIиго цIарагI босун. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас рахь жаниб бугеб цIарагI тIаса бищана. Цинги Жабраилас абуна: «Мун витIун ккана, мунги дур умматги битIараб нухалда тIоритIун ккана. Дуца жа босун букIарабани дур уммат къосине букIана» - ян абун.

Цинги Жабраилгун цадахъ Байтулмакъдисалдаса дунялалъул тIоцебесеб зобалде рахана. Жабраилас зоб рагьи тIалаб гьабуна

ва гьесие зоб рагьана: гьенив халкъалъул эмен Адам вихьана. аварагас гьесие салам кьуна, Адамица салам буссинабуна, мархIабаянги абуна ва МухIаммадил авараглъиги ритIухъ гьабуна. Адамил кваранаб рахъалда гIадамазул цо къокъа букIана, гьездехун валагьидал Адам велъанхъулеб: гьебги алжаналде унел бахьи бугел гIадамазул рухIал руго. Гьесул квегIаб рахъалдаги цо къокъа букIана, гьездехун валагьдал Адам гIодулел: гьелги жужахIалде унел бахьи къосарал гIадамазул рухIал руго.

Цинги Жабраил авараггун цадахъ кIиабилеб зобалда вахана. Жабраилас зоб рагьи тIалаб гьабуна ва гьесие зоб рагьана: Гьенив аварагасда эбелдахъа кIиго вацгIал вихьана: Закаръял вас ЯхIя ва Марьямил вас ГIиса, жив кIиясдаго Аллагьасул салам лъеял. Аварагас гьезие салам кьуна, гьез салам буссинабуна, мархIабаянги абуна ва МухIаммадил авараглъиги ритIухъ гьабуна.

Цинги Жабраил авараггун цадахъ лъабабилеб зобалда вахана. Гьенив жинда Аллагьасул салам лъеяв Юсуф вихьана: гьесие Аллагьас берцинлъиялъул бутIаги кьун бугоан. Аварагас гьесие салам кьуна, Юсуфица салам буссинабуна, мархIабаянги абуна ва МухIаммадил авараглъиги ритIухъ гьабуна.

Цинги Жабраил авараггун цадахъ ункъабилеб зобалда вахана. Гьенив жинда Аллагьасул салам лъеяв Идрис вихьана. Аварагас гьесие салам кьуна, Идрисица салам буссинабуна, мархIабаянги абуна ва МухIаммадил авараглъиги ритIухъ гьабуна.

Цинги Жабраил авараггун цадахъ щуабилеб зобалда вахана. Гьенив жинда Аллагьасул салам лъеяв Гьарун бину ГIимран вихьана. Аварагас гьесие салам кьуна, Гьаруница салам буссинабуна, мархIабаянги абуна ва МухIаммадил авараглъиги ритIухъ гьабуна.

Цинги Жабраил авараггун цадахъ анлъабилеб зобалда вахана. Гьенив жинда Аллагьасул салам лъеяв Муса бину ГIимран дандчIвана. Аварагас гьесие салам кьуна, Мусаца салам буссинабуна, мархIабаянги абуна ва МухIаммадил авараглъиги ритIухъ гьабуна. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь цевехун индал Муса авараг гIодана. Гьесда гьикъидал мун щай

гIодулев абун, Мусаца абуна: дун гIодизавулев вуго дидаса хадув авараглъун витIарав чиясул умматалъул гIадамал дир умматалъул гIадамаздаса гIемер алжаналде лъугьине рукIиналъ абун.

Цинги Жабраил авараггун цадахъ анкьабилеб зобалда вахана. Гьенив жинда Аллагьасул салам лъеяв Ибрагьим авараг дандчIвана. Аварагас гьесие салам кьуна, Ибрагьимица салам буссинабуна, мархIабаянги абуна ва МухIаммадил авараглъиги ритIухъ гьабуна. Гьев БайтулмагIмуралда мугъги чIван вукIана: гьебги жинда жанир щибаб къоялъ лъабкъоялда анцIазарго малаик лъугьеунеб рукъ буго, гьел малаикзабазул цонигияв тIад вуссун гьеб рокъорги лъугьуларо. *(ай, малаикзаби цIакъ гIемерал руго).*

Цинги авараг Сидратулмунтагьа абулеб гъветI бугеб бакIалде вахана: гьеб гъветIалъул тIанхал пилазул гIундузда релълъун ругоан, гьелъул пихъги кIудиял къалазда *(гьегьазда)* релълъун бугоан. Цинги гьеб гъветI меседил роржанжалаз бахчизабуна, Аллагьасул амруялдалъун гьеб бахчизабуна ва гьелъул хIал хисана: Аллагьас бижараб халкъалъул цониги чи гьечIо гьелъул берцинлъиялъе сифат гьабизе кIолев.

Цинги Жабраил авараггун цадахъ ТIадегIанав Аллагьасда гIагараб макъамалде вахана: чIорбутIалъул кIиго рагIал гIадин Аллагьасде гIагарлъана, Гьес жиндир лагъасда жиндие бокьараб жоги вахIю гьабуна. Щибаб сордокъоялъ аварагасда ва гьесул умматалда тIад кIикъоялда анцIго какги лъуна.

Цинги тIад вуссун Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Муса авараг вугеб бакIалде щвана. Мусаца гьикъана БетIергьанас дуда щиб тIад къараб абун. Аварагас абуна кIикъоялда анцIго как тIад къанаян абун. Мусаца абуна: «Дур умматалъул гьелда хIал кIоларо, мун дур БетIергьанасухъе тIад вусса ва гьесда бигьалъи гьабеян гьаре» - абун. Авараг Жабраиласдехун валагьана, гьесги ишара гьабуна дуего бокьани гьедин гьабеян абун. Аварагаг тIад вуссана ва анцIго как тIаса бахъун вачIана. Гьанжеги Мусаца щиб ккарабан гьикъана, аврагас анцIго как тIаса реханин бицана. Мусаца аварагасда ишара гьабуна цогиги бигьалъи гьаби гьареян.

Гьедин Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Мусада ва жиндир БетIергьанасда гьоркьов хьвадана щуго как хутIинегIан.

Цингиги Мусаца ишара гьабуна бигьалъи тIалаб гьабеян абун: «Валлагьи, дица Бануисраилазул гьелдасаги бигьаяб амруялдалъун хIал бихьана: гьезие гьебги захIмалъана ва жидеца гьеб тана» - ян абун. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: «Дун дир БетIергьанасдаса нечана: дун гьелда рази вуго ва мутIигIавги вуго» - ян абун. Дагьавги авараг рикIкIалъидал гьесдехун ахIун абуна: «Дуца Дир фарз къабул гьабуна, дур умматалъе бигьалъиги гьабуна. Гьеб щуго как буго кIикъоялда анцIго какил кири бугеб: дир рагIиги лъицаго хисинабуларо» - абун.

Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв авараг гьебго сордоялъ хирияб Маккаялде тIад вуссана. Рогьалилълъ жиндир къавмалда гьоркьов лъугьидал, аварагас ТIадегIанав Аллагьас жинда рихьизарурал кIудиятал гIаламатал рицана. Гьелдалъун къурайшияз авараг гьереси гьави ва гьесие зарал гьаби жегиги цIикIкIана: цояз хъат кьабуна, цояз бетIералда квер лъун инкар кквей ва гIажаиблъи загьир гьабуна.

Гьезул цо къокъа Абубакр сидикъихъе ана ва гьесда аварагасул хабар бицана. Жинда Аллагь разилъаяв Абубакрица абуна: «Аварагас гьеб жо бицун батани гьес бицараб жо битIараб буго» - ян абун. Къурайшияз абуна: Дуца гьеб хабарги ритIухъищ гьабулеб абун. Абубакрица абуна: «Дица гьелдасаги рикIкIадаб жо аварагас бицаниги гьев ритIухъ гьавула, зобалазда ун вачIиналъул хабарги дица ритIухъ гьабула» - абун. Гьелъие гIоло Абубакрида ас-Сиддикъ абуна.

Цинги къурайшизе аварагасул хIал бихьи гьабизе бокьана ва гьез абуна дуца нижее Байтулмакъдисалъул сифат бицеян. Гълдаса цебе аварагасе гьеб бихьунги букIинчIо. Аллагьас аварагасе Байтулмакъдис загьир гьабун бихьизабуна ва гьес къурайшиязе гьелъул сифат гьабуна щибаб рагьо ва щибаб бакI бицун. Гьезул хIал кIвечIо авараг гьереси гьавизе ва жидеца абуна: «Валлагьи, гьаб сифат гьабиялъулъ аварагас битIараб бицана» - абун.

Цинги гьез аварагасда гьикъана Шамалде даранаьъе ун букIараб жидер къапила бихьанищ абун. Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагас гьениб чан варани бугеб, гьезул щиб хIал бугеб, гьезул цебехъан щиб варани бугеб ва кидал гьеб къапила Маккаялда щолебги бицана. ХIакъикъаталда аварагас абухъин ккана, гьедин бугониги зулмуяб халкъ жидерго куфруялда чIана.

Гьеб къоялъул рогьалилъ вачIун Жабраил малаикас Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасда къол щуябго как балеб хIал ва гьезул гIуж бицана. Гьелда щвезегIан как кIиго ракагIат радал ва кIиго ракагIат къасси балеб букIана.

<u>عرض الإسلام على القبائل والأفراد</u>

**Тухум-кьибилазда ва цо-цоязда Ислам босеян дагIват гьаби**

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда дагIват загьирго гьабеян Аллагьас амру гьабуралдаса аварагасул гIадат букIана ХIежалъул заманаялъ гIарабиязул базар лъолел къояз жив гьезул тухум-кьибилалъул руссунеб бакIалде ун гьел исламияб диналде ахIулеб. Жагьилияб заманаялъ гIарабиязул бищунго машгьураб ва Маккаялда гIагарда бугеб лъабго базар букIана: ГIукказ, Мажаннат ва Зулмажаз.

ГIукказ буго Нахлат абулеб бакIалда ва ТIаифалдаги гьоркьоб бугеб росо. Гьениб гIарабияз базар лъолаан ЗулкъагIида моцIалъул авалалдаса гьелъул къоабилеб къоялде щвезегIан. Цинги гьенисан Мажаннат абулеб букIалде ун гьениб базар лъолаан ЗулкъагIида моцI лъугьинегIан. Гьебги Маккаялъул гьоркьияб рахъалда бугеб бакI буго. Зулмажаз абулеб бакI ГIарафа мегIералда нахъа бугеб бакI буго. Гьениб базар лъолаан ЗулхIижаялъул авалалдаса гьелъул микьабилеб къоялде щвезегIан. Цинги кинабго иш тун ХIажалъул гIамалал гьаризе лъугьунаан.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь жидехъе вачIун жидеда ислам босеян ва жиндир нафс цIунун жиндие квербакъи гьабеянги абураздаса руго БанугIамир бину СагIсагIат абулеб кьибил, БанумахIариб бину Хасфат кьибил. Гьединго руго

Бануфазарат, Гъассан, Муррат, БанухIанифат, Банусулайм, БанугIабс, Банунасар, Бануль-букаъ, Киндат, Калб, Бануль-хIарис бину КагIб, ГIузрат ва ХIазарамат кьибилал. Гьел киназго ислам боси нахъчIвана ва щиваз батIияб гIиллаги бицана: цояз берцинаб хIалалъ нахъчIвана, цояз ислам босун хадуб жидее бетIерлъи букIине шартI гьабулеб букIана. Цояз абуна: дур гIагарлъиялъе дур хIал лъикI лъалеб батизе буго гьел дуда нахърилълъун гьечIелъул абун. Цояз къабихIаб хIалалъги нахъчIвана. БанухIанифат абулеб кьибил, Мусалайматулказзабил къокъаялъ бищунго къабихIаб хIалалъ ислам боси нахъчIвана.

## <u>المؤمنون غير أهل مكة :</u>

**Маккаялъул агьлуялдаса гьечIел муъминзаби**

ТIадегIанав Аллагьас къадар гьабуна исламияб диналда ахIи Маккаялда цIакъго захIматаб хIалалъ бугеб мехалъ Маккаялдъул агьлу гурел гIадамазги ислам боси. Гьел гIадамал рукIана хьул къотIараб бецIлъукь ругезе нур базабураб цIаялда релъун. Гьел гIадамаздаса руго:

I <u>Сувайд бину ас-Самит</u>. Гьев вукIана Мадинаялда чIарал гIадамазул лебалав щигIручи. Гьесда Аль-камил абулаан жив хирияв вукIиналъ ва жиндир щигIруялъе гIологи. Гьев Маккаялде вачIана хIаж яги гIумра гьабизе. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьев исламияб диналде ахIидал гьес аварагасе Лукъманил хIикматал рицана. Аварагас гьесие Къуръан цIалана ва Сувайдица ислам босана ва жинца абуна гьаб цIакъ берцинаб рагIи бугоян абун. ЯвмулбугIасалда цебе Аль-авс ва Аль-хазражазда гьоркьоб ккараб рагъулъ Сувайд чIвана.

2 <u>Ияс бину МугIаз</u>. Гьевги мадинаялъул агьлуялдаса гьитIинав гIолохъанчи вукIана. Гьев Маккаялде вачIана авараглъи кьуралдаса анцIила цоабилеб соналъул авалалда, аль-Авс кьибилалъул гIдамалгун цадахъ, къурайшиязулгун аль-Хазражаз кьибилалъул гIадамазда данде чIараб къотIи гьабизе.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь гьезухъе вачIана, гьел исламалде ахIана ва гьезие Къуръанги цIалана. Иясица абуна: Валлагьи, гьаб жо лъикIаб буго нуж жиндие гIоло рачIараб жоялдасаян абун. Гьеб къукъаялъул АбулхIайсар абулев чияс Иясил гьумералда ракь бана ва гьес абуна: «Дуца ниж те, ниж гьеб ишалъе рачIун гьечIо» - абун. Цинги Ияс вуцIун чIана. Мадинаялде ун гIемер мех бачIого Ияс хвана. Хвалда аскIоб гьес  Лаилагьаиллаллагь, субхIаналлагь, алхIамдулиллагь, Аллагьуакбар абулеб букIана. Гьесул къавмалъул щибго щаклъи букIинчIо гьев исламалда хвеялда.

3 Абузарри аль Гъифари.  Сувайд бину ас-Самитица ва  Ияс бину МугIазица ислам босидалго Абузаррида авараг витIиналъул хабар щвана. Гьес Маккаялде жиндр вац витIана щиб хабардай бугоян цIехезе. Вац Маккаялдеги ун вачIана, амма гьес бицараб хабаралда хIалхьечIого живго Маккаялде ана ва Масжидул хIарамалда жанив рещтIана. Гьенив Абузарр цо моцIалъ чIана цохIо замзамги гьекъон: гьеб жиндир квенги лъимги букIана. Аварагасдаса щибго хабарги гьикъичIо гьесул нафсалъе зарал ккеялда хIинкъун. Цинги жинда Аллагь разилъаяв ГIали асхIабасда хадув ун гьев  Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь вугеб бакIалда щвана. Абузаррица жинда ислам щиб жо бугеб бицеян абуна ва аварагас бициндалго гьеб бакIалдаго жив исламалда вачIана.

Цинги Абузарр Масжидул хIарамалда вачIана ва жинца абуна: *Ашгьаду аллаилагьа иллаллагь, ва ашгьаду анна МухIаммадан гIабдугьу ва расулугьу - абун.* Къурайшиял гьесда тIаде кIанцIана ва холеб хIалалда щвезегIан гьесда кьабуна. Гьев хвасар гьавуна аль-ГIаббасица. ТIасияб къо рогьидалги Абузарр масжидалда вачIана ва добго рагIи абуна. Гьанжеги тIаде кIанцIун къурайшияз гьесда кьабуна сонго кьабураб хIалалъ. Гьебго ХIалалъ аль-ГIаббаица гьев хвасарги гьавуна. Цинги Абузарр жиндир къавм Банугъифарал чIараб бакIалде вачIана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Мадинаялде гьижра гьабидал Абузаррицаги гьенибе гьижра гьабуна.

4 ТIуфайл бину ГIамри ад-Давсий. Гьевги лебалав щигIручи вукIана, Яманалъул рахъалда бугеб жиндир кьибилалъул бетIерги вукIана. Гьев Маккаялде вачIана авараглъи кьуралдаса анцIила цоабилеб соналъ. Маккаялъул агьлуялъ гьесда данде чIвай гьабуна ва аварагасда гIениккиялдаса гьев хIинкъизавуна: Масжидул хIарамалда вачIараб мехалъ гьес гIинзуниб жо къазабуна аварагас бицунеб жо рагIичIого букIине. Гьеб мехалъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь КагIбаялда аскIов вахъун чIун как балев вукIана. ТIуфайлил гIиналъ аварагас цIалулеб жоялъул дагьабго жо ккуна ва гьесда гьеб лъикIаб жолъун бихьана. Цинги гьес абуна: «Дун гIакълуги бугев щигIруги гьабулев чи вуго, дида лъикIабги квешабги жо батIа гьабизе лъала. Гьав чияс бицунеб жоялда гIенеккиялдаса дун нахъчIвалеб жо щиб букIунеб: гьеб лъикIаб бугони дица босила, квешаб батани реххун тела» - абун.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь жиндир рокъове индал ТIуфайлги гьесда хадув ана ва рокъов жанив лъугьун жиндир къисса бицана. Цинги аварагасда абуна дур щиб иш бугеб дидаги бицеян абун. Аварагас гьесда ислам босеян абуна, Къуръанги цIалана. ТIуфайлица ислам босана ва хIакъаб шагьадатги битIана. Гьес абуна: «Дун дир къавмалъул кIудияв вуго, гьанже гьезухъе инеги вуго ва гьел исламалде ахIизеги руго. Дуца Аллагьасда гьаре дие цо гIаламат гьабе» - ян абун. Аварагас дугIа гьабуна ва ТIуфайл жиндир къавмалде гIагарлъидал гьесул гьумер чирахъалда релълъун гвангъана. ТIуфайлица гьарана гьеб гIаламат гьумер гуреб цоги жоялъулъ гьабеян. Цинги гьеб нур гьумералдаса гьесда кодоб бугеб цIалалда ана. Къавмалда тIад щведал жинца гьел исламалде ахIана. Гьесул эменги чIужуги бусурманлъана, цогидаб къавм ислам босиналдаса буссун чIана. Кинниги ХIудайбияталдаса хадув ТIуфайл Мадинаялде гьижра гьабун вачIиндал гьевгун цадахъ ункъого гIадаб хъизан букIана жидеца ислам босарал.

5 Звамад аль-Аздий. Гьавги Яманалдаса Азд шануатазул чи вукIана. Гьес дару гьабулеб букIана гIакълу дагьал, женаз ва щайтIабаз унтизарурал гIадамазе. Маккаялде вачIидал гьесда Маккаялъул ахIмакъал чагIаз абулеб рагIана МухIаммад

жундуз унтизавун вугин. Звамад аварагасухъе вачIана гьесие дару гьабизеян абун. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: «АлхIамдулиллагь, Нилъеца гьев Аллагьасе буго рецц гьабулеб, гьесдаса буго квер бакъиги тIалаб гьабулеб. Аллагьас тIувитIарав чи къосинавулев щивго вукIунаро, Аллагьас къосинавурав чи жинца тIувитIулевги вукIунаро. Дица нугIлъи гьабула жиндие лагълъи гьабизе тIадав цоги алагь гьечIо цохIо Аллагь гурев: жив цогояв, жиндие гIахьалчиги гьечIев. Ва дица нугIлъи гьабула МухIаммад гьев Аллагьасул лагъ вугин ва расулги вугин абун. Гьелда хадуб» - абун.

Звамадица гьал рагIаби лъабго нухалъ тIатIалаго аби тIалаб гьабуна, цинги жинцаги абуна: «Дида сихIручагIазул, щигIручагIазул ва гьерсихъабазул *(кагьанатазул)* хабар рагIана, амма гьал дур рагIабазда релълъараб жо рагIичIо. Гьезул пасихIлъи кIудияб ралъдалде *(океан)* щвараб буго. Кье дур квер, дица дуе исламалъе байгIат гьабизе» - ян абун. Аварагас гьесие байгIатги гьабуна.

## الإسلام فى المدينة :

### Мадинаялъул жидеца ислам босарал

Агьлу ясрибалъул *(Мадинаялъул)* бахьи буголъаразул анлъго чи вуго, гьел киналго аль-Хазраж кьибилалъул руго:

I АсгIад бину Зурарат. 2 ГIавф бину аль - ХIарис бину РифагIат, гьесда ГIавф бину ГIафраъги абула. 3 РафигI бину Малик бину аль-ГIажлан. 4 КъутIбат бину ГIамир бину ХIадидат. 5 ГIутбат бину ГIамир бину бину Наби. 6 Жабир бину ГIабдуллагь бину Риаб.

Цогидлгун цадахъ гьал анлъалго авараглъи кьуралдаса анцIила цоабилеб соналъ хIеж гьабизе рачIана. Ясрибалъул агьлуялъе ягьудияз жидеда цо къварилъи щвараб мехалъ абулеб рагIулаан: «Гьанже авараг витIизе вуго, гьев витIизе мех щун буго. Гьевгун цадахъ нижеца нуж чIвазе руго ГIад ва Ирам чIаралгIадин» - абун.

Мадинаялъул хIажизаби Минаялда ГIакъабат абулеб бакIалда ругеб мехалъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь сардилъ гьезда аскIосан унев вукIана. Гьесда кIалъалеб гьаракь рагIидал авараг гьезда аскIов ана ва нуж щалан гьикъана. Гьез абуна ниж Хазражиязул къокъа бугин абун. Аварагас абуна нуж ягьудиязулгун къотIуда ругел ругищан абун. Гьез ругоян абидал аварагас абуна нилъ гIодор чIеларищ дагьабго хабар бицине абун.

Цинги гьел Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьгун цадахъ гIодор чIана ва аварагас гьезие ислам щиб жояли баян гьабуна, Къуръанги цIалана, Аллагьасда иман лъеялдаги ахIана. Гьезул цояз цогидаздехун абуна: «Валлагьи, нужеда лъалеб бугищ гьав чи ягьудияз жиндалъун нужее хIинкъи кьолев авараг вукIин? Гьел ягьудиял гьав аварагасухъе нужедаса цере ккезе бегьиларо» - абун. Гьез ислам босизе хехлъи гьабуна, ва жидеца абуна: «Нижеца нижер къавм тана жидеда гьоркьоб тушманлъиялда ва квешаб хIалалда. Аллагьас гьеб къавм дудалъун цолъизабуни дудаса хирияв чиго вукIинаро» - абун. Аварагасулгун жидер къавм диналде ахIилин ва тIаде бачIунеб хIежалдаги данделъилин къотIиги гьабуна.

## بيعة العقبة الأولى

### ГIакъабат абулеб бакIалда гьабураб тIоцебесеб байгIат

Авараглъи кьуралдаса анцIила кIиабилеб соналъул хIажалда Мадинаялдаса анцIила кIиго чи вачIана. Гьезул анцIго чи Хазражиязул вукIана, кIиго чи аль-Авсазул вукIана. Хазражазул анцIгояв абуни: гьезул щугояв цебесеб соналъ рачIарал рукIана, Жабир бину ГIабдуллагь хутIинегIан. Цоги щугояв: I МугIаз бину аль-ХIарис, гьесда МугIаз бину ГIафраъги абула. 2 Закван бину ГIабдулкъайс. 3 ГIубадат бину ас-Самит. 4 Язид бину СагIлабат. 5 Аль- ГIаббас бину ГIубадат бину Назлат рукIана.

Аль-Авсазул кIигояв абуни, гьел: Абуль-гьайсам бину ат-Тайгьан ва ГIувайм бину СагIадат вуго.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьгун гьал данделъана Минаялда аль-ГІакъабат абулеб бакІалда ва аварагас гьезда ислам щиб жояли лъазабуна. Цинги гьезда абуна: «Нужеца дие байгІат гьабе: Аллагьасдехун щибго жо ширк гьабиларин абун, *( ай, гІибадат гьабиялъулъ щибго жо гІахьал гьабиларо),* нужеца бикъиларо абун, зина гьабиларо абунги, нужер лъимал чІваларо абунги, нужеца бугьтанги лъеларо абун, хІакъаб жоялъулъ диде гІасилъиларо абунги. Нужедасан гьаб къотІи тІубазабурав чиясе ажру кьей Аллагьасда тІад буго. Гьал ишазул цониги жо гьабурав, цинги жиндие дунялалдаго гІакъуба гьабурав чи, - гьеб гьесие мунагьал чуриялъе буго. Гьал ишазул цониги жо гьабурав, цинги Аллагьас гьеб бахчун тарав, - гьесул амру Аллагьасде буго: бокьани Аллагьас гьесие гІакъуба гьабила, бокьани тІаса лъугьунги тела» - абун. Гьез Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасе гьаб байгІат гьабуна. Ай, гьаб иш тІубазе тІад босана.

## <u>دعوة الإسلام فى يثرب :</u>

### Мадинаялда исламияб дагІват гьаби

Гьаб къокъа Мадинаялде тІад буссун унелъул Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьелгун цадахъ жинда Аллагь разилъаяв МусгІаб бину ГІумайр витІана гьезие Къуръан цІализе ва гьезда диналъул ишалги малъизе. МусгІаб бину ГІумайр рещтІана Абуумамат АсгІад бину Зураратихъ ва гьел кІиязго исламалде ахІизе бай бихьана.

Гьав кІиявго цо ахикь ругеб мехалъ Авсазул бетІер *(гьезул цевехъан)* СагІду бину МугІазица жиндир вацгІал Усайд бину Хузайрида абуна: «Мун вахъинарищ гьав кІиявго чиясухъе ине, жидеца нилъер загІипал ахІмакъ гьаризе рачІарал, гьел хІинкъизаризе» - ян абун. Усайдица жиндир хІарбат *(махх цебе лъураб тІил)* босана ва гьев кІиявго вугеб бакІалде ана. АсгІадида Усайд вачІунев вихьиндал гьес МусгІабида абуна: «Гьав вуго жедер къавмалъул кІудияв, дуца гьесда Аллагьасул диналъул битІараб жо бице» - абун.

ВачIун Усайд гьев кIиясдаго аскIов чIана ва гьес абуна: «Нуж нижехъе щиб жоялъе рачIарал, нижер загIипал гIадал гьаризейщ? Нужеца нижер бакI те, нужее чIаго рукIине бокьун батани» - ян абун. МусгIабица абуна: «Мун гIодов чIеларищ нижеца бицунеб жо рагIизе: дуе гьеб иш бокьани дуца гьеб босила, бокьичIони нижеца дуе рихараб жо гьабиларо» - ян абун. Усайдица абуна: «Дуца битIараб бицана» - абун, цинги жиндир хIарбатги гIодоб чIван гьев гIодов чIана. МусгIабица гьесие Къуръан цIалана, исламияб дин щиб жо бугебги бицана. Усайдие исламияб дин берцин бихьана, гьесул ракI гьелде хурхана ва жинца хIакъаб шагьадатги битIана.

Усайд тIад вуссун вачIана ва гьезухъе СагIду бину МугIаз витIине хIилла ургъана. гьес абуна: «Дун гьев кIиявго чигун кIалъана, Валлагьи дида гьезул къварилъи бихьичIо. Дица гьел гьеб ишалдаса нахъчIвадал гьез абуна жидеца дуе бокьараб жо гьабилин абун. Цингиги Усайдица абуна: «Дида бицунеб рагIана БанухIарисатал къватIире рахъун ругин АсгIад бину Зурарат чIвазеян абун, гьев дур эбелдахъа вацгIал вугелъул, дуе квешлъи гьабизе бокьун» - абун. СагIдул ццин бахъана ва ццидалъе вукIадго жив МусгIаб бину ГIумайр ва АсгIад бину Зурararатихъе ана. МусгIабица гьесиеги Усайдийго гьабураб жо гьабуна. Аллагьас гьевги исламияб диналде тIувитIана ва гьес хIакъаб шагьадатги битIана.

Цинги СагIду жиндир къавмалъухъе вачIана ва гьес абуна: «Я бану ГIабдулашгьал! нужеда гьоркьоб дир амру кин лъалеб?» - абун. Гьез абуна, мун нижер кIудияв вуго ва гIакълуялъул рахъалъан нижер хириявги вуго, - абун. Цинги СагIдуца абуна: «Нужер бихьиназул ва руччабазул калам дие хIарамаб буго нужеца Аллагьасдаги гьесул расуласдаги иман лъезегIан» - абун. Гьеб къавмалъул киналго, бихьиналги руччабиги, къасилелде исламалде рачIана цо аль-Усайрим абулев чи хутIинегIан. Гьес ислам боси УхIудалда рагъ бугеб къоялде щвезегIан нахъбахъана. Цинги гьес ислам босана ва Аллагьасул нухда шагьидлъун хвана, жегиги жинца Аллагьасе цохIо суждаги гьабичIого букIун.

ХIеж гьабулеб заман щвелелде МусгIаб Маккаялде тIад вуссана ва гьес гьаб ислам босияалъул роххалил хабарги бачIана.

## بيعة العقبة الثانية

### ГIакъабат абулеб бакIалда гьабураб кIиабилеб байгIат

Авараглъи кьуралдаса анцIила лъабабилеб соналъул хIежалъул заманаялъ Мадинаялдаса гIемерал бусурбаби ва мушрикал рачIана. Бусурбабаз хIукму гьабун букIана жидеца Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Маккаялъул мугIрузда свердилев ва мушриказ жиндие гIакъуба кьолевлъун теларин абун. Гьез балъгого аварагасде дандечIвай гьабуна ва къотIи гьабуна аль-ГIакъабат абулеб бакIалда аскIоб, Минаялда сардал ралеб мехалъ, балъго данделъизеян.

Авараггун данделъизе къотIи гьабураб заман щведал гьел жидер гьалмагъзабигун къапила рещтIараб бакIалда кьижун рукIана. Сардил лъабил бутIа араб мехалъ гьез балъгого цо-цо ккун гьенисан ине байбихьана ва киналго аль-ГIакъабат абулеб бакIалде данделъана. Гьезул лъабкъоялда анцIила лъабго чи вукIана: лъабкъоялда кIиго чи хазражиязул ва анцIила цо чи авсазул. Гьелгун цадахъ кIиго чIужугIаданги йкIана: Банунажаразул КагIбул яс Насибат ва Банусаламатазул ГIамрил яс Асмаъ.

Гьезухъе Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь вачIана жиндир инсул вац аль-ГIаббасгун цадахъ. Гьев жеги жиндир къавмалъул диналда вукIана, кинниги гьесие бокьана жиндир вацасул васасул ишалъухъ валагьизе ва гьесие божилъи гьабизе.

ТIоцеве кIалъарав аль-ГIаббас вукIана. гьес Мадинаялъул бусурбабазда абуна: «Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь жиндир къавмалда гьоркьов кIодолъиялда вуго. Жиндир шагьаралда жив цIунаравги вуго. Нужеда бихьулеб батани нужеца гьев жинда ахIараб ишалъулъ гьесие гьабураб къотIи тIубазе кIолеблъи ва гьев тушбабаздаса цIунизе, нужеца

тIад босараб жо тIубазе нужее ихтияр буго. Гьедин батичIони нужеца гьев гьаб сагIаталдаса хадув живго те» - абун.
Гьесие жаваб гьабун Мадинаялъул бусурбабаздаса аль-Барраъ бину МагIрур кIалъана ва гьес абуна: «Нижее бокьун буго ритIухълъи ва къотIи тIубай, Аллагьасул расуласе гIоло нижерго рухIалги кьезе. Гьанже мун кIалъай, я расулуллагь ва дуеги дур БетIергьанасеги бокьараб жоги босе» - абун.
Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь кIалъана, гьес Къуръан цIалана, Аллагьасдеги ахIана, исламияб диналде хьулги лъезабуна. Мадинаялъул бусурбабаз БетIергьанасе гьабизе щартI гьабуна:
= жидеца цохIо Аллагьасе лагълъи гьабизе ва гьелъулъ щибго жо гIахьал гьабичIого букIине.
Гьел бусурбабаз абун букIиндал нижеца щиб жоялъе дургун байгIат гьабилеб абун, хирияв аварагас жиндир БетIергьанасе ва жиндие къотIи босана:
= жал гIенеккизе ва мутIигIлъизе жидер къасд бугеб мехалъ ва жал кIвахIаллъун ругеб мехалъги.
= бечедал ругониги мискинал ругониги жидеца напакъаги кьезе.
= хIакъаб жоялдалъун амру гьабизе, мункараб жоялдаса нахъеги чIвазе.
= Аллагьасул диналъе гIоло рахъун чIезе ва жидеда гIайб чIвалев чиясдаги гIенеккичIого рукIине.
= нужехъе дун вачIараб мехалъ дие квербакъи гьабизе. Нужерго нафсал, руччаби ва лъимал *(тушманасдаса)* нахъчIвалеб хIалалъ дунги гьесдаса нахъчIвазе. Гьелда данде нужее алжан букIине буго.
ГIубадатица бицараб жоялъулъ буго: «Нижеца гьесие къотIи гьабуна амруялъул бетIергьабазухъан гьеб амру бахъиларин абун».

Аль-Барраъ бину МагIрурица Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул квер босана ва жив рази вугин абуна: «Мун хIакъаб жоялдалъун витIарасдалъун гьедула дун, нижго цIунулеб жоялдалъун нижеца мунги цIунила. Валлагьи, ниж

рагъул ва ярагъалъул агьлу буго, нижеца гьеб ирсалъе босана кIудияз кIудияздаса босун» - абун.

Аль-барраил хабар гьоркьоб къотIизабуна Абугьайсам бину ат-Тайгьаница ва гьес абуна: «Я расулуллагь, нижедаги *(ислам босичIел)* гIадамазда гьоркьобги къотIаби руго ва бухьеналги руго. Нижеца гьел къотIизарулел руго. Нагагь Аллагьас мун дурго ватIаналде вуссинавуни ва нижги реххун тани (щибдай букIинеб)» - абун. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь хьимана ва гьес абуна: «Би би букIина, биххизаби биххизаби букIина. Дун нужер вуго ва нуж дирги руго, нужеца рагъ гьабуразда дицаги рагъ гьабила, нужеца (*рагъ гьабичIого*) тарал дицаги тела» - абун.

Гьаб кIвар бугеб лахIзаталъ аль-ГIаббас бину ГIубадат цеве къана ва гьес абуна: «Нужеда лъалеб бугищ нужеца гьав чиясе щиб жоялъе байгIат гьабулеб бугеб? Нужеца байгIат гьабулеб буго гIадамазулгун чIегIерабги багIарабги рагъуе. Нужеда ракIалде батани нужер боцIиялъе зарал ккедал, нужер хириялги чIвадал гьев тушбабахъе кьезе, гьев гьабсагIатго те: гьеб жо дунял-ахираталъул гIодогIанлъи букIина. Нужеда ракIалде батани нужер боцIиялъе зарал кканиги, нужер хириялги чIваниги гьесие гьабураб къотIи тIубузе, нужеца гьев ваче, Валлагьи,  гьеб буго дунял-ахираталъул лъикIлъи» - абун. Мадинаялъулаз абуна: «Нижеца гьев вачунев вуго нижер боцIуе зарал кканиги, нижер хириял чIваниги. Гьелда данде ниже щиб бугеб, я расулуллагь?» - абун. Аварагас нужее алжан бугоян абуна.  гьез абуна щваке дур квер абун.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас жиндир квер щвакана ва гьел байгIат гьабизе тIаде рахъана.  АсгIад бину Зураратица Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул квер ккуна ва абуна: «Бигьа чIа, я Ясрибалъул агьлу. Нилъеца гьесухъе рачIунаго варанаби сваказаричIо гьев Аллагьасул расул вукIин лъалеб букIун гурони.  Жакъа гьев Маккаялдаса къватIиве вачинги киналго гIарабияздаса ратIалъи буго, нужер лъикIалал чIвайги буго, хвалчабаца нужеда хIанчIиги (ругьнал гьари) буго. Нужеца гьелда сабру гьабизе батани нужеца гьев ваче, нужее  ажруги Аллагьасда букIине буго. Нуж нужерго

нафсаз хиянат гьабилин хIинкъун ратани нужеца гьев живго те, гьеб нужее Аллагьасда аскIоб гIузру буго» - абун.

Мадинаялъулаз абуна: «Я АсгIад, нижеда цебеса дур квер нахъе босе. АллагьасхIаги нижеца гьаб байгIат гьабичIого теларо ва хадуб гьеб биххизеги гьабиларо" – ян абун. Цинги цо-цо ккун аварагасухъе рачIун гьесие байгIат гьабуна. ТIоцебе байгIат гьабурав АсгIад бину Зурарат вукIанин абуна, Абугьайсам бину ат-Тайгьан вукIанинги абуна, аль-Барраъ бину МагIрур вукIанинги абуна. КIиго чIужугIаданалъул байгIат гьаби рагIабаздалъун букIана, квер босун букIинчIо.

БайгIат гьабун хадуб Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьездаса тIалаб гьабуна анцIила кIиго чиясда цIар чIваян жидер амиралльун рукIунел ва жидер хIажалъиги тIубалел. Гьез ичIго чи хазражазул ва лъабго чи авсазул рихьизаруна.

Хазражазул ичIго чи: I- СагIду бину ГIубадат бину Дулайм, 2- АсгIад бину Зурарат бину ГIадс, 3- СагIду бину ар-РабигI бину ГIамр, 4 – ГIадуллагь бину РавахIат бину СагIлабат, 5 – РафигI бину Малик бину аль-ГIажлан, 6 – аль-Барраъ бину МагIрур бину Сахр, 7 – ГIабдуллагь бину ГIамр бину ХIарам, 8 – ГIубадат бину ас-Самит бину Къайс, 9 – аль-Мунзир бину ГIамр бину Хунайс.

Авсазул лъабгояв абуни, гьел: I- Усайд бину ХIузайр бину Самак, 2 – СагIду бину Хайсамат бину аль- ХIарис, 3 – РифагIат бину ГIабдулмунзир бину Зубайр. Цояз Абулгьайсам бину ат-Тайгьан вукIанинги абуна.

Гьал церехъаби тIаса рищун тIубадал Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: «Нуж нужер къамалъе гьезие бугеб жоялъулъ гъоркь чIарал руго, ГIиса аварагасе ХIавариюнал гъоркь чIарал рукIарал гIадин. Дунги дир къавмалъе гъоркь чIарав вуго» - абун. Мадинаялъулазги гьедин бугоян абуна.

Гьаб буго аль-ГIакъабат абулеб бакIалда гьабураб кIиабилеб байгIат. Гьеб Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул гIумруялда жаниб унгого кIудияб байгIат букIана ва жиндалъун лъугьа-бахъиназул ва тарихалъул нух хисараб ишги букIана.

Гьаб байгIатги гьабун гIадамал нахъ руссине лъугьиндал, шайтIаналъ, цIакъ борхатаб гьаракьалдалъун ахIун гьеб иш загьир гьабуна: «Я мугIрузул ва рукъалъул агьлу! Нужее МухIаммадги гьевгун цадахъ ругел *(нужер умумузул)* диналдаса руссарал гIадамал хIажат ругищ? Гьел нужеда рагъ гьабизе данделъун руго» - абун.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: «Я Аллагьасул тушман, дун дуде регIизе вуго» - ян абун. Цинги гIадамазда амру гьабуна жидерго бакIазде а абун ва гьел тIад руссун ана ва рогьинегIан кьижана.

Рогьун хадуб къурайшиязул цо къокъа бачIана Мадинаялъул хIажизаби чIараб бакIалде, гьез хиянат гьабиялъул гIайб чIвазеян абун. Мадинаялъул хIажизаби жидерго бакIазда рихьидал гьез абуна: «Гьаб гьересияб хабар буго, гьаниб щибго жо букIун гьечIо» - абун. Бусурбабиги щибго жо абичIого руцIцIун чIана. Цогидал мушриказги гьал къурайшиязул хабар ритIухъ гьабуна ва гьел жидер мурад тIубачIого нахъ руссана.

Ахир-къадги къурайшиязда лъана доб хабар битIараб букIараблъи ва гьезул рекIаразул къокъа хех гьабун Ясрибалъул къапила цIехезе къватIире рахъана. Цо изхиралъул гъутIби ругеб бакIалда гьел тIадккана СагIду бину ГIубадатида ва аль-Мунзир бину ГIамрида. Мунзир гьезухъан лъутун ворчIана. СагIду гьез ккуна, квараз вухьун кьабулаго ва рас цIалаго Маккаялде щвезегIан вачана.

Гьев хвасар гьавуна аль-МутIигIим бину ГIадияс ва аль-ХIарис бину ХIарбица: Мадинаялда дараналъе индалго СагIдуца гьезул къапилабазе божилъи гьабулеб букIана. СагIду мушриказухъ ккараблъи лъадалго Мадинаялъул ансарал тIаде руссун Маккаялде инехъин рукIана, амма мушриказухъан хвасарлъун СагIаду вачIана ва гьел киналго сах-саламат Мадинаялда руссана.

## هجرة المسلمين إلى المدينة

**Бусурбабаз Мадинаялде гьижра гьаби**

Гьаб аль-ГІакъабаталда букІараб кІиабилеб байгІаталда хадуб киналго бусурбабаз бай бихьана Мадинаялде гьижра гьабизе. Гьелдаса цере гьенире арал дагьалго мугьажиралги рукІана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасе макьилъ бихьун букІана гьижра гьабун унеб бакІ. Гьес абуна: «Дида бихьана дица Маккаялдаса чамасдакил гъутІби ругеб ракьалде гьижра гьабун. Дица хІисаб гьабуна гьеб аль- Ямамат яги Гьажар батилин абун. Гьеб Ясрибалъул Мадина букІун буго» - абун. Цоги бициналда буго: «Дида нужеца гьижра гьабулеб ракь бихьизабуна: кІиго мегІералда цебе бугеб бакІ. Гьеб Ясриб яги Гьажар битизе ккола» - абун.

ТІоцебе гьижра гьабурав вуго Абусаламат аль-Махзумий, Умусаламатил рос. Гьев жиндир чІужугун ва васгун цадахъ гьижра гьабун къватІиве вахъана кІиабилеб гІакъабаталъул байгІат гьабизе цо соналъ цеве. Амма Умусаламатил къавмалъ гьей гьижра гьабиялдаса нахъчІвана, Абусаламатил къавмалъ гьелъухъан васги вахъана. Абусаламат гьижра гьабун живго цохІого ана. КІиабилеб байгІат гьабун хадуб, васги вачун гьесул чІужуги ячІана Мадинаялде ва гьезул хъизан цолъана.

Абусаламатида хадуб гьижра гьабуна ГІамир бину РабигІатица ва гьесул чІужу АбулхІамсатил яс Лайлаца, ГІабдуллагь бину Умумактумицаги. КІиабилеб байгІат гьабун хаду бусурбабаз цоцазда хадуб гьижра гьабизе бай бихьана. Гьел къурайшияздаса хІинкъун балъгого унел рукІана, ГІумар асхІаб гьижра гьабун вахъинегІан. Гьев тІатунго къватІиве вахъана, къурайшиязда жив унеблъиги бицана, амма гьезул цонигиясда кІвечІо гьесда данде лъугьине. Мадинаялде ГІумар асхІаб вачІана къого асхІабгун цадахъ.

Киналго бусурбабаз Мадинаялде гьижра гьабуна. ХІабаш улкаялде гьижра гьабун ун рукІаралги гьенисан Мадинаялде рачІана. Маккаялда хутІичІо Абубакр, ГІали, Сугьайб, Зайд бину аль-ХІарисат ва гьижра гьабун ине кІвечІел дагьалго

загIипал бусурбаби гурони. Жинда Аллагь разилъаяв Абубакарги хIадурана гьижра гьабизе. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна; «Мун дурго нухда а, дирги хьул буго Аллагьас диеги изну кьела» - абун. Абубакрица абуна; «Дур гьелда хьул бугищха, дир инсудалъун мун хвасарлъаяв?» - абун. Аварагас бугоян абидалго Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасе гьалмагълъи гьабизе бокьун Абубакарги гьижра гьабичIого чIана. Гьес гьижраялъе хIадурлъи гьабун кIиго тIад рекIунеб жоги гъутIбузул тIамахги кьун хьихьана.

## قريش فى دار الندوة وقرارهم بقتل النبى -ﷺ- 

### Къурайшиял Дарун-надваталде данделъи ва гьез авараг чIвазе хIукму гьаби

Къурайшиязда бихьидал бусурбабазе жал цIунулеб бакI батин ва гьел Мадинаялда данделъиялъулъ жидер диналъе, рукI-рахъиналъе ва даран-базаралъе кIудияб хIинкъи букIин, гьел жундуца ккуразда релълъун лъугьана. Авараглъи кьуралдаса анцIилаункъабилеб соналъул Сафар моцIалъул къоло анлъабилеб къоялъул радал гIужалъ гьел данделъана Дарун-надват абулеб рокъор. Гьез къасд гьабуна гьаб хIинкъиялдаса киндай хвасарлъила абун ургъизе: жегиги дагIваталъул бетIер Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьги Маккаялдаго вугелъул ва гьев радал я бакъанида гьенисан къватIив вахъиналда хIинкъиги бугелъул.

Гьеб данделъиялда рукIана бищунго цересел къурайшиязул бутIрул. Къурайшиязул изнуялдалъун гьениб гIахьаллъана Наждалъул берцинав шайхасул сураталда бугеб иблисги. Щиб ишалъе жал данделъараб бицун хадуб Абуласвадица абуна; «Нилъеца гьев МухIаммад нилъер ракьалдаса къватIив гъезе вуго, гьелдалъун нилъер амру лъикIлъизе буго ва киве гьев аниги нилъеца кIвар гьабиларо» - абун.

Наждияв шайхас *(иблисалъ)* абуна: «Нужеда бихьулеб буго гьесул хабаралъул берцинлъиги мацIалъул гьуинлъиги, гьес гIадамазул ракIал кодоре росулеблъиги. Гьев гьанисан къватIив

вахъараб мехалъ чара гьечIого гIарабиязул цо къокъаялда рещтIина. Цинги гьесда сверухъ гIемерал гIадамалги руссина, гьелги рачун вачIун нужер ракьги мерхьила ва нужее жиндие бокьараб жоги гьабила. Нужеца гьеб гуреб цоги жо ургъе» - абун.

Абулбухтарияс абуна: «Гьев ккун жанив тIаме, тIаде нуцIаги рахай ва цересел шагIирзаби хвараб хIалалъ хвезе те» - абун. Наждияв шайхас абуна: «Валлагьи, нужеца гьев жанив тIамуни, гьесул амру асхIабзабахъе щвела. Гьез гьев жидерго умумуздаса ва лъималздаса тIокI гьавула. Гьел гьанир рачIина ва нужехъа гьевги вахъила. Цинги гьел аварагасдалъун гIемерлъила *(чIухIила)* ва нужеда тIад бергьина. Нужеца гьеб гуреб цоги жо ургъе» - абун.

Цинги къосарав Абужагьлица абуна: «Дир буго гьесие гьабизесеб жоялъул гIакълу, нужер цонигиясе жиб ракIалде щвечIеб. Нилъеца щибаб тухумалъул цо-цо лебалав, къвакIарав, къуватав, насаб бугев гIолохъанчи тIаса вищина. Цинги гьезухъе лебалал хвалчабиги кьела. Цинги гьел МухIаммад вугеб бакIалде ина ва киназго цадахъ, цо чис гIадин, гьесда хвалчен кьабила ва гьев чIвала. Цинги гьесул къисас боси киналго къурайшиязул тухумазулъ ккела ва ГIабдуманафил лъимазада кIвеларо киналго къурайшиязда рагъ гьабизе: гьел дият *(боцIудалъун рецIел боси)* босине разилъила, нилъеца гьезие диятги кьела» - абун.

Наждияв шайхас абуна: «Гьав чияс бицунеб жо битIараб буго, гьалдаса лъикIаб гIакълуги дида бихьуларо» - ян абун. Данделъараб къокъа гьаб гIакълуялда рекъон нахъруссана ва гьеб ищ тIубаялъе хIадурлъи гьабизе бай бихьана.

## بين تدبير قريش وتدبير الله سبحانه وتعالى

### ТIадегIанав Аллагьасул тадбиралда (хIукмуялда) ва къурайшиязул тадбиралда гьоркьов

Гьадинаб данделъиялъул тIабигIаталдаса буго гьеб цIакъ балъго гьабулебльи, жидер кидаго гьабулеб гIамалалдаса батIияб жо загьирлъизе толареблъи, гIадат билълъараб ишги

хисинабулареблъи: цониги чиясда гьелъул махI чIвалареб хIалалъ ва цонигиясул ракIалда кинаб бугониги квешлъи ургъун бугинги кколареб хIалалъ.

Гьаб иш къурайшиязул макру букIана. Амма гьез макру гьабулеб букIана ТIадегIанав Аллагьасе ва гьес гьел жидедаго лъачIого макру тIубачIого хутIинаруна. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасде Жабраил рещтIана ва гьес бицана къурайшияз ургъараб макруялъул. Гьес аварагасе гьижра гьабизе изну кьуна, къватIиве вахъунеб гIужги бицана. Къурайшиязул макруялде данде гьабулеб жо бицун Жабраилас абуна: «Къаси мун дурго бусеналда тIад кьижуге» - абун.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь къалъул гIужалъ, киналго гIадамал рахIаталъе рокъор руссунеб гIужалъ къватIиве вахъана ва жинда Аллагь разилъаяв Абубакрил бакIалде ана. Аварагас гьесулгун дандбана гьижра гьабиялъул амру Цинги лъикIаб хIалалъ кIиябго тIад рекIунеб жо къачIана. ГIабдуллагь бину УрайкъитI абулев чиги ижараде ккуна жидеда нух малъулев далилльун вукIине. Гьев къурайшиязул диналда вукIана, амма лебалав нух малъулев чи вукIана. Гьесие къотIи гьабуна лъабго сордо ун хадуб Савро магIарде вачIине. Цинги аварагас жиндирго къойил гьарулел ишал щибго хисичIого гьаруна, къурайшияз ургъараб макруялдаса цIунунги вукIине ва щивго чиясда лъачIого букIине гьев гьижра гьабизе яги цоги ишалъе хIадурулев вукIин.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул гIадат букIана богол как бан хадув сардил авалалда кьижунеб, цинги сардил бащалъи хутIидал тIаде вахъун Масжидул хIарамалде тагьажуд базе унеб. Гьеб сордоялъ аварагас жинда Аллагь разилъаяв ГIали вегизавуна жиндир бусеналда, гьесда щибго зарал букIине гьечIинги бицана.

Киналго гIадамал кьижидал ва сордоги гIодобе буссиндал авараг чIвазе хIукму гьабурал гьесул рукъалде рачIана ва гьеб сверун ккуна. Гьезда аварагасул бусада хIазрамиязул гIурччинаб бурдатги тIаде жемун кьижун чиги вихьана. Гьез пикру гьабуна гьев МухIаммад вугин абун ва жидеца гьев тIаде

вахъун къватIиве вачIунелъул тIаде кIанцIун чIвазе хIадурлъи гъабуна.

Гъаб букIана ТIадегIанав Аллагьас гьезул макруялъе гьабураб жаваб. Гьелъул бицун Аллагьас абулеб буго:

**Маккаялъул мушриказ дуе макраби ургъулел рукIараблъи ракIалде щвезабе, МухIаммад:** «Дарун-надват» абулеб рокъоре ракIарун мушриказул церехъабаз **мун жанив тIамун чIезавизе, яги мун чIвазе хIукму гьабуна.** Киналго кьибилазул гIолохъабаз цадахъго хвалчен кьабун, цонигиясдаса къисас босизе санагIат кколареб хIалалъ. **Яги мун Маккаялдаса къватIив къотIизе хIукму гьабуна. Гьел мушриказ дуе макру ургъулеб букIана ва Аллагьас гьезие макру ургъулеб букIана: гьезул макру батIул гьабун ва гьезул амру къватIиб чIвазабун. Аллагь лъикIав вуго жиндир хIукму тIубазабизе ва мушриказул макру хвезабизе.** Сура аль-Анфал, 30 аят.

## هجـــرة النبي

## Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьижра гьаби

### خروجه -ﷺ- من البيت :

### Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь рокъосан къватIив вахъин

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь рокъоса къватIив вахъана къурайщияз гьеб сверун ккун бугеб хIалалъ. Жинца цо хъатиниб босараб ракь щвана гьезул бутIрузда, ТIадегIанав Аллагьасул каламги цIалулаго:

**Дица гьезда цебе сангар гьабуна, гьезда нахъаги сангар гьабуна, Дица гьел бецщлъизеги гьаруна: гьезда щибго жо бихьуларо.**

Сура Ясин, 9 аят.

ТIадегIанав Аллагьас гьезул берал ккуна *(канлъи босана) ва* Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь къватIиве унеблъи лъачIо. Гьев Абубакрил рокъове ана. Гьесул рукъалъул гордухъан *(яги гьитIинаб рагьдухъан)* къватIиреги ун рогьел баккилелде гьел Савруялъул нохъокье щвана: гьеб буго Яманалъул рахъалда, Маккаялдаса щуго милалъул манзилалъ рикIкIад бугеб бакI.

# ثلاث ليال في الغار

## Нохъода лъабго сордо бай

Нохъоде щведалго гьенив жанив Абубакр лъугьана: гьениб зарал гьабулеб жо батани гьеб зарал жинда щвезе, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда щвечIого. Абубакрица гьеб лъухьана, кьватIарал бакIазда тIажуялдаса рихъун чIарталги къазаруна, гьениб батараб кIиго гамачIги хIатIазда гъоркь бахчана. Цинги авараг жанив лъугьана ва гьев жиндир бакIалда кьижана. Цо жоялъ Абубакр асхIабасул хIетIе хIанчIана, амма гьев щибго вагъари гьабичIого чIана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул рахIт цIунун.

Нохъода рахчун гьез лъабго сордо бана. Гьезухъе сордо базе Абубакрил вас ГIабдуллагь вачIунев вукIана. Гьев лебалав ва цIодорав гIолохъанчи вукIана. Рогьилелде гьев Маккаялде унаан къурайшиязда гьев Маккаялдаго вукIанин ккезе. Цинги къурайшияз рицунел харбазда гIенеккун сордо рукIкIараб мехалъ гьеб хабарги босун нохъоде вачIунаан.

Абубакрил тархъарав лагъ ГIамир бину Фугьайрат гIиял хьихьун вукIана. Гьев сардил цо сагIат араб мехалъ нохъоде аскIов вачIунаан ва гьез гIиязул рахь гьекъон сордо балаан. Цинги рогьилелде гIиялги рачун гьев нахъе унаан, гьезул лъалкI хвезабизе ГIабдуллагьги унаан.

Къурайшиязул гIолохъаби абуни: гьел рогьинегIан балагьун чIун рукIана авараг тIаде вахъиналде ва гьев къватIиве вахъиналдеги. Рогьараб мехалъ аварагасул бусадаса тIадвахъун ГIали асхIаб вачIиндалго гьезул чара хвана ва Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь киве вугеван гьикъана. Гьес жинда лъаларин абидал гьев кьабулаго вехъерхъун КагIбаялда аскIов вачана. Гьенив ГIали цо заманаялъ чIезавуна, амма гьезул щибго мурад тIубачIо. Цинги гьел Абубакрил рукъ бугеб бакIалде рачIана ва гьесул яс Асмаида гьикъана Абубакр киве вугеван. Гьелъги жинда лъаларин абидал инжитав Абужагьлица гьелъул гьурмада хъат кьабуна, гIиналда букIараб кIиликI бортулеб хIалалъ.

Цинги къурайшияз киналго рахъазде гІадамал ритІана гьев кІиявго цІехезе ва чІаго яги хун гьел рачун вачІарасе цоцоясдаса нусго варани кьезе къотІиги гьабуна. Гьел тІалаб гьабун цо гІадамал Савруялъул нохъодеги щвана: гьел гІодореги къулун жидер хІатІал ругеб бакІалде ралагьун рукІаралани гьезда дов кІиявго вихьизе вукІана.  Гьеб мехалъ жинда Аллагь разилъаяв Абубакр аварагасда гурхІун цІакъ пашманлъана.  Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: «Дуда щиб ракІалде кколеб, я Абубакр,  кІигоясул хІакъалъулъ, лъабабилевлъун жидее Аллагь вугел? Мун пашманлъуге, нилъгун цадахъ Аллагь вуго» - ян абун.

## <u>في الطريق إلى المدينة :</u>

**Мадинаялде унаго нухда**

Гьижрияб тарихалъул тІоцебесеб соналъул, РабигІул авал моцІалъул авалаб итни сордоялъ, нух малъулев далил ГІабдуллагь бину УрайкъитІ къотІиялда рекъон  кІиго рекІунеб жоги бачун Савруялъул магІарде вачІана. Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь ва жинда Аллагь разилъаяв Абубакр нухде рахъана, гьелгун цадахъ ГІамир бину Фугьайратги вахъана. Маккаялдаса дагьал рикІкІаде щвезегІан далилас гьел рачана жанубияб *(юг)* рахъалде аль-Яманалдехун. Цинги бакъ тІерхьудехун БагІараб ралъдал рагІалдехун рачана. Цинги шималалдеги *(север)* сверун ралъдада гІагарлъудаса рилълъана. Далил цІакъго дагь гуро гІадамал унареб нухалъ ана. Гьел рилълъана тІубараб сордоялъ ва хадусеб къо бащалъизегІанги: нух чІобого хутІинегІан, ай гІадамаздаса рикІкІалъинегІан. Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас цо кьуруялъул рагІдукь хІохьбахъи гьабуна. Абубакрица сверухълъиялда щибго зарал гьабизе бегьулеб жо бугодаян хал гьабуна. ГІиялгун цо вехь вачІиндал Абубакрица гьесда рахь бечІчІизабуна, цинги макьдаса ворчІидал аварагасда гьев разилъизегІан гьекъезабуна. Цинги жал нухде рахъана.

ТIасияб къоялъ гьел УмумагIбадил кIиго чадир бугеб бакIалде щвана: гьеб букIана Маккаялдаса нусиялда лъеберго километраялъ рикIкIад бугеб Къадид абулеб бакIалъул лъималда аскIоб. Гьелда щиб бугониги кваналеб жо бугищан абидал гьелъ гIузру бачана гIиял рикIкIад ругин абун. Чадиралда аскIоб гIияда цадахъ ине кIвечIого хутIараб хIалакъаб лемаг букIана. Гьелъул гъваруниб цохIо къатIра рахьги букIинчIо. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьеб бечIчIизе изну тIалаб гьабуна. Гьеб бечIчIидалго гьелдаса рахь бачIана ва цо чисе баччине кIолареб кIудияб цIарагI цIезабуна. Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагас гьеб рахь гIорцIинегIан УмумагIбадида, цинги жиндир гьалмагъзабаздаги гьекъезабуна. Хадуб жинцаги гIорцIинегIан гьекъана. ЦIидаса лемаг бечIун гьеб цIарагI цIезабуна ва УмумагIбадида аскIоб тана.

Гьелъул рос вачIана ва гьес гIажаиблъи гьабуна УмумагIбадида аскIоб кIудияб цIарагI цIураб рахь батидал ва гьелда гьикъана гьаб рахь кисаян абун. УмумагIбадица лъугьараб жо бицана ва Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасе: гьесул каламалъе ва вагъа-вачариялъе тIоноцIалдаса хIатIазде щвезегIан камилаб куцалъ сипат гьабуна. АбумагIбадица абуна: «Валлагьи, гьав чи къурайшиязул вуго, дида ракIалда букIана гьесие гьалмагълъи гьабизе. Гьанжеги рес рекъани дица гьесие гьалмагълъи гьабила» - абун.

Лъабабилеб къоялъ Маккаялъул агьлуялда цо гьаракь рагIана: гьелъул гъоркьияб рахъалдаса тIасияб рахъалде щвезегIан, - гьеб гьаракьалда хадур лъугьидал гьелъул бетIергьанги вихьулев вукIинчIо. Гьеб гьаракьалъ абулеб букIана: (шигIру):

**Халкъалъул БетIергьан Аллагьас лъикIаб жазаъ гьабеги, кIиго гьалмагъ УмумагIбадил кIиго чадир бугеб бакIалде щвана...** абун.

Къадид абулеб бакIалдаса церехун индал гьезда хадув чуялдаги рекIун Суракъат бину Малик аль-мудлижи лъугьана: къурайшияз бицараб сайгъат жиндие щвеялда хьул лъун. Гьезда гIагарлъидал Суракъатил чу цо жоялда тункана

*(споткнулся),* гьевги чодаса гъоркье вортана. ТIаде вахъун Суракъатица, жинда гьезие зарал гьабизе кIоладай абун чIораздалъун пал тIамуна. ЧIораз гьесие бокьичIеб жо бицана *(зарал гьабизе кIолароян),* гьедин бугониги чIоразда гIенеккичIого Суракъат чуялда рекIана.

Гьезде гIагарлъун, Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагас Къуръан цIалулеб гьаракь рагIулеб бакIалде щведалго, (гьев нахъе вуссинчIого цевехун унев вукIана, Абубакрица сверухъ бугеб жоялъул хал гьабулеб букIана), Суракъатил чуялъул цересел хIатIал накабазда щвезегIан ракьулъе ана ва гьевги чодаса вортана.

Ракьулъан хIатIал рахъизе кIоларого хутIараб чуялъ хIалицаго гьел рахъун жиб бахъун чIедал, гьелъул хIатIаздаса зодобе бахунеб гIадаб, кIкIуялда релълъараб хIур бахъана. Цингиги Суракъатица чIораздалъун пал тIамуна ва гьанжеги гьесие бокьулареб жо бачIана. Гьеб мехалъ Суракъат цIакъ хIинкъана, гьесда лъана Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасул амру бергьине букIин ва аман гьарун гьезда ахIана, гьелги Суракъат вачIинегIан чIана. Гьес къурайшияз ургъулел макрабазул ва гIадамазе гьев кIиясдасаго щиб къваригIун бугебги бицана. Цинги аварагасда жиндихъ бугеб квен-тIех ва къай-матахI босеян гьарана. Гьес щибго жо босичIо, жиндир амру гIадамазда бицугутIи тIалаб гьабуна. Суракъатица жиндие божилъи гьабун кагъат хъваян гьаридал аварагас амру гьабун ГIамир бину Фугьайратица цо къехьалъул къотIелалда гьеб хъвана.

Цинги Суракъат нахъвуссана ва авараг цIехон къватIире рахъарал данде чIвадал гьезда абуна: «Дица гьаниб бугеб кинабго хабар цIехана» - абун, ва гьел нахъе руссинаруна.

Гьединго Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасда нухда данде чIвана Бурайдат бину аль-ХIасиб аль-Асламий, лъабкъоялда анцIго рекIаравгун цадахъ. Гьевги авараг цIехезе вахъарав вукIана. Гьес ислам босана, гьесул гьалмагъзабазги босана ва авараггун цадахъ богол какги бана.

БатIнурим абулеб бакIалде щведал бусурбабазул къапилагун цадахъ гьезда дандчIвана аз-Зубайр бину аль-ГIавам. Гьел

Шамалдаса тӀаде руссун рачӀунел рукӀана. Аз-Зубайрица аварагасе ва Абубакрие хъахӀаб ретӀел кьуна.

## النزول بقباء

### Къубаалда рещтӀин

Итни къоялъ: авараглъи кьуралдаса анцӀила ункъабилеб ва гьижрияб тарихалъул тӀоцебесеб соналъул РабигӀул авалалъул микьабилеб къоялъ, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Къубаалда рещтӀана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь гьижра гьабун вахъанин рагӀаралдаса Мадинаялъул агьлу щибаб къоялъ, аль-ХӀарат абулеб бакӀалде рачӀун, гьесда дандчӀвай гьабизе чӀолаан къалъул гӀужалъ бакъ багӀарун рукъзабахъе инегӀан.

Гьеб къоальги гьел халатго ралагьун чӀунги рукӀун рукъзабахъе ана. Цо ягьудияв жиндирго ишалъе цо жо хал гьабизеян борхатаб бакӀалда вахана ва гьесда рикӀкӀадаса раккун хъахӀаб ретӀелгун рачӀунел Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь ва гьесул гьалмагъзаби рихьана. Ягьудияс жиндаго лъачӀого борхатаб гьаракьалъ ахӀана: «Я гӀарабиязул жамагӀат, гьале нуж ралагьун вукӀарав вачӀунев вуго!» - абун.

Бусурбаби ярагъалде рортана, авараг вачӀиналдалъун роххалил ва «Аллагьу акбар» абиялъул гьаракь бахъана. Гьел Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда дандчӀвай гьабизе аль-ХӀараталде рахъана. Авараг гьелгун цадахъ кваранаб рахъалдехун ана ва Къубаалда, БанугӀамр бину ГӀавфилазул бакӀалда рещтӀана.

Гьенир гӀодор чӀедал авараг вуцӀцӀун чӀун вукӀана. Жегиги гьев вихьичӀел ансарал рачӀун Абубакрида «лъикӀ щваравин» кӀалъалел рукӀана, гьев авараг вугин ккун, гьесул мегежалда хъахӀ рас жубан букӀиналъ. Цинги бакъ тӀаде борхун аварагасде щведал Абубакрица жиндир чухъаялдалъун гьесие рагӀад гьабуна ва ансаразда лъана кисинав вугев авараг.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Къубаалда Кулсум бину аль-Гьадамида рещтӀана, СагӀд бину Хайсаматида рещтӀанинги абуна. Гьениб аварагас ункъго къо бана. Гьел къяз

аварагас Къубаалъул масжидалъе кьучI лъуна, ва гьениб как бана.

Щуабилеб къоялъ, рузман къоялъ, Аллагьасул амруялдалъун авараг рекIунеб жоялда рекIана, жинда нахъе Абубакарги рекIинавуна, жиндир эбелалъул вацал ан-Нажаразухъ хабарги битIана. Гьел хвалчабиги рорчун рачIана. Цинги сверун гьел асхIабзабигун авараг Мадинаялдехун къокъана. Банусалим бину ГIавфилазул бакIалде щведал рузманалъул как базе мех щвана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас батIнуль-Вади абулеб бакIалда гьелгун цадахъ как бана: гьезул нусго чи вукIана.

## الدخول فى المدينة

### Мадинаялда жанив лъугьин

Цинги гьел Мадинаялдехун рилълъана, гьезда данде чIвазе рахъун гIадамалги рукIана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь вихьидал, киналго рукъзабахъ ва къватIазда Аллагьасе рецц гьабулеб ва Гьев вацIад гьавулеб гучаб гьаракь бахъана. Руччаби ва лъималги къватIире рахъана, ансаразул ясалаз шигIруги ахIана:

**Нижеда цIураб моцIалъ нур базабуна, аль-Вадиялъул щобдаса баккараб.**

**Цониги Аллагь рехслолев чи вугебгIан мехалъ ниж рецц гьабулеллъун рукIине ккола: нижехъе жив витIарасул хIакъалъулъ.**

**Мун нижехъе вачIун вуго ниж мутIигIлъизе тIадаб амруги босун.**

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь цониги ансариясул рукъалда аскIов щолев вукIинчIо, гьеб рукъалъул бетIергьанас варанидул чангитги ккун абун гурони: «Мун вачIа дуе хIадурараб квен-тIехалда, къай-матахIалда, ярагъалда ва мун цIуниялда» - абун. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьезда абулеб букIана: «Нужеца варaниялъе нух рагье, гьеб жинда амру гьабураб буго» - абун.

Варани аварагас бараб масжид бугеб бакIалде щведал гIодоб чIана. Авараг гьелдаса гъоркье рещтIинчIо варани тIадеги бахъун дагьабго билълъинегIан. Гьеб нахъе буссун цебеги

гIодоб чIараб бакIалда бачIана ва гьанжеги гьениб гIодоб чIана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь гIодов рещтIана ва гIадамзул щивас гьев жинда рещтIине ахIулев вукIана. Жинда Аллагь разилъаяв Абуаюби аль-Ансарияс хехлъи гьабун аварагасул къай-матахI жиндир рокъобе лъугьинабуна. Цинги аварагас абуна: «БетIергьанчи жиндир къай бугеб бакIалда вукIине ккола» - ян абун. АсгIад бину Зураратица аварагасул варанnetworkлъул чангит ккуна ва гьеб Зураратида аскIоб букIана.

Ансаразул хъизанал Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасе гьоболлъи гьабизе щвеялда роххун рукIана ва щибаб сордоялъ гьесие квен бачIунеб букIана: щибаб сордоялъ гьесул рагьда аскIоб лъабго-укъго хIерч тIагIамалъул батулаан.

## هجرة على ولحوقه برسول الله -ﷺ-

**ГIалиасхIабас гьижра гьаби ва гьев Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасде нахърегIи**

Жинда Аллагь разилъаяв ГIали асхIаб аварагас гьижра гьабун хадув Маккаялда лъабго къоялъ чIана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасухъе Маккаялъул агьлуялъ цIунизеян кьурб жоги гьезухъе тIад буссинабуна. Цинги гьев хIатIазда вилълъун вачIун Къубаалда аварагасда хадув гъуна ва Кулсум бину аль-Гьадамида рещтIана.

## هجرة أهل البيت

**Аварагасул хъизаналъ гьижра гьаби**

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Мадинаялда парахатлъидал гьес Зайд бину ХIарисат ва АбурафигI Маккаялде ритIана. Гьел рачIана аварагасул кIиго яс Умукулсум ва ФатIимаги рачун. Гьединго гьез муъминзабазул эбел Савдатги, Умуайманги, Зайд бину Усаматги рачIана. Жидер хъизанги бачун: Умуруман, Асмаъ, ГIаишат, жидеда Аллагь разилъаял, Абубакрил ГIабдуллагьги вахъана гьелгун

цадахъ. гьаб иш букIана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьижра гьабуралдаса хадуб анлъго моцIалдаса.

**<u>هجرة صهيب :</u>**

**Сугьайб асхIабас гьижра гьаби**

Жинда Аллагь разилъаяв Сугьайб асхIабасги гьижра гьабуна расулуллагьас гьижра гьабун хадуб. Гьев гьижра гьабун унев вукIин лъадал, мушриказ гьесие нух ккуна. Гьездаса ворчIине гIоло Сугьайбица жиндир кинабго боцIи-мал гьезие тана: гьеб боцIиги гIемераб букIана. Мадинаялда щведалго Сугьайбица аварагасда жиндир къисса бицана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: «АбуяхIял дараналъул хайир лъугьана» - абун. АбуяхIя Сугьайбил кунят буго.

**<u>المستضعفون :</u>**

**<u>Жал загIип гьарурал гIадамал</u>**

Гьединго мушриказ цо бусурбаби гьижра гьабиялдаса нахъчIвана. Гьезие гIазабги гьабуна, гьезул диналъе питнаги гьабуна. Гьездаса вуго аль-Валид бину аль-Валид, ГIаяш бину АбурабигIат ва Гьишам бину аль-ГIасс. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас къурайшияз гьижра гьабиялдаса ккурал бусурбабазе дугIа гьабулеб букIана: гьеб буго магьдина цIалиялъул байбихьи. Цо заманаялдаса бусурбабаз цIакъго бахIарчияб иш гьабуна *(гьижра гьабизе къасд гьаби)* ва гьелдалъун капурзабазул гудракьа рорчIана, цинги гьижра гьабун Мадинаялдеги рачIана.

## مناخ المدينة

**Мадинаялъул гьава-бакъ**

Жидеда Аллагь разилъаял мугьажирал Мадинаялда рещтIиعдал гьезда пашманлъи ва ракI къварилъи щвана жидер ватIаналдаса, жал жанир гIурал рукъаздаса ратIалъун рукIиндал. Гьез ватIан гIемер рехсолеб букIана ва гьелда къасдаздаги рукIана. Гьелдаги тIад къварилъи цIикIкIунеб букIана Мадина букIиналъ бищунго унтаби гIемераб ракь. Мадинаялде рещтIиндал мугьажиразда батIи-батIиял унтаби щвана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Аллагьасда гьарана ва жинца абуна:

*«Я дир Аллагь, ниже Мадина бокьизабе ниже Макка бокьулеб гIадин я жегиги цIикIкIун ва гьеб сахги гьабе. Гьелъул мудалъулъ ва сагIалъулъ баракатги лъезабе. Гьенисан унти нахъе инабе ва гьеб (унти) ЖухIбаталда гьабе» - абун.* ТIадегIанав Аллагьас Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул дугIаялъе жаваб кьуна, бусурбаби унтабаздаса парахатлъана ва гьезие Мадинаги бокьана.

## أعمال رسول الله -ﷺ- فى المدينة المنورة

**Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Мадинаялда гьарурал ишал**

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Мадинаялда парахатлъидал Аллагьасул диналде халкъ ахIиялда тIад чIун вукIингун цадахъ гьес диниял ва дунявиял ишал мухIкан гьаризе бай бихьана.

Гьеб ишалъулъ бищун цебесеб гали букIана аварагасул масжид бай. Гьеб баялъе Мадинаялде щведал аварагасул варани гIодоб чIараб ракь бичун босана. Гьеб кIиго ятимасул милк букIана: нусго натI цо рахъалде ва нусго натI цо рахъалде бугеб. Гьенир мушриказул хобалги рукIана, чIунтарал бакIалги, чамасдакил ва гъаркъадалъул гъутIбиги рукIана.

Мушриказул хобал къватIире рахъана, чIунтарал бакIалги ритIизаруна, гъутIбиги нахъе къотIана ва гьезул хIубал масжидалъул къиблаяб рахъалда эхетизаруна. Масжидалъул кьучI лъабго натIгIадаб гьабуна, къедалги къонноялъ ва хIаршалъ рана. Рагьуялъул кIиябго рахъ гамачIалъул гьабуна, тIох рахазул гьабуна, хIубалги чамасдакил гъветIалъул гIаркьелазул гьаруна. Жанисан масжидалъул чIабар сали-чIинхал ран къачIана. Масжидалъе лъабго рагьоги гьабуна. Гьелъул къибла шималияб рахъалда, Байтулмакъдисалдехун букIана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас мугьажирал ва ансаралгун цадахъ шигIруги рикIкIунаго къоно ва гамачI баччунеб букIана. ГIадамазги гьевгун цадахъ щигIру рикIкIунеб букIана ва гьелдалъун жидер хIалтIуда квер балеб букIана.

Масжидалъул хьибилалда гамачIалъ ва къонноялъ кIиго хIужраги бана, гьезда тIад рахазул ва чамсдакил гIаркьелазул тIохги лъуна. Гьел хIужраби цо ЗагIматил яс Савдатие букIана, цогидаб ГIаишатие букIана, жидеда Аллагь разилъаял. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас ГIаишат рокъое ячана гьижрияб тарихалъул тIоцебесеб соналъул Шаввал моцIалъ.

**الأذان**

**Как ахIи**

Масжид бадалго бусурбабаз щуябго какде рачIине бай бихьана. Амма какил гIуж лъаларого цоял хехго рачIунаан, цоял кватIун рачIунаан. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас муъминзабазулгун мушавара гьабуна щиб гIаламатдай гьбила как бизе мех щвараблъи лъалеб абун. Цояз абуна цIа бакун лъикIан, цогидаз абуна букъалъуб *(труба)* пун лъикIан, цогидаз абуна цIумур кьабун лъикIан. Жинда Аллагь разилъаяв ГIумарица абуна как базе мех щун бугоян ахIизе цо чи витIани лъикI гьечIищан. Аллагьасул свалат-салам лъеяв

расулуллагьас гьаб пикру къабул гьабуна ва гьедин ахIулебги букIана.

Цинги ансарияв ГIабдуллагь бину Зайд бину ГIабдурабигьие макьилъ как ахIи бихьана. Гьес вачIун аварагасда жиндир макьу бицана. Расулуллагьас абуна гьаб хIакъаб макьу бигин ва гьеб как ахIи Билалида бице, - ян абун, гьес как ахIизе: гьесул гьаракь ГIабдуллагьилалдаса борхатаб букIана. Билалица как ахIидалго гьеб гьаракь жинда Аллагь разилъаяв ГIумар бину ХатIабида рагIана. Гьев чухъаги бухьулаго *(гIедегIун)* вачIана ва абуна: «Валлагьи, дидаги гьелдаго релълъараб макьу бихьана» - ян абуна. Гьелдалъун макьу битIараб букIин мухIканлъана ва гьеб къоялдаса бай бихьун как ахIи исламалъул цо гIаламатлъун лъугьана.

## المؤاخاة بين المهاجرين والأنصار

### Мугьажиразда ва ансаразда гьоркьоб вацлъи гьаби

Ансаразул лъикIал тIабигIатаздаса, гьезул сахаватлъи ва хиралъиялдаса букIана гьел роххун рукIунеблъи мугьажирал жидер рокъор рещтIинариялдаса ва гьезие гьоболлъи гьабиялдасаги. Гьел ТIадегIанав Аллагьас абухъин рукIана:

**Жидеца Мадина ватIанлъун ккурал ва Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг гьижра гьабун вачIинелде цебего жидеца иманги лъун букIарал, жидехье гьижра гьабун рачIарал муъминзабиги жидее рокьулел.** Гьел жидер вацаллъун гьарурал, гьезие жидер минаги магIишатги бикьарал. **Гьел мугьажиразе пай-гъаниматалдаса аварагас бутIа кьураб мехальги жидер гьелда хьул лъоларел ва жидеца гьеб аварагасул хIукму разилъун къабул гьабулел. Жалго цIакъ ракъун-къечон ругониги, жидеца диналъул вац тIаса вищун гьесие хIажатаб жоги кьолел.** Гьал сипатал жидер ругел ансарал руго Аллагь жидеда разилъарал ва жидер даража-макъам тIадегIанал муъминзаби. **Аллагьас напсалъул бахиллъиялдаса цIунарал гIадамал руго жиндир лъикIлъиялда кверщел батарал ва жидер бахьи буголъарал гIадамал.**

Сурату аль-ХIашри, 9 аят.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас ансаразул гьаб рокьи ва диналъул вац тIаса вищи щула гьабуна мугьажираздаги гьездаги гьоркьоб вацлъи гьабиялдалъун.

Аварагас щивав ансаравги гъесде рещтIарав мугъажирги вацлъун гъавуна. Гъел ункъоялда анцIго чи вукIана: цо бащалъи ансарал ва цогидаб бащалъи мугъажирал. Гъезда гъоркьоб вацлъи гъабуна цоцазе квербакъи гъабизе, цояв хвараб мехалъ цогидас гъесул ирсги босизе. ТIадегIанав Аллагъас ирсалъул аятал рещтIинаридал гъеб цоцазул ирс боси хвезабуна, амма вацлъи нахъ хутIана. Гъаб вацлъи гъабуна Анас бину Маликил рокъоб, жал киназдаго Аллагь разилъаги.

Ансаразе мугъажирал рокьиялдаса букIана гъез мугъажиразе жидер чамасдакил ах бащад гъабун бикьизе къасд гъаби. Гъеб мугъажираз къабул гъабичIелъул ансараз абуна: «Нужеца нижее кумек гъабе ахикь хIалтIи гъабизе, бачIараб пихъ нилъеда гъоркьоб бикьила» - абун. Гъелда мугъажиралги разилъана.

СагIду бину ар-РабигI вукIана бищунго гIемер магIишат бугездаса. Гъес жиндир вац мугъажир ГIабдурахIман бину ГIавфида абуна: «Дир магIишат бащад гъабун бикьила. Дир кIиго чIужу йиго: дуе кинай берцин йихьулей балагъун дида гъелъул цIар абе, дица гъей йиччала. Гьелъул гIида тIубадалго гъей дуца яче» - абун. ГIабдурахIманица абуна: «Аллагъас дур магIишаталда ва хъизаналда баракат лъезабеги. Нужер базар киб бугеб?» - абун. Гъесда бану Къайнукъазул базар бугеб бакI бихьизабуна. Гъев базаралдаса рокъов вачIана хайирлъараб нису ва нах босун. Дагъалго къояз хIалтIидал гъесие магIишат щвана, цинги ансариязул цо гIадан чIужулъунги ячана.

## تأسيس المجتمع الإسلامى والأمة الإسلامية

### Исламияб жамагIаталъе ва умматалъе кьучI лъей

Аллагъасул свалат-салам лъеяв расулуллагъас гъабураб вацлъи букIана мугъажирал ва ансарал цоцаде рухьилъун. Мадинаялда данделъун хадур бусурбаби лъугьидал жибго жинда чIараб умматлъун, гъел хIажат рукIана цолъиялъул къагIидаби лъеялде ва жамагIаталъул хIакъал *(права)* ва гъезда тIадал жал лъаялдаги, гъединго гъеб уммат цогидаздаса батIа чIараб цо уммат букIин лъалел гIаламатал лъеялдаги.

Мадинаялда бусурбаби гуребги цоги кIиго къокъа букIана гьездаса диналъулъ ва гIакъидаялъулъ жал батIиял: жидер маслихIаталги, хIажалъабиги, жидер къасдал ва анищал батIиял. Гьел руго мушрикал ва ягьудиял. Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагас бусурбабазда гьоркьоб бугеб жоялъе хасаб къотIи хъвана. Бусурбабаздаги мушриказдаги гьоркьоб бугеб ва гьездаги ягьудияздаги гьоркьоб бугеб жоялъе цоги къотIи хъвана. Гьеб кагъаталда хъван букIана:

I= Муъминзаби ва бусурбаби ясрибалъул ругониги къурайшиязул ругониги, гьезда нахърегIарал ва гьезда нахърилълъарал, гьелгун цадахъ жигьад гьабурал, - гьел киналго цо уммат буго цогидал гIадамаздаса батIияб.

2= Муъминзабазда гьоркьоб асир хвасар гьавиги дият кьейги букIуна жидер цебе букIараб гIадаталда рекъон. Муъминзабаз муъминзабазе кумек гьабула асир хвасар гьавиялъе ва дият кьеялъе.

3 = Муъминзаби цохIо кверг Iадин данде чIола жинца пасалъи, зулму гьабулев ва мутIигIлъуларев чиясде, гьев чи жидер цоясул эмен вугониги.

4 = Муъминчияс муъминчи чIваларо капурчиясда данде *(гьесие рецIелалъе)*, капурчиясе кверги бакъуларо муъминчиясе заралалъе.

5 = Аллагьасул цIуни киназего цо буго, Аллагьас бищунго гIодовегIанавги цIунула.

6 = Ягьудиздаса бусурбабазда нахъвилълъарав чиясе квербакъи букIине буго ва гьесул ихтияралги цIунизе руго.

7 = Бусурбабаз гьабураб рекъел цо буго. ай, киназего гIаммаб буго.

8 = Жинца бокьун *(преднамеренно)* бусурманчи чIварасдаса къисас босула, жив чIварасул валияс тIаса лъугьун течIони. Муъминзабазда тIадаб буго жинца чи чIварасда данде рахъине (гьесул заралалдаса цIунизе).

9 = Муъминчиясе хIалаллъуларо жинца квешлъи гьабурав чиясе кумек гьабизе ва гьев рокъов вачинеги.

I0 = Муъминзаби цо ишалъулъ хилиплъараб мехалъ гьелъул амру Аллагьасде ва гьесул расуласде бусинабула.

Гьаб къотIиялда тIадеги Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагас муъминзабазе исламияб вацлъиялъул хIакъ баян гьабулеб букIана щибаб заманаялъ ва хассал гIужазульги. Аварагас гьел гьесизарулел рукIана цоцазе кумек гьабиялде ва квер бакъиялде, цоцазе лъикIлъи гьабиялде ва лъикIаб ишалъе мисал бихьизабиядеги. Гьаб исламияб вацлъи цIакъ тIадегIанаб даражаялде бахана, тарихалда жаниб жиб лъалеб цогидаб кинабгIаги ишалдаса.

Мушрикал абуни, жидер аслуго биххиналде гIагарлъун рукIана: гьезул гIемерисез жидер церехъабигун ва бутIрулгун цадахъ ислам босидал. Бусурбабазде данде чIезе кIолеб хIалги гьезул хутIун букIинчIо. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьездаса къотIи босана гьез къурайшиязул чиясе ва боцIиялъе цIуни гьабичIого букIине. МуъминчиясдаСа гьев цIунун гьоркьов лъугьинчIого вукIинеги. Гьаб къотIиялдалъун мушриказдаса бусурбабазе букIараб хIинкъиги тIагIана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасдаги ягьудияздаги гьоркьоб гьаб хадуб рехсараб къотIи ккана:

I= Ягьудиял уммат буго бусурбабазул умматгун цадахъ бугеб. Гьезул жидерго дин буго, бусурбабазул жидерго дин буго. Ягьудияз жидеего напакъа кьола, бусурбабазги жидеего напакъа кьола.

2 = Гьаб къотIиялда рекъаразда *(цогидаз)* рагъ гьабуни, гьез цоцазе кумек гьабизе ккола. Ясрибалъул ракьалда тIад кIанцIарасде дандеги гьез цоцазе кумек гьабизе ккола: щивас жиндие кIвараб жо гьабила.

3 = Гьезда гьоркьоб цоцазе лъикIлъи гьаби ва насихIат гьаби буго, мунагь бугеб иш гьабизе гьечIо.

4 = Цо чияс живгун къотIуда вугес гьабураб мунагьалъул жаваб кьоларо.

5 = Жиндие зулму гьабурав чиясе квербакъи букIине буго.

6 = Рагъ бугеб заманалъ ягьудиязги бусурбабигун цадахъ *(рагъуе хIажатаб жоялъе)* напакъа кьола.

7 = Гьаб къотIи хъваразе Ясриб *(Мадина)* хIарамаб буго. Ай, гьелъие щиб рахъалъ бугониги зарал бугеб жо гьабизе бегьуларо.

8 = Гьезда гьоркьоб ккараб квешаб иш яги дагIба-къец, гьелъул амру Аллагьасде ва гьесул расуласде бусинабула.

9 = *(Мушрикаллъун ругел)* Къурайшиязе ва гьезие квер бакъаразе цIуни гьабуларо.

I0 = Гьаб къотIиялъ залимасе яги мунагь гьабулесе кумек гьабуларо.

Гьаб къотIи гьабиялдалъун Мадинаялда гIумру гьабулел бусурбабиги ягьудияалги мушрикалги цохIо жолъун лъугьана, гьелдалъун  Мадинаги гьелъул сверухълъиги жибго жинда чIараб, жиндир кIодолъи бугеб  пачалихълъун лъугьана. Жиб къабул гьабулеб рагIи гьениб бусурбабазул букIана, гьеб пачалихъалъул бетIерги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь вукIана.

Аварагас Аллагьасул диналде ахIиялъулъ лебаллъи гьабуна, гьесда релълъун киналго бусурбабазги дагIват гьабиялъе яхI бахъана. Авараг бусурбабазул ва цогидазул мажлисазда гIахьаллъулев вукIана, гьезие Аллагьасул аятал цIалулел рукIана ва гьел исламияб диналдеги ахIулел рукIана. Гьездаса Аллагьасда иман лъурал жинца рацIцIад гьарулел рукIана, гьезда Къуръан ва гIелму лъазабун.

## استفزازات قريش
**Къурайшияз хIинкъаби кьей**

## مكائد قريش
**Къурайшиязул макраби**

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Мадинаялъул ишал рекъезарулев ва гьениб чIаголъи гьабиялъул низам гIуцIцIунев вугеб мехалъ, гьениб жиндие ва бусурбабазе божилъи бугеб бакI батилин хьулалдаги вугеб мехалъ: гьениб жидер дин гьабизе щибго хIинкъи ва данде чIей гьечIого, -

тохлъукьего гьезда лъана къурайшияз макру гьабулеб букIин ва бусурбаби тIагIинаризе къасд гьабулеб букIин.

Гьезул макруялдаса букIана жидеца Маинаялул мушриказухъе кагъат хъвай гьел бусурбабазда рагъ гьабиялде ва гьел Ясрибалдаса кватIире рахъинариялде гьесизарулеб. Къурайшияз Мадинаялъул мушриказе хIинкъи кьолеб букIана гьез бусурбабазда рагъ гьабичIони, жидеца гьезул бихьинал чIвалин ва руччаби жидеего рачилин абун. Мадинаялъул мушриказ къурайшияз амру гьабураб жо тIубазе къасдги гьабун букIана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь гьезухъе вачIана, гьезие вагIза-насихIат гьабуна ва мушриказ рагъ гьаби тана, гьел жидерго бакIаздаги руссана.

Цогиги гьезул макруялдаса букIана авсазул бетIер, жинда Аллагь разилъаяв СагIду бину МугIаз Абусафван бину Умаят бину Халфгун цадахъ Маккаялде гIумра гьабизе индал ва КагIбаялда тIавап гьабулел ругеб мехалъ гьезда данде чIвана Абужагьал. Гьесие СагIду лъадал Абужагьлица абуна: «Мун щибго хIинкъи гьечIого КагIбаялда тIавап гьабулев вуго, нижер диналдаса руссаралги нужехъе рачун. Валлагьи, мунгун цадахъ Абусафван вукIинчIевани мун сах-саламат Мадинаялде тIад вуссинароан» - абун. Гьаб рагIиялъ лъазабулеб буго бусурбаби КагIба рукъалдаса нахъчIвай ва, къурайшиязул ракьалда ратараб мехалъ, гьел чIвазе рукIинги.

Къурайшиязул хурхен букIана Ясрибалъул ягьудиязулгун. Аллагьасул салам лъеяв ГIиса аварагасдаса Инжилалъулъ бачIараб хIалалъ, гьел ягьудиял борхьил тIанчIи борхьал руго. Гьединлъидал гьез тIад чIей гьабун букIана Авсаздаги Хазражаздаги гьоркьоб цебего букIараб тушманлъи цIи гьабиялда ва гьезда гьоркьоб питна ккезабиялда.

Гьаб хIалалъ Мадинаялда ругел бусурбабазда Мадинаялда жанисан ва къватIисан хIинкъи сверун лъугьун букIана. Гьезул хIал щун букIана ярагъ кодоб букIун гурони гьез сордо балареб, ярагъгун гурони радал тIадеги рахъунареб бакIалда. Гьез Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьги цIунулев вукIана ТIадегIанав Аллагьас аят рещтIинегIан:

**Мун Аллагьас цIунизе вуго гIадамазул заралалдаса,** - абун. Цинги аварагас абуна: «Я гьал гIадамал! Нуж дида аскIоса нахъе а, дун ТIадегIанав Аллагьас цIунана» - ян абун.

## <u>مشروعية القتال</u>

### Рагъ гьабизе изну кьей

Гьаб хIинкъи цIикIкIараб мехалъ ТIадегIанав Аллагьас къурайшиязда рагъ гьабизе изну рещтIинабуна. Цинги, заман ва хIал хисиялда рекъон рагъ гьабизе бугеб изну, рагъ гьабизе тIадаб букIиналде сверана, къурайшиял гурездаги рагъ гьабизеги амру гьабуна. Къурайшиязда ва бусурбабазда гьоркьор ккарал ишал рициналде цебе рагъуе изну кьей рагъ гьаби тIадаб букIиналде свериялъул даражаби рицина:

= ТIоцебесеб букIана къурайшиязул мушрикал бусурбабигун рагъда ругеллъун рикIкIин. Гьез тушманлъи байбихьидал бусурбабазе ихтияр щвана гьезда рагъ гьабизе ва гьезул магIишаталда данде рахъине. Цогидал гIарабиязул мушриказде рагъ гьабизе изну букIинчIо.

= КIиабилеб букIана къурайшиязул мушрикалгун бусурбабазда рагъ гьабизе рекъарал киналго гIарабиязул мушриказда рагъ гьаби. Гьединго живго цохIо вукIун бусурбабазда тушманлъи гьабурасда рагъ гьабиги.

= Лъабабилеб букIана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьгун къотIи ва божилъи бугел ягьудияздаса жидеца хиянат гьабуразде яги къурайшиязул мушриказе кумек гьабуразде рагъ гьаби ва гьезулгун бугеб къотIи биххиги.

= Ункъабилеб букIана бусурбабаздехун тушманлъи байбихьарал китабиязда рагъ гьаби, гьез жал мукIурлъун бусурбабазе жизят кьезегIан.

= Щуабилеб букIана жив исламияб диналда лъугьарав чи: мушриказул вугониги, ягьудиязул, насраниязул вугониги, цогидазул вугониги, рагъ гьабичIого тей. Гьесул напсалъе яги гьесул магIищаталъе шаргIалда рекъон гурони зарал гьабун гутIи, гьесул хIисаб гьабиги Аллагьасда тIамун тей.

# <u>السرايا والغزوات</u>

**Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь цадахъ вукIун ва жалго къокъаби ритIун гъазават гьаби**

Цебе бицараб хIалалъ бусурбаби кидаго цIодорлъиялда рукIана: ярагъгун цадахъ кьижун ва авараг цIунун. Рагъ гьабизе изну бачIун хадуб Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас рагъуе куцалел бакIал гIуцIцIана ва рагъ гьабизе цо-цо къокъабиги ритIана. Гьеб къокъаялда тIад жиндир асхIабзабаздаса цо амирги гьавулаан, гьелда цIарги сарият букIана. Цо-цо мехалъ авараг живгоги вахъунаан къокъагун цадахъ, гьелда цIарги гъазават букIана.

Гьел къокъаби ритIиялдаса мурад букIана:

= тушманасул вагъ-вачари лъазаби ва Мадинаялъул рагIаллъаби цIуни, бусурбаби тохлъукьего кквечIого рукIине.

= Къурайшиязе гьезул къапилабазде данде лъугьун къварилъи гьаби: гьезда лъазе жидер даран-базаралъе, боцIиялъе ва жидерго напсазе хIинкъи букIин. Гьел жидер ахIмакълъиялдаса ригьине ва гьез бусурбаби жидерго ихтияралда тезе: жидеца гьабулеб диналъулъ ва Аллагьасул диналда ахIун гьеб тIибитIизабиялъулъги. Гьаб букIана бусурбабазе бокьараб жоялъул бищун цебесеб. Яги къурайшияз рагъул нух тIаса бищи: цинги авалалда гьезул даранги хвезе: гьел дармие унел нухал Мадинаялъул рагIалдаса рукIиндал. КIиабизе гьезда Аллагьас къотIи гьабураб жидер тушманлъиялъул ва квешлъиялъул жазаъ щвезе: Аллагьас рагъуе изну кьун ва муъминзабазе квер бакъун.

= цогидал тухумазулгун къотIаби гьари: цоцазе кумек гьабизе, яги тушманлъи гьабичIого букIине.

= Аллагьасул рисалат гIадамазухъе щвезаби ва исламияб диналде рагIиялдалъун ва гIамалалдалъун ахIи.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас битIараб тIоцебесеб сарият буго С<u>ифул бахIри</u> абун жинда цIар бугеб сарият. Гьеб битIана гьижрияб тарихалъул тIоцебесеб соналъул Рамазан моцIалъ. Гьелда тIад амирлъун гьавуна жиндир инсул вац ХIамзат бину ГIабдулмутIалиб. Гьеб сарият гIуцIун букIана

лъеберго мугьажирасдаса. Гьел ана ГIайс абураб рахъалдаса БагIараб ралъдал рагIалде щвезегIан *(сифул бахIри)*.

Гьел данде лъугьана шамалдаса бачIунеб къурайшиязул къапилаялда. Гьезда тIад *(гьезул бетIер)* Абужагьал вукIана ва гьезул лъабнусго чи вукIана. Цинги кIиябго къокъа рагъизе хIадурун мухъал гьарун чIана. Кинниги Мажди ибну ГIамри аль-Жугьани абулев чи гьоркьов лъугьун маслихIат гьабуна ва гьел рагъ гьабичIого нахъе руссана.

Исламияб тарихалда жаниб гьаб букIана авалаб аскар. Гьезул байрахъги хъахIаб кьералъул букIана ва гьебги исламалъул тарихалда авалаб байрахъ букIана. Гьезул байрахъулавги Абумарсад Канназ бину ХIусайн аль-Гъанави вукIана.

Цинги сариятал ва цоги къокъаби ритIи гIемерлъана. Шавал моцIалъ аварагас жинда Аллагь разилъаяв ГIубайдат бину аль-ХIарис витIана лъабкъого мугьажирги вачун <u>БатIну рабигъ</u> абулеб бакIалде. Гьесда данде чIвана Абусупян, кIинусго чигун цадахъ. Гьез цоцаде чIорал реххана, цинги рагъ гьабичIого ратIалъана.

Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас ЗулкъагIида моцIалъ СагIду ибну Вакъас витIана къого мугьажиргун цадахъ <u>БатIну рабигъалда </u>гIагарда бугеб_ <u>аль-Харар</u> абулеб бакIалде. Гьезда данде щивго чи чIвачIо.

Гьижрияб тарихалъул кIиабилеб соналъул Сапар моцIалъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь живго къватIиве вахъана лъабкъоялда анцIго мугьажирги вачун аль-Абваъ абулеб яги Вадан абулеб бакIалде. Гьезул къасд букIана къурайшиязул къапилаялде дандечIвай гьабизе, амма гьезда щивго чи данде чIвачIо. Аварагас аз-Замри тухумалъул цевехъан ГIамру бину Махши абулев чиясулгун божилъиялъул ва цоцазе квер бакъиялъул къотIи хъвана. Гьаб букIана авараг живго къватIив вахъараб тIоцебесеб гъазават.

Гьижрияб тарихалъул кIиабилеб соналъул РабигIул авал моцIалъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь БуватI абулеб бакIалде вахъана кIинусго мугьажирги вачун. Гьаб нухалъги гьезда щивго чи данде чIвачIо.

Гьабго моцIалъ Карз бину Жабир абулев чи Мадинаялъул боцIи хьихьулеб бакIалде балъгого тIаде кIанцIана ва гьенисан боцIиги бачун лъутана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь гьесда хадув вахъана мугьажиразул лъабкъоялда анцIго чиги вачун Бадруялъул Сафван абулеб рахъалде, амма Караз лъутун ворчIана. Гьаб гъазаваталда Бадруялъул авалаб гъазаватиланги абула.

Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь гьижрияб кIиабилеб соналъул Жумадулула яги Жумадулахир моцIалъ мугьажиразул нусиялда кIикъоялда анцIго, яги кIинусго чиги вачун вахъана ЗулгIашират абулеб бакIалде. Гьезул къасд букIана Шамалде унеб къурайшиязул къапилаялда данде чIвазе, амма гьеб цересел къязго ун батана. Гьаб сапаралда Бану мудлижилазулгун цоцаде тушманлъи гьечIого букIине къотIи хъвана.

Гьебго соналъул Ражаб моцIалъ ГIабдуллагь бину ЖахIши аль-Асадий Маккаялда ва ТIаипалда гьоркьоб бугеб ан-Нахлат абулеб бакIалде витIана мугьажиразул анцIила кIиго чиги вачун. Гьезда тIад къан букIана къурайшиязул къапилаялъул хабар цIехезе. Амма гьез къапилаялда гьужум гьабуна, гьезул цо чи чIвана, кIигояв асирги гьавуна ва къапилаги нахъе бачана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь гьез гьабураб ишалда разилъичIо ва гьесул ццим бахъана. КIиявго асир нахъе виччана ва чIварасул диятги кьуна.

Гьаб иш ккун букIана Ражаб моцIалъул ахираб къоялъ. Мушриказ хъуй бахъинабуна бусурбабаз рагъ хIарам гьабураб моцIалъул хIурмат хвезабунин абун. Цинги тIадегIанав Аллагьас гьаб аят рещтIинабуна:

**Цоги дуда гьикъулеб буго МухIаммад ﷺ, жиндилъ рагъ хIарам гьабураб моцIалдаса,** гьеб моцIалъулъ рагъ гьабиялдасаги**. Дуца гьезда абе: «Рагъ хIарам гьабураб моцIалъулъ рагъ байбихьи кIудияб мунагь буго. Ва амма гьелдаса кIудияб мунагьги, Аллагьасе ﷻ рихараб жоги буго:** Аллагь цо гьавун авараг ﷺ ритIухъ гьавун жидеца иман лъурал, ва **хIакъаб дин гьабулел гIадамал гьеб диналдаса нахъчIвай, ва Аллагьасда ﷻ инкар кквей. Масжидул хIарамалдаса гIадамал нахъчIвай, гьеб масжидул хIарамалъул агьлу:** хирияв авараг ﷺ, ва гьесул асхIабзаби ؓ **гьенисан къватIире къотIиги, – гьаб буго**

**Аллагьасда аскIоб бищунго кIудияб мунагь ва зулму!** Бусурманчи жиндир диналдаса вуссинавун купру-ширкалъулъ ккезави буго чи чIваялдасаги кIудияб мунагь. Сура аль-Бакъарат, 2I7 аят.

Гьижрияб тарихалъул кIиабилеб соналъул ШагIбан моцIалъ, Байтулмакъдисалдехун букIараб къибла хирияб КагIбаялдехун сверизабуна. Гьеб букIана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасе бокьараб ва жив гьелда валагьун вугеб иш. Гьеб къибла сверизабидал ягьудиязул ва цо-цо мунапикъазул хIалги загьирлъана: жал гьереси бицун исламалда рукIарал. Гьел муртадлъана *(исламалдаса руссана)* ва бусурбабазул мухъалги гьездаса рацIцIалъана.

Гьал цере рехсарал исламиял боязул рагъа-рачари буго Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас ва бусурбабаз Мадинаги гьелда сверухълъиги цIунун гьарурал. Гьединго къурайшиязда лъазабиялъеги гьарурал: жидеца бусурбабазе гьабулеб квешлъи ва зарал течIони, гьезул ахир цIакъ квешаб букIине букIин. Амма къурайшиязул чIухIи ва гIамал кIодолъи жегиги цIикIкIана ва гьелъул жазаъги гьезие Бадруялда бихьана: гьезул ишалъул ахир чIорого хутIин букIана.

<u>**غزوة بدر الكبرى**</u>

### Бадруялъул кIудияб гъазават

Гьеб буго бусурбабазда ва къурайшиязда гьоркьоб ккараб жинца хIакъаб ва батIулаб жо батIа гьабураб тIоцебесеб рагъ. Гьаб гъазаваталда рахъиналъе сабабги букIана: Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь ЗулгIашираталде вахъиндал гьезухъан борчIун Шамалде араб къапила нахъе буссиналде хъаравуллъи ккун вукIана. Шамалъул ХIавраъ абулеб бакIалде кIиго чиги витIун вукIана гьеб къапилаялъул хабар цIехезе. Къапила нахъе буссун жидеда аскIосан индал гьев кIиясго хехлъи гьабуна Мадинаялда рачIине.

Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас бусурбаби гьеб гъазаваталда рахъиналде гьесизаруна, амма гьезда рахъин тIадаблъун гьабичIо. Бусурбабазул лъабнусиялда нацIила лъабго, яги анIила ункъго, яги анцIила анкьго чияс

гъазаваталда рахъине къасд гьабуна. Ункъоялда кIиго, яги лъабго, яги анлъго чи мугъажиразул вукIана, лъабкъоялда цо чи авсазул вукIана ва нусиялда лъабкъоялда анцIго чи хазражазул вукIана. Гьаз тIубараб хIадурлъиги гьабун букIинчIо, гьелгун цадахъ кIиго чуги лъабкъоялда анцIго вараниги гурони букIинчIо.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас киназего гIамаб цо хъахIаб байрахъ гьабуна ва гьеб МусгIаб бину ГIумайрихъе кьуна. Мугъажиразулги байрахъ букIана АбутIалибил ГIалица босунеб, ансаразул байрахъ букIана СагIду бину МугIазица босунеб. Мадинаялда халипалъун ибну Умумактум тана. Амма РавхIаъ абураб бакIалде щведал, аварагас Умумактумил бакIалда халипалъун вукIине Абулубабат бину ГIабдулмунзир витIана.

Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Бадруялде ине къасдгун Мадинаялдаса къватIиве вахъана. Гьеб буго нусиялда кIикъоялда анцIила щуго километралъ рикIкIад Мадинаялдаса бакътIерхьудехун бугеб бакI. Гьелда сверун кинабго рахъалъан рорхатал мугIрулги руго. Бадруялда жанир лъугьине лъабго нух гурони гьечIо: севералдасахун гIадватулакъса (рикIкIадаб рахъ, *рагIал)*, югалдасахун гIадватуд-дуняги (аскIоб бугеб рахъ), бакъ баккул рахъалъан Мадинаялъул агьлу жанир рачIунеб нухги.

Маккаялдаса ва Шамалдаса рачIунел киналго къапилабазул аслияб нух гьаб Бадруялъул жаниблъиялдаса букIана. Бадруялда жанир чIезе рукъзалги лъел иццалги, чамасдакил гъутIбиги рукIана. Къапилаби гьенир рещтIунаан ва дагьаб заманаялъ яги чанго къоялъ гьенир чIолаан. Бусурбабазда цIакъго бигьаго кIолаан къурайшиял бадруялда жанир лъугьиндал гьаб лъабго нух къазе ва гьел кодор рачIиналде ккезаризе.

Киниги гьаб тадбиралъул аслияб мурад букIана къапилаялъул бетIергьабазда бусурбаби къватIир рахъараблъи лъангутIи ва гьел щибго кIвар гьабичIого Бадруялда рещтIин. Гьединлъидал Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь

Мадинаялдаса къватIиве вахъиндал, Бадруялъул нухалъ инчIого цоги рахъалдехун ана, хадув Бадруялдехун сверана.

Къурайшиязул къапила букIана жидеда тIад гIемераб хазина баччарал азарго варани жаниб бугеб, гьелъул бетIерги Абусуфян вукIана. Гьевгун цадахъ кIикъого чи гурони вукIинчIо. Абусуфян цIакъ хIинкъун, цIодорго вачIунев вукIана. Щивав данде ккарав чиясда гьикъулеб букIана бусурбабазул рагъа-рачариялдаса.

Гьединлъидал бусурбаби Мадинаялдаса къватIире рахъараблъи Абусуфянида лъана Бадруялдаса рикIкIадго вугеб мехалъ. Цинги гьес къапила бакътIерхьудехун бачана, ралъдал рагIалалъ унеб нухда: Бадруялъул нухдаго щолареб хIалалъ. Абусуфяница мухьги кьун цо чи витIана хIал кIварабгIан хех ун Маккаялъул агьлуялда бусурбаби къапилаялда данде рахъараблъи лъазабеян.

Жидехъе хIинкъиялъул бицун чи вачIарабго, Маккаялъул агьлу гIедегIун хIадурлъана ва киналго къватIире рахъинаруна: гьезул кIудиязул цохIо Абулагьаб хутIана рокъов. Маккаялъул сверухълъиялдаса киналго къурайшиязул тухум-кьибилалги хIадур гьаруна, бану ГIадий кьибилалъул гIадамал хутIинегIан. Гьаб аскар ЖухIбат абулеб бакIалде щведал гьезухъе Абусуфянил кагъат щвана къапила хвасарлъи бицун ва гьездаги Маккаялде нахъруссаян амру гьабун.

ГIадамазул нахъе руссине къасд букIана, амма гIамал кIудияв ва чIухIарав Абужагьлица гьел нахъе руссине течIо: цохIо Банузугьратиял руссана нахъе. Гьезда нахъе руссун лъикIин ишара гьабуна гьезулгун къотIуда вугев гьезул бетIер сакъафияв аль-Ахнас бину Шурайкъица. Гьезул лъабнусго чи вукIана, цогидал азарго чи вукIана. Къурайшиял церехун ана Бадруялда аскIор гIадватулакъсаялде щвезегIан. Гьел Бадруялдаса къватIир, гьелда сверун бугеб мегIералда нахъа, гIатIидаб майданалда рещтIана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасе Маккаялъул агьлу къватIире рахъин лъана Бадруялде унаго нухда вугеб мехалъ. Цинги гьес бусурбабазулгун мушавара гьабуна. Жинда Аллагь разилъаяв Абубакр тIаде вахъана ва гьес берцинаб

хабар бицана. Цинги тIаде вахъун ГIумар асхIабасги берцинаб хабар бицана. Цинги тIаде вахъун Микъдадица абуна: «Я расулуллагьи, Валлагьи нижеца бануисраилаз Мусада абуралда релълъараб жо абиларо: **мунги дур Аллагьги а ва нуж рагъе, ниж гьанир гIодор чIун чIела** – абун. Нижеца рагъ гьабизе буго дур кваранаб рахъалда чIун, квегIаб рахъалдаги чIун, дуда нахъе ва цере чIун, - абун. Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул гьумер гвангъана ва гьев цIакъ вохана.

Хадубги аварагас абуна: «Нужеца диде мушавара гьабе, я бусурбаби», - абун. Ансаразул бетIер СагIду бину МугIаз тIаде вахъана ва гьес абуна: «Я расулуллагь, дуца нижеда ишара гьабулеб бугин ккола. Мун хIакъаб жоялдалъун витIарасдалъун гьедула дун: дуца нижеда гьаб ралъад бихьизабун мун гьениве жаниве лъугьани, нижги мунгун цадахъ гьенир лъугьуна, нижер цониги чи нахъеги чIоларо. Метер мунгун тушманасда данде чIвайги нижее рихун гьечIо: ниж рагъулъ сабру гьабулел, данде чIвараб бакIалда ритIухъалги руго. Мун хIакъаб жоялдалъун витIарасдалъун гьедула дун: дуца ниж Яманалъул Баркулгъамад абулеб бакIалде щвезегIан рачаниги ниж дуда хадур рачIине руго. *(ай, дунял рагIалдаги рачIине руго абураб магIна).* Аллагьасда хьул буго Гьес нижедаса бихьизабилин мун разилъулеб жо. Мун нижгун цевехун а Аллагьасул баракаталдалъун» - абун.

СагIду бину МугIазил рагIиялъги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь цIакъ вохизавуна ва гьес абуна: «Нуж церехун а ва нужее рохел буго: ТIадегIанав Аллагьас дие къотIи гьабуна гьеб кIиго къокъаялъул цоялаб дие бугоян абун. Валлагьи, дун гьабсагIат валагьун вугев гIадин вуго Къурайшиял чIван гIодор рехунеб бакIалде» - абун.

Цинги гьел Бадруялдехун цере ана ва гьенир щвана мушрикал щвараб сордоялъго. Авараг Бадруялде жанив гIадватуд-дуняялда аскIов рещтIана. Жинда Аллагь разилъаяв аль-Хабаб бину Мунзирица аварагасда ишара гьабуна дагьалги церехун ун лъим бугеб бакIалда аскIор рещтIун лъикIан: бусурбабаз жидее лъим жаниб бугел хIорал гьаризе, цинги цогидал лъим баккарал бакIалги руччизе, тушман лъин гьечIого

хутІизе. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьедин гьабуна.

Бусурбабаз авараг жанив чІезе хъошги бана, гьев цІунизе СагІду бину Анасил бетІерлъиялда гъоркь ансариял гІолохъабазул къокъаги гІуцІцІана. Цинги аварагас аскаралъул тадбир гьабуна, жив Бадруялъул майданалдаги хьвадана кверalъ ишара гьабун бихьизабулаго: «Гьаб буго, инша Аллагь, метер пуланав чІвалеб бакІ, гьаб буго пуланав чІвалеб бакІ» - абун. Цинги авараг цо гъветІалда аскІов как базе ва дугІа гьабизе лъугьана, бусурбабиги хІалхьи гьабизе риччана: гьел Аллагьасда божиялъулъ рахІаталда рукІана. Аллагьас гьеб сордоялъ цІадги базабуна, ТІадегІанав Аллагьас хирияб Къуръаналда абураб хІалалъ:

**Нужеца ракІалде щвезабе, я гьал муъминзаби, Аллагьас нужеде тІаде макьу биччараб гІуж, нужее божильун букІине ва хІинкъи тІаса ине. Аллагьас нужеде зодисан цІад базабун лъимги биччараб гІуж, гьелдалъун нуж чороклъиялдаса рацІцІине ва нужедаса щайтІаналъул вас-вас ва хІинкъи ракІалде рехxи тІаса инабизе. Нужер ракІалги щула гьаризе** Аллагьасул квербакъиялда божи цІикІкІун. **Нуж рагъулъ хІинкъичІого рукІине ва нужер хІатІал тамахаб салулъе тІерхьинчІого рукІине. С**урату аль-Анфал, II аят.

Рогьалил гІужалъ, гьебги гьижрияб кІиабилеб соналъул Рамазан моцІалъул анцІила анкьабилеб къоялъул рузман къо букІана, кІиябго аскар цоцазда бихьана. Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас дугІа гьабуна: «Я дир Аллагь, гьал къурайшиял руго, жидер чІухІигун, гІамал кІодолъигун рачІарал. Гьел Дуде данде рахъун руго, Дур расулги гьереси гьавулев вуго. Я дир Аллагь, Дуца дие къотІи гьабураб квер бакъи кье, я дир Аллагь, гьаб рогьалил гІужалъ Дуца гьел гІодорегІанги *(гІодор къулизаре, къезаре) гьаре»* - *абун.*

Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас рагъухъабазул мухъал ритІизаруна, жиндир изну гьечІого рагъ бай бихьугеян амруги гьабуна. Гьес абуна: «Гьел нужеда гІагарлъараб мехалъ нужеца чІорал рехе, гьел чІоралги цІуне, гІададе рехуге. Тушман лъикІго гІагарлъараб мехалъ гурони

хвалчаби рахъуге» - ян абун. Цинги авараг къурайшияздехун вуссана, гьесда аскIов жинда Аллагь разилъаяв Абубакарги вукIана. ТIадегIанав Аллагьасда хIелун гIемераб дугIа ва гьари гьабуна. Гьеб дугIаялъулъ абуна: *«Я дир Аллагь, Дуца жакъа гьаб дагьабго къокъа гьалаг гьабуни, абадиялъго жинца гIибадат гьабулев чи вукIинаро. Я дир Аллагь, Дуе гьеб бокьани жакъялдаса хадуб кидаго гIибадат гьабуларо» - абун.* Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас ракI унтун, хIелун гIемер дугIа гьабуна, гьесда тIад букIараб чухъацин гIодобе бортинегIан. Гьеб чухъа жинда Аллагь разилъаяв Абубакрица гьесда тIад ретIана ва жинца абуна*: «Дуе гIела, я расулуллагь, дуца дур БетIергьанасда гIемераб хIели гьабуна»* - абун.

Мушриказул гьари Абужагьлица гьабуна ва гьес абуна: «Я дир Аллагь, нижедаса рахIму къотIарав щив вугониги, нижеда лъалареб жоги босун нижехъе щив вачIун ватаниги, Дуца гьев жакъа гIодовегIан гьаве, Я дир Аллагь, нижедаса кисинав ватаниги Дуе вокьулев, Мун жиндаса разияв, Дуца жакъа гьесие квер бакъи гьабе» - абун.

## المبارزة والقتال

### Къецалъе рахъин ва рагъ бай бихьи

Цинги мушриказул бищунго хирияздаса лъабго рекIарав цеве вахъана: РабигIатил васал ГIутбат ва Шайбат, аль-Валид бину ГIутбатги. Гьез бусурбрбаздаса къецалъе рахъин тIалаб гьабуна. Гьезде данде ансариязул лъабго гIолохъанчи вахъана. Мушриказ абуна нижее нижерго гIагарал чагIи рокьун ругоян абун. Цинги ГIубадат бину Самит, ХIамзат ва ГIали цере рахъана, жидеда Аллагь разилъаял. ХIамзатица Шайбат чIвана, ГIалица аль-Валидги чIвана. ГIубайдатица ва ГIутбатица цоцаде кIиго нухалъ кьабуна ва щивас цогидав хвалда гIагар гьавуна. ХIамзатица ва ГIалица тIаде кIанцIун ГIутбат чIвана ва ГIубайдат нахъе восана: гьесул цояб бох къотIун букIана. Гьев

Мадинаялде тIаде руссун унеб мехалъ ункъабилеб ягии щуабилеб къоялъ ас-Сафраъ абулеб бакIалда хвана.

Мушриказда цIакъ квеш букIана гьеб къецалъул хIасил ва гьел ццималъ жанисан цIун къуваталда бусурбабаде тIаде кIанцIана ва цохIо чияс гIадин гьезда къвакIиги бихьизабуна. Бусурбабиги жидерго бакIалда чIун мушриказде данде рагъун жалго цIунулел, Аллагьасде гьарун дугIа гьабулел ва «Цо, Цо» ян абулел рукIана. *(ай, Аллагь цо вуго)*.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьс цодагьалъ гьапуллъарав гIадин чIана, цинги бетIер тIаде борхун гьес абуна: «Рохел буго, я Абубакр, гьав Жабраил вуго жиндир чуялъул габурги ккун гьеб бачун вачIунев, гьесда хадуб хIурги буго" - абун. ХIакълъунго Аллагьас гьеб къоялъ бусурбабазе кумек гьабуна азарго малаикги витIун.

Цинги авараг, жиндир къолденги тIад ретIун кIанцIун цеве вачIана, Къуръаналъул аятги цIалулаго: **«Гьаб жамагIат биххизе буго ва гьел лъутунги ине руго»** - абун. Гьес цо хъат цIураб ракь босун гьеб мушриказул гьурмаздехун рехана «гьезул гьурмал хисаги» - абун. Мушриказул цониги чи хутIичIо гьеб ракь бадибе ва магIарзухъе щвечIев. Гьеб ишалъул бицун ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**«Дуца рехичIо МухIаммад гьеб ракь рехараб мехалъ, киниги гьеб Аллагьас рехана»** - абун.

Гьелда хадуб Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас бусурбабазда амру гьабуна мушриказде гьужум гьабеян *(тIаде кIанцIе)* абун, нуж къвакIун чIаянги абуна. Аварагас гьел рагъде гьесизаруна, бусурбабиги лебалго ва къвакIун рагъулел рукIана. Гьезие къуват кьолеб букIана жидеда цеве Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьги вагъулев вукIиналъ. Гьез хвалчаби кьабизе ва тушманасул гарбал къотIизе бай бихьана. Гьезие квер бакъи гьабун малаикзабазги мушриказул гарбазде кьабулеб букIана, гьезул щибаб лагаялдеги кьабулеб букIана. Цоясул бетIер бортун унаан лъица жинда кьабураблъи гьесда лъачIого, цогидасул гъеж бортун унаан лъица къотIараблъи гьесда лъачIого.

Цинги мушриказде рихха-хочи щвана ва гьез лъутун ине бай бихьана. Бусурбабаз хадур лъугьун гьел жеги тIуризарулел рукIана: гьезул цоял чIван, цогидал асир гьарун. Гьеб рагъулъ Суракъат бину Маликил сураталда иблисги бачIун букIана мушриказе кумек гьабизе ва гьел бусурбабаде рагъ гьабиялда гьесизаризе. Гьелда малаикзаби ва гьез гьабулеб жо бихьидал гьеб нахъахIатIил буссана ва лъутун ана БагIараб ралъад бугеб бакIалде щвезегIан, цинги гьениб жаниб кIанцIана.

## مقتل أبي جهل

### Абужагьал чIвй

Абужагьал вукIана жидер хвалчабигун ва хучдулгун гьесда сверухъ сангаргIадин чIараб къокъагун цадахъ. Бусурбабазул мухъилъ ГIабдурахIман бину ГIавфида аскIовги ансариязул кIиго гIолохъанчи вукIана, гьезул бакIалда цогидал ругел анищан гьесда ракIалде ккарал. Ай, гьел жеги гIолохъанго рукIиндал гьезул щиб гьунар букIинебан ракIалде ккун. Гьезул цояс цогидасдасаги балъго ГIабдурахIманида абуна: «Я имгIал, дуца дида Абужагьал вихьзаве» - абун. ГIабдурахIманица дуца гьесие щиб гьабилебан абидал, гьес абуна: «Дида бицана гьес Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда рогьо балеб букIанин. Дун гьедулев вуго дир нафс жинда кодоб бугесдалъун: дир рагIад гьесул рагIадалдаса батIалъизе гьечIо нижер цояв хвезегIа» - абун. Цинги дов цояв гIолохъанчиясги ГIабдурахIманида гьелдаго релъараб жо абуна.

Рагъул мухъал дагьалго рикьараб мехалъ ГIабдурахIманида дове-гьаниве вортанхъулев Абужагьал вихьана, гьес гьев дов кIиявго гIолохъанчиясдаги вихьизавуна. Гьесде тIаде кIанцIун кIиясго хвалчен кьабуна ва гьев гIодове рехана: цояс бохалда хвалчен кьабун гьеб къотIана ва гьеб боржун ана, бекизеян гамачI кьабидал гага боржунеб гIадин, цогидасги хвалчен кьабун Абужагьал хвалде гIагар гьавуна.

Цинги гьев кIиявго аварагасухъе рачIана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна нужер кисинас гьев чIарав

абун. Гьезул щивас абуна дица чIванаян абун. Аварагас абуна, нужеца хвалчаби рацIцIанищ? - абун. Гьез рацIцIичIин абидал авараг гьезул хвалчабазда валагьана ва гьес абуна: «Нуж кIиясго чIвана гьев» - абун. Гьел гIолохъабиги ГIафраил васал МугIаз ва МугIавиз руго. МугIавиз гьебго рагъулъ шагьидлъана. ЧIаго хутIарав МугIазие Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Абужагьлил ярагъ ва ретIел кьуна. Гьев чIаго вукIана ГIусман асхIаб халифалъун вугеб мехалде щвезегIан.

Рагъ лъугIун хадуб гIадамал ана Абужагьал валагьизе. Гьев ГIабдуллагь бину ИбнумасгIудида жегиги рухI бахъичIого ватана. Гьес Абужагьалил бетIер къотIизеян абун гьесул габуралда хIетIе лъуна ва мегежги ккуна, цинги абуна: «Аллагьас мун гIодовегIан гьавуна гурищ я Аллагьасул тушман» – абун. Гьес абуна: «Щиб жоялдалъун Аллагьас дун гIодовегIан гьавурав? Дун нужеца чIварав чи гурони гьечIо. *(гьеб гIодогIанлъи гьечIо)*. Гьав хурухъан гурес чIван вукIаравани дун» - абун. ИбнумасгIуд ах-хур хIалтIизабулев чи вукIиналъ абуна гьаб ргIи. Цингиги Абужагьлица абуна: «Дуца дида бице жакъа бергьенлъи лъие бугеб» - абун. ИбнумасгIудица абуна: «Аллагьасе ва гьесул расуласе буго» - абун. Абужагьлица абуна: «Мун цIакъ тIадегIан вахун вуго, я гьав гIиял вехь» - абун.

Цинги ИбнумасгIудица Абужагьлил бетIер къотIана ва гьебги босун Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасухъе вачIана. Гьес абуна: «Аллагьу акбар. АлхIамдулиллагь, рецц Аллагьасе буго, Жинца къотIи ритIухъ гьабурав, Жиндир лагъасе кверги бакъарав, цохIо Жинца боялги щущахъе риххизарурав» - абун. Хадубги абуна гьав Абужагьал гьаб къавмалъул пиргIавн вугоян абун.

## يوم الفرقان

### ХIакъабги батIулабги жо батIа гьабураб къо

Гьаб рагъ букIана купруялдаги имналдаги гьоркьоб. Гьеб рагъулъ цояс жиндирго эмен яги инсул вац чIвалев вукIана, жиндир вац, вас, эбелалъул вац ва цогидавги гIагарав чи чIвалев вукIана. Гьеб рагъулъ жинда Аллагь разилъаяв ГIумар бину ХатIабица жиндир эбелалъул вац аль-ГIас бину Гьишам чIвана. Жинда Аллагь разилъаяв Абубакр жиндир вас ГIабдурахIманида данде вукIана. Бусурбабаз гьеб рагъулъ аль-ГIаббас асир гьавуна, гьев Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул инсул вацги вукIадго. Гьаб хIалалъ гьеб рагъулъ гIагарлъиялъул хурхен къотIун букIана. ТIадегIанав Аллагьас гьениб иманалъул калима купруялъул калимаялдаса тIадегIан гьабуна, хIакъабги батIулабги жоялда гьоркьоб батIалъиги гьабуна. Гьединлъидал гьеб къоялда цIар лъуна явмулфуркъан абун. Гьеб буго Бадруялъул къо, Рамазан моцIалъул анцIила анкьабилеб къо.

## قتلى الفريقين

### КIиябго рахъалъан чIварал гIадамал

Гьаб рагъулъ бусурбабазул анцIилаункъо чи чIвана: анлъго чи мугьажиразул ва микьго чи ансаразул. Гьел рукъана Бадруялъул майданалда, гьезул хобал ругеб бакI жакъаги жиб лъалеб буго.

Мушриказулин абуни, лъабкъоялда анцIго чи чIвана ва лъабкъоялда анцIгояв асирги гьавуна. Гьезул гIемериселги къурайшиязул церехъаби рукIана. Къоло ункъго къаркъала бехъерхъун Бадруялъул Къалиб абулеб гъуялъур рехана: жаниб лъим гьечIеб, жибго хъубаб букIана гьеб къалиб, гьал балканаздалъун жегиги хъублъана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь рагъ лъугIун хадуб лъабго къоялъ Бадруялда чIана. Жив нухде вахъине

хIадурлъидал гьев Къалибалъул рагIалде вачIана ва гьенир реххаразул щивасул цIар ва инсул цIар абун, гьезда ахIана: «Я пулан, пуланасул вас, я пулан, пуланасул вас! Нуж Аллагьасеги гьесул расуласеги мутIигIлъун рукIаралани жакъа роххизе рукIинчIищ? Нижеда нижер бетIергьанас къотIи гьабураб жо хIакъаблъун батана. Нужеда батанищха нужер бетIергьанас къотIи гьабураб жо хIакъаблъун» - абун. Гьесда жинда Аллагь разилъаяв ГIумарица абуна: «Я расулуллагь, мун жидее рухI гьечIел чурхдузда щай кIалъалев?» - абун. Аварагас абуна: «Нужеда дица бицунеб жо гьезда рагIулелдаса цIикIкIун рагIуларо, кинниги гьез жаваб кьоларо» - абун.

## خبر المعكرة في مكة والمدينة

### Мадинаялда ва Маккаялда Бадруялъул рагъул бицен

Мушрикал щущахъ риххинариялъул хабар Маккаялде щвана Бадруялдаса лъутун рорчIараз бицун, Аллагьас жал гIодорегIан гьареял. Гьез жидер чIваразда магIу гьабизецин гьукъана бусурбаби роххилин хIинкъун. Аль-Асвад бину аль-МутIалиб абулев чиясул лъабго вас чIван вукIана ва гьев цIакъ гIодизе бокьун вукIана. Цо сордоялъ гIодулей гIаданалъул гьаракь рагIун гьелъухъе гъарабаш витIана рагъда чIваразда гIодизе изну кьун бугодаян лъазабизе. Амма гьей гIодулей ятана жиндир билараб вараниялъухъ. Цинги аль-Асвадида сабру гьабизе кIвечIого гьес абуна:

**Билараб варанияльишха гьей гIодизаюлей, гьелъие макьуги щолареб? Мун гIодуге гIолохъанаб варанидухъ, дуца магIу гьабе Бадроялъул къо бицун, жиндилъ рагъуе рухI гIечIеб**… абун.

Мадинаялъул агьлуялъухъе Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас рохел бицине кIиго чи витIана: ГIабдуллагь бину РавахIат витIана Мадинаялъул тIассияб рахъалде рохел бицун, Зайд бину ХIарисат витIана гьелъул гъоркьияб рахъалде рохел бицун. Ягьудияз Мадинаялъул къватIахъе гьересиял харбал рицунел рукIана *(авараг чIван вугинцин абулеб букIана)*. Бадруялда бергьиналъул хабар щведалго киналго цIакъ рохана, Мадина кIобокIулеб бугин кколеб хIалалъ зикру, такбирги

бачана. Гьенир рукІарал бусурбабазул бутІрулги Бадруялде унеб нухде ана, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда бергьенлъи баркизе.

## الرسول -ﷺ- إلى المدينة

### Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Мадинаялде вачІин

Аллагьасул квер бакъиялъ тІаде тажги *(корона)* лъун Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Мадинаялдехун вилълъана: гьевгун цадахъ рагъулъ щвараб гъанимат ва асирзабиги рукІана. Ас-сафраъ абураб бакІалде гІагарде щведал ТІадегІанав Аллагьас гъаниматалъул хІукму бицун аят рещтІана. Расулуллагьас гьелдаса щуго бутІа гьабун цо бутІа босана, цогидаб жо бащад гьабун гъазават гьабуразда гьоркьоб бикьана.

Ас-сафраъ абураб бакІалда рещтІидал расулуллагьас амру гьабуна ан-Назар бину аль-ХІарис чІвай абун. Гьесул бетІер къотІана ГІали бину АбутІалибица. ГІаркъуз-забият абулеб бакІалде рещтІидал аварагас ГІукъбат ибну МугІайтІ чІваянги амру гьабуна. Гьев ансарияв ГІасим бину Сабитица чІвана. ГІали асхІабас чІванинги абуна. *Гьав кІиявго аварагасе ва бусурбабазе гІемер къварилъи гьабурал рукІана, гьел чІаго теялда жаниб бусурбабазе жеги зарал букІине бегьулаан.*

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда данде чІвазеян рахъарал бусурбабазул церехъаби гьесда данде чІвана ар-РавхІаъ абулеб бакІалда, цинги гьевгун цадахъ Мадинаялдехун рилълъана. Гьенив жанив авараг лъугьана жиндир тушманасда квершел батарав ва жиндие квер бакъаравлъун, гьесдаса кинавго тушманги хІинкъулевлъун. Цинги гІемерал гІадамаз исламияб динги босана. Мунапикъазул бетІер Убаю бину ГІабдуллагьица ва гьесул гьалмагъзабазги исламияб дин босараб сурат гьабуна.

## قضية الأسارى

**Асирзабазул хIукму**

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Мадинаялда парахатлъидал гьес асхIабзабазда мушавара гьабуна асирзабазул хIакъалъулъ. Жинда Аллагь разилъаяв Абубакрица абуна гьел гIакIаги босун риччан лъикIилан. Жинда Аллагь разилъаяв ГIумарица абуна гьел чIван лъикIилан. Расулуллагьас хIукму гьабуна гьел гIакIаги босун риччазе. Гьезул гIакIагиункъазарго диргьамалдаги лъабазарго диргьамалдаги гьоркьоб букIана. Хъвай-цIали лъалев чи вугони, гьесда бусурбабазул анцIго лъимералда гьеб малъи тIад гьабуна. Цо-цояв гIакIа босичIого виччанги тана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасул яс Зайнабица жиндир рос АбулгIас хвасар гьавизе битIараб жоялда гьоркьоб Хадижатилго букIараб, гьелъ Зайнаб АбулгIасие унеб мехалъ гьелъие кьураб къаладат *(габунир ралел махал*) букIана. Гьеб бихьидалго аварагасул Зайнабида цIакъ ракI гурхIана ва гьес асхIабзабада гьарана АбулгIас гIакIа босичIого виччаян. Гьелги разилъун аварагас АбулгIас виччана гьес Зайнаб нахъе йиччазе шартIги гьабун. Гьес йиччан Зайнаб гьижра гьабун Мадинаялде ячIана.

## وفاة ابنته -ﷺ- رقية و زوج ابنته أم كلثوم بعثمان

**Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасул яс Руъият хвей ва гьес ГIусмание Умукулсум кьей**

Бадруялъул гъазаваталда рахъунеб мехалъ аварагасул яс Рукъият унтун йикIана. Гьей жинда Аллагь разилъаяв ГIусманида йикIана. Аварагас гьесда амру гьабуна Рукъиятил тIалаб гьабун рокъов чIаян, гьесие гъазават гьабуразул ажруги гъаниматалъул бутIаги букIининги абуна. Гьевгун цадахъ рокъов Усамат бину Зайдги тана. Гьей хвана гъазаваталдаса авараг тIад вуссинелде цее. Жинда Аллагь разилъаяв Усаматица абуна: «Нижехъе рохалил хабар бачIана нижеца

Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасул ясалъул хобалда ракь битIизабулеб мехалъ» - абун.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Мадинаялда парахатлъидал гьес жинда Аллагь разилъаяв ГIусман бину ГIафание жиндир цоги яс Умукулсум кьуна. Гьелдалъун ГIусманида цIарги лъуна кIиго нуралъул бетIергьан абун. Гьей ГIусманида йикIана гьижрияб тарихалъул ичIабилеб соналъул ШагIбан моцIалъ хвезегIан. Гьейги БакъигIалъул хабалалъ юкъана.

Мушриказе ва гьелгун цадахъ ругезе квеш букIана ТIадегIанав Аллагьас бусурбаби хира гьари бергьенлъи ва квербакъи кьун. Гьез бусурбабазе заралалъе ва гьездаса ццим босизе макраби ургъизе бай бихьана. Кинниги Аллагьас гьезул макраби жидедаго руссинарулел рукIана, Жиндир цIобалдалъун муъминзабазе кумекги гьабулеб букIана.

Банусулайм абулеб къавмалъ Бадруялдаса нахъе руссун цо анкь араб мехалъ, яги гьижрияб тарихалъул лъабабилеб соналъул МухIарам моцIалъ, боял ракIарана Мадинаялда гъазават гьабизеян. Бусурбабаз гьел жидерго рукъзабахъ гьалаг гьаруна, гъаниматги бакIарун сах-саламат Мадинаялдеги рачIана.

ГIумайр бину Вагьби аж-ЖамхIи ва Сафван бину Умаятги авараг чIвазеян хIадурана. Гьеб ишалъе гIоло ГIумайр Мадинаялдеги вачIана. Гьев ккуна ва гьесда Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас бицана гьел жив чIвазе ургъун рукIараблъи. Гьеб мехалъ ГIумайрица ислам босана.

## <u>غزوة بنى قينقاع</u>

### БанукъайнукъагIазда гъазават гьаби

Гьеб заманаялъ БанукъайнукъагI абулеб ягьудиязул къокъаялъ бусурбабазе бугеб тушманлъи ва гьезие квешлъи бокьи загьир гьабуна. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьезие насихIат гьабуна, амма гьез жаваб гьабуна: «Я МухIаммад, мун гуккуге дуца жидее рагъ гьабизе лъаларел къурайшиязул цо къокъа чIванин абун. Дуца нижеда рагъ гьабун букIарабани,

дуда лъазе букIана ниж рукIин унго-унгоял гIадамал» - абун. Аварагас гьезул гьаб жавабалда сабру гьабуна. Ягьудиязул гIамал кIодолъи жегиги цIикIкIана ва гьез базар къотIноб питна гьабуна, гьеб бакIалда цо бусурманчиги цо ягьудиявги чIвана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьел сверун ккуна шамат къоялъ, гьижрияб кIиабилеб соналъул ШагIбан моцI башагъараб мехалъ. АнцIила щуго къо араб мехалъ, гьел мукIурлъун кверде рачIана. Расулуллагьас гьел Шамалъул АзрагIат абулеб бакIалде гочинаруна ва кватIичIого гIемерисел гьенир хвана.

## غزوة السويق

### ТIех цадахъ босун гьабураб гъазават

Бадруялда гъазават гьабун хадуб Абусуфяница назру гьабун букIана, жиндир бетIералда хъизаналда аскIов вегун хадуб черх чуризеян лъим хъатIизе гьечIин жинца Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда гъазават гьабун гуро, - абун. Гьев кIинусго рекIаравгун цадахъ къватIиве вахъана ва Мадинаялъул аль-ГIариз абулеб рагIаллъиялда рещтIана. Гьез чамасдакил ахал къотIана, кIиго чиги чIвана ва лъутун ана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда гьаб хабар лъана ва гьев Абусуфянил къокъаялда хадув лъугьана, амма гьел лъутун рорчIана. Гьез, жидее бигьалъи гьабун, цадахъ букIараб тIех ва цогидаб хIажатаб жо гIодобе бана. Бусурбаби гьезда хадур лъугьун Къаркъарат абулеб бакIалде щвана, амма гьел гьезухъан рорчIана. Бусурбабаз доз гIодоб рехараб тIех нахъе босана ва гьеб гъазаваталда цIар лъуна тIехалъул гъазават, яги Къаркъараталъул гьазават абун.

## قتل كعب بن الأشرف

### КагIбу бину Ащраф чIвай

КагIбу бину Ащраф вукIана ягьудиязул бечедал гIадамаздаса, гьезул шагIирги вукIана. Гьев бусурбабазул бищунго квешал

тушбабаздасаги вукIана. Гьес шигIру гьабун Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь ва гьесул асхIабзаби какулел рукIана, бусурбабазул руччабазда рогьо бан назмаби гьарун, гьезул тушбаби реццун, гьел бусурбабазда рагъизе гьесизарун хьвадулев вукIана.

Бадруялъул рагъдаса хадув гьев Маккаялде къурайшиязухъе ана, гьел бусурбабазда рагъизе гьесизарун шигIрабиги гьаруна. «Нуж битIараб диналда ва нухалда ругоян» -ги абуна. Гьес пикру гьабичIо бану КъайнукъагIазе ккараб жоялъул.

Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна КагIбу бину Ащраф чIвазе щив иневан абун. Гьесие жаваб гьабуна МухIаммад бину Масламатица, ГIубад бину Бишрица, Абунаилатица, аль-ХIарис бину Авсица ва АбугIабс бину Жабрица. Гьезул амирлъун МухIаммад бину Масламат гьавуна. Гьес аварагасдаса изну босана КагIбуда жиндие бокьараб жо абизе.

Цинги МухIаммад бину Масламат КагIбухъе вачIана ва гьес абуна: «Гьав чияс *(ай, МухIаммадица)* нижедаса садакъа гьарулеб буго, гьес ниж захIмалъиялъулъги ккезарулел руго» - абун. Гьаб жо рагIидал КагIбу цIакъ вохана ва гьес абуна: «Валлагьи, нужее гьев кватIичIого чIалгIине *(надоедать)* вуго» - абун. МухIаммадица къарзалъе тIагIам яги чамасдак кьей гьарана, гъокьлъалие ярагъ лъелинги абуна.

Хадув гьесухъе Абунаилат вачIана ва МухIаммадица бицаралдаго релълъараб жо бицана: Абунаилатица абуна: «Дир гьалмагъзаби руго дирго гIадаб пикру бугел, дун гьелгун цадахъ вачIина дуца гьезиеги тIагIам бичизе ва лъикIлъи гьабизе» - абун. КагIбуца гьеб къабул гьабуна.

Гьижрияб лъабабилеб соналъул РабигIулавал моцIалъул анцIила ункъабилеб сордоялъ КагIбухъе гьал гIадамал рачIана. Гьезда кодоб ярагъги букIана. Гьез жиндир хъалаялъув вугев КагIбуде ахIана. Гьев цIияй бахIарай ячун, гьелда аскIов вукIана. КагIбу гIодове рещтIине лъугьидал чIужуялъ абуна: «Мун киве вахъарав гьаб кватIараб гIужалъ? Дида цо би тIинкIулеб гIадаб гьаракь рагIунеб буго» - абун. Гьелъул рагIиялъул кIвар гьабичIого КагIбу гIодов рещтIана.

ГІолохъабазухъ ярагъ бихьидал, гьезда гьоркьоб ккун букІараб къотІиялъе гІоло, (ай, гІоркьлъалие ярагъ кьелин абун) гьелъулги кІварго гьабичІо.

Гьел, хабарги бицунаго, цадахъ рилълъунел рукІана. Абунаилатица КагІбул бетІералдаса бугеб гьуинаб махІ беццана, гьеб сунтІизе изну кьеларищанги абуна. КагІбуца чІухІун, воххун изну кьуна. Абунаилатица гьеб махІ сунтІана, жиндир квер бетІералъул расалъулъ лъугьинабун гьелда сунтІизе гьалмагъзабиги риччана. Гьаб жо Абунаилатица кІиабизеги, лъабабизеги гьабуна. Цинги КагІбул бетІер берцинго ккветзе щведал гьес гІолохъабазде Аллагьасул тушманасда кІанцІеян ахІана. Гьез хвалчаби кьабуна, амма гьел мурадалде щвечІо. Цинги ибну Масламатица гьесул цІинуялда гьоркь мигІвар *(тІил, могоро)* лъуна ва гьелда тІад ваччана: гьеб гІавраталда щвана ва сверухълъиго хІинкъараб квешаб гьаракьги гьабун КагІбу гІодове вортана. КІалгІаялъул сиязда тІад чирхъал ракана, амма бусурбаби гьездаса рорчІун сах-саламат тІад руссана. Гьав КагІбу чІваялдалъун халатаб заманаялъ бусурбабазе зараралъе букІараб питнаялъул цІа ссун ана, ягьудиязул борхьалги цо заманаялъ жидерго картІахъе рахчІун чІана.

## سرية القردة

### Къирадаталде сарият битІин

Гьижрияб лъабабилеб соналъул Жумадулахир моцІалъ Къурайшияз жидер къапила ГІиракъалъул нухалдаса Шамалде битІана: гьез Шамалде нух бахъизе ккола Наждалдасаги ун, Мадинаялда аскІосан инчІого. Гьеб къапилаялъул бетІер Сафван бину Умаят вукІана. Гьаб хабар Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда лъана ва гьес нусго рекІаравги вачун Зайд бину ХІарисат витІана. Къурайшиял Наждалъул ракьалда бугеб Къурадат абулеб бакІалда лъималда аскІор рещтІун рукІадго, Зайдица гьел мерхьана *(гьалаг гьаруна):*

бусурбабаз кинабго къапилаялда квершел гьабуна, гьебгун цадахъ рукIарал гIадамалги киналго лъутун ана.

Къапилаялъул далилллъун вукIарав Фурат бину ХIибан асир гьавуна, гьес исламги босана. Гьениб щвараб гъанимат цIакъ гIемераб букIана ва гьеб Бадруялдаса хадуб къурайшияздa цIакъ унтизабураб ишги букIана.

## غــزوة أحــد

### УхIудалда ккараб гъазават

Бадруялъул гъазаваталда жидеда щвараб жоялъе бусурбабаздаса рецIел босизе къурайшиял хIадурулеб мехалъ гьезда цоги кьаби щвана Къарадат абулеб бакIалда. Гьелъ къурайшиязул ццим бахъи цIакъго цIикIкIинабуна ва хIадурлъилъе хехлъи гьабуна. Гьез жидеего бокьун рагъде рахъунезда ахIи бана, хIабашиял ва цогидал къокъабазул боял гIуцIана. Рагъде гьесизарун назму гьабизе шагIирзабиги хIадурана. Гьедин къурайшияз лъабазарго рагъухъан вугеб гIаскар гIуцIана. Гьезул лъабазарго варани, кIинусго чу, ва анкьнусго къолденги букIана. Гьелгун цадахъ руччабиги рукIана бихьиназда бахIарчилъиялъул ва къвакIиналъул рухI лъезабизе. Гьезул гIаммав къаид, цевехъан Абусуфян вукIана, байрахъулалги бану ГIабдударил бахIарзал рукIана.

Гьаб гIаскар, жиндир ццим бахъигун цадахъ, Мадинаялъул рагIаллъиялде щвезегIан бачIана. Гьез жидер чIей гьабуна Вади къанат абулеб бакIалда, УхIуд мегIералда аскIоб бугеб гIатIидаб майданалда. Гьаб иш букIана рузман къоялъ, гьижрияб лъабабилеб соналъул Шавал моцIалъул анлъабилеб къоялъ.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда гьаб хабар лъана къурайшиял УхIудалде щвезе цо анкьалъ цебе. Гьес тIаде бачIараб амруялъул хIисаб гьабун ва Мадина цIуниялъе тадбир гьабун гIаскаразул куцаял гIуцIана. Къурайшиязул гIаскар УхIудалде щведал аварагас бусурбабазулгун киндай тушман нахъе чIвалеван мушавара гьабуна. Аллагьасул свалат-салам

лъеяв расулуллагьасул пикру букIана Мадина рагъул хъалалъун гьаби: щивав чи жиндир рукъалъул кIалда чIун, жидер руччабиги тIохазда тIаде рахинарун вагъун лъикIилан. Гьаб гIакълуялда мунапикъазул бетIер ГIабдуллагь бину Убаюги рекъана: гьесие, жинда щивго чиги шаклъичIого рокъов чIезе бокьун букIана. Кинниги, гIолохъаби къвакIун кIалъана ва рагьараб майданалда хвалчабигун рагъизе бокьи загьир гьабуна.

Аварагас гьезул гIакълу къабул гьабуна. Цинги бусурбабазул гIаскар лъабго боялде бикьана: цо бо мугьажиразул, гьезул байрахъулав МусгIаб бину ГIумайр вукIана, цоги бо Авсазул, гьезул байрахъ Усайд бину ХIузайрица босана, лъабабилеб бо Хазражазул букIана, гьезул байрахъ аль-ХIабаб бину аль-Мунзирица босана.

Мадинаялда бакъанил какги бан гьел УхIудалдехун рилълъана. аш-Шайхайни абулеб бакIалда щведал Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гIаскаралъул хал гьабуна ва гIисинал гIолохъаби нахъе руссинаруна. ГьитIинав вугониги РафигI бину Худайжие изну кьуна гIаскаралда вукIине: гьев лъикI чIорал реххулев вукIана. Цинги Самурат бину Жундабица абуна: «Дун гьесдаса къуватав вуго, дица гьев гугардун гIодове ккезавила» - абун. Гьел гугаризе риччана ва Самуратица РафигI гIодове лъуна, цинги аварагас гьев кIиясего изну кьуна гIаскаралда рукIине.

Аш-Шайхайни абулеб бакIалда аварагас маркIачIул ва богол как бана, цинги гьеб бакIалда сордоги бана, кIикъоялда анцIго чи гIаскар чIараб бакI цIунизеги тана. Сардил ахиралда гьел церехун ана ва аш-ШавтI абулеб бакIалда рогьалил как бана. Гьеб бакIалда ГIабдуллагь бину Убаюца мутIигIлъи тана ва гьев лъабнусго чиги цадахъ вачун гIаскаралдаса нахъе ана. Гьес гьабураб ишалъ Банусаламатил ва БанухIарисатил къокъабазулъ загIиплъи ва шакдари ккезабуна. Кинниги Аллагьас гьезул ракI щула гьабун, гьел нахъе инчIого чIана. Бусурбабазул ГIаскаралда кинавго азарго чи вукIана, Убаю ва гьесул гьалмагъзаби нахъе индал гьезул анкьнусго чи хутIана.

Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь УхIдалде унеб къокъаб нухда лъугьана, тушманасул гIаскарги бакъ тIерхьудахун тана. Гьев рещтIана УхIудалъул кIалалда аскIоб бугеб кIкIалахъ, жиндир мугъаб рахъ УхIудалъул кьурабаздехунги гьабун. Гьеб хIалал тушман кколев вукIана Мадинаялдаги бусурбабазул гIаскаралдаги гьоркьов.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гIаскар рекъезабуна, кIикъоялда анцIго чIор реххулев чи ГIайнани магIарда вукIине рихьзаруна. Гьеб мегIералда чIор реххулезул мегIеринги абула. Гьезул цевехъан ансарияв ГIабдуллагь бину Жубайр вукIана. Гьезда тIад къан букIана тушманасул рекIарал гьенисан риччачIого тей ва бусурбабазул мугъаб рахъ цIуни. Аварагас гьезда цIакъго лъазабун букIана жиндир амру бачIун гурони гьеб бакI тогеян абун: бусурбаби бергьунел ругониги къолел ругониги.

Мушриказги жидер гIаскар рекъезабуна ва гьел рагъул майданалда цере къана. Гьезул руччабаз мушрикал рагъде гьесизарулел рукIана: гьел бодул мухъазда гьоркьор къали кьабулаго ва назму ахIун хьвадулел рукIана, гIолохъабазул рагъде къасд ккезабун ва гьезул ццим багъаризабун.

## المبارزة والقتال

### Къецалъе рахъин ва рагъ бай бихьи

КIиябго аскар цоцаде гIагарлъана ва мушриказул байрахъулав, Къурайшиязул лебалав чодухъан ТIалхIат бину АбутIалхIат аль-ГIабдари цеве вахъана ва гьес къецалъе чи ахIана. Гьев варaниялда рекIун вукIана. Гьесие жаваб гьабуна Зубайр бину аль-ГIавамица. Гьев цеве вахъун гъалбацI гIадин ТIалхIатида тIаде кIанцIана ва жив ТIалхIатгун цадахъ гьесул варaниялда тIад ккана. Цинги жинца ТIалхIат ракьалда гIодов рехана ва жиндир хвалченалъ хъуна. Гьаб иш бихьидал Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Аллагьу акбар абуна ва киналго бусурбабазги Аллагьу акбар абуна.

Цинги рагъул майданалъул щибаб рахъалда рагъ бай бихьана. Мушриказул рекIаразул цевехъан Халид бину Валидица лъабго нухалъ бусурбабазул мугъалда нахъасан тIаде кIанцIизе хIал бихьана, амма гьев чIор реххулезул чIораз нахъе чIвана.

Бусурбабаз мушриказул байрахъулазда гъужум гьабуна ва цо-цо ккун анцIила цо байрахъулав чIвана ва гьезул байрахъ рагъул майданалда гIодоб рехун хутIана. Цинги бусурбабаз киналго рахъаздаса гъужум гьабун мушриказулъ хIинкъи реххизабуна ва гьезул мухъалги загIип гьаруна. Гьаб хIалалда рагъулаго жидеда Аллагь разилъаял Абудужанат ва ХIамзат шагьидлъана.

Бусурбаби рагъулъ бергьунелллъун ругеб мехалъ, Аллагьасул ва гьесул расуласул гъалбацI, жинда Аллагь разилъаяв ХIамзат бину ГIабдулмутIалиб чIвана. Гьев чIвана ВахIши бину ХIарб абулев чияс. Гьев вукIана хIабашияв лагъ, хIарбат *(хеч, пика)* реххизе лебалав. Гьесул сайид Жубайр бину МутIгIимица гьесие къотIи гьабун букIана ХIамзат чIвани гьев тархъила абун. ГьелЪие гIилаги букIана ХIамзатица Бадруялъул рагъулъ Жубайрил инсул вац ТIугIаймат бину ГIади чIван вукIин. ВахIши цо гамачIалда нахъаги вахчун ХIамзатие хъаравуллъи ккун вукIана. ХIамзатица СугIаб бину ГIаркъадат абулев мушрикасул бетIералда хвалчен кьабулеб гIужалъ ВахIшица гьесда хIарбар речIана: гьеб речIана ХIамзат тохлъараб гIужалъ. ХIарбат ХIамзатил чехьалда *(бакьал ругеб бакIалда)* щвана, гьебги борлъун кIиябго бохалда гьоркьоб бортана. Жинда Аллагь разилъаясе тIокIав тIаде вахъине кIвечIо, гьесул рухIги гьеб бакIалда босана.

Мушриказул боязулъ рихха-хочи ккун букIана, гьел лъутун унелги рукIана. Гьезул рагъде къасд ккезабулел рукIарал руччабиги лъутана. Хадур лъугьун бусурбабаз гьезда кьаби щвезабулеб букIана, гьез гьоркье тараб гъаниматги бакIарулеб букIана. Гьаб хIалалда рукIадго чIор реххулез гъалатI гьабуна: гьезул кIикъого чи гъанимат бакIаризе лъугьана, гьезда Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас къвакIараб амру гьабун букIаниги жидер бакIаздаса рагъаругеян абун. Гьеб

заманалдаса мунпагІат босун Халид бину Валид рекІаразул богун бусурбабазда тІаде кІанцІана: магІарда хутІарав анцІго чІор реххулев чиги чІван, магІарда нахъасан вачІун гьес бусурбабазул гІаскар горини ккезабуна. Цинги гьесул рекІараз гьаракь гьабуна: гьеб гьаракь къурйшиязда бичІчІана ва лъутун унел рукІарал тІад руссана. ГІодоб рехун букІараб байрахъги цо чІужугІаданалъ борхана, гьелда сверун къурайшиялги руссана. Гьаб ишалдалъун бусурбаби гьобоялъул кІиго ганчІида гьоркьор ккана. Ай, цІакъ захІматаб хІалалда ккана.

## هجوم المشركين على رسول الله -ﷺ- وإشاعة مقتله

### Мушриказ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда гьужум гьаби ва гьев чІванин абун хабар биччай

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь бусурбабазул нахъияб рахъалда вукІана, гьевгун цадахъ анкьго ансарияв ва кІиго мугьажирги вукІана. Халидил рекІарал магІарда нахъасан рачІунел рихьидал аварагас борхатаб гьаракьалъ ахІана: «Дихъе рачІа я Аллагьасул лагъзал!» - абун. Гьеб гьаракь мушриказда рагІана, гьел бусурбабаздасаги аварагасда гІагарда рукІун ратизе бегьула. Гьезул цо къокъа гьаракь рагІараб рахъалде хехлъана ва Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда гучаб гьужум гьабуна. Бусурбаби гьенир щвелелде мушриказ гьев свеун ккуна ва гьесда хвел сверун лъугьана. Гьеб хІалалъ расулуллагьас абуна: «Гьал мушрикал дидаса нахъчІвалев щив вугев, гьесие алжан букІизе буго» - абун. Яги *(аварагас абуна):* «Гьев алжаналда жанив дир гьалмагъ вуго» - абун.

Цинги ансариязул цояв цеве къана ва мушрикал аварагасдаса нахъчІван хвезегІан гьелгун вагьана. Гьанжеги мушрикал Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасде тІаде къана ва аварагас добго рагІи абуна. Ансариязул цоги гІолохъанчи цеве къана, гьевги мушрикал аварагасдаса нахъчІван хвезегІан вагьана. Хадув лъабабилев, хадув ункъабилев вагъун анкьавго ансарияв чІвазегІан рагъана.

Гьал анкьалдго гIодор рортидал Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда аскIов кIиго къурайшияв гурони хутIичIо. Гьелги, ТIалхIат бину ГIубайдуллагь ва СагIду бину Абувакъас руго. Мушриказ аварагасда гьужум гьаби жеги цIикIкIинабуна, гьесда цояс речIараб гамачI щун гьев гIодовецин ккана. Гьесул гъоркьияб кваранаб цаги бекана, гъоркьияб кIветIалда ругъунги лъуна. Аварагасул бетIералда букIараб тIагъурги бекизабун гьесул бетIералда ва нодоялда ругъун гьабуна. Аварагасул бетIералда цоги хвалчен кьабун, бетIер бахчулеб рагъул тIагъуралъул кIиго гIекI (гор) гьесул кIаркьеналда къана. Цинги кешаб хIалалъ гъажазул бетIералдаги хвалчен кьабуна ва гьеб моцIалдасаги гIемераб заманалъ унтулеб букIана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда тIад ретIун кIиго къолден букIиналъ гьеб къотIичIого хутIана.

Гьаб кинабго кьаби аварагасда щвана гьесдаса мушрикал нахъчIван, хвалдаса хIинкъичIого, дов кIиявго къурайшиязул асхIаб рагъулел рукIаниги. Жинда Аллагь разилъаяв СагIду бину Абувакъасицца чIорал реххана, *(гьел тIагIидал)* Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьесухъе жиндир чIорал жанир ругеб къвачIа кьуна ва абуна: «Дуца реххе, дир эбел-эмен кьунги мун хвасарлъаяв» - абун.

ТIалхIат бину ГIубайдуллагьги живго цохIо вагъулев вукIана, дол цере рагъарал гIолохъабазда релълъун, гьесда лъебералда щуго, яги лъебералда ичIго ругъунги щун букIана. ТIалхIатица Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь цIунана жиндир квералда хвалчен кьабун килщал къотIун рортизегIан. Килщазда хвалчен щведал, унтиялъул гучалъ гьес «хIасси» абун гьаракь гьабуна. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: «Дуца *(хIасси абичIого)* бисмиллагь абун букIарабани, мун ралагьун гIадамалгун малаикзабаз зодове ворхизе вукIана» - абун.

Гьаб хIинкъи ва захIмалъи бугеб сагIаталъ Жабраил ва Микаил малаик рещтIана ва гьез Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасдаса мушрикал нахъчIван гучаб рагъ

гьабуна. Аварагасде бусурбабазул цо къокъаги буссана *(бачIана)* ва гьезги мушриказда къуватаб данде чIей гьабуна. Аварагасухъе рачIаразул авалав Абубакр ас-сидикъ вукIана, гьевгун цадахъ АбугIубайдат бину аж-ЖаррахIги вукIана, жив кIиясдаго Аллагь разилъаял.

Абубакар аварагасул гьумералда къараб гор бахъизеян лъугьидал, АбугIубайдатица гьесда гьарана гьеб бахъизе жив виччаян. Цинги АбугIубайдатица *(цабзаз ккун)* цо гор бахъана ва гьесул цо ца бортана. Цогидаб гор бахъулаго цоги ца бортана. Цинги гьев кIиясго лъукъун вугев ТIалхIат бину ГIубайдуллагьие кумек гьабуна.

Гьеб мехалъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь вугеб бакIалде Абудужанат, мусгIаб бину ГIумайр, ГIумар бину ХатIаб, ГIали бину АбутIалиб ва цогидалги щвана. Гьединго мушриказул рикIкIенги лъикIаланго цIикIкIана, гьезул гьужумалги гучлъана. Бусурбабаз цIакъ надираб *(жинда релълъараб гьечIеб)* бахIарчилъи бихьизабуна. Гьезул цояз чIорал реххулел рукIана, цогидаз хвалчадалъун рагъ гьабулеб букIана, цояз авараг гьесда чIорал щвеялдаса цIунулев вукIана.

Бусурбабазул байрахъ МусгIаб бину ГIумайрихъ букIана. Мушриказ гьесул кваранаб квералда кьабун гьеб къотIун реххана. МусгIабица байрахъ квегIаб квералъ босана. Гьебги мушриказ хвалчен кьабун къотIун реххана. Цинги МусгIаб байрахъалда тIад вегана ва жив чIвазегIан гьелда тIад чIана. МусгIаб чIварав чи ГIабдуллагь бину Къумат вукIана. МусгIаб Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда релълъарав вукIиналъ ГIабдуллагьида ккана жинца авараг чIванин абун. Гьев «МухIаммад чIвана» - ян ахIдолаго нахъе вуссун ана. Гьеб хабар хехго гIадамазда гьоркьобги тIибитIана. Гьеб хабар тIибитIиялъ мушриказ гьабулеб букIараб гьужумги бигьалъана: гьезда ракIалда ккана жидер мурад тIубанин ва жидее бокьараб жоялдеги щванин абун. *(ай, авараг чIвай)*

## موقف عامة المسلمين بعد التطويق

**Мушриказ сверун кквéдалго бусурбабаз гьабураб гIамал**

Бусурбабазда жал сверун кколел рукIин бихьидал, гьезда гьоркоб рихха-хочи лъугьана, жидедаго букIараб божилъиги хвана, гьел цо гIаммаб хIукмуялдеги руссичIо. Гьезул цоял северaлдехун лъутана, хIатта Мадинаялде щвезегIан, цоял УхIдалъул кIкIалахъе гIаскар чIолеб бакIалде лъутана. Гьезул цо къокъа Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь вугеб бакIалде рекерун гьесдаса тушман нахъчIвазе лъугьана. Ва амма гIемерисел бусурбаби мушриказ горинире ккезарун гьенир хутIана. Гьез жидерго бакIалда чIун мушриказда рагъ гьабулеб букIана, жидеда сверун ругел нахъеги чIвалел рукIана. Жал нахърилълъунев цевехъан вукIинчIелъул, гьезул мухъал цоцалъе журан гIадлу хвей ккана, цересел нахъе руссун, гьелги долги бусурбаби цоцаде рагъана. Гьедин бусурбабазул кверaлдалъун чIвана ХIузайфатил эмен аль-Яман.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь чIванин хабар рагIидал, цо бусурбабазул гIакълу ана, гьезул рагъде букIараб къасд хвана, жалги хIинкъана. Гьез рагъ гьабиго тана. Цоги бусурбаби абуни жегиги бахIарчилъи бихьизабун рагъана. Гьез абулеб букIана: «Нуж хвела Аллагьасул расул жиндие гIоло хвараб ишалъе!» - абун

Бусурбаби гьаб хIалалда ругеб мехалъ боязда гьоркьосан авараг вугеб рахъалде унев КагIбу бину Маликие Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь вихьана. КагIбуда гьев лъана бетIерала бугеб рагъул тIагъуралдаги цебе ккураб хъарщиялдаги *(щит)* гьоркьосан рихьарал бераздаса. Цинги КагIбуца гучаб гьаракьалдалъун ахIана: «Нуж рохха, я бусурбабазул жамагIат! Гьале Аллагьасул расул!» - абун. Гьеб гьаракь рагIидал бусурбаби авараг вугеб бакIалдае руссине лъугьана. Гьезул лъеберго гIадав чи данделъана. Гьелгун цадахъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас къурайшиязул гориниса къватIибе нух бахъана, ва сверун ккун букIараб гIаскар хвасарлъиялъе сабаб ккана. Аварагас гьеб

къокъа мугIрул ракьанде бачана. Гьел риччаларого мушриказ гIезегIанго яхI бахъана, кинниги бусурбаби жидер мурадалде щвана. Мушриказул кIиго чиги чIвана ва гьезул тIубанго тату *(къасд, гьунар)* хвана.

Гьаб битIараб, гIакълияб иш гьабиялдалъун бусурбаби хвасарлъана. Кинниги, гьаб иш ккана бусурбабаз цIакъ къиматаб багьа кьун хадуб: чIор реххулез Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул амруялда хилиплъи гьабиялъ ва гьезул гъалатIалъ.

## في الشعب

### УхIуд мегIералъул ракьанда

Мушриказул сверун кквеялдасаги рорчIун жидее божилъи бугеб бакIалде бусурбаби щун хадубги, гьездаги мушриказдаги гьоркьоб дагьабго чIорал реххи букIана, амма гIаммаб хIалалъ цере къазе ва бусурбабада тIаде кIанцIизе гьезул бахIарчилъи гIечIо. Гьел дагьабго мехалъ рагъул майданалда рукIана, жидеца чIварал бусурбабазул жаназаби инжит гьарулел: цоязул гIин къотIун, цогидазул мегIер къотIун. Гьез чехь бихъулеб букIана, гIавратги къотIулеб букIана. ГIутбатил яс Гьиндица жинда Аллагь разилъаяв ХIамзатил чехь бихъун гьесул тIул къватIибе бахъана. Гьеб кIалдибе лъун чIамана, амма беххе къулчIизе кIвечIого къватIибе туна. Мушриказул руччабаз шагьидзабазул гIундузул ва мегIеразул габунир ралел маххал гIадал жал гьаруна.

Убаю бину Халф, жинца аврараг чIвачIого толарин абун, цIакъаб чIухIи гьабун  бусурбаби ругеб бакIалде вачIана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьесул къолденалдаги хъарщиялдаги *(щит)* гьоркьосан мукъулукъалъул гарацIалда хIарбат тункана: Убаю чодаса гъоркье вортун чанго нухалъ гирана, цинги *(жиб хъураб)* оцалъул гIадаб хъирхъиригун къурайшиязухъе вачIана. Маккаялда гIагарда бугеб Сарф абураб бакIалде щведал гьеб ругъуналдалъун живги хвана.

Хадурги Абусуфянил ва Халидил бетIерлъиялда гъоркь мушриказул къокъа бачIана ва гьел бусурбаби ругеб кьуруялъул хьибилалдаги рахана. Гьезда рагъ гьабуна жинда Аллагь разилъаяв ГIумар бину аль-ХатIабица ва мугьажиразул гIолохъабаз ва гьел магIардаса гIодоре рещтIинаруна. Цо биценалъулъ буго жинда Аллагь разилъаяв СагIду бину Абувакъасица гьезул лъабго чи чIванаян абун.

УхIудалда чIварал мушриказул къадар къоло кIиго чиясде бахана. Лъебералда анкьго яи чIваниланги абуна. Бусурбабазул лъабкъоялда анцIго чи чIвана: кIикъоялда цо чи хазражазул, къоло ункъо авсазул ва ункъо мугьажиразул, цо чи ягъудиязулги.

Абусуфянил ва Халидил бетIерлъиялда гъокь бусурбабазда битIараб мушриказул къокъаялъулги жо ккечIелъул, *(гьелги хIинкъидал),* мушриказ рагъул майдан тезе ва Маккаялда тIадруссине хIадурлъи гьабизе бай бихьана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь ухIудалъул магIарда хIалхьараб мехалъ, жинда Аллагь разилъаяв ГIали асхIаб вачIана гьесие гьекъезе УхIудалда бугеб аль-Мигьрас абулеб бакIалдаса лъим босун. Гьелда махI букIун аварагасе гьеб гьекъезе кIвечIо. Жинца гьеб лъималъ гьумер ва бетIер чурана ва ругъназдаса би бачIине лъугьана. Гьеб чIезабизе кIоларого букIун жинда Аллагь разилъаяй ФатIиматица туруталъул рагIал къотIун ругъуналда тIад лъуна, цинги би бачIиги чIана. Жинда Аллагь разилъаяв МухIаммад бину Масламат вачIана гьекъезе бегьулеб лъим босун, гьелдаса Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас лъим гьекъана, МухIаммад бину Масламатие лъикIаб дугIаги гьабуна. Аварагас гьениб гIодов чIун къалъул как бана, бусурбабазги как гьевгун цадахъ гIодор чIун бана.

Гьенире мугьажиразул ва ансаразул руччаби рачIана. Гьезда гьоркьор ГIаишат, Умуайман, УмусулайтI ва Умусулайм рукIана. Гьел руччабаз ралъхъеназ баччун лъим лъукъарал асхIабзабазда гьекъезабулеб букIана, жал киназдаго Аллагь разилъаги.

## حوار وقرار

### Мушриказулгун кIалъай гьаби ва къотIи гьаби

Мушрикал тIубанго УхIудалдаса нахъе ине хIадурлъидал, Абусуфян цо кьурда тIаде вахана ва гьес ахIана: «Нужеда гьоркьов МухIаммад вугищ?» - абун. Гьесие лъицаго жаваб кьечIо. Цинги Абусуфяница ахIана: «Нужеда гьоркьов АбукъухIафатил вас вугищ?» - абун. Гьесие лъицаго жаваб кьечIо. Цинги Абусуфяница ахIана: «Нужеда гьоркьов ГIумар бину Аль-ХатIаб вугищ?» - абун. Гьесие лъицаго жаваб кьечIо. Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагас гьезие жаваб кьезе изну кьолеб букIичIо. Цинги Абусуфяница ахIана: «Гьел лъабаздасаго нижеца нуж эркен гьаруна» - абун. Ай, гьел чIвана. Гьеб мехалъ ГIумарида яхI гьабизе кIвечIо ва гьес ахIана: «Я Аллагьасул тушман! Дуца рехсарав лъабавго чIаго вуго. Аллагьас дуе квеш букIунеб жо нахъе хутIизабуна» - абун. Хадуб Абусуфяница ахIана: «Нужер чIваразул жаназаби инжит гьаруна, дица гьеб гьабеян амру гьабичIо, гьеб гьаби дие рихунги гьечIо» - абун.

Хадуб Абусуфяница абуна гьубал тIадегIанлъаги абун. Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагас гьелда данде гьабулеб жаваб малъана ва гьез жаваб гьабуна: «Аллагь тIадегIанав вуго ва гучавги вуго» - абун. Абусуфяница абуна: нижер гIуза буго, нужер гIуза гьечIо абун. Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагас гьелда данде гьабулеб жаваб малъана ва гьез жаваб гьабуна: «Аллагь вуго нижер мавла, *(миллат гьабулев, цIунулев)*, нужер мавла гьечIо» - абун. Хадуб Абусуфяница абуна: «Иш лъикI унеб буго. Гьаб къо Бадруялъул къоялда данде буго, рагъги иргаялда буго» - абун. Жинда Аллагь разилъаяв ГIумарица абуна: «ХIасил бащад гьечIо. Нижер чIварал алжаналда руго, нужер чIварал жужахIалда руго» - абун. Абусуфяница абуна: «Нужеца гьедин абулеб бугоха. Гьеб иш гьедин батани ниж гIададе хварал руго» - абун.

Цинги Абусуфяница ГIумариде ахIана: «Аллагьасул цIаралдалъун гьарулеб буго дуда, нижеца МухIаммад

чIваницщ?» - абун. Жинда Аллагь разилъаяв ГIумарица абуна: «ЧIвачIо. Гьев гьабсагIат дур каламалъухъ гIенеккун вуго» - абун.
Абусуфяница абуна: «Дие мун ритIухъав ва битIараб бицунев вуго ибну Къуматидаса» - абун. Хадуб Абусуфяница ахIана: «Нужги нижги тIасяб соналъ Бадруялда данделъизе руго!» - абун. Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагас цо асхIабасда абуна гьесда абеян: «ЛъикI буго, гьеб жо нилъеда гьоркьоб бугеб къотIи буго» - абун.

## رجوع المشركين وقيام المسلمين بتفقد الجرحى ودفن الشهداء

### Мушрикал нахъе руссин ва бусурбабаз лъукъарал цIехей ва шагьидзаби хобалъур лъей

Цинги Абусуфян жиндир гIаскар бугеб бакIалде ана ва гIаскар нухде бахъана. Гьел варанабазда рекIана, чуялги хьолбохъ рухьана. Гьалъул магIна букIана гьезул Маккаялде ине къасд букIин. Гьаб Аллагьас бусурбабазе гьабураб кIудияб цIоб букIана. Мушриказе Мадинаялде ине бокьарабани гьел гьукъизе кIолев чиги вукIинчIо. Кинниги, Жинца ракIал сверизарулев Аллагьас гьел Мадинаялдаса руссинаруна.

Бусурбаби рагъул майданалда рещтIана ва жидер лъукъаразул ва чIваразул гIадлу гьабизе лъугьана. Цо асхIабзабаз жидер шагьидзаби Мадинаялде росун рукIана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагас амру гьабуна гьел тIад руссинарун жал чIвараб бакIалда росеян ва гьел жидерго ретIелалъулъ, чуричIого ва жаназалъул как бачIого хобалъур лъеян абун. Шагьидзаби цо хобалъув кIигояв, лъабгоявги лъолел рукIана. КIигояв цохIо ретIелалъулъ хобалъув лъезеги ккана, кIиясдаго гьоркьоб изхирги *(хералда цIар)* лъун. Хобалъул цебесеб рахъалда жиндие Къуръан гIемер лъалев лъолев вукIана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: «Дун къиямасеб къоялъ гьазие нугIлъи гьабулев вуго» - абун.

Жинда Аллагь разилъаяв ХIанзалат бину ГIамрил жаназа ракьалда тIад жиндаса лъим тIинкIулеб батана. Аллагьасул

свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: «ХIакълъунго гьев малаикзабаз чурулев вуго» - абун. Гьесул къисса гьадинаб буго. Гьев вукIана гьанже чIужу ячарав чи. Рагъде рахъаян ахIулеб рагIараб мехалъ ХIамзалат чIужуялда аскIосан вахъун, черх чуризе регIичIого, УхIудалде вачIун вукIана. Гьенив жив вагъана шагьидлъизегIан. Цинги гьев малаикзабаз чурана ва гьесда цIарги лъуна малаикзабаз чурарав абун.

Жинда Аллагь разилъаяв ХIамзат хобалъув лъуна цохIо чухъаги тIад букIун: гьеб бетIералдехун цIани хIатIал цере лъолел рукIана, хIатIаздехун цIани бетIер цебе лъолеб букIана. Цинги гьеб бетIералдехун цIана ва хIатIазда тIад херги лъуна. Гьебго хIалалъ хобалъув лъуна жинда Аллагь разилъаяв МусгIаб бину ГIумайрги.

## إلى المدينة وفي المدينة

### Мадинаялде тIад руссин ва гьениб букIараб хIал

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь ва бусурбаби жидер шагьидзаби хоболъур лъун ва гьезие дугIа гьабун лъугьидал Мадинаялде тIад руссана. Жидер россаби ва гIагарал чагIи шагьидлъарал руччаби УхIудале ине къватIире рахъун рукIана. Нухда гьел Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда данде чIвана ва аварагас гьезда зигара гьабуна, гьезие дугIаги гьабуна. Гьел руччабигун цадахъ Банудинар абулел чагIазул чIужугIаданги ячIана, УхIудалде жиндир росги, вацги, эменги чIварай. АсхIабзабаз гьелда зигара гьабидал гьелъ гьикъана расулуллагь кин вугев абун. Гьез абуна: «АлхIамдулиллагь, гьев лъикI вуго» - абун. Дой гIаданалъ жинда гьев вихьизавеян абуна. Гьез гьелда авараг вугеб бакI бихьизабуна. Цинги гьелъ абуна: «Мун сабаблъун гьечIеб кинабго къварилъи бигьаяб буго» - абун.

Гьеб сордо бусурбабаз Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьги Мадинаги цIунун, щиб хабардай рагIулаян хъаравуллъи ккун бана. Гьел цIакъ свакан, ругънал унтун, пашмангоги рукIана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда чара гьечIеб жолъун бихьун букIана

тушманасда хадув лъугьун гьесул вагъа-вачариялъул хIал лъазаби ва гьев Мадинаялде вачIинеян лъугьани гьесда дандечIей гьабиги.

## غزوة حمراء الأسد

### ХIамраул асад абураб бакIалде гьабураб гъазават

Рогьун хадуб бусурбабазде ахIи бана: «Тушманасда дандечIвай гьабизе къватIире рахъа. УхIудалде вукIарав чи гурони къватIивеги вахъуге!» - абун. Бусурбабаз абуна: «Ниж гIенеккарал ва мутIигIал руго» - абун. Гьел къватIире рахъана ва Мадинаялдаса микьго милалъ рикIкIад бугеб ХIамраул асад абулеб бакIалде щвана ва гьениб гIаскар чIолеб бакI гьабуна.

Мушрикал рещтIун рукIана Мадинаялдаса лъебералда анлъго милалъ рикIкIад бугеб ар-РавхIаъ абулеб бакIалда. Гьез пикру гьабулеб букIана, цоцаде мушаварагаги гьабулеб букIана тIадруссун Мадинаялде инадай абун. Гьел пашманлъунги рукIана жидеца Мадинаялде ине букIараб рес борчIизе теялда.

ХузагIияв МагIбад бину АбумагIад вукIана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда гIенеккулев, гьесие лъикIлъи бокьарав чи. Гьев аварагасухъе ХIамраул асад абулеб бакIалде вачIана ва гьесда УхIудалда щвараб къварилъиялъул зигара гьабуна. Расулуллагьас гьесда амру гьабуна Абусуфянихъе ун гьев хIинкъулеб хабар бицеян абун. МагIбад ар-РавхIаъ абулеб бакIалде щвана, мушрикал Мадинаялде тIад руссине хIадурулел ругеб мехалъ. МагIбадица гьел цIакъ хIинкъизаруна ва жинца абуна: «МухIаммад къватIиве вахъун вуго дида жеги бихьичIеб гIадаб гIаскарги бачун, гьел нужеда бугеб цциналъ рухIулел руго. Гьезулъ нужедахун гIажаибаб рокьукълъиги буго, дида кидаго жиб бихьичIеб. Нуж гьаб бакIалдаса рагъарилелде гьезул чуял гьадаб гохIда нахъасан раккилин ккола дида» - абун.

Мушриказда гьаб жо рагIидал гьезул тату хвана, бахIарчилъиги тIагIана. Абусуфяница бусурбаби жидеда хадур лъугьичIого рукIине хIила ургъана. Мадинаялдехун унеб

къапилаялъул гӀадамазда абуна: «Нужеца Мухаммадида абе Мушрикал нужеда тӀаде кӀанцӀизе хӀадурун ругин, нуж гьездаса хӀинкъа» - абун. Цинги гьес хехлъи гьабуна Маккаялдехун къокъизе.

Бусурбабазе гьаб хӀинкъи кьеялъ щибго асар гьабичӀо, жегиги гьезул иман цӀикӀкӀана ва гьез абуна: «Нижее Аллагь гӀезе вуго, гьев жинда таваккал тӀамизе лъикӀавги вуго» - абун. Гьел ХӀамраул асад абулеб бакӀалда жеги лъабго къоялъ чӀана, цинги тӀаде руссун Мадинаялде ана. Гьезул хӀакъалъулъ ТӀадегӀанав Аллагьас абуна:

**Цинги жал рагъде арал ва Аллагьасул цӀобалдалъун рагъ гьабизе ккечӀого нахъруссарал, жегиги нухда даран данде ккун тӀокӀлъиги щварал. Жидеда щибго квешаб жоги щвечӀел, гьез тӀалаб гьабураб Аллагь разилъи щварал. ХӀакълъунго тӀадегӀанав Аллагь ﷻ цӀобал гӀатӀидав, хиралъи, тӀокӀлъи гӀемерав вуго. – абун.**

Сурату АлгӀимран, I74 аят.

## أحـداث وغـزوات

### УхӀудалдаса хадур ккарал лъугьабахъинал ва гъазаватал

УхӀудалда ккараб иш сабаблъун бусурбабазул хӀакъалъулъ букӀараб биценалъе квешаб асар лъугьана. Тушбабазда рухӀ лъурабгӀадин лъугьана, гьез бусурбабаздаса хӀинкъичӀого цо-цо ишал гьаруна, жидер хӀасил бусурбабазе лъикӀл рукӀинчӀел. Нилъеца гьанир кӀвар бугел лъугьа-бахъинал рицун дагьалго мисалал рачина.

## حادث الرجيع

### Ар-РажигӀ абураб бакӀалда ккараб иш

ГӀазлу ва Къарат абулеб бакӀалдаса гӀадамал рачӀана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасухъе ва гьесде бицана жидер бакӀалда ислам бугин ва аварагасдаса тӀалаб гьабуна жидехъе дин малъулел ва Къуръан цӀалулел гӀадамал ритӀеян. Расулуллагьас гьезухъе анцӀго чи витӀана, гьезул

амирлъун ГІасим бину Сабитги гьавуна. Ар-РажигІ абураб бакІалде щведал гьезие хиянат гьабуна. АхІи бан Гьузайлиязул БанулихІян абулел мушрикал ахІана. Гьезул нусго гІадав чІор реххулев чи вачІана. Бусурбаби цо борхатаб бакІалда рукІана ва гьел сверунги ккун мушриказ абуна нуж гІодор рещтІани нижеца чІвачІого телин абун. ГІасим бину Сабит гІодов рещтІичІо ва гьалмагъзабигун цадахъ вагъана. Гьезул анкьго чи чІвараб мехалъ капурзабаз гьанжеги абуна нуж гІодор рачІани чІвазе гьечІин абун.

Гьел гІодор рещтІана ва гьанжеги хиянат гьабун гьел квараз рухьана. Гьезул цояс абуна: «Гьаб тІоцебесеб хиянат буго» - абун, ва гьелгун цадахъ вилълъинчІо. Капурзабаз гьевги чІвана. Нахъе хутІарав кІиго чиги вачун гьел Маккаялде ана. Гьев кІиявгоги Хубаб бину ГІадий ва Зайд бину ад-Дасанат вуго, жидеда Аллагь разилъаял. Капурзабаз гьев кІиявго Маккаялъул мушриказе вичана.

Хубабица Бадруялда рагъ бугеб къоялъ аль-ХІарис бину ГІамир чІван вукІана. Гьев вичун восана гьесул ясалъ, яги вацас. Жидеца гьев дагьаб мехалъ жанив тІамун вукІана, цинги гьевги вачун ТангІималде гьев чІвазе ана. Жинда Аллагь разилъаяв Хубабица кІиго ракагІат как бана, цинги мушриказе квешаб дугІаги гьабуна. Цинги гьес шигІру рикІкІана. Гьеб шигІруялда жанир гьал рагІабиги рукІана:

*«Дица кІвар гьабиларо дун бусурманавлъун чІвараб мехалъ, Аллагьасул диналъе гІоло дун киссинаб хьибилалда гІодов кканиги.*

*Гьаб хвелги Аллагьасе гІоло буго, гьесие бокьани турун тІутІурал рацІцІабаздаги баракат лъела»* - *абун.*

Хубабида Абусуфяница абуна: «Дуе бокьинищ МухІаммад нижехъ вукІине, нижеца гьесул габурги къотІизе, мун дурго агьлуялда аскІов вукІине» - абун. Хубабица абуна: «Валлагьи, дие бокьиларо дун дир агьлугун вукІине, МухІаммадиеги живго вугеб бакІалда вукІун цо заз къан гьелъ зарал гьабизе» - абун. Цинги гьев ГІукъбат бину аль-ХІарис бину ГІамрица жиндир инсудаса къисас босун чІвана.

Зайд бину ад-Дасанатицаги Бадруялъул къоялъ Умаят бину МихIрас чIван вукIана. Гьев вичун восана гьесул вас Сафван бину Умаятица ва жиндир инсудаса къисас босун чIвана. Доб цебе рехсараб Абусуфянил рагIи ва гьесие Хубабица кьураб жаваб Зайдида гIунтIизабунги бицана, ай, гьесул рагIи бугин абуна.

Къурайшияз чи витIана ГIасим бину Сабитил черхалдаса къотIун цо лага босун вачIаян. ТIадегIанав Аллагьас гьесда тIад накIкI гIадин наял риччана ва гьев цIунана мушриказдаса. ГIасимица чIаго вуеб мехалъ Аллагьасе къотIи гьабун букIана жинда мушрик хъатIиларин, мушрикасда живги хъатIиларин абун. Аллагьас гьев цIунана хун хадувги жинда мушрик хъатIиялдаса.

## مأساة بئر معونة

### Биърул магIунаталда ккараб балагьаб иш

Ар-РажигI абураб бакIалда къварилъи ккун гIемерал къоялго инчIого, гьелдаса гIемерго кIудияб къварилъи ккана. Гьелъул къокъаб хIасил буго:

Абубараъ ГIамру бину Малик абулев чи, жинда «асинатгун (копье) васандулев» - абун цIар бугев, Мадинаялде Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасухъе вачIана. Аварагас гьев ислам босиялде ахIана. Гьес ислам босичIо, гьелдехун инкарги гьабичIо. Гьес абуна жиндир хьул бугин наждалъул агьлуялъухъе гьел диналдае ахIулел чагIи ритIани гьез ислам босилин, дица гьезие божилъи гьабилинги абуна. Ай, дун гъоркь чIарав вуго дуца ритIарал асхIабзхабазе зарал гьабизе теларин абун.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Аллагьасул диналде ахIизе наждалъул гIадамазухъе лъабкъоялда анцIго Къуръан цIалулев асхIаб витIана. Гьел рещтIана Биърул МагIунат абулеб бакIалда. Жинда Аллагь разилъаяв ХIарам Бину МалхIам, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул кагъатги босун, Аллагьасул тушман ГIамир бину атI-

ТІупайлихъе ана. Гьев кагъаталда тІадецин валагьичІо, цоясде амру гьабун гьес ХІарамида нахъасан хеч къазабуна, цебесахун къватІибе баккинегІан. ХІарамица абуна; «Аллагьу акбар, дун КагІбаялъул бетІергьанасдалъун гьедула, дир алжаналда квершел батана» - абун.

Цинги Аллагьасул тушман ГІамирица БанугІамирияздa амру гьабуна бусурбабазда рагъизе рахъаян, амма гьез жаваб гьабичІо, Абубараица бусурбаби цІунизе къотІи гьабун букІиндал. Цинги гьес Банусалимазде амру гьабуна ва гьезул цо тухумал мутІигІлъун рагъизе къватІире рахъана. Гьел РагІил, Закван ва ГІусаят тухумал руго. Гьез бусурбаби сверун ккуна ва гьел киналго чІвана, КагІбу бину Зайд ва ГІамру бину Умаят хутІинегІан. КагІбу бину Зайд лъукъун вукІана ва гьев чІваразда гьоркьов вегун чІана, тушбабаздаги гьев чІван вугин ракІалде ккана. Гьенисан балъго нахъе вачІун гьев чІаго вукІана хандакъалъул гІазаваталда жив чІвазегІан.

Жидеда Аллагь разилъаял ГІамру бину Умаят Аль-Мунзир бину ГІукъбатгун цадахъ бусурбабазул боцІи хьихьун рукІана. Гьезда бусурбаби чІвараб бакІалда тІад хІанчІи сверулел рихьана ва гьениб цо иш ккараблъи лъана. Аль-Мунзир гьеб бакІалде ана ва жив чІвазегІан вагъана.

ГІамру бину Умаят асирлъун ккана. ГІамир бину атІ-ТІупайлида бицана гьав ГІамру музариязул чи вугин абун. ГІамирица гьесул бетІералдаса рас къотІана ва гьев жиндир эбелалъ тархъизе кколев вукІарав лагъ хІисабалда тархъун нахъе виччана. Цинги ГІамру бину Умаят Мадинаялде ана. Нухда унаго Къаркъарат абулеб бакІалде щведал гьесда кІиго чи ватана ва гьел тушбабазул чагІи ругин ккун ГІамирица чІвана. Гьев кІиявго вукІана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьгун къотІуда ругездаса. Мадинаялде щведал ГІамирица аварагасда дагІваталъе ритІарал бусурбаби чІвай бицана, жинца гьабураб жоги бицана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: «Дуца кІиго чи чІван вуго дица жидедаса дият кьезе колел, дица гьеб кьезе буго» - абун.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь цІакъ пашманлъана ар-РажигІ ва Биърул магІунаталда ккараб ишалъе

гIоло. Гьеб кIиябго къварилъи ккана гьижрияб ункъабилеб соналъул Сапар моцIалда жиниб. Гьаб кIиябго къварилъиялъул хабар аварагасухъе цохIо сордоялъ щванинги абула. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьал тушбабазе лъеберго къялъ рогьалил какилъ квешаб дугIа гьабуна, ТIадегIанав Аллагьас гьел шагьидзабазул хIакъалъулъ абизегIан:

**«Нужеца нижер къавмалде хабар щвезабе ниж БетIергьанасда данде чIванин, Гьев нижедасаги разилъанин, ниж Гьесдасаги разилъанин абун».** Цинги аварагас къанут *(дугIа гьаби)* цIали тана.

## غزوة بنى النضير

### Банун-Назириязде гьабураб гъазават

ГIазлу ва Къарат тухумаз, ва Биърул магIунаталда ургъаралдасаги квешаб хIила ургъана Банун-Назирилаз. Гьез Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасдаса тIалаб гьабуна жалгун цадахъ цо бакIалда данделъеян, жидее Къуръан цIализе, ислам щиб жо бугеб бицине ва жидеца гьесулгун бахIс гьабизе. Аварагас гьел мукIур гьаруни гьесда иман лъелинги абуна. Гьеб иш гьабизе къотIи гьабуна. Банун-Назирилаз жидедаго гьоркьоб хIукму гьабуна гьезул щивав чи ретIелалда гъоркь ханжарги борчун вачIине, цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь тохлъукьего, хIилла гьабун чIвазе. Гьаб хабар аварагасде щвана ва гьес хIукму гьабуна Банун-Назирилал Мадинаялдаса къватIире къотIизе.

Цоги биценалда буго ГIамру бину Умаят Мадинаялде вачIиндал ва гьес аварагасда Банукилабазул кIиго чи чIвайги бицидал, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь асхIабзабазул къокъагун цадахъ Банун-Назирилазухъе ана гьев кIиго чиясул дият кьезе кумек гьабеян абизе. Аварагасдаги гьездаги гьоркьоб гьедин кумек гьабизе къотIиги букIана. Банун-Назирилаз «Гьабизе буго, я Абулкъасим, мун гьанив гIодов чIа нижеца дур хIажат тIубазегIан» - абуна. Авараг гьел рачIиналда валагьун цо къедалъул хьибилалда гIодов чIана.

Банун-Назирилал цоцаде шуршудана, гьезда тІаде щайтІанги бергьана. Жидеца абуна: «Лъица босилеб гьаб кІудияб гамачІ, къедалде тІадеги вахун аварагасул бетІералда гьеб реххизе?» - абун. Гьезул бищунго къосарав ГІамру бину ЖахІаш абулев чи ана гьеб иш гьабизеян. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда Жабраил рещтІана ва гьес Банун-Назирилаз ургъараб жо бицана. Авараг хехго тІаде вахъун Мадинаялдехун ана, гьесда хадур асхІабзабиги ана. Аварагас асхІабзабазда бицана Банун-Назирилаз ургъараб жо ва гьес Банун-Назирилал Мадинаялдаса къватІире къотІизе хІукму гьабуна.

Цинги аварагас гьезухъе МухІаммад бину Масламат витІана, гьезда абизе: «Нуж Мадинаялдаса къватІире рахъа, дунгун цадахъ нуж гьанирги чІоге. Дица нужее анцІго къо кьолеб буго. Гьелдаса хадуб Мадинаялда ватарав чиясул габур къотІизе буго» - абун. Банун-Назирилал цо чанго къоялъ гочун ине хІадурулел рукІана. Гьезухъе мунапикъзабазул бетІер ГІабдуллагь бину Убаюца чи витІана гочугеян абизе. гьес абуна: «Дунгун цадахъ кІиазарго чи вуго нужгун цадахъ хъалаялда жанир лъугьун рагъизе ва нуж цІунун хвезе. Нужее Къурайзатаз ва ГъатІфаназ кумек гьабизе буго» - ян абун.

ТІадегІанав Аллагьас гьазул хІакъалъулъ абуна: **Дуда бихьуларищ, МухІаммад, мунапикъзабаз китабияб агьлуялъул капурлъарал жидер ваццазда абулеб: «Нуж къватІире рахъизаруни нижги нужгун цадахъ рахъизе руго. Нужее зарал гьабизе ниж цониги чиясе киданиги мутІигІлъизеги гьечІо. Нужеда рагъ гьабуни нижеца нужее кумекги гьабизе буго» - абун.** Сурату аль-ХІашри, II аят.

Цинги Банун-Назирилазда рухІ лъуна, жидер къуват бугинги ккана. Гьез Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда абуна: «Ниж къватІире рахъизе гьечІо, дуца дуего бокьараб жо гьабе» - абун.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Аллагьу акбар абуна, асхІабзабазги Аллагьу акбар абуна. Мадинаялда тІад амирлъун ибну Умумактум тана, ГІали асхІабасухъ байрахъги кьуна ва гьел Банун-Назирилазде тІаде ана ва гьел сверун ккуна. Гьел жидерго хъулбузде жанир кІанцІана, бусурбабазда чІорал ва ганчІалги речІчІана.

Банун-Назирилазул чамасдакил гъутIби ва цогидал ахал рукIана гьезие кумекалъе. Аварагас амру гьабун асхIабзабаз гьел къотIун гIодоре рана ва цIа гъун рухIана. Цинги гьезул къуват хвана, Аллагьас гьезул рекIелъ хIинкъиги реххана. Сверун ккун анлъго къо индал, цоги рагIиялда буго анцIила щуго къо индал, гьел Мадинаялдаса къватIире ине мутIигIлъун кодоре рачIана. Гьезие Къуразатилаз кумек гьабичIо, гьезие мунапикъзабазул бетIерас ва гьевгун цадахъ рукIараз хиянатги гьабуна. ЩайтIаналъул мисал буго гьев ГIабдуллагь бину Убайил: жинца инсанасда капурлъеян абулеб, гьев капурлъараб мехалъ: «Гьанже дун дудаса бацIцIадаб буго» - ян абулеб.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Банун-Назирилазе изну кьуна къай-матахIалъул ва боцIиялъул жидее бокьараб жо нахъе босизе, цохIо ярагъ хутIинегIан. Гьез кIвараб жо нахъе босана, рукъаздаса рахъун нуцIби-гордалгицин росана, рукъалъул рахал ва хIубалги росана. Гьезул церехъаби ва гIемерисел гIадамал Хайбаралда рещтIана, цо къокъа Шамалдаги рещтIана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьезул росаби ва ракь тIоцересел мугьажиразда гьоркьоб бикьана. Жал пакъирал рукIиналъе гIоло ансариязул Абудужанатие ва Сагьлу бину ХIунайфиеги кьуна. Аварагас гьеб магIишаталдаса жиндир хъизаналъе лъагIалие гIолеб напакъаги кьолеб букIана. Нахъе хутIараб жо Аллагьасул нухалда ярагъ ва чуял росизе толеб букIана. Банун-Назирилазул кIикъоялда анцIго къолден, кIикъоялда анцIго байзат *(шлем)* ва лъабнусиялда кIикъого хвалченги батана.

## غزوة بدر الموعد

### къотIи гьабун букIараб хIалалъ Бадруялда гъазават гьаби

Нилъеца цебе рехсон букIана Абусуфяница УхIудалда вукIадго бачIунеб соналъ Бадруялда рагъ букIине бугилан къотIи гьаби. Гьижрияб ункъабилеб соналъул ШагIбан моцI баккидал, къотIи гьабун букIараб хIалалъ Аллагьасул свалат-

салам лъеяв расулуллагь Бадруялде вахъана. Гьенив Абусуфян вачIиналда валагьун микьго къоялъ чIана. Гьевгун цадахъ азаралда щунусго рагъухъанги вукIана, анцIго чуги букIана. Рагъул байрахъ жинда Аллагь разилъаяв ГIалихъе кьуна, Мадинаялда тIад амирлъун ГIабдуллагь бину РавахIатги тана.

Аусуфян къватIиве вахъана кIиазарго рагъухъанги вачун, кIикъоялда анцIго чуги бачун. Гьев Марузагьран абулеб бакIалде щвезегIан вачIун, мажинат абун жиб машгьураб лъим бугеб бакIалда рещтIана. Жив къватIив вахъаралдасаго Абусуфян цо хIинкъиялъулъ вукIана ва гьес жиндир гьалмагъзабазде абуна: «Нужее лъикIаб гьечIо хур-хер гIемераб сон гурони, жиндилъ боцIиги лъикI хьихьулеб рахьги гIемер гьекъолеб. Гьаб буго бакъвараб сон. Дун нахъе вуссунев вуго, нужги нахъе русса» - абун. Цинги гьел нахъе руссана ва кинабгIаги рагъги гьабичIо.

Бусурбабаз цадахъ босун букIараб къай-матахI бичун Бадруялда чIун ругел къояз даран гьабуна, гьезие цо диргьамалъухъ кIиго диргьам хайир лъугьана, цинги гьел нахъе руссана, жидедаса киналго тушбаби хIинкъун ругеб хIалалъ. Кинабго рахъалъан божилъиги букIана. Гьедин цо соналдаса цIикIкIун заман ана тушманас щибго вагъа-вачари гьабичIого. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьеб заманалдаса мунпагIат босун рикIкIадал гIорхъабиги божи бугеб хIалалъ гьаруна. Гьижрияб тарихалъул щуабилеб соналъул РабигIулавал моцIалъ Думатулжундал абулеб бакIалда гъачагълъи гьабулел рукIаразе гIадлу гьабизецин ирга щвана. Гьадин кинабго рахъалде божилъи ва рагъ гьечIолъи тIобитIун букIана.

## غزوة الأحزاب

### АхIзабазул (къакъабазул), яги хандакъалъул гъазават

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь ва бусурбаби дин тIибитIизабиялде ва жидер хIал лъикI гьабиялде регIун рукIана, аварагас гьарурал гIакъилал тадбираздалъун гIодор риччай ва парахатлъи бугеб заманалъ. Банун-Назирилазде гъазават гьабун

хадуб, цо сонги бащадабги гIадаб заманалъ жиб рехсезегIадаб лъугьа-бахъинго ккечIо. Кинниги, ягьудиял жидеда ГIиса аварагас Борхьазул лъимал борхьалин абурал, бусурбабиги рахIаталда рукIун гьезие макьу щолеб букIинчIо. Хайбаралда жал рещтIун ва гьенир парахалъун хадуб, гьез бай бихьана бусурбабазе щибдай гьабила абун балъгоял данделъаби гьаризе. Гьезда кIвана Мадинаялъул агьлуялде данде гIарабиязул батIи-батIиял тухумазул кIудияб бо бакIаризе.

Сират бицунел гIалимзабаз абулеб буго, ягьудиязул церехъабазул къого чи вачIанин къурайшиязухъе жидеца гьел Мадинаялъул агьлуялде рагъ гьабиялде гьесизаризе ва гьезие кумек гьабизе къотIиги гьабунин. Къурайшиязги гьезие жаваб кьуна. Цинги гьел ГъатIфаназухъе ана, гьезги жаваб кьуна. Гьедин ягьудиязул церехъаби цогидалги гIарабиязул къокъабазде хьвадана ва гьезул цо-цоязги жаваб кьуна. Цинги гьез мухIканаб тадбир гьабуна ва гьел киналго къокъаби цохIо заманалъ Мадинаялде сверухъе щолеб хIал гьабуна.

## <u>الشورى وحفر الخندق</u>

### Бусурбабаз цоцоде мушавара гьаби ва хандакъ бухъи

Мадинаялде хабар щвана гьел боял данделъулел рукIиналъул ва гьел Мадинаялдехун рачIунел рукIиналъул. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас бусурбабазулгун мушавара гьабуна ва жинда Аллагь разилъаяв парисияв Салманица ишара гьабуна Мадинаялда сверухъ хандакъ бухъун лъикIилан. Гьеб пикру цогидазги лъикIаблъун рикIкIана ва киналго гьелда рекъана.

Мадина шагьаралда сверухъ, бакъ баккудаса, бакъ тIерхьудаса ва жанубияб *(югалъул)* рахъалъан *ч*IегIерал ганчIазул майданал ва гохIал рукIиндал, тушманасе рес букIинчIо гьенив шималияб (север) рахъалъан вачIине гурони. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас бакъ баккул ва бакъ тIерхьул рахъалде бугеб кIиябго ганчIазул майданалда гьоркьоб бищунго къокъаб манзил бугеб бакI балагьана, гьебги

цо мил гIадаб манзил букIана. Гьениб хандакъги бухъун, гьеб кIиябго майдан цоцаде цураб гIадин гьабуна. Гьеб хандакъ бакъ тIерхьул рахъалъ СалгI абулеб мегIералдаса бай бихьун букIана, бакъ баккул рахъалда аш-Шайхайни абулеб бакIалда ругел ганчIазул гохIазде цун букIана.

Щивав анцIго чиясда тIад къан букIана кIикъого натIалъул халалъи бугеб бакI бухъине. Гьелгун цадахъ хандакъ бухъиналъулъ ва ракь къватIибе баялъулъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасги гIахьаллъи гьабуна. Расулуллагьас ва асхIбзабаз *(хIалтIуде ракI гьесизабун)* цоцазе шигIруялъул байталги рикIкIунел рукIана.

Гьеб хандакъ бухъулеб мехалъ бусурбабаз чанго къварилъи хIехьезе ккана. Хасго захIмат букIана ракъиялъул ва квачалъул къварилъи. Щибаб къоялъ цо цо чиясе цо хъатиниб бараб пурчIина кьолеб букIана. Жиндаса квешаб махI бугеб нахуллъигун цадахъ гьеб кваналеб букIана, хIал гьабун гуро къулчIун беххеги унеб букIинчIо. Цо нухалъ асхIабзабаз Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасде ракъун рукIиналъул гIарз бахъана ва жидер чехьалда бухьун бугеб гамачIги бихьизабуна. Цинги аварагас гьезда жиндир чехьалда бухьун бугеб кIиго гамачI бихьизабуна.

Гьеб хандакъ бухъулеб мехалъ цо-цо гIаламаталги лъугьана. жинда Аллагь разилъаяв Жабирида бихьана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь цIакъ вакъун вукIин. Гьес жиндир цо хIайван хъуна, гьесул чIужуялъ цо сахI пурчIинаги хенана. Цинги балъгого аварагги асхIабзабазул цо къокъаги квеналде ахIана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас хандакъалда рукIарал киналго цадахъ рачана, гьел азарго чи вукIана. Цингиги хьаг гьанал цIун букIана, чедги бежулеб букIана.

Жинда Аллагь разилъаяв ан-НугIман ибну Баширил яц ана жиндир инсуе ва эбелалъул вацасе цо хъатинир чамасдакалги росун. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьел чамасдакал цо ретIелалда тIаде реххана, цинги хандакъалъул агьлу ахIана. Гьел киназго гIорцIинегIн чамасдак кванана, цингиги чамасдакал ретIелалда тIасан гIодоре гъунел рукIана.

Жинда Аллагь разилъаяв Жабирие ва гьесул гьалмагъзабазе цIакъго къвакIараб ракь бугеб бакI батана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь хандакъалда жаниве рещтIана ва гьеб ракьалда газа кьабуна ва гьеб хъурун, сали гIадин гьарщун ана.

Жинда Аллагь разилъаяв Бараие ва гьесул гьалмагъзабазе кьуру баккана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас хандакъалда жаниве рещтIун Бисмиллагь абуна, цинги газа кьабун цо къотIел бекизабуна, гьелдаса нургIадаб гвангъиги баккана. Аварагас абуна: «Аллагьу акбар, дие Шамалъул кIулал кьуна. Дун гьабсагIат гьелъул багIаркьерал кIалгIабазде валагьун вуго» - абун. Цинги кIиабизе газа кьабуна ва Парис улка рагьизе букIиналъул роххел бицана, лъабабизе кьабидал аль-Яман рагьиналъул роххел бицана, гьеб кьуруги бек-бекун ана.

<u>**بين طرفى الخندق**</u>

**Хандакъалъул кIиябго рахъалда гьоркьоб**

Къурайшиял ва гьелгун цадахъ ругел Мадинаялде рачIана ункъазарго рагъухъанги вачун. Гьезухъ лъабнусго чуги азарго вараниги букIана. Гьезие бетIерлъи Абусуфяница гьабулеб букIана. Гьезул байрахъулавги ГIусман бину ТIалхIат аль-ГIабдари вукIана. Гьел рещтIана аль-Асял абулеб бакIалда. Цинги ГъатIфаналги, гьелгун цадахъ ругел Наждалъул агьлуялъул анлъазарго чи вугеб бо бачIана. гьел рещтIана УхIудалъул рахъалде бугеб Накъама абулеб мегIералда аскIор бугеб кIкIалахъ. Гьаб кIудияб гIаскар Мадинаялъул сверухълъиялде бачIин цIакъ кIудияб балагь ва хIинкъи бугеб иш букIана. Гьелъул хIакъалъулъ ТIадегIанав Аллагьас абуна:

**Гьел капурзабазул гIаскарал нужеде тIаде рачIараб мехалъ Мадинаялъул тIасияб рахъалдаса:** гьениса рачIунел рукIана бануасад ва банугъатIфан абулеб кьибилалъул гIарабиял **Мадинаялъул гъоркьияб рахъалдасаги рачIараб мехалъ:** гьениса рачIунел рукIана къурайшиязул боял, кинанатилал ва батIи-батIиял гIарабиязул къукъабиги. Гьелгун цадахъ банукъурайзатал абулел ягьудиялги рукIана, жидеца аварагасе гьабураб къотIиги хвезабун, капурзабазе квербакъи гьабизе журарал. Гьеб хIалалда ругеб мехалъ муъминзаби цIакъ хIинкъун рукIана.

Гьезул хIал бицун тIадегIанав Аллагьас абулеб буго: **«ХIинкъун гьезул бералги рахъ-рахъалде руссараб мехалъ, ракIалги щокърораре рахун ругоян кколеб хIалги лъугьиндалго. Гьеб хIалалда рукIадго нужер ракIазда батIи-батIиял пикрабиги хIалтIулел рукIана».** Муъминзабазе бокьун букIана хеккого Аллагьасул ﷺ квербакъи ва жидее къотIи гьабураб бергьенлъиги щвезе.

**Аллагьас муъминзабазул цIакъаб хIалбихьи гьабуна гьеб гъазаваталда ва гьел цIакъ хIинкъизарун кIорокIизеги гьаруна.** Гьелдалъун Аллагьас ﷺ иман камилал муъминзабиги, иман загIипал гIадамалги, мунапикъзабиги ратIа рахъун лъазаруна ва гьел загьир гьаруна. Сурату аль-АхIзаби, 9-I0 аят.

Амма ТIадегIанав Аллагьас муъминзаби къвакIун чIезаруна, гьелъул хIакъалъулъ жинцаги абуна:

**Жидер иман камилал муъминзабазда Мадинаялде сверун лъугьарал капурзабазул гIаскарал рихьараб мехалъ, гьел хIинкъичIо ва гьез абуна: «Гьаб буго нижее Аллагьасги ﷺ гьесул расуласги къотIи гьабураб жо. Ва гьев Аллагьги гьесул расулги ﷺ жидеца гьабураб къотIиялъулъ ритIухьал руго» - абун.**

Аллагьас нижер хIалбихьи гьабизе буго хIинкъизарун, къварилъи тIад биччан, ракъи-къечалдалъунги. Гьеб хIал бихьиялда хадуб Аллагьас нижее квербакъиги гьабизе буго**. Гьел муъминзабазул жегиги иман цIикIкIана ва Аллагьасдеги гьесул расуласдеги мутIигIлъиги цIикIкIана.**

Мунапикъзабаз ва жидер рекIелъ унти бугез *(иман загIипал гIадамаз)* абуна: **«Нижее Аллагьасги гьесул расуласги къотIи гьабураб жо ниж гукки гуреб гьечо»** - абун. Сурату аль-АхIзаби, 22-23 аят.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Мадинаялда тIад амирлъун ибну Умумакум тана, руччаби-лъималги шагьаралъул щулалъабазда жанире лъугьизаруна. Цинги жив вахъана лъабазарго рагъухъанги вачун ва жидер мугъаб рахъ ас-СалгI абулеб мегIералдехун гьабуна, хандакъги жидедаги тушманасдаги гьоркьоб ккезабуна.

Мушрикал жал рещтIараб бакIалда парахатлъидал, рагъуеги хIадурлъидал, гьел Мадинаялдехун рачIана. Бусурбабазде гIагарлъидал гьездаги жидедаги гьоркьоб гIебаб хандакъ батана ва гьел хIинкъана. Абусуфяница абуна: «Гьаб жо хIила буго, гIарабиязда жиб лъалеб букIинчIеб» - абун. Цинги гьел ццин бахъун, гьабизе жо лъаларого хандакъалда сверун сверизе

лъугьана. Гьез балагьулеб букIана хандакъ бахун дорехун рахизе бакI щвелародаян абун. Бусурбабаз гьезда чIоралги речIулел рукIана, хандакъалде гIагарлъичIого рукIине, яги гьениб жаниб ракь бан, яги тIаде кьо лъун нух гьабичIого букIине.

Мушриказе Мадина сверун ккун чIани гурони цоги жо гьабизе рес букIинчIо. Амма, къватIире рахъунеб мехалъ гьезда хандакъалъул хабар лъалеб букIинчIелъул, гьел гьеб ишалъеги хIадурун рукIичIо. Гьел къад къватIире рахъун хандакъ бахизе рес гьечIодаян свердулаан, амма кирго чIун бусурбрбаз гьезда ганчIал, чIорал речIун рагъ гьабулаан. ТIубараб къоялъго мушриказ яхI бахъулеб букIана хандакъ бахизе, бусурбабиги кидаго цIодор рукIине кколаан, хIатта гьезул ва Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул бакъанил какил заман ана ва гьезда гьеб базе кIвечIо бакъ тIерхьун хадуб гурони. Гьеб заманалъ жеги хIинкъи бугеб мехалъ балеб какил бицун аятги рещтIун букIинчIо.

Цо къоялъ мушрикъазул чода рекIараб къокъа къватIибе бахъана, хандакъалъул къваридаб бакI балагьун гьенисан бусурбаби ругеб рахъалде рахине къасдги гьабун. Гьезда гьоркьов ГIамру бину ГIабдувуд, ГIикримат бину Абужагьли, Зарар бину аль-ХатIаб ва цогидалги рукIана. Гьез цо къваридаб бакIалдаса хандакъ бахана ва СалгI мегIералде ва хандакъалде гьоркьоб бугеб майданалде рачIун, гьенир свердана. Гьеб бакIалде хекого Бусурбабазул рахъалълъан жинда Алагь разилъаяв ГIали асхIаб ва асхIабзабазул цо къокъа бачIана. Гьел мушриказ хандакъ бахараб бакIалда чIана ва гьел хандакъалдаги мушриказдаги гьоркьор ккана.

Цинги ГIамру бину ГIабдувудица къец гьабиялде ахIана. Гьев цIакъ вагъулев, нахъе къай гьечIев чи вукIана. Гьесде данде вахъун ГIали асхIабас цо рагIи абуна. ГIамрул цIакъ ццим бахъана ва гьев чодаса гъоркьги рещтIун ГIалиде тIаде ана. КIиявго цоцаде вагъана ва ГIалица гьев чIвана. Цогидал цIакъ хIинкъун лъутун ана, ГIикриматица жиндир румхIги *(копье)* гIодобе рехху тана. Хандакъалде жанив вортарав Навфал бину ГIабдуллагьги бусурбабаз чIвана.

Гьениб цоцаде чIорал речIун мушриказул анцIго чи чIвана, бусурбабазул анлъго чиги чIвана. Жинда Аллагь разилъаяв СагIду бину МугIазида чIор щун гьелъ СагIдул бидурихь тIезабуна. СагIдуца Аллагьасде гьарун дугIа гьабуна ва жинца абуна: «Жегиги къурайшиязулгун рагъ букIине батани дун чIаго те, Аллагь. Рагъ букIине батичIони гьаб ругъуналдалъун дунги хвезаве» - абун. Цогиги гьес жиндир дугIаялъулъ абуна: «Къурайзатаздаса бергьун дир ракI боххун гурони дуца дун хвезавуга Аллагь» - абун.

## غدر بنى قريظة وأثره على سير الغزوة

### Бану къурайзатаз гьабураб хиянат ва хандакъалъул гъазаваталъе гьелъ гьабураб асар

Цебе бицараб хIалалъ Банукъурайзатал Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасулгун цоцазе зарал гьабичIого букIине къотIиялда рукIана. Гьаб хандакъалъул гъазават бугеб мехалъ Банун-Назирилазул сайид ХIуяй бину АхтIаб вачIана Банукъурайзатазул сайид КагIбу бину Асадихъе ва гьесда хиянат гьаби берцин бихьизабуна. Гьес КагIбу гьесизавуна аварагасулгун бугеб къотIи биххизабиялде ва гьес къотIиги биххана. Цинги КагIбу къурайшиязул ва мушриказул рахъалда чIана. Банукъурайзатилал Мадинаялъул югалъул рахъалда рукIана, бусурбаби Мадинаялъул севералъул рахъалда рукIана. Банукъурайзатилаздаса бусурбабазул руччаби ва лъимал цIунизе гьездаги гьел руччаби-лъималаздаги гьоркьоб щибго жо букIинчIо ва гьез зарал гьабиялда кIудияб хIинкъиги букIана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда гьаб хиянат гьабиялъул хабар щведалго гьес кIинусго чиги вачун Масламат бину Аслам ва лъабнусго чиги вачун Зайд бину ХIарисата витIана руччаби-лъимал цIунизе. Цинги СагIду бину МугIаз ва СагIду бину ГIубадат ансаразул цо гIадамалги рачун ритIана гIадамазда гьоркьоб щиб хабар бугеб лъазабизе. Гьезда ягьудиял ратана цIакъ хъубаб хIалалда. Гьез загьирго аварагасда ва бусурбабазда рогьо балеб ва тушманлъи

лъазабулеб букIана. Гьез абуна: «Щив чи вугев расулуллагь? нижедаги МухIаммадидаги гьоркьоб кинабгIаги къотIи-къай гьечIо» - абун.

Гьел Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасухъе тIад руссун рачIана ва гьез абуна: «Къурайзатаз хиянат гьабулеб буго, ГIазлу ва Къарат тухумаз гьабураб гIадин» - абун.

Бусурбабазда лъугьараб жо бичIчIана ва гьезул хIинкъиги цIикIкIана, ТIадегIанав Аллагьас абураб хIалалъ:

**ХIинкъун гьезул бералги рахъ-рахъалде руссараб мехалъ, ракIалги щокъроре рахун ругоян кколеб хIалги лъугьидалго. Гьеб хIалалда рукIадго нужер ракIазда батIи-батIиял пикрабиги хIалтIулел рукIана.** Муъминзабазе бокьун букIана хеккого Аллагьасул ﷺ квербакъи ва жидее къотIи гьабураб бергьенлъиги щвезе.

Мунапикъзабазул ракIалде кколеб букIана гьанже киналго муъминзаби тIагIизарилин ва жидее эркенлъи щвелин абун. Загьиралда мунапикъзабаз абулеб баукIана нилъее аварагас гьересияб къотIи гьабун бугин, нилъ бергьине ресги гьечIин абун, гьеб рагIиялдалъун муъминзаби загIип гьаризе ва гьезул рекIелъ васвас реххизе.

**Аллагьас муъминзабазул цIакъаб хIалбихьи гьабуна гьеб гъазаваталда ва гьел цIакъ хIинкъизарун кIорокIизеги гьаруна.** Гьелдалъун Аллагьас ﷺ иман камилал муъминзабиги, иман загIипал гIадамалги, мунапикъзабиги ратIа рахъун лъазаруна ва гьел загьир гьабуна. Сурату аль-АхIзаби, I0-II аят

Мунафикълъиги гьениб загьирлъана. Гьезул цояз абуна: «МухIаммадица нилъее къотIи гьабулеб букIана нилъеца Кисралги Къайсарилги хазинаби кванaзе ругин. Нилъир цонигиясе кIолеб гьечIо жиндир хIажат тIубазе инеги» - абун. Цогидаз абуна: «Я Ясрибалъул агьлу, нужеда мушриказда данде чIезе кIоларо, нуж нахъе русса» - абун. Цоги къокъаялъ рагъдаса лъутизе къасд гьабуна. Гьез Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда рокъоре ине изну гьарана: «Нижер рукъзал цIунизе чи гьечIого руго» - абун. Амма иш гьедин букIичIо.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасе хиянат гьабиялъул хвбар цIакъ захIмалъана, гьев жиндир ретIелалда гьоркьов жемун вегана ва лъикIаланго мехалъ гьедин чIана. Цинги тIаде вахъана ва гьес абуна: «Аллагьу акбар!

Бусурбабазда роххел бице бергьенлъи ва квер бакъи щвеялдалъун» - абун.

Аварагас къасд гьабуна ГӀуяйнат бину ХӀиснин абулев чиясухъ гӀадамал ритӀизе, гьесулгун маслихӀат гьабизе Мадинаялъул пихъалдаса лъабил бутӀа гьесие кьезелъун, гьевги ГъатӀафаналги рачун нахъе ине. Ансаразул кӀудиял СагӀду бину МугӀаз ва СагӀду бину ГӀубадат гьелда разилъичӀо ва гьез абуна: «Нижги гьелги мушрикал ругеб мехалъги гьезул хьул лъолеб букӀинчӀо цохӀо пихъил горо кваназе. Гьанже Аллагьас ниж исламалдалъун кӀодо гьарураб мехалъ, дудалъун хираги гьарураб мехалъ, нижеца гьезие нижер боцӀийищ кьелеб. Валлагьи, нижеца гьезие хвалчен гурони кьеларо» - абун. Цинги гьаб гӀакълу битӀараблъунги рикӀкӀана.

## تخاذل الأطراف ونهاية الغزوة

### Къурайшиял кумек гьечӀого тей ва гъазаваталъул ахир

ТӀадегӀанав Аллагьасул жиндир халкъалъул тадбир гьабиялъулъ хӀикматал рукӀуна. Гьаб захӀматаб хӀалалда бусурбаби ругеб мехалъ, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасухъе АшжагӀияв НугӀайм бину МасгӀуд вачӀана, - гьевги гъатӀфаназул чи вукӀана, къурайшиязул ва ягьудиязул гьудулги вукӀана, ва гьес абуна: «Я расулуллагь, дун бусурманлъана, дир къавмалъе жеги лъаларо дица ислам босараблъи. Дуца дида амру гьабе дуего бокьараб жоялдалъун» - абун. Аварагас абуна: «Мун цо чи вуго, дуца гьаулеб жоги щибха букӀинеб. Кин бугониги дуда кӀвараб хӀалалъ нижедаса гӀадамал нахъе чӀвай, хӀаклъунго рагъ гукки буго» - абун.

Цинги НугӀайм Къурайзатиязухъе ана. Гьев вихьидал жидеца гьев кӀодо гьавуна ва гьесие хъулухъги гьабуна. НугӀаймица абуна: «Нужеда лъалаха дие нуж рокьулеблъи, нилъеда гьоркьоб бугеб жоги» - абун. Гьез лъалин абуна. НугӀаймица абуна: «Дица нужее цо хабар бицила, нужеца гьеб балъго теха. (дица бицанинги абуге)» - абун. Гьез телин абуна. НугӀаймица абуна: «Нужеда бихьанаха БанукъайнукъагӀазе ва ан-

Назирилазе ккараб иш. *(гьел бусурбабаз гьалаг гьаруна*). Нужеца къурайшиязе ва ГъатIфаназе кумек гьабулеб буго, амма гьел нужеда релълъун гьечIо. Гьаб ракь нужер ракь буго, гьаниб нужер боцIиги хъизаналги руго. Нужеда кIоларо гьаб ракьги тун цоги бакIалде ине. Къурайшазул ва гъатIфаназул ракь гьаниса рикIкIад буго, гьеезул боцIиги лъимал-хъизаналги рикIкIад руго. Гьезие санагIат рекъани, гьез рагъ гьабила, рекъечIони нахъеги руссун жидерго ракьалде ина. Цинги нуж цохIого хутIила МухIаммадида данде ва гьес нужедаса жиндие бокьухъ рецIел босила» - абун. Гьез абуна щибха нижеца гьабилеб абун. НугIаймица абуна: «Нужеца гьелгун цадахъ лъугьун рагъ гьабуге гьез нужехъе гъоркьлъалие  гIадамал кьезегIан» - абун. Къурайзатияз абуна: «Дуца битIараб гIакълу кьуна» - абун.

Цинги НугIайм къурайшиязухъе ана ва гьезул бутIрулгун данделъана. Гьездаги абуна: «Нужеда лъалахъа дие нуж рокьулеблъи, дица нужее лъикIаб насихIат гьабулеблъиги» - абун. Гьез лъалин абуна. НугIаймица абуна: «Дица нужее цо хабар бицина, нужеца гьеб балъго теха. (дица биცанинги абуге)» - абун. Гьез телин абуна. НугIаймица абуна: «Ягьудиял пашманлъун руго МухIаммадилгун букIараб къотIи биххиялда. Гьел хIинкъун руго нуж нахъе руссилин ва гьел МухIаммадгун *(рагъулел*) телин абун. Гьез МухIаммадихъе кагъат хъван хабар битIун буго нужехъан гъоркьлъалие гIадамалги росун гьел гьесухъе кьезе ругин, цинги жидеца гьесие кумек гьбизе бугин нужеда данде вагъизе. Вореха нужеца гьезухъе гъоркьлъалие гIадамал кьоге» - абцун. Хадуб НугIайм ГъатIфаназухъе ана ва гьездаги гьабго хабар бицана.

Гьаб гIакъилаб тадбиралъ тушманасул гIадамазулъ шаклъи ккана ва гьел цоцадаса ратIалъана.

Абусуфяница Къурайзтиязухъе цо гIадамал ритIана гьезда метер рагъде рахъеян абизе. Гьез абуна: «Метер щамат къо буго. Нижеда щвараб цониги къварилъи щвечIо гьеб щамат къоялъул хIурмат хвезабун гурони. Гьелдаги тIад, нижеца нужгун цадахъ рагъ гьабизе гьечIо нужеца гъоркьлъалие гIадамал кьечIого, нижги реххун тун нуж нужерго ватIаналде

инчIого рукIине» - абун. Цинги къурайшияз ва гъатIфаназ абуна: «Валлагьи, нужеда НугIаймица битIараб бицун буго» - абун. Къурайшияз ягьудиязухъе чи витIана, гьезда абизе: «Нижеца нужехъе цониги чи кьеларо, нуж рагъде рахъа» - абун. Цинги гьезги абуна: «Валлагьи, нужеда НугIаймица битIараб бицун буго» - абун. Цинги гьеб кIиябго къокъаялъул рагъде букIараб къасд хвана, гьел кумек гьечIеллъунги лъугьана.

Бусурбаби абуни Аллагьасде дугIа гьабун ахIулел рукIана: «Я нижер Аллагь, дуца нижер загIиплъи бахче, нижедаса хIинкъиги инабе» - абун. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасги Аллагьасде хIели гьабуна: «Я Дуца тIехь рещтIинабурав Аллагь, хIисаб цIакъ хех гьабулев Аллагь, Дуца гьал боял риххизаре. Я Аллагь, Дуца боял риххизаре ва гьел хIинкъун кIорокIизаре» - абун. Цинги ТIадегIанав Аллагьас гьезда тIаде гьури биччана, малаикзабазул боялги риччана. Гьел цIакъ кIорокIана, гьезул ракIазулъ хIинкъиги рехханa. Гьороца гьезул хьагал регизаруна, чадралги рахъана, гьезда квешаб цIоройги речIана, гьезие чIезе бакIго щвечIо ва гьел хехго нахъе ине хIадурана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас жинда Аллагь разилъаяв ХIузайфат витIана гьезул хIал цIехон вачIине. Гьев къурайшиязда гьоркьов лъугьана, цинги нахъеги вачIана ва гьесда щибго квач хъатIичIо, жегиги хинаб лъимгун хIамамалда чвердарав гIадин хинлъун вукIана. Гьес аварагасда бицана къурайшиял нахъе инехъин ругин абун ва гьев кьижана. Рогьун тIаде рахъидал гьезда къурайшиял рукIараб майдан чIобого бихьана: гьенив я жинца ахIулев я жинца жаваб кьолев чи вукIичIо. Гьаб иш бицун ТIадегIанав Аллагьас абуна:

**ТIадегIанав Аллагьас капурзаби нахъе руссинаруна жидер цим бахъараллъун ва жидер мурадазде щвечIеллъун. Аллагьас муъминзабазе гIейги гьабуна: рагъги гьабичIого гьел бергьараллъун гьаруна.** Малаикзаби ритIун, гьури тIаде биччан, капурзабазул аскарал щущахъ риххизаруна ва лъутизаруна. **ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь ﷻ жиндие бокьараб жо гьабизе хIалкIолев ва жиндир къуват-гуч бергьарав вуго**. Аллагьасда кIола жиндир тущбабазе гIазаб гьабизе ва жиндие рокьарал муъминзабазе квербакъи гьабизе. Сурату аль-АхIзаб, 25 аят

Гъаб гъазаваталъул бай бихьи букIана гьижрияб щуабилеб соналъул Шавал моцIалъ. Гьеб лъугьана цо моцIгIадаб заман индал, ЗулкъагIида моцIалъ. Гьеб букIана исламалъул ва бусурбабазул тушбабаз гьабураб бищунго кIудияб Мадинаялде тIаде рачIин, гьеб Мадинаялда, бусурбабазда ва исламалдаги ахир лъезе абун. Кинниги, Аллагьас гьел чIорого хутIизаруна, гьезул макруги жидедаго буссанабуна. Гьадинаб кIудияб къуватгун рачIарал гьел боял хIинкъун риххи цогидазеги мисал букIана, гIиссинал къокъабаз ва дагьал гIадамаз Мадинаялде рачIине къасдго гьабичIого букIине. Гьединлъидал Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: *«Гьанже нилъеца гьезде гьабизе буго гъазават, гьез нилъеда гьабизе гьечIо. Нилъ ине руго гьезухъе»* - абун.

## غزوة بنى قريظة

### Банукъурайзатилазде гъазават гьаби

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь хандакъалдаса нахъвуссун рокъов вачIана, гьес ярагъ ва ретIел бахъана. Гьев Умусаламатил рокъов черх чурулев вугеб мехалъ гьесухъе жинда Аллагьасул салам лъеяв Жабраил вачIана ва гьес аварагасда амру гьабуна къурайзатилазде гъазават гьабизе вахъаян. Жабраилас абуна: «Дун дуда цеве ине вуго, дица гьезул хъулби *(сиял)* кIорокIизе руго, гьезул ракIазулъ хIинкъиги реххизе буго» - абун. Цинги Жабраил малаикзабазул къокъагун цадахъ ана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас асхIабзабазда ахIи бан абуна: «Аллагьасдаги аварагасдаги гIенеккулев ва мутIигIав чияс бакъанил как баге Банукъурайзатазул бакIалда гурони» - абун. Мадинаялда тIад амирлъун ибну Умумактум тана, исламалъул байрахъги АбутIалибил ГIалихъе кьуна. АсхIабзабазул цо къокъагун цадахъ ГIали витIана Банукъурайзатилазул бакIалде. Гьев вихьараб мехалъ гьез

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда рогьо бана ва къабихIаб жоги бицана.

Бусурбабаз хехлъи гьабуна къватIире рахъизе. Гьел нухда рукIадго бакъанил какие мех щвана ва цояз как нухдаго бана, цогидаз как Банукъурайзатилазул бакIалде щун гурони бачIо. Мугьажиразул ва ансаразул жамагIатгун цадахъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьги вахъана ва гьев Банукъурайзатилазул цо лъел ицц бугеб бакIалда рещтIана.

Аллагьас ягьудиязул рекIелъ хIинкъи реххана, гьел жидерго сиязда жанир рахчана ва рагъ гьабизе къасд гьабичIо. Бусурбабаз гьел щулаго сверун ккуна. Сверун кквей халалъидал гьезие бокьана цере жидерго къотIиялда рукIарал бусурбабаздехун мушавара гьабизе. Гьез Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда гьарана жидехъе Абулубабат абулев чи витIеян гьесулгун мушавара гьабизе. Аварагас гьев витIана.

Абулубабат вихьидалго гьесда данде къурайзатазул бихьинал рахъана, гьесул гьумералда цере лъугьун гьезул руччабилъималги гIодана. Гьесул рекIелъ гурхIелги реххана. Гьесда гьикъана: «дуда лъикIаблъун бихьулищ ниж МухIаммадица гьабураб хIукмуялда разилъизе» - абун. Гьес бихьулаян абуна ва квералдалъун жиндирго мукъулукъалде ишара гьабуна: ай, гьеб хIукму гьел чIвай букIин баян гьабуна. Цинги гьев кантIана жинца гьеб ишара гьабиялдалъун Аллагьасеги гьесул расуласеги хиянат гьабураблъиялда. Гьев нахъе вуссун аварагасул масжидалде вачIана, живго жинцаго масжидалъул цо хIубиялда вухьана ва гьаги гьедана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул квералъ гурони жив гьеб хIободаса вичиларин абун.

Гьеб хабар жинда щведалго Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: *«Гьев дихъе вачIун вукIаравани дица гьесул мунагьал рахчи тIалаб гьабилаан. Гьес живго хIобода вухьун вугелъул нилъеца гьев Аллагьасул амру рещтIинегIан тела»* - абун.

Сверун кквей халалъидал Банукъурайзатилазул тату хвана ва гьел, къоло щуго къо ун хадуб, Аллагьасул свалат-салам лъеяв

расулуллагьасул хIукмуялде *(кверде)* рачIана. Цинги гьезул бихьинал кквараз рухьана, руччаби-лъимал гьездаса батIа гьарун цоги рахъалде щвезаруна. Гьезулгун къотIуда рукIарал авсазул гIадамаз аварагасда гьарана гьезда гурхIел гьабеян, хазражаз жидергун къотIуда рукIарал БанукъайнукъагIзе гурхIел гьаби гьарараб гIадин. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: «Нуж разилъилищ гьезие хIукму гьабизе нужедасан цояв виччани?» - абун. Гьез разилъилин абидалго, аварагас абуна: «Гьеб хIукму гьаби СагIду бину МугIазида буго» - абун. Хазражаз жал рази ругин абуна.

Жинда Аллагь разилъаяв СагIду Мадинаялда вукIана, хандакъалда щвараб ругъун сабаблъун къватIиве вахъине кIвечIого. Гьев, хIамидаги рекIинавун, Банукъурайзатилазухъе вачана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь вугеб бакIалде гьев гIагарлъидал аварагас абуна: «Нуж нужер кIудиясде данде рахъа!» - абун.

Авсал СагIдуде данде рахъана, гьев сверун ккун жидеца абуна: «Я СагIду, дуца гурхIел гьабе дуе лъикIал рукIаразда» - абун. СагIду гьезие жаваб кьечIого вуцIцIун чIун вукIана. Авсаз гIемерго гьаридал, гьес абуна: «Гьанже СагIдуе мех щвана Аллагьасул диналъе гIоло *(хIукму гьабулеб мехалъ)* жидеца гIайиб чIвалел гIадамазул гIайибалдаса хIинкъичIого вукIине» - абун. Гьеб рагIи рагIарабго авсазул цо гIадамал Мадинаялдехун ана ва гьез къавмалда абуна ягьудиязе хвел букIин хIакъаб бугин абун.

СагIду бину МугIаз хIамидаса гъоркь рещтIидал ва къурайзатилал гьес гьабураб хIукмуялда рази руги бицидал, Гьес хIукму гьабуна гьезул бихьинал чIвазе, руччаби-лъимал асир гьаризе ва гьезул магIишатги асхIабзабазда гьоркьоб бикьизе. Гьеб хIукму гьабидалго Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: *«ХIакълъунго дуца гьезие хIукму гьабуна анкьабго зобалазда тIад вугев Аллагьасул хIукмуялдалъун»* - абун. Гьаб хIукму ягьудиязул шаригIа-талдаги рекъараб букIана, жеги гьезул шаргIияб хIукмуялдаса гурхIел-цIоб бугебги букIана.

СагIду бину МугIазица хIукму гьабун, хадуб Банукъурайзатилазул бихьинал Мадинаялде рачана ва Бpanунажаразул ХIарисил ясалъул рокъор жанир тIамуна. Цинги гьезие Мадинаялъул базар къотIнор гвендал рухъана, къокъаби гьарун гьенирги рачун гьезул бутIрул къотIана. Гьезул ункънусго чи вукIанин абуна, анлънусгоялдаса анкьнусгоялде щвезегIан чи вукIанинги абуна.

Гьелгун цадахъ банун-назирилазул сайид ХIуяй бину АхтIаъги чIвана. Гьев вукIана ягьудиязул къурайшиял ва гъатIфанал хандакъалъул рагъде гьесизаризе арав къого чиясда гьоркьов, цинги къурайзатилазухъе вачIун гьел аварагасулгун бугеб къотIи биххиялде рачаравги. Гьез бусурбаби жидер чIаголъиялъул бищунго захIмалъиялда ругеб мехалъ гьезие хиянатги гьабуна. Къурайзатилаз гьесие шартI гьабун букIана гьев жалгун цадахъ вукIине, жидеда щвараб жо гьесдаги щвезе. ХIуяй бину АхтIаъ къурайзатилал сверун ккведал гьелгун цадахъ гьезул сиязда жанив вукIана. Гьелгун цадахъ кверде вачIана ва гьелгун цадахъ чIвазеги чIвана.

Къурайзатилал кверде рачIинелда цебе гьезул цо гIадамаз ислам босана ва гьезие щибго къварилъи гьабичIо. Гьезул цо гIадамал жидее кьеян бусурбабаз гьаридал, гьелги жалго тана, хадуб гьез исламги босана. Гьезул руччабаздаса цо гIадан чIвана. Гьелъ жинда Аллагь разилъаяв Халад бину Сувайдида тIаде кIудияб гамачI реххун гьев чIван вукIана.

Гьезул ярагъ ва магIишат данде бакIарана. Гьезул азаралда щунусго хвалчен батана, лъабнусго къолденги, кIиазарго румхIги *(копье)* батана. Щунусго цебе кколеб хъарши ва гьелда релълъараб жоги батана. ГIемераб къай-матахI, цIарагI, варанаби ва гIиялги ратана. Гьеб кинабго жоялъул, асирзабигун ва чамасдакил ахалгун цадахъ хумус бахъана, цинги цогидаб жо рагъухъабазда гьоркьоб бикьана: чода рекIарасе лъабго бутIа кьуна: цо бутIа гьесие кIиго бутIа чуялъе, лъелго вугесе цо бутIа кьуна.

Асирзаби Наждалде ритIун ричана ва щвараб малалъухъ ярагъ босана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьезул руччабаздаса жиндие тIаса йищана ГIамрил Зайдил яс

РайхIанат. Аварагас гьей гъарабш гIадин танин абуна, цогидаз абуна РайхIанат тархъанин ва аварагас чIужулъун ячанин. Гьей хвана ахираб хIаж гьабун хадуй. Ай, хIажатул вадагI, гьижрияб анцIабилеб соналъ.

Къурайзатилазе гIадлу гьабун хадуб жинда Аллагь разилъаяв СагIду бину МугIазил дугIаялъе Аллагьас жаваб кьуна. Гьев аварагасул масжидалъуб чадир чIван гьенив жанив вукIана: Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь гьесде ваккизе иналъе гIоло. СагIдуда тIаса цо чахъу ана ва гьесул ругъун рагьун гьелдаса гIемераб би чваххана, гьебги сабаблъун ккун СагIдуги хвана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасдаса бицана: «Бусурбабигун цадахъ гьесул жаназа малаикзабазги босана, гьев хвеялъе гIоло Аллагьасул гIарщги багъарана» - абун.

Масжидалъул хIобода вухьун вукIарав Абулубабатил гьеб хIалалда анлъго къо ана. Гьесухъе яIун чIуялъ гьев как базе вичулаан, хадубги гьес живго хIобода вухьулаан. Аллагьасул свалат-салам лъеяв авараг Умусаламатил рокъов вугеб мехалъ Абулубабатил тавабу къабул гьаби рещтIана ва Умусаламатица гьесда роххел бицана. ГIадамал гьев вичизеян лъугьиндал Абулубабатица гьел нахъе чIвана, живго аварагас вичун гуро къабул гьабиларин абун. Как базе масжидалъув вачIиндал Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьев хIободаса вичана.

Банукъурайзатилзде гьабураб гъазаваталдаса хадуб бусурбабаз цо чанго рагъулаб иш гьабуна. Гьездаса жидер кIар бугел руго:

## مقتل أبي رافع سلام بن أبي الحقيق

### АбурафигI Сулам бину АбулхIакъикъ чIвай

Гьев вуго ХIижазалъул агьлуялъул бечедав даранчи, Хайбаралъул ягьудазул бетIерги. Мадинаялде бусурбабазда рагъизе боял ракIариялъулъ жинца цебехъанлъи ва яхIбахъи гьабуравги вуго. Хандакъалде ва Банукъурайзатилзде гьабураб

гъазават тIубан хадуб АбурафигI чIвазе хазражазул щуго чияс тIад босана. Гьезие бокьана КагIбу бину Ашраф чIван авсазе щвараб гIадаб хиралъи АбурафигIги чIван жидееги щвезе.

Гьаб къокъа Хайбаралде, АбурафигIил хъала бугеб бакIалде щвана бакъ тIерхьунеб гIужалъ. Гьезул цевехъан ГIабдуллагь бину ГIатикица абуна: «Нуж гьаб бакIалда чIа. Дица кавудахъ вугев чиясда гьарила дун жаниве виччай абун». ГIабдуллагь кавуялда аскIовегIанги ун ретIел эхеде бакIарун, хIажат тIубалев чи гIадин чIана. Кавудахъ вугес абуна: «Я Аллагьасул лагъ, мун жанив лъугьизе ватани жанив лъугьа, гурони дица каву рахалеб буго» - абун.

ГIабдуллагь бину ГIатик жанив лъугьана ва гIадамал кьижизегIан вахчун чIана. Цинги, кIулалги росун каву рагьана, хIажалъи ккани жиндие лъутизе бигьаяб букIине. Хадув АбурафигIил рукъ бугеб бакIалде ана. Жив жанив лъугьараб щибаб нуцIа гьес жанисан рахалеб букIана, нагагь гIадамазда лъани, АбурафигI чIвазегIан жив гьез кквечIого вукIине. АбурафигIил рокъове щведалго, гьев бецIаб рокъов жиндирго хъизаналда гьоркьов кьижун вугоан, гьев кив вугебги лъалеб гьечIо.

ГIабдуллагь бину ГIатикица: «Я АбурафигI!» - абун ахIана. Гьес гьав щиван абидалго, гьеб гьаракьалде тIадеги ун ГIабдуллагьица гьесда хвалчен кьабуна, амма гьелъ зарал гьабичIо. КъватIивеги лъугьун ГIабдуллагь цIидасан жаниве вачIана ва, гьаракьги хисизабун жинца абуна: «Гьаб гьаракьго щиб, я АбурафигI» - абун. Гьес абуна: «Дур эбелалъе квеш букIаяв, гьаб рокъоб жаниб дида цо чияс хвалчен кьабуна» - абун. ГIабдуллагь гьесда аскIов ун цогиги хвалчен кьабун гьев хвалде гIагар гьавуна, цинги хвалчадул рагIал гьесул чехьалда тIадги лъун гьелда тIад ваччана, хвалчен мугъалда нахъасан къватIибе баккинегIан.

ГIабдуллагь цо-цо ккун нуцIбиги рагьулаго къватIиве вахъана. Гьесул канлъи загIипаб букIун, болъаби лъугьанин ккун хIетIе цебехун бегьун гьев гIодове вортана ва гьесул бох бекана. ТIаса бахъун чалмаялъ гьебги бухьун жив хъалаялъул кIалда аскIов вахчун чIана. Рогьел баккун хIелеко ахIараб мехалъ хъаладул

къеда вахун цояс ахIана: «ХIижазалъул даранчи АбурафигI хвана» - абун. Гьев хвараблъи лъадалго гьев жиндир гьалмагъзабахъе вачIана ва гьел киналго нахъруссана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь вугеб бакIалде щведал гьез ккараб жо бицана. Цинги аварагас ГIабдуллагьил бохалда квер бахъана ва гьеб унтунго букIинчIеб гIадин лъугьана.

## أسر ثمامة بن أثال سيد اليمامة

**Ямамталъул сайид Сумамат бину Асал асир гьави**

Сумамат бину Асал бищунго жидее Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь ва гьесул исламияб дин рихараздаса вукIана. Гьев жиндир куц-рахъги хисизабун, гьижрияб анлъабилеб соналъул МухIарам моцIалъ, Мусайламатул каззабил амруялдалъун авараг чIвазеян къватIиве вахъана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас МухIамад бину Масламат Банубакрилазе гIадлу гьабизе лъеберго рекIаравгун цадахъ Зарият абулеб бакIалде витIун вукIана, Мадинаялдаса анкьго милалъ рикIкIад Басраталъул нухда жиб бугеб.

ТIаде руссун рачIунаго гьезда Сумамат бину Асал ватана. Жидеца асирги гьавун гьев Мадинаялде вачана ва масжидалъул цо хIободе вухьана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас аскIосан унаго Сумаматида гьикъана: «Духъ щиб хабар бугеб, я Сумамат?» - абун. Гьес абуна: «Дида аскIоб лъикIаб хабар буго, я МухIаммад. Дуца дун чIвани, чIвазе ккарав чи чIвала, чIаго тун нигIмат кьуни гьеб нигIмат букIина жинца щукру гьабулесе гьабураб. Дуе боцIи бокьун батани дуего бокьараб жо гьаре, гьеб дуе кьезе буго» - абун.

КIиабилеб къоялъги авараг Сумаматида аскIосан унелъул додинабго хабар ккана, лъабабилеб къоялъги гьебго жо ккана. Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: «Сумамат виччан те» - абун. Жив виччан тедал гьес черх чурана цинги исламги босана. Гьес абуна: «Валлагьи, гьаб ракьалда тIад дие дуралдаса рихараб *(жинда ццим бахъунеб)*

гъумер букIинчIо, гьанже дур гъумер лъугьана бищунго дие бокьулеб гъумерлъун. Валлагьи, гьаб ракьалда тIад дие дуралдаса рихараб *(жинда цқим бахъунеб)* дин букIинчIо, гьанже дур дин лъугьана бищунго дие бокьулеб динлъун» - абун.

Гьенисан тIад вуссунелъул Сумамат Маккаялде гIумра гьабизе ана. Къурайшияз ислам босунин гIайиб чIвадал, гьес абуна: «Валлагьи, нужехъе Ямаматалдаса цохIо мугь ролъул бачIинаро, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас изну кьун гурони» - абун.

Нахъе вуссун индал Сумаматица Маккаялъул агьлуялъе ролъ бичизе гьукъана. Жидее къварилъи ккедал гьез Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасухъе кагъат хъвана, жидеда гьоркьоб бугеб гIагарлъиялъул рахIмуялдалъун гьарун, Сумаматихъе кагъат хъваян жидее ролъ бичизе изну кьеян абун. Аварагас гьезул гьари тIубазабуна.

## غزوة بنى لحيان

### БанулахIян абулеб къавмалде гъазават гьаби

БанулахIянал руго ар-РажигI абулеб бакIалда жидеца бусурбаби чIварал. Гьел хIижазалъул ракьалда рукIана, ГIасфаназул гIорхъоде щвезегIан. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьезул амру нахъе бахъун тун букIана. Хандакъалъул гъазават лъугьиндал, цогидал тушбабиги гIодоре руссиндал, Мадинаялда тIад амирлъун ибну Умумактумги тун, гьижрияб тарихалъул анлъабилеб соналъул РабигIулавал моцIалъ, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь кIинусго асхIбги вачун гьезда гъазават гьабизе вахъана. Гьелгун цадахъ къого чуги букIана. БатIну гъаран абулеб бакIалде щвезегIан хехаб хIалалъ рилълъана. Гьеб буго асхIабзаби чIвараб кIкIал, ГIасфаназда ва Амжалада гьоркьоб бугеб. Аварагас чIварал асхIабзабазе дугIа гьабуна, гьезие Аллагь гурхIиги гьарана ва гьениб кIиго къо бана.

БанулахIянал абуни, лъутун мугIрузде тIаде ана, гьезул цонигияв кодовги щвечIо. Цинги аварагас ГIасфаназухъе анцIго рекIарав витIана, гьеб хабар къурайшиязда рагIизе ва гьелги хIинкъизаризе. АнцIила ункъго сордоги къватIиб бан, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Мадинаялде тIад вуссана.

## سرية العيص وإسلام أبي العاص زوج زينب بنت رسول الله -ﷺ- :

### Аль-ГIайс абураб бакIалде сарият битIин ва расулуллагьасул яс Зайнабил рос АбулгIассица ислам боси

Гьижрияб анлъабилеб соналъул Жумадулавал моцIалъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас жинда Аллагь разилъаяв Зайд бину ХIарисат нусиялда лъабкъоялда анцIго рекIаравги вачун Шамалдаса бачIунеб къурайшиязул къапилаялда данде витIана. Гьеб къапилаялъе бетIерлъи гьабулеб букIана АбулгIасс бину ар-РабигIица, аварагасул яс Зайнабил росас. Бусурбабаз гьеб къапила ккуна, гьезул къай-матахIги ккуна, гьенир рукIарал гIадамалги асир гьаруна. Бусурбахъа ворчIун АбулгIасс Мадинаялде ана ва Зайнабида жив цIуни гьарана. Гьес Зайнабида гьарана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда жиндир къапилаялъул къай-матахI нахъе кьеян абеян. Зайнабил гьариялдалъун аварагас гьесул къапилаялъул кинабго жо нахъе кьуна, гьитIинаб букIа, кIудияб букIа, дагьаб букIа, гIемераб букIа.

АбулгIасс вукIана Маккаялъул агьлуялъ жив аманат бугевлъун, боцIи-мал бугевлъун ва даранчилъун рикIкIунездаса. Гьев Маккаялде тIад вуссана, гIадамазул аманаталги нахъе кьуна, цинги исламги босун Мадинаялде гьижра гьабуна. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьесие цебе букIараб ригьиналдалъун Зайнаб тIад юссизаюна, гьел кIиялго ратIалъаралдаса лъабго соналдаса цIикIкIун заман ун букIаниги. Гьеб мехалъ бусурманчIужу капурчиясе кьезе хIарам гьабиялъул аят рещтIун букIинчIо.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьаб заманалъ цоги цо чанго сарият битIана, гьез тушманасул гIамал кIодолъи

гIодобе буссинабиялъе ва гьесул зарал дагь гьабиялъеги лъикIаб асарги гьабуна. Гьелдалъун рикIкIад бугеб бакIалде щунги божи ва рекъел буголъи тIибитIана. Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасухъе БанумустIалакъазде гъазават гьабизе ккараб хабар бачIана.

## غزوة بني المصطلق وهي غزوة المريسيع

### БанумустIалакъазде гъазават гьаби, гьелда аль-МурайсигIалъул гъазават абула

БанумустIалакъал руго ХузагIатилазул цо тухум. ХузагIатилазул киналго тухумал Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасе кумек гьабулел ва гьесде гIенеккулел рукIана, цохIо банумустIалакъал хутIинегIан. Гьал къурайшиязулгун хурхен бугел рукIана. Аварагасухъе хабар щвана банумустIалакъал аварагасде рагъ гьабизе хIадурулел ругин абун. Гьес Бурайдат бину аль-ХIасиб витIана гьаб хабар битIараб бугодаян цIех-рех гьабизе. Бурайдатида лъана гьеб битIараб букIин.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Мадинаялда амирлъун Зайд бину ХIарисат тана, цогидав танинги абуна, ва жинца хехлъи гьабуна банумустIалакъазде гъазават гьабизе ва тохлъукьего гьезде тIад кIанцIизе. Авараггун цадахъ анкьнусго асхIабги вукIана. БанумустIалакъал аль-МурайсигI абулеб лъималда аскIор рещтIун рукIана. Гьеб буго Къадидалъул рахъ, ралъдал рагIалдехун бугеб.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь тохлъукьего гьезде тIаде кIанцIана, гьезул цо гIадамал чIвана, руччаби-лъималги асир гьаруна, боцIи-малги нахъе босана. Гьаб иш букIана гьижрияб тарихалъул анлъабилеб соналъул шагIбан моцIалъул кIиабилеб сордоялъ. *(гьижрияб щуабилеб соналъ букIанинги абуна).*

Асирзабазда гьоркьой банумустIалакъазул бетIер аль-ХIарис бину Абузарарил яс Жувайриятги йикIана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Мадинаялде щвараб мехалъ гьес

Жувайрият тархъана ва ислам босун хадуб гьей чIужулъунги ячана. Бусурбабазги банумустIалакъазул жидеца ислам босарав нусго чи тархъана. Гьел киналго аварагасул ригьнал гIагарлъи букIанинги абуна. Гьединлъидал Жувайрият жиндир къавмалъе кIудияб баракат гьабурайлъун йикIана.

Гьаб буго банумустIалакъазде гьабураб гъазавbooталъул къокъабго баян. Гьениб жинда гIажаиблъи гьабулеб жоги гьечIо. Кин бугониги, гьеб гъазават гьабулеб мехалъ кIиго ракI унтулеб лъугь-бахъин ккана, мунапикъзабаз бусурбабада гьоркьоб питна гьабиялъе ва исламияб жамагIатго жагъал гьабиялъе жиндаса пайда босараб. Гьелъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул агьлуялдацин асарги гьабуна.

## الأولى : قول رأس المنافقين لئن رجعنا إلى المدينة ليخرجن الأعز منها الأذل

**ТIоцебесеб лъугьа-бахъин буго мунапикъазул бетIерасул рагIи: «Нилъ Мадинаялде тIад руссани гьенисан къадру бугес гIодовегIанав къватIиве гъезе вуго» - абураб.**

Гьаб рагIи абиялъе сабаблъун ккана: аль-МурайсигI абулеб лъималда аскIор рукIадго, мугьажиразулгун къотIуда вугев цо чи ансариязулгун къотIуде вугев чигун къецандана ва мугьажиразулас ансариязуласда кьабуна. Цинги ансариязулас ахIана: «Я ансариял!» - абун, мугьажиразуласги ахIана: «Я мугьажирал!» - абун. *(ай, кумекалъе рахъа).* Гьенир кIиябго рахъалъул гIадамалги ракIарана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь хехго гьениве ана ва гьес абуна: «Нужеца жагьилияб заманалъ гIадаб дагIба-къецищ гьабулеб, дунги нужеда гьоркьов вукIадго! Нужеца гьеб гIамал те, гьеб махIцараб жо буго» - абун. Цинги гIадамазде жидер гIакълу тIад буссана ва гьел рикьа-рихана.

Гьаб гъазаваталде мунапикъазул цо жамагIатги бахъун букIана, гьелдаса цере жал рахъун рукIичIел. Гьелгун цадахъ гьезул бетIер ГIабдуллагь бину Убайуги вукIана. Аль-МурайсигIалда аскIоб ккараб жоялъул хабар рагIидал гьесул цIакъ ццим бахъана ва абуна: «Унго гьабунищха гьез гьеб жо?

*(ай, мугьажирас ансариясда кьаби)* Валлагьи, нилъер шагьаралдаги рачIун гьел нилъедаса гIемерлъулел руго ва нилъедехун тушманлъиги гьабулеб буго. Нилъерги гьал къурайшияз къватIир гъуразулги хабар умумузул кициялде релълъун буго: «Дуца дур гьвей кьара гьабе, гьелъ мунго кваназе вуго» - ян абураб. Валлагьи, нилъ Мадинаялде тIад руссани, гьенисан къадру бугес гIодовегIанав къватIиве гъезе вуго» - абун. Къадру бугевлъун гьес живго рикIкIунев вукIана, гIодовегIанавлъун Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь рикIкIунев вукIана.

ГIабдуллагь бину Убайу гьеб питна гьабиялъе ургъизе лъугьана. Гьес жиндир гьалмагъзаби ансариязда абуна: «Гьаб жо буго нужецаго нужее гьабураб. Нужеца гьел нужер шагьаралда рещтIинаруна, гьезие нужер магIишатги бикьана. Валлагьи, нужеца гьеб жо гьабичIебани гьел нужер шагьарги тун цоги бакIалде ине рукIана» - абун.

ГIабдуллагьица гьаб хабар бицунеб мехалъ гьел ругеб бакIалда жиндир рекIелъ щулияб иман бугев гIолохъанчи Зайд бину Аркъам вукIана. Гьесда сабру гьабизе кIвечIо гьаб хабар Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасде щвезабичIого. Гьес ГIабдуллагь бину Убайу жиндихъе ахIана ва гьесда гьаб щиб хабарин гьикъана. ГIабдуллагьица гьа гьедун абуна жинца гьеб жо абичIин абун. Цинги ТIадегIанав Аллагьас сурату аль-Мунафикъин рещтIинабуна ва къиямасеб къо щвезегIан гьев мунафикъ вукIин лъазабун инжит гьавуна.

Гьав мунафикъасул вас вукIана, жиндаги ГIабдуллагь цIар бугев, унго-унгояв муъминчи. Инсул хабар рагIидал гьев Мадинаялде жанир лъугьунеб бакIалда хвалченги бахъун чIана ва гьес жиндир инсуда, мунапикъазул бетIерасда абуна: «Валлагьи, мун гьаб бакIалдаса цевехун инаро Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас дуе изну кьун гурони. Гьев вуго къадру кIудияв, мун вуго гIодовегIанав» - абун. Гьаб хабар аварагасде щведал гьес ГIабдуллагьихъе чи витIана гьев Мадинаялде виччаян, гьес гьевги виччана. Гьаб гIакъилаб хIукмуялдалъун гьеб питнаги тIагIана.

## الحادثة الثانية : قول المنافقين بالإفك

**КIиабилеб лъугьа-бахъин буго мунапикъаз бугьтан лъун хабар бицин**

Гьаб бугьтан лъеялъул къисса буго: Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь банумустIалакъазде гьабураб гъазаваталдаса тIад вуссидал, Мадинаялда аскIоб бугеб бакIалда рещтIун вукIана. Цинги сардилъго гIаскаралда лъазабуна церехун ине ругилан. Аваралгун цадахъ гьеб сапаралда жинда Аллагь разилъаяй ГIаишат йикIана. Гьей цо хIажаталъ къватIие яхъун йикIана. ТIад юссидал ва каранде квер бегьидал гьелда лъана жиндир маххал роргун рукIин. ГIаишат махал цIехон жий ун йикIараб бакIалде ана. Гьенир маххалги ратун тIад юссун ячIанелде гIаскар нухде бахъана. ГIаишат жаний йикIунеб гьегь варaниялда тIад лъуна, гьей жаний йигин ракIалда ккун. Гьегь тIадагьаб букIиналъул кIварго гьабичIо, гьеб борхулел цо чанго чи вукIиндал ва ГIаишатги тIадагьай йикIиндал.

Жинда Аллагь разилъаяй ГIаишат жал рещтIараб бакIалде щведал, гьенив щивго чи ватичIо. Гьей гьений гIодой чIана, жий цадахъ гьечIеблъи лъараб мехалъ гьел жинда хадур рачIиналда хьул лъун. Цинги жиндаго лъачIого кьижунги ккана.

Жинда Аллагь разилъаяв Сафван бину аль-МугIатIал макьу гIемерав чи вукIун гIаскар унеб мехалъ кIижунги хутIун, макьдаса ворчIиндал, гьел араб нухалъ вачIунев вукIана. Цо кьижарав чиясул чIегIерлъи бихьун аскIовегIан вачIана ва гьесда лъана гьей ГIаишат йикIин, жинда гьей цееги йихьун йикIиндал. Гьес абуна: «Инна лиллагьи ва инна илайгьи ражигIун, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул чIужу» - абун. Гьес цоги рагIиги абичIо. Гьаб рагIи рагIун ГIаишат макьдаса йорчIана, гьелъ ретIел тIаде бачун жиндир гьумерги бахчана. Сафваница аскIобегIанги бачун жиндир варани гIодоб букIинабуна, ГIаишатги гьелда тIад рекIана. Варанидул рухьенги ккун цеве-цеве Сафванги вилълъана, гIаскар рещтIараб бакIалде щвезегIан. Гьел гIаскаралда хадур гIунтIана къалъул гIужалъ свак бичине рещтIун ругеб бакIалда.

Аллагьасул тушман ГӀабдуллагь бину Убайида гьаб иш бихьидал, гьесул нипакъалъе ва хӀал хъублъиялъе бигьалъи бачӀана *(ай, гьев вохана).* Гьес щибго лъалеб жого гьечӀого Сафванида ва ГӀаишатида шаклъи реххулеб хабар бицана. Цинги гьеб хабар гӀадамазда гьоркьоб тӀибитӀизабуна, цоялда тӀад цоги рагӀи лъун гӀемерлъизеги гьабуна. Гьесул гьалмагъзабиги гьеб бугьтан лъураб хабаралъ гьесде гӀагар гьарулел рукӀана. Мадинаялде щведал гьенибги гьаб хабар тӀибитӀана ва цо-цо иман загӀилал муъминзабицин гьелъ гуккана.

Жинда Аллагь разилъаяй ГӀаишат Мадинаялде щвараб мехалъ унтана, гьеб унтиги цо моцӀ гӀадаб заманалъ халалъана. Мадинаялъул агьлу гьеб бугьтаналъул хабаралъул цӀун букӀана, ГӀаишатида гьелъул лъалеб щибго жоги букӀичӀо. Жинда Аллагь разилъаяй ГӀаишатица бицана:

*Мадинаялда щвараб мехалъ дун унтана ва моцӀ гӀадаб заманаялъ рукъоса къватӀие яхъичӀо. Дида щибго лъалеб жо букӀинчӀо гӀадамазда гьоркьоб дир хӀакъалъулъ гьересияб хабар бицунеб букӀиналъул. Амма дида кколеб букӀана Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасул дидехун хӀеренлъи ва гурхӀел дагьлъун бугилан. Гьев дида аскӀов вачӀунаан ва: «дур щиб хӀал бугеб» - абун, гьикъи гуреб цоги берцинаб хабар бицунароан, дида аскӀов гӀодовги чӀолароан.*

*Дун тӀаде яхъине кӀолеб хӀалалъ лъугьиндал дунги УммумистӀахӀги сардилъ къватӀире рахъун алахалдехун ана нижер хӀажат тӀубазе. Цересел гӀарабиязул гӀадат гьединаб букӀана ва нижер минаялда аскӀоб хӀажатхана букӀинчӀо. Сардилъ руччаби унеб цо бакӀ букӀунаан жидер хӀажат тӀубазе. Гьеб хӀажат тӀубан тӀад руссун рачӀун рукъоре лъугьунеб бакӀалда УммумистӀахӀил хӀетӀе хъуштӀун гьей гӀодой ккезе рекӀана ва гьелъ абуна: «МистӀахӀил талихӀ къайги» - абун. Дица абуна: «Дуца гьеб рагӀи кин абулеб Бадруялда рагъда вукӀарв чиясда?» - абун. Гьелъ абуна: «Я дир яс! Дуда рагӀичӀищ гьес бицараб хабар?» - абун. Дица абуна: «Дида рагӀичӀо. Щиб жо гьес бицун бугеб?» - абун.*

*Цинги УммумистIахIица бицана дир хIакъалъулъ гIадамазда гьоркьоб бицунеб бугеб гьересияб хабар. Дир унти жеги тIад цIикIкIана ва гьеб сордо рогьинегIан дун гIодана. Дида тIаде Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг вачIун: гьес: «дур щиб хIал бугеб?» - абун гьикъидалго, дица гьесда абуна дие изну кьейин дир эбел-инсухъе ине абун. Аварагас ﷺ изнуги кьун дун эбел-инсул рокъой ана. Дица эбелалда абуна: «Я дир эбел, щиб жоялъе гIоло гIадамаз гьеб гьересияб хабар бицунеб бугеб?» - абун. Эбелалъ абуна: «Я дир яс! Дуца дурго напсалда гурхIел гьабе! Цониги чIужу йикIунаро жий росасе ёкьулей йигони, жиндир хвенчаз (жийгун цадахъ ругел гьесул руччаби) жинда нахъаса хабар бицинчIей» - абун. Цинги дица абуна: «СубхIаналлагьи! унгого гIадамаз гьеб хабар бицун букIун бугоха!» - абун. Гьеб сордоги дица гIодилаго рогьана ва дир беразе макьуги щвечIо.*

*Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда гьеб моцIалъ вахIю рештIинчIо ва гьес къасд гьабуна ГIали ﷺ асхIабасде ва Зайдил вас Усаматиде ﷺ мушавара гьабизе жиндир хъизаналъул хIакъалъулъ. Усаматица Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасда бицана жинда гьесул хъизан яцIадай йикIин лъалин ва гьелъие авараг вокьиги лъалин: «Я расулаллагь ﷺ! Дур агьлуялъул хIакъалъулъ нижеда лъикIаб жо гурони лъаларо» - абуна Усаматица. Жинда Аллагь разилъаяв ГIали асхIабас абуна: «Я расулаллагь ﷺ! Дуе Аллагьас ﷻ къварилъи гьабун гьечIо ва дуе гьей гурел цоги руччабиги руго. Дуца гьелъул гъарабашалда гьикъани гьелъ дуда битIараб бицине буго» - абун.*

Жинда Аллагь разилъаяй ГIаишатица хадубги бицана:

*Гьеб хIалалъ ниж рукIаго, нижеда тIад вачIине изнуги тIалаб гьабун, Аллагьасул свалат-салам лъеяв авараг жаниве вачIана ва нижеда аскIов гIодов чIана. Гьев дида аскIов гIодов чIун вукIинчIо гьеб гьересияб хабар бицине бай бихьаралдаса, гьесда тIубараб моцIалъ вахIюги гьабун букIичIо.*

*Аллагьасул расулас ﷺ шагьадат битIана ва хадуб жинца абуна: «Я ГIаишат! Дур хIакъалъулъ гIадамаз хабар бицана ва гьеб дихъе щвана. Дуда гIайиб батичIони Аллагьас ﷻ мун*

*яцIцIад гьайизе йиго. Дуда мунагь ккун батани дуца Аллагьасда тIаса лъугьин тIалаб гьабе ва тавбу гьабе. ТIадегIанав Аллагьас тавбу гьабурав чиясул тавбу къабул гьабула ва лагъ жиндир гIайибалъе мукIурлъараб мехалъ Аллагь ﷻ гьесда тIасаги лъугьуна» - абун. Расулаллагьи кIалъан вахъараб мехалъ дица инсуде абуна дуца жаваб кье расулаллагьасе абун. Инсуца абуна: «Валлагьи, дида лъаларо щиб жаваб кьелеб» - абун.*

*Цинги дица эбелалде абуна: «Я дир эбел! Дуца кье гьав расулуллагьасе жаваб» - абун. Эбелалъги абуна: «Дида лъаларо щиб жаваб дица гьесие кьелеб» - абун. Цинги дир бадиса магIуги бакъвана, гIодулейго йикIинчIейгIадин дунги лъугьана. Дун гьитIинай гIадан йикIун дида Къуръанги дагьаб гурони лъалеб букIинчIо, гIакълуги гьединго дагьаб букIана. Дица абуна: «Валлагьи, дида лъалеб буго нуж киназдаго гьеб хабар рагIун бакIин ва нужер ракIазда гьеб битIараб бугин ккун букIинги. Дица нужеда абуни дида гIайиб гьечIин абун, нужеца дун ритIухъ гьайизе гьечIо. ТIадегIанав Аллагь ﷻ жинда лъалев вуго дида гIайиб гьечIеблъи. Дида гьечIеб гIайиб тIаде босун, дун гIайибай йигин абуни, нужеца дун ритIухъ гьайизехъин йиго.*

*Гьанже дирги нужерги мисал буго ЯгIкъуб аварагасулги гьесул васалазулги мисал ва дицаги абулеб буго гьев Юсупил инсуца абураб гIадин: «Дица берцинаб сабру гьабила. ТIадегIанав Аллагь ﷻ жинда лъалев вуго нужеца бицунеб хабар» - абун.*

*Цинги дун гьездасан юссана ва дирго бусада егана. Дида дун яцIцIадай йикIин лъалеб букIана, ТIадегIанав Аллагьас ﷻ дун яцIцIад гьаюлейлъиги лъалеб букIана. Ва амма дида ракIалдего кколеб букIинчIо дир хIакъалъулъ Аллагьас Къуръан рештIинабилин абун ва гьеб дир бицун кIалъалеблъун хутIилин абунги* (ай абадиялъго жиб цIалулеб Къуръаналда жаниб дир бецен хутIилин абун). *Дир напс  Аллагьас дир хIакъалъулъ калам гьабиялдаса  гIодогIанлъун бихьунеб букIана ва дида ракIалда ккун букIана аварагасда ﷺ макьилъ бихьун, яги цоги нухалда гьесда дун яцIцIадай йикIин бицинин.*

*Валлагьи, гьев расулуллагьи ﷺ гIодов чIаралъуса вахъун вукIинчIо, цогидал рукъор рукIаралги гьениса къватIире лъугьун рукIинчIо, хирияв аварагасда вахIю рештIине бай бихьараб мехалъ. Хирияв аварагасда ﷺ вахIю рештIунеб букIин нижеда лъалаан гьесул черхалда бачIулеб хIалалдалъун: цIорораб къо бугониги гьесул гьумер багIарлъун, гIетI бан, черхалда цIа бугеб гIадин лъугьунаан. Гьаб нухалъги гьединаб хIал лъугьана. Цинги аварагасдаса гьеб хIал тIаса ана ва гьев разилъун, хьимун кIалъана. Гьес абураб тIоцебесеб рагIиги букIана: «Дуе рохел буго ГIаишат: Валлагьи, Аллагьас мун яцIцIад гьаюна!»* - *абун. Дир эбелалъ абуна: «Яхъа ГIаишат расулуллагьасе рецц гьабизе»* - *абун. Дица абуна: «Валлагьи, дун гьесие рецц гьабизе яхъинаро ва цоги щивго чиясе дица рецц гьабиларо. Дица рецц гьабила дир БетIергьан Аллагьасе ﷻ. Гьес гьаюна дун гIайибалдаса яцIцIад»* - абун.

ТIадегIанав Аллагьас  Жинда Аллагь разилъаяй ГIаишат яцIцIад гьаюн суратун-Нуралда жаниб анцIго аят рещтIана, гьезул байбихьи гьадин буго:

**Жидеца цIакъ кIудияб гьереси бицарал ва бугьтан лъурал гIадамал нужедаса цо къокъа буго.** Цо чи гьечIо, кIиго чиги гьечIо, гIезегIанго гIадамал руго жал шайтIаналъ къосинарурал, жидер ракIазулъ шаклъиги лъугьинабурал. **Нужеда ракIалда ккоге, я гьал муъминзаби, гьеб бугьтан лъей нужее квешаб жо бугин абун. Гьеб нужее лъикI буго.** Гьеб бугьтан лъеялдалъун гIемерал мунапикъзаби ва иман загIипал гIадамал загьирлъана. **Гьеб бугьтаналъул хабаралъулъ гIахьаллъаразе щивасе жиндир гIамалалда рекъараб жаза букIине буго. Ва Амма гьеб бугьтан лъеялъулъ бищунго кIудияб иш гьабурав** ГIабдуллагь бину Убаю **цIакъ кIудияб гIазабалъулъ жужахIалда вукIизе вуго.**

Сурату Нур, II аят.

Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь гIадамазухъе вахъана, гьезие хутIбаги гьабуна, ГIаишат яцIцIад гьаюн рещтIараб Къуръанги цIалана. Минбаралдаса гIодов рещтIидал гьес амру гьабуна жидер иман бацIцIадал, амма хIатIал хъущтIун бугьтан лъуразда гIенеккарал лъабго чиясда хIад кьабеян. Гьелги: ХIассан бину Сабит, МистIахI бину Усасат ва ЖахIшил яс ХIамнат руго. Гьезул щивасдаункъоялда анцIго тIил кьабуна.

Жив чIухIун тавбу гьабичIев мунапикъазул бетIер ГIабдуллагь бину Убаю ва гьесул гьалмагъзаби дунялалда гIакъуба гьабичIого тана. Гьел къиямасеб къоялъ Аллагьасда цере эхетизе руго: инсанасе жиндир лъималаз ва боцIиялъ щибго кумек гьабулареб къоялъ, ракI бацIцIадго Аллагьасухъе вачIарав муъминчиясе гурони.

## عمرة الحديبية الخروج للعمرة والنزول بالحديبية

**ГIумра гьабизе къватIире рахъи ва ХIудайбият абулеб бакIпдла рещтIин**

Мадинаялда вукIадго Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда макьилъ бихьана живги асхIабзабиги, щибго хIинкъи гьечIого, Масжидул хIарамалде жанире лъугьунеллъун бетIералъул расги кIкIван, яги рас къокъ гьабун. Аварагас гьеб макьу бусурбабазда бицана ва жиндие гIумра гьабизе вахъине бокьун букIинги бицана. Мадинаялда сверухъ ругел гIарабияздаги лъазабуна гIумраялде рахъаян абун. Амма гьез хехлъи гьабичIо, гьезда ракIалде ккана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьги муъминзабиги жидер агьлуялде тIокIал тIадего руссинарин абун. Гьез жал хвасарлъизе гIузру бачун абуна: «Ниж нижер агьлуялъ ва боцIи-малалъ машгъул гьарун руго, нужеца нижер мунагьал рахчи тIалаб гьабун дугIа гьабе» - абун.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь къватIиве вахъана гьижрияб анлъабилеб соналъул ЗулкъагIидаялъул авалаб итни къоялъ, азаралда ункънусго мугьажирав ва ансариявгун цадахъ. Гьез цадахъ бачунеб букIана Маккаялде сайгъат гьабулеб боцIиги *(аль-гьадю),* гIадамазда лъазе жал рагъ гьабизе рахъарал гьечIеблъи, гIумра гьабизе рахъарал рукIин. ЗулхIулайфат абураб бакIалде жал щведал сайгъаталъе бачунеб боцIиялда гIуж бана, гьеб гьадю букIин лъазеги гьабуна, цинги ихIрам тIад ретIун гIумра бухьана.

ГIасфан абулеб бакIалде щвелелде аварагас цебехун бугеб хIал лъазабизе витIарав чи *(разведчик)* вачIана ва къурайшиял

бусурбабазде рагъ гьабизе, гьел Масжидул хIарамалдаса нахъчIвазе хIадурулел рукIин бицана. Къурайшиял ЗутIава абулеб бакIалде рачIун гьенир рещтIун рукIана. Гьез кIинусго рекIаравги вачун Халид бину аль-Валид КурагIул гъамим абулеб бакIалде витIана, жиб ГIасфан абулеб бакIалде гIагарде бугеб. Гьес Маккаялде рачIунеб нухги къазе кколеб букIана. Къурайшияз жидее квер бакъизе хIабашиялги ракIарун рукIана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас асхIабзабазде мушавара гьабуна гьал хIабашиязул хъизанал данделъараб бакIалде гьужумищ гьабилеб, яги КагIбаялде къасд гьабун церехунищ инел, нухда чIарав чиясда рагъги гьабулаго абун. Жинда Аллагь разилъаяв Абубакр асхIабас абуна: «Нилъ гьанире рачIун руго гIумра гьабизе, рагъ гьабизе рачIун гьечIо. Нилъедаги КагIба рукъалдаги гьоркьов чIаварав чиясда рагъ гьабила» - абун. Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагас гьаб гIакълу къабул гьабуна.

Халид бину аль-Валидида бусурбаби къалъул как балел рихьана, гьез рукугI ва сужда гьабиги бихьана. Гьес абуна: «Гьаб хIалалда гьел тохлъун руго *(цIодорлъи гьечIого руго)*, нилъ гьезда тIаде кIанцIун рукIаралани» - абун. Цинги гьес хIукму гьабуна бусурбабазда тIад кIанцIине гьез бакъанил как балеб мехалъ. Гьеб бакIалда ТIадегIанав Аллагьас хIинкъи бугеб мехалъ как баялъул хIукму бицун аят рещтIана ва Халидие тIад кIанцIине букIараб гIужги борчIун ккана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас жал унел рукIараб нухги хисун цоги нухдаса ине къасд гьабуна. Гьев кваранаб рахъалдаса ун Маккаялъул гъоркьияб рахъалде раккулеб нухде лъугьана. ХIудайбияталдаса гIодоре лъугьунеб Саниятул марар абулеб бакIалде щведал, аварагасул варани гIодоб чIана. Гьеб тIад бахъинабизеян лъугьидал гIадамазда гьеб бахъинабизе кIвечIо. Цинги гьез абуна: «Аль-Къасваялъ гIамал кIодолъи гьабуна» - абун. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: «Аль-Къасваялъ гIамал кIодолъи гьабичIо, гьелъул гьеб тIабигIатги гьечIо. Кинниги, гьеб ккун буго Жинца пил (слон) ккурас» - абун. Хадуб аварагас абуна: «Валлагьи, Къурайшияз щиб жо дидаса гьараниги, жиндилъ

Аллагьасул гIорхъаби хвезари гьечIеб, дица гьезие гьеб жо кьела» - абун. Цинги варани тIаде бахъинабидал гьеб тIаде бахъана ва жал аль-ХIудайбияталде щвезегIан церехун ана ва гьенир рещтIана.

## بين رسول الله -ﷺ- وقريش

### **Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда ва къурайшиязда гьоркьоб букIараб кIалъай** (переговоры)

Гьеб бакIалде ХузагIияв Будайл бину Варкъаъ вачIана хузагIиязул гIадамалгун цадахъ. Гьел рукIана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасе насихIат гьабулел ва жидеда авараг божулел гIадамал. Будайлица бицана къурайшиял гьесда рагъизе ва гьев Масжидул хIарамалдаса нахъчIвазе хIадурун ругин абун. Аварагас гьесдаги бицана жив гIумра гьабизе вачIарав вугин вагъизе вачIарав гьечIин. Гьев хIадурав вугин рекъел-маслихIат гьабиялъе. Амма къурайшиязе рагъ гуреб цоги жо бокьичIони гьев гьезда вагъизе вугин жиндир бетIер къотIинегIан яги Аллагьас жиндир амру тIубазегIан абун.

Будайл къурайшиязухъе тIад вуссидал, аварагас бицараб жо гьезда бицана. Гьез Микраз бину ХIафс абулев чи витIана (аварагасда гIенеккизе). Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьесдаги Будайлида бицарабго жо бицана. Цинги къурайшияз ахIбашазул сайид Аль-ХIулайс бину ГIикримат витIана. Гьев бусурбаби ругеб бакIалде ваккидал аварагас абуна: «Гьав чи вуго сайгъатал *(аль-гьадю)* рокьулеб къавмалдаса, нужеца гьесда данде гьадюялъул варанаби ритIе» - абун. Гьесда «лаббайк» бачунаго данде чIвайги гьабуна.

Гьеб иш бихьиндал Аль-ХIулйсица абуна: «СубхIаналлагьи, гьал гIадамал КагIба рукъалдаса нахъчIвазе рекъараб гьечIо. КагIба рукъалда батIи-батIиял къавмаз хIаж гьабулеб буго, ГIабдулмутIалибил васишха хIаж гьабиялдаса нахъ чIвалев? КагIбаялъул БетIергьанасдалъун гьедула дун къурайшиял гьалаглъанин абун. Гьаб къавм гIумра гьабизе бачIун буго» - абун. Гьесул рагIи рагIидал къурайшияз абуна: «Мун гIодов

чIа, мун агIрабияв вуго, дуда гIадамазул макрабиги лъаларо» - абун.

Цинги къурайшияз сакъафияв ГIурват бину МасгIуд витIана. Гьев аварагасухъе вачIана ва гьесда кIалъана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьесдаги Будайлида бицарабго жо бицана. ГIурватица абуна: «Я МухIаммад, нагагь дуца дур къавм ракьалдаса тIагIинабуни, *(ай, нужги бергьун къурайшиял тIагIинаруни)* дуда гIарабиязул цониги чи рагIанищ дудаса цебе жинца жиндир къавм тIагIинабурав? Гьедин гьечIого нуж рихxун лъутун ани, дуда сверухъ дида рихьулел руго мунги тун лъутун ине хIадурал авбашал *(сброд, жидер къадру гьечIел гIадамал)» - абун.* Гьесда Абубакрица квешаб рогьо бана ва абуна: «Нижищ лъутулел аварагасдаса?» - абун. ГIурватида кIвечIо Абубакрие (рогьо бан) жаваб кьезе, гьес ГIурватие цебехун цо лъикIлъи гьабун букIиналъ.

ГIурватица Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасде кIалъалеб мехалъ гьесул мегежалде квер бегьулеб букIана. АскIов вугев аль-Мугъират бину ШугIбатица гьесул квералда хвалчадул лъел кьабулеб букIана ва: «Расулуллагьасул мегежалдаса квер нахъе къазабе» - ян абулеб букIана. Аль-Мугъиратида ГIурватица абуна: «Я хиянатчи, дун жегиги дуд хиянаталъе гIоло хьвадулев гьечIищ?» - абун. Гьав ал-Мугъират ГIурватил вацасул вас вуго. Ислам босизе цебе гьес цо гIадамалги чIван гьезул къайи-матахI босун букIана. Хаду гьев аварагасухъе вачIана ва ислам босана. Аварагас гьесул ислам гуреб цогидаб жо къабул гьабичIо. *(ай, дол чIварал гIадамазде ва гьезул боцIиялде хурхараб жо къабул гьабичIо).* ГIурват вукIана гьеб ишалъул бицун хьвадулев. ГIурватица гьаб бакIалда рехсараб хиянатги гьеб буго.

ГIурватида бихьана хириял асхIабзабаз Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь кин кIодо гьавулев вугеблъи. Жив тIад вусиндал гьес къурайшияздa абуна: «Я дир къавм, дун ханзабазухъе унел къокъабазда гьоркьов вукIана: кисрадаги, къайсаридаги, нажашиясдаги. Валлагьи, дида цониги хан вихьичIо жиндир асхIабзабаз жив кIодо гьавулевлъун,

МухIаммадил асхIабзабаз МухIаммад кIодо гьавулеб хIалалъ. Валлагьи, гьес цо хIацIу туни гьеб цоясул хъатиниб гуро бортулеб букIинчIо, гьес гьеб жиндир гьумералда ва черхалда лъулъалеб букIана. Гьес жидеда цо амру гьабураб мехалъ гьеб тIубазе хехлъи гьабулеб буго. Гьес каки чурараб мехалъ гьеб каки чурараб лъималъе гIоло цоцаде рагъулел руго. Гьев кIалъараб мехалъ жидеца гьесда аскIоб гьаракь гIодогIан гьабулеб буго, гьев кIодо гьавун гьесда бадиреги ралагьулел гьечIо. Гьес нужедаги нуж тIоритIулеб нух цебе лъун буго, нужеца гьеб къабул гьабе» - абун.

Къурайшияздаги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасдаги гьоркьоб чапарзаби ритIун хабар бицунеб заманалъ, къурайшиязул гIантал гIолохъаби бецIаб сардилъ ат-ТангIим мегIералдаса гIодоре рачIун бусурбаби чIараб бакIалде рачIана. Гьезул лъабкъоялда анцIго ягиункъого чи вукIана. Гьезие бокьун букIана бусурбабазда ва къурайшиязда гьоркьоб маслихIаталъе бицунеб хабар хвезабизе *(ай, питна гьабизе).* Амма гьел бубсурбабаз ккуна. Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьел нахъе риччана ва тIаса лъугьунги тана. Гьаб ишалъул кIудияб асар лъугьана къурайшиязул рекIелъ хIинкъи реххиналъе ва гьел рекъел гьабиялде гьесизариялъеги. ТIадегIанав Аллагьас гьеб ишалъул бицун аят рещтIинабуна:

**Гьев Аллагь вуго нужер БетIергьан, Маккаялда аскIор ругеб мехалъ гьел мушриказул кверал жинца ккурав** нужее зарал гьабиялдаса **ва нужер кверал гьел мушриказдасаги ккурав** нужеца гьезда масжидул хIарамалда аскIоб рагъ гьабиялдаса**, нужер гьел мушриказда квершел батун букIун хадуб. Гьев Аллагь вуголъана нужеца гьабулеб кинабго гIамал жинда бихьулев.**

Сурату аль-ФатхIи, 24 аят.

## عثمان بن عفان رسولا إلى قريش ، وبيعة الرضوان

### ГӀусман бину ГӀафан къурйшиязухъе чапарлъун витӀи ва байгӀатур-ризван гьаби

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас хӀукму гьабуна къурайшиязухъе чапар витӀине, гьезда мухӀканго лъазе жал ГӀумра гьабизе гуреб цоги жоялъе рачӀарал гьечӀеблъи. Аварагас жинда Аллагь разилъаяв ГӀусман бину ГӀафан витӀана. Гьесда амруги гьабуна Маккаялда ругел гьижра гьабизе кӀвечӀел муъминзабазухъе щваян ва гьезда роххелги бицеян Макка бахъи гӀагарлъун букӀиналдалъун, ва Аллагьас жиндир дин загьир гьабизе букӀиналдалъунги. Цинги Маккаялда цониги чи вукӀине гьечӀин жинца дин бахчизе ккарав.

ГӀусман асхӀаб Маккаялда жанив лъугьана умавияв Абан бину СагӀидил цӀуниялдалъун. Гьес Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас битӀараб хабар къурайшиязухъе щвезабуна. Хадуб къурайшияз ГӀусманида абуна КагӀбаялда тӀавап гьабе абун. Авараг гьеб тӀавап гьабиялдаса нахъе чӀван вугелъул, ГӀусманица тӀавап гьабичӀо.

Къурайшияз ГӀусман Маккаялда чӀезавуна. Гьезие бокьун букӀине бегьула жидеца цоцазде мушавара гьабизе цинги жавабги босун гьев нахъе виччазе. Бусурбабазда гьоркьоб хабар тӀибитӀана ГӀусман чӀван вугин абун. Чапар чӀваялъул магӀна букӀуна рагъ лъазаби. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда гьеб хабар рагӀидал гьес абуна: «Нилъ нахъе унаро гьеб къавм тӀагӀинабун гурони» - абун. Цинги гьес, живги цо гъветӀалда гъоркь гӀодов чӀун, гӀадамал ахӀана рагъизе рукӀиналдалъун жиндие байгӀат гьабизе. АсхӀабзаби гьесухъе ана ва къвакӀараб хӀалалъ байгӀат гьабуна хвезегӀан рагъилин ва рагъдаса лъутиларин абун. Аварагас жиндир цояб квер цоялъ ккун абуна: «Гьаб ГӀусманил байгӀат буго» - абун.

БайгӀат гьабун лъугьиндал жинда Аллагь разилъаяв ГӀусман асхӀабги вачӀана. Гьаб байгӀаталъул хиралъи бицун ТӀадегӀанав Аллагьас аят рещтӀинабуна:

**ХӀакълъунго ТӀадегӀанав Аллагь разилъана жидеца дуе байгӀат гьабулел муъминзабаздаса ХӀудайбияталда гъветӀалъул рагӀадалда гьоркь мун вугеб гӀужалъ. Аллагьасда лъана гьел муъминзабазул рекӀелъ бугеб ритӀухълъи ва къотӀи тӀубазе бугеб къасд. Аллагьас гьел муъминзабада хӀалхьей ва ракӀ парахалъи рештӀине гьабуна ва гьезие Аллагьас жиб гӀагардаго бугеб бергьенлъиги къуна.** Хайбар бахъана ва гьелъул гъаниматал щвана. Ахираталда гьезие алжаналъул нигӀматал рукӀине руго. Сурату аль-ФатхӀи, 24 аят.

Гьаб аяталъе гӀоло байгӀаталда цӀар тана «байгӀатур-ризван» - абун. *(Аллагь разияб байгӀат)*

## عقد الصلح

### Къурайшиязулгун маслихӀат гьаби

Къурайшиязда рагӀана гьаб байгӀаталъул хабар ва гьезда тӀад кӀудияб хӀинкъи лъугьана. Гьез хехлъи гьабуна маслихӀаталъул къотӀи гьабизе Сугьайл бину ГӀамру витӀине. Сугьайл бусурбаби ругеб бакӀалде вачӀана ва халатго Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьгун кӀалъана. Гьелъул хӀасилалда аварагас маслихӀат гьабиялъул гьал шартӀал къабул гьаруна:

= Къурайшиязул расул гьаб соналъ бусурбабигун цадахъ нахъе вусуна, Маккаялда жанивги лъугьунаро. Гьев Маккаялда жанив лъугьуна тӀасияб соналъ ва лъабго къоялъ гьенивги чӀола. Гьевгун цадахъ ярагъги букӀунаро, лъелалда жаниб бугеб хвалчен гурони.

= КӀиябго къокъаялда гьоркьоб рагъ букӀине гьечӀо анцӀго соналъ.

= МухӀаммадилгун къотӀи гьабизе бокьарас гьесулгун къотӀи гьабула, къурайшиязулгун къотӀи гьабизе бокьарас гьезулгун къотӀи гьабула.

= Къурайшиязул бусурбабазухъе вачӀарав чи гьез къурайшиязухъе тӀад вуссинавула, Бусурбабазул къурайшиязухъе вачӀарав чи гьез бусурбабазухъе тӀад вуссинавуларо.

Гьал шартӀазда авараг ва Сугьайл рекъон хадуб жинда Аллагь разилъаяв ГӀали асхӀаб ахӀана ва гьесда абуна «бисмиллагьиррахӀманиррахӀим» хъвай абун. Сугьайлица абуна: «Нижеда лъаларо ар-РахӀман щив вугев. Дуца хъвай «бисмика Аллагьумма» - абун. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас ГӀалида амру гьабуна гьедин хъвай абун. Хадуб аварагас абуна: «Дуца хъвай: Гьаб буго Аллагьасул расул МухӀаммадица жинда маслихӀат гьабураб жо» - абун. Сугьайлица абуна: «Нижеда мун Аллагьасул расул вукӀин лъалеб букӀарабани нижеца мун КагӀбаялдаса нахъе чӀвалароан, дуда рагъги гьабилароан. Дуца хъвай «МухӀаммад бину ГӀабдуллагь» - абун.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: «Дун Аллагьасул расул вуго, нужеца дун гьереси гьавуниги» - абун. Цинги ГӀалида амру гьабуна доб Аллагьасул расул абураб рагӀи нахъе бацӀцӀеян ва МухӀаммад бину ГӀабдуллагь хъваеян. ГӀали асхӀаб гьеб бацӀцӀиларин чӀедал, аварагас жиндир хирияб квералъ гьеб нахъе бацӀцӀана. Гьеб кагъат кӀиго нусха *(копия)* хъвана: цо нусха къурайшиязе, цогидаб бусурбабазе.

## قضية أبي جندل

### Абужундалил хӀукму

Гьаб маслихӀаталъул кагъат хъвалеб мехалъ ислам буси сабаблъун мушриказ жинда гудралги ран вугев Абужундал абулев чи вачӀана. Гьев вуго гьаб маслихӀат гьабизе къурайшияз витӀарав Сугьайл бину ГӀамрил вас. Сугьайлица аварагасдаса гьев нахъвиччай тӀалаб гьабуна. Аварагас абуна нилъеца жеги кагъат хъван тӀубан гьечӀин абун. Сугьайлица абуна: «Гьедин бугони дица дуе гьеб кагъат хъвай тӀубазабиларо» - абун. Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьарана цохӀо гьев Абужундал жиндие кьеян абун. Гьелдаги Сугьайл разилъичӀо ва гьес Абужундалида кьабуна. Гьес кӀудияб гьаракь гьабун ахӀана: «Я бусурбабазул жамагӀат! Дун мушриказухъищ кьолев гьез дир диналдаса

вуссинавизе» - абун. Аварагас абуна: «Дуца сабру гьабе ва гьеб Аллагьасе гIоло букIинги лъай. Аллагьас дудаса ва мунгун цадахъ ругел къурайшияз загIип гьарурал гIадамаздасаги гьеб къварилъи тIаса босине буго» - абун.

Жинда Аллагь разилъаяв ГIумар асхIабас Абужундал эмен чIваялде гьесинавулев вукIана, амма гьес гьеб жо гьабичIо.

## حل المسلمين من عمرة وحزنهم على قضية الصلح

### Бусурбабаз гIумра бичи ва гьел къурайшиязулгун сулхI гьабиялда пашманлдъи

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь сулхIалъул кагъат хъваялдаса ватIалъидал гьес бусурбабазде амру гьабуна: «Нуж тIаде рахъа ва нужеца сайгъаталъе рачIарал варанаби хъве!» - абун. Гьезул цониги чи тIаде вахъинчIо. Аварагас гьеб рагIи лъабго нухалъ абуниги гьезул цониги чи тIаде вахъинIо. Гьев Умусаламатил бакIалде жанив лъугьана ва гьелда бицана бусурбабаз гьабураб жо. Жинда Аллагь разилъаяй Умусаламатица аварагасе ишара гьабуна гьес жинцаго варанаби хъвеян, бетIерги кIкIваян, цониги чиясдаги кIалъаге абун. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьедин гьабуна. Мушриказул ццин бахъине Абужагьлил букIараб, магIарзухъе гIарцул горги хураб вараниги хъуна. АсхIабзабазда гьеб иш бихьидал гьезги тIаде рахъун варанаби хъуна ва бутIрулги кIкIвана. Варани ва гIака анкьго чиясдаса хъолеб букIана *(ай, цо варани анкьго чисул гьадюлъун хъолеб букIана).* Бусурбаби, жидеда щвараб кIудияб пашманлъиялъ цоцаде рагъизецин хIадурги рукIана.

Гьел пашманлъиялъе кIиго сабаб букIана: цо букIана бусурбаби ГIумра гьабичIого нахъруссине ккей, кIиабилеб букIана гьеб сулхIалъ кIиябго къокъа бащад гьабун гутIи. Бусурбабаз къурйшиязул чи нахъе кьезе кколев вуукIана, къурайшияз бусурманчи нахъе кьезе кколев вукIинчIо. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас тIоцебесеб сабабалдаса бусурбаби гIодоре руссинаруна гьез тIаде бачIунеб соналъ ГIумра гьабизе букIиналдалъун. Гьелдаги тIад Макка

бахъизе букIин бицун аварагасда бихьараб макьуги букIана. СулхIалъул гьаб бакIалда кIиябго къокъаялъул маслихIат цIуниги букIана.

КIиабилеб сабабалдаса, ай, кIиябго къокъаялда гьоркьоб бащалъи гьечIолъи, - гьелдаса бусурбаби гIодоре руссинаруна нилъедаса мушриказухъе арав чи Аллагьас рикIкIад гьавурав чи вугин, гьезухъан нилъехъ вачIарасе Аллагьас гьеб къварилъиялдаса хвасарлъи гьабизе бугин, гьесдаса ургъелги тIаса босизе бугин абун.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул гьаб рагIи букIана амруялъул гъварилъуда валагьун абураб. ХIабаш улкаялда рещтIараб бусурбабазул цо къокъа букIиндал ва гьезда гьаб къотIиялъ щвей гьабуларелъул, Маккаялда ругел бусурбабазда кIолаан гьенире ине. Гьелда жанибги бусурбабазе маслихIат букIана. Кинниги загьиралда сулхIалъул къотIи къурайшиязе маслихIат бугеб букIиналъ бусурбабазул ракIазе квешаб асар гьабун букIана.

Гьединлъидал жинда Аллагь разилъаяв ГIумар бину ХатIаб аварагасухъе вачIана ва гьес абуна: «Я расулуллагьи, нилъ хIакъаб жоялда гьечIищ, гьел батIулаб жоялдаги гьечIищ?» - абун. Аварагас уян абидалго, ГIумарица абуна: «Нилъер чIварал алжаналда гьечIищ, гьезул чIварал жужахIалда гьечIищ?» - абун. Аварагас гьелдаи уян абуна. ГIумарица абуна: «Гьединги букIадго нилъеца диналъе гIодогIанлъи щай кьолеб ва Аллагьас гьездаги нилъедаги гьоркьоб хIукму гьабичIого нахъе щай руссунел?» - абун. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: «Я ИбнухатIаб! Дун Аллагьасул расул вуго, дун Гьесде гIассилъулевги гьечIо. Гьев Аллагьас дие квер бакъизе буго ва дун кидаго гIададе хвезавизе гьечIо» - абун.

Цинги щцин бахъун вугеб хIалалъго ГIумар асхIаб жинда Аллагь разилъаяв Абубакрихъе ана ва гьесдаги аварагасда бицараб гIадаб жо бицана. Гьес ГIумарие аварагас гьабурабго жаваб гьабуна. Цинги Абубакрица ГIумарида абуна: «Дуца хвезегIан аварагасул узденг *(стремя)* ккве, Валлагьи, гьев хIакъаб жоялда вуго» - абун.

Гьелдаса хадуб ТIадегIанав Аллагьас гьал аятал рещтIинаруна:

**Дица дуе Макка шагьар рагьана жиб баянаб, жиндилъ щибго шаклъи гьечIеб рагьиналдалъун.** Дица дуе хIукму гьабуна МухIаммад, мун дур тушбабаздаса бергьизе вукIиналдалъун. Гьаб къотIи буго Аллагьас жиндие хирияв аварагасе Макка рагьизе кIиго соналъ цебего гьабураб къотIи.

**Дица дуе гьаб рохел бицунеб буго МухIаммад, дур цересел ва хадуселги мунагьал чуризе.** Гьаб рагIи буго Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасе бугеб хиралъи. Цереселги, хадуселги мунагьал чурана абараб рагIиялъул магIна буго, гьев хирияв авараг жинца мунагь гьабуларев вукIин, жив Аллагьасе тIагIат гIибидат гьабиялда тIад чIарав вукIин. **Аллагьас дуе кьараб нигIматги тIубазабизе.** Аллагьас гьесие кьураб нигIматги буго гьев аварглъун гьави, гьесухъе хирияб Къурьан рештIине гьабиги. Гьеб нигIмат тIубазе гьаби буго исламияб дин бергьинаби. **Аллагьас мун битIараб нухалдеги тIовитIизе.** Дуда Аллагьас вахIю гьабураб дин умматалъухъе щвезабун, гьел битIараб исламияб диналда тIоритIун, гьелдалъун гьел муъминзаби алжаналда лъугьунеб нухалда ритIун ккезеаризе.

**Аллагьас дуе квер бакъиги гьабизе мун кIодо гьавулеб ва дур тушбаби гIодогIан гьарулеб квербакъи гьабиялъ.** Гьеб квербикъиялдалъун дуе дунялалъулги ахираталъулги хиралъи щолеб. Сурату аль-ФатхIи, I-3 аятал.

Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьал аятал ГIумарие цIализе чи витIана. Гьел рагIидалго ГIумар асхIабас абуна: «Унгого Макка рагьанищха?» - абун. Аварагас рагьанин абуна ва ГIумар ракI гIодобе биччан нахъвуссана. Жинда Аллагь разилъаяв ГIумар пашманлъана жиндаса ккараб жоялдаса, *(ай, аварагасде абурал рагIабахдаса)* гьелъие гIоло жинца гIемерал лъикIал гIамалалги гьаруна. Гьес садакъа кьей, кIал кквей, какал рай ва лагъзал тархъи гIемер гьабуна, гьелдалъун жиндие лъикIлъи букIиналде хьул лъун.

## قضية النساء المهاجرات

### гьижра гьабурал руччабазул хIукму

ХIудайбияталда сулхI гьабун ва бусурбабаз гIумра бичун хадуб аварагасухъе Маккаялдаса муъминал руччаби рачIана. Гьезул купруялда ругел вализабаз Аллагьасул свалат-салам

лъеяв расулуллагьасдаса тIалаб гьабуна гьел жидехъе тIад руссинареян. Аварагас руччаби къотIиялда гьоркьор рукIинчIин абун гьел тIад руссинаричIо. Цинги ТIадегIанав Аллагьас гьаб аятги рещтIана:

**Я гьал муъминзаби! Нужехъе муъминал руччаби рачIараб мехалъ жидеца гьижра гьабун, гьезул хIалбихьи гьабе ва гьезул иман ритIухъаб бугодай абун лъазе гьабе. Гьез иман лъураблъи Аллагьасда лъала. Гьесда кинабго жоялъул хIакъикъатги лъала.** Муъминзабазда загьираб хIалалъ гьел руччабазул хIал лъазе ккани гьезул хIалбихьи гьабизе рекъараб буго.

**Нужеда лъани гьел руччаби жидеца иман лъурал рукIин, гьел капурзабахъе тIадрусине гьаруге. Гьел иман лъурал руччаби капурзабазе хIалаллъуларо ва капурзаби гьел руччабазеги хIалаллъуларо. Гьел руччабазул капурал росал ратани, гьел росабаз гьал руччабазе магьариде кьун букIараб боцIи дозухъе нахъе буссине гьабе. Нужее мунагь-хIакъ гьечIо гьел руччаби нужеца рачани гьезие магьариде боцIиги кьун. Нужер капурал руччаби ругони** (нужеца иман лъураб мехалъ руччаби иман лъечIого чIун ругони) **гьел нужер руччаби гьечIо, нужеца гьел нужер руччабилъун рикIкIунге.**

**Нужер руччаби иман лъечIого чIун нужедаса нахъе ани, нужеца гьезие кьун букIараб магьари нахъе тIалаб гьабе. Капурзабацаги тIалаб гьабе абе жидеца кьун букIараб магьари гьезул руччаби иманги лъун бусурманав чиясе араб мехалъ. Гьаб буго нужее бугеб Аллагьасул хIукму ва Аллагьас нужеда гьоркьоб гIадилаб хIукмуги гьабулеб буго. Гьев Аллагь вуго гIадилаб, жиндилъ маслахIат бугеб хIукму Жинца гьабулев ва лагъзадерие мунпагIат бугеб хIукму Жинда лъалев.** Сурату аль-МумтахIинати, I0 аят.

Гьаб аяталдалъун капурзабазе бусурманал руччаби хIарам гьаруна ва бусурбабазе капурал руччабиги хIарам гьаруна. Гьадин гьижра гьабун рачIарал руччабазул Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас хIалбихьи гьабулеб букIана ТIадегIанав Аллагьас гьаб хадуб бугеб аяталда бицараб жоялдалъун:

**Я гьав Бичасул авараг! Духъе иманги лъун жидеца байгIат гьабизе абун руччаби рачIараб мехалъ дуца гьезда байгIат гьабизабе жидеца Аллагьасе гьабулеб гIибадаталъулъ щибго жо гIахьал гьабиларин абун. Жидеца цIогьги гьабиларин, зинаги гьабиларин абун. Жидеца жидерго лъималги чIваларин, жидеца гьереси бицун чияр лъимер дур буго абун росасдаги абиларин абун.** Цо чIужу лъимер лъугьунарого йикIун, жий росас йиччала абун хIинкъараб мехалъ гьез

чияр лъимерги бачун, росасда гьаб дица дуе гьабураб лъимер бугин абулеб букIана. Гьеб иш гьабиларин абун байгIат гьабизабулеб букIана руччабазда. **Дуда хIакъаб жоялъулъ жал гIассилъиларинги гьабе байгIат. Гьал шартIал гьез къабул гьарураб мехалъ, дуца гьезие байгIат гьабе ва Аллагьасдаги гьаре гьезул мунагьал чуре абун. ХIакълъунго тIадегIанав Аллагь жинца мунагьал чурулев ва жив гурхIулев вуго.** Сурату аль-МумтахIинати, I2 аят.

Гьал шартIазда разилъарай гIаданалда аварагас абулеб букIана: «Дица дуе байгIат гьабуна» - абун. Гьезул квер босулеб букIинчIо, гьел капурзабахъеги кьолел рукIинчIо.

Гьал аятал рещтIиндал, бусурбабаз жидер капурал руччаби нахъе риччана ва капурзабазда ругел бусурманал руччабиги гьездаса ратIа гьаруна.

## دخول خزاعة في عهد المسلمين

### ХузагIатилаз бусурбабазулгун къотIи гьаби

Гьаб къотIи гьабулеб бакIалда ХузагIатилаз тIаса бищана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда цадахъ рукIин ва гьесулгун къотIияльулъ лъугьана. Гьел церегоги Банугьашимилалгун цадахъ рукIунаан. Банубакрилал абуни, къурайшиязулгун къотIиялъулъ лъугьана ва гьел Макка рагьиялъе сабаблъунги ккана. Гьелъул бицен хадуб бачIине буго, иншааллагь.

## حل قضية المستضعفين

### Маккаялде капурзабаз загIип гьарун рукIарал бусурбабазул къварилъи тIаса боси

Маккаялда мушриказ жидее гIазаб гьабулел рукIарал бусурбабазул Абубасир абулев чи гьезухъан лъутун ворчIана ва Мадинаялде вачIана. Къурайшияз Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасухъе кIиго чи витIана гьев нахъе вуссинавизе. Аварагас гьев нахъе кьуна. ЗульхIулайфат абураб бакIалда рещтIараб мехалъ Абубасирица гьезул цоялав чIвана,

цогидав гьесдаса лъутун Мадинаялде аварагасухъе ана ва гьес абуна: «Дир гьалмагъ чIвана, дунги чIвазе вуго» - абун. Цинги Абубасирги вачIана ва гьесда аварагас гьединаб иш гьабугеян лъазабуна. Абубасирие лъана жив гьанжеги къурайшиязухъе кьолеблъи, гьев Мадинаялдаса къватIиве вачIун ралъдал рагIалде щвезегIан ана.
Гьелдаса хадув Абужундалги лъутана ва гьевги Абубасиргун цадахъ чIана. Цинги мушриказухъан лъутун ворчIарав чи гьелгун цадахъ чIолев вукIана ва гьезул цо жамагIат данделъана. Гьез бай бихьана къурайшиязул Шамалдехун унел къапилабазде данде лъугьине ва гьел талавур гьарун гьезул боцIи бахъизе. Цинги къурайшияз Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасухъе Аллагьасул цIаралдалъун ва жидеда гьоркьоб бугеб гIагарлъиялдалъун гьарун чи витIана, Абубасирил къокъа Мадинаялде бачеян, гьанжеялдаса хадуб аварагасухъе вачIарав чиги къварилъи гьабичIого тезе вугин абун. Аварагас гьеб къокъаялъухъе гIадамал ритIана ва гьел Мадинаялде рачIана. Гьалдалъун капурзабаз загIип гьарун рукIарал бусурбабазул къварилъи тIаса босана.

<u>أثر الصلح</u>

**ХIудайбияталда гьабураб сулхIалъул асар**

Гьаб сулхIалъул исламияб дагIват цебехун иналъе цIакъ кIудияб асар букIана. Бусурбабазе заман щвана киналго гIарабиялгун дандчIвазе ва гьел Аллагьасул диналде ахIизе. Гьеб дагIват къабул гьабун гIемерал гIадамаз исламги босана. КIиго соналда жаниб бусурбабазул рикIкIен бахана анцIила ичIго соналъ бахун букIинчIеб къадаралде. Къурайшиязул къадру кIудиял ва тIаса рищарал гIадамал: ГIамру бину аль-ГIасс, Халид бину аль-Валид ва ГIусман бину ТIалхIат Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасухъе мутIигIлъун, ислам къабул гьабун рачIана, гьез Аллагь цо гьавун МухIаммад расул вукIин ритIухъ гьабун шагьадатги битIана. Гьез аварагасе исламалдалъун байгIат гьабуна, жидер кинабго магIишатги

гьесухъе кьуна, жидерго напсаздалъун, рухIаздалъун ва кинабго жоялдалъун гьев хвасар гьавиги тIаса бищана. Гьел рачIараб мехалъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: «Маккаялъ нилъехъе кьуна бищунго гьезие хирияб жо» - абун.

## مكاتبة الملوك والأمراء

### Ханзабахъе ва амруялъул бетIергьабахъе кагътал хъвай

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь ХIудайбияталдаса тIад вуссиндал ва къурайшиязулгун гьабураб къотIиги билълъинабиялдалъун гьездаса бугеб хIинкъиги тIаса индал, расулуллагьас бай бихьана ханзабазде ва амруялъул бетIергьабазде гьел исламияб диналде ахIун кагътал хъвазе. Гьезда баянги гьабизе жидеда цIикIкIараб жавабчилъи букIунеблъи гIадамал диналдаса нахъчIваялъул.

Гьал хадур ругел кагътал руго гьелги, дагьалго къокъ гьарун хъварал.

## - كتابه -ﷺ- إلى النجاشي : أصحمة بن الأبجر ملك الحبشة

### Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас ХIабаш улкаялъул хан АсхIамат бину аль-Абжар ан-Нажашиясухъе хъвараб кагъат.

Гьеб кагъаталда хъвана: «Жив гурхIулев, Жиндир гурхIел гIемерав Аллагьасул цIаралдалъун. Гьаб буго МухIаммад аварагас ан-Нажажияв аль-АсхIам, ХIабаш улкаялъул кIудиясде хъвараб кагъат. ХIакъаб жоялде нахъвилълъарав чиясде салам буго. Жинца Аллагьасда ва Гьесул расуласда иманги лъурав. Жинца нугIлъиги гьабурав жив цогояв, жиндие шарик гьечIев цохIо Аллагь гурев цоги жиндие лагълъи гьабизе хIакъав алагь гьечIо абун, - Жинца хъизан - лъималги кквечIев. Ва *(жинца нугIлъи гьабурав)* МухIаммад гьев Аллагьасул расул вуго, Гьесул лагъги вуго абун. Дица дуде исламияб ахIиялделъун ахIулеб буго: дун хIакълъунго гьев Аллагьасул расул вуго. дуца ислам босани мун хвасарлъизе вуго.

**«Я гьал китабиял! Нуж рачIа нижееги нужееги башадаб, хIакъаб калимаялде. Гьеб калимаги: Нилъеца лагълъи гьабунгутIи буго цохIо Аллагьасе ﷻ гурони ва Аллагьасе гьабулеб гIибадаталъулъ щибго жо гIахьал гьабунгутIиги буго. Ва Аллагьги живго тун нилъеда гьоркьоса цо гIадамал гьезие хъулухъ гьабулеллъун ва лагълъи гьабулеллъун ккунгутIиги буго.**

**Гьаб хIакъаб рагIиялде рачIинчIого гьел китабиял дорехун руссун чIани, дуца абе МухIаммад ﷺ: «Я китабияб агьлу! Нужеца нижее нугIлъи гьабе Аллагьасда аскIоб ниж Аллагь цо гьавурал ва гьесул расулги ритIухъ гьавурал, гьев Аллагьасе гIибадатги гьабулел рукIиналдалъун» -** абун.

Мун ислам босичIого вуссун чIани, дуда мунагь буго дур къавмалъул киналго насраниязул» - абун.

Ан-Нажашиясухъе гьаб кагъатги босун Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас ГIамру бину Умаят аз-Замири витIана. Кагъат кодобе босидал ан-Нажашияс гьеб жиндир беразда тIад лъуна, цинги жив тахидаса гIодов рещтIана ва ЖагIфар бину АбутIалибида цеве бусурманлъана. Аварагасухъе кагъатги хъвана жинца ислам босанин ва байгIатги гьабунин абун. Гьес муъминзабазул эбел Абусуфянил яс УмухIабибат аварагасе чIужулъунги кьуна, жиндир рахъалъан гьелъие магьариде ункънусго динарги кьуна.

Ан-нажашияс УмухIабибат ва цогидал гьенир рукIарал бусурбаби кIиго гамидаги рекIинарун ГIамру бину Умаят аз-Замиригун цадахъ Мадинаялде ритIана. Гьел Мадинаялде щвана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Хайбаралда вугеб мехалъ. Гьав ан-Нажаши хвана гьижрияб ичIабилеб соналъул Ражаб моцIалъ. гьев хвараб къоялъ аварагас гьесул зигари гьабуна, гьесда жаназаялъул какги бана. Жиндир бакIалда гьес цоги чиги тана, гьес ислам босарабищ яги босичIебищги лъаларо.

## - كتابه -ﷺ- إلى المقوقس ملك الإسكندرية

**Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Искендериялъул хан аль-Мукъавкъисихъе хъвараб кагъат.**

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Мисриялъул ва Искендериялъул хан аль-Мукъавкъисихъеги кагъат хъвана. Гьелда хъван букIана:

«Жив гурхIулев, Жиндир гурхIел гIемарав Аллагьасул цIаралдалъун. Гьаб буго МухIаммадица, Аллагьасул лагъас ва гьесул расулас КъибтIиязул кIудияв аль-Мукъавкъисихъе хъвараб кагъат. ХIакъаб жоялде нахъвилълъарав чиясде салам буго. Гьелда хадуб, Дица дуде исламияб ахIиялдалъун ахIулеб буго, дуца ислам босани мун хвасарлъизе вуго. Дуца ислам босани, дуе Аллагьас кIиго нухалъ ажру кьезе буго. Мун ислам босичIого вуссун чIани, дуда КъибтIиязул агьлуялъул мунагь буго.

**«Я гьал китабиял! Нуж рачIа нижееги нужееги башадаб, хIакъаб калимаялде. Гьеб калимаги: Нилъеца лагълъи гьабунгутIи буго цохIо Аллагьасе ﷻ гурони ва Аллагьасе гьабулеб гIибадаталъулъ щибго жо гIахьал гьабун гутIиги буго. Ва Аллагьги живго тун нилъеда гьоркьоса цо гIадамал гьезие хъулухъ гьабулеллъун ва лагълъи гьабулелллъун ккунгутIиги буго.**

**Гьаб хIакъаб рагIиялда рачIинчIого гьел китабиял дорехун руссун чIани, дуца абе МухIаммад ﷺ: «Я китабияб агьлу! Нужеца нижее нугIлъи гьабе Аллагьасда аскIоб ниж Аллагь цо гьавурал ва гьесул расулги ритIухъ гьаврал, гьев Аллагьасе гIибадатги гьабулел рукIиналдалъун»-** абун.

Гьаб кагъатги босун Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас ХIатIиб бину АбубалтагIат витIана. ХIатIибица гьесухъе кагъат кьуна, гьевгун кIалъазеги кIалъана. Аль-Мукъавкъисица ХIатIиб кIодо гьавуна, гьеб кагъатги лълъаралъул гьабураб лъелалда жаниб лъун тIаде мугьру *(печать)* чIвана ва гьеб цIунана. Цинги гьес аварагасухъе кагъатги хъвана жинда лъалеб букIанин авараг вахъунеблъи, амма жинда ракIалда букIанин гьев Шамалда вахъилин абун. Амма гьес ислам босичIо. Аль-Мукъавкъисица аварагасе къибтIиязул къадру бугел хъизаназул кIиго яс сайгъат гьаюна,

Марият ва Сирин. РетIелги, Дулдул абун цIар бугеб гIорцIенги сайгъат гьабуна. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Марият жиндиего тана, гIорцIенги рекIана, Сирин ХIасан бину Сабитие сайгъат гьаюна.

## -كتابه -ﷺ- إلى كسرى أبرويز ملك فارس

**Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Фарисазул хан Кисрахъе хъвараб кагъат.**

Персазул (Иран) ханасухъе аварагас хъвана:

«Жив гурхIулев, Жиндир гурхIел гIемарав Аллагьасул цIаралдалъун. Гьаб буго МухIаммадица, Аллагьасул лагъас ва гьесул расулас парисазул кIудияв Кисрахъе хъвараб. ХIакъаб жоялде нахъвилълъарав чиясде салам буго: Жинца Аллагьасда ва Гьесул расуласда иманги лъурав. Жинца нугIлъиги гьабурав жив цогояв, жиндие шарик гьечIев цохIо Аллагь гурев цоги жиндие лагълъи гьабизе хIакъав алагь гьечIо абун. Ва *(жинца нугIлъи гьабурав)* МухIаммад гьев Аллагьасул расул вуго, Гьесул лагъги вуго абун. Дица дуде исламияб ахIиялдалъун ахIулеб буго: дун хIакълъунго гьев Аллагьасул кинабго халкъалде витIарав расул вуго: **чIагоял чагIазе ахиратальул гIазабалдалъун хIинкъи кьезе, капураб къавмалъе гIазаб букIине бугин абураб рагIиги хIакълъизе.** Дуца ислам босани, мун хвасарлъизе вуго. Мун ислам босичIого вуссун чIани, дуда мажусиязул мунагь буго» - абун.

Гьаб кагъат босун Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас ГIабдуллагь бину ХIузафат ас-Сагьми витIана. Гьесда амру гьабуна гьеб кагъат БахIрейналъул ханасухъе кьеян, гьес Кисрахъе кьезе.

Кисрае гьеб къагъат цIаларабго гьес кагъат бихъ-бихъун бана ва жинца абуна: «Дир рагIияталъул хIакъирав лагъас жиндир цIар диралдаса цебе хъван буго» - абун. Гьеб хабар аварагасде щведал гьес абуна: «Аллагьас гьесул ханлъи тIе-тIезабеги» - абун. Гьедин ккезеги ккана. Румаздаса гьезул гIаскар биххун лъутана. Цинги гьесде тIаде жиндирго вас Ширавайгьи

кIанцIун, гьевги чIван гьесул мулк жиндие босана. Гьелдаса хадубги персазул улка пасалъулеб букIана, ахиралда ГIумар асхIабасул заманаялъ бусурбабазул аскаралъ гьелда квершел гьабизегIан ва тIокIаб персазул улка бахъун чIечIо. (ай, ханлъи ва бетIерлъи гьезие букIинчIо.

## وكتب النبي -ﷺ- إلى قيصر ملك الروم

**Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас къайсарихъе, Румазул ханасухъе кагъат хъвана.**

«Жив гурхIулев, Жиндир гурхIел гIемарав Аллагьасул цIаралдалъун. Гьаб буго МухIаммадица, Аллагьасул лагъас ва гьесул расулас Румазул кIудияв Гьиракълихъе хъвараб кагъат. ХIакъаб жоялде нахъ вилълъарав чиясде салам буго. Дуца ислам босани мун хвасарлъизе вуго. Дуца ислам босани дуе Аллагьас кIиго нухалъ ажру кьезе буго. Мун ислам босичIого вуссун чIани, дуда дур рекьарухъабазул мунагь букIине буго.

**«Я гьал китабиял! Нуж рачIа нижееги нужееги башадаб, хIакъаб калимаялде. Гьеб калимаги: Нилъеца лагълъи гьабунгутIи буго цохIо Аллагьасе ﷺ гурони ва Аллагьасе гьабулеб гIибадаталъулъ щибго жо гIахьал гьабун гутIиги буго. Ва Аллагьги живго тун нилъеда гьоркьоса цо гIадамал гьезие хъулухъ гьабулеллъун ва лагълъи гьабулеллъун ккунгутIиги буго.**

**Гьаб хIакъаб рагIиялде рачIинчIого гьел китабиял дорехун руссун чIани, дуца абе МухIаммад ﷺ: «Я китабияб агьлу! Нужеца нижее нугIлъи гьабе Аллагьасда аскIоб ниж Аллагь цо гьавурал ва гьесул расулги ритIухъ гьавурал, гьев Аллагьасе гIибадатги гьабулел рукIиналдалъун»-** абун.

Гьаб кагъат босун Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас ДихIят бину Халипат аль-Калбийи витIана. Гьесда амру гьабуна гьеб кагъат Бусраялъул ханасухъ кьеян, гьес къайсарихъе кьезе. Гьев, жиндирго хIатIазда вилълъун, ХIимсалдаса Байтулмакъдисалда вачIун вукIана: Персазда тIад жив бергьиналъе Аллагьасе шукру гьабун.

Гьиракълихъе гьеб кагъат кьураб мехалъ, гьес Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь лъалев гIарабияв вачун рачIаян

гIадамал ритIана. Гьел гIадамазда къурайшиязул къокъагун цадахъ Абусуфян ватана. Дол гIадамал гьелги рачун Гьиракълихъе рачIана. Гьес гIарабиял жиндир мажлисалда ахIана, гьесда сверухъ Румазул къадру кIудиял гIадамалги рукIана. Гьес гIарабиязда гьикъана гьездаса насабалъул рахъалъан аварагасда гIагарав чи щив вугеван. Гьез Абусуфян вугин абидал, Гьиракълица гьев жинде гIагардегIан ахIана, цогидал гIадамалги гьесда нахъе гIодор чIезаруна. Гьес абуна: «Дица гьав чиясда гьикъизе буго дов чиясул, ай аварагасул хIакъалъулъ. Гьас гьереси бицани нужеца гьев гьереси бицаравлъун гьаве» - абун. Цинги Абусуфян гьереси бицинеги хIинкъана.

Гьиракълица  Абусуфянида гьикъана нужеда гьоркьоб гьесул насаб кинаб бугеб абун. Гьес абуна: «Гьев нижеда гьоркьоб лъикIаб насаб бугев вуго» - абун. Гьиракълица абуна: «Гьес бицараб гIадаб жо бицун гьесдаса цеве нужеда гьоркьосан чи кIалъан вукIанищ?» - абун. Гьес вукIинчIоян абуна. Гьиракълица абуна: «Гьесда нахърилълъунел гIадамал нужер хирияздасанищ ругел, яги загIипал гIадамалищ ругел? – абун. Абусуфяница загIипал гIадамал ругоян абуна.

Хадубги Гьиракълица абуна: «Гьел гIемерлъулелищ ругел, яги дагьлъулелищ ругел?» - абун. Гьес гIемерлъулел ругоян абуна. Ханас гьикъана: «Гьесул диналда лъугьарав чи гьеб динги тун, гьелда ццин бахъун нахъе вуссунев вугищ? – абун. Абусуфяница гьечIоян абуна. Ханас абуна: «Гьеб дин босун вачIинелде цебе нуж гьесда гьереси бицинин щаклъулел рукIанищ?» – абун. Гьес рукIинчIоян абуна. Ханас гьес хиянат гьабулищан гьикъидал, Абусуфяница гьабулароян абуна. Гьаб бакIалда Абусуфянил рес лъугьана аварагасда щаклъи реххулеб рагIи гьоркьоб лъезе ва гьес абуна: «Нижеда гьес гьаб сагIаталъ гьабулеб жо лъаларо» - ян абун.

Хадубги Гьиракълица абуна: «Нужеца гьесулгун рагъ гьабунищ?» - абун. Абусуфяница абуна: «Гьабуна, цин гьев бергьуна, цин ниж бергьуна» - абун.

Ханас абуна: «Гьес нужеда щиб жо гьабеян амру гьабулеб?» – абун. Абусуфяница абуна:  «Гьес амру гьабула:  нужеца

лагълъи Аллагьасе гьабе ва гьеб лагълъи гьабиялъулъ щибго жо гIахьал гьабуге. Нужер умумуз бицунеб жоги жибго те, гьеб бицуге. Как баян, ритIухълъи гьабеян, лъикIлъи гьабулел ва гIагарлъиялъулгун хурхен гьабулел рукIаянги» - абулаян абун..

Гьиракълица гьаб Абусуфяница бицараб жоялъе баян гьабун абуна: «Дуца абуна гьев лъикIаб насабалъул вугин, аварагзаби ритIула жиндир къавмалъул лъикIаб насабалдаса. Гьес бицараб гIадаб жо бицун гьесдаса цеве цоги чи кIалъан вукIинчIинги абуна дуца. Гьедин кIалъарав чи вукIаравани, дица абилаан гьес бицунеб жо дов чиясда нахъвилълъун бицунеб бугин абун. Дуца абуна нуж гьес гьереси бицилин шаклъулел рукIинчIин. Дида лъана гьединав чияс гIадамазде ва Аллагьасде гIунтIизабун гьереси бицунареблъи.

Дуца абуна гьесда нахърилълъарал гIадамазул бищун загIипал ругин, цогидал русулаздеги гьединал гIадамал рукIуна. Дуца абуна гьесда нахърилълъарал гIемерлъулел ругин, гьедин букIуна иман камиллъизегIан. Дуца абуна гьесда аскIосан дин реххун цониги чи нахъе унев гьечIилан, гьедин букIуна иман ракIалде жаниб лъугьараб мехалъ. Дуца абуна гьес амру гьабулеб бугин нужеца лагълъи цохIо Аллагьасе гьабеян, гьесдехун щибго ширк гьабичIого, хъанчазе лагълъи гьабиги теян. Как баян, ритIухълъи гьабеян, лъикIлъи гьабулел ва гIагарлъиялъулгун хурхен гьабулел рукIаянги.

Гьеб дуца бицунеб жо битIараб батани гьев чияс гьал дир хIатIал ругеб бакIалдаги ханлъи гьабизе буго. Дида лъалеб букIана гьев авараг вахъунеблъи, амма дида ракIалде кколеб букIинчIо гьев нужедаса вукIилин абун. Дида лъалебани дица гьесие бацIцIадаб хъулухъ гьабилеблъи, дица гьесда данде чIвай тIалаб гьабилаан. Дун гьесда аскIов вугебани дица гьесул хIатIалги чурилаан» - абун.

Цинги Гьиракълица кагъат босеян абуна ва гьеб цIалана. гьеб цIалидал цIакъаб хъуй багъарана, гIемераб дагIба-къецги гьабуна. Гьес Абусуфянги гьевгун цадахъ рукIаралги къватIире рахъинаруна. КъватIире индал Абусуфяница гьалмагъзабазда абуна: «Абукафшил амру билълъанхъун буго, гьесдаса Румазул

ханцин хIинкъулев вуго» - абун. Гьелдаса хадуб Абусуфянида лъалеб букIана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул амру бергьунеблъи, Аллагьас гьесие ислам босизе тавпикъги гьабуна.

ДихIят бину Халипат аль-Калбиясе Гьиракълица ретIел ва цогидаб жо кьуна, живги ХIимсалде тIад вуссана. Гьес Румазул церехъаби жиндир кIалгIаялъур ракIарана, цинги гьелъул рагьаби рахаян амру гьабун гьелги рахана. Цинги Гьиракълица абуна: «Я Румазул жамагIат! Нужее бокьун бугищ рохел ва битIараб жоялде тIоритIун рукIине, нужер ханлъиги нахъе хутIизе? гьеб нужее бокьун батани нуж гьав аварагасда нахърилълъа» - абун. Гьеб рагIи рагIидал гьел гIалхул хIамузда релълъун кIалгIаялъул рагьабазде рортана, жидеда гьелги рахан ратана. Гьезул лъути бихьидал Гьиракълица абуна гьел дихъе рачеян, цинги абуна: «Дица доб рагIи абун букIана нужер хIал бихьизе, диналде къвакIун чIолищан абун. Дида гьеб бихьана» - абун. Цинги гьез Гьиракълие сужда гьабуна ва гьесдаса разилъана.

Гьаб хабаралдаса нилъее баянлъана къайсарида Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь хIакъав авараг вукIин мухIканго лъана, кинниги гьесулъ жиндир ханлъи бокьи бергьана ва жинца ислам босичIо. Жиндирго ва жиндир рагIияталъул мунагьги гьесда тIад ккана, аварагас абун букIараб хIалалъ.

ДихIят бину Халипат Мадинаялде тIад вуссун вачIунаго, ХIасми абулеб бакIалде щведал гьесда тIад Банужузам абулеб къавмалъул гъачагъал кIанцIана ва гьез щибго жо нахъе течIого гьев талавур гьавуна. Мадинаялде щун Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда ккараб жо бициндал, гьес Банужузамазде Зайд бину ХIарисат витIана щунусго рагъухъанги вачун. Гьез тохлъукьего тIадеги кIанцIун гьел щущахъ риххизаруна, бихьинал чIвана, нусгоялдаса гIемерал руччаби-лъимал асир гьаруна. Гъаниматалъе азарго варани ва азаралда щунусго гIиялги щвана.

Цинги Жузамиязул Зайд бину РифагIат абулев чияс хехлъи гьабуна Мадинаялде ине ва аварагасда жидер асирзаби ва

гъанимат нахъе кьеян гъаризе. Гьев Жузамиязул церехъабазул цояв вукIана, гьесги гьесул гIадамазги исламги босун букIана. Гьез гъачагъал тIаде кIанцIараб мехалъ ДихIятие кумекги гьабун букIана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьесухъе асирзаби ва гъанимат нахъе кьуна.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас аль-ХIарис бину Абушамри аль-Гъассаниясухъеги кагъат хъвана, Румазул къайсар Гьиракълица Димишкъалда тIад тарав амирасухъе. Гьеб кагъаталда хъван букIана:

«Жив гурхIулев, Жиндир гурхIел гIемарав Аллагьасул цIаралдалъун. Аллагьасул расул МухIаммадил рахъалдаса, аль-ХIарис бину Абушамрихъе. ХIакъаб жоялда нахъ вилълъарав, жинца Аллагьасда иманги лъурав, гьеб иманалъулъ ритIухълъиги гьабурав чиясде салам буго. Дица мун ахIулув вуго жив цогояв, жиндие гIахьалчи гьечIев Аллагьасда иман лъеялде. Дуца иман лъуни дур мулк *(магIишат ва ракь)* дуе хутIизе буго» - абун.

Гьаб кагъат босун Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас ШужагI бину Вагьби аль-Асадий витIана. Аль-ХIарис бину Абушамрица кагъат цIалана ва гьеб нахъе реххана, жинцаги абуна: «Дир мулк бахъунев чи щив вукIунев?» – абун. Цинги гьев бусурбабазде рагъизе гIаскар битIизе хIадурана, ШужагI бину Вагьбидаги абуна гьаб дуда бихьараб жо дур гьалмагъасда, ай расулуллагьасда бицеян абун.

Аль-ХIарисица къайсарасдаса изну тIалаб гьабуна Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда вагъизе, амма гьес Аль-ХIарис гьеб къасдалдаса вуссинавуна. Цинги гьес ШужагI бину Вагьбие ретIел ва напакъа кьуна, гьевги берцинго нухда регIана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Бусра шагьаралъул амирасухъеги кагъат хъвана, гьев исламияб диналде ахIун. Гьеб кагъат босун расулуллагьас аль-ХIарис бину ГIумайр аль-Аздий витIана. Аль-Урдуналъул *(Иордания)* югалдехун бугеб Муътат абулеб букIалде щведал гьесда данде

вахъана ШурахIбил бину ГIамру аль-Гъассани ва гьес ХIарисил бетIер къотIана.

Гьаб иш букIана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасде гьабураб цIакъ кIудияб тушманлъи. Аварагасул квералъ гьав ШурахIбил гурев чиги чIвачIо. Расулуллагьасе ХIарис чIваялъ захIматаб асар гьабуна ва гьеб сабаблъун ккана Муътат абулеб букIалде гъазават гьабиялъе. Гьелъул бицен хадуб букIине буго, иншааллагь.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас аль-Ямаматалъул хан Гьавзат бину ГIалихъеги кагъат хъвана. Гьелда хъван букIана:

«Жив гурхIулев, Жиндир гурхIел гIемарав Аллагьасул цIаралдалъун. Аллагьасул расул МухIаммадил рахъалдаса, Гьавзат бину ГIалихъе. ХIакъаб жоялда нахъ вилълъарав чиясде салам буго. Дуда лъай дир дин загьирлъизе букIин чуязул ва варанабазул хIетIе щолеб бакIалда *(ай, киса-кибего)*. Дуца ислам босани мун хвасарлъизе вуго, дица дур мулкги дуе тезе буго» - абун.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас кагъат босун СулайтI бину ГIамир аль-ГIамир витIана. Гьавзат бину ГIалица гьев кIодо гьавуна, гьесда гъажараз бессараб ххамалъул берцинаб ретIелги ретIана, кагъаталъе жавабги хъвана. Гьес хъвана: «Дуца дун жинде ахIулеб жо цIакъ берцинаб буго. Дица дир къавмалъулгун мушавара гьабила, гьезде кIалъазеги кIалъала, дидаса гIарабиялги хIинкъула. Дуца духъ бугеб ишалъулъ дунги гIахьал гьавуни дун дуде нахъвилълъина» - абун.

Гьаб кагъат Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасухъе щведал, гьес абуна: «Гьес ракьул къотIел кьеян гьараниги дица гьесие гьеб кьеларо. Гьесда кодоб бугеб жоги гьалаглъизе буго» - абун. Гьавзат хвана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Макка бахъун тIад вуссараб мехалъ.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас аль-БахIрейнальул хан аль-Мунзир бину Савихъеги кагъат хъвана. Гьеб кагъаталда Мунзир ислам босиялдеги ахIана. Кагъат босун расулуллагьас аль-ГIалаъ бину аль-ХIазрами витIана. Мунзирица ислам босана, аль-БахIрейнальул цо гIадамазги ислам босана. Цогидал гIадамал жидерго ягьудиязул яги мажусиязул диналда хутIана. Мунзирица аварагасухъе гьеб иш бицун кагъат хъвана ва жинца щиб гьабилебанги гьикъана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас жаваб хъвана: «Бусурбабазул магIишат гьезие те, ягьудияздаса ва мажусияздаса жизятги босе, лъикIаб иш гьабулевлъун вугебгIан мехалъ мун дур хъулухъалдаса вахъизе гьечIо» - абун.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас ГIамманалъул кIиго ханасда, Жайфарида ва гьесул вацасдаги кагъат хъвана. Гьале гьеб кагъат:

«Жив гурхIулев, Жиндир гурхIел гIемарав Аллагьасул цIаралдалъун. Аллагьасул расул МухIаммадил рахъалдасан, Жайфариде ва ГIабдиде, Жаландил кIиго васасде. ХIакъаб жоялда нахъвилълъарав чиясде салам буго. Гьелда хадуб, дица нужеда ахIулеб буго исламалъул ахIиялдалъун. Нуж кIиясго ислам босе нуж хвасарлъизе руго, дун хIакълъунго Аллагьасул кинабго халкъалде витIарав расул вуго: **чIагоял чагIазе ахираталъул гIазабалдалъун хIинкъи кьезе, капураб къавмалъе гIазаб букIине бугин абураб рагIиги хIакълъизе. Нуж кIиясго** ислам босани нуж нужерго ханлъиялда тезе руго. Нуж ислам босичIого рууссун чIани нужер ханлъи тIаса ине буго, нужер ракьазда чуялги свердизе руго, нужер ханлъиялда тIад дир авараглъиги загьирлъизе буго» - абун.

Гьаб кагъат битIана жинда Аллагь разилъаяв ГIамру бину аль-ГIассгун цадахъ. ГIамманалде щведал гьесда данде чIвана ГIабд бину аль-Жуланди ва гьес гьикъана аварагас щиб жоялде ахIулел ругел абун. ГIамруца абуна: «Жив гурев цоги гьечIев, жиндие гIахьалчиги гьечIев Аллагьасе гIибадат гьабиялде ахIулел руго. Гьев Аллагь гуреб жиндие гIибадат гьабураб жо

теялдеги ахIулел руго. Гьединго МухIаммад гьев Аллагьасул лагъ ва расулги вуго абун нугIлъи гьабиялдеги ахIулел руго» - абун.

Цогиги бахIс, кIалъай гьабун хадуб ГIабдица гьикъана гьес щиб жоялделъун амру гьабулеб бугебан. ГIамруца абуна: «Гьес амру гьабулеб буго Аллагьасе мутIигIлъиялдалъун ва Гьесде гIасилъуге абунги. Гьединго амру гьабулеб буго лъикIлъи гьабеян, гIагарлъиялъулгун хурхен гьабеянги. Гьес нахъ чIвалел руго тушманлъи, зулму гьабиялдаса, зина гьабиялдаса ва хамру гьекъеялдаса. ГанчIазе, хъанчазе ва идолазе *(статуя)* лагълъи гьабиялдасаги» - абун.

ГIабдица абуна: «ЦIакъ лъикIаб жо буго гьес жинде ахIулеб. Дир вац разилъулевани ниж чуязда рекIун къватIире рахъинаан МухIаммадида иман лъезе ва гьев ритIухъ гьавизе. Амма дир вац цIакъ ханлъи бокьулев чи вуго, гьеб ханлъиги тун цоги чиясде нахъвилълъарав вукIиналдаса» - абун. ГIамруца абуна: «Нуж бусурманлъани расулуллагьас дур вац жиндирго къавмалъул ханлъиялда тола. Гьезул бечедазухъа босун садакъа гьезул мискиназеги кьола» - абун. ГIабдица абуна гьабги лъикIаб иш бугоян абун. Хадуб гьес гьикъана садакъа кин босулебан ва ГIамрица гьеб баян гьабун бицана. БоцIудасаги садакъа босулин абидал ГIабдица абуна: «Дида ккола гьелда дир къавм разилъиларин» - абун.

Цинги ГIабдица ГIамру жиндир вац Жайфарихъе вачана. Гьес досухъе кагъат кьуна ва Жайфарица гьеб цIалана, хадуб вацасухъеги кьуна. Гьес ГIамруда гьикъана къурайшияз щиб жо гьабураб абун. Гьес абуна; «Гьез ислам босана, дуцаги ислам босани мун хвасарлъизе вуго, гурони нужер ракь чуяз мерхьизе буго, гьелъул бечелъиги гьалаглъизе буго» - абун. Жайфарица метерлъизегIан жаваб кьей нахъбахъана. Метер вачIиндал Жайфарица гIамал кIодолъи ва къуват загьир гьабуна. Кинниги гьев жиндир вацгун цохIого хутIана ва гьесдехун мушавараги гьабуна. ТIасияб къоялъ гьев кIиясго ислам босана, ГIамру гIадамаздаса садакъа босизеги виччана, данде чIарасдаса садакъа босизе ГIамруе кумекги гьабуна.

Гьав кIиясухъего кагъат битIана Макка бахъун хадуб, цогидал кагътал ритIун рукIана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь ХIудайбияталдаса тIад вуссун хадуб.

## بين المسلمين وبقية الأطراف

**бусурбабазда ва цогидал гIадамазда гьоркьоб букIараб хIал**

ХIудайбияталда гьабураб сулхIалда рекъон къурайшиязда ва бусурбабазда гьоркьоб анцIго соналъ рагъ букIине бегьулароан. Гьаб къотIи сабабалъун Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасе гIараб улкабазда жанив бищунго квешав тушман къурайшиязул рахъалъан бугеб хIинкъиялдаса божилъи лъугьун букIана. Аварагасе рес лъугьун букIана Мадинаялде боял ракIарарал, жидеца хиянатги гьабурал, бищунго макирав, хъубав тушман ягьудиязул гIадлу гьабизе. Гьел рещтIун рукIана Хайбаралда, гьелдаса дорехун севералъул рахъалдеги. Гьезда гъазават гьабизе авараг хIадурлъулеб мехалъ цоги гьитIинабго иш тIубазе ккана, гьебги «рохьил гъазават» буго.

Гьеб гъазаваталъул баян гьадинаб буго:

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас рахь бечIчIулел варанаби ритIун рукIана УхIудалъул рахъалде бугеб рохьил рагIалде. Гьелгун цадахъ аварагасул гъулам РабахIги вехьги ва Салмат бину аль-АкваГI рукIана. Салматихъ АбутIалхIатил чуги букIана. Фазарияв ГIабдурахIман бину ГIуяйнат абулев чи тохлъукьего варанабазул рехъеналда тIад кIанцIана ва вехьги чIван киналго варанаби цере къотIун ине лъугьана. Абусалматица РабахIихъе чу кьуна Мадинаялде ахIи бан ине ва гьезда ккараб жо бицине. Живго Абусалмат цо борхатаб бакIалде вахун Мадинаялдехунги вуссун борхатаб гьаракьалдалъун лъабго нухалъ ахIана: «Я сабахIагь!» - абун. *(цо къварилъи ккедал гIарабияз гьедин ахIулеб букIана)*.

Цинги жив варанаби рачун унеб къавмалда хадув лъугьана, гьезда чIорал реххулаго ва жинцаги абулаго: <u>«Босе гьаб, дун</u>

Аль-АквагIил вас вуго. Жакъа буго хIалихьатал холеб къоI» - абун.

Салматица гьезда хадув лъугьун чIорал реххулел рукIана, гьезул чуялги лъукъулел рукIана. Цо рекIарав гьесда тIаде вачIине лъугьидал, гьес гъветIалда гъоркь гIодов чIун, гьенисан чIорги реххун досул чуги лъукIана. Гъачагъал цо къваридаб бакIалде жанире лъугьиндал, гьезда тIадегIанги вахун гьенисанги ганчIал ва чIорал реххана. Ахирги киналго варанабиги тун гъачагъал тIурун ана. Цингиги Салмат чIорал реххулаго гьезда хадув лъугьана. Жидее баччине захIмат букIун ва бигьалъи тIалаб гьабун, гьез лъеберго чухъа ва лъеберго румхI (копье) гIодобе реххана. Абусалматица гьезда тIад ганчIазул гохI гьабулеб букIана, гьел ругеб бакI лъазе.

Гъачагъал цо къваридаб бакIалда гIодор чIедал, Салмат гьезда тIадехун бугеб борхалъуде вахун гьенив гIодов чIана. Дозул ункъго чи гьев вугеб бакIалде рахун рачIидалго гьес абуна: «Нужеда лъалищ дун щив вугев? Дун вуго Салмат бину аль-АквагI. Дида кIола нужедаса бокьарав чи чIвазе, амма нужее дун чIвазе кIоларо» - абун. Цинги гьел нахъе руссун ана.

Дагьаб мехалдаса Салматида, гъутIбузда гьоркьосан Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул рекIарал рачIунел рихьана. ТIоцеве Ахрам вукIана, хадув аль-Къатадат, хадув Микъдад вукIана. Гьел тIаде щведал ГIабдурахIманги Ахрамги данде речIана. Ахрамица ГIабдурахIманил чу хвезабуна, гьес хеч тункун Ахрам чIвана. Ахрамил чуялдаги рекIун лъутизе лъугьарв ГIабдурахIман аль-Къатадатица чIвана, цогидал гъачагъал лъутун ана. Гьезда хадур лъугьун рекIараз гьел тIуризарулел рукIана, лъелго цадахъ унев Абусалматги вукIана.

Бакъ тIерхьунеб мехалъ гьел щвана Зукъирад абулеб лъим бугеб бакIалде. Лъин гьекъезеян тушманги гьенив рещтIун вукIана, гьел цIакъ къечон рукIана. Гьенисанги, лъин гьекъезегIан течIого Салматица гьел чIорал реххун нахъе тIамуна.

Боголилелде гьениве, рекIаралги цадахъ рачун, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьги щвана. Салматица абуна: «Я

расулуллагьи, гьал гIадамал къечон руго. Дуца дун цо нусго чигун витIани, дица гьел асир гьарилаан, гьезул боцIиги бахъилаан» - абун. Аварагас абуна: «Я ибну аль-АквагI, дуца бергьенлъи босун буго, гьанже мун гIодов виччай» - абун. Хадубги аварагас абуна: «Гьел гьабсагIат Банугъатфаназухъ гьоболлъухъ руго» - абун.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Салматие гъаниматалдаса лъеласул ва рекIарасул батIа кьуна, цинги жиндир аль-Гъазбаъ абулеб варaниялда жинда нахъа рекIинавуна. Аварагас абуна: «Жакъа нилъер рекIаразул бищунго лъикIав Абукъатадат вуго, нилъер лъелазул бищунго лъикIав Абусалмат вуго» - абун.

Гьаб гъазават ккана Хайбаралде рахъизе лъабгo къоялъ цебе. Мадинаялда тIад амирлъун Умумактум тун вукIана, байрахъги аль-Микъдадихъ букIана.

## غزوة خيبر

### Хайбаралде гьабураб гъазават

Гьижрияб тарихалъул анкьабилеб соналъул МухIарам моцIалъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Хайбаралде гъазават гьабун вахъана. ХIудайбияталде рачIинчIел гIадамазул цоял рачIана жидееги изну кьеян Хайбаралда рачIине. Киналго гIадамазда гьоркьоб ахIана Аллагьасул диналъе гIоло жигьад гьабизе ният бугев чи гурони къватIиве вахъугеян, амма гьезие (*ай, хIудайбияталда рукIинчIезе)* гъаниматалдаса щибго жо кьезе гьечIо абун. Цинги авараггун цадахъ ХIудайбияталда гъветIалда гьоркь байгIат гьабурал гурони къватIире рахъинчIо. Гьезул азаралда ункънусго чи вукIана. Мадинаялда тIад амирлъун Гъафарияв СабагI бину ГIарфатIат тана.

Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Хайбаралде унеб машгьураб нухде лъугьана. ГIага-шагарго бащадаб нух тараб мехалъ, гьебги тун Шамалъул рахъалдаса Хайбаралде унеб цоги нухалдехун сверана, Хайбаралъул агьлу

Шамалде лъутичIого рукIине гьездаги Шамалдаги гьоркьор кколеб хIалалъ. Ахираб сордо бана Хайбаралда гIагарда бугеб бакIалда, ягьудиязда авараг гьениве вачIараблъиги лъачIо. Рогьалил хъахIлъи баккараб мехалъ бецIабго букIун рогьалил как бана, цинги расулуллагь ва бусурбаби, рекIулел жалазда тIад рекIун, Хайбаралъул минаби ругеб рахъалде ана.

Ягьудиял, жидеда щибго жо лъачIого, жидер газа-белги босун ахакье хIалтIи гьабизеян къватIире рахъана. Бусурбабазул аскар бихьидал гьел лъутун нахъ руссана ва жидецаги абулеб букIана: «МухIаммад, Валлагьи МухIаммадги гьесул аскарги!» - абун. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: «Аллагьу акбар, Хайбар чIунтана. Нилъ цо къавмалъул ракьалда рещтIараб мехалъ, жидее хIинкъи кьун букIаразе цIакъ квешаб рогьел букIуна» - абун.

Хайбар буго Мадинаялъул севераб рахъалда, гьелдаса нусиялда лъабкъоялда анцIго километралъ рикIкIад. Гьелъул рукъзал лъабго авалалда рикьун рукIана: ан-НатIат, аль-Катибат ва ащ-Щикъ. Ан-НатIаталдаги лъабго хъала букIана: НагIимил хъала, ас-СагIбу бину МугIазил хъала ва аз-Зубайрил хъала. Ащ-Щикъалда кIиго хъала букIана: Убаюл хъала ва ан-Назарил хъала. Аль-Катибаталдаги лъабго хъала букIана: аль-Къамус хъала, аль-ВатIихI хъала ва ас-Салам хъала. Хайбаралда цогиги хъулби ва щулалъаби рукIана, жидер щулалъи ва тушман нахъе чIвай гьал хъулбузул даражаялде бахинчIел.

## فتح النطاة

### Ан-НатIат авал бахъи

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас аскар чIезабуна ан-НатIат авалалъул бакъ баккул рахъалда, ягьудияз рехараб чIор щолареб манзилада. Цинги рагъ бай бихьана НагIимил хъала сверун кквеялдалъун. Гьеб щулияб, тушман нахъе чIвалеб, жинда тIад рахине кIоларел рорхатал къадазул хъала букIана. ТIоцебесеб рагъул кьерда ягьудиял рукIана,

жидер азарго чиясул бакIалда чIолев МархIаб абулев бахIарчигун цадахъ. Цо чанго къоялъ бусурбабаз ва ягьудияз цоцаде чIорал реххулел рукIана.

Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас бусурбабазда роххел бицана гьеб хъала бахъиналдалъун, ва абуна: «Метер дица байрахъ кьезе буго жиндие Аллагьги гьесул расулги вокьулев ва Аллагьасеги гьесул расуласеги живги вокьулев чиясухъ» - абун. Мугьажираз ва ансараз гьеб сордо рогьана, щивасул хьулги букIана гьеб байрахъ жиндихъе кьелародай абун. рогьараб мехалъ аварагас абуна ГIали кив вугев абун. Гьез абуна гьев берал унтун вугин абун. Аварагас ГIалида хадув чи витIана ва гьев вачун вачIана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас ГIалил бадибе хIацIу туна, гьесие дугIаги гьабуна. Унтунго рукIинчIел гIадин ГIалил бералги сахлъана. Расулуллагьас гьесухъе байрахъ кьуна ва, рагъ байбихьизе цебе ягьудиял исламалде ахIеян абун амруги гьбуна.

Ягьдияз сардилъго жидер руччаби ва лъимал Ащ-Щикъ авалалде ритIун рукIана. Гьез хIукмуги гьабун букIана гьеб рогьалилъ рагъуе къватIире рахъизеян. Гьезухъе жинда Аллагь разилъаяв ГIали асхIаб индал, жинда гьел рагъизе хIадурунги ратидал, ГIалица гьел ислам босиялде ахIана. Ягьудияз гьеб нахъе чIвана. Боялда цеве вахъун МархIабаца къецалде чи ахIана. Гьес хвалченги хьвагIулаго абулеб букIана:

**«Хайбаралда лъала дун МархIаба вукIин. цIа боркьарал рагъал рачIараб мехалъ, жиндир хIал бихьарав ярагъги лебалав бахIарчи» -** абун.

Гьесде данде ГIамир бину аль-АкваНI вахъана, гьес абулеб букIана:

**«Хайбаралда лъала дун ГIамир вукIин, ярагъги лебалав хвалдасаги хIинкъуларев» - абун.**

Цинги гьез цоцаде хвалчен кьабуна. МархIабал хвалчен ГIамирил хъарщиялде (щиталде) щвана. Гьес ягьудиясул махIуялда кьабизеян къасд гьабун хвалчен хьвагIидал, гьеб къокъаб букIун досул махIулда щвечIо, тIаде буссун бачIун ГIамирил наказул хинкIалда щвана. Гьеб ругъун сабаблъун

хадуб заманалъ ГӀамир хвана. Гъесул хӀакъалъулъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагас абуна: «Гьесие кӀиго ажру буго, гьев къвакӀарав мужагьидги вуго. Гьаб ракьалда тӀад вилълъарав гьесда релълъарав гӀарабияв цӀакъ дагь вуго» - абун.

Хадув МархӀабада данде жинда Аллагь разилъаяв ГӀали вахъана, гьес шигӀруги рикӀкӀана: **«Дун вуго эбелалъ ХӀайдарин цӀар лъурав, рохьил гьалбацӀидаса гӀадин жиндаса хӀинкъулев, дица нужер гӀемерал хвезеги гьарила»** - абун.

ГӀали асхӀабас бетӀералда хвалчен кьабун МархӀаба чӀвана. Цинги гьесул вац Ясир цеве вахъана къецалде чи ахӀун. Гьесде данде аз-Зубайр бину аль-ГӀавам вахъана ва Ясирги жиндир вацасда нахърегӀизавуна. Цинги кутакаб рагъ бай бихьана, жиндилъ ягьудиязул чанго цевехъан чӀвараб. Гьезул тату хвана, жидер бакӀаздаса гьел нахъеги къана. Бусурбабаз хадур лъугьун гьел хъалаялда жанир кӀанцӀизаруна. Гьенисанги лъутун ягьудиял аскӀоб бугеб ас-СагӀбу бину МугӀазил хъалаялда жанир кӀанцӀана. Бусурбабаз НагӀимил хъалаялдаса гӀемераб квен-тӀех, чамастак ва ярагъ бакӀарана.

Гьанже бусурбабаз Аль-ХӀубаб бину аль-Мунзирил амирлъиялда гъоркь ас-СагӀбу бину МугӀазил хъала сверун ккуна ва гьеб лъабго къоялъ сверун ккун букӀана. Лъабабилеб къоялъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас дугӀа гьабуна гьеб хъала бахъун гьелъул гъанимат щвайги абун. Цинги бусурбаби хъалаялда гьужум гьабиялде ахӀана. Гьез кутакаб гьужуи гьабуна, къецалъе рахъин ва гучаб рагъги ккана. Ахирги гьеб рагъ ягьудиял риххун лъутиналдалъун тӀубана. Бусурбабаз бакъ тӀерхьилелде хъалаги бахъана.

Гьениб гӀемераб тӀагӀам ва мох-мохазул нах батана. Бищун гӀемераб гъанимат бусурбабазе гьеб хъалаялдаса щвана. гьеладаса цере бусурбаби цӀакъ ракъун рукӀана, гьез гьан кваназеян хӀамулцин хъун рукӀана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас хӀамузул гьан кванай бегьизабичӀо, цӀаялда тӀад лъун жаниб гьан белъулел рукӀарал хьагалги регизареян амру гьабуна.

Цинги ягьудиял аз-Зубайрил хъалаялъуре кIанцIана ва гьенир щулалъи ккун чIана. Гьеб букIана Ан-НитIат авалалъул лъабабилеб ва ахираб хъала. Бусурбабаз гьел сверун ккуна. Ункъабилеб къоялъ цо ягьудияс хъалаялъуб лъин бачараб бакI бихьизабуна ва бусурбабаз гьеб лъин къана. Ягьудиял къватIире рахъун гучалда рагъана, цинги лъутун ащ-Щикъ авалалде ана ва гьенир Аба хъалаялда жанир щулалъи ккун чIана.

## فتح الشق

### Ащ-щикъ авал бахъи

Ягьудиязда хадур лъугьун бусурбабаз гьеб хъалаги сверун ккуна. Цинги гучалда рагъизе хIадурлъи гьабун ягьудиял къватIире рахъана. Гьезул цояс къецалда вахъунев чи тIалаб гьавидал, гьесда данде вахъарас гьев чIвана. Цинги цогидасги къецалъе чи тIалаб гьавидал гьесде данде вахъун ансарияв Абудужанат Саммак бину Хуршатица гьевги чIвана. Гьев чIваравго Абудужанат хъала бахъизе цеве къана, гьевгун цадахъ бусурбабиги цере къана. Гьел хъалаялда жанире лъугьун цодагьалъ гьенирги рагъана ва ягьудиял гьенисанги лъутана. Гьел ан-Назарил хъалаялъуре кIанцIана, гьебги гьаб авалалъул ахираб хъала букIана. Аба хъалаялдаса бусурбабазе гIемераб къай-матахI, тIагIам ва гIиялги щвана.
Цинги цере ун бусурбабаз ан-Назар хъалаги сверун ккуна. Гьеб хъала тIаде рахизе нух гьечIеб мегIералда тIад букIана. Гьелъул агьлуялъ цIакъ гучаб данде чIейги гьабуна. Гьел божун рукIана бусурбабазда жидер хъала бахъизе кIоларин абун. Гьединлъидал хъалаялда жанир руччаби-лъималги рукIана. Гьез ганчIал ва чIорал реххун гучаб данде чIей гьабулеб букIана. Цинги бусурбабаз мунжаникъ *(ганчIал реххулеб жо)* лъуна ва гьелъ ягьудиял кутакалда хIинкъизаруна. Гьел кIудияб рагъго гьабичIого лъутун аль-Катибат авалалде ана. Бусурбабазда гьениб гъанимат батана, гьелда гьоркьоб пахьул ва щагIил цIарагIги батана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьеб цIарагI чурун, жаниб квен гьабеян абуна.

## فتح الكتيبة

### Катибат авал бахъи

Бусурбаби жегиги церегIан къана ва Катибат авалалъул тIоцебесеб хъала аль-Къамус анцIила ункъго яги къого къоялъ сверун ккуна. Цинги ягьудияз жал божуда теян гьаранин абуна тарих хъвалел гIалимзабаз. Цогидаз абуна бусурбабаз рагъ гьабун хъала бахъанин ва ягьудиял Катибат авалалъул цогидал хъулбузде лъутун анин. Гьебги аль-ВатIихI ва ас-Салам хъала буго.

Бусурбаби гьел сверун кквезеян рачIараб мехалъ ягьудияз аман *(божилъи гьаби)* гьарана: жал Хайбаралъул ракьалдаса хъизан-лъималгун цадахъ нахъе инин абун. Гьезие гьеб аманги гьабуна. Гьезие изну кьуна жидеда биччизе кIвараб къай-матахI нахъе босизе, гIарац месед хутIинегIан, чуял ва ярагъги хутIинегIан. Нагагь гьез балъго гьабун гьукъараб жо босун батани гьезулгун бугеб къотIи хвезе хIукму гьабуна. Цинги ягьудияз хъулби кодоре кьуна. Бусурбабазе нусго къолден ва ункънусго хвалченги щвана, азарго хечги щунусго гIарабиязул бутIги щвана. Таварат хъварал кагъталги щвана, гьел жидехъе кьян абурал гIадамазухъе кьуна.

Гьаб къотIуе хиянат гьабуна Кинанат бину Абуль-хIакъикъица ва гьесул вацас. Гьез гIемераб гIарац-месед ва жавгьарал рахчун ратана. Гьезулгун гьабураб къотIи биххана ва гьел хиянат гьабиялъе гIоло чIвана. Жинда Аллагь разилъаяй ХIуяйил яс Сафият Кинанатил чIужу йикIана ва гьейги асирзабада гьоркьой ккана.

Хайбар бахъулеб рагъулъ ягьудиязул ункъоялда анцIила лъабго чи чIвана. Бусурбабазул анцIила щуго, яги анцIила анлъго, яги анцIила микьго чи чIвана.

## قدوم مهاجري الحبشة وأبي هريرة وأبان بن سعيد

**ХIабаш улкаялда гьижра гьабун рукIарал бусурбаби ва Абугьурайрат ва Абан бину СагIид рачIин.**

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас ан-Нажашиясухъ кагъат босун витIарав ГIамру бину Умаят аз-Замирийгун цадахъ ХIабаш улкалда рукIарал мугьажирал рачIиндал, гьезул цо къокъа Хайбаралде рачIана. Гьезул анцIила анлъго чи вукIана, гьезда гьоркьов ЖагIфар бину АбутIалиб ва Абумуса аль-АшгIариги вукIана, жал киназдаго Аллагь разилъаги. Гьел расулуллагьгун данде чIвана Хайбар бахъун хадур, гьеб бикьилелде цере. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас ЖагIфарида убач гьабуна ва абуна: «Валлагьи, дида лъаларо дун Хайбар бахъиналъищ яги ЖагIфар вачIиналъищ цIикIкIун воххизавурав» - абун. Хайбаралъул гъанимат бикьулеб мехалъ гьезиеги бутIа кьуна. Цогидал мугьажирал ХIабашалдаса рачIунелго хъизан-лъималгун цадахъ Мадинаялде ана.

Хайбар бахъун хадур гьенив Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратги данде чIвана. Гьев Мадинаялде вачIун вукIана авараг Хайбаралда ун хадув. Гьес ислам босана ва Хайбаралде ине изнуги тIалаб гьабун гьениве ана. Гьесиеги расулуллагьас Хайбаралъул гъаниматалдаса бутIа кьуна.

Гьединго Хайбар бахъун хадуб гьенив Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда жинда Аллагь разилъаяв Абан бину СагIидги данде чIвана. Гьев бусурбабазул къокъаги бачун Наждалде ун вукIана. Жиндир хъулухъ тIубадалго гьевги Хайбаралде вачIана. Гьесие ва гьевгун цадахъ ругезе Хайбаралъул гъаниматалдаса жо кьечIо.

## قسمة خيبر

**Хайбаралъул ракь бикьи**

Ягьудиял аманалъул къотIи гьабун хадуб, жал нахъе инелде цебе, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасухъе цоги

жо гьарун рачIана. Гьез абуна: «Я МухIаммад, дуца ниж гьаб ракьалда те, нижеца гьеб хIалтIизабизе, гьелъие хъулухъги гьабизе. Нижеда гьаб ракьалъул хIал нужедаса лъикI лъала. Дуца ниже кье гьенисан бачIараб пихъалъул ва тIощалил бащалъи» - абун. Авараг гьелда разилъана, бусурбабазе бокьараб мехалъ гьел нахъе къотIизе рукIинги бицана. Гьаб хIукмуялда рекъон гьел Хайбаралда тун рукIана, жинда Аллагь разилъаяв ГIумар асхIабасул заманалде щвезегIан. Гьел квешаб ва хъубаб нухалъ хьвадизе лъугьиндал, ГIумар асхIабас нахъе гъуна.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Хайбаралъул ракь лъебералда анлъго бутIаялде бикьана. Щибаб бутIаги нусго бутIа жаниб бугеб букIана. Цинги гьелдаса бусурбабазул хIажатазе бащадаб нахъе бахъун тана, гьебги анцIила микьго бутIа буго. ХутIараб бащалъи, ай анцIила микьго бутIа, гъазаваталда рукIаразда гьоркьоб бикьана: лъелав чиясе цо бутIа, чугун вугесе лъабго бутIа: цо гъазиясе ва кIиго чуялъе. Чуялгун ругел кIинусго чи вукIана ва гьезие анлъго бутIа щвана. Лъелго ругезул азаралда кIинусго чи вукIана, гьезие анцIила кIиго бутIа щвана.

Хайбар чамасдакалдалъун ва тIощелалдалъун бечедаб букIана. Жинда Аллагь разилъаяй ГIаишатица абуна: «Хайбар бахъиндалго нижеца абуна, гьанже нижее гIорцIинегIан кваназе чамасдак щвела» - абун. Хайбаралдаса тIад руссун хадуб, мугьажираз жидехъе ансараз мунпагIат босизе кьун рукIарал чамасдакил гъутIбиги нахъе кьуна.

## شاة مسمومة

### загьру бараб чахъдал гьан

Рагъ лъугьиндал ва хIинкъиги тIаса индал, ягьудиял жидерго чорокаб иш гьабизе лъугьана. Гьез хIукму гьабуна Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь чIвазе. Гьез аварагасе сайгъат гьабун жинда загьру бараб чахъу кьуна. Гьеб кьезе тIамуна гьезул церехъабазул цояв Салам бину Мушкамил чIужу. Гьелда

лъалеб букIана аварагасе ратIаялъул гьан бокьулеблъи ва гьелда лъикIго загьру бана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас ратIаялдаса гьан хIанчIана ва гьеб чIамана, цинги гьебги гIодобе тун аварагас абуна: «Гьаб чахъу загьру бараб буго» - абун.

Гьелъул хIакъалъулъ дой чIужугIаданалда ва ягьудияздa гьикъидал, жидер мунагьалъе мукIурлъана ва гьез абуна: «Нижеца цоцаде абун букIана гьав чи ханлъи бокьун ватани гьевги хун нилъ парахалъилин, гьев авараг ватани гьесие загьруялъ зaралги гьабиларин» - абун. Аварагас гьей гIадан ва ягьудиял тIаса лъугьун тана. Хадуб, гьеб гьан кванарав Бишру бину аль-Барраъ бину МагIрур хведал, аварагас къисас босун дой гIадан чIваян амру гьабуна.

## استسلام أهل فدك

### Фадакалъул агьлу кверде рачIин

Фадак буго Хайбаралъул бакъ баккул рахъалда гьелдаса кIиго къол нухалъ рикIкIад бугеб росо. Гьанже гьелда «аль-ХIаитI» абула. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Хайбаралда щведалго МухIайсат бину МасгIуд витIун вукIана гьенир ругел ягьудиял исламияб диналде ахIизе. Гьез ислам боси нахъе бахъана. Жидеда Хайбар бахъанин рагIидалго, гьезул ракIазулъ хIинкъи лъугьана ва гьез тIалаб гьабуна Хайбаралъул агьлуялъе гьабураб гIадаб къотIи жидееги гьабеян абун. Гьезул рагIи къабул гьабуна. Фадакалъул ракь тун букIана хасго Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасе, гьелдаса жиндие напакъа кьезе ва БанугьашимилазулгIисиназул тIалаб гьабизе, гьел ригьнадеги рахъинаризе.

## وادي القرى

### Вади аль-Къураялъул бицен

Хайбаралъул рагъ лъугьун хадуб Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Вади аль-Къура абулеб ягьудиязул росолъе

ана ва гьел ислам босиялде ахIана. Гьез ислам босичIо, жал квердеги рачIичIо ва рагъ гьабизе къватIире рахъана. Гьезул цояв къецалъе вахъиндал гьев аз-Зубар бину аль-ГIавамица чIвана, цинги цогидав вахъиндал гьевги чIвана. Лъабабизе къецалъе вахъарав ГIалица чIвана. Гьедин къецалъе рахъун гьезул анцIила цо чи чIвана. Щивав чи чIванщинахъе гьел ислам босиялдеги ахIулел рукIана, щибаб как бан хадубги исламалде ахIулел рукIана. Гьедин сордо бачIана. Рогьараб мехалъ бакъ хочол къадаралъ борхилелде гьел риххун лъутун ана. Бусурбабазе гьезул гIемераб гъаниматги щвана. Хадуб гьезги тIалаб гьабуна жидее Хайбаралъулазе гьабураб къотIи гьабеян, гьезул рагIиги къабул гьабуна.

Таймаалъул ягьудиязде хабар щвана Хайбаралда, Фадакалда ва Вади аль-Къураялда ккараб жоялъул. Гьез бусурбабазулгун жизят кьезелъун маслихIат гьабуна ва жидерго ракьалда божи бугеллъун хутIана.

## زواجه -ﷺ- وبناؤه بصفية

### Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Сафият ячин

Жинда Аллагь разилъаяй ХIуяй бину АхтIабил яс Сафият асирзабазда гьоркьой йикIиндал, гьей Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул изнуялдалъун Калбиязул ДихIят бину Халифатица йосун йикIана. Цинги асхIабзабаз аварагасда абуна гьей дуе гуро рекъоларин: Гьей Къурайзатилазул ва ан-Назирилазул сайидат йикIиндал. Расулуллагьас гьей жиндихъе ахIана ва ислам босеян абуна. Гьелъ ислам босана. Цинги аварагас гьей лагълъиялдаса тархъана, гьеб тархъин магьаридеги лъун гьей жиндие чIужулъун ячана. Гьелъул гIида тIубазегIан цоги руччабазухъе кьун гьезда аскIойги тана.

Хайбар ва Вади аль-Къура бахъиндал, Фадакалъул ва Таймаалъул агьлуги жиндие мутIигIлъидал, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Мадинаялде тIад вуссане лъугьана. Садусабгьаъ абулеб бакIалде щведал Сафиятил гIида тIубана ва гьей бахIарайлъун аварагасухъе кьуна. Гьес чамасдак, тIорахь

ва нах жIубан гьабураб хIайс абулеб квенги хIадурун бертин гьабуна. Цинги лъабго къоялъ бахIаравлъун гьенивги чIана. Цинги нухда рилълъана ва Мадинаялде щвана гьижрияб анкьабилеб соналъул Сафар моцIрол ахиралда, яги РабигIулавал моцIалъ.

## غزوة ذات الرقاع

### Затур-РикъагI абулеб гъазават

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Хайбаралдаса тIад вуссун Мадинаялда парахатлъидал, гьесда рагIана гIалхуда ругел гIарабиязул къокъаби: Бануанмар, СагIлабат ва МухIариб данделъулел ругин абун. Мадинаялда тIад ГIусман бину ГIафанги тун, анкьнусго гIадав асхIабги цадахъ вачун авараг къватIиве вахъана. Гьес къасд гьабуна Мадинаялдаса кIиго къол нухалъ рикIкIад бугеб Нахлу абулеб бакIалде ине. Нухда унаго гьезде данде чIвана ГъатIфан абулел гIарабиязул къокъа. Бусурбабиги ГъатIфаналги цоцаде гIагарлъана, цоцазе хIинкъиги кьуна, амма гьезда гьоркьоб рагъ ккечIого ратIалъана.

Гьеб мехалъ как базе мех щвана ва Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас бусурбабазул цо къокъгун кIиго ракагIат бана, цинги гьел нахъегIан къан цоги къокъа бачIана ва гьезиеги кIиго ракагIат бана. Аварагасе ункъо ракагIат бугеб как букIана, бусурбабазе кIи-кIи ракагIат букIана. Гьалда хIинкъи бугеб мехалъ балеб как абула, гьеб как баялъул хIадисазда жал рицарал цоги батIиял къагIидабиги руго.

Аллагьас ракIазулъ хIинкъи реххун тушманасул къокъа бикь-бикьун нахъе ана ва расулуллагьги Мадинаялде тIад вуссана. Гьаб гъазаваталда цIар тана «затур-рикъагI» - абун, къвакIараб ракьалда рилълъун бусурбабазул хIатIал унтун рукIун, гьез ретIелги бихъун хIатIазда чIартал жемун рукIиналъ. Цогидаз абуна гьеб ракьалъул ва мугIрузул батIи-батIияб кьер бугин, батIи-батIияб хамил чIартазул гIадаб абун. Цогидаз «ар-рикъагI» гъазават гьабураб бакIалда цIар бугинги абуна.

## من يمنعك منى ؟

### Дица чIваялдаса мун лъица цIунилев?

Гьаб гъазаваталда ккараб ишалъул бищунго кIвар бугеб буго: Цо къоялъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь, тIаса бахъун хвалченги гъветIалъул гIаркьелалде бан, керчаб гъветIалъул рагIдукь рещтIун вукIана, цинги кьижунги ккана. Цогидал асхIабзабиги гъутIбузул рагIад бугеб бакIалде ун кьижун рукIана. Цинги вачIун цо мушриказул чияс аварагасул хвалчен босун гьеб лъалиниса къватIибе бахъана. Авараг макьдаса ворчIидал гьесда мушрик ватана бахъун хвалченги ккун жинда тIад вахъун чIун. Гьес абуна: «Мун дидаса хIинкъулищ?» - абун. Аварагас хIинкъуларин абидал мушрикас абуна: «Дица чIваялдаса мун лъица цIунилев?» - абун. Аварагас «Аллагьас цIунула» - ян абидал, гьесул кодоса хвалчен бортун ана.

Цинги хвалченги кодобе босун Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: «Дица чIваялдаса мун лъица цIунилев?» - абун. Гьес абуна мун хвалчен босаразул лъикIавлъун вукIаян абун. Аварагас ислам босиялде ахIидал гьес ислам босичIо, амма аварагасда рагъ гьабичIого букIине, рагъ гьабулелгун цадахъги вукIинарин къотIи гьабуна. Расулуллагьас гьев нахъе виччана. Жиндир къавмалъухъе вачIиндал гьес абуна: «Дун нужехъе вачIана гIадамазул бищунго лъикIасда аскIосан» - абун.

Гъазаватазул хабар бицунел гIадамаз абула гьаб гъазават гьижрияб тарихалъул ункъабилеб соналъ букIанин абун. Амма битIараб рагIи буго гьеб гьижрияб тарихалъул анкьабилеб соналъ букIанин аби. Гьаб рагIи ритIухъ гьабула жидеда Аллагь разилъаял Абугьурайрат ва Абумуса аль-АшгIари гьаб гъазаваталда рукIиналъ. Гьел тIоцере аварагасухъе Хайбар бахъун хадур рачIана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьаб гъазаваталда цебе ва гьелдаса хадубги сариятал ритIана Мадинаялъул сверухълъи ва нухал божи бугеллъун гьаризе,

жидеца зарал гьабулезул гIадлу гьабизе ва рагъ гьабизеян ургъулел къокъоби щущахъ риххинаризе. Калам къокъ гьабиялъе гIоло нилъеца гьеб бицинчIого тела.

## عمـــرة القضـاء

### БецIун гьабураб ГIумра

Гьижрияб тарихалъул анкьабилеб соналъул ЗулкъагIида моцIалъ, ХIудайбияталда гьабураб сулхIалда къотIи букIараб хIалалъ, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь ГIумра гьабизе вахъана. Мадинаялда тIад амирлъун Абурагьим аль-Гъифариги тана. Аварагас живгун цадахъ лъабкъого вараниги бачана, гьезул тIалаб гьабизе Нажият бину Жундаб аль-Асламида тIадги гьабуна. Къурайшияз хиянат гьабиялда хIинкъун цадахъ ярагъги босана, гьелъул тIалаб гьабулев чилъун Башир бину СагIду тана. Гьединго авараггун цадахъ МухIаммад бину Масламатил тадбиралда гъоркь нусго чуги букIана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас ГIумра бухьана ЗулхIулйфат абулеб бакIалдаса. Гьес лаббайкги бачана ва цогидал бусурбабазги гьевгун цадахъ лаббайк бачана. Цинги гьел церехун ана Вади яъжаж абулеб бакIалде щвезегIан. Гьениб жидеца цадахъ босараб ярагъ гIодоб лъуна, гьелда тIад кIинусго асхIабгун цадахъ Авс бину Хавла аль-Ансариги тана. Гьенисан церехун ана лъалинир лъурал хвалчаби ва чода рекIарасухъ букIунеб ярагъги кодоб букIун.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Маккаялда жанив лъугьана Санияту кадаъ абулеб бакIалдаса, ХIужун абулеб бакIалде жинца рачунеб. Авараг жиндир Къазваъ абун цIар бугеб варанниялда рекIун вукIана, гьесда сверун лъугьун, хвалчабиги рачлихъ рухьун, бусурбабиги рукIана. Расулуллагьас ва бусурбабаз лаббайк бачунеб букIана Масжидул хIарамалда жанире лъугьинегIан.

Масжидалда жанире лъугьиндал, аварагас жиндир цIал хIажарул асвадалда хъатIизабуна, цинги варaниялда рекIун

вукIадго тIавафги гьабуна. Гьевгун цадахъ бусурбабазги тIаваф гьабуна. Гьел КагIбаялда сверун рекерун сверулел рукIана жидер кваранаб гъажазул бетIерги ретIелалдаса гIицI гьабун, гIолохъанлъи ва къуват букIин загьир гьабун.

Жинда Аллагь разилъаяв ГIабдуллагь бину РавахIат, рачлихъ хвалченги бухьун аварагасда цеве унев вукIана ва гьес шигIру цIалулеб букIана:

**«Нуж аварагасул нухдаса нахъе а, я капуразул лъимал,**
**Кинабго лъикIлъи Аллагьасул расуласулъ буго.**
**Жакъа нижеца нужеда кьабила гьесда рещтIаралъул (Къуръаналъу) магIна гьабун,**
**Гьеб рещтIараб мехалъги нужеда кьабураб гIадин.**
**БетIер бортун унеб хIалалъ кьабила,**
**гьудуласда гьудул кIочолеб хIалалъги кьабила»** - абун.

Мушрикал КагIбаялъул квегIаб рахъалда КъунйкъагI мегIералда гIодор чIун, бусурбабазухъ ралагьун рукIана. Гьез цебеккун жидедаго гьоркьоб абун букIана: «Нужехъе бачIизе буго Ясрибалъул сиридал унтиялъ загIип гьабураб къокъа» - абун. Жидеда бусурбаби рекерулел рихьидал гьез абуна: «Гьал цIакъго къвакIарал руго…» - абун. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас амру гьабун букIана КагIбаялда сверун авалаб лъабго гор рекерун бахъеян, мушриказда гьезулъ бугеб къуват бихьизе. Яманалъул рукнуялдаги ХIажарул асвадалдаги гьоркьоб бугеб бакI хутIинегIан, гьеб мушриказда жиб бихьулареб югалъул рахъалде букIана.

ТIаваф гьабун лъугьидал Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь ас-Сафа ва аль-Марват мегIералда гьоркьов анкьго нухалъ хьвадана. Цинги аль-Марваталда аскIоб жиндир гьадюги хъуна, бетIерги кIкIвана. Бусурбабазги аварагас гьабураб жо гьабуна. Цинги Вади яъжажалде бусурбабазул цо къокъа битIана ярагъалда аскIор рукIине, гьенир рукIарал асхIабзабазги Маккаялде рачIун гIумра гьабизе.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Маккаялда лъабго къялъ чIана, гьений ХIарисил яс Маймунат чIужулъунги ячана. Гьей шагьидзабазул сайид ХIамзат бину ГIабдулмутIалибил чIужу йикIана, ибну аль-ГIаббасил

эбелалъул яцги йикIана.  Аварагас жий гъарараблъи лъадал гьелъ жиндир амру ибну аль-ГIаббасихъе кьуна, гьес Маймунат аварагасе чIужулъунги кьуна. Гьеб мехалъ авараг ГIумра гьбун лъугьарав вукIана, гьес Маккаялде жанив лъугьаравго ГIумра гьабун букIиндал.

Ункъабилеб кълоялъул радал гIужалъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Мадинаялде ине къватIиве вахъана. Маккаялдаса ичIго милалъ рикIад бугеб Сарф абулеб бакIалде щведал, авараг гьенив рещтIана ва гьесухъе бахIарайлъун Маймунатги ячIана. Хадуб гьел, цIакъ роххун Мадинаялде ана, Аллагьас гьесие бихьараб макьу ритIухъаблъун гьабидал ва КагIба рукъалда тIаваф гьабизе щун хиралъиги кьедал.

ГIажаибаб жоялдаса буго жинда Аллагь разилъаяй Маймунат холеб мехалъ гьаб Сарф абулеб бакIалда хвана ва гьений хобалъуйги лъуна.

ГIумра гьабун тIад вуссиндал Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас батIи-батIиял рахъазде цо чанго сарият битIана. Гьезул бищунго кIвар бугеб  Муътаталда битIараб, цинги Затус-сласилалде битIараб сарият букIана.

## معركة مؤتة

### Муътаталда ккараб рагъ

Гьеб букIана гьижрияб микьабилеб соналъул Жумадулавал моцIалъ.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас ханзабахъе ва амиразухъе кагътал ритIи бицунеб бакIлда абун букIана ШурахIбил бину ГIамр аль-Гъассанияс расулуллагьасул чапар, Бусраялъул ханасухъе кагъат босун витIарав аль-ХIарис бину ГIумайр чIванин абун. Гьеб ишги рагъ лъазабиялъул бакIалда букIунин абун.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасде гьеб хабар щведалго, гьесие гьеб цIакъ захIмалъана ва гьес лъабазарго рагъухъан жанив вугеб аскар хIадурана, гьезда тIад амирлъун Зайд бину ХIарисатги гьавуна. Аварагас абуна: «Зайд чIвани

гьесул бакIалда ЖагIфар вукIа, гьевги чIвани гьесул бакIалда ГIабдуллагь бину РавахIат вукIа» - абун. Гьеб аскаралъе хъахIаб байрахъги гьабуна, Зайд бину ХIарисатица жиб босулеб.

Аварагас гьезда васият гьабуна аль-ХIарис бину ГIамр чIвараб бакIалде аян ва гьел исламалде ахIеян, гьез ислам нахъчIвани, гьезда рагъ гьабеян. Хадубги аварагас абуна: «Нужеца Аллагьасул цIаралдалъун, Аллагьасул диналъе гIоло гъазават гьабе. Нужеца Аллагьасда инкар ккурав чи чIвай, хиянат гьабуге, гъачагълъиги гьабуге. Руччаби ва лъимал чIваге, херав чиги чIваге, жиндир дин гьабулеб бакIалда жанив чIарав чиги чIваге. Нужеца чамасдакил гъутIби къотIуге, цогидал гъутIбиги къотIуге, минабиги риххизаруге» - абун.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас аскар Саниятул вадагI абулеб бакIалде щвезегIан регIана, цинги гьезие къо лъикI гьабуна. Аскар цебехун ана Иорданиялъул югалъул рахъалда бугеб МагIаналде щвезегIан ва гьениб рещтIен гьабуна. Бусурбабахъе хабар щвана Гьиракъли нусазарго рагъухъанги вачун Мааб абулеб бакIалде рещтIун вугин, гьелгун цадахъ, гьезие кумек гьабулел гIарабиязул цоги нусазарго чиги вугин.

Бусурбабаз кIиго сордоялъ цоцазде мушавара гьабуна гьаб хабар Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасде хъвалищан, гьесдаса кумек гьарун, яги рагъ гьабизе церехунищ инел абун. Гьезулъ бахIарчилъи бижизабуна ГIабдуллагь бину РавахIатица, гьес абуна:

«Нужеда рихун бугеб жо шагьидлъи буго, нуж гьеб шагьидлъи тIалаб гьабун къватIире рахъунги рукIадго. Нилъеца рагъ гьабуларо нилъ гIемерал рукIун, нилъер къуватги букIун. Нилъеца рагъ гьабула Аллгьас нилъ хира гьарураб гьаб исламияб диналдалъун. Нилъее бугеб жоги гьечIо кIиго лъикIлъиялъул цоялаб гурони: яги нилъ бергьин, яги шагьадат щвей» - абун.

Бусурбабаз абуна: «Валлагьи ибну РавахIатица битIараб бицунеб буго» - абун. Цинги гьел церехун ана ва Муътат абулеб бакIалда рещтIун рагъ гьабизе хIадурана.

Цинги гьезда гьоркьоб гучаб, гурхIел гьечIеб рагъ байбихьана, инсанасул тарихалда жаниб жинда релълъараб букIинчIеб: лъабазарго чи вугеб аскар данде чIун букIана кIинусазарго чи вугеб кIудияб боялда. Гьеб рикIкIен гIемераб, яргъид гIуцIараб боялъ тIубараб къоялъ бусурбабазде гьужум гьабулеб букIана, гьезул гIемерал бахIарзалги холел рукIана, амма гьезда бусурбаби нахъе къазаризе кIолеб букIичIо.

ТIоцебе байрахъ кодоб босана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасе вокьулев Зайд бину ХIарисатица. Гьес кутакаб бахIарчилъиялда рагъ гьабуна жив тушманасул хучдуз ворлъун гIодов ккезегIан. Гьев Аллагьасул нухалда шагьидлъунги хвана.

Цинги байрахъ АбутIалибил ЖагIфарица босана ва гьесги гIажаибаб гьунар бихьизабун рагъ гьабуна. Тушманас гIемерго сверун ккведал гьев жиндир чодаса гъоркье кIанцIана ва гьединги вагъана жиндир кваранаб гъеж къотIинегIан. Цинги ЖагIфарица байрахъ квегIаб кваралъ ккуна ва гьеб борхун чIезабуна гьеб кверги къотIизегIан. Цинги гьес байрахъ кIиябго гъежалда гьоркьоб ккуна ва гьеб гьаваялда парпалеб букIана ункъоялда анцIила хадуб ругъун черхалда щун ЖагIфар шагьидлъизегIан. Гьел киналго ругъналги гьесул черхалъул цебесеб рахъалда рукIана.

Гьанже ирга щвана ГIабдуллагь бину РавахIатиде. Гьевги тушман бахил гьавун *(гIажаиб гьавун)* вагъана. Чодаса гIодов кIанцIун тушбабазда гьоркьов лъугьун жив шагьидлъизегIан вагъулев вукIана.

ГIабдуллагь бину РавахIат чIвадалго, гIодоб бортизе течIого байрахъ кодобе босана Сабит бину Аркъамица ва гIадамазда абуна байрахъ лъихъе кьелебан ургъеян абун. Гьел рекъана байрахъ Халид бину Валидихъе кьеялда. Гьеб хIукмуялдалъун байрахъ ккана «Аллагьасул хвалчабазул хвалчен» - абун жинда абулев Халидихъе. Гьев цеве лъугьун тушбабазда вагъизе жувана, кидаго бихьичIеб хIалалъ вагъун, жиндир кодоб ичIго хвалчен бекана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Мадинаялда вукӀадго жиндир асхӀабзабада бицана лъабавго рагъул амир чӀвай, рагъул амирлъи ва байрахъ Халид бину Валидихъе кьейги. Аварагас гьесда Аллагьасул хвалчабазул хвалчен абун цӀарги лъуна.

Гьеб къо лъугӀидалго кӀиябго къокъа жидерго чӀолеб бакӀалде русана. Рогьун хадуб жинда Аллагь разилъаяв Халид бину Валидица аскаралъул гӀуцӀи хисизабуна: церехун рукӀарал нахъехун ккезаруна, нахъе рукӀарал цере рачана, кваранаб рахъалде рукӀарал квегӀаб рахъалде ккезаруна, квегӀаб рахъалда рукӀарал кваранаб рахъалдеги гьаруна. Цинги тушманасда ракӀалда ккана бусурбабазе кумек бачӀун бугин ва гьезул ракӀазулъ хӀинкъиги реххана. Дагьабго рагъги гьабун Халидица бусурбаби нахъегӀан рачизе бай бихьана, жив гуккулев ватилин ракӀалда ккун, тушман цеве къазеги хӀинкъана. Цинги бусурбаби Муътаталде щвезегӀан нахъе къана ва жеги анкьго къоялъ гьенир чӀун тушманасда рагъ гьабулел рукӀана. Цинги кӀиябго къокъа цоцаздаса рикӀкӀалъана ва рагъги къотӀана. Гьелъие сабаб букӀана румазда ракӀалда ккей бусурбабазе кумек бачӀунеб бугин ва гьез жал гуккун авлахъалдехун цӀалел ругин, гьенисан жидее хвасарлъи букӀунареб хӀалалъ абун.

Гьаб рагъульги бусурбабазул рахъ бергьараблъун букӀана. Гьенив анцӀила кӀиго бусурманчи чӀвана. капурзабазул чан чи чӀвараб лъаларо, амма гьел гӀезегӀанго чӀвараблъи хӀакъаб жо буго.

## سرية ذات السلاسل

### Затус-Саласилалде сарият битӀин

Муътаталда букӀараб рагъулъ Шамалъул гӀарабияз Румазе кумек гьабидал, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасе лъикӀ бихьана хадубги Румазе кумек гьабиялдаса ва гьезул рахъалда чӀеялдаса гьел гӀарабиял нахъчӀвазе. Аварагас Гьезухъе жинда Аллагь разилъаяв ГӀамру бину аль-ГӀасс витӀана лъабнусго асхӀабги вачун, гьелгун цадахъ лъеберго чуги букӀана. Гьев витӀиналъе гӀилла букӀана гьесул инсул эбел

Бала абулеб тухумалъул йикIин, гьебги Румазе кумек гьабурал гIарабиязул цо къабила буго. ГIамруца гьел нахъчIвазе кколаан хадубги гьединаб иш гьабиялдаса. Гьел мукIурлъичIони рагъги гьабизе букIана, Румазул хьолбохъ чIеялъе дарслъун букIине.

Гьел ругеб бакIалде гIагарлъидал ГIамрухъе хабар щвана гIарабиязул кIудияб бо бугин абун. Гьес Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасдаса кумек тIалаб гьабидал, аварагас кIинусго чи мугьажиразул ва ансаразул мужагьидги вачун АбугIубайдат бину аж-ЖарахI витIана. Киназего гIаммав амир ва как балев имам ГIамру бину аль-ГIасс вукIана. Гьез КъузагIатилазул ракь сверана жидеда гьезул бо батинегIан. Бусурбабазда данде чIваралго гьел лъутун, щущахъ риххун ана.

Гьаб сариялда цIар тана Затус-Саласил абун, бусурбаби Вадилкъураялдаса добехун бугеб лъим бугеб бакIалде рещтIун рукIиналъ. Гьелда цIар букIана ас-Саласил абун. Гьаб ишги гьижрияб микьабилеб соналъул Жумаду аль-ахир моцIалъ букIана, ай Муътаталда букIараб рагъдаса хадуб.

## الفتح الأعظم : فتح مكة المكرمــة

**Бищунго кIудияб бергьенлъи - Макка бахъин**

Гьижрияб микьабилеб соналъул Рамазан моцIалъ ТIадегIанав Аллагьас жиндир расуласе Макка шагьар бахъана. Гьеб букIана бищунго кIудияб бергьенлъи, жиндалъун Аллагьас жиндир дин ва расул кIодо гьавураб, Аллагьас жиндир расуласдаги гьесул шагьар Маккаялдаги гьоркьоб букIараб сангарги биххараб, жиндалъун зобалазул агьлуги боххараб, гьелдалъул Аллагьасул диналъулъ къокъаби гьарун гIадамалги лъугьараб.

## السبب والاستعداد والإخفاء

**Макка бахъиналъе сабаб, гьелде хIадурлъи ва гьеб балъго гьаби**

Макка бахъиналъе сабаблъун ккана:

Банубакрилал абулеб къавм ХIудайбияталда сулхI гьабун хадур къурайшиязулгун къотIуде *(ракълиде)* лъугьун рукIана.

Гъездаги ХузагIатилаздаги гьоркьоб цебегосеб бидул тушманлъи ва къисас боси букIана, хузагIатилаз ислам босидал жиб гIодобе буссун бугеб. ХIудайбияталдаса хадуб гIодоре риччай лъугьиндал, Банубакрилаз гьелдаса мунпагIатги босун, гьижрияб микьабилеб соналъул ШагIбан моцIалъ, сардил гIужалъ ХузагIатилазда гьужум гьабуна. ХузагIатилал Ватир абулеб бакIалда лъиналда аскIор чIун рукIана. гьезул къогоялдасаги гIемер чи чIвана. Хадур гьез ХузагIатилал Маккаялдехун лъутизаруна, гьенибги гьезда рагъ гьабуна. Къурайшияз балъго ярагъалдалъун ва гIадамаздалъун Банубакрилазе кумек гьабуна.

ХузагIатилал ХIудайбияталда гьабураб сулхIалъулъ бусурбабазда цадахъ лъугьун рукIиндал, гьезул гIадамаз исламги босун букIиндал, - гьез Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасухъе гьаб хабар щвезабуна. Аварагас абуна: «Валлагьи, дица нуж тушманасдаса цIунизе руго дирго нафс цIунулеб хIалалъ» - абун.

Цинги Къурайшияздаги бичIчIана жидеца квешаб иш гьабураблъи, гьелъул квешаб хIасил ккеялдасаги хIинкъана. Гьез хехлъи гьабуна Абусуфян Мадинаялде витIине: къотIиги щула гьабизе, гьелъул заманги халат гьабизе. Мадинаялде щведал Абусуфян жиндир яс, муъминзабазул эбел УмухIабибатида рещтIана, жинда Аллагь разилъаяй. Гьес Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул босада гIодов чIезе къасд гьабидал УмухIабибатица бусен бакIарун добехун лъуна. Абусуфяница абуна: «Я дир яс, дуца дидаса гьаб босенищ цIунараб, яги гьеб босеналдаса дунищ цIунарав?» - абун. Гьелъ абуна: «Гьаб буго расулуллагьасул бусен, мун нажасав мушрик вуго» - абун. Цинги Абусуфяница абуна: «Валлагьи, дида йихьичIелдаса хадуб дуда квешлъи щун буго» - абун.

Цинги Аллагасул свалат-салам лъеяв расулуллагь вачIиндал Абусуфян гьесда кIалъана, амма гьес щибго жаваб кьечIо. Хадув Абусуфян Абубакрихъе ана, гьев аварагасда кIалъаян абун. Абубакрица жив кIалъаларин абидал гьев ГIумарихъе ана, гьесги кIалъаларин абуна ва гьесдехун квещаб каламги гьабуна.

Цинги гьев ГIалихъе вачIиндал, гьесги гIузру бачана жив кIалъаларин. ГIалица Абусуфянида бичIчIинабуна гьесие лъикI бугин цо гIадамазулгун рекъелги лъазабун *(ай, божилъи гьабун),* Мадинаялдаса нахъе ин. Абусуфяница гьедин гьабуна.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гъазават гьабизе хIадурлъи гьабулеб букIана, асхIабзабаздаги хIадурлъи гьабеян амру гьабуна. Мадинаялда сверухъ ругел гIарабаздаги лъазабуна гъазаваталда ине къватIире рахъаян. Гьеб хабарги къурайшияздаса балъго тун букIана. Аварагас дугIа гьабун Аллагьасда гьарана: «Я дир Аллагь, дуца къурайшияздаса бихьи ва рагIи нахъе босе ниж тохлъукьего гьезул ракьалде лъугьине» - абун.

Гьелдаги тIад аварагас Рамазан моцIалъул авалалда жинда Аллагь разилъаяв Абукъатадат БатIну изм абулеб бакIалде витIана, Мадинаялдаса лъебералда анлъго милалъ рикIкIад бугеб, гIадамазда ракIалда ккезе авараг гьеб рахъалде ине хIадурулев вугин абун.

Гьеб мехалъ ХIатIиб бину АбубалтагIат асхIабас къурайшиязухъе кагъат хъвана Аллагасул свалат-салам лъеяв авараг гьезухъе вачIунев вугин абун. Гьеб кагъат цо гIаданалъухъеги кьуна, къурайшиязухъе гьеб щвезабуни сайгъат кьезе къотIи гьабун. Расулуллагьасухъе *(гьеб кагъатил бицун)* зодисан хабар бачIана. Гьес ГIали, Микъдад, аз-Зубайр ва Мирсад ритIана, ва гьезда абуна: «Нуж а Хах абулеб ахикье. Гьений гIолохъанай гIадан йиго жиндихъ кагъат бугей. Нужеца гьелъухъа гьеб кагъат босе» - абун.

Гьел дой гIаданалъухъе рачIана ва кагъат кьеян абуна. Гьелъ жиндихъ кагъат гьечIоян абуна. Цинги гьелда абуна: «Дуца кагъат кьечIони нижеца дуда тIаса ретIел бахъун мун гIицI гьайила» - абун. Гьелъ гъалазда гьоркьосан бахъун кагъат кьуна.

ХIатIиб бину АбубалтагIат аварагасухъе вачун вачIана ва гьесда гьикъана: «гьаб щиб иш, я ХIатIиб» - абун. Гьес гIузру бачун абуна: «Дир Маккаялда хъизан-лъимал руго, гIагарал чагIиги руго, гьел цIунизе кIолеб къурайшиязулгун гIагарлъиги гьечIо. Дие бокьун букIана гьез дир хъизаналъе цIуни гьабизе.

Дица гьеб иш диналдаса вуссун гьабичIо, куфруялда разилъунги гьабичIо» - абун.

Гьенив вукIарав ГIумар асхIабас абуна: «Дие изну кье, я расулуллагь, гьесул бетIер къотIизе. Гьес Аллагьасеги гьесул расуласеги хиянат гьабун буго, гьев мунапикълъунги вуго» - абун. Аллагасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: «Гьев вуго Бадруялъул рагъулъ вукIарав. Дуда щиб лъалеб, ГIумар, ТIадегIанав Аллагьас Бадруялда рукIаразде ваккун гьезда абун батизе бегьула: «Нужеца бокьараб жо гьабе, дица нужер мунагьал чурана» - абун. Цинги ГIумарил берал магIил цIуна ва гьес абуна: «Аллагьасдаги гьесул расуласдаги лъикI лъала» - абун.

## في الطريق إلى مكة

### Маккаялде ине къватIире рахъи

Гьижрияб микьабилеб соналъул Рамазан моцIалъул анцIабилеб къоялъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Маккаялде ине къватIиве вахъун Мадина тана. Гьевгун цадахъ анцIила кIиазарго асхIабги вукIана. Мадинаялда тIад амирлъун Абурагьми аль-Гьифари гьавуна.

Аль-ЖухIбат абулеб бакIалде щведал гьесда данде чIвана жиндир инсул вац аль-ГIаббас. Гьев жиндир агьлу-хъизангун цадахъ исламги босун гьижра гьабун вачIунев вукIана. Аль-Абваъ абулеб бакIалда щведал жиндир вацгIал ГIабдуллагь бину Абуумятги Абусуфян бину аль-ХIарисги данде чIвана. Аварагас гьел къабул гьаричIо, гьез Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасе гIемер зарал гьабулеб букIана ва гьев какулевги вукIана.

Жинда Аллагь разилъаяй Умусаламатица аварагасда абуна: «Дур инсул вацасул ва инсул яцалъул васал мун сабаблъун бищунго квешал гIадамаллъун ккеладай?» - абун. Жинда Аллагь разилъаяв ГIали асхIабас Абусуфянида абуна: «Мун аварагасухъе вачIа гьумералда цевеса ва дуца гьесда абе Юсуфил вацаз Юсуфида абураб жо: «Таллагьи, мун Аллагьас

нижедаса тIаса вищана, нижги мекъи ккараллъун рукIана» - абун. Гьес гьедин гьабидал Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: Юсуфица абуна: «Нужеда жакъа бадиб чIвай гьечIо. Аллагьас нужер мунагьал чураги, Гьев гурхIулезулги Жив цIакъ гурхIулев вуго» - абун.

Цинги Абусуфяница авараг веццун шигIру цIалана ва жинца цебеккун гьабураб жоялдаса гIузру бачун тIаса лъугьиги гьарана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь аль-Къадид абулеб бакIалде щведал гьесда бихьана гIадамазе кIал кквей захIмат букIин ва гьес кIал биччана, гIадамаздаги кIал биччаян амру гьабуна. Цинги церехун ана боголилде Марузагьран абулеб бакIалде щвезегIан ва гьенир рещтIана. Аварагас боялда амру гьабуна анцIазарго цIа бакеян, щибаб цIа батIи-батIияб бакIалда бакун. Аскар цIуниги ГIумар бину ХатIабида тIад къана.

## __أبو سفيان بين يدى رسول الله -ﷺ-__

### Абусуфян Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда цеве

Маккаялъул агьлу, цо щиб бугониги къварилъи тIад бачIунеб лъан, хIинкъун хъаравуллъуда рукIана. Бусурбабазул щибго хабар лъачIого Абусуфян, ХIаким бину хIузам ва Будайл бину Варкъаъгун цадахъ Маккаялдаса къватIивехун вахъана. Жидеда гIемерал цIаял ракун рихьидал гьес абуна: «Дида кидаго гьадигIан гIемерал цIаял ва аскар рещтIараб бакI бихьичIо» - абун. Будайлица абуна гьел ХузагIатилал рукIине кколин. Абусуфяница абуна: «Гьел дагьал руго, гIодорегIаналги руго гьадигIанал цIаял ва гьадинаб аскар букIине» - абун.

Жинда Аллагь разилъаяв аль-ГIаббас аварагасул гIорцIеналдаги рекIун аскаралдаса къватIивехун ун свердулев вукIана. Гьесда гаргар рагIидал Абусуфянил гьаракь лъана ва жинца «Мун АбулхIанзалатищ?» - абуна, досги «Мун Абулфазлиййищ? – абуна. Гьес уян абуна. Абусуфяница абуна: «Мун гьанив щиб гьабулев, дир эбел-эмен кьун мун

хвасарлъаяв?» - абун. Аль-ГІаббасица абуна: «Гьав расулуллагь вуго аскаргун цадахъ, метер Маккаялъе квешаб къоги букІине буго» - абун.

Абусуфяница абуна: «Дир эбел-эмен кьун мун хвасарлъаяв, щиб хІиллаха бугеб дун хвасарлъизе» - абун. Аль-ГІаббасица абуна: «Валлагьи, мун кквезе щвани дур бетІер къотІизе буго. Мун дида нахъа гьаб гІорцІеналда рекІа, дун мунги вачун Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасухъе ина» - абун. Гьевги рекІизавун ГІумар асхІаб вугеб бакІалда аскІосан унаго, гьесда Абусуфян лъана ва гьес абуна: «Гьав Аллагьасул тушман Абусуфянищ? АлхІамдулиллагь, рецц Аллагьасе буго мун ракълил къотІи ва божилъи гьечІого кодове щведал» - абун. Цинги гьес Аварагасухъе ине хехлъи гьабуна. Аль-ГІаббасицаги гІорцІен бекеризабуна ва гьев ГІумаридаса цеве аварагасухъе щвана. Хадувго вачІун ГІумарги щвана ва гьес аварагасдаса изну тІалаб гьабуна Абусуфянил бетІер къотІизе. Цинги аль-ГІаббасица абуна: «Дица гьесие цІуни гьабун буго» - абун. Хадуб гьес расулуллагьасул бетІералда кверги лъун абуна: «Къаси гьесда щивго чи кІалъазе тоге дун аскІов гьечІого» - абун.

Жинда Аллагь разилъаяв ГІумарица гьарулеб букІана Абусуфян жиндихъе кьеян, вуцІцІун чІун аварагги вукІана. Хадуб гьес аль-ГІаббасида абуна: «Гьавги вачун мун дурго чадиралъуве а, рогьараб мехалъ гьевги вачун дихъеги вачІа» - абун.

Рогьун хадуб Абусуфянги вачун аль-ГІаббас вачІиндал аварагас абуна: «Дуе квеш букІаяв Абусуфян, дуе мех щун гьечІищ цохІо Аллагь гурев цоги алагь гьечІеблъи лъазе?» - абун. Гьес абуна: «Мун гІадав хІалимав, тІабигІат берцинав чиго ватиларо. Аллагьгун цадахъ цоги алагь вукІаравани гьес дие цебего кумек гьабизе букІана» - абун. Хадуб аварагас абуна: «Дуе квеш букІаяв Абусуфян, дуе мех щун гьечІищ дун Аллагьасул расул вукІин дуда лъазе?» - абун. Абусуфяница абуна: «Гьеб жоялъул хІакъалъулъ дир нафсалда жаниб гьабсагІатги шаклъи буго» - абун.

Жинда Аллагь разилъаяв аль-ГӀаббасица абуна: «Дур бетӀер къотӀилелде цебе дуца ислам босе» - абун. Цинги гьес ислам босана ва хӀакъаб шагьадатги битӀана. Аль-ГӀаббасица аварагасда абуна: «Я расулуллагь, гьев Абусуфян чӀухӀи бокьулев чи вуго, дуца гьесие цо кинаб бугониги тӀокӀлъи гьабе» - абун. Аварагас гьабилаян абуна, цинги абуна: «Абусуфянил рокъов лъугьарав чи божи бугев вуго, нуцӀаги рахан рокъов чӀарав чиги божи бугев вуго, Масжидул хӀарамалда жанив лъугьврв чиги божи бугев вуго» - абун.

## <u>دخول رسول الله -ﷺ- فى مكة المكرمة</u>

**Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь хирияб Маккаялда жанив лъугьин**

Рогьун хадуб Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Маккаялда жанив лъугьине къватӀиве вахъана. Жинда Аллагь разилъаяв аль-ГӀабасидаги амру гьабуна Абусуфян мегӀералъул ахаде бугеб къваридаб кӀкӀалахъ чӀезавеян: гьесда цереса Аллагьасул боял ине ва гьесда бихьизе бусурбабазул къуват. Аль-ГӀаббасица гьедин гьабуна.

Абусуфянида цереса жидер хасаб байрахъгун батӀи-битӀиял къабилаби (*племена*) унел рукӀана. Жинда цебесан цо къабила унаго Абусуфяница абулеб букӀана: «Я ГӀаббас, гьал щал кколел?» - абун. Гьес пуланаб къабила бугин абидал Абусуфяница абулаан: «Диеги гьеб къабилаялъеги бугеб щиб?» - абун. Ай, дир гьезда данде къуват гьечӀо абураб магӀна буго гьаб рагӀиялъул. Жидер байрахъулав СагӀду бину ГӀубадатгун ансаразул къокъа индал, СагӀдуца абуна: «Я Абусуфян, жакъа биял гӀодор тӀолеб къо буго, жакъа КагӀбаялдаги рагъ гьабизе хӀалалаб буго» - абун.

Цинги Абусуфянида цереса ансараздаса ва мугьажираздаса данде гьабураб, гӀурчинаб кьералъул ретӀелги ретӀараб къокъагун цадахъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьги ана. Гьезда тӀад кинабго махх бихьулеб букӀана. (ай, къолденал, рагъул тӀаргъал ва цере кколел хъарщал

рукIана, цогидаб ярагъ рикIкIинчIого). Гьес абуна: «СубхIаналлагь, я ГIаббас гьал щал?» - абун. ГIаббасица абуна: «Гьав расулуллагь вуго мугьажирал ва ансаралгун цадахъ» - абун. Абусуфяница абуна: «Гьал боязда данде чIезе лъидаго кIоларо, дур вацасул васасул ханлъи цIакъ кIудияблъун лъугьана» - абун. Аль-ГIаббасица абуна: «Я Абусуфян, гьеб жо ханлъи гьечIо, авараглъи буго» - абун. Гьедин бугохаян гьесги абуна.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда СагIдуца абураб жо бициндалго гьес абуна: «СагIдуца гьереси бицун буго. Гьаб буго Алллагьас КагIба кIодо гьабулеб къо, КагIбаялда ретIелги ретIулеб къо» - абун. Цинги СагIдухъан босун байрахъ гьесул вас Къайсихъе кьуна.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь ва гьесул къокъа цересан индал, Абусуфян хехго Маккаялде ана. Гьенив жаниве лъугьаравго гьес борхатаб гьаракьалдалъун ахIана: «Я къурайшиязул жамагIат! Гьав чи МухIаммад вуго, нужеда данде чIей гьабизе кIоларел боялги рачун вачIарав. Абусуфянил рокъов лъугьарав чи божии бугевлъун вукIине вуго» - абун. Гьез абуна: «Аллагьас мун чIвайги, дур рукъалъ ниже щиб жо гьабилеб?» - абун. Абучсуфяница абуна: «Жиндир рукъалъул нуцIа рахарав чиги божилъи бугев вуго, Масжидул хIарамалда жанив лъугьарав чиги божилъи бугев вуго» - абун. Цинги гIадамаз хехлъи гьабуна жидерго рукъзабахъ ва Масжидул хIарамалда жанире лъугьине.

Аллагьасул свалат - салам лъеяв расулуллагь Зу тIува абулеб бакIалде щведал, аскаралъул квегIаб рахъалъул цевехъанлъун вугев Халид бину аль-Валидиде амру гьабуна Маккаялда жанив гьелъул гъоркьияб рахъалъан Кудаялъул нухасан лъугьаян. Жинда данде рахъарал гIадамалги чIван гIодоре раян ва жинда данде ас-Сафа мегIералда вачIаян.

Расулуллагьас аскаралъул кваранаб рахъалъул цевехъан, аварагасул байрахъ жинца босулев, аз-Зубайриде амру гьабуна Маккаялда жанив гьелъул тIасияб нухасан, Кадаъ абулеб бакIалдаса лъугьаян, аль-ХIужун абураб бакIалда байрахъги чIван жив вачIинегIан гьеб бакIалда чIаян. Жидехъ ярагъ

гьечIел лъелал боязул цевехъан АбугIубайдатида амру гьабуна кIкIалалъул жанилъиялдасан аян, Маккаялда жанив расулуллагьасда цеве рещтIинегIан.

Къурайшияз Маккаялъул Хандамат абулеб бакIалде жидер лагъзал ва гIадалал гIолохъаби ритIана ва абуна: «Гьал гIолохъаби бергьунел ругони нилъеца гьезие кумек гьабила, гьечIони нилъеца МухIаммадица гьарараб жоги кьела» - абун. Халид бину аль-Валид гьел гIолохъабазда тIад ккедал гьезул анцIила кIигояв чIвана, цоял лъутунги рорчIана. Цинги Маккаялъул хал гьабулаго цевехун ун Халид ас-Сафаялда Аллагьасул свалат - салам лъеяв расулуллагьгун данделъана. Халидгун рукIаразул, жал нух къосун цоги рахъалде карав, кIиго чи чIвана.

Жинда Аллагь разилъаяв аз-Зубайр аль-ХIужун абулеб магIарде щвана ва гьениб байрахъги чIвана. Умусалимат ва Маймунат жанир рукIине масжидалда аскIоб чадирги чIван Аллагьасул свалат - салам лъеяв расулуллагь вачIинегIан гьенив чIана. Аварагас дагьаб мехалъ свак бичана, цинги жиндие хабар бицунев Аллагь разилъаяв Абубакаргун цадахъ сурату аль-ФатхIи цIалулаго Масжидул хIарамалде жанив щвезегIан цеве ана. Гьесда сверун мугьажирал ва ансарал рукIана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас рекIунеб жоялда тIадго вукIун ХIажарул-асвадалда квер хъвана ва КагIбаялда тIавафги гьабуна. Авараг гьеб гIужалъ гIумра яги хIаж бухьун вукIинчIо. КагIбаялда сверухъ лъабнусиялда лъабкъого хъанч, - идол (статуя) букIана. Аварагас гьезда жинда кодоб бугеб чIорбутIги тункулаго абулеб букIана: **ХIакъаб жо бачIана, батIулаб жоги тIагIана. ХIакълъунго батIулаб жо жиб тIагIунеб буго,** - абун. **ХIакъаб жо бачIана. БатIулаб жо тIокIаб букIунаро ва тIад буссунги бачIунаро,** - абунги. Гьел хъанчалги кIалагъоркье гIодоре ртутулел рукIана.

## تطهير الكعبة والصلاة فيها

### КагIбарукъ жанисан бацIцIад гъаби ва гьениб как бай

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас, тIаваф гьабун лъугьиндал ГIусман бину ТIалхIат ахIана, гьесухъа кIулги босун КагIба рагьеян амруги гьабуна. Цинги гьенир жанир ратарал хъанчал къватIире реххун рекун раян амру гьабуна, къадазда ратарал сураталги хвезареян абуна. Гьеб иш гьабун хадув аварагги Усамат бину Зайдги Билалги КагIбаялда жанире лъугьана, тIаде нуцIаги къана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь нуцIаялда данде бугеб къедалде валагьун, гьелдаса лъабго натIалъ нахъегIан къан чIана: гьесул квегIаб рахъалда цо хIуби, кваранаб рахъалда кIиго хIуби букIана, гьесда нахъаги лъабго хIуби букIана. Гьес кIиго ракагIат как бана, цинги «Аллагьуакбар, Лаилагьа иллаллагь» абулаго КагIбаялда жанив сверана.

## لا تثريب عليكم

### Нужеда бадибчIвай гьечIо

Цинги КагIбаялъул нуцIа рагьана. Масжидул хIарам цIун, мухъал гьарун чIун къурайшиялги рукIана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас рагьуялъул кIиябго хьибилги ккун гIатIидаб хутIба гьабуна. гьелда жанир гIемерал шаргIиял хIукмабиги баян гьаруна, жагьилаб мехалъ рукIарал гIадатал ва хIукмаби тIаса реххана, гьезул заман аниланги абуна.

Хадуб аварагас абуна: «Я къурайшиязул жамагIат, дица щиб жо нужее гьабилин нужеда ракIалда кколеб? – абун. Гьез абуна: «ЛъикIаб жо гьабилин ккола. Мун лъикIав вац вуго, лъикIав вацасул васги вуго» - абун. Аварагас абуна: «Жакъа нужее бадибчIвай букIине гьечIо. Нуж а, нуж эркен гьарурал руго» - абун. Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь масжидалъув гIодов лъугьун гьенив гIодов чIана. КагIбаялъул кIулалги ГIусман бину ТIалхIатихъе кьуна ва абуна: «Дуца гьал

кӀулал росе даимго нужехъ рукӀинелъун. Нужехъан гьел рахъизе гьечӀо зулму гьаблев чияс гурони» - абун.

## البيعـة

### БайгӀат гьаби

Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь ас-Сафаялде вачӀун гьелда тӀаде вахана, КагӀба рукъалде валагьулеб хӀалалъ. Хадуб квералги рорхун дугӀа гьабуна. Хадуб гӀадамазе исламияб диналда рукӀине байгӀат гьабуна. Гьеб къоялъ байгӀат гьабураздаса вуго жинда Аллагь разилъаяв Абубакрил эмен АбукъухӀафатги. Гьес ислам босиналдаса расулуллагьги цӀакъ воххана. Бихьиназе байгӀат гьабун хадуб руччабазеги байгӀат гьабуна:

**«жидеца Аллагьасе гьабулеб гӀибадаталъулъ щибго жо гӀахьал гьабиларин абун. Жидеца цӀогьги гьабиларин, зинаги гьабиларин абун. Жидеца жидерго лъималги чӀваларин, жидеца гьереси бицун чияр лъимер дур буго абун росасдаги абиларин абун. Дуда (аварагасда) хӀакъаб жоялъулъ жал гӀассилъиларинги абунги.»**

Гьеб къоялъ байгӀат гьабураздаса йиго Абусуфянил чӀужу ГӀутбатил яс Гьиндги. Гьей ячӀана жий лъалареб хӀалалъ гьумерги бахчун, жинца Аллагь разилъаяв ХӀамазатие гьабураб жо сабаблъун, жиндие зарал гьабиялда хӀинкъун. БайгӀат гьабун хадуб гьелъ абуна: «Я расулуллагь, гьаб ракьалда тӀад дие бищун жиб гӀодогӀанлъизе бокьараб къокъа мун цадахъ вугеб къокъа букӀана. Жакъа абуни гьаб ракьалда тӀад дие бищун жиб тӀадегӀанлъизе бокьараб къокъа буго мун цадахъ вугеб» - абун. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасги абуна: «Дир нафс Жинда кодоб бугесдалъун гьедула дун, диеги гьедин буго» - абун.

Жинца Аллагь разилъаяв ГӀумар асхӀаб вукӀана авараг вугеб бакӀалдаса гъоркьегӀан гӀодов чӀун, аварагас бицунеб жо гьезда рагӀизабулев ва гьезие расулуллагьасул рахъалъан байгӀатги гьабулев. Руччабазе байгӀат гьабун хадуб гӀадамазул цо къокъа бачӀана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасе гьижра гьабизелъун байгӀат гьабизе. Гьезда аварагас абуна: «Гьижра

гьабураб агьлу жидерго кири босун ана, Макка бахъун хадуб гьижра гьечIо, кинниги ниятги жигьадги буго. Нужеда *(жигьад гьабизе)* къватIире рахъаян абидал нуж къватIире рахъа» - абун.

## أناس أهدرت دماؤهم

**Жидер би гIодоб тIей хIалал гьабурал гIадамал**

Жидер мунагь-зулму кIудиял цо гIадамазул би гIодоб тIей бегьизабун букIана, КагIба рукъалъул ратIлида хурхун ратаниги гьел чIваянги абун букIана. Цинги гьел гIадамазе гьадигIанго гIатIидаб дунял цIакъ къварилъана. Гьездаса цоял руго жидее гьабураб хIукму тIубан жал чIварал, цогидал руго Аллагьасул кумек щун жидеца ислам босарал. Жал чIваразда гьоркьов ункъо чи вуго: ибну ХатIал, Мукъис бину Сабабат, ХIарис бину Нуфайл, ибну ХатIалил кечI ахIулей гIаданги. Цо гIалимзабаз абуна хузагIияв ХIарис бину ТIалтIал УмусагIид абулей гIаданги чIванилан. Гьай УмусагIид ибну ХатIалил кочIохъан йикIун ятизеги бегьула. Гьаб рагIиялда рекъон, щуго яги анлъго чи чIвана.

Жидерго нафсазда хIинкъун лъутарал яги рахчун чIарал, цинги цо гIадамаз божилъи гьабун рачIарал ва ислам босарал руго ГIабдуллагь бину СагIд ибну АбусархI, ГIикримат бину Абужагьли, ГIубар бину аль-Асвад ва инбу ХатIалил кечI ахIулей цогидай гIаданги, - гьелги ункъо чи вуго. Цо гIалимзабаз абуна КагIбу бину Зугьайр, ВахIши бину ХIарб ва ГIутбатил яс Гьиндги ругин. Гьаб рагIиялда рекъон анкьго чи вачIана.

Цоял жал чIваялдаса жидерго нафсазда хIинкъун рахчунги чIана. Гьездаса вуго Сафван бину Умаят, Зугьайр бину Абуумаят ва Сугьайл бину ГIамруги. Ахиркъадги гьел киналго кверде рачIана, ТIадегIанав Аллагьасе рецц гьи буго.

## صلاة الفتـح : بلال يؤذن على ظهر الكعبة

**Макка бахъиналъул как бай. Билал асхIабас КагIбаялъул тIохде вахун как ахIи**

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь ЗухIаялъул гIужалъ АбутIалибил яс Умугьаниил рокъов лъугьана, черхги чурун Макка бахъиналъе щукру гьабун микьго ракагIат какги бана, щибаб кIиго ракагIаталдаса саламги кьуна. Умугьанииca цIуни гьабун букIана жиндир росасул кIиго гIагарав чиясе. Жинца Аллагь разилъаяв ГIали асхIабас *(гьелъул вац вуго гьев)* гьел чIвазе къасд гьабидал, Умугьаниица аварагасда гьикъана жинца гьабураб жо битIун бугищан. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: «Дуца цIуни гьабуразе нижецаги цIуни гьабула, я Умугьаниъ» - абун.

Цинги къалъул как базе мех щвана, Расулуллагьас амру гьабун Билал асхIабас КагIбаялъул тIохдеги вахун как ахIана. Гьеб букIана ислам загьирлъи лъазабулеб гIаламаталда релълъун. Мушриказе гьеб кутакалда рихана, гьелъ бусурбабиги роххизаруна. Кинабго рецц гIаламалъулго БетIергьан Аллагьасе буго.

## إقامة رسول الله -ﷺ- بمكة و هدم عزى وسواع ومناة

**Аллагьасул свалат - салам лъеяв расулуллагь Маккаялда чIей ва гьес ГIуза, Манат, СувагI абулел кIудиял хъанчал *(статуяби)* риххизари**

Макка бахъун хадуб ансаразда ракIалда ккана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь гьенивго чIелин, гьеб бугелъул гьесулги, гьесул къавмалъул ва кьибил-тухумалъулги шагьар. Гьаб ишги букIана авараг Сафа мегIералда вахун, квералги эхеде рорхун, дугIа гьабулев вугеб гIужалъ. ДугIа гьабун тIубадал аварагас гьезда абуна: «Аллагьас цIунаги, дир чIаголъи нужергун буго, дир хвелги нужергун букIине буго» - абун. Цинги ансаразул ракI хIалхьана, гьездаса хIинкъи тIаса ун гьелги роххана.

Макка бахъун хадув авараг гьенив чIана анцIила микьго къоялъ, исламалъул гIаламатал цIи гьарулаго ва жагьилиял асараздаса гьеб бацIцIад гьабулаго. Гьединго аварагас Макка хIарамалъул гIорхъабиги цIи гьаруна, цо ахIулев чи виччан гIадамаздаги ахIана: «Аллагьасдаги ахираталги божулев чияс жиндир рокъоб цониги хъанч тоге, жиб бекун гурони» - абун.

Рамазан моцIалъул къоло щуабилеб къоялъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас лъеберго рекIаравгун цадахъ, Халид бину аль-Валид витIана Нахлат абулеб бакIалде, аль-ГIуза абулеб хъанч ва гьелъул рукъ биххизабеян амруги гьабун. Гьеб букIана, къурайшияз жиндие лагълъи гьабулеб бищун кIудияб хъанч. Халидица гьеб биххизабуна.

Гьебго Рамазан моцIалъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас ГIамру бину аль-ГIасс витIана СувагI абулеб хъанч биххизабизе. Гьеб букIана гьузайлияз жиндие лагълъи гьабулеб бищунго кIудияб хъанч. Маккаялъул северияб бакъбаккудехун, гьелдаса нусиялда кIикъоялда анцIго километралъ рикIкIад бугеб РагьатI абулеб бакIалда букIана гьелъул рукъ. ГIамруца гьенивги ун гьеб биххизабуна. СувагIалъул щибго гьунар гьечIеб лъан, гьелъул миллат гьабулев чияс исламги босана.

Жинда Аллагь разилъаяв Сайид бину Зайд аль-Ашгьалиги витIана гьебго Рамазан моцIалъ, къого рекIаравги вачун Манат абулеб хъанч биххизабизе. Гьеб Маккаялъул северияб рахъалда, Къадид абулеб бакIалда букIана. Гьелъие лагълъи гьабулеб букIана Калби, ХузагIат, Гъассан, аль-Авс ва Хазраж къабилалабаз. Сайид бину Зайдица гьениве ун гьеб ва гьелъул рукъ биххизабуна.

## <u>بعث خالد إلى بنى جذيمة</u>

### Жинда Аллагь разилъаяв Халид Хузайматилазде витIи

Гьелдаса хадуб, Шавал моцIалъ, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Халид бину аль-Валид витIана Хузаймат къибилалъул гIадамазухъе гьел исламалде ахIизе. Гьевгун

цадахъ лъабнусиялда кIикъоялда анцIго мугьажирав ва ансарав, гьединго Банусалимиял рукIана. Ислам босиналде ахIидал гьез гьеб къабул гьабичIо ва рагъ гьабун гьезул цоял чIвана цогидал асирлъунги гьаруна. Хадуб Халидица амру гьабуна щивав чияс жиндир асир чIваян абун. гьеб иш гьабизе мукIурлъичIо ибну ГIамру ва гьесул гьалмагъзаби.

ТIаде руссун Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасухъе щведал гьесда ккараб жо бицана. Аварагас квералги эхеде рорхун кIиго нухалъ абуна: «Я дир Аллагь, Халидица гьабураб жоялда дун рази гьечIо» - абун. Цинги ГIали асхIаб витIана гьезул чIваразул дияталъе кьезе малги босун. Гьезул хвезабураб мал бецIун хадубги аварагас битIараб мал нахъе хутIана ва гьебги гьезухъе кьуна.

Гьениб ккараб жо сабаблъун Халидида ва ГIабдурахIман бину ГIавфида гьоркьоб квешаб калам ккана. Аварагасухъе рачIун хадуб гьеб жо бициндал, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: «Дуца дир асхIабзаби те, я Халид. Валлагьи, дур УхIуд мегIер гIадаб месед бугони, цинги гьеб Аллагьасул нухалдаги кьуни, мун нахъ регIуларо дир асхIабзабаз цо рогьалил яги сардил гIужалъ Аллагьасул нухалда гьабураб къватIир рахъиналъул ажруялда» - абун.

## غزوة حنين

### ХIунайниялде гьабураб гъазават

Макка бахъиналъул амру тIубадал, гьелда сверухъ рукIарал Къайс ва ГIайлан къабилабазул церехъаби мушавара гьабизе данделъана. Гьезул цебесеб кьерда Гьавазанал ва Сакъифалги рукIана. Гьез абуна: «МухIаммад жиндир къавмалда рагъ гьабун лъугьана. Гьанже гьев нилъедаса нахъчIвалеб жо гьечIо. Гьес нилъеда гъазават гьабилелде цебе нилъеца гьесде гьабун лъикI гъазават» - абун. Цинги гьел рагъ гьабиялда рекъана. Жидер цевехъанлъун нусарияв Малик бину ГIавфги вищана. КIудияб боги бакIарун гьел АвтIас абулеб бакIалда рещтIана. Гьезда цадахъ руччаби, лъимал ва боцIи-малги букIана.

Гьезда гьоркьов Дурайд бину ас-Самт абулев чиги вукIана, битIараб гIакълуялдалъун жив машгьурав. ХIайваназул ва гIиссинал лъималазул гьаракь рагIидал гьес Маликида гьикъана гьаб щибан. Гьес абуна: «Дица щивав чигун цадахъ гьесул хъизан ва боцIи бахъинабулеб буго, гьел цIунун гьев вагъизе гIоло» - абун. Дурайдица абуна: «Валлагьи, мун цIаназул вехь вуго, рагъдаса лъутун унев чиясе щибго жо къваригIуларо гурищ? Гьеб рагъулъ мун бергьулев вугони дуе хвалченалъ ва хечалъ гуро кумек гьабуларо, мун къолев вугони мун инжитлъила дур хъизан-боцIигун цадахъ» - абун. Маликида гьеб хъизан-боцIи жидерго бакIалде руссинарун лъикIанги абуна.

Маликица гьесул гIакълу къабул гьабичIо, боцIи-мал ва хъизаналгун цадахъ кIудияб бо АвтIас абулеб кIкIалахъе данде гьабуна. Гьенисан рагъухъабиги рачун ХIунайниялдехун ана. Гьебги АвтIасалъул хьибилалда бугеб кIкIал буго. Маликица гьениб гъоркьчIел гьабуна, рахъ-рахъалде рахчизарун чIор реххулелги лъуна.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда гьел боял рагъуе данделъун рукIин лъадал, Шавал моцIалъул анлъабилеб къоялъ, живгун цадахъ анцIила кIиазар чи вугеб аскарги бачун, Маккаялдаса къватIиве вахъана. Сафван бину Умаятихъа, нахъе кьезелъун, нусго къолден ва гьезул цадахъ букIунеб жоги босана, хирияб Маккаялда тIад амирлъун ГIутбат бину Усайдги тана.

Нухде унаго бусурбабазда цо кIудияб гъветI бихьана, жагьилияб заманалъго гIарабияз жинда тIад ярагъ балеб. Гьелда аскIоб мушриказ къурбан хъолеб букIана, гIибадатги гьабулеб букIана. Гьеб гъветIалда Затул анватI абулаан. Бусурбабазул цояз Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда абуна: «Гьел мушриказул бугеб гIадаб Затул анватI нижееги гьабе» - абун. Аварагас абуна: «Аллагьу акбар, нужеца Мусада къавмалъ абуралда релълъараб рагIи абуна: **дуца нижееги алагьзаби гьаре, гьезул алагьзабада релълъарал, - абун. Мусаца абуна нуж жагьилаб къавм бугоян абун.** Гьеб жо цересезул нух *(гIамал)*

буго, нужги нужеда цере рукIаразул нухазда лъугьизе руго» - абун.

АсхIабзабазул цояз, жидер боязул гIемерлъиялдаги балагьун, жакъа нилъедаса бергьуларин абуна. Гьеб рагIи бусурбабаз аби Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасе рихана, гьез Аллагьасда таваккал тIами тей ва жидерго гьунаралъ бергьилин ккей сабаблъун. Къасиялдехун цIех-рех гьабизе витIун вукIарав чодухъан вачIана ва гьес бицана Гьавазанал, жидер лъималхъизангун ва боцIи-малгун къватIире рахъун ругин абун. Расулуллагь гьимана ва гьес абуна: «Иншааллагь, гьеб жо метер бусурбабазул гъанимат букIине буго» - абун.

Шавал моцIалъул анцIабилеб сордоялъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь ХIунайни кIкIалахъе щвана. Рогьалил гIужалъ, кIкIалахъ жанире лъугьинелде цебе, аварагас аскар гIуцIана: мугьажиразул байрахъ ГIали бину АбутIалибихъе кьуна, Авсазул байрахъ Усайд бину ХIузйрихъе кьуна, Хазражазул байрахъ аль-ХIубаб бину аль-Мунзирихъе кьуна. Цогидал къабилабазеги байрахъал кьуна. Расулуллагьас кIиго къолден ва рагъул тIагъурги ретIана, гьумер бахчулеб, чармил кваразхьухьараб мигъфарги ретIана.

Бусурбабазул боял кIкIалахъе лъугьизе байбихьана, тушманас гъоркьчIел гьабун букIинги лъачIого. Тохлъукьего тушманас гьезда чIоразул цIад базабуна, цохIо чияс гIадин цадахъго гьужумги гьабуна. РакIалдаго гьечIеб дандечIей ккедал боязул цересел кьерал тIуркIана, гьезда хадур рукIаралги нахъе руссана ва киналго рихха-хочун лъутизе журана.

Гьаб иш бихьидал мушриказул цоял ва гьанже ислам босарал иман загIипал гIадамалги цIакъ роххана. Абусуфяница абуна: «Гьанже гьел лъутулел чIезе гьечIо ралъдал рагIалде щун гурони абун. Сафванил вацас абуна: «Жакъа аварагасул сихIру батIуллъана гурищ» - абун. Цогидас гьесдехун абуна: «Дуе роххел буго МухIаммадги гьесул аскарги жакъа тIурун иналъул, валлагьи тIокIал гьел данделъизеги гьечIо» - абун. Живго мушрик вугониги Сафванил ва гьанже ислам босарав

вугониги Абужагьлил ГIикриматилги гьезда ццин бахъана, ва гьез дол гаргазе течIо.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас, дагьалго мугьажирал ва ансаралгун цадахъ мугъ бачIо. Аварагас жиндир Дулдул абулеб гIорцIен тушманасдехун буссинабун, гьезде тIаде ине лъугьана. Гьес абулеб букIана: «Дун авараг вуго, гьеб гьересиги гьечIо. Дун ГIабдулмутIалибил вас вуго» - абун.

Абусуфян бину аль-ХIарисица хехго тушманасдехун инчIого букIине гьесул гIорцIеналъул квелъ ккун букIана, аль-ГIаббасица кьилиги ккун букIана. Цинги авараг гIодов рещтIана ва гьес Аллагьасда кумек гьабиги гьарана. Хадуб аль-ГIаббасида амру гьабуна, гьев гьаракь борхатав чи вукIана, асхIабзабаде ахIеян абун. Гьес ахIана ва кинабго кIкIал гьесул гьаракьалъ цIуна: «Я гьал гIадамал, кире арал гъветIалда гъоркь байгIат гьабурал асхIабзаби!» - абун. Гьеб гьаракь рагIарабго гIачи бачаздехун руссунел гIадин, асхIабзаби гьеб гьаркьиде руссана ва лаббайк, лаббайкги абуна. Цо нусго чи данделъарабго гьез тушманасда рагъ гьабизе байбихьана.

Гьединабго ахIи ансараздехунги гьабуна, хадуб хазражаздаги гьабуна. Цоязда хадур цогидал нахъе руссун рачIун аварагасда аскIоб кIудияб бо гIуна, ТIадегIанав Аллагьас жиндир расуласда ва бусурбабазда гIодор риччайги рещтIинабуна, гьезда жал рихьуларел боялги рещтIинаруна. Гьанже бусурбаби рагъде тIад рана ва кутакаб, гIасияб рагъ бай бихьана. Аллагьасул свалат - салам лъеяв расулуллагьас абуна: «Гьанже рагъул цIа боркьана» - абун, цинги гIодосан босун хъат цIураб ракь «Гьурмал хисаги (чIегIерлъаги) » - ян абун тушбабазул гьурмаздехун реххана. Гьезул берал ракьул цIуна, гьезул тату хвана, мугъ бан руссине бай бихьана ва тIубанго рихха-хочун тIурун ана.

Хадур лъугьун бусурбабаз гьел чIвалел ва асирлъун гьарулел рукIана. Гьезда цадахъ рукIарал руччаби-лъималги ва гIемерал рагъухъабиги асир гьаруна. Гьеб рагъулъ Халид бину аль-Валидида кIудиял ругъналги щвана. Аллагьас жиндир расуласе гьабулеб квербакъи бихьидал Маккаялъул гIемерал мушриказ исламги босана.

## مطاردة المشركين

### Мушрикал тIуризари ва гьезда хадур лъугьин

Лъутун унаго мушриказул лъабго къокъа лъугьана: Цо къокъа ТIаифалдехун ана, гьебги бищун кIудияб къокъа букIана, цогидаб Нахлаталде ана, цо къокъа АвтIасалде ун гьениб аскарги гIуцIцIун чIана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас АвтIасалде рагъухъабазул богун АбугIамр аль-АшгIари витIана, гьев Абумуса аль-АшгIариясул инсул вац ккола, жидеда Аллагь разилъаял. Гьез мушрикал тIагIинаруна, гьезул букIараб кинабго бечелъиги гъаниматалъе босана. Гьаб рагъулъ АбугIамр аль-АшгIари шагьидлъана, гьесул бакIалда Абумуса аль-АшгIари чIана ва бергьенлъиги босун тIаде руссана.

Бусурбабазул чодухъабаз мушриказул лъутун унеб цо къокъа Нахлат абулеб бакIалде щвезегIан тIуризабуна. Гьенире щведал жидеца Дурайд бину ас-Самтги чIвана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас амру гьабун кинабго гъанимат ва асирзаби данде гьабуна. Гьениб къоло ункъазарго гIадаб варани ва кIикъоазаргоялдасаги цIикIкIун гIи букIана, укъазарго якъия гIарац ва анлъазарго асирги рукIана. Гьеб кинабго гъанимат ЖагIранат абулеб бакIалде щвезабуна ва гьеб цIунизе МасгIуд бину ГIамир аль-Гъифариясда тIад къана.

## غزوة الطائف

### ТIаифалде гьабураб гъазават

Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас ТIаифалде къасд гьабуна. Нухда унаго гьел тIаде ккана Насрияв Малик бину ГIавфил щулалъул хъалаялда, аварагас амру гьабун гьебги бихъизабуна. ТIаифалде щведалго тушбаби шагьаралда жанир лъугьун, цо соналъе гIолеб квен-тIехалъул хIадурлъиги гьабун, щулалъи гьабун чIун ратана. Гьанже бусурбабазе гьел сверун кквей гуреб цоги сабаб букIинчIо. Гьел

шагьаралде гIагарде рещтIун рукIана, тушманас чIорал реххун чанго чиги лъукъана. Цинги бусурбаби гьабсагIат ТIаифалъул масжид бугеб бакIалде тIадегIан рахана. Гьез тушман рагъде къватIиве вахъине бокьун цо чанго тадбир гьабуна, амма гьелъ щибго кумек гьабичIо.

Жинда Аллагь разилъаяв Халид бину аль-Валидица щибаб къоялъ къецалде чи вахъаян ахIулеб букIана, гьединги гьезул цониги чи вахъинчIо. Цинги ганчIил гIарада лъун ганчIал реххидал гьелъги щулиял къадазе щибго асар гьабичIо. ГIарадаялда гъоркьги рахчун къедалда каратI гьабизеян арав кIиго бахIарчиги тушманас багIаризабураб маххул къанал тIаде реххун, гьеб къедалда каратI гьабизе течIого, нахъе руссине ккана.

Бусурбабаз гьезул чамасдакул ва цIолбол ахал къотIизе бай бихьидал, гьез Аллагьасул цIар бахъун, гурхIел-рахIмуялдалъун гьари гьабидал, гьелги къотIичIого тана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас ахIизе чи виччана: «Хъалаялдаса къватIиве лъутун вачIарав лагъ хIурияв вукIине вуго» - абун. Цинги гьениса къватIиве лъутун къоло лъабгго лагъ вачIана. Гьезда гьоркьов Абубакратги вукIана, хъаладул къеда тIаде вахун лъин тIаде цIалеб гьокоялда (бакраталда) рекIун жив къватIив вачIарав. Гьединлъидалин аварагас гьесда Абубакрат цIарги лъураб. Гьал лагъзал лъутиги тушманасе цIакъго захIматлъун букIана.

Щибго мунфагIат гьечIого, къого къоялдасаги гIемераб мехалъ, шагьар сверун ккуна, цояз тIубараб моцIалъ сверун ккунинги абуна. Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Навфал бину МугIавиятиде мушавара гьабидал, гьес абуна: «Гьел гвендиниб бахчараб цералда релълъун руго, мун тIад чIани дуца гьел *(кида росунги)* кодоре росила, дуца жалго тани гьез дуе заралги гьабизе гьечIо» - абун. Гьеб мехалъ аварагас нахъе руссаян амру гьабуна. Цо бусурбабаз гьесда абидалго тушманасе квешаб дугIа гьабеян абун, аварагас абуна: «Я дир Аллагь, дуца сакъифиял иманалде тIоритIе ва гьел нижехъе бусурбабилъун раче» - абун.

## تقسيم الغنائم والسبي

**Гъаниматал ва асирзаби рагъухъабазе рикьи**

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь ТIаифалдаса тIаде вуссун ЖагIранаталде вачIана. Гьенив щун хадувги, Гьавазинал тавбу гьабун рачIилародаян хьул лъун, анцIгоялдаса цIикIкIун къояз гъанимат бикьичIого чIун вукIана, гьезулги боцIи ва асирзаби гьаб гъаниматалда цадахъ къан бикьизе бокьун. Амма гьезул цониги чи вачIинчIо.

Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас кинабго гъаниматалдаса хумус бахъана. ай, киналъулго щуго бутIаги гьабун цо бутIа батIа бахъана. Гьеб боцIи аварагас жеги иман загIипал бусурбабазе кьуна, гьел исламалда ругьунлъизе гIоло, жеги ислам босичIел гIадамазеги кьуна, гьезул исламалде рокьи бижизе гIоло.

Абусуфян бину аль-ХIарбие кIикъого якъия гIарацги нусго вараниги кьуна, гьедигIанабго жо гьесул кIиявго васасе, Язидие ва МугIавиятиеги кьуна. Сафван бину Умаятие аварагас лъабнусго варани кьуна. Цинги ХIаким бину ХIузамие, аль-ХIарис бину аль-ХIарисие, ГIуяйнат бину ХIисние, аль-АкърагI бину ХIабисие аль-ГIаббас бину Мардасие, ГIалкъамат бину ГIуласатие, Малик бину ГIавфие, аль-ГIалаъ бину аль-ХIарисатие, аль-ХIарис бину Гьишамие, Жубайр бину МутIгIимие, Сугьайл бину ГIамрие, ХIувайтIиб бину ГIабдулгIузае ва цогидазе щивасе нусго варани кьуна.

Цогидазеги цоязе кIикъоялда анцIго, цоязе кIикъого варани кьуна. Гьеб мехалъ гIадамазда гьоркьоб хабарги ана МухIаммадица щибго пакъирлъилин хIинкъичIого боцIи кьолеб бугилан. Цинги жидееги боцIи кьей тIалаб гьабун гIарабиял аварагасда сверухъе руссана, гьез авараг цо гъветIалъул ракьанде къазавуна ва гъветIалда хурхун гьесул чухъаги хутIана. Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: «Дир чухъа дихъе босе. Дир нафс жинда кодоб бугесдалъун гьедула дун: дихъ Тугьаматалъул гъутIбигIан гIемер боцIи бугониги дица гьеб нужеда гьоркьоб бикьила,

нужеда дун бахилавлъун ватизе гьечIо, хIинкъулевлъун яги гьереси бицулевлъунги ватизе гьечIо» - абун.

Цинги аварагас варанияллъул мугъалдаса расалги росун абуна: «Валлагьи, нужер паялдаса *(рагъ гьабичIого бусурбабазе щвараб давла)* дие гьаб расгIадабги жо гьечIо. Дие буго гъаниматалъул хумус, гьебги нужедаго гьоркьоб бикьулеб буго. Нужеца гъаниматалдаса кигIанго гьитIинаб жо босун батаниги, гьеб гъаниматалда гьоркьоб лъе. ХIакълъунго гъаниматалдаса жо бахчи гьел гIадамазе ничлъун букIуна, къиямасеб къоялъ цIалъунги букIуна» - абун. Цинги гIадамаз жидеца гъаниматалдаса босун букIараб жо, кигIанго гьитIинаб букIаниги, гъаниматалда гьоркьоб лъуна.

Хадуб Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Зайд бину Сабитида амру гьабуна гъанимат бикьеян абун. ХIисаб гьабидал, хумус бахъун хадуб цо рагъухъанасе щолеб къадар батана цо вараниги бащдабги, кIиго чахъуги бащдабги, анцIго диргьамги, цо асирасул лъабил бутIаги. Цинги гьал киналго данде реххун цо чиясе гъаниматалъул цо тайпа кьезе бокьани гьесие щолеб батана анцIго диргьам кьун хадубги ункъго варанаги, яги кIикъого чахъу, яги цо асирги цогидасул лъабго бутIа гьабун кIиго бутIаги.

## شكوى الأنصار وخطبة رسول الله -ﷺ-

### Ансарияз гIарз гьаби ва Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьезда хитIаб гьаби

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьабураб жо ансаразда биччIичIо ва гьезда гьеб цо батIиябго жолъун бихьана: исламалдаго гьечIел гIадамазе гIемераб боцIи кьедал ва ансарал щибго жо кьечIого тедал. Гьезул цояз абуна: «Гьаб гIажаибаб жо буго, нижги жалго тун къурайшиязе кьолеб буго, нижер хвалчабаздаса гьезул биги тIинкIулеб букIун» - абун. Ансаразул цевехъан СагIду бину ГIубадатица гьаб хабар расулуллагьасде щвезабуна.

Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас цохIо ансарал батIаго данде гьаруна, Аллагьасе щукру-рецցги гьабуна. Хадуб Аллагьас аварагасдалъун ансаразе гьабураб цIоб-рахIму рехсана, хадуб гьез аварагасе гьабураб лъикIлъиги рехсана. Цинги аварагас абуна: «Я ансаразул жамагIат, нужее захIматлъунищ ккараб дица дунялалъул боцIи цо гIадамал исламалде рачIиналъе гIоло гьезие кьей, нужги нужерго исламалда божун тун. Нуж разилъиларищ, я ансаразул жамагIат, цо гIадамал варани яги чахъу бачун араб мехалъ нуж авараггун цадахъ нужер рещтIараб бакIалде ине? Дир нафс жинда кодоб бугесдалъун гьедула дун: дун гьижра гьабурав вукIинчIевани, ансаразул чилъун вукIинаан. Киналго гIадамал цо кIкIалахъе лъугьани, ансарал цогидаб кIкIалахъе лъугьани, дунги ансарал лъугьаралъув лъугьина. Я дир Аллагь, мун ансаразда гурхIа, гьезул лъималазул лъималаздаги гурхIа» - абун.

Цинги ансарал гIодана жидер мугжул риччинегIан ва гьез абуна: «Ниж рази руго Аллагьасул расуласда, гьев ниже щвеялдаги» - абун.

## وفـد هـوازن

### Гьавазиназул вакилзаби рачIин

Гъаниматал рикьун тIубадал Зугьайр бину Сард абулев чиясул бетIерлъиялда гъоркь Гьавазаназул вакилзабиги рачIана. Гьез ислам босана, аварагасе байгIатги гьабуна, цинги гьез абуна: «Я расулуллагь, нужеца асир гьаруразда гьоркьор нижер улбул, яцал, эбелдахъа ва инсудахъа ункъгIалалги руго. Гьездалъун къавмазе нич ва гIодогIанлъиги бачIуна. Хадуб гьел шигIруялдалъунги кIалъана:

**Дуца нижеда гурхIел гьабе сахаватав расулуллагь, мун вуго дур сахаватлъиялда ва цIобалда хьул лъолев чи. Дуца цIоб гьабе мун хахизавурал руччабазда, дур кIал гьезул рахьдалги цIун букIиндал» - абун.**

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: «Нужеда лъалаха дида цадахъ щал ругел. Дие бищунго

бокьулеб жо буго битIараб бицин, нужеца тIаса бище боцIийщ босилеб асирзабийищ росилел?» - абун. Гьез абуна: «Нижеца гIагарлъиялдаса цоги жо тIокI гьабуларо. Нижехъе руччабиги лъималги кье, варанабазулги гIиязулги хабар нижеца бицинаро» - абун. Аварагас абуна: «Дица къалъул как бараб мехалъ нужеца тIадеги рахъун ислам босун букIин загьир гьабе, цинги абе: «Ниж нужер диналъул вацал руго» - абун. Цингиги абе: «Нижеца расулуллагьасдалъун бусурбабазда гьарулеб буго, бусурбабаздалъун расулуллагьасдаги гьарулеб буго: нижер асирзаби нижехъе тIад руссинареян» - абун.

Гьавазиназ аварагас малъухъин гьабуна. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: «Дие ва ГIабдулмутIалибиязе щвараб жо нужее буго, цогидал гIадамаздаги дица нужее кумек гьабеян абила» - абун. Жидеда гьикъидал Мугьажираз ва ансараз абуна: «Нижее щвараб жо Аллагьасул свалат - салам лъеяв расулуллагьасе буго» - абун. ГIарабиязул цо гIадамал, АкърагI бину ХIабис, ГIуяйнат бину ХIиснин ва ГIаббас бину Мардас жидее щвараб жо кьезе бокьичIого чIана. Цинги аварагас абуна: «РакI разилъун нахъе кьурав чиясе гьеб нух буго. Гьедин гьечIони жидее щвараб жо нахъе кьурасе тIоцебе Аллагьас нилъее кьураб жоялдаса щибаб цо бутIаялъухъ анлъго бутIа кьезе буго» - абун. Цинги цохIо ГIуяйнат бину ХIиснин гурез ракI разилъун жидее щвараб жо нахъе кьуна.

Жал тархъарал лагъзадерида аварагас къибтIияб хамалъул ретIелги ретIана. Асирзаби нахъе руссинаридал щивав рагъухъанасе щвараб жо кIиго варани яги къого чахъу хутIана.

## عمـرة الجعرانـة : تأديب بني تميم ودخولهم في الإسلام

### ЖагIранаталдаса гIумра гьаби ва Банутамилазе адаб гьабидал гьез ислам боси

Гъаниматал рикьун тIубадал Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гIумра бухьана ва гьеб гьабуна. Гьелда цIар тана ЖагIранаталъул гIумраян. Цинги Мадинаялде инелъун

къватIиве вахъана. Гьениве щвана ЗулкъагIидаялъул анлъго яги лъабго къо хутIараб мехалъ.

Гьижрияб ичIабилеб соналъул МухIарам моцIалъ Мадинаялде хабар щвана Банутамимилал абулеб кьибилалъул гIадамаз цогидалги къабилазул гIадамал жизят кьечIого букIиналде ахIулел ругин. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьезухъе, кIикъоялда анцIго рекIаравгун цадахъ, Фазарияв ГIуяйнат бину ХIиснин витIана.

Бусурбабаз гIалахалда рукIадго Банутамимилазда гьужум гьабуна, гьезул анцIила цо чиги, къоло цо чIужугIаданги лъеберго лъимерги асир гьаруна ва гьелги рачун Мадинаялде рачIана. Гьезда хадур Банутамимилазул церехъабазул анцIгояв вачIана ва гьез тIалаб гьабуна хутIба гьабиялъул ва щигIру гьабиялъул къецал гьаризе. Цинги гьезул хатIиб ГIатIарид бину ХIажиб абулев чияс хутIба гьабуна, гьесие жаваб гьабун Сабит бину Къайсицаги хутIба гьабуна. Гьезул щигIручи аз-Забракъан бину Бадрица щигIру цIалидал гьесие жаваб гьабуна ХIассан бину Сабитица. Цинги Банутамимилал мукIурлъана бусурбабазул хатIибги щагIирги бергьиналъе ва жидеца ислам босиги загьир гьабуна. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас асирзаби нахъе кьуна, тIаде лъикIал сайгъаталги кьуна.

## هدم فلس بني طيء وإسلام عدي بن حاتم

### БанутIайилазул палас абулеб хъанч биххизаби ва ГIадий бину ХIатимица ислам боси

Гьижрияб ичIабилеб соналъул РабигIулахир моцIалъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас жинда Аллагь разилъаяв ГIали асхIаб витIана нусиялда кIикъоялда анцIго чигун цадахъ, нусго вараниялда ва кIикъоялда анцIго чуялда жал рекIун ругел, БанутIайилазул палас абун цIар бугеб хъанч биххизабизе. ГIалиасхIабасул кIиго байрахъги букIана: кIудияб чIегIераб ва гьитIинаб хъахIаб.

Гьес ХIатимиял чIараб бакIалде тохлъукьего гьужум гьабуна, гьенисан гIемераб гъанимат ва асирзабиги щвана. Гьезда

гьоркьой ХIатимил яс Сафанатги йикIана. Гьей Мадинаялде ячун ячIиндал Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьелда цIоб гьабун, щибго мухь босичIого нахъе йиччана, жегиги тIаде рекIине жоги кьуна. Гьелъул вац ГIадий бину ХIатим Шамалде лъутун вукIиндал, гьей Шамалде ана. Гьесда аварагасул хIакъалъулъ Сафанатица абуна: «Гьес дур инсуца гьабизе букIинчIеб лъикIаб иш гьабуна. Мун бокьаниги, бокьичIониги гьесухъе а» - абун.

Гьеб мехалъ ГIадий щибго аман ва кагъат гьечIого Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасухъе вачIана. Гьесулгун кIалъай гьабун хадуб ГIадийиица исламги босана.

ГIадий аварагасда аскIов вукIадго гьесухъе пакъирав вукIиналъул гIарз гьабун цояв вачIана, жиндие гъачагълъи гьабунин абун цогидавги вачIана. Аварагас ГIадида абуна: «Я ГIадий, дуда ХIират абулеб бакI бихьанищ? ЧIаго хутIун дур гIумру халалъани, дуда чIужугIадан йихьизе йиго гьеб ХIираталдасаги ячIун КагIбаялда тIаваф гьабулей, цохIо Аллагьасдаса гуро жийги хIинкъичIого. ЧIаго хутIун дур гIумру халалъани, Кисра ханасул хазинабиги рахъизе руго. ЧIаго хутIун дур гIумру халалъани дуда цо чи вихьизе вуго хъат цIураб месед-гIарацги босун гьеб жиндие кьезе чи цIехолев, цонигияс гьесухъан гьебги босуларого» - абун.

Жинда Аллагь разилъаяв ГIадийие щибго хIинкъи гьечIого хьвадулей чIужугIаданги йихьана, Кисра ханасул хазинаби рахъиналъулъги гIахьаллъана.

Гьаб кIиго иш: Банутамимилазе адаб гьаби ва ТIайилазул хъанч Палас биххизаби, буго Макка бахъун ва ХIунайниялда гъазават гьабун хадуб ккараб ишалъул бищунго кIвар бугеб. Гьеб заманалъ, жидер кIвар дагьал цогиги лъугьа-бахъинал ккана, амма мушриказдаги бусурбабаздаги гьоркьоб букIараб къец ва дандечIей Макка бахъун хадуб тIубанго тIагIана. Бусурбабазе, халатал рагъаздаса ва гьезул захIмалъабаздаса хадуб, рахIат ва гIодориччайги щвана.

Гьедин бугониги Шамалда ругел насраниязбусурбабазда данде кутакаб къуват бакIариги, гьелъул хIасилалда Макка бахъилелде цебе Муатат абулеб бакIалда гьезулгун ккараб

рагъги, - гьаб букIана Насраниязда ва бусурбабазда гьоркьоб квер боркьарал рагъал рукIине рукIиналъе гIаламат. Гьел Византиялъул насраниял, кидаго Персалгун рагъда рукIиналъ, цIакъ гучал рагъухъаби ва кутакаб къуват букIана. Гьелъул хIасилалда Аллагьасул свалат - салам лъеяв расулуллагь чIаго вукIадго Табукалде гъазават гьабуна, гьелдаса хадуб хулафаур-рашидиназул заманалъ Шамалдеги гIемерал рагъал ва бергьенлъаби ккана.

## غـزوة تبـوك

### Табукалда гьабураб гъазават

Муътаталда ккараб рагъалъул Румазе ва гьезул аскаразе квешаб хабар тIибитIун букIана, лъабазарго чи гурони гьечIеб бусурбабазул боялъ кIинусазарго чи вугеб Румазул аскаралда данде чIей гьаби ва гьел сах-саламат нахъруссиналъулги кIудияб асар букIана Шамалда гIагарда ругел гIарабиязул къабилабазда гьоркьоб. Гьез къасд гьабуна Румазул ханлъиялдаса рорчIиналъе сабаб цIехезе. Гьеб иш бичIчIарал Румуз ният гьабуна Бусурбабазул аслуго тIагIинабизелъун Мадинаялда тIаде кIанцIун рагъ гьабизе.

## تـهيؤ المسلمين للقاء الرومـان

### Бусурбабаз Румазда данде чIвазе хIадурлъи гьаби

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда Румал данделъулел рукIин ва гьез рагъуе хIадурлъи гьабулеб букIин лъадал, киналго бакIаздаса бусурбаби къватIире рахъи тIалаб гьабуна. Гъазават лъида гьабизе бугебги баян гьабуна, гIадамаз рикIкIадаб ва захIматаб сапаралъе мустахIикъаб хIадурлъи гьабизе. Гьеб заман букIана бищунго бакъул бухIи цIикIкIараб, сапарги рикIкIадаб букIана, гIадамалги хур-хер бакъван захIматлъиялъулъ рукIана. Пихъ баршараб, рагIдукь рукIине бокьулеб заман букIун, гьединаб халатаб ва захIматаб сапаралде рахъин бокьулареб иш букIана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас бечедал гӀадамазде хитӀаб гьабуна мискинзабиги рагъде рахъизе гьезие кумек гьабеян абун. Цинги бусурбаби жидехъ бугеб жо босун аварагасухъе рачӀине лъугьана. ТӀоцеве вачӀараздаса вуго жинда Аллагь разилъаяв Абубакр. Гьев жиндир кинабго мал босун вачӀана, гьебги ункъазарго диргьам букӀана. Аллагьасул свалат - салам лъеяв расулуллагьас «Дуца хъизаналъе жого танищ?» - абидал, Абубакрица абуна: «Дица гьезие Аллагьги гьесул расулги тана» - абун. Жинда Аллагь разилъаяв ГӀумарица жиндир малалъул бащадаб бачӀана.

Жинда Аллагь разилъаяв ГӀусман бину ГӀафаница цӀакъ гӀемераб мал кьуна. Гьес анцӀазарго динар кьунин абула, жидер кьили-тӀенкгун цадахъ лъабнусго вараниги кьуна, кӀикъоялда анцӀго чуги кьуна. Гьес ичӀнусго вараниги нусго чуги кьунинги абуна. Гьесул хӀакъалъулъ Аллагьасул свалат - салам лъеяв расулуллагьас абуна: «Жакъа къоялдаса хадуб ГӀусманица щиб жо гьабуниги гьесие зарал букӀинаро» - абун.

ГӀабдурахӀман бину ГӀавфица кӀинусго якъия гӀарац бачӀана, гьединго аль-ГӀаббасицаги гӀемераб мал бачӀана. ТӀалхӀат, СагӀду бину ГӀубадат, МухӀаммад бину Масламат ва цогидалги рачӀана жидер мал босун. ГӀасим бину ГӀадий ункъоялда анцӀго къали чамасдакил босун вачӀана. Гьедин гӀадамаз жидер садакъа босун бачӀунеб букӀана. Дагьаб жо гуро гьечӀев чиясги цо яги кӀиго муд бачӀунеб букӀана. Руччабацаги жидер курхьи-кӀиликӀ битӀун бачӀунеб букӀана.

Аллагьасул свалат - салам лъеяв расулуллагьасухъе пакъирал асхӀабзаби рачӀиндал жидее рекӀине жо кьеян абун, гьес: «Нуж тӀаде рекӀунеб жо дида батулеб гьечӀо» - абидалго, гьела гӀодулаго нахъе руссана, жидер напакъаде кьезе щибго гьечӀолъиялда пашманлъун. Гьезие кумек гьабуна ГӀусман асхӀабас, аль-ГӀаббасица ва цогидазги, жидеда Аллагь разилъаял.

Мунафикъаз жидерго хъубаб хабар бицана. ГӀемераб кьураздаги гӀайиб чӀвана, дагьаб кьуралги махсароде гьаруна. ХӀинкъичӀого Румазда вагъизе вахъунев вугин абун аварагасдаги гӀайиб чӀвана. Щай гьеб хабар бицунебан

гьикъидал, гьез абуна нижеца гьадинго, махсароде бицунеб букIанин абун. Рагъде ине бокьичIел мунафикъазул ва гIарабиязул цо гIадамал, аварагасухъе батIи-батIиял гIузрабиги рицун рачIана жидее рокъор чIезе изну кьеян. Аллагьасул свалат - салам лъеяв расулуллагьас гьезие изнуги кьуна. Иман камилал цо бусурбаби кIвахIаллъун къватIире рахъичIого хутIана.

## الجيش الإسلامى إلى تبوك

### Исламияб аскар Табукалде бахъин

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Мадинаялда амирлъун МухIаммад бину Масламат тана, жиндир агьлуялъул тIалаб гьабизе ГIали бину АбутIалибги тана. Аскаралъул кIудияб байрахъ Абубакар асхIабасухъе кьуна, цогидал байрахъал церехъабазухъе кьуна: Мугьажиразул байрахъ Зубайрихъе кьуна, Авсазул байрахъ Усайд бину ХIузайрихъе кьуна, Хазражазул байрахъ аль-ХIубаб бину аль-Мунзирихъе кьуна.

Расулуллагь Табукалде инелъун Мадмнаялдаса къватIиве хамис къоялъ вахъана, живгун цадахъ лъеберазарго рагъухъанги вукIана. РекIунеб ва кваналеб жо цIакъго дагьаб букIана. ЦохIо варанιялда хис-хисун анцIила микьго чи рекIунев вукIана, гъутIбузул тIамах кванан гIадамазул кIутIбиги гьорон рукIана. Къечеялъул кутакалъ вараниги хъун, гьелъул ургьиб батараб реччел гьекъеялдецин ирга щвана.

Аскар нухда букIадго гьезда хадув ГIали бину АбутIалиб гъуна. Мунафикъаз жинда абулел рагIаби рихун вахъана гьев къватIиве. Аллагьасул свалат - салам лъеяв расулуллагьас гьев тIад вуссинавуна ва абуна: «Мун разилъиларищ дие мун Мусае Гьарун гIадин вукIине, амма дида хадув цоги авараг гьечIо» - абун.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьгун цадахъ гIадамал рещтIана самудиял рукIараб ракьалъул аль-ХIижру абулеб бакIалда. Гьез гьениб букIараб гъуялдаса лъим бахъун

гьеб гьекъана ва гьелда гIатIги буцана. Аварагас гьезда амру гьабуна лъим гIодобе тIеян ва гьелда буцараб гIатIги варанабазе кьеян. Лъим босизе гьел ритIана СвалихIил вараниялъ лъим гьекъолеб букIараб гъуялде. Самудиязул росабалъан унаго расулуллагьас гьезда абуна: «Нуж жидеца зулму гьабулелльун рукIаразул бакIазде лъугьунге гIодилаго гурони, гьезда щвараб гIазаб нужедаги щвеялда хIинкъун» - абун. Цинги аварагас ретIелалдалъун бетIер бахчизабуна ва хехаб релълъеналдалъун Самудиязул ракь нахъе тана.

Табукалде унаго Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас къалъул ва бакъанил как, гьединго маркIачIул ва боголил как данде босун балеб букIана, цебехун босун яги нахъехун босун.

Табукалде щведалго гьесда хадув АбухIайсамтги вачIана. Гьев иман ритIухъав чи вукIана, жиндир гIузруги гьечIого авараггун цадахъ вахъинчIого хутIарав. Цо къоялъ жиндир ахикье лъугьиндал, гьесда жиндир кIиго чIужу ятана щиялъ батIаго хъошги гьабун, цIорораб лъим ва гьуинаб тIагIамги хIадурун. Гьелдаги валагьун АбухIайсамица абуна: «Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь бакъул бухIиналъулъ вуго, АбухIайсама гьогьомаб рагIадалъулъ цIорораб лъимгун ва берцинал руччабигун вуго. Гьаб иш битIараб гьечIо. Валлагьи, дун нужер цонигиялъул хъошинив лъугьинаро, аварагасда нахърегIун гурони. Нужеца дие цадахъ босунеб жо хIадуре» - абун. Гьез хIажатаб жо хIадурана, жиндир хвалчен, хечги босун вараниялда рекIана ва Табукалда Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь рещтIараб бакIалде вачIана.

## عشرون يوماً في تبوك

### Табукалда къого къо бай

Румазда бусурбаби Табукалда рещтIин лъадал гьезул рагъизе букIараб къасд хвана, бусурбабазда рагъ гьабизе хIалго бихьичIого жидерго улкаялда жанир рикь-рикьун ана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь тушман хIинкъизавун жегиги кього кьоялъ Табукалда чIана, жинда тIад рачIарал къабилабазул вакилзабиги къабул гьарулел рукIана.

Аварагасухъе Аляталъул хIаким ЙухIана бину Руъбат вачIана, гьевгун цадахъ Жарбаалъул, АзрахIалъул ва Майнаалъул агьлуялъул вакилзабиги рачIана. Гьез аварагасе жизят кьезелъун сулхI гьабуна, исламги босичIо. Аллагьасул свалат - салам лъеяв расулуллагьас кагъат хъвана ЙухIанае ва Аляталъул агьлуялъе аман букIиналъе. Гьезул гумузе ва ракъдада хьвадулезе цIуни букIиналъе, жидее бокьаралъуре ине ва рещтIине ихтияр букIиналъеги. Нагагь гьез бусурбабазе зарал бугеб жо гьабуни гьезул боцIиялъ гьезул нафсал цIунизе гьечIиланги.

Жарбаалъул ва АзрахIалъул агьлуялъеги гьезие аман букIиналъул кагъат хъвана, щибаб соналъул Ражаб моцIалъ нусго динар кьезеги тIад гьабуна. Майнаалъул агьлуялъ аварагасе сулхI гьабуна жидер пихъалъул ункъил бутIа кьезелъун.

## اسـر أكيـدر دومـة الجندل

### Думатул жундалалда Укайдар асир гьави

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас ункънусиялда кього рекIаравгун цадахъ жинда Аллагь разилъаяв Халид бину аль-Валид витIана Думатул жандал абулеб бакIалъул хIаким Укайдирихъе. Халидида аварагас абун букIана дуда гьев гIалхул гIачиязда чан гьабулев ватизе вугин абун. Халид гьениве ана ва Укайдирил кIалгIа бихьулеб бакIалде щведал гьесда цо гIака бихьана кIалгIаялъул нуцIиде лълъарал тенколеб. Укайдир гьелда чан гьабизеян къватIиве вахъиндал Халидица тIаде кIанцIун гьев ккуна ва Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасухъе вачун вачIана. Аварагас гьев чIвачIого сулхI гьабуна кIиазарго вараниги, микьнусго лагъги, ункънусго къолден ва ункънусго хеч кьезелъун. Гьединго

Укайдар мукIурлъана Айлаталъул ва Майнаалъул агълуялъ кьолеб жизят кьезеги.

## العودة إلى المدينة

### Мадинаялде тIад русин

Табукалда къого къо бан хадуб Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Мадинаялде инеян вагъарана. Табукалде инги тIаде вуссинги лъеберго къоялде бахана, Мадинаялдаса авараг аралдаса кIикъоялда анцIго къоги тIубана.

Бусурбабазул аскар цо кIкIалахъан унаго авараг варанидул квелъ ккун вугев ГIамир асхIаб ва гьеб цебе къотIулев ХIузайфат бину аль-Ямани гурони цадахъ гьечIого, аскаралдаса ватIаго унев вукIана. Авараг чIвазе къасдалда мунафикъзабазул анцIила кIиго чи гьесда хадур лъугьана ва лъикIаланго гьесда гIагарде щвана. Гьел жидер гьурмалги рахчун рукIана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас жинда кодоб букIараб тIилги босун гьезда данде ХIузайфат витIана, варанабазул гьурмазда кьабеян абун. ХIузайфатица тIил кьабидалго Аллагьас гьезул ракIазулъ хIинкъи реххана ва гьел лъутун жидерго къавм бугеб бакIалде кIанцIана. Аварагас ХIузайфатида гьезул цIаралги, гьезие бокьун букIараб жоги бицана, гьелдалъун ХIузайфатида абулаан аварагасул балъголъиялъул бетIергьан абун.

## هدم مسجد الضر ار

### Мунафикъзабаз бараб масжид биххизаби

Мунафикъзабаз Къубаалда бусурбабазе заралалъе, гьезда гьоркьоб рикьи ккезабиялъе ва Аллагьасдаги аварагасдаги рагъ балел жанир рачиналъе масжид бан букIана. Гьез Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда абулеб букIана жидер жамагIаталъе имамлъи гьабун как баян абун. Гьеб авараг Табукалде ине хIадурулеб заман букIиналъ гьес абуна: «Ниж

сапаралде рахъунел руго, тIаде руссиндал иншааллагь» - абун. Табукалдаса тIад вуссун Зуаван абураб бакIалде рещтIидал, гьебги Мадинаялде щвезе цо къол нух хутIараб бакI буго, Гьеб масжидалъул хабар босун хирияв аварагасда Жабраил рещтIана. Цинги аварагас гьеб масжид бухIизе ва биххизабизе гIадамал ритIана.

## استقبال رسول الله -ﷺ- من قبل أهل المدينة

### Мадинаялъул агьлуялъ Аллагьасул свалат - салам лъеяв расулуллагьасда данде чIвай гьаби

Аллагьасул свалат - салам лъеяв расулуллагьас Мадинаялъул гIорхъаби рихьидал абуна: «Гьаб буго ТIабат, гьаб буго УхIуд мегIер, нилъее жиб бокьулеб ва жиндие нилъги рокьулеб» - абун.

ГIадамазда авараг вачIуев вукIин рагIарабго гьел данде чIвай гьабизе къватIире рахъана. Руччаби-лъималазги шигIру ахIулаго гьесда данде чIвай гьабуна:

**Саниятул вадагI абулеб бакIалдаса нижеде цIураб моцI баккана,**

**Аллагьасде ахIулев чи вугебгIан мехалъ нижеда щукру гьабиги тIалъана** – абун.

Гьедин Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь масжидалда жаниве лъугьана, гьениб кIиго ракагIатги бан гIадамазе хабар бицине гIодовги чIана.

## المخلفـون

### Табукалде рахъинчIого чIарал

Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасухъе Табукалде рачIинчIого чIарал мунафикъзаби цо-цо гIузру бицун, гьаял гьедун рачIана. Аварагас загьиралда гьез бицараб жо къабул гьабуна, гьезда жаниб бугеб жоги Аллагьасде тIамун тана.

Жидер иман ритIухъал, амма гъазаваталде рахъинчIого хутIарав лъабго муъминчиги вачIана аварагасухъе. Гьелги

КагIбу бину Малик, Мурарат бину ар-РабигI ва Гьалал бину Умаят руго. Гьез гьересияб гIузру бичинчIого битIараб жо бицана. Аварагас гьезде амру гьабуна Аллагьас гьезул хIакъалъулъ хIукму бачIинегIан чIаян абун, гIадамаздаги гьездехун калам гьабугеян амру гьабуна. Цинги гIадамазул гьездехун букIараб лъикIаб гIамал хисана, гьезие дунялго лъалареб хIалалъ лъугьана, жидерго нафсазе гьабулеб жо лъаларого, дунялго бецIлъун бугебгIадин хутIана.

Гьаб бакIалда нилъеца аль-Мубаракфурияс бицичIеб хIадис хъвала, гьелдалъун дов лъабавго асхIабасул хIал лъикIго баян гьабизе:

*Жидеда Аллагь разилъаял имам Маликица Маликил вас КагIбил ГIабдуллагьидаса бицана: «Дида дир эмен КагIбу бицунев рагIана: Аллагьасул свалат-салам лъеяв авараггун цадахъ дун киналго гъазаватазда вукIана, Бадруялъул гъазават хутIинегIан. Лайлатул-гIакъабати абулеб сордоялъ Аллагьасул диналъе гIоло аварагасе мутIигIлъизе абун къотIи гьабулеб бакIалдаги вукIана. Табукалъул гъазават букIана рииги бухIараб пихъалги баршараб заманаялъ. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьеб гъазаваталда хIадурлъе абун амру гьабураб мухалъ асхIабзабаз ретIел, квен, ярагъ хIадурулеб букIана, сафарги рикIкIадаб букIун, заманги захIматаб букIун. ГIолохъанчи вукIиндалго, бокьараб къоялъ хIадурилин абун, дун дагьав тохлъана ва хирияв авараггун асхIабзаби къватIире рахъунеб къоялъ шибго хIадурлъи гьечIого хутIана.*

*Гъазаваталда гьелги ун гъоркь хутIун Мадиналъул къватIахъе ваккидал дида цониги сахав чиго вихьичIо нахъе хутIаразулъ, я мунафикълъи бугел яги гIузру бугел гIадамал гурони. Гьелъ дун цIакъ пашман гьавуна ва хадув гъезе ине къасд гьабун букIана. Кинниги, дун гъоркь хутIана, ва гъазаваталдаса Аллагьасул свалат-салам лъеяв авараг тIад вуссараб мехалъ шиб гьересидай гьесие бицина абун гIемер ургъана, кинниги битIараб бицун горони цоги бицизе жоги ракIалъ къабул гьабулеб букIинчIо.*

*Пуланаб къоялъул къалъул гIужалда Аллагьасул свалат-салам лъеяв авараг гъазаваталдаса вуссун масжидалде*

*вачIана, ва гьесухъе гIузру бицун хьвадизе гъазаваталда инчIого чIарал мунафикъзабиги лъугьана. Гьез бицаралда гIенеккун гьезие истигъфар гьабун (гьезул мунагьал чури тIалаб гьабун) загьиралда гIамалги гьабун, батIин Аллагьасде тIамунги тун хирияв аварагги вукIана, Аллагьасул свалат-салам лъеяв.*

*Цинги дида ирга шун дица салам кьедалго, хирияв аварагас ццим бахъараб хьимиги гьабун: аскIовегIан вачIа, - ян абуна. Дун гьесда цеве гIодов чIараб мехалъ гьес дида абуна: «Мун шиб жоялъе гIоло рокъов чIарав, дуца рекIине вараниги босун букIана гурищ?- абун. Цинги дица абуна: «Валлагьи, жакъа мун гурев чиясда цеве гIодов чIун вукIаравани цо гIузруги бицун гьесул ццим бахъин нахъе чIвазе кIолаан дида. Жакъа дуда цо гьересиги бицун мун рази гьавуни БетIергьан Аллагьас дур дида ццим бахъинабиялдаса хIинкъула дун. Дуда битIарабги бицун дуца дие тагIзир гьабуни Аллагьу ТагIала ахираталда дидаса разилъулеблъиги лъала дида. Валлагьи, дие шибго гIузруги букIинчIо, ва дун бишун къуватги бугев гъазаваталда вачIине ресги бугев вукIана» - абун.*

*Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагас абуна: «Гьав чияс битIараб бицана, мун вахъа, ва Аллагьас дуе цо хIукму гьабизегIан чIа» - абун. Цинги дун цIакъ пашманлъун вукIана, ва дида сверун лъугьун бану Салиматил гIадамал рукIана жидеца абулел: «Дуцаги цо гIузру бице аварагасе цогидал асхIабзабазгIадин: Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагас истигъфар гьабун дур гьеб мунагьги чурила мунги авараггун цадахъ вукIина» - абун. ГIемер гьел гьардон гьеб гьереси бицине гIагарлъун вукIана дун. Цинги дица гьикъидал цоги чи вугищ дун гIадин аварагас тарав абун, дида абуна кIиго асхIаб вуго абун. РабигIил вас Мурарат, ва Уммаятил вас Гьилал. Гьав кIиявго лъикIал асхIабзаби рукIана Бадруялдаги рагъарал, жидер цогидаз хIурматги гьабулел.*

*Цинги дица сабру гьабуна гьереси бицинчIого чIезе. Дун цодагьав гванзав, согIав вукIун, кигIан нечон вугониги гIадамаздаса вахчичIого гьезда гьоркьов хьвадулев вукIана. Дов кIиявго асхIаб рокъорги рахчун гIодулел рукIана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагас нижедахун кIалъазеги, мушавара*

*гьибизеги, салам кьезеги кьураб буссине гьабизеги гьукъун букIана. КигIанго захIмат букIаниги дун как базе масжидалдеги унаан, Аллагьасул салат-салам лъеяв аварагасда аскIовегIанги гIагарлъулаан, ва амма шивниги чи дидехун валагьулев ва кIалъалев вукIинчIо.*

*Гьеб хIалалъ дун вукIадго Шамалдаса вачIарав даран чияс дун цIехон дихъе кагъат кьуна, гьенив вугев хан Гъассанил рахъалъан бугин абун. Гьеб цIалидал гьелда хъван бугоан: «Мун къварид гьавураб, дур хIурмат гьечIеб Мадинаги тун жиндихъе вачIани жинца мун кIодо гьавилин»-абун. Гьабги Аллагьасул рахъалъан дир хIалбихьи бугин абун, дица гьеб кагъат цIадабе рехун бухIана.*

*Гьедин кIикъого къо араб мехалъ нижехъе Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хабар бачIана, нуж ручабаздаса рикIкIалъе абун. ЦIар тIамунищ, кин рикIкIалъилел абидал, цIар тIамуге аскIореги лъугьунге абуна.*

*Дица дир чIужу эбел-имсухъе йитIана, ТIадегIанав Аллагьасул амру бачIинегIан гьений чIа абун. Гьилалил чIужу Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасухъе ячIана, ва гьелъ абуна: Гьилал херав чи вугин, гьесие хъулухъ гьабулев чиги гьечIин жинца гьесие хъулухъ гьабизе изну кье абун. Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагас абуна: «гьесие хъулухъ гьабе, ва амма дуда гIагарлъизе виччаге гьев»- абун. Гьей чIужуялъ абуна: «Валлагьи, гьев дида хъатIулев чи гьечIо, ва дуца рикIкIад гьавураб къоялдаса нахъе жив гIодулев вуго» - абун.*

*КIикъоялда анцго къо тIубана гьаб хIалалъ, ва гьеб къоялъ рогьалил какги бан, ракIги къварилъун тIохил рагIалде гIодов чIун дун вукIаго цо борхатаб гьаракьалъ ахIана: «Я Маликил вас КагIбу! дуе рохел буго!»-абун. Гьеб сагIаталда дунги суждаялда ккана. Гьеб рогьалил как бараб мехалъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасда вахIю рештIун лъазабун буго нижер тавбу къабул гьаби, ва гьес нижеда рохел бицине асхIабзаби ритIун руго. Дида рохел бицун вачIарав чиясе дица тIасаги бахъун ретIел кьуна. Ва, валлагьи гьеб къоялъ дир цоги ретIелги букIинчIо. Цинги къарзалъе босун ретIелги ретIун дун аварагасухъе ине гIедегIана. Данде ккарал асхIабзабаз дида*

*тавбу къабул гьаби баркулеб букIана. Масжидалда жанив дун лъугьараб мехалъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв авараг асхIабзабада гьоркьов гIодов чIун вукIана, ва гьесул гьумер цIураб сордоялъ моцI гIадин гвангъун букIана.*

*Гьеб букIана Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг разилъун, воххун вукIиналъул гIаламат. Дица салам къураб мехалъ аварагас абуна: «Дуе рохел буго мун эбелалъ гьавураб къоялдаса нахъе дуда бачIараб бищун дуе лъикIаб къоялдалъун» - абун. Дица гьикъана, дур рахъалъанищ яги Аллагьасул рахъалъанищ, я расулаллагьи абун. Гьес абуна Аллагьасул рахъалъан буго, - ян абун. Цинги дица абуна дир тавбу къабул гьабиялдалъун дица тIад босулеб бугин дир боцIи садакъаде бикьизе абун. Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагас абуна: дуца боцIи дуего те, гьеб дуе лъикI бугин абун. Цинги дица абуна: дун битIараб бицuналъ хвасар гьавуна, ва дица тIад босулеб буго кидаго гьересияб рагIи бицинчIого тезе абун. Гьедин бугелъул, валлагьи гьеб къоялдаса нахъе дица цохIо гьересияб рагIи абичIо, ва дир хьулги буго Аллагьу ТагIалаяс гьанже хутIараб гIумруялъги дун гьересиялдаса цIунилин абун».*

Суратул Ттавбаталда чанго аят буго, гьаб гъазаваталъул, ва гьал асхIабзабазул хIакъалъулъ бицараб. Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасе гьереси бицарал мунафикъал асхIабзабазул хIакъалъулъ аят рештIинабуна:

**«нуж гъазаваталдаса тIад руссараб мехалъ гьел мунафикъал нужее гьедаризе руго, жидее зарал гьабичIого букIине. Нужеца гьел жалго те, гьел хъубал чагIи руго, ва гьел руссунеб бакIги жагьаннама буго, гьез гьабураб квешаб гIамалалъул жазалъун. Нуж разилъи тIалаб гьабун гьел гьедараниги ва нуж разилъаниги Аллагь фасикъаб, кафураб къавмалда разилъуларо»** - абун. 95-96 аят

Гьав лъабго тавбу къабул гьабурав асхIабасул хIакъалъулъги, ва цогидал асхIабзабазул ва аварагасул хIакъалъулъги аятал рештIана:

**ХIакълъунго Аллагьу ТагIала тIасса лъугьана аварагасдасаги, мугьажирал, ансарал, асхIабзабадасаги цIакъ захIматаб мехалъ жал аварагасда нахърилълъарал, цо къокъаялъул ракIал хIинкъун цо рахъалдехун гьетIизе гIагарлъун рукIана, гьезги тавбо гьабуна.**

**Аллагьу ТагӀала гьезда цӀакъ гурхӀулев вуго. Гьев лъабго асхӀабасдасаги тӀаса лъугьана Аллагь, жидер амру нехъбахъун тун рукӀарал, жидее гӀатӀидаб дунялги къварилъун рукӀарал, ва жидер ракӀалги цӀакъ къварилъун рукӀарал, ва цохӀо Аллагьасде кӀанцӀани гурони жидее кӀанцӀизе бакӀ гьечӀо абун рукӀарал. Гьезда Аллагьас тавбо гьабизе малъана, жинца гьезул тавбо къабул гьабизе гӀоло. ХӀакълъунго Аллагьу ТагӀала тавбо къабул гьабулев, муъминзабада гурхӀулев вуго. Я гьал иман лъурал гӀадамал! Нуж Аллагьасул гӀазабалдаса хӀинкъун гьесие мутӀигӀлъе ва нуж лъикӀал гӀадамалгун цадахъ рукӀа - абун**.

Сура ат-Тавбати, II8-II9 аят

Гьелдалъун бусурбабиги цӀакъ роххана, дов лъабасдаго роххелги бицана. Цоцада роххел бицун, сайгъатал ва садакъа гьабуна. Гьеб къо гьезул гӀумруялъул бищунго лъикӀаб къоги букӀана.

ТӀадегӀанав Аллагьас мунафикъзаби суризарун, гьерсихъабазул ракӀазда бугеб жо загьир гьабун ва иманалъулъ ритӀухъал муъминзабазе роххел бицун аятал рещтӀинаруна. Кинабго реццги гӀаламалъул БетӀергьан Аллагьасе буго.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Табукалдаса вуссун Мадинаялде щвей букӀана гьижрияб ичӀабилеб соналъул Ражаб моцӀалъ. Гьебго моцӀалъ ХӀабаш улкаялъул хан АсхӀамат бину Абжарги хвана. Мадинаялдеги вукӀадго аварагас гьесда жаназаялъул какги бана. *Ай, цебе жаназа гьечӀого рикӀкӀад вугев чиясдаса жаназаялъул как бай бегьиналъе хӀужа буго гьеб.*

Гьебго соналъул ШагӀбан моцӀалъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул яс Умукулсумги хвана. Аварагас гьелдаги жаназаялъул как бана ва гьей БакъигӀалъул хабалалъ юкъана. Гьей хвеялда аварагасул цӀакъ ракӀ бухӀун букӀана. Жинда Аллагь разилъаяв ГӀусман бину ГӀафанида аварагас абуна: «Дида аскӀой лъабабилей яс йикӀарайани гьейги дуе кьезе йикӀана» - абун.

Гьижрияб ичӀабилеб соналъул ЗулкъагӀида моцӀалъ мунапикъзабазул бетӀер ГӀабдуллагь бину Убаюги хвана. Аварагас гьесул мунагьал чурагиян абуна, гьесда жаназаялъул какги бана. Жинда Аллагь разилъаяв ГӀумар асхӀаб гьесда как

баялдаса авараг нахъчIвазе лъугьун вукIана, кинниги аварагас как бана. Гьелдаса хадуб рещтIана мунафикъзабазда как бай нахъчIвараб Къуръаналъул аят.

## كلمــة حــول الغزوات

### Гъазаватазул хIакъалъулъ къокъаб ргIи

Жагьилияб заманалъ рагъ абураб рагIиялъул магIна букIана щибго гурхIел-рахIму гьечIого гIадамал чIвай, гьел инжит гьари, цIаялъ бухIун, биххизабун мина-мулк гьалаг гьаби, магIишат бахъи, напсалъул къадру хвезаби, кинабго хур-хер ва боцIи гьалаг гьабун ракьалда тIад пасалъи гьаби. Исламияб дин бачIараб мехалъ рагъ абураб рагIиялъул магIна аслуялдасаго хисана.

Исламалъ рагъ гьабуна жидее зулму гьабуразе квербакъи гьабулеблъун, зулмучагIи нахъе чIвалеблъунги, ракьалда тIад рекъел ва парахатлъи рещтIиналъе сабабалъунги. ГIадамазда гьоркьоб битIараб гIадлу бакIинабулеблъун, къуватал, гучал залимзабазухъан загIипал гIадамал хвасар гьарулеблъун, ТIадегIанав Аллагьасул лагъзал Гьев Аллагьасул лагъзадерие гIибадат гьабиялдаса рахъун цохIо Аллагьасе гIибадат гьабулеллъун гьариги, батIулал диназул квешлъиялдаса исламияб диналъул гIадлуялде гIадамал рачинги.

ГIарабиязул тIабигIаталдаса букIинчIо жал цониги чиясе мукIурлъи, кигIан халатго рагъ гьабизе кканиги, цIакъ кIудияб багьа гьеб рагъулъ кьезе кканиги. Бакрилал ва ТагIлаб абулеб кIиго кьибилалда гьоркьоб кIикъого соналъ рагъ букIана, гьеб рагъулъ лъабкъоялда анцIазарго гIадав чиги чIвана, цингиги гьел цоцазе мутIигIлъичIо. Авсазда ва хазражазда гьоркьоб нусго соналъ рагъ букIана, цингиги гьел цоцазе мукIурлъичIо.

Исламияб дин бачIизе цебехун гьадинаб букIана гIарабиязул тIабигIат-гIамал: халатал рагъазулъ рукIин ва тушманасе хIелун гутIи.

Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь исламияб диналдалъун вачIана, гIарабияз гьесдаги жидерго тIабигIаталда

рекъон рагъалдалъун данде чIей гьабуна ва гьев рагъул майданалде цIцIана. Амма аварагас гьезда данде тIубанго батIиял, жиделъ хIикмат бугел къагIидаби хIалтIизаруна. Гьелдалъун аварагас гьезул шагьарал рахъинелде цере гьезул ракIал рагьана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьарурал гъазаватал жагьилиял гIарабиязул рагъазда дандеккун хIасил гьабураб мехалъ гIажаибал ишал загьирлъула. Аварагас мушриказде, насраниязде, ягьудиязде гьарурал киналго рагъазулъ кIиябго рахъалъан чIварал гIадамазул къадар азарго чиясде бахуна. Гьел киналго гъазаваталги микьго сонил болжалалда жанир рукIана. Гьедин бугониги гьаб дагьабго заманалда жаниб, гьадигIан дагьаб биги гIодоб тIун, тIубараб гIарабиязул бащдаб чIинкIиллъи аварагасе мутIигIлъана, гьелъул киналго рахъазда рекъел ва божи буголъиги тIибитIана.

Дуда ракIалдейищха кколеб гьаб иш цохIо хвалченалдалъун гьабунин? Хасго жидер гIумруялъ рагъазулъ рукIарал, щибго къимат гьечIеб жоялъе гIоло рагъулаго аза-азар чиги чIвалел рукIарал, цингиги цоцазе рагIиги кьоларел гIадамазда данде рагъги гьабун. Гьедин гьечIо иш! Гьеб жо буго Аллагьасул рахъалъан бугеб авараглъи ва рахIмат, Аллагьасул рисалат ва хIикмат, диналде ахIи ва мугIжизат, Аллагьасул рахъалъан бугеб цIоб ва нигIмат.

## حج أبى بكر الصديق – رضى الله عنه –

### Жинда Аллагь разилъаяв Абубакар асхIабас асхIабзабигун цадахъ хIаж гьаби

ГIарабияз абулеб букIана жал Аллагьасул салам лъеяв Ибрагьим аварагасул диналда ругин. Гьеб диналъул гIаламат бугин абун гьез ккураб жоги букIана КагIба рукъалда хIаж гьаби. Гьез щибаб соналъ хIаж гьабулеб букIана ва гьелъул цIакъ кIварги гьабулеб букIана. ХIаж гьабиялда жанир жидецаго ургъарал бидгIабиги, хис-басалги рукIана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьижрияб тарихалъул микьабилеб соналъ Макка шагьар бахъиндал, гьенив амирлъун ГIутайб бину Усайдги тедал, гьес хIаж гьабуна, гьевгун цадахъ бусурбабаз ва мушриказги гьабуна. Гьеб хIажги Макка бахъилелде цебе гьабулеб букIараб хIалалда гьабуна.

Гьижрияб ичIабилеб сон бачIиндал Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас жинда Аллагь разилъаяв Абубакар асхIаб хIажизабазул амирлъун витIана, гьес гIадамазе хIажалъул гьаризе кколел гIибадатал гьаризе. Гьев лъабнусго хIажичигун цадахъ Мадинаялдаса къватIиве вахъана ЗулкъагIида моцIалъул ахирал къояз. Гьесда цадахъ *(къурбаналъе хъвезе)* аварагас битIараб къого варани ва жинцаго бачараб щуго вараниги букIана.

Цинги Сурату аль-Бараателъул авалал аятал рещтIана, жидеца къотIи тIубазабуларел мушриказулгун рукIарал киналго къотIаби хвезарун. Гьезие ва цогидалги къотIудаго гьечIел мушриказе ункъго моцI заман кьуна жал ракьалда тIад жидеего бокьухъен хьвадизе, гьезда лъазе Аллагьасе гIазаб гьабизе бокьараб мехалъ жидеца Гьев гIазаб гьабизе гьукъулаpевлъи ва Аллагь капурзабазе жаза гьабулев вукIинги лъазе. Бусурбабазда амруги гьабуна жидеца къотIи хвезабичIел ва бусурбабазда данде рахъинчIел, бусурбабазе заралалъе цогидазе кумекги гьабичIел мушриказулгун гьарурал къотIаби жидер болжал щвезегIан тIуразареян.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьел аяталги росун, жинда Аллагь разилъаяв ГIали асхIаб витIана хIаж гьабулеб къоялъ *(ГIарафа магIарда ругеб къоялъ)* гьел гIадамазе цIализе. Аварагас абуна: «Дир рахъалъан бугеб жо дир чияс гурони гIадамазухъе щвезабуларо» - абун. ГIали асхIаб жинда Аллагь разилъаяв Абубакрида хадув гъуна аль-ГIараж абулеб бакIалда. Гьесда Абубакрица гьикъана мун амирищ вугев яги амирасда нахъвилълъаравищ вугеван абун. ГIалица абуна «дун амирасда нахъвилълъарав вуго» - абун, ва гьес как балеб букIана Абубакрида нахъвилълъун.

Жинда Аллагь разилъаяв Абубакар асхIабас гIадамазе хIаж гьабуна. Къурбан хъолеб къоялъ ГIали асхIаб чIимхал реххулеб бакIалда аскIов чIана ва гьес гIадамазе Бараатальул авалалда ругел аятал цIалана: мушриказулгун къотIаби риххи, гьезие ункъго моцI заман кьей ва жидеца хиянат гьабичIел мушриказул къотIи болжал щвезегIан тIубазе букIин жидеца бицунел. Абубакар асхIабасги гIадамазда лъазабулел чагIи ритIана гьанжеялдаса хадуб мушриказ хIаж гьабизе гьечIин, КагIба рукъалда ратIлидаса гIицIцIал гIадамаз тIавафги гьабизе гьечIин абун.

## الوفـود والدعـاة والعمال

### БатIи-батIиял къабилабазул вакилзаби Мадинаялде рачIин ва аварагас диналде ахIулел чапарал ритIи

Киналго гIарабиял ралагьун чIун рукIана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасдаги къурайшияздаги гьоркьоб бугеб къец киндай тIубалеб абун, ва гьезда лъалеб букIана Масжидул хIарамалда тIад батIулаб жоялъ къуваталдалъун ва рагъалдалъун ханлъи гьабулареблъи. Пилалги рачун КагIба рукъ биххизеян рачIаразул къиссаги гIемер рикIкIад букIинчIо.

ТIадегIанав Аллагьас Жиндие хирияв авараг Маккаялъул капурзабаздаса бергьизавун Масжидул хIарамалда жаниве лъугьизавун хира гьавидал, гIарабиязда аскIоб гьев хIакъав расул вукIиналда щибго щаклъи хутIичIо. Гьединлъидал гIарабиязул къабилабаз, цоялда хадур цогидал гьарун, аварагасухъе вакилзаби ритIизе байбихьана: гьев расул вукIиналда иман лъезе ва гьесул амруялдаги мукIурлъизе. Къокъаби гьарун гIадамаз Аллагьасул диналде лъугьизе байбихьана ва дагьабго заманалда жаниб исламияб пачалихъалъул гIорхъаби БагIараб ралъдал рагIалдаса ГIарабияб бащдаб чIинкIиллъиялъул рагIалде щвана, Иорданиялъул югаб рахъалдаса, Шамалъул борхалъабаздаса Яманалъул ва ГIумманалъул авлахъаздеги щвана.

Аллагьасул свалат - салам лъеяв расулуллагьас гьаб кIудияб улкаялъул ишазул тадбирал гьаризе бай бихьана. Диналде

ахIулел чапарзаби ритIана, щибаб бакIалда тIадчагIиги тана, закагIат бакIарулел гIадамал ритIана. ГIадамал ва шагьарал жинда хIажалъулел киналго ишал тIубазае къадиял ва гIамилал тана. Иншааллагь, нилъеца гьеб киналъулго дагьабго жо бицина.

Хирияв расуласухъе вакилзаби рачIарал къабилабазул рикIкIен, сияр гIелмуялъул гIалимзабазул биценалда рекъон, лъабкъоялда анцIгоялдасаги цIикIкIун руго. Цо гIалимзабаз гьезул къадар, мухIканаб далил гьечIелги гьоркьор рехсон, нусгоялдаги бахинабуна. Макка бахъиналда цереги аварагасухъе цо-цо вакилзаби рачIун рукIана, цоял гьижра гьабурал тIоцереселго соназги рачIана, хIатта гьижра гьабизе цереги рачIана. Амма гIаммаб хIалалъ ва тIатIалаго вакилзаби рачIин Макка бахъун хадуб гьижрияб ичIабилеб соналъ букIана, анцIабилеб соналъги, гьелдаса хадурги рачIунел рукIана. Гьижрияб ичIабилеб соналда цIар тана вакилзабазул сон абун.

Гьал вакилзабазул гIемерисезда гьоркьор къабилабазул бутIрул ва церехъаби рукIана, бищунго къадру бугел, жидер рагIи босулел гIадамалги рукIана. Цо-цо мехалъ цохIо чиги вачIана, дагьалго гIадамал цадахъгоги рачIана.

Щиб мурадалда вакилзаби рачIунел рукIарал абуни, гьезул щивазул хассаб мурад букIулаан. Цоял жидер асирзаби ва боцIи нахъе кьей тIалаб гьабун рачIунаан, Гьавазаназул ва Тамимилазул вакилзаби рачIараб гIадин. Цоял жиндирго напсалъе, яги жиндиеги къавмалъеги божилъи гьарун рачIунаан. Цоял чIухIдае яги дагIба-къецалъеги рачIунаан. Цоял жидеда гъазават гьабулеб бусурбабазул гIаскар нахъе чIвай мурадалда, расулуллагьасе мутIигIлъизе ва жизят кьезе мукIурлъун рачIунаан. Жинцаго ва жиндир къавмалъ Ислам босизе бокьун рачIаралги рукIана, исламалъе мутIигIлъун, гьелъул хIукмаби ва къагIидаби жидер къавамалда малъизе бокьун рачIаралги рукIана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьел вакилзабада дандчIвай гьубулеб букIана Аллагьас жиндие кьураб гьумер битIиналдалъун ва берцинал тIабигIатаздалъун.

Гьел разилъулел сайгъаталги кьолаан, исламияб дин босиялде хьулги лъезабулаан. Гьезда иманалъул ва шаригIаталъул ахIкамал лъазарулаан, гьезги жидер къавмазда лъазабизе. ГIалхуда гIумру гьабун ругел гIарабияз ислам босиялъе сабаблъунги рукIана гьал вакилзабазул къокъаби. Аварагасухъе гьал къокъаби рачIиналъул ахирабги хIасил букIана гьез жидецаго хадуб гьезул къавмазги ислам боси, хехго босаниги яги дагьаб хадуб босаниги. ЦIакъго дагьал гIадамал гурони исламалдаса батIа кIанцIунги чIечIо, БанухIанифатилал ва гьереси авараг Мусайламат гIадал.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасухъе рачIарал къокъабазул кIвар бугел руго:

## وفد عبد القيس

**ГIабдулкъайсил къокъа**

Гьел рукIана гIарабиязул бащдаб чIинкIиллъиялъул бакъбаккуда чIарал гIадамал, Мадинаялдаса къватIир ругел гIадамазул тIоцебе ислам босаралги рукIана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул масжидалдаса хадуб тIоцебе рузман бараб масжидги гьезул масжид букIана, БахIрейналда бугеб Жаваси росулъ жиб бугеб.

ГIабдулкъайсилал аварагасухъе кIиго нухалъ рачIана, гьижрияб щуабилеб соналъ ва ичIабилеб соналъ. ТIоцере рачIаразул анцIила лъабго яги анцIила ункъго чи вукIана. Мадинаялдеги щун жидеда авараг вихьидалго гьел масжидалъул рагьоялда аскIор рекIулел жалаздаса гIодор кIанцIана ва гьесие салам кьезе гIедегIил гьабуна.

Гьезда гьоркьов ГIабдуллагь бину ГIавф аль-Ашажги вукIана, гьезул бищунго гьитIинав. Гьев рекIунел жалазда аскIов вукIана, гьел данде гьарун ва къай-матахIалъул гIадлу гьабун. Цинги гьес хъахIаб ретIел къватIибе бахъун гьеб тIад ретIана ва гIодов виччан вачIун аварагасе саламги кьуна. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьесда абуна: «Дур кIиго лъикIаб гIамал буго, Аллагьасеги гьесул расуласеги жиб бокьулеб: хIалимлъи ва гIодов виччай» - абун.

ГӀабдулкъайсилал Мадинаялде щвелелдего аварагас абун букӀана: «Нужехъе бачӀине буго бакъбаккул рахъалда ругел гӀадамазул бищунго лъикӀазул къокъа, ислам босеян жидеда хӀалги гьабичӀел. Гьез *(аварагасухъе рачӀунаго)* рекӀулел жал сваказаруна, квен-тӀехги тӀагӀизабуна. Я дир Аллагь, Дуца ГӀабдулкъайсилазул мунагьал чуре» - абун. Гьел тӀаде щведал аварагас абуна: «Нужее салам буго, нуж гӀодогӀанлъулареб ва пашманлъулареб» - абун.

Гьез Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда гьикъана жидеца ва жидер къавмалъ гьабизе кколеб гӀамал щиб бугебан. Аварагас гьезда ункъго жоялдалъун амру гьабуна:

= Аллагь цо гьавун, МухӀаммадги гьесул расул вугин нугӀлъи гьаби

= Къойилго балеб щуго как бай,

= закагӀат бахъин

= Рамазан моцӀалъ кӀал кквей

Гьеб мехалъ жеги ХӀаж гьаби тӀад гьабун букӀинчӀелъул, гьездаги гьеб гьабеян амру гьабичӀо. Гьединго гьезда амру гьабуна рагъдаса щвараб гъаниматалъул щуйил бутӀа аварагасухъе кьеянги. Мехтулеб жо гьекъеялдаса нагьюги гьабуна, гьезул гӀамал букӀана мехтулеб жо гӀемер гьекъолеб. Мехтулеб жо жаниб букӀараб цӀарагӀалдасаги нагью гьабуна. Ай, гьеб чурун бацӀцӀад гьабун хадуб гурони хӀалтӀизабугеян абуна.

. ГӀабдулкъайсилазул кӀиабилеб къокъаялъул кӀикъого чи вукӀана, гьезда гьоркьов насранияв аль-Жаруд бину аль-ГӀалаъги вукӀана. Гьес ислам босана ва лъикӀаб хӀалалъ исламалдаги хьвадана.

## <u>وفود ضمام بن ثعلبة من بني سعد بن بكر</u>

**Бакрул вас БанусагӀдилазул Замам бину СагӀлабатил къокъа**

Замам бину СагӀлабат вукӀана гӀалахалда гӀурав, кӀиго гъалги бугев хъачӀав чи. Мадинаялде вачӀараб мехалъ гьес жив тӀад рекӀун букӀараб варани масжидалда жаниб бачун гьениб

бухьана, цинги абуна: «Нужер щив вугев ГІабдулмутІалибил вас?» - абун. Гьесда Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь вихьизавидал, Замам гьесде гІагарде ана ва жинца абуна: «Я МухІаммад! Дица дуде гьикъизе буго, къвакІунги гьикъизе буго, дуца дида гІайб гьабуге» - абун. Аварагас абуна: «Дуего бокьараб жо гьикъе» - абун.

Замамица абуна: «Нижехъе дур чапар вачІана, гьес абуна дуца абулеб бугин мун Аллагьасул расул вугин абун». Аварагас абуна гьес битІараб бицун бугоян абун. Замамица абуна: «Гьал зобал лъицаха рижарал?» - абун. Аварагас Аллагьас рижанаян абуна. Гьес абуна ракь лъицаха бижараб абун. Аварагас абуна Аллагьас бижанаян. Замамица абуна: «Гьал мугІрул лъица эхетизарурал, гьениб бугеб щинаб жоги лъица гьабураб?» - абун. Аварагас Аллагьас гьарунин абуна.

Замамица абуна: «Дица дуда гьикъулеб буго зобал-ракъал рижарасдалъун, мугІрулги эхетизарурасдалъун, Аллагьасишха мун витІарав?» - абун. Аварагас Гьес витІанаян абуна. Замамица абуна: «Дур чапарас абулеб буго нижеда сордо-къоялда жаниб щуго как бай тІадаб бугин» - абун. Аварагас гьес битІараб бицунеб бугин абуна. Замамица абуна: «Мун витІарасдалъун гьарулеб буго дица, Аллагьасишха дуда гьеб как баян амру гьабураб?» - абун. Аварагас у-ян абуна.

Замамица абуна: «Дур чапарас абулеб буго нижеда боцІудаса кьезе кколеб закатги бугин» - абун. Аварагас гьес битІараб бицунеб бугин абуна. Замамица абуна: «Мун витІарасдалъун гьарулеб буго дица, Аллагьасишха дуда гьеб закаталдалъун амру гьабураб?» - абун. Аварагас у-ян абуна. Замамица абуна: «Дур чапарас абулеб буго нижеда Рамазан моцІалъ кІал кквейги бугин щибаб соналъ» - абун. Аварагас гьес битІараб бицунеб бугин абуна. Замамица абуна: «Мун витІарасдалъун гьарулеб буго дица, Аллагьасишха дуда гьелдалъун амру гьабураб?» - абун. Аварагас у-ян абуна.

Замамица абуна: «Дур чапарас абулеб буго нижеда КагІба рукъалда хІаж гьабиги бугин гьенив ине кІварав чиясе» - абун. Аварагас гьес битІараб бицулеб бугин абуна. Замамица абуна: «Мун витІарасдалъун гьарулеб буго дица, Аллагьасишха дуда

гьелдалъун амру гьабураб?» - абун. Аварагас у-ян абуна. Цинги Замам нахъе вуссана ва гьес абуна: «Мун хIакъаб жоялдалъун витIарасдалъун гьедула дун, дица гьелда тIад щибго жо цIикIкIинабиларо ва гьелдаса щибго мукъсанги гьабиларо» - абун. Аллагьасул свалат - салам лъеяв аварагас абуна: «Гьес гьедин гьабуни гьев алжаналде лъугьина» - абун.

Гьев, хъанчалги тIаса рахъун, жиндир къавмалъухъе вуссараб мехалъ, гьезда Аллагьасул расулас гьабеян амру гьабураб ва теян нагью гьабураб жоги бициндал, гьезул цониги чи хутIичIо жинца ислам босичIев. Гьез масжидги бана, какги ахIана ва гьав Замамилалдаса лъикIаб цоги къокъаги букIичIо.

## وفد عذرة وبلى

### ГIузратазул ва Балаязул вакилзаби рачIин

Гьижрияб ичIабилеб соналъул Сафар моцIалъ БанугIузратазул анцIила кIиго чи вачIана. Гьез бицана жидер аварагасул умумуздаса вугев Къусаюлгун гIагарлъи букIин ва жидеца гьесие Маккаялдаса Банубакрилал ва ХузагIатилал къватIире гъезе кумек гьабуниланги. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьезда мархIабаян абуна, Шам бахъиналдалъун роххелги бицана. Кагьанатазухъе ун гьезда щибго жо гьикъугеян нагью гьабуна, хъанчазе къурбанал хъвеялдасаги нагью гьабуна. Гьез ислам босана ва цо чанго къоялъ Мадинаялдаги рукIун тIад руссун ана.

Гьездаго хадур, РабигIул авал моцIалъ, Бала абулеб къабилаялъул гIадамалги рачIана. Гьезги ислам босана ва, лъабго къоялъ Мадинаялдаги рукIун тIад руссун ана.

## وفد بني أسد بن خزيمة

### Хузайматил вас Асадил лъимал рачIи

Гьижрияб ичIабилеб соналъул авалалда, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь асхIабзабигун цадахъ масжидалда вугеб мехалъ, Бануасадилазул анцIго чи вачIана. Гьез салам

кьуна ва гьездаса цояс абуна: «Я расулуллагь, нижеца нугIлъи гьабуна Аллагь цо вугин абун, жив цогояв жиндие шарикги гьечIев, мун Гьесул лагъ вугин ва расулги вугин абун. Ниж духъе рачIана я расулуллагь, дуца нижехъе гIадамал ритIичIого. Нижеца исламги босана, пуланал гIадамаз гIадин дуда рагъги гьабичIого. Нижеда хадур ругезе ниж божилъилъунги руго» - абун.

Гьезул хIакъалъулъ ТIадегIанав Аллагьас аят рещтIана:

**Цо гIарабияз жидеца исламияб дин боси дуда бицунеб буго МухIаммад,** гьеб дуе гьабураб лъикIлъи бугеб гIадин. **Дуца гьезда абе: «Нужеца дида бицуге нужеца исламияб дин боси** ва гьеб дие гьабураб хъулухълъун рикIкIуге. Гьелъул лъикIлъи нужеего букIине буго**. ТIадегIанав Аллагь вуго жинца нуж иманалде тIоритIарав ва нужеда кIудияб цIоб рахIмуги гьабурав.** Нужеца иман лъуна абураб рагIиялъулъ нуж ритIухъал ратани, **нужеда гьаб хIакъикъат лъай»-абун.**
Сурату аль-ХIужурат, I7 аят

Цинги Бануасадилаз Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасда гьикъана жидеца гьабулеб гIамалалдаса: хIанчIи роржинари, кагьанатазухъе ин, чIинхазда кьаби *(ай, пал тIами)*. Аварагас гьел ишал гьаругеян нагью гьабуна. Хадубги гьез гьикъана салиялдалъун пал тIамиялдаса. Аварагас абуна: «Гьеб цо аварагасул гIелму букIана. Гьесда гIадин гьеб лъалеб батани гьеб пал тIами бегьила, лъалеб гьечIони бегьиларо» - абун. Гьесда гIадин гьеб гIелму лъай букIунареб жо буго, гьал киналго пал тIамиялги балъгояб жо лъай тIалаб гьабиялда релълъун буго.

Гьаб къокъаялъул гIадамалги, жидеда тIадаб жо лъазабулаго, дагьалго къояз Мадинаялда чIана, цинги гьел аварагас сайгъаталги кьун тIад руссун ана.

## <u>وفد تجيب</u>

### Тужибиязул вакилзаби рачIи

Тужибиял руго Киндат къабилаялъул цо тайпа. Гьазул вакилзаби рачIана жидер мискин-пакъираздаса тIокIлъараб закаталъул малги босун. Гьел рачIиналда Аллагьасул свалат-

салам лъеяв расулуллагь цIакъ воххана ва гьезие берцинаб гьоболлъиги гьабуна. Жинда Аллагь разилъаяв Абубакрицаги абуна: «Нижехъе гьалдаса лъикIаб гIарабиязул къокъа бачIичIо» - абун. Расулуллагьас абуна: «ХIакълъунго иманалда тIоритIи Аллагьасда кодоб буго. Аллагьасе цо чиясе лъикIлъи бокьараб мехалъ гьесул керен иманалъе рагьула» - абун.

Гьез Къуръаналдаса ва аварагасул суннаталдаса гьикъун гьеб лъазабулеб букIана. Тужибиязе тIад руссине бокьараб мехалъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьезие цогидазе гьаруралдасаги лъикIал сайгъатал гьаруна. Аварагас нужер цоги чи вугищан гьикъидал гьез абуна: «Къай-матахIалда аскIов тарав цо вас вуго, гьев нижер бищун гьитIинавги вуго» - абун.

Аварагас гьев жиндихъе витIеян абидал, гьев вас вачIана ва гьес абуна: «Я расулуллагь, дун вуго духъе гьанже рачIун рукIараб къокъаялъул чи. Дуца гьезул хIажат тIубана, гьанже дир хIажатги тIубай» - абун. Дур хIажат щибан аварагас гьикъидал гьес абуна: «Дуца Аллагьасда гьари буго дир мунагьал чуреян, дида гурхIаянги, дир ракI бечедаб гьабеянги» - абун. Аварагас гьесие гьеб дугIа гьабуна, гьесул гьалмагъзабазе кьураб гIадаб сайгъатги кьуна. Гьев чи вукIана гIадамазул бищунго дагьаб жоялда гIей гьабулев, цо гIадамал муртадлъараб мехалъ гьев исламалда чIана, жиндир къавмалъе вагIза гьабун гьелги исламалда чIана.

## <u>وفد بنى فزارة</u>

### Бануфазаратазул вакилзаби рачIин

Гьаб къокъа бачIана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Табукалдаса тIад вуссун хадуб. Гьезул анцIгоялдаса цIикIкIун чи вукIана ва гьел исламалъе мукIурлъун рачIана. Гьезул ракьалда бакъ бан, хур-хер хун букIана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьезул ватIаналъул хIал гьикъидал, гьез жидер бакIалда бакъ бан бугин абуна.

Гьез абуна: «Дуца дур БетIергьан Аллагьасда нижее цIад баян гьаре, дур БетIергьанасда аскIоб ниже шапагIатги гьабе, дур БетIергьанас ниже дуде щвезеги шапагIат гьабе» - абун. Аварагас абуна: «СубхIаналлагь, Аллагьагь вацIцIадав вуго, дур гьаб рагIи квешаб рагIи буго. Дица Аллагьасда шапагIат гьарула, Аллагьас жиндаса шапагIат гьарулеб щиб жо букIунеб? Жив цогояв, цоги гьечIев вуго Аллагь, Жив ТIадегIанав, Жиндир гуч бергьаравги вуго. Гьесул Курс *(тах)* зобал-ракьазда сверун лъугьараб буго *(гьездаса кIудияб буго)*. Аллагьасул кIодолъиялдалъун Курс зигардула, жинда тIад гIадан рекIараб хIайван зигардулеб гIадин» - абун.

Цинги минбаралдаги вахун Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Аллагьасде гьари гьабуна ва Аллагьас гьезие жаваб гьабуна лъикIаб цIад баялдалъун ва тIубараб рахIматалдалъун.

## وفـد نجـران

### Нажраназул вакилзаби рачIин

Нажран буго Еманалъул гIорхъода бугеб кIудияб ракь *(область)*. Гьелъул халалъи буго лебалав чодухъанас цо къоялъ нахъе толеб гIадаб. Гьениб лъабкъоялда анцIила лъабго росо букIана, гьезул нусиялда къоазарго рагъухъанги вукIана. Киналго гьел насранияб диналда рукIана. Аллагьасул свалат–салам лъеяв расулуллагьас, гьел исламияб диналде ахIун, гьезул цIаларал чагIазухъе кагъат хъвана. Кагъат цIалараб мехалъ гьел хIинкъана, гьезул церехъабаз цоцазде мушавара гьабуна, хадуб киналго гIадамаздаги мушавара гьабуна. Гьез хIукму гьабуна киндай гьеб иш тIубалебан гьикъизе аварагасухъе жидер вакилзаби ритIине.

Гьез лъабкъого чиясдаса къокъа гIуцIцIана ва гьел Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасухъе рачIана. Гьезда тIад чIухIараб, хадуб бехъерхъараб дарайдул ретIел букIана, гьединалго чухъабиги рукIана, меседил баргъичалги рукIана. Аварагас гьездехун калам гьабичIо. КIудиял асхIабзабазул цояс

гьезда ишара гьабуна жидер гьеб чIухIараб хIал хисизабеян ва баргъичалги гIодор лъеян. Гьез гьедин гьабуна ва Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь гьезда кIалъана ва гьел исламияб диналде ахIана. Гьез аварагасул рагIи нахъ чIвана ва жидеца абуна: «Ниж нужедасаги цере бусурбаби рукIана» - абун. Аварагас абуна: «Нуж бусурбаби рукIиналдаса лъабго жоялъ нахъе чIвалел руго: хъанчие лагълъи гьабиялъ, болъонил гьан кванаялъги Аллагьасе лъимер бугин абиялъги» - абун.

Нажраналъулаз абуна: «Эменги гьечIого гьавурав ГIисада релълъарав чи щивха вугев?» - абун. Гьезие жавабалъе ТIадегIанав Аллагьас гьал аятал рещтIинаруна:

**ТIадегIанав Аллагьасда ﷻ аскIоб ГIиса ﷺ аварагасул мисал Адам аварагасул мисал буго: жинца гьев Адам ﷺ хIарщалдаса гьавурав ва «Кун» абураб рагIи абун чIагояв инсанлъун жив лъугьарав.**

**Гьаб хIакъаб рагIи буго МухIаммад ﷺ, дур БетIергьан Аллагьас ﷻ ГIисал хIакъалъулъ дуда бицунеб. Мун шакдарулел гIадамаздаса вукIунге.** Ягьудияз ГIиса ﷺ аварагасда ва гьесул эбел Марьямида гIунтиIизарун рицунел гьересиял, бугьтан лъолел харбаздаги божуге.

**Духъе Къуръаналда жаниб хIакъаб хIужа бачIун хадубги ГIисал хIакъалъулъ дудехун къацандулел гIадамал ругони, дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: Нуж рачIа нижгун данделъизе: нилъеца ахIизе руго нижер васал ва нужер васал, нижер руччаби ва нужер руччаби ва нужерги нижерги бихьиналги данделъизе руго. Цинги нилъеца Аллагьасда ﷻ дугIа гьабизе буго ва гьаризе буго гьереси бицунелазда Аллагьасул ццим бахъаги ва лагIнатги рештIаги абун.**

**С**урату АлгIимран, 59-6I аят.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьезие гьал аятал цIалана ва гьел Къуръаналда абухъин лагIнат гьабиялде ахIана. Гьез жидее ургъизе дагьаб заман кьеян гьарана ва жидедаго гьоркьоб мушавара гьабуна. Гьез абуна: «Гьав чи хIакъав авараг ватани цинги нилъеца лагIнатги гьабуни, нилъер цохIо рас ва малъ нахъе хутIизе гьечIо жиб гьалаглъун гурони» - абун.

Цинги гьел разилъана жидеца жизят кьезе. Гьебги щибаб Ражаб моцIалъ азарго ретIел кьей ва щибаб Сапар моцIалъги азарго ретIел кьей букIана, цоцо ретIелалда цадахъ цо якъия меседги кьезе кколаан. Гьезие жидерго дин гьабизе ихтияр кьуна, божилъи ва аманги *(цIуниги)* гьабуна. Гьез абуна жалгун

цадахъ цо божилъи бугев чи витIеян. Аварагас гьелгун цадахъ АбугIубайдат ГIамир бину аль-ЖарахI витIана ва гьесда гьаб умматалъул аминилан цIарги лъуна.

Жидерго бакIалде щвелелде гьезул кIиго чияс ислам босана, цинги хадуб цоги гIадамазги ислам босана.

## وفد أهل الطائف

### ТIаифалъул агьлуялъул вакилзаби рачIин

Нилъеца цебе бицун букIана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас ХIунайниялда гъазават гьабун хадуб ТIаифалъул агьлу сверун ккун букIанин, цинги гьелги жалго тун авараг Мадинаялде тIад вусанин. Гьев Мадинаялде щвелелдего ТIаифалъулазул сакъафияв ГIурват бину МасгIуд гьесда хадув гъуна ва гьес ислам босана. Цинги жиндир къавмалде тIад вуссун гьел исламалде ахIана. Гьав ГIурват, жидерго тIоцересел лъималаздасаги лъикI гIадамазе вокьулев чи вукIана, ва гьесул хьул букIана жинда гьел гIенеккилин. Амма къавмалъ гьев къабул гьавичIо ва хвезегIан гьесда сверухъанго чIорал речIана.

Хадубги тIаифалъул агьлу цоцазде мушавара гьабун ургъана ва гьезда бичIчIана сверухълъиялдаго ругел гIарабияз ислам босун букIин ва гьезда къацандун жал бергьунареблъи. Гьез хIукму гьабуна ГIабдуялайл бину ГIурват ва гьевгун цадахъ жидер къадру бугел гIадамазул щугояв аварагасухъе ритIине. Гьижрияб ичIабилеб соналъул Рамазан моцIалъ гьел Мадинаялде рачIана. Аллагьасул свалат–салам лъеяв расулуллагьас гьезие масжидалъул цояб рахъалда чадир чIвана ва гьел жидеда Къуръан цIалулеб рагIизе ва гIадамаз как балебги бихьизе гьенир тана.

Цо чанго къоялъ гьел аварагасухъе рачIунел рукIана, гьес ислам босиялде ахIидал гьебги къабул гьабулеб букIинчIо. Гьез аварагасдаса тIалаб гьабуна жидее зина гьабизе, хамру гьекъезе ва риба гьабизе изну кьеян. Жидер ал-Лат абулеб хъанчги бихьизабугеян, жидедаса как бай тIаса реххеян ва жидеда кодор рукIунел хъанчалги рекугеян. Ахирги гьел аварагасе

мутIигIлъана ва ислам босана. Ал-Лат биххизаби аварагас жиндаго тIад босиги шартI гьабуна, - сакъифияз жидерго квераздалъун гьеб кидаго биххизабуларин абун. Аварагас гьеб шартI къабулги гьабуна.

Сакъафияв ГIусман бину АбулгIасс гьезул бищунго гьитIинав вукIана ва гьев жидер къай-матахIалда аскIов толев вукIана. Гьев сакъифиял жидер чадиралде рачIиндал аварагасухъе унев вукIана ва жиндие Къуръан цIалеян абулеб букIана. Авараг кьижун вугони, жинда Аллагь разилъаяв Абубакрида абулаан жиндие Къуръан цIалеян абун. Гьедин Къуръаналдаса лъикIаланго жо рекIехъе лъазабуна, гьебги жиндир гьалмагъзабаздаса балъго гьабун букIана.

Гьез ислам босидалго Аллагьасул свалат–салам лъеяв расулуллагьас ГIусман бину АбулгIасс гьезул амирлъун гьавуна, гьесул исламалде рокьи букIиналъ, Къуръан ва динияб жо лъалевги вукIиналъ.

Гьеб къокъа жидер къавмалъухъе тIад руссана, гьезда жидеца иман лъураблъиги бицинчIого, гьезие рагъ букIине бугилан хIинкъи кьуна. Гьез абуна: «Ниж цIакъ ццидалав, гучав чиясухъе ун рукIана, хвалчадалъун жив бергьарав, жиндие гIадамалги мукIурлъарав. Гьес нижеда захIматал ишалги тIад къазехъин рукIана» - абун. Цинги зина гьаби, хамру гьекъей, риба гьаби ва цогидалги гьез тезе кколел жал рицана.

ТIаифалъул агьлуялъул церехъабаз цин рагъ гьабизе къасд гьабуна, гьелде лъабго-ункъо къоялъ хIадурулелги рукIана. Хадубги Аллагьас гьезул рекIелъе хIинкъи реххана ва гьез вакилзабазда абуна: «Нуж тIад руссун гьесухъе а ва гьес тIалаб гьабураб жоги гьабе» - абун. Гьез абуна: «Нижеца гьес абураб жо гьабуна ва ислам босана» - абун. Цинги сакъифияз ислам босана.

Аллагьасул свалат–салам лъеяв расулуллагьас, асхIабзабазул къокъагун цадахъ, Халид бину аль-Валид ва сакъафияв аль-Мугьират бину ШугIбат ТIаифалда ал-Лат биххизе ритIана. Гьез хъанч бекизабуна ва гьелъул рукъги биххизабуна.

## وفد بني عامر بن صعصعة

### БанугІамир бину СагІсагІатил къокъа бачІин

Гьаб къокъагун цадахъ, «асхІабул биъри» - абун цІар тарал асхІабзабазе хиянат гьабун гьел чІварав Аллагьасул тушман ГІамир бину атІ-ТІуфайлги, Аряд бину Къайс ва Жабир бину Асламги рукІана. Гьел къавмалъул бутІрул рукІана, гьезул бищунго квешал щайтІабиги рукІана. ГІамир ва Аряд бину Къайс авараг чІвазеян ургъун рукІана.

Гьел Мадинаялде рачІиндал Аллагьасул свалат–салам лъеяв расулуллагьас ислам босиялде ахІана. Вакилзабаз кІалъазе тарав ГІамирица абуна: «Дица мун виччалев вуго лъабго жоялъул цоялаб тІаса бищизе: мун вукІине вуго авлахъалда ругезул хан, дун вукІине вуго шагьарazда ругезул хан. Яги дун вукІине вуго дудаса хадув дур халифалъун, яги дица дуде рагъ гьабизе буго ГъатІфан къабилагун цадахъ азарго чуялда ва азарго гІалаялда рекІарал боялгун цадахъ, - абун.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьесул киналго шартІал нахъе рехҳана ва жинца дугІа гьабуна: «Я дир Аллагь, Дуца дидаса ГІамир ккве ва гьесул къамги иманалда тІобитІе» - абун.

Авараг ГІамиргун кІалъалеб мехалъ гьесда нахъехунги ун Арядица цо рокьобалъ хвалчен къватІибе цІана, цинги Аллагьас гьесул квер ккуна ва тІокІаб хвалчен къватІибе цІазе кІвечІо. Гьеб къокъа тІад буссун унаго ГІамир Банусалулазул цо гІаданалъул бакІалда рещтІана ва гьенив кьижана. Аллагьас гьесда тІаде квешаб унти биччана ва гьесул щекъер унтана. Гьес абуна: «Дида варанидул гІадаб унтийищха баккараб, дун салулиялъул рокъовищ хвелев? Дихъе чу баче!» - абун. Гьев чода рекІана ва гьелда тІадго хвана.

Арядин абуни, Аллагьас гьесдаги гьесул варанияалдаги пири речІана ва гьев вухІун хвана. Гьесул хІакъалъулъ Къуръаналъул аятги рещтІана:

**Аллагьас пири битІула, цинги Жиндие бокьарав чиясда гьеб пири щола, - абун.**

Гьав кIиясулго къиса бицана Муълат бину Жамил абулев асхIабас, гьезулго къабилаялъул бануГIамирилазул чияс. Гьевги Аллагьасул свалат–салам лъеяв расулуллагьасухъе вачIун вукIана, гьес ислам босана жиндир къого сон бугеб мехалъ. Муълат бину Жамилица аварагасе байгIатги гьабуна, гьесул кваранаб кверги босана. Жиндир варанабиги рачун аварагасухъе вачIиндал гьес закаталъе цо варани бачана. Авараг хун хадуб Абугьурайратилгун гьалмагълъи гьабуна. Муълат бину Жамилица исламалда жаниб нусго сон бана, гьесда, жив пасихIав вукIиналъ, кIиго мацIалъул бетIергьанги абулаан.

## وفد بنى حنيفة

### БанухIанифатилазул вакилзаби рачIин

БанухIанифатилал гьижрияб ичIабилеб соналъ рачIана ва гьезул анцIила анкьго чи вукIана. Гьелгун цадахъ гьереси авараг Мусайламатул каззабги вукIана. Гьел ансариязул цо чиясул рокъор рещтIана, цинги Аллагьасул свалат- салам лъеяв расулуллагьасухъе рачIун жидеца исламги босана. Мусайламатицаги ислам босанин абуна цо гIалимзабаз, цогидаз гьев аварагасухъе вачIичIоян абуна. Гьес абуна: «МухIаммадица жинда хадув жиндир бакIалде дун толев вугони, дун гьесда нахъвилълъина» - абун.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасда макьу бихьун букIана гьесие гIемераб хазина бачIанин абун. Гьесда кодоб меседил кIиго рахас букIана, гьел кIодолъулел рукIана ва гьез аварагасе къварилъи гьабулебги букIана. Цинги аварагасда вахIю гьабуна гьеб кIиялдаго пуй абун. Гьес пураб мехалъ рахсал роржун ана. Аварагас гьеб макьуялъе магIна гьабун букIана жинда хадув вахъунев кIиго гьереси аварагасдалъун.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Мусайламатихъе вачIана ва гьесда кодоб бакъвараб гIаркьелги букIана, цадахъ Сабит бину Къайсги вукIана. Жиндир гьалмагъзабигун вугев Мусайламатида авараг кIалъана. Дос абуна: «Дуе бокьани нижеца мун дурго иш гьабулев тела, мун хун хадуб дуца гьеб

иш нижехъе кьезе» - абун. Аварагас абуна: «Дуца гьаб гIаркьел кьеян гьарун букIарабани дица дуе гьебги кьелароан. Аллагьас дуе гьабураб хIукмуялдаса мунги ворчIиларо, мун гьеб пикруялдаса вуссаниги Аллагьас мун гьалаг гьавизе вуго. Валлагьи, мун дида макьилъ бихьараб жоялъул чи вуго. Гьав Сабит бину Къайсица дуе дир рахъалъан жаваб кьезе буго» - абун. Цинги авараг нахъе ана.

Гьезул къокъаги нахъе буссун ана. Дагьабго заманалдаса Муксайламатица хабар бицана жив Аллагьасул свалат–салам лъеяв аварагасухъ бугеб ишалъулъ гIахьал гьавунин, живги авараг вугин абун. Жинцаго ургъун назмуялда релъараб жоги рикIкIана, къавмалъе зина ва хамру хIалал гьабуна. Гьес къавм питнаялъулъ ккезабуна, гьесул амруги къойидаса къойиде цIикIкIунеб букIана. Гьеб хIалалда Мусайламат вукIадго расулуллагьги хвана.

Жинда Аллагь разилъаяв Абубакрица Халид бину аль-Валидил бетIерлъиялда гъоркь гьезухъе боял ритIана. Гьездаги бусурбабаздаги гьоркьоб кутакал рагъалги ккана. Живго Мусайламатги гьесул гIемерисеб боги бусурбабаз чIвана ва гьеб питна тIагIизабуна. Мусайламат чIварав чиги жинца УхIудалда ХIамзат чIварав ВахIши бину ХIарб вукIана.

Аварагасе макьилъ вихьарав кIиабилев гьереси авараг аль-Асваду аль-ГIанси вукIана, нилъеца гьесул хабар хадуб бицине буго, инша Аллагь.

**وفود رسول ملوك حمير ، وبعث معاذ بن جبل ، وأبى موسى الأشعري**

**Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасухъе ХIумайралъул ханзабазул вакил вачIин. Гьезухъе МугIаз бину Жабал ва Абумуса аль-АшгIариги витIин**

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Табукалдаса тIад вуссун хадуб гьесухъе ХIумайриялъул ханзабазул кагъатги босун Малик бину Мурат ар-Рагьави вачIана. Гьел ханзабиги: аль-ХIарис бину ГIабдулкалал, НугIайм бину ГIабдулкалал, ан-НугIман бину Кайла, МугIафир ва Гьамадан руго. Гьез ислам босун букIана ва гьеб бицун битIараб кагъатги букIана.

Аллагьасул свалат–салам лъеяв расулуллагьас гьезухъе кагъат хъвана, гьезие бугеб ва гьезда тIад бугеб жо баян гьабун. Ислам босичIого чIарал, амма бусурбабазулгун къотIуда ругел гIадамазе божилъи букIинги бицана.

Цинги аварагас гьезухъе, цадахъ асхIабзабазул къокъагун, МугIаз бину Жабал витIана. Гьев ГIаданалда аскIоб бугеб аль-Кавратул гIуляъ абулеб бакIалда шаргIияб хIукму гьабулев ва рагъазулъ хIукму гьабулев чилъун вукIана. Закат ва жизят бакIарулев гIамиллъунги вукIана, гьезе щуябго как балев имамлъунги вукIана.

Жинда Аллагь разилъаяв Абумуса аль-АшгIари аварагас аль-Кавратул суфла абулеб бакIалда ва гьелда сверухъ ругел бакIазда амирлъун витIана. Гьев кIиясдаго аварагас абуна: «Нужеца гIадамазе бигьалъи гьабе, гьезие захIмалъи гьабуге, гьезда роххел бице ва гьел тIуризаруге, нуж цоцазде рекъонги рукIа, цоцазде хилифлъи гьабуге» - абун.

Жинда Аллагь разилъаяв МугIаз Яманалда вукIана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь хвезегIан. Абумуса аль-АшгIари абуни, аварагасухъе вачIана ХIажатул вадагI гьабулеб мехалъ.

## <u>وفد همدان وبعث خالد وعلي</u>

### Гьамаданазул къокъа бачIин ва Халидги ГIалиги гьезухъе витIин

Гьамадан буго Яманалда жиб машгьураб къабила. Гьез жидер вакилзаби ритIана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Табукалдаса нахъе вуссун хадуб. Гьезда гьоркьов жиндир къадру бугев щигIручи Малик бину ан-НамтIги вукIана, берцинаб шигIру гьабун жив кIалъарав.

Расулуллагьас Гьамаданаз тIалаб гьабураб жо кьун гьезухъе кагъат хъвана, гьезул бусурбабазда тIад амирлъун Малик бину ан-НамтIги гьавуна. Цинги гьезухъе Халид бину аль-Валидги витIана жидеца ислам босичIел Аллагьасул диналде ахIизе. Халид гьезда гьоркьов анлъго моцIалъ вукIана, амма гьез ислам

босичIо. Цинги аварагас гьезухъе ГIали бину АбутIалиб витIана, гьесда Халид нахъе витIеян амруги гьабуна.

ГIалица Гьамаданазе Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул кагъат цIалана ва гьел иман лъеялде ахIана. Гьез ислам босана ва гьеб роххалил хабар бицун ГIалица аварагасухъе кагъатги хъвана. Аварагас сужда гьабуна цинги бетIер тIаде борхун абуна: «Гьамаданазе салам буго, Гьамаданазе салам буго» - абун. Ай, гьезие рекъел ва парахалъи буго.

## وفد بني عبد المدان

**БанугIабдул мадан абулеб къабилаялъул вакилзаби рачIин**

Гьижрияб анцIабилеб соналъул РабигIулахир моцIалъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Нажраналде бугеб Яманазул БанугIабдул мадан абулеб къабилаялъухъе Халид бину аль-Валид витIана, лъабго къоялъ гьел исламалде ахIеян, цинги мутIигIлъичIони гьеза рагъги гьабеян. Гьезухъе щведалго Халидица кинабго рахъалде, гьел исламалда ахIун, рекIарал ритIана. Гьез абулеб букIана: «Нужеца ислам босе, нуж сах-саламат рукIине руго» - абун.

Гьез ислам босана ва, исламалъул ахIкамал малъун, Халид гьезда гьоркьов чIана, гьеб хабар бицун аварагасухъе кагъатги хъвана. Аварагас Халидихъе хъвана БанугIабдул мадиназул вакилзабиги рачун Мадинаялде вачIаян. Халид гьезул вакилзабигун вачIун Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьгун данделъидал, аварагас гьезда гьикъана: «Нуж жагьилияб заманалъ, тушманасда рагъ гьабулаго, щиб жоялдалъун гьесдаса бергьунел рукIарал?» - абун. Гьез абуна: «Ниж киналго данделъулел рукIана, рикьалабиги гьарулел рукIинчIо, цонигиясе зулмуги гьабулеб букIинчIо» - абун. Аварагас нужеца битIараб бицанаян абуна. Цинги гьезда тIад амирлъун Къайс бину аль-ХIусайн гьавуна ва гьел Шавал моцIалъул ахиралда, яги ЗулкъагIидаялъул авалалда жидер къавмалъухъе тIад руссана. Хадувго гьезда дин малъизе, гьезда

суннат ва шаргIиял ахIкамал лъазаризе, ГIамру бину ХIазмиги витIана. Гьес закатги босизе кколеб букIана. Гьаб амру баян гьабун аварагас гьесие кагъатги хъвана, гьеб жиб машгьурлъараб кагъат буго.

<u>**إسلام بني مذحج**</u>

**Бану музхIажаз ислам боси**

Гьебги Яманиязул цо къабила буго. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьижрияб анцIабилеб соналъул Рамазан моцIалъ, гьел исламияб диналде ахIизе  жинда Аллагь разилъаяв ГIали бину АбутIалиб витIана. Гьесда амруги гьабун букIана Бану музхIажазде рагъ гьабугеян гьез рагъ гьабун хадуб гурони абун.

ГIалиасхIаб гьезул бакIалде щведал ва кIиябго къокъа цоцазде данде чIвадал  гьел исламалде ахIана. Гьез ислам боси нахъчIвана ва бусурбабазде чIорал реххана. ГIалиасхIабас рагъуе мухъал гьаруна ва гьел лъутун щущахъ риххинегIан гьезда рагъ бана. Гьезда хадув лъугьичIого дагьабго мехалъ чIун, хадувги ГIали гьезда хадув ана ва гьанжеги исламалде ахIана. Гьез ислам босана ва Бану музхIажазул  бутIруз ГIалие байгIатги гьабуна. Гьез абуна: «Ниж руго нижеда хадур ругезул бутIрул, гьаб нижер садакъаги буго. Гьелдаса Аллагьасе кколеб хIакъ босе» - абугн.

ГIалиасхIабас садакъа босана ва Аллагьасул свалат–салам лъеяв расулуллагьасухъе вуссана. ГIалида авараг, Маккаялда хIажатул вадагI гьабулев ватана.

Гьединго Яманалда машгьураб Азд шануат къабилаялъги, Сард бину ГIабдуллагьил Аздиясул бетIерлъиялда гъоркь, Аллагьасул свалат–салам лъеяв расулуллагьасухъе вакилзаби ритIана ва гьез ислам босана.  Аврагас Сард бину ГIабдуллагь гьезул амирлъун гьавуна ва гьесда амру гьабуна бусурбабигун цадахъ лъугьун жидеда гIагарда ругел мушриказда жигьад гьабеян абун.

## وفود جرير بن عبدالله البجلي وهدم ذي الخلصة

### Жарир бину ГIабдуллагь аль-Бажилиясул вакилзаби рачIин ва зул Хуласат абураб хъанч биххизаби

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасухъе Жарир бину ГIабдуллагьги вачIана, гьев вуго машгьурал асхIабзаазул цояв. Гьесул ва ХасгIам абулеб къабилаялъул жиндие лагълъи гьабулеб цIакъ кIудияб хъанч букIана, зул Хуласат жинда абулеб. Жидеца гьеб КагIбаялда релълъинабулаан ва гьез КагIба рукъалда абулаан гьеб Шамалъул кагIба бугин, жидер хъанч Яманалъул кагIба бугин абун.

Цо къоялъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Жаририда абуна: «Дуца дун гьеб зул Хуласаталдаса парахат гьавулев анищ» - абун. Жаририца зигара гьабуна жив чода тIад чIолев гьечIин абун. Ай, гьелдаса вортулев вугин. Аварагас жиндир баракат бугеб кверги гьесул кереналда кьабун абуна: «Я дир Аллагь, дуца гьев чода тIад чIезаве ва гьев жив тIовитIаравлъун, жинца гIадамалги тIоритIулевлъун гьаве» - абун. Гьелдаса хадув гьев чодасаги вортичIо.

Жиндир АхIмас абулеб къавмалъул, гьебги Бажилат къавмалъул цо тайпа буго, нусиялда кIикъоялда анцIго рекIаравги вачун Жарир бину ГIабдуллагь зул Хуласат хъанч бугеб бакIалде ана ва жинца гьебги биххизабуна ва бухIана. *(хъирис бараб варанигIадин тана)*. Гьеб роххел бицине аварагасухъе АбуартIат абулев чиги витIана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас АхIмасазул чуязе ва бахIарзазе, щуго нухалъ, гьезда баракат лъегиян абун дугIа гьабуна.

## ظهور الأسود العنسي وقتله

### Аль-асвадул гIанси абулев гьереси авараг загьирлъи ва гьев чIвай

Яманалъул ракьалда ислам тIибитIидал ва божилъиги гIамлъидал, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул

хIалтIухъабиги кирго щун иш гьабулел ругеб мехалъ аль-Асваду аль-ГIанси абурав чи загьирлъана, Кагьф хIанан абураб шагьаралдаса, жив авараг вугин жиндаги вахIю рещтIулин абун. Гьевгун цаждахъ анкьнусго рагъухъанги вукIана. СангIаъ шагьаралда вачIун аль-Асвадица гьеб кодоб босана, цинги гьесул амруги цебе ана, питнаги гучлъана, гьесул ханлъиги щулалъана. Гьенир рукIарал аварагасул хIалтIухъаби нахъе къан аль-АшгIариязул ракьалде рачIана. Нахъе хутIарал бусурбабиги жидер ислам бахчун хьвадизе ккана. Гьедин лъабго яги ункъо моцI заман бана.

Цинги жидеца ислам босарал персазул гIадамаз, Дилимияв Фейруз ва гьесул гьалмагъзабаз хIила гьабун гьев чIвана, гьесул бетIер къотIун хъалаялдаса къватIибе реххана. Гьеб бихьидал хъала сверухъ рукIарал гьесул рагъухъабиги тIурун ана. Цинги исламияб агьлу загьирлъана, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул хIалтIухъабиги жидерго бакIалде рачIана. Гьеб роххел бицун аварагасухъе кагъатги хъвана. Гьев аль-Асвад чIвайги расулуллагь хвезе цо сордо-къоялъ цебе букIана. Аллагьас вахIю рещтIун аварагасда гьеб хабар лъазабуна, гьес асхIабзабаздаги бицана. Аварагасухъе хъвараб кагъат жинда Аллагь разилъаяв Абубакар асхIаб халифалъун вугеб мехалъ щвана.

## حجة الوداع

### Къо-мех лъикI гьабиялъул хIаж гьаби

ГIарабиязул бащдаб чIилкIиллъиялда исламияб дин щвезаби тIубадал, гьеб дин цIунулеб ва рикIкIадал ракьаздаги гьеб щвезабулеб муъминзабазул къокъаги Аллагьас гIезабидал, Аллагьас къадар гьабуна хирияв расулуллагь хвелелде цебе гьесда гIемерал соназ яхI бахъун гьабураб дагIваталъул асар ва пихъ (плоды) бихьинабизе. Аллагьас гьев кIодо гьавуна гьижрияб анцIабилеб соналъул ЗулхIижат моцIалъ хирияб КагIба рукъалда хIаж гьабизе рес рекъезабун.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас хIаж гьабизе къасд гьабидал гIадамазда гьеб хабар лъазабуна, цинги

Мадинаялда гІемераб халкъги бакІарана. ЗулкъагІида моцІалъул щуго къо хутІидал, расулуллагьас бетІер ххана, нахги бахана, жиндир тІажу ва ридаъ *(чухъа)* тІад ретІана ва къалъул как бан хадув Мадинаялдаса къватІиве вахъана.

ЗулхІулайфат абулеб бакІалда гьев щвана бакъанил как базе цеве ва гьениб кІиго ракагІат бакъанил как бана ва гьениб сордо бана. Рогьун хадуб аварагас абуна: «Къаси дихъе дир БетІергьанасул рахъалъан чи вачІана ва гьес абуна: «Дуца гьаб баракат бугеб кІкІалахъ как бай ва дуца абе: «ХІажалда жаниб ГІумра» - абун. Гьаб букІана хІажалъул заманаялъ гІумра гьабизе хІалал гьаби. Жагьилияб заманалъул агьлуялъ хІежалъул заманалъ гІумра гьаби цІакъго къабихІаб жолъун рикІкІунаан.

Цинги, къалъул как балелде цебе, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас черх чурана, бетІералда ва черхалда жинда жаниб миск жубараб гьуинмахІги гьабуна. Цинги жиндир тІажу ва ридаъ *(чухъа)* тІад ретІана ва кІиго ракагІат къалъул как бана, как бараб бакІалдаго хІажги гІумраги цадахъ бухьана ва жинца абуна: «Аллагьумма лаббайка гІумратан ва хІажан» - абун. Цинги талбиятги бачана: «Лаббакаллагьумма лаббайк, лаббайк ла шарика лака лаббайк, инналхІамда ваннигІмата лакавал мулк, ла шарика лака» - абун. цо-цо мехалъ «лаббайка илагьалхІакъи» - янги абулеб букІана.

Хадуб как балеб бакІалдаса къватІиве вахъун Къасваалда рекІана ва цоги нухалъ талбият бачана, варанияллдаги рекІун гІалахале щведалги талбият бачунеб букІана.

ЗулхІулйфаталдаго вукІун, как бан хадуб, Маккаялде рачунел къурбаназда гІужги гьабуна. Гьедин жив цевехун ана Маккаялде гІагарлъизегІан ва ЗутІува абулеб бакІалда сордо бана. Гьениб рогьалил какги бан черх чурана, цинги Масжидул хІарамалде жанив щвезегІан цевехун ана. Гьеб букІана гьатІан къо, ЗулхІижа моцІалъул ункъабилеб къоялъул рогьалил гІуж.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас КагІбаялда тІаваф гьабуна, Сафа-Марваялда гьоркьовги хьвадана, цинги Маккаялъул тІасияб рахъалда аль-ХІужун абулеб бакІалда сордо бана. Гьес, хІажги гІумраги цадахъ бухьун букІиндал,

Маккаялде хъолел къурбаналги цадахъ рачун рукIиндал, цоги тIаваф гьабичIо ва хIаж бухьун тIад ретIараб ретIелги бахъичIо. Маккаялда хъолел къурбанал цадахъ ругездаги амру гьабуна хIаж бухьун бугеб хIалалъ чIаян абун. Цадахъ къурбанал гьечIезда амру гьабуна тIаваф ва сагIю гьабун хадуб ботIрол рас къотIеян ва гIумра бичараллъун рукIаян, гьез ихIрам ретIулеб мехалъ хIаж гьабизе, яги гIумра гьабизе, яги кIиялъего цадахъ ният гьабун букIун батаниги абун.

Жиндирго хIакъалъулъ аварагас абуна: «Дида цебего лъан букIарабани гьанже лъараб жо, дица къурбанал цадахъ рачине рукIинчIо, гьаб жоги гIумралъун гьабизе букIана ва ихIрамги бахъизе букIана» - абун. Цинги къурбанал цадахъ рукIинчIез ихIрам бахъана ва гIумра тIубараблъун гьабуна.

ЗулхIижаялъул микьабилеб къоялъ, гьелда явмут-тарвият абула, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Минаялде ине вагъарана, гьесги цогидал гIумра гьабун ихIрам бахъараз хIажги бухьана. Минаялда щуго как бана: къалъул, бакъанил, маркIачIул, боголил ва рогьалил. Ункъо ракагIат бугел какалги къокъ гьарун кIи-кIи ракагIат бана. Цинги бакъ баккун хадуб Минаялдаса къватIире лъугьун ГIарафаялде ана. Намрат абулеб бакIалда аварагасе чадирги чIван батана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь гьенив рещтIана ва къалъукакил мех щвезегIан хIухьбахъи гьабуна. Цинги хирияв авараг Къасваялдаги рекIун ВадигIаранат абулеб бакIалде вачIана ва гьенир рукIарал гIемерал гIадамал гьесда сверухъе руссана.

Гьезда гьоркьовги вукIун аварагас хутIба гьабуна. Аллагьасе щукру-рецц гьабун, шагьадатги битIун, Аллагьасдаса хIинкъаян васиятги гьабун хадуб Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьабураб хутIбаялда жаниб букIана:

*«Я гьал гIадамал, нуж дир рагIиялда гIенекке. Дида лъаларо тIокIав гьалдаса хадув дун нужгун гьаб бакIалда данделъилевищ. ХIакълъунго нужер цоязул биги, боцIиги, напсги цогидазе хIарамаб буго, гьаб Макка шагьаралда гьаб моцIалъ ва гьаб къоялъ хIарамаб бугеб гIадин. Нуж кантIе, жагьилияб заманалъ букIараб кинабго иш дир хIатIазда гъоркь лъураб буго. Жагьилияб заманалъул бидул рецIелги гIодоб*

*лъураб буго. Дица тIоцебе гIодоб лъураб би буго ХIарисил вас РабигIатил би.* (Гьев БанусагIдилазулъ лъимер хахизабулей гIадан цIехолев вукIадго гьузайлияз чIван вукIана). *Жагьилаб заманалъ гьабураб рибаги гIодоб лъураб буго. Дица тIоцебе гIодоб лъолеб буго нижер ГIабдулмутIалибил ГIаббасица гьабун букIараб риба. Гьеб кинабго гIодоб лъураб буго.*

*Нуж Аллагьасдаса хIинкъа нужер руччабазул рахъалъан. Гьел нужеца Аллагьасул аманаталдалъун рачарал руго, гьел нужее Аллагьасул рагIиялдалъун хIалал гьаруралги руго. Гьез нужее гьабизе кколеб жо буго нужер бусада нужее рихарав чи гIодов чIезе тунгутIи. Гьез гьеб жо гьабуни нужеца гьезда кьабе, квешаб хIалалъ кьабичIого. Нужеца гьел руччабазе гьабизе кколеб жо буго гьезие рекъараб хIалалъ квен ва ретIел кьей. Дица нужехъ тана нужеца жиб ккуни нуж кидаго мекъи кколареб жо, гьебги Аллагьасул тIехь буго»* - абун.

Хадубги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: «Нужеда дир хIакъалъулъ гьикъизеги буго, нужеца щиб жавабха кьезе бугеб?» - абун. Гьез абуна: «Нижеца нугIлъи гьабизе буго дуца рисалат щвезабунин, гьебги тIубанин, лъикIалдалъун насихIатги гьабунин» - абун. Цинги аварагас жиндир ишаракилищ зодихъе битIана, хадуб гIадамаздехун гьебги битIулаго абуна: «Я дир Аллагь, дуцаги нугIлъи гьабе» - абун, гьедин лъабго нухалъ абуна.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьеб хутIбаялда жанир цогиги диниял ишал баян гьаруна. Гьев хутIба гьабун лъугьидал гьесда ТIадегIанав Аллагьасул рахъалъан аятги рещтIана:

**«Дица жакъа нужее Дир дин камил гьабуна, нужее Дир нигIматги тIубазабуна, нужее динлъун исламияб дин букIиналдаги Дун разилъана» - абун.**

Гьеб къо лъугьана бахьибуголъиги, нигIматги ва щукруги жиндилъ бугеб къолъун.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь хутIба гьабун лъугьидал Билал асхIабас как ахIана, цинги къаматги гьабуна. Аварагас гIадамазе имамлъи гьабун кIиго ракагIат къалъукак бана. Цингиги Билалица къамат гьабуна ва аварагас кIиго

ракагIат бакъаникакги бана. КIиябго как къалъукакил гIужалъ данде босун бана, гьеб кIиябго какалда гьоркьоб щибго суннатги бачIо.

Цинги Расулуллагь, варанrealдаги рекIун,  ГIарафаялъул чIолеб бакIалде вачIана, варанидул чехьги кьуруялдехун сверизабун живго къиблаялде вуссана ва бакъ тIерхьинегIан гьеб хIалалъ чIана. Бакъ тIерхьун хадуб, тIогьиллъи дагьлъидал, гьев Муздалифаялде ине лъугьана. Гьенив щведал цо как ахIун кIиго къаматги гьабун маркIачIулги боголилги как бана, гьезда гьоркьоб щибго жоги гьабичIо. Цинги хъахIлъи баккинегIан гIебеде вегана.

ХъахIлъи баккарабго рогьалил какги бан МашгIарулхIарам абулеб бакIалде щвезегIан вачIана. Гьенив чIун, лъикIаланго рогьинегIан къиблаялдеги вуссун дугIа гьабуна, Аллагьу акбар, Лаилагьа иллаллагьги абуна. Хадув, бакъ баккизе цеве Минаялде ана, Жумратулкубраялде вачIун гьениб анкьго чIимих реххана, щибаб чIимих реххулаго Аллагьу акбарги абуна. Гьаб жумраталда чIимхал реххинегIан аварагас талбият бачунеб букIана, гьел реххун хадуб талбият бачи жибго тана. Гьенив чIун вукIадго аварагас абуна: «Нужеца дидаса хIажалъул гьарулел гIамалал росе *(лъазе гьаре),* дица гьаб соналдаса хадуб хIаж гьабичIого букIинеги бегьула» - абун.

Цинги Минаялда жив чIун вукIараб бакIалде вачIана ва жиндирго кьвералъ лъабкъоялда лъабго вараниги хъуна, нусгоялъул хутIараб лъебералда анкьго варани ГIали асхIабасги хъуна.  Цинги щибаб вараниялдаса гьанал гьитIинаб къотIел босун хьагиниб реххеян амру гьабуна, гьеб белъизабуна ва жидеца гьеб кванана, гьелъул гьагIуги гьекъана.

Къурбанал хъун хадуб рас кIкIвалев чи ахIана ва гьесухъе жиндир бетIералъул кваранаб рахъ кьуна. Гьенисан кIкIвараб рас гIадамазда гьоркьоб бикьана, цо-цо рас яги кIиго рас щивасе кьун. Хадуб рас кIкIвалесухъе бетIералъул квегIаб рахъ кьуна ва гьенисан кIкIвараб расги АбутIалхIатихъе кьуна.

Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас жиндир ретIел ретIана, гьуин махIги гьабуна, жиндир вараниялдаги рекIун КагIба рукъалда вачIун тавафул ифаза абулеб тIаваф

гьабуна, Сафа-Марваялда гьоркьовги хьвадичІо. Къалъул как бараб мехалъ, гІадамазе гьекъезе зам-зам кьолел рукІарал ГІабдулмутІалибил лъимал ругеб бакІалде вачІун аварагас абуна: «Нужеца лъим бахъе я ГІабдулмутІалибил лъимал. ГІадамаз нужеда къец гьабун зам-зам (гъуялдаса къватІиб) бахъизе къасд гьабилин хІинкъун гьечІевани, дицаги бахъизе букІана нужгун цадахъ чІун зам-зам» - абун. Гьез аварагасухъе гел кьуна ва гьес зам-зам гьекъана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Минаялде тІад вуссана ва гьенив чІана аямут-ташрикъ абулеб лъабго къоялъ: ЗулхІижаялъул II,I2,I3 – абилеб къоялъ. Щибаб къоялъ, къалъудаса хадуб, лъабабго чІинхал реххулеб бакІалда чІинхалги реххана. Бищун гьитІиналдаса бай бихьун, хадуб гьоркьохъелде, хадуб кІудиялде, анкьго чІимих реххулаан, щибаб чІимих реххигун цадахъ Аллагьу акбарги абулаан.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Къурбан къоялъги гІадамазе хутІба гьабуна, гьелдаса хадубги гьабуна. Гьениб ГІарафаялда гьабураб хутІбаялъулъ букІараб жо бицана, цоги тІад цІекІкІелги гьабуна. Аямут-ташрикъазул гьоркьохъеб къоялъ, хутІба гьабилелде цебе, хирияв расулуллагьасда суратун–Насриги рещтІана.

ЗулхІижаялъул анцІила лъабабилеб, аямут-ташрикъазул лъабабилеб къоялъ, гьебги талат къо букІана, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь чІинхал реххун хадуб Минаялдаса къватІиве вахъана ва АбтІахІ абулеб бакІалда рещтІана. Гьениб къалъул, бакъанил, маркІачІул ва боголил какги бана.

Жинда Аллагьа разилъаяй ГІаишат, гьелъул вац Абубакрил ГІабдурахІмангун цадахъ, ГІумра гьабизе ТангІималде йитІана. Гьелъ ГІумра бухьана ва гьебги гьабун, радакь гІужалъ АбтІахІалда ячІана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь гьей ячІинегІан вегун вукІана, цинги гІадамазда ахІана унел ругин абун ва гьениса рахъун КагІбаялде рачІана. Гьениб тІавафул вадагІги гьабун, рогьалил какги бан Мадинаялде инелъун, Маккаялъул гьоркьияб рахъалъан къватІиве вахъана.

Мадинаялде щвезе гIагарлъидал, гьелъул гIорхъабиги рихьидал, аварагас лъабго нухалъ Аллагьу акбар абуна, хадубги абуна: *«Жив цогояв, жиндие гIахьалчи гьечIев цохIо Аллагь гурев цоги алагь гьечIо. Кинабго рец ва кинабго ханлъи Гьесие буго, Гьев кинабго жоялде жиндир хIалкIолъи бугевги вуго. ТIаде русунел руго, тавбуги гьабулеб буго, Аллагьасе гIибадат гьабун сужда гьабулебги буго. Нижер БетIергьанасе рецциги гьабулеб буго. Аллагьас жиндир къотIи тIубазабуна, жиндир лагъасе кверги бакъана, Жинцаго киналго боялги рихизаруна»* - абун.

## بعث أسامة بن زيد

### Зайдил вас Усамат аскаргун витIи

Гьелдаса хадув Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Мадинаялда парахатлъана. Жиндие Аллагьас кьураб бергьенлъиялда ва диналъулъ къокъаби гьарун гIадамал лъугьиналда рецц гьабун, къоло лъабго соналъ цебе байбихьараб исламияб дагIват бергьиналда щукру гьабун Аллагьасе тасбихI ва хIамдги гIемер гьабулеб букIана. Авараг Мадинаялде щун хадурги цо-цо вакилзаби рачIана ва гьел къабул гьаруна.

Жинда Аллагь разилъаяв Усамат бину Зайд анкьнусго рагъухъанги вачун рагъде ине хIадур гьавуна. Гьесда амруги гьабуна жидер чуязда Палестиналъул ракьалда бугеб Балкъаъ ва Дарум абурал бакIал мерхьизареян. Усаматил бо хIадурун къватIибе бахъана ва Мадинаялдаса лъабго милалъ рикIкIад бугеб Жарф абулеб бакIалда рещтIана. Амма гьесухъе хабар щвана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь захIматго унтун вугин ва, щибдай кколебан валагьун, гьев гьенив чIана.

Хадубго расулуллагь хвеялъул хабар бачIана ва Аллагьасул хIукмуги букIана гьаб Усаматил бо жинда Аллагь разилъаяв Абубакрил халифалъиялда жаниб битIараб тIоцебесеб бо букIине. Ай, гьеб бо, авараг хобалъув лъун хадуб, Абубакрица битIана.

## إلى الرفيق الأعلى

**Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь ахираталде ин**

## معالم التوديع

**къолъикI гьабиялъул гIаламатал**

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас жинда тIад къараб рисалат тIобитIидал, аманатги тIубадал, умматалъе насихIатги гьабидал, гьесул рагIабазулъ ва пишабазулъ дунял тун ахираталде иналъул ва къолъикI гьабиялъул гIаламатал загьирлъана.

Гьижрияб анцIабилеб соналъул Рамазан моцIалъ аварагас къого къоялъ масжидалда игIтикаф гьабуна. Жинда салам лъеяв Жабраилас гьесие кIиго нухалъ тIубанго Къуръанги цIалана. Цинги аварагас ФатIиматида абуна: «Дида гьаб иш дир гIажал гIагарлъун букIинлъун гуро бихьуларо» - абун.

Аварагас жинда Аллагь разилъаяв МугIаз Яманалде витIулев вукIана ва гьесда васият гьабун абуна: «Я МугIаз, дуда дун гьаб соналдаса хадув данде чIвачIого вукIинеги бегьула, мун дир масжидалда ва хобалда аскIосаги ина» - абун. Цинги МугIаз, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасдаса ватIалъулев вукIиналъ цIакъ гIодана.

Расулуллагьас хIажатул вадагI гьабулеб мехалъ чанго нухалъ абуна: «Гьаб соналдаса хадув дун нужгун данде чIвачIого вукIине бегьула, гьаб соналдаса хадуб дица хIаж гьабичIого букIине бегьула» - абун. Гьединго ТIадегIанав Аллагьасул рагIи «жакъа дица нужее дин тIубазабуна» - абураб ва суратун-Насри рещтIинги букIана аварагас дунялалда гьабулеб иш тIубан букIин жидеца лъазабулеблъун, гьединлъидалин гьеб хIажалда «хIажатулвадагI» абун цIарги тараб. Ай, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас, Жив ТIадегIанав ва ВацIцIадав БетIергьанасде инелъун гIадамазулгун къолъикI гьабуна.

Гьижрияб анцIила цоабилеб соналъул Сафар моцIалъул авалалда Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь УхIудалде ана ва, чIагоязе ва хваразе къолъикI гьабулеб гIадин, гьенир рукъарал шагьидзабада какги бана. Гьенисан вачIун

минбаралдаги вахун аварагас абуна: *«Дун нужее роххел вуго, нужее нугIлъи гьабулевги вуго. Валлагьи, гьабсагIат дун валагьун вуго дир хIавз бугеб бакIалде, дие ракьалъул хиналго хазинабазул кIулалги кьуна (яги ракьалъул кIулал кьуна). Валлагьи, дун хIинкъун гьечIо дун хун хадуб нужеца ширк гьабилин, кинниги дун хIинкъун вуго нуж дунялалъул бечелъиялъулъ къацандилин»* - абун.

Сафар моцIалъул ахирал къояз Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь сардилъ БакъигIул гъаркъадалда ругел хабалазда вахъана, гьезул мунагьал чури тIалаб гьабуна ва нижги нужеда нахъ регIизе ругин абуна.

## بداية المرض

### Расулуллагьасул унти байбихьи

Сафар моцIалъул ахираб итни къоялъ расулуллагь БакъигIалда цо жаназа букъулев вукIана. Жинда Аллагь разилъаяй ГIаишатица абуна: «Авараг БакъигIалдаса вачIараб мехалъ дир бетIер унтулеб букIана ва дица абулеб букIана «вай дир бетIер» - абун. Аварагас абуна: «Валлагьи я ГIаишат, дирги бетIер унтулеб буго» - абун. Гьеб букIана аварагасул унти байбихьараб заман ва гьев иргаялда руччабазухъе уневги вукIана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Маймунатил рокъов вукIадго гьесул унти цIакъго цIикIкIана ва гьес абулеб букIана «дун метер кив вукIине вугев, дун метер кив вукIине вугев?» - абун. Гьесие бокьун букIана ГIаишатида ирга бугеб къо букIине. Цинги руччабаз аварагасе жиндие бокьаралъув вукIине изну кьуна. Авараг АбутIалибил ГIалида ва ГIаббасил Фазлуда тIадги вaччун, хадур хIатIалги рехъерхъулаго вилълъанхъун ГIаишатил рокъове щвезегIан ана.

## عهده ووصيته

**Аварагас къотIи гьаби ва васият гьаби**

Жинда Аллагь разилъаяй ГIаишатица абуна: «Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь дир рокъове лъугьидал ва гьесул унтиги цIикIкIидал, аварагас абуна: «Дида тIаде, жидер кIал бичичIеб анкьго ралъхъен цIураб лъим тIе, дун гIадамазухъе ваккизе ва гьелгун кIалъазе» - абун. Нижеца гьев ХIафсатил кIудияб хIарчинив гIодов чIезавуна ва гьесда тIад ралъхъеназдаса лъим тIуна, гьес гьанже гIезе бугин абун ишара гьабизегIан.

Цинги авараг гIадамазухъе ана, гьезие какги бана ва гьезда хитIабги гьабуна. Аварагасул хутIбаялъулъ букIана: «Нужеда цере рукIарал уматазул гIадат букIана жидер аварагзабазул ва лъикIал чагIазул хобал масжидлъун кколеб. Вореха нужеца хобал масжидлъун ккоге, дица гьелдаса нагью гьабулеб буго» - абун. Хадубги гьес абуна: «Алагьасул лагIнат лъеги ягьудияздаги, насранияздаги, жидер аварагзабазул хобал масжидлъун ккурал. Нужеца дир хоб жиндие лагълъи гьабулеб хъанчлъун гьабуге» - абун.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас жиндирго нафсалдаса къисас босизе кколеб жо батани гьелдаса къисас босизе изну кьуна. Ансаразе лъикIлъи гьабеян васиятги гьабуна. Хадубги аварагас абуна: «Аллагьас цо лагъасе ихтияр кьуна дунялалъул берцинлъиялдаса жиндиего бокьараб жо тIаса бищизе, гьеб гьесие кьезе, яги ахираталда бугеб жо тIаса бищизе, гьес ахират тIаса бищана» - абун.

Жинда Аллагь разилъаяв АбусагIид аль-Худрияс абуна: «Жинда Аллагь разилъаяв Абубакар гIодана ва гьес абуна: «Нижер эбел-эмен кьунги нижеца мун хвасар гьавула, я расулуллагь» - абун. ГIадамаз абуна: Гьав кIудияв чиясде балагье, жинца расулуллагь тIаса вищулев, Аллагьас жиндие дунялалдаса бокьараб жо кьезе яги ахираталда бугеб жо кьезе къотIи гьабурав ва жинца ахират тIаса бищарав чиясдаса» - абун. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь вукIана гьев

лагъ ва Абубакар асхIаб нижер бищунго гIелму бугездаса вукIана» - абун.

Хадуб аварагас Абубакар асхIабасе рецц гьабуна ва масжидалде жанире рагьулел киналго рагьаби къаян, цохIо Абубакрил рагьо хутIинегIан абун амруги гьабуна.

Гьеб къо арбагI къо букIана. Хамис къо бачIиндал ва расулуллагьасул унти жегиги цIикIкIидал, аварагас абуна: «Дихъе рачIа, дица нужее, хадур нуж кидаго къосунареб кагъат хъвазе буго» - абун. ГIумар асхIабас абуна: «Аварагасул унти бергьун буго, нужеда аскIоб Аллагьасул тIехь Къуръан буго ва нужее гьеб гIезе буго» - абун. Цинги асхIабзабазул кIалъай гIемерлъидал ва гьел цоцадеги хилиплъидал, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: «Нуж дида аскIосан рахъа» - абун.

Гьеб къоялъ аварагас васият гьабуна ГIарабиязул бащдаб чIинкIиллъиялдаса мушрикал, ягьудиял ва насраниял къватIире рахъинареян, Мадинаялде рачIунел вакилзабазеги жинца гьабулеб букIараб хъулухъ ва сайгъатал гьаре абун. ЦIакъго тIад чIей гьабуна какил амру ва лагъзадерил бициналдаги. Аллагьасул свалат – салам лъеяв расулуллагьас абуна: «Дица нужеда жаниб кIиго жо толеб буго, гьеб нужеца ккуни нуж кидаго къосунареб: Аллагьасул тIехь ва дир суннат» - абун.

## استخلاف أبي بكر - ﷺ - على الصلاة

### Жинда Аллагь разилъаяв Абубакар аварагас жиндир бакIалда как базе тIами

КигIанго унтун вугониги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гIадамазе как балеб букIана. Гьеб хамис къо бачIиндал ва богокакил мех щведал, унти бигьалъизеян, аварагас хIарчинив гIодов чIун черх чурана ва как базе инеян лъугьиндал гьев гIакълуялдаса ана. ГIакълуялде вачIиндал цIидасан черх чурун как базе инеян лъугьиндал цингиги гIакълуялдаса ана. ГIакълуялде вачIун лъабабизеги черх чурана ва гьанжеги гIакълуялдаса ана. Цинги гьес гIадамазе как баян амру гьабун Абубакрихъе чи витIана.

Жинда Аллагь разилъаяв Абубакрица гьел къояз гIадамазе имамлъи гьабуна. Гьес имамлъи гьабун бараб какил къадарги анцIила анкьго как буго. Шамат яги гьатIан къоялъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасе дагьабго унти бигьалъана ва гьев къалъул какил гIужалъ, кIиго чиясда тIадги ваччун как базеян къватIиве вахъана. Абубакар асхIаб имамлъун как балев вукIана, гьез авараг гьесул квегIаб рахъалда гIодов вукIинавуна. Жинда Аллагь разилъаяв Абубакрица аварагасде нахъвилълъун как балеб букIана, гIадамаз Абубакрида нахърилълъун балеб букIана ва гьес гIадамазда Аллагьу акбар рагIизабулеб букIиналъ.

## تصدقه بما لديه

### Расулуллагьас жинда аскIоб букIараб жо садакъаде кьей

ГьатIан къоялъ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас жиндир лагъзал тархъана, жиндир рокъоб букIараб анкьго диргьамги садакъаде кьуна, жиндир ярагъги бусурбабазе чIобого кьуна. Сордо бачIиндалго жинда Аллагь разилъаяй ГIаишат, хIедул чирахъги босун мадугьалихъ йигей гIаданалъухъе йитIана, гьениб дагьабго нах тIинкIизабеян абун. Расулуллагьасул къолденги ягьудиясухъ, гьесдаса босараб лъеберго сахI пурчIинаялъегIоло гъоркьлъалие лъун букIана.

## آخر يومه في الدنيا

### Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул дунялалъул ахираб къо

Итни къаялъул рогьел баккидал ва жинда Аллагь разилъаяв Абубакр гIадамазе рогьалил как балев вукIадго, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас ГIаишатил рукъалъул кIалда реххараб жо нахъе гьабуна ва гIадамазде валагьана, цинги хьимунги велъана. Абубакар асхIаб нахъегIан къана ва гьесда ракIалде ккана аварагасе как базе вачIине бокьун бугин. Бусурбабазги, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь вихьиналдаса роххун жидер как хвезабизе къасд гьабуна.

Аварагас гьезда квералъ ишара гьабуна нужерго как тIубазабеян абун ва рокъов жаниве лъугьана, кIалда рехараб жоги гIодоб биччана.

Гьаб къоялъ, яги гьаб анкьалда жаниб, аварагас жиндир яс ФатIимат аскIое ахIана ва гьелъул гIиналда цо жо шурана, гьейги гIодана. Аварагас кIиабизеги гьелъул гIинзуниб шуридал ФатIимат елъана. Жинда Аллагь разилъаяй ГIаишатица гьеб щиб букIарабан гьикъидал ФатIиматица гьеб Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь хвезегIан балъго тана. Хадуб гьелъ ГIаишатида бицана аварагас жинда авалаб нухалъ шуранин жив гьаб унтиялдалъун хвезе вугин абун ва дунги гIоданин. КIиабизе гьес шуранин мун жиндир агьлуялдаса жинда хадур рачIунезул авалай йигин абун ва дунги йохханин, - абун. Гьединго аварагас ФатIиматида роххел бицана гьей гIаламалъулго руччабазул сайидат йигин абунги.

Жинда Аллагь разилъаяй ФатIиматида расулуллагьасда бугеб къварилъи бихьидал, гьелъ абуна: «Вай дир инсуе бугеб къварилъи» - абун. Аварагас абуна: «Жакъа къоялдаса хадуб дур инсуе къварилъи букIине гьечIо» - абун. Цинги гьес ХIасан ва ХIусейн жиндихъе ахIана ва гьезда убач гьабуна. Жиндир руччаби аскIоре ахIун гьезие вагIза-насихIатги гьабуна.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул унти тIадеялдаса тIаде цIикIкIунеб букIана, Хайбаралда чахъдал гьангун кванараб загьруялъул асарги загьирлъана, гьелъул унтиялъул къуватги лъалеб букIана. Аварагасул гьумералда гьесул горде рехун букIана, гIакълу ине рекIидал, гьес горде нахъе гьабун абулеб букIана: «Ягьудияздаги насранияздаги Аллагьасул лагIнат лъеги, гьез жидер аварагзабазул хобал масжидлъун гьарун руго» - абун. Гьедин абиялъе сабабги букIана доз гьабураб жо жиндир умматалъ гьабиялдаса цIуни. «ГIарабиязул ракьалда кIиго дин букIунге абе».

Гьаб букIана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул ахираб калам. Чанго нухалъ такрар гьабун «Вореха как, вореха как, ва нужер ихтияралде бугеб жоги» - янги абуна. Ай, лъимал-хъизаназе лагъзадерие ва хIалтIухъабазе къварилъи гьабуге.

# الاحتضار والموت

**РухI бахъи гIагарлъи ва авараг хвей**

Цинги рухI босиналъул гIаламатал загьирлъана, жинда Аллагь разилъаяй ГIаишатица гьесул бетIер жиндир кереналдаги цIинуялдаги гьоркьоб лъуна. Гьеб хIалалъ ГIаишатил вац ГIабдурахIман вачIана гIатIгуяб хьопалъул сивакги кодоб ккун. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь гьелдехун валагьидал, ГIаишатида бичIчIана аварагасе гьеб сивак бокьун букIин. Аварагасда гьикъидал гьесги, сивак бокьун букIин бичIчIизабун бетIералъ ишара гьабуна. ГIаишатица гьеб сивак кIалалъ тамахги гьабун аварагасухъе кьуна ва гьес, жинца цебеги бахъулеб букIараб, берцинаб хIалалъ сивак бахъана.

Аварагасда цебе лъун жинда жаниб лъим бугеб цIарагI букIана. Гьес лъималда жаниб квер лъун цинги гьеб квер гьумералде бахъунеб букIана ва жинцаги абулаан: «Лаилагьа иллаллагь, хIакълъунго хвалилги мехтелал руго» - абун. Цинги аварагас жиндир квер яги килищ эхеде борхана, мокърукье берги речIизабун кIутIбиги рагъаризаруна. ГIаишат гьесде гIенеккидал гьес абулеб рагIана: «Аллагьас жидее нигIмат кьурал аварагзабигун, ритIухъал чагIигун, шагьидзабигун ва лъикIал гIадамалгун. Я дир Аллагь, Дуца дир мунагьал чуре, Мун дида гурхIа ва дун тIадегIанаб макъамалде вахинаве. Я дир Аллагь, тIадегIанаб макъам кье» - абун. Гьаб ахираб рагIиги лъабго нухалъ такрар гьабуна.

Цинги Аллагьасул свалат – салам лъеяв расулуллагьасул рухI босун ана, гьесул кверги гIодобе бортана, живги тIадегIанаб макъамалде вахана. Гьеб букIана РабигIулавал моцIалъул анцIила кIиабилеб итни къо, зухIаялъул гIужалъ, гьижрияб тарихалъул анцIила цоабилеб сон. Аварагасул лъабкъоялда лъабго сонги тIубан букIана. فإنا لله وإنا إليه راجعون Нилъ киналго Аллагьас рижарал руго ва ахир киналго Гьесде руссунелги руго.

## حيرة الصحابة وموقف أبي بكر

**АсхIабзабазул хIайранлъи ва Абубакар асхIабасул витIун чIей**

ЦохIо лахIзаталдаго асхIабзабазда гъркьоб Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь хвеялъул хабар тIибитIана, гьезие дунялго бецIлъана, гIакълуялдаса иналдеги гIагарлъана. Дунялалда бищунго берцинаб ва гвангъараб къо букIана авараг Мадинаялда лъугьараб къо, бищунго къабихIаб ва бецIаб къолъунги лъугьана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь хвараб къо. Киналго асхIабзабазул, хIажизабазул лаббайк бачиналъул гIадаб гIодулеб гьаракьги букIана.

Жинда Аллагь разилъаяв ГIумар асхIаб масжидалда жанив тIадеги вахъун кIалъана: «Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь хвечIо, гьев хвезеги гьечIо Аллагьас киналго мунафикъзаби тIагIинарун гуро» - абун. Гьес абулеб букIана авараг хванин абурав чиясул дица бетIер къотIичIого теларин абун. Гьесда сверун руссун, хIинкъун ва щиб гьабилеб лъаларого асхIабзабиги рукIана.

Рогьун хадуб аварагасе дагьабго бигьалъи лъугьанин бициндал, жинда Аллагь разилъаяв Абубакар асхIаб ас-СунхI абулеб бакIалде жиндирго рокъов ун вукIана. Расулуллагь хвеялъул хабар рагIарабго рекIунеб жоялдеаги рекIун, гьев масжидалде аскIов вачIана. Гьенив гIодов рещтIун, лъидаго кIалъачIого, Абубакар масжидалда жаниве лъугьана ва ГIаишатил хIужраялде ана. ТIад ретIелги реххун вугев аварагасде аскIове ун, гьесул гьумер рагьана ва гьелда убачги гьабун живги гIодана.

Хадуб Абубакрица абуна: «Дир эбел-эмен кьунги мун хвасарлъаяв, Аллагьас мун кIиго нухалъ хвезавиларо, дуе къадар гьабураб хвел дуде щун буго» - абун. Цинги масжидалде вачIун гьес абуна: «Мун гIодов чIа, я ГIумар» - абун. Гьев гIодов чIечIелъул Абкубакр минбаралда аскIов вачIун гьелъул хьолбохъ чIана.

Гьев вихьидал гIадамаз ГIумар живго тана ва киналго гьесдехун руссана. Жинда Аллагь разилъаяв Абубакрица

шагьадат битIана, хадуб гьабуна: «Гьаб шагьадаталда хадуб, Нужер щив чи вукIун ватаниги МухIаммадие лагълъи гьабулев, хIакълъунго МухIаммад хвана. Нужер щив чи вукIун ватаниги Аллагьасе лагълъи гьабулев, хIакълъунго Аллагь чIагояв, жиндие хвел гьечIев вуго. ТIадегIанав Аллагьас абуна:

**МухIаммад ﷺ гьечIо Аллагьасул расул гурони.** Гьединал Аллагьасул ﷺ расулал цереги рукIана. Гьел расулал цоял чIван, цоял унтун хвана ва гьав расулги жив хвезе бегьулев вуго. **Гьав МухIаммад ﷺ унтун яги чIван хвараб мехалъ нуж исламияб динги рехун тун нужерго ширкалдейищха руссине ругел? Гьедин исламияб диналдаса руссарал гIадамаз Аллагьасе щибго зарал гьабуларо:** гьелъул къварилъи, балагь ва ахираталда жужахIалъул гIазабги гьезие (диналдаса руссаразе) букIине буго.

**ТIадегIанав Аллагьас ﷻ алжаналъул нигIматаздалъун жаза гьабизе буго жидеца гьесул нигIматазда щукру гьабурал** ва щайтIаналъул, мунапикъзабазул хабаралда нахъ рилълъинчIого Аллагьасул диналъе гIоло рагъулъ чIчIарал **асхIабзабазе.**

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: «Валлагьи, гIадамзе лъалебго букIинчIеб хIал буго, Абубакар асхIабас цIализегIан, Аллагьас гьаб аят рещтIун бугеблъи. Гьелдаса хадуб кинавго чи гьеб аят цIализе лъугьана» - абун.

Жинда Аллагь разилъаяв ГIумар асхIабасги абуна: «Валлагьи, Абубакр асхIабас гьеб аят цIалулеб рагIарабго дида лъана гьеб хабар хIакъаб букIин. Дун гIакълуялдаса ине лъугьана, дир бохдуз дунги кколев вукIинчIо. Дун ракьалде вортана ва дие хIакълъана аварагхвараблъи» - абун.

## اختيار أبي بكر لخلافته -ﷺ-

### Аллагьасул свалат- салам лъеяв расулуллагьасул халифалъун Абубакр асхIаб вищи

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь хун хадуб бищунго кIвар бугеб масъала букIана жинца гIадамазул ва улкаялъул ишал рилълъанхъизарулев, гьесул бакIалда чIолев амир вищи. Жинда Аллагь разилъаяв ГIали асхIабас, жив бищунго аварагасда гIагарав чи вукIиналъ, рикIкIунеб букIана жив вугин амирлъун вукIине рекъарав абун. Зубайр асхIабги,

ГӀалиги ва цоги Банугъашимиязул чагӀиги жинда Аллагь разилъаяй ФатӀиматил рокъор данделъана. БанусагӀидатилазул рокъор ансаралги данделъана жидеда гьоркьосан амир вищизеян абун. Абубакр ва ГӀумарида сверун мугъажиралги данделъана.

Жинда Аллагь разилъаяв Абубакр ва ГӀумар ГӀубадат бину ЖарахӀгун ва цогидал мугъажиралгун ансарал данделъараб БанусагӀидатилазул рокъор ана. Ансараздаги мугъажираздаги гьоркьоб дагӀба-къец ва хабар ккана. Ансараз жидер хиралъи ва амир жидедаса вукӀин мустахӀикъаб букӀин бициндалго Абубакр асхӀабас абуна: «Нужеца бицунеб лъикӀлъи нужее букӀин хӀакъаб буго. Амма гӀарабиязе лъаларо гьаб амру, ай авараглъи ва хадусеб ишги, къурайшиязул гьаб тухумалъе букӀин гуреб жо. Ай, гӀарабиял цогидазда нахъилълъине гьечӀо. Гьел руго гӀарабиязда гьоркьор жидер насаб ва ракь гьоркьохъел гӀадамал» - абун.

Цинги Абубакрица ГӀумарил ва АбугӀубадатил кверги ккун абуна: «Дун рази вуго нужее амирлъун гьав кӀиясулго цояв вукӀине» - абун. Цо ансарияс абуна: «Нижедаса цо амир ва нужедаса цо амир вукӀине вуго» - абун. Цинги хъуй ва гӀемераб хабар лъугьана, гӀадамал цоцалъе инеги гӀагарлъана. Жинда Аллагь разилъаяв ГӀумарица Абубакриде абуна: «Дур квер битӀе *(щваке)»* - абун. Гьес квер битӀидалго ГӀумар асхӀабас гьесие байгӀат гьабуна, хадуб мугъажираз ва ансаразги байгӀат гьабуна.

## التجهيز وتوديع الجسد الشريف إلى الأرض

### Расулуллагьасул хирияб къаркъала хобалъуб лъезе къачӀай ва гьеб ракьалъе кьей

Талат къоялъ, тӀаса ретӀелги бахъичӀого, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул къаркъала чурана. Гьеб чурулев ГӀаббас ва ГӀали рукӀана, ГӀаббасил кӀиго вас Фазлу ва Къусамги вукӀана. Аварагас тархъарав Шакъранги, Усамат бину Зайд ва Авс бину Хавлаги рукӀана. ГӀаббасица ва гьесул

васаз Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь сверизавулев вукIана, Шакъраница ва Усаматица лъим тIолеб букIана, ГIали асхIабас гьев чурулев вукIана, Авсица жиндир каранде ворхун *(ваччун)* вукIана.

Гьез расулуллагь лъин ва сидру жубан лъабго нухалъ чурана. Гьеб лъинги Къубаалда бугеб СагIд бину Хайсаматил аль-гъарс абулеб иццалдаса букIана, аварагас жиндаса гьекъолеб букIараб. Гьесда Яманиязул хъахIаб ххамалъул лъабго мусруги бана, цоялда хадуб цогидаб тIад жемараб, гьезда гьоркьоб чалма яги горде букIинчIо.

Хириял асхIабзабазда гьоркьоб Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь хобалъув кив лъелев абунги мушавара ва ургъин букIана. Гьеб ишалъулъги жинда Аллагь разилъаяв Абубакр асхIабас: «аварагзаби жал хвараб бакIалда рукъула» - ян абураб хIужа бачана. Цинги жинда Аллагь разилъаяв АбутIалхIатца аварагасе хоб бухъана жив хвараб бакIалда, гьелъие лахIдуги гьабуна. (Ай, хобалъул цебесеб рахъалда жаназа лъолеб бакI бухъана). Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул къаркъала тIад бугеб тах хобалъул рагIалде лъуна ва гIадамал анцI-анцI чи ругел къокъаби гьарун как базе рачIана, гьезие лъицаго имамлъи гьабичIо. ТIоцебе как гIагарал чагIаз бана, цинги мугьажираз ва ансараз бана, цинги лъималаз ва руччабаз бана.

Гьаб жаназа хIадурулаго, хоб бухъулаго ва как балаго талат къо ана, арбагI сордоялъул гIемерисебги ана. Цинги, сардил ахиралда, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь хобалъув лъугьизавуна ва тIаде ракьги бачана.

инна лиллагьи ва инна илайгьи ражигIуна.

<u>**البيت النبوي**</u>

**Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасул рукъалъул баян, гьесул хъизан**

Хирияв аварагасул гIумруялда жаний анцIила цо, яги анцIила кIиго чIужу йикIана. Гьев холеб гIужалъ гьесул ичIго чIужу

йикӀана, кӀиго яги лъабго чӀужу авараг чӀаго вукӀадго хунги йикӀана. Гьел руччабазул къокъабго баян гьадин буго:

I) Жинда Аллагь разилъаяй муъминзабазул эбел Хувайлидил яс Хадижат. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьей ячана жиндир гӀумруялъул къоло щуго сон бугеб мехалъ, Хадижатил букӀана кӀикъого сон. Аварагасул киналго лъималги Хадижатидаса руго, цо Ибрагьим хутӀинегӀан. Жинда Аллагь разилъаяй Хадижат чӀаго йикӀадго аварагас цоги чӀужуги ячичӀо. Гьей авараглъи кьуралдаса анцӀабилеб соналъул Рамазан моцӀалъ Макка шагьаралда хвана ва ХӀужун абулеб бакӀалда хобалъуй лъуна. Гьелъул гӀумруялъул лъабкъоялда щуго сонги букӀана.

2) Жинда Аллагь разилъаяй муъминзабазул эбел ЗагӀматил яс Савдат. Гьей жиндир вацгӀал ас-Сукран бину ГӀамруда йикӀана. Исламияб динги босун гьел кӀиялго ХӀабаш улкаялде гьижра гьабун ана. Гьениса тӀад руссиндал гьелъул рос хвана. Аварагас гьей ячана авараглъи кьуралдаса анцӀабилеб соналъул Шавал моцӀалъ, Хадижат хвaралдаса цо моцӀ индалго. Гьей Мадинаялда хвана гьижрияб кӀикъоялда анцӀилаункъабилеб соналъул Шавал моцӀалъ.

3) Жинда Аллагь разилъаяй муъминзабазул эбел Абубакр ас-сидикъил яс ГӀаишат.

Аллагьасул свалат – салам лъеяв расулуллагьас гьей ячана авараглъи кьуралдаса анцӀила цоабилеб соналъул Шавал моцӀалъ, Савдат ячаралдаса цо сон ун хадуб. Гьелъул гӀумру анлъго сон букӀана. Аварагас гьей рокъой ячана гьижра гьабун хадуб анкьго моцӀ индал, Шавал моцӀалъ. ГӀаишатил гӀумру гьеб мехалъ ичӀго сон букӀана. Аварагас гьей гурей гӀолилай яс ячичӀо.

Исламияб умматалъул руччабаздаса гьей бищунго гӀелму лъалей йикӀана. Цогидал руччабаздаса гьелъул хиралъиги сарид (гьан жубан гьабураб квеналда цӀар) цогидал тӀагӀамаздаса хирияб бугеб гӀадин букӀана. Гьей хвана Рамазан моцӀалъул анцӀила анкьабилеб къоялъ, гьижрияб тарихалъул кӀикъоялда анцӀила анкьабилеб, яги анцӀила микьабилеб соналъ. ГӀаишат БакъигӀалда хабалъги лъуна.

4) Жинда Аллагь разилъаяй муъминзабазул эбел ХатІабил ГІумарил яс ХІафсат.

Гьей сагьмиязул Хунайс бину ХІузайфатида йикІана. Гьев Бадруялда щварал ругъназдалъул УхІудалда рагъ ккелелде цеве хвана. Гьесдаса гІида тІубан хадуб, гьижрияб ункъабилеб соналъул ШагІбан моцІалъ аварагас ХІафсат ячана. Гьей Мадинаялда хвана гьижрияб кІикъоялда щуабилеб соналъул ШагІбан моцІалъ ва БакъигІалъул хабалалъ юкъана. гьелъул гІумруги лъабкъого сон букІана.

5) Жинда Аллагь разилъаяй муъминзабазул эбел гьилалиязул Хузайматил яс Зайнаб.

Гьей ГІубайдат бину аль-ХІарисида йикІана ва гьев Бадруялда чІвана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьей ячана гьижрияб лъабабилеб соналъул Рамазан моцІалъ. Цоги гІалимзабаз абуна гьей ГІабдуллагь бину ЖахІшида йикІанин, УхІудалда гьев чІвадалго аварагас гьей ячанин гьижрияб ункъабилеб соналъ. Гьелда абулаан мискинзабазул эбел абун, гьелъ мискинзабазе тІагІам кьолеб букІиналъ. Гьей хвана гьижрияб ункъабилеб соналъул РабигІул ахир моцІалъ, аврагас ячун микьго моцІ индалго, яги лъабго моцІ индалго. Расулуллагьас гьелда жаназаялъул как бана ва гьей БакъигІалъул хабалалъ юкъана.

6) Жинда Аллагь разилъаяй муъминзабазул эбел Умусаламат, Абуумаятил яс Гьинд.

Гьей Абусаламатида йикІана ва гьесие гьарурал лъималги рукІана. Гьев гьижрияб ункъабилеб соналъул Жумадул ахир моцІалъ хвана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьей ячана гьижрияб ункъабилеб соналъул Шавал моцІалъул ахиралда. Гьейги руччабазул гІакълу ва гІелму бугездаса йикІана. Гьей хвана гьижрияб кІикъоялда анцІила ичІабилеб, яги лъабкъоялда кІиабилеб соналъ. Гьелъул гІумруялъул ункъоялда ункъо сонги букІана.

7) Жинда Аллагь разилъаяй муъминзабазул эбел Риабил ЖахІшил яс Зайнаб.

Гьей йиго аварагасул инсул яц ГІабдулмутІалибил Умайматил яс. Гьей Зайд бину ХІарисатие кьун йикІана амма гьезул цоцаде

рекъел ккечIо ва Зайдица гьелда цIар тIамуна. Гьев вукIана аварагасе васгIадин вугев чи ва гьесда МухIаммадил Зайд абулаан. Жагьилиял гIарабиязул гIадат букIана васлъун ккурав чиясда йикIарай чIужу жиндир хIакъикъияв васасда йикIарай гIадин рикIкIунеб ва гьей жинца васлъун ккурасе ячине хIарамаб букIунеб.

Зайнабил Зайдидаса бугеб гIида тIубан хадуб ТIадегIанав Аллагьас, зобалазда тIад магьариги лъун гьей аварагасе кьуна ва васлъун кквей абураб жоги хвезабуна. Гьеб ишги гьижрияб щуабилеб соналъул ЗулкъагIида моцIалъ букIана,ункъабилеб соналъ букIанинги абуна.

Гьей Зайнаб йикIана руччабазул бищунго гIибадат гIемер гьабулей ва гIемер садакъа кьолей. Гьей хвана гьижрияб къоабилеб соналъ, гIумруялъул кIикъоялда анцIила лъабго сонги букIадго. Аллагьасул свалат – салам лъеяв расулуллагьасда хадур хварал руччабазул тIоцеесейги йикIана. Гьелда жаназаялъул как ГIумар асхIабас бана ва гьей БакъигIалъул хабалалъ юкъана.

8) Жинда Аллагь разилъаяй муъминзабазул эбел, БанумустIалакъазул сайид аль-ХIарисил яс Жувайрият.

Гьижрияб анлъабилеб яги щуабилеб соналъул, ШагIбан моцIалъ БанумустIалакъазда гъазават гьабидалго гьей асирлъун гьаюн йикIана ва Сабит бину Къайсие щун йикIвана. Гьес тIад ужраги лъун, гьеб кьураб мехалъ тархъизеян китабат гьабуна. Цинги Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Къайсие гьеб ужраги кьун гьей тархъана ва жиндие чIужулъун ячана. Гьеб иш бихьидал бусурбабаз БанумустIалакъазул нусго рукъалъул агьлу тархъана, гьел аварагасул ригьнал гIагарал чагIи рукIанинги абуна. Гьединлъидал Жувайрият йиголъана жиндир къавмалъе бищунго баракат бугейлъун. Гьей хвана гьижрияб кIикъоялда анцIила щуабилеб, яги кIикъоялда анцIила анлъабилеб соналъул РабигIул авал моцIалъ. Гьелъул гIумруги лъабкъоялда щуго сон букIана.

9) Жинда Аллагь разилъаяй муъминзабазул эбел УмухIабибат, Абусуфянил яс Рамлат.

Гьей ГIубайдуллагь бину ЖахIшида йикIана ва гьесие ХIабибат абун ясги гьаюна, гьединлъидал гьелда УмухIабибат

абулаан. Гьей ГӀубайдуллагьгун ХӀабаш улкаялде гьижра гьабунги ана. Гьениб ГӀубайдуллагьица насранияб дин босана ва гьев муртадлъун хвана, Рамлат исламияб диналда чӀана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас замириязул ГӀамру бину Умаят Нажашиясухъе кагъат босун витӀана жиндие Рамлатил магьари лъеян ва гьес магьари лъуна, жинцаго гьелъие магьариде ункънусго динарги кьуна. Цинги ШурахӀбил бину ХӀасанатгун гьей Мадинаялде йитӀана.

Аварагас гьей рокъой ячана Хайбаралъул гъазаваталдаса тӀад вусун хадуб, гьижрияб анкьабилеб соналъул Сафар яги РабигӀулавал моцӀалъ. Гьей хвана гьижрияб 42, яги 44, яги 50 соналъ.

---

I0) Жинда Аллагь разилъаяй муъминзабазул эбел АхтӀабил ХӀяйил яс Сафият.

Гьей йиго Бануназирилазул сайидасул яс, Бануисраилазул, Аллагьасул салам лъеяв Ибрагьим аварагасул кьибилалъул гӀадан. Гьей асирлъун ккана Хайбаралда рагъ бугеб мехалъ. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьей жиндие тӀаса йищана, хадуб исламалдеги ахӀана ва гьелъ ислам босана. Аварагас гьей тархъана цинги чӀужулъунги ячана. Гьаб иш букӀана гьижрияб анкьабилеб соналъ, Хайбар бахъун хадуб.

Хайбаралдаса тӀад руссун Мадинаялде рачӀунаго, Хайбаралдаса анцӀила кӀиго милалъ рикӀкӀад бугеб ас-Сабгьаъ абулеб бакӀалда аварагас гьей бахӀарайлъун гьаюна. Гьей хвана гьижрияб 36, яги 50, яги 52 соналъ ва БакъигӀалъул хабалалъ юкъана.

II) Жинда Аллагь разилъаяй муъминзабазул эбел гьилалиязул аль-ХӀарисил яс Маймунат.

Гьей йиго ГӀаббасил чӀужу Умулфазли, гьилалиязул аль-ХӀарисил яс Лубабатулкубрал яц, жидеда Аллагь разилъаял. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьей ячана гьижрияб анкьабилеб соналъул ЗулкъагӀида моцӀалъ, ГӀумратул къазаъ гьабун хадуб. Гьей бахӀарайлъун гьаюна Маккаялдаса анкьго милалъ рикӀад бугеб Сараф абулеб бакӀалда. Гьей гьебго Сараф абулеб бакӀалда хвана гьижрияб 38, яги 6I, яги 63 соналъ. Гьелъул хоб бугеб бакӀ гьаб заманалъги лъала.

Киналго гIалимзаби рекъон гьал анцIила цоялго руго муъминзабазул улбул, Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул руччаби. Цо гIадан гIалимзабазул хилиплъи ккарай йиго. Гьейги бануназирилазул Зайдил яс РайхIанат йиго. Гьей банукъурайзатилазул цо чиясда йикIана, гьезда гъазават гьабидал асирлъун ккана ва аварагас жиндиего тIаса йищана.

Цо гIалимзабаз абуна аварагас гьей тархъанин ва чIужулъун ячанин, цогидаз абуна гьей гьесул гъарабаш йикIанин ва гьелда аскIов жиндир гъарабаш хIисабалда унев вукIанин. РайхIанат хвана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь хIажатулвадагIалдаса тIад вуссиндал ва гьей БакъигIалъул хабалалъ юкъана.

Аварагасул гьал руччаби гурей цоги гъарабаш йикIана жиндихъе гьев уней, гьейги къибтIиязул Мариян йиго. Аварагасе гьей, цогидал сайгъаталгун цадахъ, Мукъавкъисица кьун йикIана, аварагас бачIараб кагъаталъе жаваб битIулеб мехалъ. Гьей ханзабазул яс йикIиналъ аварагас жиндиего тIаса йищана ва гьелъ аварагасе Ибрагьимги гьавуна. Гьей хвана гьижрияб I5 яги I6 соналъ ва БакъигIалъул хабалалъ юкъана.

<u>أولاده -ﷺ-</u>

### Аллагьасул свалат- салам лъеяв расулуллагьасул лъимал

Нилъеца цебеги бицана Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул киналго лъимал Хадижатица гьарунин, Ибрагьим хутIинегIан, гьев къибтIиязул Мариятица гьвунин. Аварагасул лъимал:

I) <u>аль-Къасим.</u> Гьев аварагасул лъималазул бищун кIудияв вуго, гьединлъидал аварагасда Абулкъасим абулеб букIана. Гьес кIиго сон гIадаб заман бана. Жив вилълъанхъулев лъугьидалго хвана.

2) <u>Зайнаб.</u> Гьей аварагасул ясалазул кIудияй йиго. Аллагьасул диналъе гIоло къварилъи щварайги йиго. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абулаан: «Гьей дир ясазул бищун хирияй йиго» - абун. Гьей Къасимида хадуй гьаюна. Зайнаб

АбулгIасс бину ар-РабигIие кьуна. Гьев вуго гьелъул эбелалъул яц Хувайлидил Гьалатил вас. Гьелъ ГIали абун цIар лъурав вас ва Умамат цIар лъурай ясги гьаюна. Гьай Умамат йиго аварагас как балаго тIад рекIизаюн яччарайги. Зайнаб гьижрияб микьабилеб соналъул авалалада Мадинаялда хвана.

3) Рукъият. Гьей ГIусман бину ГIафание кьун йикIана, гьесие ГIабдуллагь абун цIар лъурав васги гьавуна. Анлъго сон бараб мехалъ хIелекоялъ гьесул бер бахъана ва гьев хвана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Бадруялда вугеб мехалъ Рукъиятги хвана. Жинда Аллагь разилъаяв Зайд бину ХIарисат Бадруялъул роххел бицун Мадинаялде вачIиндал гьесие Рукъият хобалъуй лъун тIад ракь хъван батана.

4) Умукулсум. Бадруялдаса тIад вуссидал расулуллагьас гьейги ГIусмание кьуна. Гьелъ лъимер гьабичIо ва гьижрияб анлъабилеб соналъул ШагIбан моцIалъ гьей хвана ва БакъигIалъул хабалалъ юкъана.

5) ФатIимат. Гьей аварагасул ясазул бищун гьитIинай йиго, гьесие бищунго йокьулейги йиго. Гьей алжаналъул руччабазул сайидатги йиго. Гьей, Бадруялъул рагъалдаса хадуй, ГIали бину АбутIалибица ячана ва гьесие кIиго васги гьавуна, ХIасанги, ХIусейнги. КIиго ясги гьаюна, Зайнаб ва Умукулсум. Гьай Умукулсум ГIумар бину ХатIабица ячана ва гьесие Зайд абун васги гьавуна. ГIумар асхIаб хведал гьей ГIавница ячана, гьелъул инсул вац ЖагIфарил васас. Гьевги хведалго Умукулсум ГIавнил вац МухIаммадица ячана, гьевги хведал гьесул вац ГIабдуллагьица ячана ва гьесда йикIадго жийги хвана.

Жинда Аллагь разилъаяй ФатIимат Аллагьасул свалат – салам лъеяв расулуллагь хун анлъго моцI араб мехалъ хвана. Гьал щуялго лъимал авараглъи ва рисалат кьелелде цере гьарурал руго.

6) ГIабдуллагь. Гьев исламалъул заманалъ гьавунин абула, гьелдаса цеве гьавунинги абула. Гьев гьитIинго хвана ва жинда Аллагь разилъаяй Хадижатица гьарурал лъималазул ахиравги вукIана.

7) Ибрагьим. Гьев Мадинаялда, гьижрияб ичIабилеб соналъул Жумадул авал яги Жумадул ахир моцIалъ, къибтIиязул гъараваш Мариятица гьавуна. Гьев хвана гьижрияб анцIабилеб соналъул Шавалалъул къоло ичIабилеб къоялъ, гьеб къоялъ Мадинаялда бакъ ккун букIана. Гьесул анцIила анлъго, яги анцIила микьго моцI букIана ва жеги керен хахулевги вукIана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас абуна: «Гьесие алжаналда жаний гьесул керен хахиялъул заман тIубазабулей гIадан йиго» - абун. Ибрагьим БакъигIалъул хабалалъ вукъана.

## الصفات والأخلاق

### Хирияв аварагасул сифатал ва тIабигIатал

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь гIадамазда гьоркьов жиндир вижиналдалъун ва камилал тIабигIатаздалъун ватIа гьавизе лъалев вукIана. Гьаб хIакъикъат бицунел гIемерал ва берцинал хIадисалги руго. Нилъеца тIаса бищун ва къокъ гьабун гьезул магIна ва мурад бицина, инша Аллагь.

## الوجه وما بالوجه

### Хирияв аварагасул гьумер ва гьелда букIараб жо

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул гьумер хъахIаб, берцинаб, гургинаб, жиндир кьер загьираб, багIарлъи жубараб бугеб букIана. Гьеб гвангъулеб букIана сардилъ цIураб моцI гIадин. Гьев воххун вугеб мехалъ гьесул гьумер моцIалъул къотIелалда релълъун букIунаан. Гьесул гьумералъул сипатал гвангъулел рукIана, цIадал накIкIазда гьоркьосан баккун бакъ гвангъулеб гIадин, гьев вихьани дуда ракIалде ккелаан баккунеб бакъ бихьанин абун.

Расулуллагьасул гьумералда бараб гIетIги луъ-луазда релълъун букIунаан, гIеталъул махIги бищунго гьуинаб мискалъул гIадаб букIана. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул ццин бахъараб мехалъ гьесул гьумер багIарлъулаан, гьесул кIаркьабазда соно бахараб гIадин. Гьесул

кIаркьаби риццатал гьечIел рукIана, нодоги гIебаб букIана. Аварагасул кьунсрул бутIбарал керчал, амма цоцалъе журачIел рукIана, цояз цоцалъе журарал рукIанинги абуна. Гьесул берал гIатIидал, хъахIлъиги багIарлъиги жубарал рукIана, ясберал чIегIерал рукIана, тIелхалги керчал, рас халатал рукIана. Гьесда балагьарасул ракIалде кколаан аварагас кухIлу бахун бугин, гьес кухIлу бахун гьечIониги.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул мегIер цIумалъул гIадаб, жинда тIад нур бугеб букIана, пикру гьабичIого валагьарасда гьев чIухIарав вугин ккезе бегьулаан. Гьесул гIундул гьан бугел рукIана, кIал кIудияб ва берцинаб букIана. Хирияв аварагасул цебесеб кIиго ца бикьараб букIана, цогидал цабиги ратIаго ругел гIазохъахIал рукIана, гьев хьимараб мехалъ цIорол гаралгIадин рихьулаан. Аварагасул цабзазул кунчIи букIана, гьев кIалъалеб мехалъ гьесул цабзазда гьоркьоса нур бачIунеб бугин ккколаан. Хирияв авараг гIадамазул бищунго кIал-кIветI барциназдаса вукIана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул мегеж керчаб ва берцинаб букIана. ЛахIчIегIераб, гьумер ва габур цIураб букIана. Гьесул къуншбузда ва кIветIалда гъоркь дагьалго, жал рикIкIизе лъалел гIадал, хъахIал расалги рукIана.

## الرأس والعنق والشعر

### Аллагьасул расуласул бетIер, габур ва рас

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь нодо биццатав, бетIер кIудияв, габур халатав вукIана. гьесул габур гIарцул шиша гIадин букIунаан. Аварагасул ботIрол рас букIана гIундузде щолеб, цин-цин гьелдаса халат букIунаан, цин-цин гъажазул бутIрузда щунги букIунаан. Гьесул нодоялда ругел расазулъги дагьалго хъахIрасал рукIана, гьел цIакъго дагьал рукIана ва аварагасул бетIералдаги мегежалдаги ругел хъахIрасал къогоялдаса цIикIкIун рукIинчIо. БотIрол рас дагьабго кIургIараб букIана, аварагас цо-цо мехалъ мегежги бетIерги ххалаан, ботIрол расги бакьулъан бикьизабулаан.

## <u>الأطراف والأعضاء</u>

**Расулуллагьасул кверал, хIатIал ва цогидал лугби**

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул гIункIрукьазул, гъажазул бутIрузул ва накабазул рукьби кIудиял рукIана, цересел гъуждул ва махIаби халатал рукIана. Гьесул хъатал ва хIатIал гIатIидал рукIана, жидер эгъа гьечIел рукIана. Гьесул кверал дарай-зарбалалдасаги тамахал рукIана, гIазугIан цIорорал ва мискгIан гьуинмахI бугел рукIана. Цересел гъуждул, кIиябго рукь ва махIаби риццатав вукIана. МахIабазда ва эгъаялда гьан дагьавги вукIана. кIигъуждузда гьоркьоб бакI гIатIидав, килщал халатав, керен гIебав, гьелда рас гьечIев вукIана. Жиндир цIинуялдаса гъоркье расазул мухъ букIана, гьесул чехьалда ва каранда цоги расал рукIинчIо. Амма цересел гъуждузда ва гъажазул бутIрузда рас гIемерав вукIана, къвалакь бакIаздаги рас букIана. Хирияв аварагасул мугъин абуни, гIарцул хъарщигIадаб букIана.

## <u>القد والجسد</u>

**Расулуллагьасул лагаялъул ва черхалъул сифатал**

Аллагьасул свалат – салам лъеяв расулуллагь гьоркьохъеб ва берцинаб лагаялъул вукIана, муцIиган битIараб лага букIана. ГIемер халатав гьечIев, гIемер къокъавги гьечIев вукIана, амма дагьав ворхатав вукIана. Цо ворхатав чигун цадахъ вилълъунев вугони аварагасул лага гьесдаса борхалъулаан. Черхги гьоркьохъеб, кьарияб яги хIалакъаб гьечIеб букIана. Кинаб рахъалъан балагьаниги расулуллагь вихьизе берцинав, черхги берцинав вукIана.

## <u>طيب رائحته -ﷺ-</u>

**Аллагьасул свалат – салам лъеяв расулуллагьасул махIалъул гьуинлъи**

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул черхалъул, гьесул гIетIалъул ва лугбузул гьуин махI букIана, кинабгIаги

гьуинмахIалдаса жиб берцинаб. Жинда Аллагь разилъаяв Анас асхIабас абуна: «Дица цониги гIамбар яги миск, яги цоги махI гьуинаб жо сунтIичIо Расулуллагьасулалдаса жиндир махI гьуинаб» - абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Жабир асхIабасги абуна: «Авараг цо нухасан ун вугони, цинги гьеб нухдаса унев цоги чиясда лъалаан гьеб нухдаса авараг араблъи, гьесул гьуинмахIалдалъун» - абун.

Аварагас цо чиясул квер босани, гьесул квералдаса тIубараб къоялъ гьуинмахI тIагIунароан. Гьес цо лъимералъул бетIералда квер лъуни, гьеб лъимер, гьесдаса бугеб гьуинмахIалдалъун батIа гьабизе лъалаан. Жинда Аллагь разилъаяй Умусаламатица аварагасул гIетI, гьеб бищунго лъикIаб гьуин махI букIиналъ, жиндир гьуинмахIалда гьоркьоб жубазеян цо шишаялъуб бакIарана.

## صفة المشي

### Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул рилълъеналъул сифат

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь рилълъен хехав вукIана, базаралда вилълъунев чигIадин, хехги гьечIого, кIвахIалгоги гьечIого вилълъунаан. Гьесда хадув гъезе цонигиясда кIолеб букIинчIо. Жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратица абуна: «Дида расулуллагьгIан хехго унев чи вихьичIо. Гьесие ракь сукIулеб бугин кколаан, ниж гьевгуغ рилълъунаго свакан рукIунаан, гьесие щибго къварилъи букIинчIо.» - абун.

Гьес гIодоб чIолеб мехалъ тIубанго хIетIе гIодоб чIолеб букIана, гьелъие жаниб бакI букIинчIо. Гьев нахъехун вуссунев вугони тIубараб черхгун нахъе вуссунаан, цояздехун валагьулеб мехалъги тIубарабго черхалдалъун валагьулаан, гьесдаса вуссунеб мехалъги тIубанго вуссунаан. Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь вилълъунеб мехалъ цо бакIалдаса гIодове унев чиясда релълъун вукIунаан.

## الصوت والكلام

**Аллагьасул расуласул каламмалъул ва гьаракьалъул сифат**

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул гьаракь дагьабго ккураб букIана *(хрип)*. Жиндир калам гьуинав, къадруялда, ургъун кIалъалев вукIана. Жив вуцIун чIедал гьесул къадру загьирлъулаан, жив кIалъараб мехалъ гьесул берцинлъиги загьирлъулаан. Гьесул калам кварида ххурал маххазда релълъун гьаркщун бачIунаан. Аварагас калам байбихьуда ва гьелъул ахиралда квераз ишара гьабулаан. Баянаб, пасихIаб каламалдалъун кIалъалев вукIана, тIокIаб рагIи гьоркьоб гьечIого яги магIна бичIчIулареб хIалалъ къокъ гьабичIого.

Расулуллагь кIалъалеб мехалъ гьесул щибаб хIарп баянго букIунаан. Жив цIакъ пасихIав, магIна гъваридго кIалъалев вукIана, гьесул рагIаби баянал, хIакъикъиял рукIана. КигIанго пасихIав, магIна гъваридав чиги гьесда вахунев вукIинчIо. Аллагьас гьесие рагIаби дагьаб магIна гIемераб калам кьун букIана, жиндилъ хIикмат ва баян бугеб.

## نبذة من أخلاقه -ﷺ-

**Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасул тIабигIатаздаса дагьабго жо**

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь кидаго рохел загьир гьабун, тIабигIат тIадагь гьабун вукIунаан. Жив ссогIав, ракI биццатав, къватIахъ ахIдолев вукIинчIо. ГIадамазул бищунго гьими гIемерав, ццин бахъи дагьав вукIана, хехго разилъулевги вукIана. Жиндилъ мунагь-хIакъ бугеб жо гьечIеб бигьаяб амру тIаса бищулев вукIана, жиндилъ мунагь бугеб жоялдаса цIакъго рикIкIалъулевги вукIана.

Расулуллагьас кидаго жиндир нафсалъе гIоло рецIел босичIо, амма Аллагьасул хIурматал хвезарураб мехалъ гьелъул рецIел босулеб букIана. Хирияв авараг гIадамазул бищунго сахаватав, жив вещарав, бахIарчилъи бугев, къвакIарав, къварилъи

хIехьолев, къадру цIунарав, нич бергьарав вукIана. Гьесие цо жо рихараб мехалъ гьелъул асар гьумералда лъалаан. Цониги чиясда бадиве валагьун чIолев вукIинчIо ва цонигиясе рихулеб жоги гьабулеб букIинчIо.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь гIадамазул бищунго гIадлу битIарав, нафс цIунарав, калам ритIухъав, гьезул бищунго жинда божилъи букIин кIудияв вукIана. Гьесда авараглъи кьелелде цебего аминилан цIар лъун букIана. Расулуллагь гIадамазул бищунго хIеларав, чIухIи ва гIамал кIодолъи гьечIев вукIана, гьезул бищунго къотIаби тIуралев, гIагарлъи хурхизабулевги вукIана. ГурхIел-рахIму гьабиялъулъ кIудияв, гьалмагълъи ва адаб гьабиялъул рахъалъан берцинав вукIана.

Аллагьасул свалат-салам лъеяв авараг бищунго тIабигIат берцинав, къабихIаб жо бициналдаса ва гьабиялдаса, нагIана кьеялдасаги цIакъ рикIкIадав вукIана. Гьев жаназа тIубазе унаан, мискин-пакъиралгун гIодовги чIолаан, лагъас ахIаниги гьесиеги жавабги кьолаан. Жиндир гьалмагъзабадаса ва хъулухъчагIаздаса тIокIаб ретIел ретIулароан, гьезулалдаса лъикIаб тIагIамги кваналароан. Жиндие хъулухъ гьабурасе жинцаги хъулухъ гьабулаан, кидаго хъулухъчиясда гIайиб чIвачIо ва гьесда уппиланги абичIо.

Хирияв расуласул сифатал тIубан рицине, гьезда сверухъ лъугьине кIоларо. Нилъеца гьаб дагьабго жо бицун гIей гьабила. Жив вацIцIадав ва тIадегIанав Аллагьасда гьарулебги буго гьаб дагьабго жо къабул гьабеян абун, русулазул сайид, аварагзабазул ва Аллагьасдаса хIинкъаразул имам халкъалъулго бищун хирияв МухIаммадида нахърилълъине тавфикъ гьабеян абунги.

Я дир Аллагь, дуца свалат-салам ва баракат лъе гьесдаги, гьесул агьлуялдаги, гьесул хириял асхIабзабаздаги. Къиямасеб къоялъ нижги гьесул байрахъалда гъоркь гьаре. Амин, я раббал гIаламин.

**Аль-Мубаракфури гьаб тIехь хъван лъугьана гьижрияб I43I соналъул ЗулхIижа моцIалъул ахиралда**

## ТIехьалда жаниб бугеб жоялъул фигьриса (бутIрул):

**Аллагьасул свалат-салам лъеяв МухIаммад: гьесул аслу-насаб, гьев кIудияв гIей ва авараглъи кьелелде цебе гьесул букIараб ахIвал-хIал;**
**Аварагасул хирияб насаб ------------------------------ 13**
**Аллагьасул свалат-салам лъеяв МухIаммадил тухум------------ 14**
**Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасул хъизан-кьибил ---- 15**
**Аллагьасул свалат-салам лъеяв авараг гьави------------- 17**
**Аллагьсул свалат-салам лъеяв расулуллагьас керен хахи 18**
**Аллагьсул свалат-салам лъеяв расулуллагь БанусагIдилазулъ 19**
**Керен хахи тIубан хадувги авараг БанусагIдилазулъ хутIи 21**
**МухIаммад жив вокьулей эбелалъхъе вуссин---------- 22**
**Аллагьсул свалат-салам лъеяв расулуллагь Шамалде ин --- 23**
**Къосарал гIадамазул рагъ----------------------- 24**
**Къадру бугез гьа гьедун къотIи гьаби 25**
**Аллагьсул свалат-салам лъеяв расулуллагьас хIалтIи гьаби 26**
**Аллагьсул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Хадижат ячин 27**
**КагIба рукъ бай ва хIукму гьабизе чи виччаялъул къисса 29**
**Расулллъун витIинелде цебе МухIаммадил гIумру--------- 31**
**Авараглъиялъул церехъаби ва бахьибуголъиялъул роххелал 32**
**Авараглъи байбихьи ва вахIю рещтIин--------- 33**
**ВахIю гьоркьоса къотIи ва цинги тIад бусин 36**
**Аллагьсул свалат-салам лъеяв расулуллагьас дагIват гьаби 38**
**Жидеца иман лъеялъулъ цебе ккараб къокъа--------- 39**
**Муъминзабаз гIибадат гьаби ва Аллагьсул расулас гьел куцай 43**
**бищунго жиндие гIагарал чагIазе дагIват гьаби------- 44**
**Сафа мегIералде вахун** (дагIват гьаби) **--------- 46**
**Исламияб дагIват рагIиялдаса хIажизаби гьукъизеян къурайшияз мушавара гьаби--------------------- 49**
**дагIваталда данде чIеялъул батIи-батIиял нухал 51**
**кIиабилеб нух: гIадамаздаги аварагасдаги гьоркьор чIей, гьел аварагасде гIенеккичIого рукIине 53**
**Лъабабилеб нух буго жидеца гьересиял ва гIадамал шакдаризарулел харбал тIиритIизари 55**
**Ункъабилеб нух буго дагIба-къец гьаби 56**
**Аварагасул рисалат абуни… 58**
**Аллагь цо гьавиялъул хIукму 61**
**Бусурбабазе гIазаб гьаби 70**
**Мушриказ Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьасдехун гьабулеб букIараб гIамал 75**
**Къурайшияз АбутIалибие хIинкъи кьей ва гьесдехун къец гьаби 76**
**Аллагьасул расуласде тушманлъи гьаби 78**

**Аркъамил рукъ. ХIабаш улкаялде гьижра гьаби 83**
**ХIабаш улкаялде кIиабилеб гьижра гьаби. ХIабаш улкаялде арал мугьажиразе къурйшияз гьарурал макраби 85**
**Мушриказул хIайранлъи. Бусурбабазе гIазаб гьаби ва авараг чIвазе къасд гьаби 89**
**жинда Аллагь разилъаяв ХIамзатица ислам боси 95**
**Жинда Аллагь разилъаяв ГIумарица ислам боси 96**
**Дунялалъул жалаздалъун расулуллагь гуккине къасд гьаби 100**
**Диналъулъ цо-цазе ирга гьабиялде ва цо-цо жо хисизабиялде ахIи 103**
**Къурайшияз жидеда гIазаб рещтIинабеян аби 107**
**Банугьашимиял ва БанулмутIалибиял киназго рехxун тей ва гьезулгун даран-базар гьукъи 109**
**къотIи хъвараб кагъат хвезаби ва гIорхъичIвай тIаса рехxи 110**
**АбутIалибихъе къурайшиязул жамагIат бачIин 112**
**пашманлъи гIемераб сон 114**
**Аллагьасул расул ТIаифалде ин 116**
**Мушриказ аварагасда дагIба-къец гьаби ва жидее мугIжизат бихьизаби тIалаб гьаби 120**
**МоцI хъвалхьин 124**
**Миг1раж ва исраъ 125**
**Тухум-кьибилазда ва цо-цоязда Ислам босеян дагIват гьаби 130**
**Мадинаялъул жидеца ислам босарал 134**
**Мадинаялда исламияб дагIват гьаби 136**
**ГIакъабат абулеб бакIалда гьабураб кIиабилеб байгIат 138**
**Бусурбабаз Мадинаялде гьижра гьаби 143**
**Къурайшиял Дарун-надваталде данделъи ва гьез авараг чIвазе хIукму гьаби 144**
**Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас гьижра гьаби 147**
**Мадинаялде унаго нухда 149**
**Къубаалда рещтIин. Мадинаялда жанив лъугьин… 152**
**Аллагьасул расулас Мадинаялда гьарурал ишал 156**
**Как ахIи 157**
**Мугьажиразда ва ансаразда гьоркьоб вацлъи гьаби 158**
**Исламияб жамагIаталъе ва умматалъе кьучI лъей 159**
**Къурайшияз хIинкъаби кьей ва гьезул макраби 162**
**Рагъ гьабизе изну кьей. Расулуллагь цадахъ вукIун ва жалго къокъаби ритIун гъазават гьаби 164**
**Бадруялъул кIудияб гъазават 168**
**Къецалъе рахъин ва рагъ бай бихьи 173**
**Абужагьал чIвй 175**
**КIиябго рахъалъан чIварал гIадамал 177**

**Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь Мадинаялде вачIин 179**
**Аварагасул яс Руъият хвей ва гьес ГIусмание Умукулсум кьей 180**
**БанукъайнукъагIазда гъазават гьаби 181**
**КагIбу бину Ащраф чIвай 182**
**УхIудалда ккараб гъазават 185**
**Мушриказ расулуллагьасда гьужум гьаби ва гьев чIванин абун хабар биччай 189**
**Мушриказулгун кIалъай гьаби ва къотIи гьаби 195**
**ХIамраул асад абураб бакIалде гьабураб гъазават 198**
**УхIудалдаса хадур ккарал лъугьабахъинал ва гъазаватал 199**
**Биърул магIунаталда ккараб балагьаб иш 201**
**Банун-Назириязде гьабураб гъазават 203**
**къотIи гьабун букIараб хIалалъ Бадруялда гъазават гьаби 205**
**АхIзабазул (къакъабазул), яги хандакъалъул гъазават 206**
**Хандакъалъул кIиябго рахъалда гьоркьоб 209**
**Бану къурайзатаз гьабураб хиянат ва хандакъалъул гъазаваталъе гьелъ гьабураб асар 212**
**Къурайшиял кумек гьечIого тей ва гъазаваталъул ахир 214**
**Банукъурайзатилазде гъазават гьаби 217**
**АбурафигI Сулам бину АбулхIакъикъ чIвай 221**
**БанулахIян абулеб къавмалде гъазават гьаби 224**
**БанумустIалакъазде гъазават гьаби, 226**
**Мунапикъаз бугьтан лъун хабар бицин 229**
**ГIумра гьабизе къватIире рахъи ва ХIудайбият абулеб бакIалда рещтIин 234**
**Расулуллагьасда ва къурайшияздa гьоркьоб букIараб кIалъай** (переговоры) **236**
**ГIусман бину ГIафан къурйшиязухъе чапарлъун витIи ва байгIатур-ризван гьаби 239**
**Бусурбабаз гIумра бичи ва гьел къурайшиязулгун сулхI гьабиялда пашманлдъи 242**
**Гьижра гьабурал руччабазул хIукму 244**
**ХIудайбияталда гьабураб сулхIалъул асар 247**
**Ханзабахъе ва амруялъул бетIергьабахъе кагътал хъвай 248**
**Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас къайсарихъе, Румазул ханасухъе кагъат хъвана 252**
**бусурбабазда ва цогидал гIадамазда гьоркьоб букIараб хIал 260**
**Хайбаралде гьабураб гъазават 262**
**ХIабаш улкаялда гьижра гьабун рукIарал бусурбаби ва Абугьурайрат ва Абан бину СагIид рачIин. 268**
**Хайбаралъул ракь бикьи. Загьру бараб чахъдал гьан 269**
**Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагьас Сафият ячин 271**

**Дица чIваялдаса мун лъица цIунилев? 273**
**БецIун гьабураб ГIумра 274**
**Муътаталда ккараб рагъ 276**
**Бищунго кIудияб бергьенлъи - Макка бахъин 280**
**Маккаялде ине къватIире рахъи 283**
**Абусуфян Аллагьасул расулуллагьасда цеве 284**
**Аллагьасул расулуллагь хирияб Маккаялде лъугьин 286**
**БайгIат гьаби 290**
**Макка бахъиналъул как бай. Билал асхIабас КагIбаялъул тIохде вахун как ахIи 292**
**ХIунайниялде гьабураб гъазават 294**
**ТIаифалде гьабураб гъазават 298**
**Гъаниматал ва асирзаби рагъухъабазе рикьи 300**
**Гьавазиназул вакилзаби рачIин 302**
**БанутIайилазул палас абулеб хъанч биххизаби ва ГIадий бину ХIатимица ислам боси 304**
**Табукалда гьабураб гъазават 306**
**Авараг Мадинаялде тIад русин ва мунафикъзабаз бараб масжид биххизаби 311**
**Табукалде рахъинчIого чIарал 312**
**Гъазаватазул хIакъалъулъ къокъаб рагIи 318**
**Абубакар асхIабас асхIабзабигун цадахъ хIаж гьаби 319**
**БатIи-батIиял къабилабазул вакилзаби Мадинаялде рачIин ва аварагас диналде ахIулел чапарал ритIи 321**
**Нажраназул вакилзаби рачIин 329**
**ХIумайралъул ханзабазул вакил вачIин. Гьезухъе МугIаз бину Жабал ва Абумуса аль-АшгIариги витIин 335**
**ГIабдуллагь аль-Бажилиясул вакилзаби рачIин ва зул Хуласат абураб хъанч биххизаби 339**
**Къо-мех лъикI гьабиялъул хIаж гьаби 340**
**Аллагьасул свалат-салам лъеяв расулуллагь ахираталде ин 347**
**Аварагас къотIи гьаби ва васият гьаби 349**
**Аллагьасул расуласул дунялалъул ахираб къо 351**
**АсхIабзаби хIайранлъи ва Абубакар асхIабасул витIун чIей 354**
**Расулуллагьасул халифалъун Абубакр асхIаб вищи 355**
**Аллагьасул свалат-салам лъеяв аварагасул рукъалъул баян, гьесул хъизан 357**
**Хирияв аварагасул сифатал ва тIабигIатал 364**
**Расулуллагьасул тIабигIатаздаса дагьабго жо 368**
**ТIехьалда жаниб бугеб жоялъул фигьриса (бутIрул): 370**